# ПО СЛЕДАМ ПРЕДКОВ

# (АХВАХЦЫ)

МАТЕРИАЛ СОБРАН ,ОПИСАН,ПЕРЕВЕДЁН
ИСАЕВЫМ ШАМСУДИНОМ.

ХАСАВЮРТ-2005.

**Шамхалил отрядил.**
**СПИСОК**

Красных партизан Ахвахского района участвовавших в гражданской войне 1918-1921 гг. по состоянии на 27.02.1932 г.

Амиров Турач
Амиров Таймазали
Эхунов Гаджимагома
Газиев Хайбула
Газиев Малачо
Андалаев Мурид
Элумов Гаджимурад
Зубайиров Абубакар
Гарагазиев Гасанхан
Андалав Османов
Алиев Алидибир
Магомед Гаджиев
Магомед
Гаджимагомедов
Гъазалиев Къурбанали
Магомед Шарипов
Джахбаров Хадис
Саит Маллаев
Османов Мала
Малачилав Хадисов
Хадисов Хабибула
Абдуразаков Жаражис
Гусейнов Герей
Махмудов Имадибир
Абдукадир Асланханов
Муридов Г1андала
Шамхалмагомед
Омаров
Али Шамилов
Исхак Гасанов
Аскар Исрапилов
Али Пачаев
Алигаджи Калантаров
Халит Дибирмагомедов
Давуд Магомедов
Чупан Гамзатов
Нурмагомед Газиев

Саид Абасилав
Омар Исрапилав
Испаги Тайгибов
Таймасхан Масъудов
Магомедали
Кадимагомедов
Устархан Тукашиев
Супян Узайров
Аглархан Цегов
Аюбгаджи Баков
Курамагомед Амиров
Омахан Цараков
Шапи Хасбулатов
Гусейнов Магомед
Хадис Чундалов
Джаватхан Энтирилов
Таймасхан Т. Г.
Ашикмагомед Хаджиев
Гарагази Омаров
Идрис Шисанов
Гусейн Ахмедов
Хасан Гаджиев
Сайпула Исрапилов
Ибрагим Искандаров
Газимагомед Алиев
Пахрудин Шамхалов
Исрапил Узайров
Умардибир Параев
Алигаджи Амиров
Гаджиев Гусейн
Магомед Ашибов
Джалил Алигаджиев
Таймасхан Алитов
Газали Алиев
Шабан Тузилав
Дибир Булачов

Магомедгаджияв
Магомед
Алибег Джабраилов
Абдулгаджи
Нурмагомедов
Магомед Гадисов
Гайрубег
иГаджимагомедов
Исмаил Адалов
Шарип Ибиев
Гаджи М.
Абдурахманов
Ахмед Инусов
Арим Жамалудин
Эгерилов Андалав
Хехалов Умашов
Беки Эбиев
Ахмед Такушев
Андиров Карагиш
Магомед Малачов
Хаид Махиев
Масих Исрапил
Мусагаджи Гарагазиев
Хадис Казанов
Гамзат Чупанов
Аглархан Цараков
Аслархан
Нурмагомедов
Шапиев Газимагомед
Шамсудинов
Абдурахман
Параев Казанай
Суракат Алитов
Магомед Аминов
Алигаджи Магомедов
Хасо Халажов
Дарбиш Малачов

Байрахула Магомедов
Эхум Газили
Шарип Махачов
Махач Амиров
Гази Адамов
Сараки-Али Салихов
Газилов Ашикмагомед
Шамхал Салихов
Ахвахский
Насух Исрапил
Давуд Ашибов
Тенав Нурмагомедов
Асвад Нурмагомедов
Яхья Дибиров
Магомед Шапиев
Магомед Газиев
Шамил Гаджиев
Газияв Иса
Гадис Газиев
Итарко Алиев
Хизри Шамсудинов
Магомед Хабибов
Нурмагомед Аджиев
Шаха Абдурахманов
Газанов Али
Багадур Абузар
Шамсудинов
Абдухалим
Дибир Абдулкадыров
Зубаир Адалов
Омар Испаги
Хузахов Алимуса
Газиев Ибрагим
Зубаир Умар
Темирхан Амиров
Шайих Хирачов
Тайдур Ашибов
Жахбар Магомедов
Хихалав Шамилов
Шамхвалов
Исалмагомед
Муртазалиев Муртуз
Гайдарбеков Газали

Юсуп Ашикмагомедов
Юсупов Габид
Качабек Нартаев
Эхунамагомед
Багадаров
Амиргамза Закаряев
Магомед Гасанханов
Гаджибег Гаджиев
Рашидхан Шарифов
Газияв Ахмедов
Магомед Исаханов
Наби Ражиханов
Гасанбек
Дибирмагомедов
Магомедов Шариф
Чавус Сулейманов
Магомедов
Газимагомед
Сулейманов Магомед
Магомед Магомедов
Ибрагим Чавусов
Магомед Абдусаламов
Сааду Абдусаламов
Хабибула Курбанов
Алисултан Саадуев
Малачо Малагусейнов
Абдухамид Гусейнов
Амирхан Тураханов
Гаджибек Магомедов
Нурмагомед Тибилав
Калантар Магомедов
Зухабек Мирзаханов
Али Чанаканов
Али Омаров
Тахиго Дибиров
Абдукадир Тураханов
Герей Турачов
Заирухан Цахилав
Сулейман Багадуров
Шапи Дарбишев
Магомедхан Халид
Ихаков Кебеков
Магомедали Лаченов

Заважир Саитбегов
Багатар Итаков
Ибрагим Галбацов
Цахилав Али Галбацов
Абдулатип
Газимагомедов
Мурзабег
Газимагомедов
Салихилав джамалов
Газимагомедов Муса
Абдукадир Магомед
Магомедгаджи
Ибрагимов
Идрис Газиханов
Дарбиш Адухилав
Махмуд газимагомедов
Шариф Бажа Ибиев
Лачен Лабазанов
Адалав нурмагомедов
Гаджи Абдусаламов
Сулейманов Мирзабег
Кавха Гаджиев
Пирилав Гаджияв
Абдурахман
Гаджимурадов
Нурмагомед Гаджиев
Забит Малагаджиев
Сурхаев Хангерей
Али Герей
Абубакар Газиев
Хаид Гаджиев
Алибулат Омаров
Алибулат Чохилав
Абдулаев Абдухалим
Вали Абдухаликов
Абдурашид
Газимагомедов
Али Унчаров
Салихилав
Нурмагомедов
Шахбан Гаджиханов
Шамил Османов
Сайфула Сурхаев

Гасбулат Сурхай
Хангерей Сурхаев
Берук Чеэрав
Омар Гиреев
Дауд Омаров
Ибрагим Кадиров
магомед
Гаджимагомедов
Магомед Гаджиев
Хаид Омаров
Муртазаали Мукучев
Гобола  Исаев
Айгуб Кадимагомедов
Закарья Ахмедов
Шуэб Омаров
Абдулшагид Халаков
Гитиномагомед Турачов
Магомед С. Гаджи
Абдухалим Багадуров
Кадиров Араби
Гайдарбегов
гаджимурад
Ичирилов Малачуев
Саид Гаджиев
Муртаза Алиев
Дибир Ахмед
Араб Исаев
Гитинов Магомедгерей
Джамал Салихов
Абдулжани Дибиров
Ибрагим Лабазанов
Идрисов Кадилмагомед
Джамалудин Малаев
Хайдарбег Курбанов
Лабазан
Сагитмагомедов
Хайдарбег
Нурмагомедов
Магомед Алиев
Ужа Гасанов
Араб Али  Газиев
Джамалудин Дибиров
лабазан мадарид

Лабазан Нурмагомед
Гаджиев Занки
Али Курбанов
Юсуп Махусов
Али Гасанов
Гаджиев Гаджимагомед
Лабазанов Тенча
Бадрудин Джабраилов
Осман Газиев
Микаил Омаргаджи
Вара Джамалудинов
Хайбула Хасбулатов
Ганиб Гусейнова
Абдулмажид Тучалав
Абдулазиз Турчалов
Асадула М. Магомедов
Халидов Бадрудин
Халидов Зубайир
Абдулхалик
Магомедалиев
Курамагомед Дибиров
Абумуслим Галбацов
Гази Имадибиров
Махи Гусейнов
Идрис Курамагомедов
Гаджи Камалов
Магомед Камалов
Ибрагим Меджидов
Ибрагим Магомедов
Пахрудин Магомедов
Дибир Али Гаджиев
Бантаев Алигалбац
Алиев Газимагомед
Мусахаев Ибрагим
Хаджияв Курбанов
Салман Ахмедханов
Гаджиев Гаджи
Хизри Малагаджиев
Шамхал Микаилов
Рашидхан
Малагусейнов
Пирмагомед
Муртазалиев

Ахмед Муртазалиев
Исрапил Мутаев
Сиражудин Карчиганов
Зубаиров Газимагомед
Мурид Магомедов
Газимагомед Магомаев
Зубаир  Мала Магомаев
Расул Чахиев
Магомедшарип
Нурмагомедов
Омар Киличов
Ибрагим Алиев
Багадур Алиев
Али Ражиханов
Омар Балагилов
Багаудин Жамбулаев
Ашахан Омаров
Нажмудин Гусейнов
Даудгази Ражиханов
Сурхай Дибиров
Исалов Киличов
Абдурахман
Кабичулаев
Айгуб Гаджиев
Гайдарбег Исаков
Алигаджи Кабичулаев
Хаид Алиев
Нуричу Гаджиев
Гасан загалов
Гусейн Гадисов
Хабиб Хириясулаев
Забит Малагаджиев
Садрудин Короев
Забит Алиев
Коро Гаджимагомедов
Абдурахман Адалиев
Сулейман
Абдурахманов
Тажудин Курбанов
Амар Пачаев
Аду Магомедов
Магомед Нуцалханов
Магомед Нурмагомедов

Хабиб Хаджимагомедов
Мутау Гаджимагомедов
Гаджибек Коронаев
Асадула Курамагомедов
Магомед Бакоев
Магомедов Турач
Гаджимагомед Хабибов
Хабибула Курбаналиев
Ибрагим Муртазалиев
Хадис Дибирмагомедов
Магомед
Курамагомедов
Абдукарим Саадуев
Шихабудин Гаджиев
Исхак Давудов
Бачала Омаров
Газияв Нуцалханов
Мааз Шарипов
Шарип Умахан
Цахилав Нурмагомед
Закарья Толоков
Абдурахман Шамсудин
Магомедалиев
Жаватхан
Халид Чахиев
Иса Шамсудинов
Абдулхамид Гаджиев
Таймасхан Умахан
Хириясула Мусаев
Джаватхан Муртузов
Абубакар Магомедов
Джаватхан Алиев
Чанахан Алиев
Магомед Денга
Омар Адалиев
Мутао Кисо
Аслархан Чанаков
Каит Шабанов
Осман Омаров
Амирмагома
Магомедов
Алдам Алдамов
Мутао Загалов
Малач Хасбулатов
Магомедалиев
Жаватхан
Дибир Кабичулов
Зуркаранай Каракиш
Исрапил Каракиш
Расул Магомедов
Магомед Али Галбацов
Ирасхан Газиявдибиров
Ахмед Денгаев
Шахрудин Шамхвалов
Худа Шимилов
Гарагиш Иса
Нарта Ашикмагома
Джалалудин Гаджиев
Чанакан Рашитов
Шарип Амир Магомед
Саид Магомед Гаджиев
Битрак Рачитов
Алисултан Учаров
Алиев Газимагомед
Магомед Гаджи Исаев
Нурмагомед Газиев
Исрапил Магомедов
Абдула Али Галбацов
Ибрагим Чахилов
Гаджи Деэнчо
Казан Шахбанов
Алибег Ихалов
Магомед Муслимов
Омар Саадуев
Газияв Дибир Омаров
Газияв Алинов
Омар Абдула
Малачо Сабихов
Иса Абдурахманов
Махмуд Мусалав
Сурхай Муртазали
Омар Магушов
Шамхвал Имагаджиев
Магомедов Аду
Денга Гаджимагомедов
Бадрудин Салманов
Джамбулат Ахмедханов
Амирали Магомедов
Ихали Магомаев
Али Османов
Абдула Газиев
Нух Мусалов
Ибрагим Абдулаев
Асланхан Ахмедов
Абдула Дабиргазияв
Гадис Камилов
Акиб Сабих
Магомед
Курамагомедов
Курбан Али Дунялов
Муртазаали
Дибирмагомаев
Гитинов Абасов
Али Галбацов
Шарухан Муртазалиев
Аюб Денчоев
Шамхалов Нове
Шарип Ашикмугамаев
Хасануха Мухамаев
Ибрагим Мусалов
Амирали Курамагомаев

(ЦГА Р/Д ФР.-126, оп8, Д.10)

Гъезда гьоркьосан 315 баг1арав партизан Дагъистаналда милиция г1уц1игун Г1анди округалдаго милициялъул мухъилъе лъугьуна. Цо тайпа баг1арал партизаназул Темирхан-Шура, Мах1ачхъалаялда, Дербенталда, Закаталаялда милициялъул органазда х1алт1ула. Дагъистаналда граждан рагъ г1одоб буссун хадуб г1ахьвалазул партизаназул цо т1елалъ хъулухъ гьабула Азербайжаналъул закатала округалъул милициялда. ХУШ векалдасаго г1ахьвалазул халкъалъе бет1ербахъиялъул аслияб бак1лъун лъугьун бук1уна Ц1ор, ва гьениб ват1ан т1амун ч1арал 200 ялдасаги ц1ик1к1ун ц1аракиги бук1уна. Жиндир маг1ишаталъулъ чучлъи ккаравщинав чи ц1орове унаан, ай гьениб г1ахьвалазул г1олохъабазул кутакаб хурхен бук1унаан Закатала округалъул бат1и-бат1иял милаталгун. Закаталаялъул милициялда г1емерисел г1ахьвалазул г1олохъаби рук1унаан. Гьединаздасан кколаан; Т1адмагъилъан Муртазаг1алиев Ах1мад, Х1ёусейнов Нажмудин, Ахвах дараялдаса Хасай, Загъалов Къурбан ва гь. цойгидалги. Закатала округалдаго г1адлунизам ч1езабиялъулъ машгьурал рук1ана Унчаров Г1алиштан, Х1усейнов Нажмудин, Гьит1инасул Г1али, загъалов Къурбан, Хасай, Жалалудин, Муртазаг1алиев Ах1мад ва гь. ц.

Гьездасан цо къокъаялъул г1олохъаби:

**Граждан рагъул бахIарзал:**

Граждан рагъ лъугьун хадуб Россиялъул РВС-ялъул приказалдалъун Шамхал СалихIовасул парт. Отрядалдаса наградит гьарурал бахIарзазул хIакъалъул баян:

Приказ №76
Рев. Воен. Совета Республики по личному составу армии 26-го мая 1923 г.

**I.** За храбрость и геройства проявленное при подавлении контреволюционного восстания в Дагестане в 1920-1921 гг., а также при освобождении крепостей Хунзаха и Гуниба награждается орденом "Красного знамени" из Андийского округа:

1. Турач Курамагомедов под №4864 (Амиров)
2. Исаев Магомедхан №4872 (4874)
3. Акквачов Казимагомед №4876 (Алиев)
4. Мутаилумов Сулейман №4884
5. Алиев Имахо №4857
6. Магомедов Ихали №4860
7. Магомаев Гайдарбег №4845
8. Кундухов Муса №4833

**II.** Объявляется благодарность:
1) Чохской ком. ячейке
2) Аул Телетли
3) Цудахарский ком. ячейке
4) Аул Мекеги-Урахи
5) Отряд Багатырова

6) Ахвахскому участку, вклчая: Асаб, Тлянуб, Ратлуб и Цегоб и Тилбишо
7) Хунзах
8) Унцукуль
9) Хариколо
10) Аулы: Доргели, Кадар, Губден, Чиркей, Кумторкала.

Под. П. ПОДП. Заместитель председателя РВС республик - Э.Склянский

Копия с подл. Верно: нач. Наградн. Отделения ком. отдела штаба РККА (Подпись неразборчива) ( Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р-37, оп.23, Д.45,Л,49)

**ТУРАЧ АМИРОВ.**



Турач Амиров (24.5-1925 аб. соналде щвезегІан Турач КъурамухІамадов, гьелдаса хадуб Болъихъ райисполкомалъул президиумалъул.... хІукмуялда рекъон фамилия босула Амировасул) гъавуна 1895 аб. соналъ ГІанди округалъул гІахьвалазул обществоялъул КІудиябросулъ, гьоркьохъеб магІишаталъул росдал бегавул –КъурамухІамадил хъизамалъе. ГІанди округалда хІурият бергьун хадув КъурамухІамад ГІахьвахъ участкаялъул ревкомалъу ва хадубккун гьеб участкаялда исполкомлъун хІалтІула. 1914 аб. соналъул сентябралдаса 1917 аб. соналъул июлалде щвезегІан гІахьаллъула ТІоцебесеб Дунялалъул рагъулъ ва гьев лъукъун тІадвуссуна. 1918 аб. соналъул 20 аб. маялъ ГІахьвалазул жамагІаталъ М. Дахадаевасулгун Шамхалил ккараб къотІиялда рекъон БагІарал партизаназул отряд гІуцІиялъе рагъулаб совет бищула ва Турач Амиров гьеб отрядалда гъорлъе лъугьуна. ТІоцебесеб парт.отрядалъул къватІире рахъин ккола 24.5-1918 сон Хъарани, Ишкарти ва Темир-Хан-Шура, ЧІикІаб ккарал рагъазулъ цо рекІаразул къокъаялъул командирлъун тІамула. 1921 аб. соналъул 15 апрелалъ Дагъревкомалъул представителазул ва полевой командиразул цадахъаб совещаниялъул хІукмуялда рекъон Турач Амиров тІамула ГІахьвалазул парт. отядалъул командирлъун, Шамхал СалихІов ГІанди округалъул Ревкомалъул председательлъун иналда бан.

(Ц.Г.А. РД. Ф-Р-4, ОП.3, Дел.47. л.28)

Ахириябги контрревол. Банда мугІрузулаб Дагъистаналда лъугІизегІан парт. отрядалъе бетІерлъи гьабула. 1922 аб. соналъул сентябралдаса 13.11-1923 аб. соналде щвезегІан ГІанди округалъул халкъияв судьялъун хІалтІула.

Турач КъурмухІамадов (Амиров).

ГІанди округалъул исполкомалъул председательлъун тІамула Шамхал чІван хадув, 22.11-1923 аб. соналдаса, ГІанди округалъул председательлъун хІалтІула. Окруж. Съездалъул протокол №66, п.1. 22.11 – 1923 с. ва 1928 аб. соналде щвезегІан гьенив хІалтІула. Турач КъурамухІамадов РКП(б)ялъул членлъун лъугьуна 1924 аб. соналдаса нахъе.24.5-1925 аб. соналде Турач КъурамухІамадовасул фамилия Турач Амиров ЦИКалъул хІукмуялдалъун. 1928-1932 соназ Дагпромсоюзалъул председательлъун ва ДагъЦИКалъул аппараталда хІалтІула 1933-34-аб соназда. ВКП(б)ялъул ТІадегІанал курсазда Москваялда цІалула. 1934-1936 соназ Болъихъ РНКаялъул 1937 аб. соналъ ВЦКалда Москваялда хІалтІула. 1930 аб. соналъ Ункъракьгун Дидовиялда багъарараб восстания лъугІизабиялъе гІуцІараб парт.отрядалъул командирлъун тІамула.

28.2.-1921 соналда ТІокитІа ккараб рагъулъ захІматго лъукъула.

1930 аб. соназда МугІрузулаб Дагъистаналъул БагІараз. Парт.отрядазул руководительлъун тІамула ва 1932 аб. Соналда букІараб Дагъистаналъул партизаназул чисткаги Турачил нухмалъиялда гъоркь тІобитІула.

Россиялъул Рев. Воен. Советалъул №76 аб. приказалда рекъон Турач КъурамухIамадовас рагъулаб БагIараб Байрахъ №4864 орден кьола.

(Ф-Р,37, оп.23, Д.45, Ед.Хр., Лист 49)

ВЦКалъул 2 –го грамота, ДагъЦИКалъул грамота, цIар хъвараб гIарцул сагIат, маузер, хвалчен ва чанго нухалъ ДагъЦИКалъул ва Дагъкомалъул рахъалдасан «Баркалаялъе», гъединго материалиял сайгъатазе мустахIикълъун вукIуна. Гъединго Болъихъ-ГIанди-Ведено 1925 аб. соналъ 70 километралъул манзилалда гъакил нух бахъиялъе гIоло,ва 1930 аб соналъ Дидоялда багъарараб восстание гIодоб буссинабиялъе гIологи «БагIараб байрахъалъул» орденалъеги вихьизавун вукIун вуго, амма гъеб кьеялъул хъвай-хъвагIай архивалда кодобе щвечIо ДагъЦИКалъул хIукмаби гурони. 1934 аб. соналъ Болъихъ районалда нухал рахъиялъулъ бихьизабураб жигарчилъиялъе гIоло ДагъЦИКалъ меседил сагIат сайгъат гъабула.

8-15.6-1920 абилеб соналъ Турач КъурамухIамадов вищула ГIанди округалдаса Темир-Хан-Шура данделъараб округазулалгун, шагьаразул ва участкабазул ревкомазул съездалде делегатлъун, гъединго гъев вищула 24.6- 1920 аб. соналда Ревкомазулгун мискин халкъалъул съездалде делегатлъун, 14.7-20 соналда Темир-Хан-Шура данделъараб БагIарал партизаназул съездалделде делегатлъун, Турач вищула ГIанди округ. Ревкомалдаса 13.11-20 соналда данделъараб ТIоцебесеб Чрезвичайнияб съездалде делегатлъун, гъединго гъев вищула I ва II аб. ГIанди округалъул съездалде делегатлъунги. Дагъистаналъул тIоцебесеб учредительнияб съездалъ 1-7 .7 –1921 аб. соналъ Турач КъурамухIамадов Амиров вищула ДагъЦИКалъул членлъун, гъелдаса нахъеги 1937 аб. соналде щвезегIан ЦИКалъул членлъун вукIуна XI абилеб ТIолгодагъистаналъул Советазул съездалъ Турач вищула 2 –аб. Северияб Кавказалъул Советазул съездалде делегатлъун ва гъеб съездалъ гъев вищула ТIолгосоюзалъул VIII съездалде делегатлъун. Гъеб съездалда къабул гъабула СССРалъул Сталинский Конституция. Съездалдаса тIадвуссиндал 10.8-1936 аб. соналъ Болъихъ хъаладухъ данделъула Болъихъ, ГIахьвахъ, ЦIумада, Гумбет районазул 1200 вакиласул рохалилаб собрание. Болъихъ районалъул 14 росдал халкъ гIенеккула радиоялдаса Турач Амировасул докладалъухъ. 8 аб. ТIолгосоюзалъул съездалдаа Сталинил Конституция къабул гъабиялъул ва гъелъ халкъалъе чIезе гъарурал ихтияразул бицун. Турач Амировасул доклад буго 1936 аб. соналъул 12- № 294 «Дагъправда» газеталда.

24.6-1932 аб. соналъ тIоцебе ГIахьвахъ штабалде бачIана Н. Самурскийги, Турачги Амировги рекIун легковой машина.

11.7-1936 аб. соналъ ГIахьвахъ штабалда данделъула ГIахьвахъ районалъул росабазул жамагIатазул собрания,гъенивги докладгун кIалъала Самурский ва гъесда цадахъ вачIун вукIуна Турач Амировги. Москваялдаса Дагъистаналдеги ахIун Турач Амиров 12 .10- 1937 аб. соналъ Дагъистаналъул НКВДялъул тройкаялъ туснахъ гъавула ва 5.10-1937 аб. соналъ Болъихъ ОКП(б)ялъул къараб партсобраниялъ хIукму гъабула партиялдаса рехизе ва гъарула гъев бищунго кьварараб жавабчилъиялде цIаян - (протокол №24 от 5.10-37 с. Болъихъ «Социализмаялъул

байрахъ» газета х-1937. Ва ГIахьвахъ районалъул «БагIарав партизан» газеталдаса 25.10-37 с.: 54 №54 (287).

Турач Амировасде гIайиб гIунтIизабун букIуна: «43 чиясул платформа». Дагъком РКП(б)ялъул 26-28. 7.1924 аб. соналъ данделъараб гIатIидаб пленумалъ хал гьабула Дагъистан Юговосточный областалдаса, ай Северияб Кавказалъул краялдаса батIа гьабун битIахъего РСФСРалъул мутIигIлъиялде кьеялъул хIакъалъулъ хIукму. Сев.Кавказалъул краялдаса батIа гьабизе бокьаразул сияхIалде кколарелщинал Дагъистаналъул центразул ва округазулгун шагьаразул руководителал рикIкIуна партиялъул политикаялде ва Совет хIукуматалде данде чIаралллъун ва гьезда гьоркьов вуго Турач ГIамировги ГIанди округалъул РКП (б)ялъул комитеталъул секретарь Халидов Бадрудинги. Гьеб гIайибалъе буржуазиялъул миллатчагIи хIисабалда Дагъистаналъул НКВДялъул тройкаялъ цо течIого чIаго? пленумалъул членал ва округазул руководителал туснахъ гьарула (гьелъул хIакъалъулъ хасаб хIакъикъат батIа бицина).

(Ц.Г.А. РД Ф-1-п, оп,1,Д ,420, л.2-8)

ГьечIел гIайибалги гIунтIизарун Турач Амировасда тIад уголовнияб дело гIуцIула №2194 ва байбихьуда В.М.Н кьола тройкаялъ, Амировасул опеляциялда рекъон СССРалъул прокурор Вишинскияс цIидасан цIех-рехалде тIамула ва 20.10-1939 аб. соналъ СССРалъул Верховный Судалъул Военный коллегиялъул №5948 определениялда рекъон 8 сон ИТЛ ва 5 сон высылка къотIула (Архивн. След. Дело №01197, том 74 -№5948 от 113 .5 –1939 с.). 22.12-1941 аб. соналъ Ухти Желлагалда Турач къадаралде щола.

14.6-1956 аб. соналъ СССРалъул Верховный судалъул хIукмуялдалъун реабилитировать гьавула.

ГIицIго Турач тIамун течIо туснахъалда гьесул бугебщинаб гIагарлъиги туснахъ гьабула: вацал АхIмад, ХIусейн, АбдухIалим, ГIисалмухIама, Наваби, Пахрудин, Мала, Садихъ, ЦаракгIали, хIатта руччаби: Пари, Сакинат, Калиматги (Гьезул къисматалъул батIа бицина).

Гьедин лъугIула граждан рагъул бахIарчи Турач Амировасул гIумруялъул къисмат.

Турачил хъизамалъул вукIуна 2-го васги 2-го ясги. Репрессиялъул заманаялъ кIудияв АбдухIалим ЦIунта Райком ВЛКСМалъул секретарьлъун хIалтIулев вукIуна, ГьитIинавав ГIабас Ленинградалда Рагъулабгун техникияб тIадегIанаб училищеялда цIалулев вукIуна. 7-го сон барабго байбихьул школалдего гьениве щвезавун вукIарав. Гьеб тIадегIанаб Рагъулабгун техникияб тIадегIанаб училищаялда цIалулев вукIарав.

Гьеб Рагъулабгун тIехникияб училище лъугIиги репрессиялде гъоркье ккейги цого заманаялъ ккола ва ГIабас Ставрополалъул цо совхозалде инженерлъун витIула, гьенисанго ВатIанияб рагъде витIула гьитIинав лейтенантасул чингун. Рагъ лъугIун хадуб чанго шапакъатгун хIалтIизе лъугьуна Буйнакскиялъул профтехучилищеялде лъугьуна преподавательлъун, хадув гьев витIула Хасавюрталъул №2 профтехучилищеялъул директорлъун.

Гьес нухмалъи гьабулеб училищеялъ Дагъистаналъул гуребги Чечено-Ингушетиялъул ва цогидалги республикабазе росдал магІишаталъе ва транспорталъе нус-нус махщел бугел специалистал къватІире риччала ва РСФСРалъул профтехучилищабазда гьоркьоб образцовый техникумлъунги рикІкІуна.

Амиров ГІабасил махщел, божари ва свак гьечІого гьабураб хІалтІухъ, СССРалъул Верховн. Советалъ «ЗахІматалъул БагІараб байрахъ», «Знак почета» ва чанго медалалдалъун, Дагъ. АССР Верховный Советалъул грамотабаздалъун кІодо гьавуна.

2.7-39 с. АбдулхІалимил къисмат батІайиса ккана: Репрессировать гьарурал жиндир гІагаразе передача босун Хъунзахъ хъаладухъе унаго ТІалакъори магІарда гьесда дандчІвала жидер гІагарлъиялдаса мацІал гьарурав жидерго росулъа чи, дандчІвалаго АбдулхІалимица бахъун таманча речІчІула гьесда, дандияс гьасул чохьолъ ханжар къазабула АбдулхІалимида цадахъ йикІуна жиндирго яцги яцгІалги, гьезул кумекалдалъун гулида чІвазе кІвечІел гамачІ-гъегъалъ, гьеб бакІалдаса АбдулхІалим гьал ясалаз кІазаз ругъунги къан больницаялде хъамула ва сахлъун хадув туснахъ гьавула 5.9.39 с. ДАССРалъул НКВДялъул Шамхалалда букІараб туснахъалда вукІуна 10 сонги къотІун. Гьениса чангоявги ургъун гьез туснахъалъул кьучІчІ багьизабун 16.2-1942 аб. соналъ туснахъалдаса лъутула, гьесда цадахъ гІандисев МичІовашаги лъутула, нахъияз лъутизе инкар гьабула.

Гьеб чІвай-хъвей сабаблъун цадахъ йикІарай Шамхалил яс Сакинатил бакІалдаги НКВДялъ чІухь бала ва гьениб цо кьагІуялъ квараб тумакІ батула, гьебги хІалае ккун Шамхалил яс ХІурулгІинида уголовнияб дело гІуцІула. Гьел руччаби гурони нахъе хутІарал цониги чи вукІунаро Шамхалилги Турачилги, гьелги тІагІинаризе гьабулеб хІалтІи букІуна гьеб заманаялъ районалъул прокурорлъун вукІарав мацІихъанасул.

Гьелъулги гІайиб гІунтІизабизе кІвечІеб мехалъ ГІахьвахъ районалда вукІарав прокурорас Шамхалова Сакинатида тІад уголовнияб дело гьабула пачалихъалъул рохь къотІунилан ва 6-го моцІ ИТЛ кьола 29.9-1947 соналда ГІахьвахъ районалъул нар. Судалъ. АбдулхІалимин абуни 10 сонги Средный Азиялдаса гІебеде бан тІадвуссуна росулъе, ахиралда гьесул паспорталда 6- го чиясул фамилияги букІуна. Рукъов тІад вуссиндал чІварал варисазулгун рекъелги гьабула (Ц.Г.А. РД. Уголов. Дела 3-х томах Амировых и Шамхаловых №2194 I М-К., архив. След. Дело №18582, 2.3710 том 1-2).

Турач Амиров ккола Дагъистаналда Совет власть бергьиналъе гІоло къеркьаразда гьоркьоса бищунго къо хІехьаразул цояв. МугІрузулаб Дагъистаналда Турач Амировас гІахьаллъи гьабичІеб рагъулаб лъугьа-бахъин букІинчІо. Турач Амиров ВукІана кьварарав, хІинкъи-къай гьечІев партизаназул отрядалъул командир ва магІишаталъул гІуцІарухъанги. Турач Амировасул хІакъалъулъ Н. Самурскияс, Тодорскияс, Тахо-Годи ГІалибегица, С. Габиевас гьесул гІамал-хасияталъе унго-унгояв бахІарчилъиялъе къиматги кьун буго.

## ШАМХАЛ САЛИХОВ.

СалихIов Шамхал наградить гьавула 13.XI-1920 аб. соналъго "Боевой красное знамя" №3045 орденалдалъун. МуртазагIали Османовасе № 3059, Рабадан Нуровасе № 3052, гьел лъабалго наградить гьарула Дагъистаналда тIоцере, гьездаса цеве щивго чиясе награда кьун гьечIо. Гьел лъабасулго орденазе грамотабиги ритIун руго Тифлисалдаса Левандовскияс 1921 аб. соналъул марталда.

(Ц.Г.А. РД. Ф-Р-4, оп.3, Д.45, л.299)

ГIахьвахъа Шамхал СалихIов (1878 -28/X - 1923 с.)

Шамхал СалихIов гьавуна 1878 аб. соналда ГIанди округалъул ГIахьвалазул обществоялъул КIудиябросулъ, гьоркьохъеб магIишаталъул СалихI-хIажиясул хъизамалъе. 7-го сон барав Шамхал цIализе кьола росдал мадрасаялде. Гьоркьоб къотIизе течIого росабалъа росабалъе ун Шамхалица исламияб гIелму цIалула. ГIагараб Азиялъул гIалимзабазул адабияталдегун маданияталде ккараб рокьиялъ гьесул цIали халалъула 18 соналъул гIумруялде щвезегIан ва гьев вахъуна лъикIав гIалимчилъун. ЦIализе гьев щола Гъоркьа Бакълъухъе, ГIасаве, ЦIекIове, Ракьуб росулъе, ЧIикIаве,Хунзахъе, Гъазигъумекив. Шамхалида лъалаан авар, лъарагI, гIараб, турк мацIал. Шамхал СалихIовасул цIар чанго батIияб хIалалъ рехсон буго, циниса Шамхвал СалихIов, ГIахьвахъа Шамхал, гIемерисел хъвай-хъвагIаязда хутIун буго Шамхалилан. Цо-цо бакIазда батула Шамхалов абунги. Парт. отрядалъул командирлъун вукIагоги хадубккун ГIанди округалъул ревкомалъул, исполкомалъул председательлъун хIалтIулагоги гьесул хъулухъаздаги батIи-батIиял цIарал руго: начальник, председатель, къади, муфти, инарал абун.

1912-13 абилел соназ гьев вищула росдал бегавуллъун, гьеб заманаялъ Дагъистаналда гIурус алфавиталда хъвай цIали билълъанхъизабиялъул къагIида хIалтIизабизе байбихьула. 13.III - 1913 аб. соналъ Дагъистаналъул рагъулав губернаторасул амруялда рекъон ГIахьвалазул кIкIалахъги гIурус писарал тезе вачIуна КIаратIа участкаялда заманаялъе наиблъун тарав Кидероса Жабол МухIама.

Шамхалилги Жабол МухIамалги дагIба ккола, Шамхал кинисаги разилъуларо ГIахьвахъ участкаялда гIурус писер тезе. Жабо МухIама кIкIалахъан вачахъула. Шамхал бегавуллъиялдаса рехула ва гьесул бакIалда росдал харжалдасан 3-го нукарги цадахъгун Гъаквариса Халит Закариев бегавуллъун тIамун вачIуна. 1914 аб. соналъул сентябралда гIахьвалазул 71 гIолохъанчигун ТIоцебесеб дунялалъул рагъулъ хъваразда цадахъ "ГIалхулазул дивизиялъул" 2 аб. рекIаразул полкалда, цадахъ ЦаракгIали абулев вацгун рагъулъ уна.

1918 аб. соналъул марталда рагъулъан тIадвуссуна 2-го Георгиясул хъанчгун ва чанго медальгун. ТIад русун шведалги Порт-Петровскиялде ва Темир-Хан-Шура Шамиловасул рекIаразул отрядалде гьоркьове лъугьуна, гьебго соналъул маялда Темир-Хан-Шура МахIач Дахадаевасулгун, Къоркмасовасулгун, МухIамадмирза Хизроевасуулгун къотIи ккола гIахьвалазул партизаназул отряд гIуцIизе ва МахIачица рагIи кьола ярагъ-сурсаталдалъун квербакъизеги.

Темир-Хан-Шураса гIахьвалазул гIолохъаби хъахIазул яргъил складги тIезабун, 13 чуялда кIвараб ярагъги босун Шамхвал ва гьесул гьалмагъзаби

ГІахьвахъе тІадруссуна. МагІарул лъиялд ГІахъвахъ участкаялда Шамхалил жигаралдалъун гІуцІула тІоцебе парт. отряд.

1918 аб. соналъул 20 аб. маялда гІахьвалазул жамагІаталги данделъун рагъулаб совет бищула ва гьеб советалъул председательлъун Шамхвал тІамула. М. Дахадаевасул ахІиялда рекъон 1918 аб. соналъ 26-27 аб. маялъ Хъарани, Ишкатали хадубго Темир-Хан-Шура, ЧІикІаб, Дилималда ХІоцоцесул аскаралде данде рахъуна ва тІадруссуна тІубараб бергьенлъигун. МахІач Дахадаев чІаго вукІаго хІурияталъе гІоло къеркьеялъе квербакъи букІиналъул мурадалда Шамхвал наиблъун ккезавула ГІаса участкаялде ва Шамхвалида кІола ГІасаса, Бакълухъа, Лъануса, ЦІекІоса, Ракьуса ва цойгидалги росабалъан гІолохъаби парт.отрядалде цІазе. Наиблъиялда заманго бахъичІого Шамхвал ГІахьвахъе тІадвуссуна ва хІуриятальул рахъ ккун къеркьола Бичира ховасулгун Деникинил аскаразде данде.

1919 аб. соналъул хаслихъе Шамхвалиде ахІи бачІуна Узун-ХІажил аскаргун цадахъ XI аб. армиялъул часталъул командир Гикалагун лъугьун Деникинил аскарал Северияб Кавказалдаса рачахъизе парт.отрдягун Чачаналъе щваян. XI аб. армиялъул часталгун цадахъ Узун-ХІажил аскарги рекъон Шамхвалил парт.отрядалъ къеркьей гьабула Деникинил интервентазул аскарал Северияб Кавказалдаса нахъе гъезе ва бергьенлъиялда тІадруссуна. 1920 соналъул марталъул ахиралда Узун-ХІажи къадаралде щола ва Ведено гьесул васияталда рекъон вукъула.

Парт. отрядгун ГІахьвахъе тІадвуссунинелде хъахІазул аскараз Гіахьвахъе нухал къан ратула ва Багвалъ ан сверун Гіахьвахъе рештуна ва гІахьвалазул кІкІал цІунун оборона ккун чІола. Хадуб байбихьула ГІанди, Авар, Гъуниб округазда ХІоцоса Нажмудинилгун ГІалихановасул аскаралгун кьалде. 1919 аб. соналъул сентябрь моцІалъ Дагъистанги Чачанлъиги рагъул цІадулъе ккола, Деникинил рахъ ккурав пачаясул генерал Халиловас Деникинил аскаралде мобилизация лъазаби сабаблъун.

ГІицІго гІахьвалазул кІкІал хутІун нахъияб Дагъистаналъул ракьалда Совет власть бихха-хочун лъугІула. Партиялъулгун Совет власталъул нухмалъулел Дагъистаналдаса къватІирехун тІурула Бакуялде, Астарханалде, Грузиялде, Россиялдехун ва заманаялъе Совет властал Дагъистаналда гьоркьоб къотІула ва Деникинилгун Халиловасул ихтияралдеккола.

1920 абилеб соналъул 3 абилеб апрелалъ Чачаналъа тІадруссун хадур Шамхвалил парт. отрядалъ гІахьаллъи гьабула XI аб. БагІараб Армиягун цадахъ Порт-Петровский хвасар гьабиялъулъ. Гьединго чанго бергьенлъаби росула М. Атаевасул отрядгун цадахъ лъугьун Ункъракьалъул, Дидоялъул, Анцухъ-Капучиязул ракьаздаги. ГІахьвахъа Шамхвалил нухмалъиялда гьоркь лъугІизабула Закаталаялда 1920 аб. соналъул май-июналда багъарараб Азербайжаналъул контрреволюциялъул восстание.Закаталаялдагун Ахахдараялда чІарал гІахьвалазулгун, магІарулаздасан гІуцІараб парт.отрядалъул церехъабилъун кумекалдалъун. Гьеб парт. отрядалъул рукІуна ХІасай ва Къурбан. ГІахьвахъа Шамхвалида заман батулаан кигІан хІалуцарал рагъал магІарухъ унел ругониги Дагъистаналда тІоритІулел халкъалъул съездазда, совещаниябазда, ва нахъиялги халкъалъул мурадазухъ халгьабиялъул данделъабазда гІахьаллъизе.

1918 аб. соналъул 21 аб. июлалъ Темир-Хан-Шура данделъараб Дагъистаналъул халкъалъул съездалдаса байбихьун Шамхвал гIахьаллъичIеб цониги съезд яги республикаялъул совещание букIунаро, ва щибаб съездалда гьев вищула президиумалъул членлъунги. 13.11.-1920 абилеб соналъ Дагъистаналъе Автономия кьураб чрезвичайный съездалда гьев вищула президиумалъул членлъун гуревги гьеб съездалъе хIинкъи гьечIолъи ва гIадлу-низам чIезабиялъул ишалъе нухмалъи гьабиялъул руководительлъунн чи. ДагъистаналъулРевкомалъул бюрухъалдалъун Шамхалил парт. отрядалда тIад къан букIуна чрезвычайный съездалъул хIинкъи гьечIольилъул иш гIуцIизе ва Шамхалил парт. отрядалъул 134 багIарав партизанас ТIубазабула Темирхан-Шура шагьаралда гIадлу-низам чIезабиялъул иш.

Гьебго сIздалда Шамхвалие ва МуртазагIали Османовасе, Рамазан Нуровасе Дагъистаналда ва Северияб Кавказалда интервенциялде данде ва жанисел контрреволюциялъул рагъулал къуватазде данде къеркьеялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло "Рагъулаб БагIараб байрахъалъул" орден кьеялъул Россиялъул ревкомалъул буюрухъги цIалула.

(Ц.Г.А. Р/Д, Ф-Р-4, оп.222, Д.45, -л.299)

Н. Самурскияс Дж. Къоркъмасовасде 7.XI. 1920 соналъ кьураб телеграммаялда рекъон, РСФСРялъул Рев. Воен. Советалъ Дагъистаналъул Рев. Комитеталде битIун бачIуна ярагъ, ретIел-хьит ва 800 комплект обмундированиялъулги, гьелдаса тIоцебе Шамхвалил парт. отрядалъул 134 чиясе кьола ретIел ярагъ ва цойгидал сайгъаталги.

(Ц.Г.А. Р/д.Ф-Р -4, оп.2, Д.16, л.8)

6/II-1920 аб. соналъ Сев. Кавказалъул Совет оборонаялъул положениялда рекъон ГIанди округалда Совет оборона гIуцIизе ккеялъул хIакъалъулъ 7. II-1920 аб. соналъ №144 аб бихьизаби тIубазелъун ГIанди округалда гIуцIула заманаялъе Рев. Комитет. Гьелда гьоркьоре уна: Къудукьа ИсмагIил, Жамал Шамхалов, Мурадис Шаланов, Камал Сулейманов, Ибрагьим МухIамадханов, ЧIегIерхIажи Ражабов, ГIумар Халидов, Шамхвал СалихIов, Хамдула Ухалов, ГIалибулат ХIасанов, МухIамад Идрисов, Дибир Умаханов, Батир Сулхаев, ГIабдуладибир Мусаев ва ГIабдула ГIабдулаевги.

7/XII-1921 аб. соналъ ахIараб ТIоцебесеб Тiолго Дагъистаналъул учредительняб съездалде ГIанди округалдаса делегатлъун рукIуна 11 чи, гьездаго гьоркьов Шамхвалги.

Гьеб съездалда Шамхвал вищула ДагъЦИКалъул членлъун ва гьебго ГIанди округалдаса ДагъЦИКалъул членаллъун рищула Турач КъурамухIамадов, Идрис КъурамухIамадов, Нуцалхан ГIамирхановги. 10.XII -1922 аб. соналъ данделъараб Дагъистаналъл РКП (б)ялъул комитеталъулгун ДагъЦИКалъул цадахъаб заседаниялда Шамхал вищула 23-27. XI-1922 аб. соналъ бакIараб РСФСРалъул 10 аб. съездалде делегаталъун ва гьеб съездалъги Шамхвал вищула СССР гIуцIиялъул тIоцебесеб съездалде делегатлъун. Гьаркьие ихтияргун рищарал делегатазда гьоркьор ккола: И. Сталин, Н. Самурский, У. Москин, ХанмухIамадов, Магомедбеков, Шамхал, Нахибашев, Ворошилов, Чугуев, Леваневский, Коркмасов, Ахундов, Ковалев, Габиев, Павлович, Молчанов.

Гьаркьие ихтияр гьечIел делегатал: Полин, Ткачев, Коглик, Левин, Дибировги.

(ф-р.37, оп 19, Д.10 п, Д.132 -1922 г. 12 м.)

ТIоцебесеб ТIолгосоюзалъул съезд данделъула Москва шагьаралъул КIудияб театралъул кIалгIабахъ 30.XII -1922 аб. соналъ съездалде рачIун рукIуна: 7 аб. ТIолгоУкраинаялъул, 4 аб. ТIолгоБеларуссиялъул, ТIоцебесеб Закавказиялъул, 10 аб. ТIолгоРоссиялъул Советазул съездаз рищарал 2214 делегат.

Съезд нухда бачине председательлъун вищула М.Н. Калинин. Съезд рагьула бищунго гIумруялъул кIудияв цевегосев большевик Смидовичас.

Съездалда доклад гьабула И.В. Сталиница.

Съездалъ ЦИК бищула 371 членасдасан ва 138 кандидатасдасан. СССРалъул ЦИКалъул председательлъун вищула М. И. Калинин.

Съезд ахIиялъул ва СССР гIуцIиялъул хIакъалъульги цебеккунго ай 1922 аб. соналъул октябрь моцIалъго ВКП (б)ялъул ЦИКалъ гьединго В.И. Лениница хIисабалде босун букIуна ва гьелда рекъон СССРги гIуцIула. Гьеб ккана Россиялъул историялда жаниб бищунго кIудияб лъугьа-бахъинлъунги.

Гьелдасаги кIудияб лъугьа-бахъинлъун ккана 1991 аб соналъ "Гарбачовский" цIи гьабун гIуцIиялдаса хадуб "Беловежская пуща" -ялъ СССР щущазаби ва Ельцинил демократия Россиялда щулалъи.

(Ф-Р.37, оп. 19, Д. 10п. Д.132 -11922 с. XII месяц)

Гьебго данделъиялда 10.XII -1922 аб. соналъ тасдикъ гьарула Дагъ ЦИКалъул председательлъун Н. Самурский, Дагъ СНКялъул председательлъун Дж. Къоркъмасов.Дагъ СНКалъул наркомаллъун 18 чиги.

ДагъЦИКалъул членаздасан комиссия гIуцIула. Шамхвал вищула Дагъистаналъул халкъалъул гIарзабазул ва ругел къварилъи-хIажалъиялъул комиссиялъул председательлъун. (Ц.Г.А. РД.Ф-Р-37, оп.20, Д.4,л.12)

ГIанди округалъул ракьалда рагъ-кьал лъугIун хадуб байбихьула рагъалъ гьарурал зарал ва ГIанди округалъул халкъалъул рукIа-рахъиналъул, магIишат рукIалиде ккезабиялъул суалалда тIад хIалтIизе. Байбихьуда Болъихъ-Темир-Хан-Шура Гузнасан гьакил нух бахъиялъул суал борхула. 1921 аб. соналъул марталдаса байбихьун 1922 аб. соналъул декабралде щвелалде 75 -го километралъул нух бахъун лъугIизабула, гьелъ рес кьола ГIанди округалъул ва цо-цо Авар росабазеги 200 километраялъул нух Темир-Хан-Шурабе нух къокъ гьабизе. Гьеб нух Ч/икIаб ГЭС базегIан хIалтIана. Гьеб ГЭС бан хадуб хIоралъ цо-цо бокIол лъелъе тIерхьилдалъун хьвади гьоркьоб къотана 1919-1920-1921-1922 аб сонал рукIуна ракъдалал, халкъ бакъараб, Чачаналде ва гIатIиракьалде рагъаз нух къараб. Гьеб заманаялъ Шамхвалица Дагъистаналъул ва Кавказалъул Рев. Рагъулаб Советалда, ревкомазда цебе суал борхула ГIанди округалъул халкъалъул язихълъиялде кIвар кьеян.

Пачалихъалъ округалъе кьола гьесул тIалабалда рекъон аза-азар пуд хIалухъеналъул, чакар, пиринчIалъул, Нарт-цIам, сапун, боз ва гIарац, хасго парт. отрядалъе ретIел-хьитги.

Доб заманаялъ халкъалда тIад лъолел рукIуна продразвестка, продналог, ва цойгидалги магъалаби. Шамхвал дандечIарав вукIуна магIарул халкъалъухъа

налогал росиялъул политикаялде, гьес ГІанди округалде налогазул иш тІад къарав Дагъревкомалъул инспектор Леонов къо бахъизегІан течІого нахъе къотІула. "ГамачІ-гъегъалъул къандалъо цІуни гурони цойги бечелъи гьаниб гьечІилан".

(Ф-Р37. Оп.20. Д. 4, прот. №4 от 3.1-1922 г)

Гьел рехсарал гІадамаздаса гІуцІараб ГІанди округалъул Ревком бищулелъул Чачаналъан тІадруссун 3-4 къо гурони инчІел Шамхвалил парт. отряд 10.IV- 1920 абилеб соналъ Багвалалъан сверун Болъихъе щола М, Кундуховасул ахІиялда рекъон ва Болъихъ хъаладухъ Ревкомалъул составги бищун М. Кундуховасул тІадкъай тІубазе тІадруссуна.

Гьев бищараб Ревкомалъул состав букІуна доб заманаялда жидер халкъалда гьоркьоб къадру бугел, рагІи билълъарад гІадамаздасан заманаялъе гІуцІараб, Совет влаталдехун гьезул балагьи хІисабаязе восичІого гІуцІараб.

2.X-1920 аб. соналъ Шамиловасул ва Дарвиш МухІамадил боялъ Болъихъ хъала бахъун хадуб ГІанди округаялъул Ревком бихxула Халидги ГІумарги ГІахьвахъа Шамхалги хутІизегІан цоял Имамасул рахъалде цоял туркалъе лъутун большевиказе хиянатлъула.

11. IV.-20 соналъ прот.№10 Сев. Кавказалъулгун Дагъистаналъул Совет оборонаялъ ГІанди округалда Ревкомал рищизегІан Ревкомалъул хІалтІи тІадкъала Мурадис Шалаповасда, Жамалида, Къудукьа ИсмагІиловасда ва ГІали-булат ХІасановасдаги. (Ц.Г.А.Р/Д. Ф - Р - 4, оп.2, Д. 51,Л. 15). Цебеккун 10.IV -20 аб.соналъ Дагъревкомалде битІараб М. Шалаповасул цІаралдаса хъвараб докладной буго М. Кундуховас хъвараб гьесул цІаралдаса, Мурадис Шалаповасда хъван букІин лъалароан гьеб. ГІанди округалъул халкъги халкъалъ гІинтІамулел рагІи билълъарал церехъабиги заманаялъ руцІцІун чІезелъун гІуцІараб Округ. Ревкомалъул гьеб состав хадубккун Совет власталъе хилиплъизе букІин лъаниги заманаялда рекъон бишичІого рес гьечІолъи лъалаан М Кундуховасда.

Ахирги тІолаздего гІунтІун 10.IV- 20 аб соналъ бищааб окр. Ревком рахъ-рахъалде щущала, гьезул гІемерисел Совет власталде данде къеркьезеги лъугьана.

ГІахьвахъ участкаялъул Рев.комалъул председатель ва прат. Отрядалъул командир Шамхалил нухмалъилде ккола ГІанди окр. Рев.ком. 3.X -20 аб. с. Дагъ.ревкомалъул ГІанди округалда вугев Чрезвычайный комиссар М. Кундуховасда цадахъ Ревкомалъул председателасул хІалтІи Шамхвалида тІад къала Дагъ Ревкомалъгун РКП???? обкомалъ.

ГІанди округалда рагъ-кьал цойиде ккезегІан партотрядалъе бетІерлъи гьабула Шамхвалица. Гьеб гІодоб буссигун ГІанди округалъул халкъалъул вакилзабазул тІоцебесеб чрезвычайныяб съезд ахІула 20.7-1921 аб. соналъ ва гьеб съездалда ГІанди окр. Ревкомалъул председательллъун вищула.

Хадубго 30.VII-1921 аб. соналъ ахІараб II аб. съездалдаги суал лъола ГІанди округалда цІидасан Ревком бищиялъул хІакъалъулъ, гьенивги 100 процент гьаракь къун Шамхал вищула окр, Ревкомалъул председательлъун, секретарьлъун ТІокитІаса ХІажиясул МухІама - (Пачаясул армиялъул капитан, Шамхалие цІакъ вокьулаан гьев ва гьесул гІамал-хасият, гІадамазулгун бугеб хІеренлъи, яхІ-намус ва ритІухълъи

букIиналъ. Карательный органаз чанго нухалъ гIужде восаниги Шамхалица гьев цIунана жив хвезегIан).

Шамхалил тIалабалда рекъон ГIанди округалда хIалтIана больница, ракIарана медицинаялъул хIалтIухъаби рагьана школал МелъелтIа, Болъихъ, ГIанди, ГIахьвахъ, КIаратIа, ТIинди. Гьел школаз хIадур гьаруна бажари-лъай бугел махщелчагIи ва байбихьана ГIандиб округалда культура-лъай борхизе. ТIадчIей гьабула щибаб росулъ нухал, кьоял, лъинал къачIазе ГIанди округ 8-го учаскаялде бикьун, байбихьуда Ревкомал, хадурккун Советал гIуцIула, халкъалъул гIадлу-низам щула гьабула. ТIад чIун хIалтIи гьабуна Н. ХIоцосес гуккун Совет власталде данде рахъинарурал жамагIатазулгун ракълида гIумру гIуцIизе, гьединго тухум-наслабазда гьоркьоб ккараб жахIта-хIусуд ракълидалъун лъугIизабиялда тIадги.

Совет власть бергьун хадубги гъачагълъиялъул къокъаби тIагIун рукIунаро ГIанди, Авар ва Хасавюрт округазда. Гьел гъачагъазул гьоркьчIелаз лазат бахъи гьабула Чачаналъа ва ЛъарагIлъиялдаса магIарулаз тIощел баччиялъе, гьел гъачагъазде данде рагъ гьабиялъул суал борхула. Шамхалвалица 8-15.VI -1920 аб. соналъ букIараб ТIоцебесеб округазулгун, шагьаразул ва участкабазул ревкомазул Дагъистаналъул съездалдаги ("Красн. Дагестан" газета №2, 30.VI -1920 с., 30.VI.-1920 с., №3,28. VII-1920 с).

Гьебго съездалда хIукуму гьабун букIуна жидехъ 500-1000 гIи-боцIи бугел бетIергьабазул боцIи ва гьабал нахъе рахъизеги, пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал наибзаби, офицерал, чиновникал гьединго хIуриялде дандечIун рагъулел рукIаралги туснахъ гьаризе.

Гьеб хIукмуялде дандечIун кIалъай гьабула Шамхалица ва ГIанди округалда гьеб хIукму билълъанхъизабизе гьечIолъиги баян гьабула ва Шамхалил хъулухъалъул заманаялда цониги чиясул боцIи-мал бахъун гьечIо, гьелъул гIаксалда Шамхал ГIанди округалъул Ревкомалъул ва Исполкомалъул председательлъун ккезегIан цере ккун карательныял органаз туснахъ гьарун рукIаралги тIадруссине тIамула. ГIанди участкаялда наиблъунвукIарав царский офицер -титулярный советник ТIокитIаса СагIадуев МухIамад ДагъЧКялъ 5-го сонги къотIун Тверский губерниялде витIун вукIарав Шамхалица Дагъревкомалдаса тIалаб гьабула гьев ГIанди окр. Ревкомалде тIадвуссинавизе ккеялъул (хIакъалъулъ. 17/VII-1921 аб соналъ хъвараб Шамхвалил тIалаб Дагъревкомалъ къабул гьабула ва гьев тIадвуссун вачIаравго ГIанди округалъул ревкомалъул секретарьлъунги тIамула).

Ц.Г,А, Р/Д. Ф-Р-52, оп.1,л. 117-177)

16/III-1921 аб. соналъ Шамхвалица тIалаб гьабула 14 аб. стрелк. Дивизиялъул военком Виноградовасдасан тIокIаб нахъ бахъичIого ГIанди округалъул КIаратIа росулъа:Багьаудин Има МухIама огъли, Шамсулвара, Гъазияв МуртазагIали огъли, МухIамад Халид огъли, МухIамад Шапи огъли, Абдура.....ИсмагIил-огъли ва нахъиялги Хунзахъ хъададухъ туснахъалдаса къватIире риччайилан ва туснахъалдаса ТI адги русуна. (Ц.Г.А. Р/Д. Ф.-8п, оп.3, д.146,248)

9.VII-1921 аб. соналъ контрреволюциялъул гIайиб гIунтIизабун туснахъ гьавурав Гъоркьгьаквариса ХIажимухIама МухIамадов ва гьесдаго цадахъ ЧКялъ

туснахъ гьарурал Темир-Хан-Шура хъаладухъан жидер ватIаналде тIад русси тIалаб гьабула ва тIадруссун рачIуна.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р, 52, оп.1, Д137)

3.V-1921 аб. соналъ ГIанди округалда вукIарав Чрезв. Комиссисиялъул вакил Д. Саидовас ГIарчо росулъа 6 чи туснахъ гьарун Хунзахъ хъалаялде ритIун ратула Шамхвалилида контрреволюциялъул гIайибги гIунтIизабун, гьеб лъараб Шамхвалида хадув Турач ГIамировги витIун тIад руссун рачула.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р-51, оп.1, д78).

11-VI. -1921 соналъ КIаратIа участкаялъул Ревкомалъ тIалаб гьабулеб буго Газнов ГъалбацIов ва гьесул вац пачаясул офицер ИсмагIилги контрреволюцинерал хIисабалда туснахъ гьари, Шамхалица гьезул гьари нахъ чIвалеб буго, ИсмагIил окружной ревкомаллде хIалтIуде вачунев вуго. (Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р,52, Оп,1Д,12)

Гьединанго чанго нухалъ карательный органаз пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал ва Совет власталде данде къеркьолел рукIаралги туснахъ гьаризе гьукъула ва гьезул бажариялда рекъараб хъулухъги кьола:

КIаратIаса пачаясул офицер ХIадис ХIажиев тIамула жинцаго тIаса бищараб хIалтIуде - ГIанди гIоралъ бачIунеб цIул бикьиялъул ва ГIачIабалда букIараб шегI-кирпич хIадур гьабулеб, цIул хъухъалеб, мебель гьабулеб предприятиялъул заведующийлъун, гьесул вас Герей тIамула байбихьуда переводчиклъун, хадув следовательллъун хадув, судиявлъун. Тавуш МухIамал Загъалав окружной ревкомалъул магIишаталъул хIисабчилъун.

Шамхал кидаго данде чIарав вукIуна гIелму-лъай бугел гIадамал къварид гьариялда, гьебго заманаялъ гурхIел гьечIевлъун вукIана халкъ гуккун кьалде ахIулезулгунги ва халкъалъул гIадлу-низам бихизабулел гьел къварид гьарулезулгунги хасго хъачагъазулгун. Шамхалица абулаан: щибаб заманаялда рекъон жидер бажариялдалъун ракIбацIцIадго халкъалъе хъулухъ гьабурал лъай-гIакълу бугел гIадамал политика ва пачалихъалъул гIадлу хисунилан тамихIалде цIазе ва къварид гьаризе бегьуларилан, пачаясе хъулухъ гьабунилан яги гьесул рахъ ккун къеркьонилан аби мекъи буго, гьез гьа кьун букIараб пачаясе ритIухълъиялъул хъулухъ гьабизе заманаялда букIараб гIадлуялде балагьун, гьанже цIияб заманаялда рекъон хIалтIизеги ругьунлъизе ккелаян.

Гьединал мисалал гIемерал руго архивалда, дица къокъго хъван толеб буго.

*********

Шамхалил гIамал-хасияталъул рахъалъ гIемер хъван буго гьесда цадахъ хIалтIизе ккараз ва гьесул гьудул-гьалмагъзабазги гьесда дандечIваразги.

ГIанди окруж. РКП (б)ялъул комитеталъул секретарал: Пламеновскияс, Романовас, Глазковас, Белоглазовас, Жмуленицаги цо кIалдиса гIадин хъван буго. Шамхалица окружкомалъул бихьизабиялде кигIан дагьабниги гIинтIамулеб гьечIилан ва жиндир чияр батIа гьаричIого, ревкомалъул рукIа, парткомалъул рукIа, яги рагъулаб часталъул рукIа руководителал гьитIинабго гъалатIалъеги кьварараб тамихIалде цIалел ругилан. ХIакъикъаталдаги Шамхалица ревкомалъул, парткомалъул, рагъулаб часталъул, гарнизоналъул карательный органазул щивго чи ватIа гьавуларо. ГIадлу щивасе цо букIине кколилан абулаан гьес. Мисалалъе:

1) 3.VII-1921 соналъ Гумбеталъул ревкомалъул председателасул ТІалабалда рекъон хъачагъал кквезе гьенив вукІарав милициялъул начальник, ГІали Чаландаровасе кумекалъе Болъихъан ритІула чанго багІарав партизан, бетІералда ГІанди округалъул судияв ва Шамхалил вакьад Турач ГІамировгун гъачачълъузе рахъарал Сиражудин ва Малачилав Нуровал кквезелъун. "Саниб" колода рахчун рукІарал Гъачагъазул гІагарлъиялъул ясалаз гьал гІолохъаби кверде росизе гІамал гьабула баргъич-квербацІ сайгъатал кьун чуккун. Гьелъул хІакъалъулъ цебеккунго Гумбеталдаса хабар щун букІуна Шамхвалихъе. Гъачагъал ккolaго ккараб кьвагьа-гІанхъиялъ кІигояв лъукъула ва гьезул яцги лъукъун йикІуна гьений. ТІадруссун Болъихъе Турачги Багьаудинги щвелалде Шамхвал Дидоялдаса тІадвуссун вукІана. Шамхал Дидоялдаса вачІун вукІин рагІарав Багьаудин жиндирго рагъулъ чІварав инсул рахъалдасан кколеб пенсиялда цебеса хІалухъин босизе Инхелоса гьоболасул гІорцІенги бачун Болъихъе щола ва Шамхалил кабинеталде лъугьуна жиндирго мурад бицуна. Шамхалица Багьаудин витІула Турачги ахІизе, Турачгун цадахъ Багьаудин Шамхалихъе щола. Хадувго Багьаудин витІула турмаялъул начальник Ашаханги ахІизе. Кабинеталде лъугьаравго Ашаханиде амру гьабула Шамхвалица Турачги Багьаудинги тІаса баргъичалги рахъун кІиявго туснахъ гьавеян. Баргъичал тІаса рахъун лъугьинчІони, хІохьода тІадги лъун килшалги цадахъ къотІун рахъеян.

Гьединан туснахъ гьарула округалъул судияв Турачги багІарав партизан Багьаудинги. Ашахан гьазул кутакав гьудул-гьалмагъ вукІуна ва гьазул ракІчІей букІуна Шамхал Дидоялде ингун Ашаханица жал къватІир риччалилан. Ашаханица гьев кІиявго гьалмагъасул гьари къабул гьабуларо, нужое гІадабго талихІ диеги гьабуна ян чІола Ашахан.

2)Шамхал командировкаялда вукІадго ГІанди участкаялъул "2 аб. особый посталъул уполномоченный Яковлевгун цадахъ офицер Фураловги КІванада, Лъондода, Хуштатада, ТІиндий ун рукІуна ва гьел росабазул гІадамазе гІакъуба кьола, гьезул хІалухъадул хурзабахъе чуял чъола, ревкомалъул хІалтІухъабазухъа ярагъ бахъула, гІадамал инжит гьарула, руха - кьабун гІалхулалилан, бандиталилан, цІогьалилан, фанатикалилан рогьаби рала.

Жидее гьабураб хІакъирлъи-къварилъиялъул гІарз бахъун гьел росабазул вакилзаби щола Шамхалихъе. 7.VII-1921 аб. соналъ радакь Шамхалица бетІералда партотрядалъул командир ва ГІанди округалъул судияв Турачгун 10-го партизан-милиционер витІула КІванаде хІакъикъат цІехезе.

Иш батула вакилзабаз бицухъе. Турач ГІамировас 8-вго особый отделалъул хІалтІухъан кодоса ярагъги бахъун цере къотІун партизаназул 8-явгун Болъихъе рачун туснахъ гьарула ва хадурккун Буйнакскиялде этапалъ ритІула, тІад уголовниял делабги гьарун. Гьез Шамхалие хІинкъаби кьола жал "русские мужики" рукІин бихьизабилилан. Гьебго хІалалъ Шамхвалиде кьварарал амраби рачІуна гьел жанир тІамурал минуталъ течІого къватІире риччайилан ДагъРКП (б)ялъул секретарь Шамскиясул, Особый отделалъул нач. Зайцевасул ОКр РКП (б)ялъул секретарь Романовасул, Особый отдел. Нач. Точковасул Дагъвоенкоматалдасаги. Шамхалица жаваб кьола такъсирчи миллат, хІакимлъи, тІадегІанлъи, гІодобегІанлъиялде балагьичІого гьабураб такъсиралде балагьун тамихІалде цІазе кколилан, закон ва

гIадлу совет власталъул киназего бащадаб кколилан. (Балагье 8.VII -1921 с.ва 8.VII -21 с. хъварал кагътазде) (Ф-Р -52-оп1 Д5 л149).

Гъеб заманаялъул х VII акъикъат лъазе мисалалъе:

ДАССР Начальнику отряда Андийского окружной милиции №1

8-9 июля 1921 аул Хуштада.

В Андийский окружной ревком

Во исполнении предписания Вашего от 7.VII-21г. за №575 при сем припровождаю уполномоченым особ. Поста Яковлева, Фуралова и их товарищей и оружия: отобрано у этих револьвер и маузер за №45212, наган №7386, 13 штук винтовки русского образца №3216, 81014 к ним патроны 67 штук, а одну винтовку отобрана ими у члена ревкома Хуштада по просьбе председателя оставлено у него прилагается расписка, а я выехал с селение Хуштада в Тинди справится в тех селениях и где они находились.

Командир отряда (подпись) Турач Курамагомедов.

Гъел такъсирчагIи туснахъалдаса къватIир риччайилан кьурал бюрухъазе Шамхвалица кьураб жаваб.

8./VIII -1921г. Телеграмма №515 г. Буйнакск

Особый пост №2 от окружного ревкома уполномоченный особого поста Яковлев совершил противозаконные действия в округе и имеется обвинительный материал.

Пред. Ревкома Андийский округа Шамхал (подпись)

(Ф-Р-52, оп.1, Д137)

Дагком РКП (б) отдел общий №37 от 8./VIII -1921 г.

Г. Тамир-Хан-Шура

___________________

Председателю Андийского округа тов. Шамхалу

Немедленно освободите с тюрмы тов. Яковлева и сообщите за что арестован, если тов. Яковлев был овинен чем-либо виноват надо было предупреждать его приглашая к себе и поговорить.

Отпустите сейчас же.

Секретарь Дагком РКП (б) Шамский

Резолюция написано

На ответ "Окр. Ревком действовал представленным ему права о Яковлеве имеется в ревкоме достаточный материал, об этом своевременно данно донесение в Буйнакск.

Председатель Ревкома (подпись) Шамхвал"

Г.Буйнакск. Ц.Г.А. Р/Д.(Ф-Р-52, оп.1, л.25).

Протокол №26 от 8./VII.-192г.

Заседание Андийского ок. Ревкома

Присутствовали:

Председатель окружного ревкома Шамхал

Члены: член партии тов. Алидибир Муртазаалиев, секретарь ок. Ревкома М. Гаджиев, от Военной организации тов. Казаков и окр. Ревкома.

Порядок дня:

1) О противозаконных действиях по службе Уполномоченныи особого поста №2 тов Яковлева Д.А.

Постановили:

За служебные нарушения закона вывести им арестовать Яковлева Д.А.

Пред.окр. ревкома Шамхал

Секретарь М.Гаджиев

ГIанди окружком РКП (б) ялъул ва округ ревкомалъул член ГIандийский лъугьуна гIайиб гьечIел гIадамал гъидизе ва окружной комитеталдаги ревкомалдаги гьоркьоб хъулухъ гьечIеб питна бекьизе ва гIадамазухъан ярагъ бахъизе ва гьезда бугьтанал лъезе.

Шамхалица чанго нухалъ лъазабун букIуна Къурбанида жиндир иш гьечIеб бакIалде гьоркьове лъугьунгеян. Къурбан киниги цо хIалалда чIоларо. Окружной ревкомалъ хIукмуги гьабун Къурбан туснахъ гьавула, халкъалда гьоркьоб питна бекьулев ва гIадамал цоцалъ жахIтаялде тIамулев чи хIисабалда 13.Х -1921с. аб соналъ.

Туснахъалдаса къватIиве виччала тIокIаб нахъехун кинаб бугониги гIадамазда бугьтан лъун кIалъазе гьечIолъиялъе ва жиде кколарел хIалтIабазда гьоркьове жувазе гьечIолъиялъе рагIиги кьун лъабго моцI туснахъалдаги бан.

Къурбаница жиндирго автобиографиялдаги ва объяснительниялдаги хъван буго Шамхалица жив туснахъ гьавун вукIанила 3 моцIалъ. (Къурбан ГIандийскиясул личный делоялда Ц.Г.А. Р/Д)

Шамхвалил гIадлу букIуна кьварараб, жиндирго чияр батIа гьаричIого. Шамхвалил кигIан дагьабниги гIадлу хвезабулездехун гурхIел букIунароанилан хъвалеб буго ДагъКом РКП (б)ялде щибаб моцIрол докладалъул баян азда ГIанди округ. Комитеталъул секратараз.

Шамхалида гIиси-бикъинал гIайибазе гIоло округалъул нухмалъулезе тамихI гьабизе бегьиларилан абидал Парткомалъул серктарь Брезкловас, Шамхалица гьесие жаваб кьолеб буго - гьитIинаб цIадул хIенехIалъ, жиндир заманаялъ свине гьабичIони росуго бухIулилан, гьелдалъунин дица нужеда абулеб бугеб мекъи ккезе чIогеян. МагIарулазул аза-азар соназ хIалтIарал гIадатазде данде рагъ бай, цIидасан халкъ кьалде цIай кколилан.

8.VII-1921 аб. соналъ Шамхалица особый отделалъул уполномочен. Яковлев ва цадахъ рукIарал туснахъ гьаридал ГIанди округалда вукIарав карательный органазул политбюроялъул заведующий Ильиница байбихьула "Русский мужиказухъ" къисас босун цереккун пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал ва ХIоцесесул, ГIалихановасул, Дарвиш МухIамал, Шамиловасул аскаразда гIахъаллъ ал туснахъ гьаризе, гьезул боцIи-панз бахъизе. Ильиница Яковлев жанив тIамураб 8.VII-1921 аб. къоялъго ГIанди окружной ревкомалъул секратарь М. ХIажиевасул рокъоб чIухь бала ва Республикаялъул ревкомалъул мандат, таманча, хвалчен

бахъула ва гьесие хIинкъаби кьола, гьединалго ишал гьес Шамхалидаса балъгоги чанго гьарун рукIуна, гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб Шамхалица Ильинида лъазабула жакъа къоялдаса нахъе ГIанди округалъул территориялда вихьани туснахъ гьавизе вугилан.

Ильиница тIассияб къоялъ ГIанди округалъул ракь тола.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р.52,оп.1д5)

Карательный органаз ГIанди округалда гьарурал нахъегIанал хIинкъи кьеялъул ва гIадамал хIакъир гьариялъул, законалдаса рахъарал ишазул хIакъалъулъ

ГIанди округалъул ТIоцебесеб чрезвычайныяб съездалде 20. III-1921 аб. соналъги ва КIиабилеб съездалдаги 30.VII.1921 аб соналъги Шамхалица жиндирго докладалда тIалаб гьабулеб буго цо минуталъ нахъ бахъичIого гьел органал ва Болъихъ бугеб рагъулаб гарнизонги нахъе бачине ккеялъул хIакъалъулъ гьединго кьварараб хIалалъ лъазабун букIуна съездалда гIахьаллъарал вакилзаби ХанмухIамадовасдаги Самурскиясдаги магIарулазул гIадатги рукIа-рахъинги лъаларел гIурусазул вакилзаби, нухмалъиялъе округалде ритIугеян, гIицIго махщелчагIи, тохтурзаби, учительзаби, агрономал, механикал, бухьеналъул хIалтIухъаби тун батIиял чагIи. Шамхалил тIалабалда рекъон округалдаса нахъе бачун Грозныялде битIула рагъулаб гарнизон ва карательный органги нахъе бачуна, хутIарабги Шамхалил нухмалъиялде гъоркье кьола.

(Балагье ГIанди округалъул I ва II - съездалъул хIукмабазде)

Болъихъан рагъулаб гарнизон ва карательныял органал нахъе ун хадубги цо-цо участкабазда хъачагъазул рагъа-рачари гьоркьоса къотIуларо, хасго чачаназулги, гуржиязулги гIорхъабазда. Гьелгун рагъ базе Шамхалица 100 рекIаравги 200 лъелавги партизаназул отряд биххизе биччаларо, гьезул жигарчилъиялдалъун гIодоб буссинабула округалда бугеб хIалуцараб хIал, гьел рукIуна милицаялъул учеталдава гьезие Харжги Дагъхистаналъул главмилициялъ кьола.

Шамхалилги М. Кундуховасулги цадахъ рекъон гьабураб къеркьеялъ кIвана ГIанди округалда Совет власть щула гьабизе гьев кIиясдаго гьоркьоб букIана вацлъи цIунун хутIун.

Осетинав Муса Кундуховасулги Шамхалилги дандчIваялдасаго цоцаде кутакаб рокьи-божилъи ккола. Мусадасан лъикIаланго гIурус мацIалъ кIалъазе ругьунлъула Шамхал ва Мусаца гьесда гIурус алфавит малъана. Гьес ругьун гьавурав вуго Шамхал гIурус алфавиталда (Шамхалов) абун подпись гьабизеги.

Муса ругьун гьавула Шамхалица битIун как базе ва гIарабалъ хъвай-цIалиялъеги.

Жинцаго Мусаца абулаан нуж как базе араб мехалда дун вахъун чIун ахIмакъ гIадин хутIулев вуго, гьанжеялдаса нахъе Шамхал дунги нужгун жамагIат ва рузманаялде вачIине вугоян.

Гьадингоги Мусада лъикIго лъалаан исламияб динги шаргIияб шаргIияб гIелмуги. XIухьбахъуда ругел заманаялъ тIадчIун лъазабулаан гIараб грамматика. ГIемериселъ Мусаца гIараб хъвай-хъвагIаялдалъун хъвалаан кагъат. Цо-цо нухалъ гьезда гьоркьоб дагIба-къецги кколаан, амма, цоявниги тIурун чIолароан. 2.X-1920 абилеб соналъ Хъварши кьода бандаялъ жанир сверизаридал ва гьениса ворчIизе рес

гьечIин ккарав Мусаца бахъун маузер жиндирго каранлъ речIчIизе лъугьуна, цояб гъеж лъукъарав Шамхалица гьесда кодосаги бахъун гьаб мунго чIвазе кьураб гьечIо, тушман чIвазе кьураб бугоян цо-кIиго нухалъ Мусал ботIролъ кьабун. Ма, дов тушманасде кьвагьеян Мусада цебе реханила. Гьезул вацлъиялъулаб хурхен букIин цоцаде хъварал кагътазги бихьизабулеб буго.

"Предревкому Шамхалу Салихову. Дорогой брат у Вас не поправляется рука. Я хотел бы поехать к Вам, но по делам должен поехать на 2 недели в Тифлис, по возвращению сделаю все необходимое для Вас. Прошу не тяготится работой т.к. нужно учиться и беднякам управлять.

Послал подробное письмо к Вам с Магомедханом Муртазалиевым. Привет Вам и всем товарищам.

Муса Кундухов.

Посылаем к Вам на помощь Саида Дибирова.

10.X -1921 год.

Гьав кIиясулго кьотIи букIуна гьоркьов переводчик гьечIого кидалго цоцалъ кIалъазе.

Мусал ГIанди округалде вачIиндал хъизан букIунаро.

Шамхалица махсаро гьабула Мусаде округалдаго мун рекъарай ясго гьечIищан.

Мусаца жаваб кьола жив цонигиялъул бадиве валагьичIилан гьезул гьумер бахчун букIунаанилан.

Шамхалил политикаялъул рахъ кколаан Дагъистан республикаялъул руководителаз: Къоркъмасовас, Самурскияс, Ахундовас, Габиевас, Плешкоца, хасго ГIанди округалда вукIарав чрезвычайный комиссар М. Кундуховас, М. Атаевас. Гьел ахиралда рехсарал кIиявго вукIана Шамхалида цадахъ фронтазда кидаго цадахъ рукIарал рагъул бахIарзал. Гьез гIахьаллъи гьабуна ГIанди, Авар, Гъуниб округазда ккарал рагъазулъ, бахIарчияб кьеркьей гьабуна МугIрузулаб Дагъистаналда Совет власть бергьинегIан цадахъ лъугьун къеркьон. Гьез Шамхалил рахъ кквеялъе гIиллалъун кколаан Шамхалида магIарулазул гIадат, рукIа-рахъин, халкъалъул психология ва гIумру лъикIго лъалеб букIиналъ, ва ракълил нухалдалъун халкъалъ гьесул рахъ кколеб букIиналъги. Шамхал данде чIарав вукIуна ГIанди округалде 11 аб. армияялъул гурелги нахъиялги гIурусазул рагъулал частал магIарухъе рачIиналда.

Шамхалица абулаан гIурус солдатасдасан бажаруларилан мугIрузда рагъ гьабун, гьесул махщел бугила авлахъалда вагъизе.

Шамхалица абулаан жиндие чIалгIун бугила гIурус солдатал пленалъе ккаралъуса ракIарун. Гьес мисалалъе бачунаан 2-3.Х-1920 аб. соналъ Болъихъ хъалаялда гъурун хутIарал солдатал пленалъе иналъул, ГьерекIдерил кIкIалахъ лъугIизабураб Дударовасул полкалъул 18/IX 1920 аб. соналъ I-II моцIаз Чачаналда

Гикалол XI аб. армиялъул отряд гъуриялъул, Шамиловасулги, Дарвиш МухIамад ХIажиясулги отрядалъ Болъихъ щвараб "Кавказский трудовой Армиялъул тIоцебесеб образцовой рев. дисциплин. Стрелковой полк" Х - 1920 аб соналъ гъуриялъул чанго мисалал.

Гъезухъ кьолеб ярагъ-ретIелгун бакIалъулаб парт.отряд биччани багъизе 10 гIурус солдатасде данде цохIо магIарулав гIолилан, магIаруллъиги гьезул гIадлуги лъалев.

22.V-1921 аб. соналъ Дагъ. Ревкомалъул заседаниялъ хIукму гьабуна рагъулъ чIвараб чуялъухъ ва Зоно кIкIалахъ ккараб рагъулъ тушманас рехарал кьвагьичIого хутIун рукIарал гранатаби кьвагьун биххараб гьесул минаялъулги хал гьабун ккараб зарал бецIизе.

БецIилелдего 1.500000 гIурущ гIарац биччала ГIанди округалъул ревкомалъе чуял, кьили-чIолорхъ ва хIажатабщинаб босизе.

(Ц.Г.А. РД. Ф-Р -4, ОП.3, Д.5)

**Шамхалил ва гьесул умумузул куъисмат**

Шамхалил кIудияв эмен ДенгагIалил вукIана 4 вас: Мала, ИмахIо, Шамхвал ва СалихIилав-хIажиги.

Малаги ИмахIоги, Шамхалги 1877 аб. соналъул 28. Октябралъ Гіахьвалазул Зоноб ккараб гъазаваталъул рагъулъ шагьидлъула ва гьел рукъун руго кьуралда ГIахьвалазул Мигьиштохъ бугеб гъазизабазул хабалалъ. Гьезул эмен ДенгагIали захIматго лъукъарав тIасиял къоязго шагьидлъун вукъун вуго КIудияб росдал хабалалъ. Гьединан Шагьидлъана СалихI хIажиясул лъабго вацги эменги. Нахъ хутIана бищун гьитIинав Шамхалил эмен СалихI-хIажи. Малалги ИмахIолги цо-цо яс нахъе хутIула, Шамхвалил лъимер букIунаро. Гъазаваталъул рагъулъан сах-саламатго вуссарав СалихIиласул вукIуна лъабго вас, ва гьезул кIигоясда СалихIилас вацазул цIарал лъола. ТIоцеве гьавурасда Шамхал, хадусеседа Мала, ва лъабабилеседа ЦаракгIали. Мала 1918 аб. соналъ балагьакье ккун тIурарав кверде восулаго гьесдасан хола.

Гьев хвеялъе гIиллалъун ккола ТIунсикь авалалдаса Кутоло тухумалъулгун Гожо Герейил тушманлъи ккей.

Гожо Герей къватIив вахъун вукIуна жиндиего гьабураб хIалихьалъи хIехьезе кIвечIого. Гожол Герейица 2-го чи чIвала Кутолазул ва гIи-боцIиги пасат гьабула, гьелда ракI хIалхьичIого хадубги гьезие заралалъе вахъарав Герей кквезе ва хадубккун гъалмагъир гьоркьоб къотIизаби мурадалда росабазул жамагIаталго рахъун Герей кверде восизе аралъур, Мазелъухь авалалда ШагIванинл колода Герей жанив сверизавула. Кверде вачIаян аралъув Мала чIвала. Гьебго бакIалда Герейги чIвала. Герей живго чIвараб колода аскIовго, росдал хабалалъе восичIого, гьенивго вукъун вуго. Шамхалил кIиабилев вас ЦаракгIали ГIахьвалазул партизан отрядалъе Лавашисан гIарацги ярагъги босун ругъедлерил магIардасан сверун Гьидалъан рачIунаго Совет власталде дандечIараз чIвала.

Лъабабилев СахIил-хIажиясул вас Шамхвал 1923 аб. соналъул

28.Х - чиги чIван рахчизе рачIараз Муни росулъ чIвала. Шамхвал чIваялъе гIиллалъун ккола, 1923 аб. соналъ Харахьи участкаялъул исполкомалъул председательлъун вукIарав Хунзахъа ХIамзалов МухIудада чIван лъутарал ЦIелмесев кIиго вац Шамсудин ва ИсмагIил Мусаевал лъутун рахчула ГIанди округалъул ТIехнуцал участкаялъул росабалъ, байбихьуда Гъодобери, хадур Кванхидалъ, ахиралда Мунир.

Байбихьуда гьел рукIуна Гъодобери, гьезда лъазабула Гъодобери росдал бегавулас жидер ракьалдаса нахъе аян. Хадуб гьел рештIуна Кванхидалъ, гьезги гьел нухда лъола, ахир гьел рещтIуна Мунир.

Гьел рещтIа-рещтIараб бакI лъалеб букIуна Муслим Атаевасдаги, МухIамадхан Элдаровасдаги, гьез Шамхалида гIайибал чIван, ругьелал рачIуна гьел округалда рахчизе тунилан. Шамхалица мундерил бегавуласда ТIехнуцал участкаялъул исполкомалъул председателасдаги лъазабула такъсирчагIи ГIанди округалдаса нахъе рачахъеян. Чанго нухалъ лъазабуниги гьел нахъе унел гьечIилан гIарз бачIуна мундерил бегавуласулги. ТIехнуцал участкаялъул исполкомалъул председатель МуртазагIалиев ГIалидибиргун, старший милиционер МутагIилов Сулеймангун ва цо органазул хIалтIухъангун гьал щола Мунире. Гьал къватIир лъутаразде ГIанди округалдаса нахъе аян лъазабизе унагун жал рахчарал минаялъул гордохъан къватIиб кьвагьун Шамхалги Сулейманги чIван гьенисан Чачаналде лъутун рорчIула ва гьенир рахчула.

Совет власталдаса лъутун Чачаналъ рахчарал ХIоцоса Нажмудинил къокъагун цолъун ва гьесул тIадкъаял тIуралел рукIуна.

1995 аб. соналъул 8 февралалда "ХIакъикъат" газеталда бахъараб "Ростов шагьаралда 1925 аб. соналъул 22 сентябралда ХIоцоса Нажмудинил суравалъул протоколалдаса" абураб статьялда хъвалеб буго:

"Турциялдаса НургIали Гьиматовасул кагъталгун ва тIадкъайгун дихъе (ХIоцоса Нажмудинихъе) витIун вачIунев вукIарав МухIамад Халил-хIажи огъли Дагъистаналъул уполномочнияс асир гьаврав гьев кагъталгун цадахъ витIула Ансухъ-Капучиялъул участкаялъулаб милициялъул начальникасухъе. Милициялъул начальникасухъ кагъталги тун лъутун ворчIарав ва Зумсо колотIа ХIайдарихъ рештIарав гьев дихъе вачIана...

МухIамад Халил-хIажи огъли Зумсоялде вачIараб мехалъ дида аскIор рукIана Шамсудин ва ИсмагIил Мусаевал, ай гьез вачун вачIана гьев дихъе...

Шамсудин ва ИсмагIил Мусаеваз гIакълу кьуна дие гьеб №2 аб нота гIарабалдаса гIурусалде буссинабизе гьезул божарав чи Даниялбегихъе битIеян. Дун ХIоца Нажмудин, гьелда разилъана ва нота Шамсудинихъе кьуна. Шамсудинги, ИсмагIилги, МухIамад ХIалил-хIажи огълиги Даниялбегил колоде ана. ХIажи огълида дица лъазабун букIана анкьидаса тIад руссине ккелилан. Амма гьев вачIинчIо, Грузиялде ун ватана. Шамсудинги ИсмагIилги абуни 20-25 къоялдасан рачIана гIурус мацIалде буссинабураб нотаги босун...

Цойги хабар хъушдодисев ШамхаловМухIамадил допросалдасан

Хуштадисев Шамхалов МухIамад гьоболлъухъ рештIун вукIуна 1931 аб. соналъул декабрь моцIалъ Кванкъеро Нуцалханил МухIамил бакIалда. Гьениб

хIурияталда тIасан хабар ккедал жинца суал кьунила Нуцалханил МухIамие - Щиб хIурияталдасан щвараб пайда абун. Гьес жаваб кьунила "Ниж гIахьвалал къеркьана Совет вcase власталъе гIоло, амма нижеда гьелъулъ щибго лъикIаб жо батичIо" - ян. Хадубго цун гьес биццанила "Шамхалица бицун букIанилан жиндие цо сордоялъ бихьараб макьу жиндирго гIага-божаразда. Макьилъ Шамхалида вихьун вуго живго тIадегIанаб хIакимлъиги щун пачалихъалъул ихтияр жиндирго квершаликь бугев чилъун. Гьеб тIадегIанлъиялда жив вукIадго гьесул васалазул цояв лъугьун вукIуна Шамхалида, ай инсуда данде къеркьеялъул нухалде халкъ хIурияталде данде ахIулев".

Гьединан хъван буго жиндирго суравалда Шамхвалов МухIамадица цойги батIияб хIалалъ гIахьвалазул партотярдалъ хIурият бахъиялъе гьабураб къеркьей мекъаб букIин чIезабизелъун ва гIахьвалал жидецаго гьабураб ишалдаса рекIекъал рукIин бихьизабизелъун. Хадубго Атаев Муслимил хIакъалъулъги Шамхвалов МухIамадица хъвалеб буго.

Гьелдаса цо лъугьа-бахъин:

Жив вукIанила Горский правительстваялъул ШаргIияб судалъул цо хасаб бакI ккурав ихтияр кодосев чилъун. Гьедин жив вугевб заманаялъ М. Атаевас Горский хIукуматалъе хъулухъ гьабулел ругел кIиго офицерги чIван тамихI къотIизе жинда цеве кканила ва жинца гьев 3-го моцIалъ гурони туснахъ кьечIого хвасар гьавун вукIанила. Гьединаб кумек жинца гьабуниги жив туснахъ гьавидал жиндие кумек щвечIила.

**Шамхалов**
**Исал-Магомед Шамхалович**



Шамхалов Исал-Магомед Шамхалович, 1906 года рождения, членом КПСС состоял с декабря 1929 года по октябрь 1937 года, партбилет № аварец, образование низшее. В момент возникновения дела работал прокурором Кахибского района. В 1957 году работал председателем колхоза им. Кагановича, Ахвахского района 14.Х.-1937 года первичная парторганизация и 15.Х.-1937 года Кахибский райком КПСС за связь со своими братьями и близкими родственниками, которые были арестованы органами НКВД, как буржуазные националисты, исключили Шамхалова из членов КПСС.

24. П. 1938 года Шамхвалов был арестован органами НКВД ДАССР по обвинению в проведении контрреволюционной агитации. При следствии это обвинение не было доказано, но обвинен был в превышении власти выразившейся в том, что после ареста его родственников, понуждал свидетелей отказаться от показаний своих братьев и других родственников, а также без разрешения хранил у себя дома две винтовки и четыре шашки, которые при обыске 24.УШ.1938 года были обнаружены в доме Шамхалова.

В годы гражданской войны в Дагестане Шамхалов был красным партизаном, с 1947 года по 1956 год работал в колхозе рядовым колхозником, заведующим МТФ и заместителем председателя колхоза. С апреля 1956 года работает председателем колхоза им. Кагановича.

Ахвахский райком КПСС по работе характеризует положительно и ходатайствует о восстановлении его членом КПСС.

Тов. Шамхвалов И-М. Ш. восстановлен членом КПСС с декабря 1929 года, с отметкой перерыва в партийном стаже с октября 1937 года по февраль 1957 год.

## ГІахьвахъа Шамхвал

Инкъилабалъул хІуби, хІурияталъул гІаркьел,
ГІахьвахъа Шамхвал рехсон гьабизин дагьаб калам,
Мискин халкъалъул Садикъ согІаб агьлудуй балагь,
Эркенлъиялъул байрахъ Россиялъул багьадур.
Гъачагъазе завбагІат, такъсирчагІазе диван,

Дагъистан бацІцІарасе гьабизин къокъаб сифат.
Басрияб гІадлуялъе кьор бухьарасул къиса,
Халкъалда гъорлъ хутІараб тІамизин босун цебе.
Партизаназул къаид округалъул Раисун,
Эркенлъиялъе гІоло къеркьарасул бицизин,
БахІарчилъи бахчарав хІалимав инсанасул,
ХІакъикъат баян гьабун къокъабго баян кьезин:
Борхат ккараб черхалъул чергес формаялда гъорлъ,
ГІандиб ясаз къачІараб чІегІер буртина ретІун
УнкъцІул лъукъараб цІахІил хІетІе хехаб фарасгун
МагІарул чакмай ретІун чодуе кодоб цІалгун
Магьи-гІарац бекьараб ханжар-рачелги борчун
КІичІван лъураб хъурайсен хъахІаб надида борхун,
Рокьоялъ рахъуларел жулал гІадал михьалгун.
Балагъун тущман чІвалел лахІчІегІерал бералгун,
Пашманлъи - вохиялъе хиси гьечІеб гьумергун.
Къокъабго каламалъул камилаб рагІи бугев,
ГІорхъудаса борчІараб тІалаб-ражаъ цІикІкІарав,
Вихи-хехлъи рихарав, гогьдари гьаракь гурев.
КІалдисан араб калам кидаго жиндир хвечІев,
Рецц-бакъалъе чучлъичІев, чин-гІарацалъ восичІев.
ХІинкъи-тамахлъи лъачІев, хІалихьалъи нахъчІварав.
ГІадамалгун жуварав, жахІда-хІусуд рихарав
Жинде цеве ккарасул балъголъи бичун унев
Чарамилан ккаравги хІе гІадин тамахлъулев.
ХІакимасе хІелхІеди, чиназе бетІер къули,
ГІадан гІодов гьавелеб гІамал бокьулароан.
Жиндирин чиярилан чагІи ратІа гьабичІеб,
ГІадлуялъул цІадраби гІаммал рукІарал гьасул.
Такъсир-хІарамлъиялъе хІукму къотІулеб къоялъ,
ХІаким ватІа вахьичІеб тамихІ букІараб гьесул.
ТІасахун хІакимазул рекъон кколареб амру,
Къабуллъун гьабулареб гІадат букІараб гьасул.
МагІарулазул гІадат гІумруялъул бильлъанхъи,
ГІодобгІан гьабуразе гІадлу букІараб гьасул.
Исламалъул кьучІалда шаргІалъул къануналда,
КъагІида рекъоларел къабуллъуларо гьасий.
ЗагІипал жамагІатал мискинал пакъирзаби,
Къварид гьарулездехун гурхел букІинчІеб гьасул.
Магьабат -гьунаралъул багьа кинан гьабулеб
Тукен-базаргабахье бичунеб, батуларев.
Бичун кьолеб жо ани бахІарчилъигун сабит
Къирарзабаз цадахъго базарго босилаан
ЯхІалъул борхалъухе гьев лъалес къимат кьелин,

Намусалъул гъварилъи гьинада кин цIехелеб,
Такъсирлъи хIалихьалъи диванбегаца цIалин
БахIарчилъи борцунеб роцен батулеб гьечIин.
ГIарац-меседил къадар къали, мийзаназ лъалин,
Лъалеб гьечIин къадрудул борхалъи лъалеб алат.
ГIасрабазул къеркьеял тарахиваз рехсолин,
РикIкIен дагьал къоязул бергьенлъи кин борцунеб?
Гьасул гIадаб гIамалгун гIаданго бижанадай,
ГIажаибаб черх бугин чарамалъул тIун кьураб,
Инсанасе сабрудул къокъабго бутIа кьолин,
Къогоясул цадахъаб гьасие киндай ккараб?
Рес къотIидал имамас асирлъиго бищанин
Гьасул кинабдай гIадат гIажалаладе вортулев,
ТIолалго хасиятал хиси гьечIеб мураат.
Халкъалъул мурадазе сабаблъун ккарав инсан.
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

МугIрул Дагъистаналда хIурият бокьаразул,
БахIарзазул бо гIуцIун къватIив вахъарав Шамхвал.
ГIасрабаз халкъ кIвекIараб НикIалайил пачалихъ,
Кьолболъан биххун ккедал лъугьарав цIияб базе.
Щунусилъе бахараб рекIаразул эскадрон,
ХIинкъи-къай жодолъ гьечIеб хадубго лъелаб къокъа.
Къо ккаралъуб рухI кьезе хIадурал гIолохъаби,
Гьасул амру тIубалел тIад тарал командирал.
Ратиларо гьал щвечIел мугIрулги кIкIалабиги,
Ичкерия-Чачанлъи, лъарагIазул авалахъал,
Ункъракьалъул щобалги Дидоязул рохьалги
Капучи-Анцухъазул ЦIоралъул жаниблъиги
Чан ракьалда кьал ккараб кьучI биххараб агьлугун,
КигIан гIолилал чIварал чIалгIаде рагъал гьарун,
Чанги бахIарчиясул рухI тараб щибаб кIкIалахъ.
Шамхвалилги квегIаб гъеж лъукъараб Хъварши кьода.
. . . . . . . . . . . . .
. . . . . . . . . . . . .

ХIажат гьечIел кьалазе лъуралгунги къеркьон
ХIабургъараб Дагъистан роцIцIине гьабурав гьав

Чи гьоркьоса камичIеб гIахьвалазул гьокъагун,
Азарго нассир вугеб партизан гIуцIарав гьав.
Сверухъ ругел къавмаца къватIисел хъамалчагIаз
Жанибе свераб кIкIал хьалалъун гьабурав гьав.

Чан къирар къеркьаниги къуркьизе кIвечIел мугIрул ,
Къавмал гIемераб улка квегъун бажарарв гьав.
КIкIал рикIкIун милат бугеб мацI рикIкIун гIадат лъураб,
МугIрузулаб Дагъистан цолъун бажарав гьав.

Бечелъи-чинал цIунун кьалде ахIараб ВатIан,
КьучI гьечIел маргьабазул си биххизе кIварав гьав.

Дур кьварараб гIадлуялъ гIакъилаб дур пишаялъ,
ГIадада тIолел биял гьукъизе кIваравги гьав.
ГIасрабаца къотIичIеб тухумазул тушманлъи,
МаслахIат-рекъел гьабун свинабизе кIварав гьав.

Мискин-фукъараазе къварилъи-балагь ккедал,
Кумекалъул квер базе тавакал ккаравги гьав
Киналго мажлисазда раисаталда бакьулъ
ХалкъалъулхIажатазул суал борхаравги гьав
Иман-ислам щулияв, шаргIалъул нухда чIарав
ГIалимзабазда гьоркьов гIелмудулги къайссар гьав.

Округалъул исполком ДаГъЦИКалъулги член
СССР гIуцIиялъул съездалъул делегат
Бакуялъул мажлисалъ, Бакъбаккул пачалихъаз
Миллатал цоялъиялъул хIаракатчилъун тарав,

СалихI хIажиясул гIаламалъе рухI кьурав,
КIоченаро даималъ Гiохьвахъа Шамхалил цIар

ШагIирас гIаламалъе адабият къачIала
ГIалимас инсанасе гIелмудул тIахьал тола.
Багьадурасул къисса цебеса цебе кьола.
Шамхалица халкъалъе къачIан эркенлъи тараб

Щунусго тIамач хъвараб тIехь данде гьабуниги
ТIубан Шамхвалил къисса къалмикьан борчIиларо.

## Шамхвалил къисмат

РагIарабищ гIадамал гIажаибаб цо хабар
Хьиндалазул цIанаца кьурул цIумал гъурараб.
БахIарзазе хIилладуй хIалихьатал ургъараб
ХIинкъиялъул хIал бергьун багьадурзаби чIвараб
Шамхвалил чодул тIваркъи маххул кьода баккидал
ТIурулел чакъалаца гIажалалде ахIарал
Мундерил жамагIаталъ жанир бидулал Хьихьун
ХIиладуй гьоркьчIел гьабун рохьил гьалбацIал чIварал.
Чан гулла щвананиги шапизе кIвечIеб лачен
Щиб балагь ккананиги къуркьизе кIвечIеб хьергъу.
ГьалатI дургодай ккараб дандиялдай хехлъарал
Тохлъиго кинан ккараб чарамул лагаялъул
Азарилъе бахараб аскарги гIодобе тун
Асгов Сулейман вачун сапаралде кин ккарав?
СагIадул МухIамаца солдат бачен абидал
"Гъудузул гурел боял цIумазул кколарилан"
ЦIал кIутIанин чуялда чабхъад унев гьечIилан
Рагъуе хьихьараб бо казармабахъеги тун
Болъихъ хъалаялдаса рахъана сапаралде
Кванхидалъ лъалхъен гьабун лъабиде ругел рикъун
Бакъанил как гIурухъ бан гIедегIана Мунире
Кколелъуй кколарелъуб цебе букIунеб гьалбацI
ГьоркьчIелалде тIаде ккун тIохьида росун руго.
ХIамзалов чIван рахчараз Округ теян аралъув
ЦIелмесдерил бидулаз хIилла-рекIкIалъ чIван руго.
Саламгун гьобол щведал гIадат бугин магIарул
Буссине салам гьабун чу-цIал кодоса цIалеб.
Кинаб гIадат мундерил гьоркьан рахчун тIурулел,
ТIад рачIарал гьалбалгун гIаданлъиго биларaб.
Росулъ чиго вукIинчIищ маслахIат-гIадлуялъе,
Бихьинчилъи камилав кумекалъе вахъине.
Шамхвалги Сулейманги - кIиго багьадурги чIван,
РорчIизе кинан арал гIалхул хъурмал мунисан.
Гьиридаса вуссунев Изаноса Тахтухъан,
БецIлъиялъул квалквал ккун кодоса рорчIун руго.
Кинниги хадув вортун кваранаб бохги лъукъун,
Тушманасул бидул лъалкI МелъелтIа тIагIун буго.
Бакълъулазухъ дибирлъун инсул вацгIалги вукIун,

Гьесул кумекалдалъун Буртиялъ рахчун руго.
ТIадруссин тIокIалъ ккечIел кIиго вац-чIвадарухъан,
Чачан-Ичкериялъе даималъе тун руго.
Мавтул-фавати рештIун устушигьидлъун хварал,
Къайдум ватIалъанилан тIагIун ккечIо гIахьвалал.
Гьел хисун цоги тела округалъе риасать
Жинцаго къачIан тарал къубдул гIемераллъидал
"БагIарал байрахъаца" курмул къалъизарурал
Анкьго багьадурасул къадру цIикIкIарав тела.
РакIазе захIмат буго бидулал тIурун рорчIи,
ГIахьвалазул цIумазе цIакал рахъизе щвечIел.
Гьел чIванилан чIухIизе тушбаби риччаларо,
Наслу-тухум бицщатаб тайпа бугеб СалихIил
ГIасрабазул гIасрабаз нуж кIочене теларо,
Нужехъ къисас босила гIахьвалазул бахIарзаз.
Къадар щварасул исму Нусбуялда букIулин,
Васасда хисун лъолин хварасул цIар наслуялъ.
Нусго сон нахъ таниги тайпа хисун кколарин,
СалихIил тухумалъги танин лъалкIал харбие.
Шамхвалилан цIарги лъун раккила гIолохъаби,
Лъугьила Сулейманал гьесдасаги кьварарал.
Партизаназул къаид Ревкомалъул раисун
ТIоцевесев исполком камуна округалъе.
ДагъЦИКалъе камуна цIа гIадав гIуцIарухъан.
МугIрул Дагъистаналда хIурият гIуцIаразул.
Кавказалъул бакьулъе багIараб байрахъгIадал.
Багьадурал камуна тIолабго улкаялъе.
Инсанасе тарих тун таразухъ угьдиларо
Халкьалъе гIумру кьурал хваразулъ рикIкIинаро.
Квер бачараб тагIзият рукъалъул агьлуялде
Росдал жамагIаталде гIага-божаразде
Дица зигара бала хасго партизаназде,
Гьесул гьудулзабазде: Муса Кундуховасде,
Нажмудин Самуриде, Муслим Атаевасде,
Турач ГIамировасде, гьев хириял шиназде.
Ракьалдасан рижарал ракьулъе унеб гIадат,
Аллагь гурхIа нужеда хIал алжаналъуб ккаял,
Ирсалъе тараб тарих тоге учуз билизе
Мисал гьездасан босун хьваде гьезул хадусел.
Амин!

## Некоторые архивные данные по САЛИХОВУ

Анкета

Анкета о положении советских работников в Андийском округе.

1. Сколько членов ревкома? - 3

2. Как распределить работу в президиуме? - Основ. Пред. Зав. отд. Управ.

3. Председ. рев.Кома - Шамхал Салихилау.

4. Соц. полож - зажиточн. крест. Бывщ. Нач. Парт.отряда.

5. Какое положение заним. До 1917 года - Служил на 1 мировой войне в ковал. полку.

6. Ф.И.О. остальных членов ревкома, а также социальн. положении до 1917 г. Дибир Саидов (который сменял в конце V месяца 1921 году Умар Халидовым - крестянин.)

7. Как часто заседает ревком, президиум ревкома? - в неделю 2 раза.

8. Ведутся ли протоколы заседания? -Да.

9. Посылаютли протоколы в окружной ревком? - Из участков Дагревком и из окружных - 1 раз в неделю.

10. Какие по преимуществен вопросы обсуждаются? - О продовольствии, об организации в местах.

11. Существует ли парт. организация? - Нет. (Существуются с 15 мая 1921 г).

12. Устраиваются ли митинги, партсобрании? - Нет (с 15 мая 1921 г. ежедневно).

13. Распологает ли семена по засеву? - 60 процентов.

14. Если не хватает хлеба до урожая, то приблизительно сколько? - Не хватает на 230 селений, покупаем самостоятельно.

Финансовое положение.

15. Откуда изыскивается средство на содержание местных ревкомов? - Из Дагревкома; члены участ. Ревкома до сих пор не получал, служебные также не

получали - с 5 мая 1921 г. Только полк парт. отряд 8 месяцев жалованье и обмундирование не получал.

16. Имеются ли в округе леса и как проводится их рубка? - Через ревком и остальн. Самостоятельно.

Хозяйство

17. Как организов. Гуж. Повиность? - Ревком выдает гуж. Повиности.

Положение управления:

18. Какие под отделы существуют во внутри управления? -Милиция.

19.Какое отношение населения к учреждениям Сов. власти?-Теперь хороший.

20.Состояние милиции? - В хорошем состоянии.

21. Во всех ли селениях имеются школы? - Нет. Язык аварск.

22. Ведется ли работа по ликвидации безграмостности? - Муллы в школах не имеются, необходимо газета на аварском языке.

23.Какое количество больниц? - 1 больница в округе на 10 коек.

24. Хватает ли в них мест для больн.? Необходимо еще 3-3 больниц.

Подпись Шамхала

25 май 1921 г.

РКП-/б/ялъул кьерзулъ тIоцевесев гIахьвалав.

Из личного дела Шамхала Салихова собранного для выступления кандидатом в члены РКП/б/ и членом РКП/б/.

В окружком партии

Председателя Андийского окруж. Ревкома тов. Шамхала Салихова

Заявление

Прошу Вас зачислить меня в партию РКП (б) как вполне сочувствующего партии.

Сведения о прошлой службе моей при сем прилагаю на арабском языке (за неимением анкетного листа)

Председатель Андийского окруж. Ревкома.

Подпись Шамхал.

28.VII 21 год.

Решение: Принять т. Салихов Шамхала кандидатом в члены РКП/б/ секретарь парт. ячейки Технуцамского участка с. Ботлих

Рекомендует член РКП/б/ с октября 1920 г. Тюков. 1 августа 1921 год.

Президиум Андийского окркома РКП/б/

От председателя Андийского окр. Исполкома товарища Шамхала Салихова

Заявление

Прошу принять меня членом партии РКП (б) так как я состою кандидатом еще с 28.VIII-21 года в настоящее время, чувствую себя вполне подготовленным быть членом партии.

28. IX 1922год.
Шамхал
Поручители: Д. Измайлов, член. билет №804608
Н. Гусейнов, член. илет №633681.
Это заявление не обсуждалось Шамхал членом РКП/б/ не вступал.

Удостоверение
Дагестанский комитет
Партии организован.
Россий. Ком. партии Инстр.
Инстр. П. учетно
распределит.
2 декабрь 1922 г.
№506
Темир-Хан-Шура.

Действительно по 31.X II.1922 г. Предявитель сего тов. Салихов Шамхал действительно состоит кандидатом в ячейке Технуцальской участке с. Ботлих с 1/VIII -1921 года.

Кандидатс. Картчка №454, что подписями и печатью удостоверяется.

Пред. Регистр. Комиссии
Ответст. Секр. Даркома Точенов
Пред. Ревкома:
Зав. Агит.пром. Гафуров

Обратной стороне удостоверения имеется заметки с 1-го августа 1921 года № 284 по 1-го июня 23 г.

Обратная сторона?

Если участвовал в революц. Работе до 1917 г., то где, в какой области работы, как долго:

Участвовал и выступал против Деникинских банд.

Подвергался репрессиям за революцион. Деятельности: Нет.

Привлекался ли к судебной ответственности перед судьями РСФСР: Нет

Привлекался ли к партсуду: Нет.

Физические недостатки: Во время выступления против белогвардейцев состояние здоровья потеряло и лишился руки в настоящее время не владею левой рукой.

Партийная работа с 1917 года:

19.5-1919 г. по 8.8-1920 г пред. Окрком Андийского окр.

Теоретическая подготовка (Марксисткая) : Не подготовлен.

Дополнительные замечания: с1918 года находился все время в Даг.Республике, с появлением Деникинских банд выступал с партизанским отрядом против белой Армии и за боевые отличия награжден орденом "Красного знамени"

Подпись Шамхала

Секретарь округкома

(2дополнение)Ц.К. Р.К.П (б)

Учетно распределительный отдел

Един. Парт. Билет № Личный листок № 454

Личный листок №154

Губерния- Дагестанская область

Населенный пункт - Селение Ахвах

Партийный орган - Андийская организация

Фамилия - Салихилаев

Год рождения - 1878

Национальность - мусульманин

Родной язык - Аварский

На каких языках еще владеет свободно, говорит, пишет: Аварский, арабский.

Какие местности РСФСР хорошо знает: Смоленск., Подольская гурбернии.

Социальное положение: крестьянин.

До войны 1914 года занимался домашним хозяйством.

Основное занятие, дающее средство существованию: крестьянск.

Во время войны (до Октябрс. Рев.) Находился Австр. Фронте в конном полку.

Профессия: крестьянин.

Семейное положение: на иждевении 6 членов, из них нетрудоспособных 5 человек.

Образование: на русском языe неграмотен.

Служил ли в Армии (указать когда, род оружия, последный чин,должность и т.д.) Находился в Терской области со своим отрядом, который выступил против Деникинских банд.

Участвовали в военных действиях в какой войне?

Участвовал в гражданской войне в качестве начальника партизанского отряда.

Когда демобилизовал: не был.

Был ли за границей: нет.

Какой парт. орган. Принят в члены РКП (б):

Андийской организацией.

Когда принят: 1.7-1921году.

Состояли ли других в партиях: нет.

Ф.1п оп. 82. Ед.хр. 6671 Даг.Обл. ВКП (б)

Всероссийская перепись членов Российская Коммун. Партия. 1926 г. Российск. Ком. партия (большев.)

К личному листу №

Салихилаев Шамхал - кандидат карточка №454 выданного Андийским орг. РКП (б).

2) Кем рекомендовен на работу - выборный с. Ботлих названии учреждения - Округ испольнит.- Председателем Андийского округа.

3) Исполнение специальных заданий с апреля 1921 г. - Пред. Испол. Андийского округа.

Социальные положения: Крестьянин: до революции 1917 года занимался земледелием, и одно время находился в Дагестанском конном полку. В 1918 году находился все время в Дагестане. С появлением бичераховских банд мною образован Партизанский отряд, который выступили после против деникинских банд.

С 1920 года до 1921 г. мною образован партизанский отряд и выступал также против Деникинских банд и держал связ с Красной Армией.

С 1921г. до Советизации находился на должности председатель ревкома Андийского округа и после выборов остался на месте и в настоящее время нахожусь пред. Окр. Исполкома.

Салихов.

№178 лист.

Российская Коммун. Партия (большевиков)

Личная регистрационная карточка

Название орг. Выдавший билет? Андийская окр. Испол. Председ. Салихилов.

Фамилия: Салихов. Имя: Шамхал.

Год рождения: 1878. Род. Яз. Ахвахский (аварский).

Соц. полож. (земледелец) имеет незначит. ?

Образование: Домашнее, арабский язый.

Военная подготовка: Рядовой кавалериста.

Каких языках говорит: Аварском, арабском, ахвахском.

Какие местности занет хорошо? Кавказский край, губернии Центральной Российские губерни, фронтовую полосу Советской росси.

Был ли заграницей? Нет.

Семейное положение: 9 душ: 1 жена, 5 сына, 2 дочери, и мать.

Состояли ли в других партиях? Нет.

Основание зачисления в партию. Сочувствующий партии и сильно поддерживает Совет. Власть

В каких профсоюзах состоялся до выдачи билета:

В союзе Ахвахских партизан партотряда и сотрудников андийских округкома ревкома.

Какие сведения револц. Деятельности до выдачи былета: организовал партотряд и состоял начальником отряда с 1.1 -1919 г. Вел борьбу в Терской области против деникинцев до 1920 года против банд Андийского восстания Андийском, Гунибском и Аварском округах до победы Советской власти в Дагестане.

Шамхал

Секретарь Морозов.

Рекомендации член с октября 1920 г.

Андийск. Окружной комитет РКП (большевиков)
10.XI-1923 г.
№134
Сел. Ботлих ДССР
№180 лист

Учетно-стат. П/отдел Дагкома РКП (б) При сем препровождается личное дело на кандидата РКП (б) Андийским организацией тов. Шамхала Салихова выбывшего из рядов партии по причинам убийства бандитами 28.10 -23 г. при исполнении служебных обязанностей.

Окружком РКП (б) просит исключить таковым из состава списков Даг. Организац. Приложение личное дело 11 листов.

Секретарь Окружкома (А.Жмулин)

2.12. -1923.г
В/Х - 7163
28/XI - 1923 г. Т. Миханову к учету умерших/XI- 23 г.

В/Х - 2280
2/XII -1923 г.

ГIанди округалъул председательлъун хIалтIулев вукIаго М. Кундуховасул тIалабалда рекъон Шамхал РКП (б)ялъул членлъиялде кандидатлъун лъугьуна 1.VIII-1921 соналъ.

Кандидатлъиялъул стаж лъугIаниги гьев партиялъул членлъун восун вукIунаро.

Гьелъие гIиллалъун букIуна ГIанди окружной комитеталъул секретарабазулги. Ревкомъул председатель Шамхалилги рагIи данде ккунгутIия.

Цебеккун бицахъе ДагъРКП(б)ялъул комитеталда ва Республ. Ревкомалда чанго нухалда суал борхун букIуна цадахъ рекъон хIалтIиялъул хIакъалъулъ Шамхалица абухъе щибго магIарулазул гIадлуги, гIумруялъул психологияги лъаларел гIурус милаталъул коммунистазул политикаялда рекъон. МагIарул халкъ гIодоб буссинабун бажарулароан. ШаргIияб гIадлуялдаги исламалъул нухалдаги тушманлъи рехизе Шамхал разилъуларо, гьеб лъалеб букIуна Республикаялъул нухмалъулезда, гьелдалъун гьез Шамхалил политикаялъул рахъги кколаан.

Шамхалица округалъе хъулухъ гьабулеб тIолабго заман уна ГIанди РКП (б) ялъул комитеталъул секретаралгун къеркьолев ва гьел нахъе къотIулев.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф.1п,оп.82, Ед.хр.6671 ва Шамхалил партийный Лич. Делоялде)

Шамхалица гьеб заманаялда рекъон халкъалъе пайдаяб ва гьез къабул гьабулеб партиялъул палиитика нахъ чIвалароон.

1.IX-1921 аб. соналъ Шамхалил жигарчилъиялдалъун ГIанди округалъул 5 -го участкаялда рагьула гIурус школа, гьездаго гьоркьоб ГIахьвахъ рагьула тIоцебесеб гIурус школа. Байбихьуда гьенир цIализе лъимал кьоларого лъугьуна. Шамхалица

жиндирго лъабавго вас щвезавула цIализе хадуб гьесдаса мисал босун 18-го цIалдохъанасде бахуна цIализе рачIунезул къадар. (Гьелъул хIакъалъулъ гIатIидго хадуб бицина).

**Некролог: Шамхал Ахвахский.**

В борьбе за дело бедноты Дагестана пал сраженный предательской пулей из засады тов. Шамхал, известный всей бедноте Дагестана, герой борьбы против банд Нажмудина Гоцинского и агента Антанты.

Тов. Шамхал руководя беднотой и красными партизанами Андийского округа в период 1919,20,21 года не раз наносил жестокое поражения бандам Гоцинского и Врангелским найльштам и офицером.

Тов. Шамхал известен среди красн. Партизан Дагестана не только своим мужеством, самоотверженностью и хладнокровием, но также и блестящими качествами руководителя и организатора трудящихся масс.

В период гражданской войны 1920 года тов. Шамхал, несмотря на то, что в бою у Кваршинского моста (Дидоевс. участке Андийского округа (при прорыве через кольцо банд ранен был разрывным пулем в руку, сумел пробравшись в родной Ахвахский участок, с организовать отряд в 150 человек партизан.

Тов. Шамхал с чрезвычайным успехом активно оборонялся против тысячных масс банд Нажмудин Гоцинского вес зимный период, отрезав банды от их базы снабжения Тифлиса.

В октябре 1920 года Красные партизаны Ахваха обратили в бегство забрав пленных и трофеи, 2000-ный отряд бандитов, наступавшем на Ахвах со стороны Караты и Кванадинских высот, при чем каждый боец ахвахец имел не более десятка патронов.

В начале 1921 года тов. Шамхал, получил известие о том , что к Хунзаху подходят части Красной Армии, перешел в решительное наступление в сторону Гидатлинской дороги (долины реки Аварского Койсу) и разгромил отряд бандитов стоявших в Батлухском участке и у Гидатлинского моста, захватыв целый эскадрон неприятеля в плен. Пополнив свое вооружения тов. Шамхал Ахвахский соединился с частями Красной Армии, наступившимы со стороны Хунзаха по долине реки Аварского Койсу на Гидатли.

В конце 26-28 февраля 21 года отряд тов. Шамхала совместно с отрядом Атаева, получил чрезвычайно военную и боевую задачу прорвать и разгромить центр бандитского фронта. Эта задача была с успехом выполнена отрядами т.т. Шамхала и Атаева.

Красные партизаны Ахваха без выстрела ночью, сняли неприятельские посты и заняли важнейший пункт в тылу у неприятеля сел. Тукита.

На утро бандиты оказались зажатыми в тиски и сотни их легло на склонах долины Андийского Койсу.

Это поражение послужило началом ликвидации восстания в горах.

После ликвидации восстания тов. Шамхал центром внимания своей работы сделал - борьбу с бандитизмом прилегающе и Андийскому округу Чечны и являлся грозой бандитов Андийского округа укрывшихся в Чечне.

Учитывая громадное значение колесных дорог для жителей своего округа тов. Шамхал первые подал мысль о постройки дороги по долине Андийского Койсу из Буйнакска на Ботлих.

Во время борьбы с Нажмудином, Гоцинским, Аварскими ханами и золотопогонными офимерами Тов. Шамхал любил говорить " В Дагестане должны царствовать палка пастуха, и мотига садовника, так как они дают все блага жизни которыми гордится Дагестан!". На помощь палке пастуха и мотыге садовника должен прийти кинжал кустаря. Эти трое победят колдовство лжешейхов и укротят не считающихся нас за людей - ханов и офицеры. Я сын пастуха, но я должен показать нашим врагам, что у пастуха - белая кость и красная кровь!".

Тов. Шамхал умер, будучи председаталем Андийского окружного исполкома. При нем в Андиском округе чувствовалось врагам бедноты - диктатура пролетариата.

РКП (б( потеряла в нем железного и стойкого солдата револции.Дагестанский исполнительный комитет потерял в тов. Шамхале одгого из лучших строители моши хозяйство Дагестана. Красные партизаны и беднота Дагестана потеряла в лице тов. Шамхала, одного из лучших руководителей и организаторов борьбы за освобождения бедноты от власти ханов и бекови лжешейхов. Красные партизаны и красная молодежь Дагестана отомстят за кровь павшего борца и выкуют сотни новых бойцов таких же смелых и упорных как ты, Шамха в борьбе за власть Советов. Тов. Шамхал пал, но память о нем будет жить в сердцах грядуших поколений борцов за рабочего дела.

Волнованый Дагестанкий народ от редакции газеты "Красный Дагестан требовали подробности убийства Шамхала Ахвахского. По просьбе народа редакция газеты "Красный Дагестан" разъясняет подробность.

Получив 28.Х-1923года секретное донесение от председателя Каратиснкого уч. исполкома о перебывании двух известных в округе бандитов Шамсудина и Исмаила, т. Шамхал вместе с отрядом из 8 милиционеров завед. Угр.розом, нач. Милиции и председателем ТІехнуцалского исполкома, выехал в сел. Кванхидатль, где по полученным сведениям скрывались бандиты. Тов.Шамхал разделил отряд на три части и все разъехались в разные направлениях. Тов. Шамхал вместе со старшим милиционером Сулейманом завугрозом и председателем ТІехнуцальского исполкома направился в селение Муни, где ими был произведен обыск в доме бывшего бандита Гамдулы Сааду. Не найдя бандитов, тов.Шамхал вместе с Сулейманом вышел из дому. В это время из соседнего дома, где проживал брат Гамдулы, раздалось несколько выстрелов, которыми т.т. Шамхал и Сулейман были убиты на повал. Воспользовавшись растерянность оставшихся бандиты бросились бежать и скрылись в направлении сел. Анди.

На следующий день все дороги и проходи в Чечню (граница которая всего лишь  на 15-20 верст от селе Муни) были занятызаставами. Бандитов пока поймать не удалось. Предполагают, что им удалось скрыться в Чечню.

Газета "Красна Дагестан" от 12.XI-1923 года №253. Понедельник.)

Муса Кундухов - секретарь обкома РКП/б/ Дагестана 5/XI - 1923 г. было опубликовано в газете "Красный Дагестан" № 248.

## ГIахьвахъа Шамхвал чIванин рагIидал ВачIитIол ГIайшоца абурал рагIаби

ГIанди округалда чарамул сангар,
Чанго тохьил гуллид ворлъи уябдай?
Дагъистан мугIрузда борхатаб къалгIат

Къват\ул тарашазе ч\вазе к\олевдай?
Божуларо керен кин ургъаниги,
Керен лъукъунилан мун къанщиялда
Хиянатаб хIилла хIалихьатаб рекIкI,
ХIалхъубал бидулаз вессун тарав кин?

Гьаб Дагъистаналда дуца балеб кьо,
КьучI лъуниш нахъ тараб магIарулазе?
Кьал ахIун капураз кIвекIараб ВатIан,
ТIокIаб гьеб бац\цIине чи вахъиладай.

Зодиб тIавуссалъул хIулидул бусен,
Х/оргодай хутIараб Болъихъ хъаладухъ
НикIалайил хIаким хисараб диван, (кабинет)
Хисун щивдай чIела гIахьвалазул вас?
. . . . . . . . . . . . . . . . .
. . . . . . . . . . . . . . . . . .

Логода тIад тIураб сугърадул ретIел
РетIеянищ кьелеб ЦаракгIалихъе
ГIелмудул тIахьаца цIурал сундукал
ЦIалеянищ тарал Пахрудиние.

Месед тIад бекьараб цIар хъвараб ярагъ,
Борчеянищ кьелеб ГIисалмухIамихъ
Чуязул элхъадулъ чIчIел ккураб барти,
Трабищ рекIаян дов Навабие.
Гьаб муг\рул т\алъуда г\ат\идаб хъала,
Гьалбал гьалбал к\очогеян таравищ Садикъ.
Дуца бахъун кьураб эркенлъиялъул,
ТалихI бугев вихьун мужру бергьина
Дуца бикьун кьураб ращалъиялъул,
Щивасе бащадго ирсалъ бикьила.

РетIел бихъиларо хъатал раларо,
Гьел дур хъахIал михъал къаникь кканилан.
Керен бухиларо, гъалал тIеларо,
ГъалбацIазул гъалбацI мун камунилан
ЧIегIер ретIиларо, магIу лъеларо,
ГIаламалъ цIализе нусбу лъун тела.

## Хилиплъи

Шамхвалица кверги ккун канлъуде рачаразул,
КамичIо бугьтан чагIи кIигьумерчилъи хIалел
Чангит бан боцIудаса гIадамалъе цIаразул
Гьев хун хадуб наслудуй къорал гьезе ургъарал.

Шамхвалил хъалаялда хьат базе байбихьараб,
Сардилъ лъолел тIагьраца, тIеп барал хъубчуцаги
Хъаладул рукъзабахъе бугьтан-докладал цIалун,
Ункъорагъидул кIалгIа чIегIергъудуца ккураб.

ХIурият бахъулезул ревкомал дандельараб,
Гъачагъазул бомбабаз ругънал лъураб бинаят
Сиясаталъул гIадлу гIорхъада лъугьарабго,
Хъурмил тIанчIи кинигин т\урарал хъаладухъан.

Пири пирхун гъегъ бараб репрессия какидал,
Бакъул чIораз тIадруссун тIалъи гьабураб Г\ахьвахъ.

ЧамарстакIил гъветI какун барщидал балхIат кваpаз,
Щокъробе ракьа къайдал хвасар гьари гьарараб.

ТIадруссун Сибирь борхун гIолохъаби решт\индал
ТIалъиялде рукIарал бетIерчIван хIелхIедарал.
ЧIалгIаде гъураразул тухум лъугIун ккеч\ого,
Щивав камурасул цIар анцIидаса цIикIкIараб.

Кин гIумру хисаниги хвечIо Шамхалил къадру,
Къо ВатIаналде ккедал хIалае хIажалъарав.
ХIадур гьабун гьес тараб ГIахьвалазул партизан
Фашисталгун кьалги бан фронталде бахъараб.

Бащдал гьоркьоса камун хутIарал щокъал лъугьун
Рагъул шапаг\атаца курмул гвангъун руссарал.
Амма мацIихъабазул ВатIаналде къо ккедал,
Гемороид унти ккун къоринир рахчур чIарал

****

Республикаялъул наркоматалде рорчIарал цо-цо хIалихьатал гIадамаз Шамхвал хун хадусала гьесул пенсиягицин къотIизабизе хIаракат бахъула, амма гьел мурадалде щоларо.

Донесения чревычайного уполномоченого Андийского округа материалы 1920 г.

2..9 - 1920 Нажмудин Гоцатлинский приезжал из грузии Анцухи

уч. участн.Нажм. Гоцинский с 40 всадниками 28.8 -1920 приезжал в селение Бежта.

12.9-20г. находился Анцуко-Капучи. Участ.

Алиханов и Гоцинский.

Сосредоточивается Бежта.

Донесение Комбата 2-гострелкового Даг. Полка.

Тов. Шамхала одно из лучших руководителей и организаторов борьбы за освобождение бедноты от власти ханов и беков и лжешейхов.Красные партизаны и красные? Дагестана отомтсят за кровь павшего борца и влекут сотни новых борцов таких же смелых и упорных как тов, Шамхал, в борьбе за власть бедноты -власть Советов.

Тов. Шамхал пал, но память о нем будет жить в сердцах грядущих поколений борцов за рабочее дело.

Муса Кундухов сер. Обкома Некролог в газете "Красный Дагестан"

№248(479) 5 ноября 1923 год.

Протокол №20 , от 29.12.-1931г.

Гор Махачкала

Заседания президиума ЦИК - Советов ДАССР

Слушали: О назначении персональной пенсии (Докладчик тов. Гасилаева, док№12)

Решили: Назначить пенсии с 1.1 1932 года гражданке сел. Кудиябросу Шамхаловой Асият в размере месяного оклада содержания получаемого ее убитым мужем Шамхаловым в 1923 года по должности председателя окружного исполкома, поручив секретариату ЦИК выяснить и привлечь к ответственности виновников прекративших выплату пенсии установленную ранее соответствующим решением правительства.

Зам. Пред ЦИК. (Сафаралиев)

За секретар. (ЦИК Михальченко)

(Ц.Г.А. Рд, Ф-Р37, оп.20, Д.160

Шамхал ракIалде щвезавиялъе гIоло.

1932 аб соналъул 20 аб. июлалъ ГIахьвахъ РИКалъул заседаниялъ хIукму гьабула "Дармилгун производствоялъул кооперативалъул Инвалидазул захIматалъулгун хIалтIул артелалъе" Шамхал СалихIовасул цIар кьезе.

(Ц.Г.А. РД. Ф-Р-133, оп.4, Д.-1.л.24)

1934 аб соналъул 20 аб. июлалъ ГIахьвахъ РК ВЛКСМалъул РНКялда рагъулаб инспекторалъ гIуцIараб гIолилазул спорталъул походалъе ГIахьвахъ мугIрузул

бищунго рорхатал лъабабго щобалде рахуна, ва гьел рорхалъабазда революционеразул цӀарал лъола:

1) Бакъбакъуда бугеб борхалъуда Муслим Атаевасул;

2) Бакьулъ бугелда Шамхал СалихӀовасул;

3) БакътӀерхьуда бугелда Муса Кундуховасул.

Шушбузда жанир цӀарал хъван кагъат лъун щибаб гохӀил тӀарада гвенд бухъун ракьулъ лъола.

("БагӀарав партизан" газеталдаса Чахиев Расулил статьялдасан 23.7-1934 с.).

1957 аб. соналъ ГӀахьвахъ районалъул КӀудияборосдал колхозалда букӀараб Кагановичасул цӀарги нахъе бахъун, колхозалда Шамхалил цӀар лъола.

1967 аб. соналъул 27 июлалда МахӀачхъала шагьаралъул исполкомалъул заседаниялъ, проктокол №13, хӀукму гьабула Октябрский революялъ 50 сон тӀубаялъул хӀурматалда Дагъистаналда Советвласталъе къеркьарал ракӀалде щвезариялъе гӀоло шагьаралъул цо-цо къватӀазул цӀарал хисун революционеразул цӀарал лъезе.

324. ГӀенеккула Яцуненкол информациялъухъ: ХӀукму гьабула:

МахӀачхъалаялъул къватӀазул 21 ялда цӀарал хисун революцинеразул цӀарал лъезе.

Цебеккун "Новая" букӀараб къватӀалда цӀар лъола "Шамхала Салихова".

(Ц.Г.А. РД. Ф-Р-90, ОП.38. Д.5, л.41)

1988 аб. соналъул 28 октябралда Шамхал гьавуралдаса 110 сон тӀубаялъул хӀурияталда КӀудиябросулъ 5 метр борхалъи бугеб памятник лъола.

1987 аб. соналъул 6 аб. сентябралда Къамиш хъутаналъул гьоркьохъеб школалъе Шамхалил цӀар кьола ва школалда Шамхалил статуяги лъола.

## РЯДОВЫЕ ГЕРОИ ГРАЖДАНСКОЙ ВОЙНЫ

### ГӀисаев МухӀамадхан

МухӀамадхан гьавуна 1892 аб. соналда ГӀанди округалъул ГӀашали росулъ мискинаб хъизамалъе.

15 сон балелдего эменги хун гьасде тӀаде ккола 6-го вац-яцазулги эбелалъулги тӀалаб. 1909 аб. соналъ цогидал росуцоязда цадахъ мухьдахъ хӀалтӀи цӀехон къватӀиве вахъуна ва гьав ккола Грозниялъул промыслабазда хӀалтӀизе.

Гьенив ХӀалтӀулаго МухӀамадханица жигар бахъула, гӀурус мацӀ ва хъвай-цӀалиги лъазабизе. МухӀамадхан мурадалде щола – гьесда лъалан лъикӀго гӀурус, чачан, лъарагӀ мацӀал ва гӀурус хъвай-цӀалиги.

Грозниялъул хӀалтӀухъабазда гьоркьове ккеялъ МухӀамадханица тӀаса бищана Большевиказул революциялъул нух.

1915 аб. соналда МухӀамадхан ахӀула рагъулаб хъулухъалде ТӀоцебесеб Дунялалъулго рагъ байбихьун хадув ва ккола Киевалда букӀараб рагъулаб складалде хӀалтӀизе. Гьенисан тӀадвуссун хадуб МухӀамадханида лъала ГӀахьвахъа Шамхалица

парт. отряд гIуцIун букIин ва гьев лъугьуна гьеб парт. отрядалъул хIаракатав гIахьалчилъун.

Шамхал 2I10-1920 соналда Хъварши кьола лъукъидалги МухIамадханица бихьизабуна жиндир бажари ва бахIарчилъиги, гьединан ГIахьвалазул парт.отряддазда цадахъ къеркьана МухIамадхан ГIисаев Дагъистаналда Совет власть бергьинегIан.

4I10- 1920 соналъ М.Кундуховгун, Самурскийгун, Нуровгун ва чанго багIарармейц цолъула Хунзахъ хъалаялда жанив сверула. Шамхалица гьев вихьизавуна Дагъревкомалъул награж. Комиссиялъе «Рагъулаб БагIараб» орден кьезе бищунго мустахIикъавлъун ва 265-1923 аб. соналъ Рес.Воен. Совет №76 бахъараб буюрухъалда рекъон ГIисаев МухIамадхание кьуна №4872 ва цIар хъвараб ярагъги.

МугIурузулаб Дагъистаналда рагъал лъугIун хадуб МухIамадхан ГIисаев тIамула ГIанди округалъул милициялъул начальниклъун, гьесда кIвана Чачаналда рахчун рукIарал контрреволюционерал бетIералда ХIоцоса Нажмудингун кодор щвезаризе.

МугIрузул халкъалъул рукIа-рахъин лъикIлъизаби мурадалда 1927 аб. соналъ жидеего бокьун гочунезул къокъагун цадахъ, ватIан рехула Хасавюрт районалъул «Красный переселенец» ва гьеб кIхозалъул председательлъун вищула. Кьойидаса кьойиде МухIамадханил сахлъи хьадаралъулеб букIуна, лъарагIлъиялъул гьава-бакъ данде кколарого лъугьуна, гьелдалъун 1930 аб. соналъ тIадвуссун росулъе вачIуна ва 1932 аб. соналъ къадаралде щола ва росдал хабалалъ вукъунги вуго.

Граждан рагъул герой ва магIишатияв гIуцIарухъанасул къисмат гьадин лъугIула.

**ГIалиев ГъазимухIамад**

1926 аб. соналъул 26I6-1926 аб. соналда, ай партийный перепись гьабизегIан ГIакIвачов ГъазимухIама, гьелдаса хадуб фамилия хисула ГIалиев ГъазимухIамадилан. ГIалиев ГъазимухIама гьавуна ГIанди округалъул КIудиябросдал обществоялда гъорлъе кколеб «Шушукъари» абураб авалалда, мискинаб магIишаталъул хъизамалъе. Эмен хун хадув гьев уна бетIербахъиялъе Хасавюрталде мухьдахъ хIалтIизе. Гьенив 7 соналъги хIалтIун тIадвуссуна. Рокъоб заманго бахъичIого эбелгун цадахъ ЦIоралдехун уна ва гьенив чияда цеве 6 соналъ хIалтIула. ЦIоралдаса тIадвуссун хадув ГъазимухIамадица ригьин гьабула 1909 аб соналда.

1914 аб. соналъул сентябралда ГъазимухIамад гIахьвалазул гIолохъабазда цадахъ ТIоцебесеб Дунялалъул рагъулъе унел гIолохъабигун «ГIалхулаб дивизиялъул» рекIаразул полкалде хъвала Германиягун, Австралиягун Венгриялъул рагъулъ ва Карпаталъул мугIрузде щола.

ГъазимухIама нахъиял сах-саламатго хутIарал гIолохъабазда цадахъ 1918 аб. соналъул марталда Порт-Петровскиялде рештIуна полковник Шамиловасул отрядалде гьениса гьев щола Темир-Хан-Шура рештIараб хъахIазул полкалде.

Темир-Хан-Шура заманго бахъичIого ГIахьвахъа Шамхалилца гIуцIараб парт.отрядалде гъорлъе лъугьуна ва цо взводалъул командирлъун тIамула.

ГъазимухIамадица Шамхалил парт. отрядалда гьоркьоб тIубан мугIрузулаб Дагъистаналда бергьенлъи босизегIан жинде божилъи гьабураб рекIаразул взводалъе бажарун нухмалъи гьабула ва щибаб фронталда бергьенлъиги босула.

ГъазимухIамадица чанго бакIалда ккарал рагъазулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гьев мустахIикълъана бищунго тIадегIанаб шапакъаталъе «Рагъулаб БагIараб байрахъ» (Москваялда Россиялъул Рев. Военн. Советалъул №76 абилеб приказалдалъун) №4876 орденалъе ва чанго ДагъЦИКалъул грамотабазе.

Дагъистаналда Совет власть бергьун хадуб ГъазимухIамадида божилъи гьабуна чанго жавабияб хIалтIи. Гьев вищула 15I12 –1923 сон Гумбеталда , 10I12-25 соналда вищула ГIанди участкабазул Ревкомалъул председательлъун, Казбекалда, ЦIумада районазда начальник милицалъун. ГIахьвахъ район рагьигун, 1931 аб. соналъул октябралдаса 1936 аб. соналде щвезегIан РИКалъул председательлъун, КIаратIа район рагьигун хадув Уполминзаглъунги.

ГъазимухIамад? партиялъул член кколаан 1924 аб. соналдаса нахъе, партбилет №0923741. ГъазимухIамад вищула ТIоцебесеб Дагъистаналъул Верховный Советалде депутатлъун, гьелде щвезегIанги гьев вукIана ДагъЦИКалъул членлъунги. ГIахьвахъ район рагьаралдаса нахъеги РИКалъул Президиумалъул Райкомалъул членлъунги вукIана.

ГъазимухIама? Хвана 195.. соналда КIаратIа росулъ, гьенивго вукъунги вуго.

## МутагIилумов Сулейман

Сулейман гьавуна 18... аб . соналъ ГIанди округалъул ГIахьвалазул обществоялъул КIудиябросулъ гьоркьохъеб магIишаталъул векьарухъанасул хъизаналъе.

8 сон барав чи инсуца Сулейман щвезавула мадрасаялде цIализе, гьоркьоб къотIизе течIого, 17 соналде гIумру бахинегIан церетIурал гIалимзабазухъе росабалъе хьвадун гIараб гIелму лъазабиялда тIад чIола, ахиралда ЦIоралъул Хъабахъчули росулъан вуссуна ВатIаналде турк, перс, гIараб мацIалги лъан, цеветIурав гIалимчиги вахъун. ТIадвуссун хадув росулъ жиндирго росдал магIишаталда хIалтIула ва ригьин гьабула, гьесул цохIо яс гурони йикIинчIо.

1914 аб. соналъул сентябралда гIахьвалазул гIолохъабазда цадахъ «ГIалхулазул дивизиялъул» кIиабилеб рекIаразул полкалде лъугьуна ва Германиялъулгун, Австриялъулгун Венгриялъул рагъде Карпаталъул мугIрузде фронталде ккола. Гьенив Сулейман лъукъула ва росулъе тIадвуссуна, лъагIелгун бащдаб рагъулъги бан.

Рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло Суйлемание 4 аб даражаялъул агъулаб орден кьола.

1918 аб. соналъул апрель-маялда сах-саламат хутIарал гIахьвалазул гIолохъаби тIадруссун хадуб Сулейманицаги гIахьаллъи гьабула ГIахьвахъа Шамхалил парт. отрядалда гьоркьоб.

Сулейман вукIуна кьвararав, жинда тIад къараб иш тIубалев, бажари, гIадлу бугев чи, гьелдалъун Сулейман тIамула рекIаразул цо взводалъул командирлъун.

1918 аб. соналъул маялдаса байбихьун Дагъистаналда Совет власть бергьинегIан бищунго захIматал рагъулал фронтазда бахIарчилъиялда вагъула Деникинилгун ХIоцоса Нажмудинил рагъулал къуватазде данде.

Ункъракьгун Дидоялъул участкаялда ва Хъаранибгун ЧIикIаб фронтазда бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло Сулеймание шапакъаталъе кьола №4884 «Рагъулаб БагIараб байрахъалъул» орден. Россиялъул Рев. Советалъул 26I5-1923 аб. соналъул №76 приказалда рекъон.

Гьединго Сулеймание кьола цIар хъвараб ярагъ ва кисиниб лъолеб меседил сагIатги.

Дагъистаналда Совет власть бергьун хадуб Сулейман тIамула ГIанди округалда тIоцевесев милициялъул начальниклъун (старший милиционерлъун).

Гьенив хIалтIулаго Сулейманица рагъ гьабула зама-заманаялъ халкъалъе балагьлъун гIумруялъго лъугьарал гъачагъазде данде.

Чачаназулгун гуржиязул гIорхъабазде хъамалчилъигун зулму-хIал гьабун кодоса боцIи-буголъи бахъулел ва чIвай-хъвей гьабун къватIир рахъарал гъачагъал кверде росиялде кIвар кьолаго Сулейман 28I10-1923 аб. соналъ, Авар округалъул Харахьи участкаялъул исполкомалъул председатель ХIамзалов МухIудадаги чIван къватIире лъутарар ЦIелмесесил кIиго вац ИсмагIилги Шамсудинги Мусаевал ккезе аралъув Муни росулъ гьез чIвала.

КIиявго Граждан рагъул бахIарчи вукъун вуго КIудиябросдал хабалалъ цоцада аскIор.

ГIалиев ИмахIо

(Ф.1837- п,оп2, л.113)

15.3-1921 абилеб соналде щвезегIан ДенгагIалиев ИмахIо.

ГIалиев ИмахIо гьавуна 18... соналда ГIанди округалъул ГIахьвахъ обществоялъул КIудиябросулъ гьоркьохъеб магIишаталъул хъизамалъе. 7 сон барабго ИмахIо росдал мадрасаялде кьола цIализе ва 21 сон базегIан Дагъистаналъул ва Азербайжаналъул церетIурал гIалимзабазда цеве цIалула.

ИмахIо вукIана цеветIурав гIалимчи, гьесда лъалаан гIараб, турк мацIалги.

1914 аб. соналъул сентябралда ИмахIо уна ТIоцебесеб Дунялалъул рагъулъ «ГIалхулазул дивизиялъул» рекIаразул 2 абилеб полкалде нахъиялги гIахьвалазул гIолохъабазда цадахъ Германиялъулгун Австриялъулгун Венгриялъул рагъулъ.

ИмахIо ккола Шамиловасул полкалде Карпаталъул фронталде.

1918 аб. соналъул марталда рагъдаса тIадвуссуна гьевго Шамиловасул полкгун цадахъ Порт-Петровскиялде, хадув Темир-Хан-Шураве, гьенисан Шамхал СалихIовгун цадахъ ВатIаналде тIадруссуна ва партотряд гIуцIула.

Парт. отрядалъул рекIаразул взводалъул командирлъун вукIуна.

ГIалиев ИмахIо Дагъистаналда Совет власть бергьинегIан цониги фронталдаса камураб бакI букIунаро, 1918 аб. соналъул май-июналдаса байбихьун Хъарани, Ишкартали, ЧIикIаб, Темир-Хан-Шура, Порт-Петровскиялда, Дилималда, Чачаналъ,

Грозныялда, ЗанатIа, Лъаноб-ЦIекIоб, ТIукитIа, гьединго Хунзахъ ва Гъуниб хъала хвасар гьабулелъулги гIахьаллъи гьабула.

(17.10-1935 аб. соналда хъвараб жиндирго ракIалде щвеяздасан Ц.Г.А.)

Совет власталъ бергьенлъи босун хадуб ГIалиев ИмахIо Ункъракь участкаялде Ревкомалъул председательлъун витIула 11I11-23 с. ГIанди округалда Советал рищулелъул 15I10-1921 аб соналъ гьебго участкаялда Советалъул председательлллъун вищула.

1921 аб соналъул ноябралда ГIалиевасде гъара ургъула цевеккун Совет власталде данде чIараб гIамал гьабула, гьеб лъарав ГIалиевас квер цебе ккезе гIамал гьабула ва гьеб участкаялдаса нахъе вачIине ккола гьениб ккараб чIвай-хъвей сабаблъун.

ГIанди округалъул исполкомалъ Эчеда букIараб участкаялъулаб центр ТIиндиб росулъе бахъула ва гьениве участкаялъул исполкомалъул председательлъун изаносев Мирзабег витIула. Хадувккун ИмахIо ГIанди округалъул нач. милицаясул заместительлъун хIалтIула.

1925-26-27 аб соназ ИмахIо Республикаялъул милициялъул Глав. Управлениялда батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIула. Дагъистаналда округал районазде рикь-рикьун хадуб 1928 соналда. ГIалиев ИмахIо витIула ЧIарада районалъул милициялъул начальниклъун.

ЧIарадаса тIадвуссун хадув ГIалиев тIамула ГIахьвахъ райторготделалъул, сберкассаялъул заведующийлъун, кIхозалъул председательлъун, зав. МТФлъун, завизбачитальнийлъун, цогидалги хIалтIабазде. 1936-1938 аб. соназул репрессиялъ гьасул наслу-гIагарлъиялъулги туснахъ гьарула гьелдалъун гьасдехун бугеб партийний организациялъул балагьиги-божилъиги къадараб букIуна.1926 аб. соналда РКП (б)ялъул кандидатлъун лъугьарав ГIалиев ВКП(б)ялъул членлъун восула 23II22-1949 соналъ Дагъистаналда Совет власталъе гIоло вагъулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло ГIалиев ИмахIо мустахIикълъула «Рагъулаб БагIараб байрахъалъул» орденалъе №4857 1923 аб. соналъул 26I5 Республикаялъул Рев. Воен. Советалъ кьураб №76 приказалда рекъон.

ГIалиев ИмахIое кьола «БагIараб цIва» орденги 50 сон Совет власталъ тIубаялда, гьединго гьесул захIматалъул ХIурматалда кьола 8 медал ва ДагъЦИКалъул глав. Милициялъул рахъалдасан грамотаби ва цIар тIад хъвараб кисиниб лъолеб гIарцул сагIат , «Маузер» таманча ва цойгидалги шапакъатал.

Граждан рагъул герой ГIалиев ИмахIо вукIана гIадамазлгун жуварав, хIалимав, гIолилазул насихIатчи. ГIалиев ИмахIо хвана жиндирго росулъ 19... Гьев вукIана 8-го Граждан рагъул героязул ахирисев.

## МухIамадов Ихъали (Беццав)

Ихъали гьавуна 18... соналда ГIанди округалъул ГIахьвахъ обществоялъул ТIадмагъилъ бегавуллъиялде кколеб «ЧIакъдари» колода, гьоркьохъеб магI ишаталъул векьарухъанасул хъизаналъе. ТIоцебесеб Дунялалъулго рагъулъе инегIан Ихъалица жиндирго рукъалъул магIишат гьабула. 1914 соналъул сентябралда

гIахьвалазул гIолохъабазда цадахъ Австралиялъулгун Венгриялъул рагъулъ Карпаталъул мугIрузда фронталде ккола.

Фронталда Ихъалил цояб бер лъукъула ва беццлъула, гьелдалъунин Беццав Ихъалиян абулеб букIарабги.

ТIоцебесеб Дунялалъул рагъулъан тIадвуссун хадув Ихъали лъугьуна Шамхалица гIуцIулеб парт. отрядалде.

Ихъалил кьвариялъулги бахIарчилъиялъулги биценал гIемерал руго жеги халкъалда гьоркьор хутIарал.

Ихъали гIужда тумакI речIчIизе, векеризе, гамачI рехизе, гугаризе махщел бугел цIакъ кьварарав, хIинкъи-къай гьечIев рагъухъан вукIун вуго. Байбихьудаса ахиралде щвезегIан Ихъали рагъул фронталда цеве вукIунаан.

Гьимерсо, ЗанатIа, ТIокитIа, Ункъракьалда, дунялалда ккарал рагъазулъ бихьизабураб бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло Ихъали 26I5-1923 аб. сональ Россиялъул Рагъулаб Советалъул №76 Приказалда рекъон ;№4860 -ялъул «Рагъулаб БагIараб ? орден №4860 шапагIаталъе кьола. Чанго нухалъ батIи-батIиял сайгъатазеги мустахIикълъула. ЦIар рагIарав Граждан рагъул бахIарчи Ихъали чIван хола тухумалъулъ ккараб бидулаб тушманлъи гьоркьоб ккун 1923 аб. соналъул 24I7 партизаназул штабалда аскIов вукъун вуго жиндирго колода цебе бугеб хурул ахалъуда, шагьранухлул тIасияб рахъалда, гьебго къисматалъ хварал вац ХIасал МухIамада, эмен МухIамида,яц ПатIинада аскIов. Киналго гьел гуллидалъун хвана.

## МухIамаев ХIайдарбег

ХIайдарбег МухIамадов гьавуна 1880 соналда ГIанди округалъул ГIахьвалазул обществоялъул Изано росулъ мискинаб векьарухъанасул хъизаналъе. 5 сон барав ХIайдарбегил эмен хола. Эмен хун хадуб хIалица бетIербахъарав ХIайдарбег росдал рес бугел гIадамазул гIи-боцIуда вукIуна. ХIайдарбег лъугьуна къуват, къартI-кьвари бугев гIолохъанчи. ГIахьвалазул обществоялда гьесулъ гугаризе, гамачI рехизе чи ващалъулароан.

Цо-цо нухалъ наиблъиялъул участкабазда, округаздаги спорталъул хIаял тIоритIулел рукIуна.

Цо нухалъ КIаратIа наиблъиялде кколел росабалъан гIолохъаби ахIула, ХIадис наибас гугаризе КIаратIе.

Гьенив ХIайдарбегги гIахьаллъула. 21 гугарухъанасда тIад бергьенлъи босула.Гьединабго бергьенлъи босула ХIайдарбегица Болъихъ ракIарарал округалъул гугарухъабазда тIадги.

Гьелъие гIоло ХIайдарбегие росдал гIалахалдаса кули-мархьоялъе ракь кьуна ГIанди округалъул начальникасул амруялда рекъон ва ратIлие ххамги, гIарцудалъун сайгъатги кьола.

ХIайдарбег вукIана гIадамазулгун ракI жуварав,гIадамасе лъикIлъиялъе гIоло къеркьолев чи.

1918 аб соналъул сентябралда ХIайдарбегги уна мухьдахъ Германиялъулгун Австриялъулгун Венгриялъул рагъде, тIоцебесеб Дунялалъул рагъулъе унеб

«ГIалхулазул дивизиялъул» рекIаразул 2 аб. полкалда цадахъ. Гьеб рагъулъ кIиго нухалъ лъукъула ва 2 сонги рагъда бан 1916 аб. соналъул октябралда росулъе тIад вуссуна. 1918 аб. соналъ ГIахьвахъа Шамхалица гIуцIараб парт. отрядалдае гьоркьове лъугьуна ва Дагъистаналда Совет власть бергьинегIан цониги фронталдаса ватIалъичIого контрреволююциялъул ва Деникинилгун Антантаялъул къуваталгун вагъула.

Дидоялъул, Багвалазул, Лъануб ЦIекIоб ва Хунзахъгун Гъуниб хъала хвасар гьабиялъе гIоло Росс. Рев. Советалъул 1920 аб. соналъ контрреволюциионеразул бандаялъ «Зоно» къулгIадухъ сверунги ккун чанго гранатаги рехун посталда рукIарал 6-го партизанасде тIаде, посталда рукIараз гьеб сагIат таIдги речIчIун гаранатаби гордухъан къватIире рехула ва къватIиб букIараб гIорцIенги чIвала, нахъияб кьвагьичIого хутIараб кIиго граната посталда рукIарал хвасар гьаризе рачIараз кодореги росун Шамхалихъе кьун рукIуна. Гьеб лъугьа-бахъин рагIарабго ХIайдарбег Шамхалихъе вачIуна ва гьенибго Шамхалил рокъоб данделъун букIуна Ревкомалъул данделъи. Бандаз рехарал гранатаби чулчудизе байбихьана тIадги речIчIун

ХIайдарбегица гордухъан къватIире рехула ва ракьалде щвелалде кьвагьула. Гьедин хвасар гьаруна ХIайдарбегица Ревкомалъул къокъа.. 26I5-1923 аб. соналъул №76 аб. приказалда рекъон «Боевой Красное занамя» №4845 кьола, гьеб гуребги ХIайдарбегие кьуна «ЗахIматалъул БагIараб байрахъ», 8 медал, цIар хъвараб ВЦИКалъул, ДагъЦИКалъул грамотаби. ГIанди округалъул Ревкомалъ ХIайдарбег 15I3-1921 аб соналъул Багвалазулгун ЧIамалазул обществоялде Ревкомалъул обществоялде Ревкомалъул председатальун, хадув гьев тIамула Ункъракьалъулгун чIамалазул участкаялд милициялъул начальниклъун. 1926 аб. соналда Эчеда район рагьидал байбихьула ХIайдарбег вищула райисполкомалъул председдательлъун, 1928 аб. соналъ ЦIумада район рагьидал милициялъул начальниклъун.

ХIайдарбег 1937 аб. соналъ букIараб Дагъистаналъул Верховный Советалде депутатлъун вищула ва гьев вукIуна райкомалъулгун райисполкомалъул членлъунги. ХIайдарбегица гIемераб хIалтIи гьабуна ЦIумада районалъул рукIарахъин ва магIишат цебетIезабиялъе.

ХIайдарбегица 65 сон бана багвалазулгун чIамалазул халкъалда гьоркьоб, амма къадар гIагарлъидал Изанове тIадвуссана, гьенивe щун 4-5-го моцIалдаса къадаралде щвана ва гьенив гъоркьиял хабалъ вукъунги вуго.

## Муса Кундухов-командир.

Муса Кундухов гьавуна 1890 соналда Асетиязул Старый Саниба абулеб росулъ нухлул хIалтIухъанасул хъизамалъе революциялъул нухалде, тIоцересел галаби росула Владикавказалда 1905-1906 аб. соназ Реальный училищеялда цIалулев вугеб мехалъго.

Реальный училище лъугIун хадув Муса лъугьуна Москвалъул Межевой институдалде цIализе ва лъагIалидаса нахъе гьавула революционниял стачкабазда, кружоказда, демонстрациябазда гIахьаллъиялъе гIоло. 1912 аб. соналъ Муса

лъугьуна Москваялъул Коммерческияб институталде цIализе ва гьесда хадуб пачаясул жандармаялъ ккураб хъаравуллъиялда бан, рес гьечIевлъун ккола цIали рехун тезе ва гьев ине ккола Сибиралде. Муса гьенив хIалтIуде лъугьана шахтерлъун, хадувго землеустроительлъун. Февралалъул революциялдаса хадуб Муса Сибиралдаса тIадвуссуна ва щола Севернияб Кавказалде. Чачаназул Шалиялда хIалтIулаго гьесул хурхен ккола М. Дахадаевасулгун, гьез заманаялъ Муса лъугьуна 1917 аб. соналъул риидалил ахиралда асетиязул рев.-демократическияб партиялде. Гьеб партиялъ цIунулаан захIматхалкъалъул мурад. Севернияб Кавказалда Социалистическияб революция бергьун хадуб Муса лъугьуна асатиназулгун ингушазул парт. отряд гIуцIизе. Муса Кундуховасул гIумруялъулъ аслияб бакI ккола Дагъистаналда парт. отрядал гIуцIиялъулъ, хасго ГIанди округалда бажарун ва цIодорго Шамхал СалихIовасулгун цадахъ рекъон гьабураб хIалтIулъ Муса гIахьаллъана щибаб ГIанди округалда ккараб къеркьеялъулъ; Анцух-Капучиялъул, Дидоялъул, Хунзахъ хъала хвасар гьабиялъулъ, Ункъракьалда ккарал рагъазулъги.

2.10-1920 аб. соналъ къаси Хъварши кьода ккараб рагъулъ Мусал жигарчилъиялдалъун ГIанди округалъул халкъалъе щвана 1000-1000 пуд хIалухъиналъул, ххам, ретIел, ярагъ, ва гIемераб цойгидабги.

Дагъистаналда Совет власть бергьинегIан гьевхIалтIана ГIанди округалда чрезвычайный комиссарлъун. Контрреволюцияялъул аскарал щущазарун хадув гьев тIамула Хасавюрт округалъул исполкомалъул председательлъун, хадув Дагъистан Республикаялъул продовольствоялъул наркомлъун, хадувго Дагъ РКП (б) ялъул агитациялъулгун пропагандаялъул зав. отделлъун, хадувго вищула секретарьлъун, Дагъистан Республикаялъул НКВДясул заместительлъун. ГIанди округалда 2.10-1920 соналда Хъварши кьода, ва Хунзахъ хъала цIунулаго гьединго контрреволюциялде данде гьес гьарурал бахIарчиял ишазе гIоло ГIахьвалазул парт.отрядалда гьоркьове вачун Кундуховасе 26.5-1923 аб. соналда №76 Рев. Советалъул приказалда рекъон №4835 «Боевой Красное знамя» орден кьола, гьединго гьесие хIурматалъул ярагъ ва гIарцул тIад цIар хъвараб сагIатги ДагъЦИКалъул грамотаги.

Муса Кундухов РКП (б)ялъул членлъун восула 1920 аб. соналъул январалда парт.билет №663301. Дагъобкомалъул ЦИКалъул членлъун вукIуна 1923-1925 аб. соназ.

Муса Кундухов вукIана ГIахьвалазул парт. отрядалъул хIурматияв багIарав партизан ва Шамхали кIудияв гьудул. Шамхал чIванин рагIидал гьев ГIахьвахъе зигараялъе щвана ва гьес хъвана Шамхалил некрологги. Мусал хIурматалда ГIахьвахъ районазул Изано росдал колхозалда цIар лъуна Муса Кундуховасул. 1934 аб. соналъул риидал гIахьвалазул гIолохъабаз «Тахо» магIарда гьабураб салюталда цIар лъуна Муса Кундуховасул.

ХIинкъи-къай гьечIев асетиязул вас Муса Кундухов Чачаналъулгун Ингушетиялъул Республикаялда РКП (б)ялда хIалтIулев вукIаго командировкаялъ аралъув, Шалиб районалъул Цацаюрт росолъ .5-1931 аб. соналда гъачагъаз гъоркьчIелги гьабун чIвана. Муса чIванин рагIидал ГIахьвалазул парт. отрядалъул къокъа ана Грозниялде зигараялъеги.

Гьев вукъун вуго Грозний шагьаралда Чачаназулгун Ингушетиялъул РКП (б)ялъул обкомалда цебе бугеб майданалда.

**ГІалиев ГІабдулмажид**

Гьев ккола большевиказул рахъ ккун, гьезул амраби тІубаялъе гІоло Горский пачалихъалъул хІукуматалъ 13І5-1919 аб. соналда Дагъистаналъул РКП(б)ялъул членазда цадахъ туснахъ гьавурав ва 16І8-1919 аб. соналъ Рагъулабгун шаригІаталъул хІукмуялдалъун деникинилаз Темиргъой станциялда У. Буйнахъскиясда цадахъ чІварав чи.

ГІабдулмажид гьавун вуго 1889 аб. соналда ГІанди округалъул ГІахьвахъ обществоялъул ТІадмагъилъ бегавуллъиялъул «ЧІакъдари» колода гІадатияв векьарухъанасул хъизаналъе.

Дунялалъул тІоцебесеб ипериалистияб рагъде арав ГІабдулмажид тІадвуссингун цогидалгун гІахьвалазул гІолохъабиго гІадин ГІахьвахъа Шамхалица гІуцІараб парт. отрядалде лъугьуна.

Шамхалил тІадкъаялдалъун 16 –го гІолохъанчи Хунзахъ хъазахъазул отрядалде лъугьуна.

Гьесзда тІадкъан букІуна Казаказул ярагъ, чуял, ретІел, ахІвал-хІалалъул щибаб къойил баян кьезе партизаназул штабалде.

Чанго чу, ярагъ ва рагъулаб къайи-къоно тІагІун хадуб казаказул командованиялъул щаклъи ккола гІахьвалазул гІолохъабазде. Жидеде щаклъи ккун букІин лъарабго цоял гъоркьан рахчула цо тайпа хъазахъазул, командованиялъе кквезе щун туснахъ гьарун Лопатиналде ритІула.

ГІабдулмажидги гьезда гьоркьове ккола ва гьесул гьудуллъи ккола Хъумторхъалаялдаса Урсилов ХІажиясулгун, Лопатинаялдаса кІиявго лъутун рорчІула ва жиндирго гьалмагъасда цадахъ Хъумторхъалаялда рештІуна, гьенив гьев дандчІвала Къоркъмасовгун, У.Буйнахъскийгун ва цойгидалги гъоркьан хІалтІулеб Дагъистаналъул РКП (б)ялъул нухмалъулелгун.

Гьениб букІараб Рев.комитеталъул киналго тІадкъаял тІуралев вукІуна ГІабдулмажид.

Цо нухалъ ГІабдулмажидида тІадкъала Темир-Хан-Шураса яргъил цІурал вагоналгун Порт-Петровскиялде бачІунеб поезд чІезабизе ва гьеб ярагъ Ревкомалъул ихтиялалде ккезабизе. ГІабдулмажидица Хъумторхъалаялда поездги чІезабула гьеб ярагъги Ревкомалъухъе буссинабула. Гьеб ярагъ, къайигун поездалда вачІунев вукІарав Деникинил армиялъул полковник пленалъеги восун РКП(б)ялъул нухмалъулезухъе кьола.

ГІабдулмажидица кодоса биччалароанилан бицунеб буго Хъумторхъалаялдаса гІолохъабаз кверзул пулемет. Кидалго бищун хІинкъи бугеб бакІалде ГІабдулмажидиде баланила ахІиги.

Гьев хІинкъи-къай гьечІев магІарулас нух бахъулаанила бищунго захІматал, хІинкъи цІикІкІарал тІадкъаял тІуразеги.

Гьесда хадуб Деникинилазул нахъаса къотIи гьечIеб хъаравуллъи букIуна ва гьев кодов щвезавула. ГIабдулмажидие бищунго кьварараб хIукму къотIула. Гьедин лъугIула гIахьваласул гIумруялъул къисмат. Гьесда цадахъ аразул хIакъикъат лъазе кIвечIо. (Газета «Молот» №5-6-7-8-16, октябрь 1919 с).

**ГIахьвалазул 7-го граждан**
**рагъул багьадурасул къисмат.**

1918-1921 абилел соназ Дагъистаналда Совет власталъе гIоло къеркьарал гIахьвалазул партиз. отрядалъул Дагъистан тун къватIибехунги цIар рагIарал халкъалъул эркенлъиялъе гIоло рухI кьурал гIолохъабазул къисмат батIи-батIияб ккана.

1) Бищунго хIинкъи-къай лъаларев, щибаб фронталда цебесеб кьерда вукIунев ва жинда тIад ккараб къо хIехьолев мухъилав партизан, чанго хIинкъи цIикIкIараб къеркьеялъулъ бергьенлъиялда тIадвуссарав ва асирлъуде чанго дандияв восарав ТIадмагъилъа Ихъали МухIамаев тухумалда ккараб тушманлъи сабаблъун 1923 аб. соналъул 11 марталъ ГIахьвахъ базаркъоялъ, участкаялъул исполкомалъул минаялда аскIов чIвала. Гьеб къоялъ Болъихъан Сулейман МутагIиловгун цадахъ вачIарав ГIахьвахъ исполкомалъул контораялдаса къватIиве лъугьингун. Гьев чIваялъул хIакъалъулъ ГIанди участкаялъул нар. следователь местIерухъев МухIамаев ГIабдулмажидица гьабураб цIех-рехалъул делоялдасан:

«Протокол осмотра трупа Ихали Магомаева. 1923 г. март 11 дня, сел. Тадмагитли. Я народн. следователь Андийского участка Магомаев Абдулмажид произвел осмотр трупа убитого гр-на сел. Тадмагитли Ихали Магомедова, в присутствии пред участкового Исполкома Ахваха тов. Курамагомеда Амирова и сельск. Дибира сел. Тадмагитли Хажиява Денчуева Даитбега Махмудова.

1) С передней части плеча правой сторони имеется пулевая рана на вылет из подребра левого бока.

2) Пулевая рана со спины которого пуля осталась задета на коже с левой стороны живота.

3) На правой плече с передней части имеется царапина от осколки камней или пули и больше не теле никаких ран не имеется.

Осмотр трупа произвел:

1) Нар. Следоват. Магомаев А-М.

2) Сельск. дибир Денчиев Х.

3) Пред. Уч. испол. Амиров К-М..

Ихъали МухIамаев чIваялъул гIайиб гIунтIизабун букIуна Дибиров Сурхайида, гьесул вац Гъайирбегидаги.

Дибиров Гъайирбег мукIурлъула гьев жинца чIваялъе ва гьесие ГIанди округалъул халкъияб судалъ хIукму къотIула 1923 абилеб соналъул 21 аб. июналъ сагIат 11 ги 05 минутги бугеб заманаялъ данделъараб судалъул заседаниялъ.

Дибиров Гъайирбегие 143 аб. уголовн. кодексалъул статьялда рекъон 4 сон туснахъ къотIула. Уголов. Кодексалъул 18 аб. статьялда рекъон къокъ гьабизе 4

соналъул туснахъ лъабил цо бутIаялъ ва Дибиров Гъайирбегил туснахъалъул заман 2 сонги 4 моцIги 23 къоялде бачине.

Уголовн проц. Кодексалъул 69 аб. статьялда рекъон конфисковать гъабизе гьесухъа бахъараб туманкI ва хварав вукъулаго ккараб заралалъул 150 къали цIоросаролъулги бахъизе Ихъалил эбел Зайгатие.

Гьединго судхIакъалъул 7-го гIаршин бязалъулги бахъизе. Уголов. Кодексалъул 202 ва 4 п. 2 статьялда рекъон Дибиров Сурхайиде гIунтIизабулеб гIайиб хIужа гьечIеблъун рикIкIине.

Рази гьечIеб рахъалъ кIиго анкьил болжалалда гIарза кьезе ДАССРалъул Глав.Судалде.

Пред. Суда    Амиров Турач.

Заседатель Халумилов ГIалибег Юсупов.

21.4.-1923 аб. сон. Болъихъ хъала.

(ГIурусалдаса буссинабураб)

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-р.55, оп.8,Д.23.)

Ихъалил тухумалъул тушманлъи ккун букIуна кIиго тухумалъулгун: Чаракилазулгун тухумалъулгун ккараб тушманлъи букIуна руччаби сабаблъун ккараб ва гьеб тухумалъулаз чIван вукIуна Ихъалил вац ХIассан МухIамаги.

КIиабилеб тушманлъи букIуна Кечолазул тухумалъулгун, ракьул гIорхъда тIасан ккараб дагIбаялдасан. Гъайирбегил инсуца Дибирица чIван вукIуна Ихъалил эмен ГIалил МухIамаги.

Ихъалидаса бугеб хIинкъиялъ чIвала гьезго Ихъалиги. Цоцаца гъурун яги къадаралде щун гьезул чIахIиял цересан инчIого, гьел тухумазул рекъел ккечIо, амма хадусеб гIисинаб гIелалъ гьелъул халги гъабичIо, тушманлъиги кIочене тана, ригьин-гьудуллъиялъ гьебги бахчана.

Ихъали чIаго вукIадго гьев «БагIараб байрахъ» орденалъе вихьизавун вукIуна, амма гьев гьеб пачалихъалъул шапакъат щвезегIан хутIичIо, арден гьесул эбел Зайгатихъе кьуна ГIахьвахъа Шамхвалица. Гьединан ккана Ихъали МухIамаевасул къисмат.

Сверухълъиялъул росабазул цо-цо эбел-инсуца лъималгицин хIинкъизарулел рукIун руго Беццав Ихъали вачIун дос нахъе рачун унилан жидеде гIенеккуларо лъугьараб жидерго лъимерцин.

Гьединан хIинкъи кьун рукIарал Хъайтмаз ГIалихановасул хъизаназул, ТIокитIа гIагарлъиялъухъ рукIарал умумал лъебелазул рахъалъ чIван хутIарал лъималаз ахIулеб букIун буго:

Ихъалица хъамиладай, хъазахъазаца рачинадай?

Хъумур бачIун кваналадай, гIурухъ рехун гъанкъиладай?

Большевиказ Сибирь къотIун ракъун хвезе гъариладай?

Лъебелалъа « гьобол вачIун рохьор рачун чIвачIваладай?

ЧIаго-гIатIго Хунзахъе щун кIудаулбул рихьиладай?

Даци АбдурахIманица тIингъикь рахчун цIуниладай?- абун.

ГIисинал лъималазул рекIелъецин хIинкъиялъул асар рехун бихьула хIуриятальул заманаялъ цоцалъ къеркьолезул гIассилъиялъул.

2)Дагъистаналда граждан рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло «Рагъулаб БагIараб байрахъ» орден щвараздасан кколаан 1923 аб. соналъул 28 октябралъ Сулейман МутагIиловги.

3) ГIахьвахъ партиз. отрядалъул командирлъун вукIарав Турач ГIамиров 1937 аб. соналъ Дагъистаналъул НКВДялъ репрессировать гьавула ва 1942 соналъ туснахъалда хола.

4) ГIахьвахъ партиз. отрядалъул взводалъул командир «Рагъулаб БагIараб байрахъ» орден щварав ИмахIо ГIалиев 1932 аб соналдаса хIукуматалъул хIалтIабазда гьоркьове къазе виччаларо ва 1926 аб. соналдаса 1946 аб. соналде щвезегIан ВКП (б) ялъул членлъиялде кандидатлъиялдаса членлъиялдеги восуларо.

5) ГIицIго «Рагъулаб БагIараб байрахъ» щварал ГъазимухIама ГIалиевасеги ХIайдарбег МухIамадовасеги гурони Совет хIукуматалъул чадил бутIа щоларо.

Гьев кIиясго ахиралде щвезегIан, кинаб политика власталда хьваданиги, чед кваназе букIин цебеккунго бицун букIуна ГIахьвахъа Шамхвалица. Гьезул хасият букIуна кигIан мекъаб хIалтIи билълъанхъизабизе жал тIамулел рукIин лъаниги тIад хабар гьечIого тIубалеб букIиналъ, ай хIакимасе цIакъго мутIигIлъиялъул гIамал бугел рукIиналъул, гьелгун къацандизе чи вахъине гьечIилан абулаан Шамхвалица. Гьес абухъе ккезеги ккана.

Музеял нахъа тараб тарихалъул нугIзал

Инсанас нахъа тараб гIумру ракIалде щвеялъе хварасул къаниб зани лъола, гьавураб-хвараб заманаялъул тарихги жиндиргоги инсулги цIарги хъван, цIакъго мухIканлъизе бокьани гьев кисаяли, щиб милатальул вугевали ва кинаб къисматалъ накълулъаравалиги хъван батула.

I. Масала: 1877 аб. соналъ гIурус пачаясде данде гьабулеб гъазаватальулъ шагьидлъаразул заназда бикIун буго ругъун щвараб бакI ва зонода хъван буго гьев щиб росулъа вугевалиги ва лъиде данде вагъулев вукIун хваравалиги (Гъазаваталда шагьидлъаразул хабал агьлу. ГIахьвахъ)

II. Нилъеда данде чIвала рехун тарал росаби, тIатIала ккарал минаби, хIалтIизабичIого хIорго тарал хурзал. Гьелда берчIвайгун нилъее чIванкъотIараб жаваб щола кидаялиго гьеб бакIалда гIадамас гIумру гьабун букIин, амма нилъее гьел чIунтелаз жаваб кьоларо щиб сабаблъун гьелъул маликас гьеб ватIан рехун тезе ккарабали. (ГIахьвалазул обществоялъул ракьалда гьел гIемерал руго).

III. ГIемерисел лъугьа-бахъинал къисабазда, назму-кочIолъ, фольклоралъулъ рехсон ратула. ГIахьвалазул къавмалъ нахъе тараб гIумруялъул хIакъалъулъ гьединал произведениябаз рехсезе рес букIинчIо, щайгурелъул гIахьвалазул жидеего хасаб мацI бугониги хъвай-цIали гьечIеб букIиналъ.XIX аб. векалъул Дагъистан Россиялъул ихтиаралде ккун хадуб гIурус гIалимазабул экспедицияз байбихьула гIахьвалазул гIумруялъул, культураялъул, экономикаялъул, мацIалъул, рукIа-рахъиналъул хIакъалъулъ хъвазе.

(Балагье «Кавказские горцы» абураб анцIабго сборникалде)

IV. ГIахьвалазул рукIа-рахъин, ретIа-къай, рукъалъул ва магIишатиял тIагIелал данде ракIарун руго Тифлисалъул национальный музеялда. Гьеб музеялде бакIарун буго бихьиназул ва руччабазул ратIлил форма, хьит, тIагъур, тIимугъ, кIаз, хъабало, чохтIо, ратIлида букъараб хъахIаб гIарац, гIинда ралел кIилкIал ва цогидабги гIемераб къайи-цIа, лъимералъул кини, гъаситоялде щун, гIахьваласул гIумру якъинго бихьизабизе хIажалъулебщинаб цIарагIги. Гьелъ бихьизабула Октябралъул революциялда цебесеб заманаялъул гIахьвалазул гIумру ва культура.

V. МахIачхъалаялъул Централияб Историялъулгун край лъазабиялъул музеялда букIана дагъа-макъабго цересел ратIлил формаби данде гьарун, гьединго Дагъистаналда граждан рагъул героязул ва гIахьалчагIазул фотомонтаж милаталъул формаялда гъорлъ, гьединго Совет власталъ ва Дагъистаналъул автономиялъ 5-10-15 сон тIубаялда бан ракIарарал фотомонтажалги.

МахIачхъалаялъул Централияб музеялда Дагъистаналда граждан рагъул хIакъалъулъ яги Дагъистаналъул милатазул культура ракIалде щвеялъе щибго хутIараб жо гьечIин абуниги гIела.

Гьеб музеялда рукIана гIахьвалазул партиз. отрядалъул церехъабазул ва граждан рагъул бахIарзазул суратал ва гIахьвалазул руччабазул ратIлил формаги.

Гьелъул ракIалде щвеялъе хIутIараб щибго жо гьечIо, имам Шамилилги Барятинскиясулги суратал тун батIияб жо.

VI . Дагъистаналъул тахшагьарлъун букIараб Темир-Хан-Шура данделъана Дагъистаналъе автономия лъазабиялъул чрезвычайный съезд 1920 аб. соналъул 13 аб. ноябралъ. Гьебго минаялъубги гIуцIана Дагъистаналъул история ва край лъазабиялъул тIоцебесеб музей.

Гьениб букIана щибаб партиз. отрядалъул хIакъалъулъ данде гьабураб тарих ва революция бергьинегIан Дагъистаналда букIараб халкъалъул гIумру бихьизабиялъул баяналги.

ГьебсагIат гьеб Дагъистаналъе автономия лъазабизе съезд данделъараб рукъалъул кIвечIеб бокIоналда Деникиница Дагъистаналда тарав диктатор генерал Халилов МикагIил, кваранаб бокIоналда гьесда данде гIанкIогIадин балагьун Хъара Хъараевасул бюстги тун лъабго-ункъо къадада чIвараб портрет тун гьабин абизе жо гьечIо.

VII. КIудияб Октябралъул тарих бихьизабизелъун Москваялда гIуцIараб пачалихъалъул музеялда лъун руго Дагъистаналъе автономия кьеялъул чрезвычайный съездалда гIахьаллъаразул экспонатал ва документал.

Гьеб музеялда руго гIахьвалазул партиз. отрядалъул начальник ГIахьвахъа Шамхвалил экспонат ва портрет художник А. Нальбаяница бахъараб, гьеб картинаялда гъоркьехун буго цIорол рамкаялда жанибги лъун 1920 аб. соналъул 17 аб. ноябралъ бахъараб «Совесткий Дагестан» газета. Гьеб газеталъул цебесеб бетIераб статьялда буго Орджоникидзеца хъвараб съездалъул къокъаб отчет ва тезисал.

Гьебго музеялда руго Дагъистаналъе автономия лъазабиялъул хIурматалда Дагъистаналъул съездалде гIахьаллъаразул рахъалдасан В.И, Лениние ритIарал сайгъатал: кьили, чIолорх, хвалченги.

Гьединалго экспонатал дандчIвала Дагъистаналъе автономия кьеялъул Саратовалъул пачалихъалъул музеялдаги.

Гьединалго экспонатал, биценал, къисаби, кучIдул, фольклоралъулъ биценал дандчIвала гIахьвалазул гIумруялъул ва бахIарчилъиялъул биценал батIи-батIияб милатазда гьоркьоб жеги хутIараб.

Саратовалъул пачалихъияб музеялда буго Дагъистаналъе автономия кьеялъул гьенир гIахьаллъаразул суратал.

Азербайжаналъул Закатала шагьаралъул музеялда батана гIахьвалазул гIолохъаби милицаялда хIалтIулел рукIарал заманаялъ гьез гъачагъазде данде ва цойгидалги такъсирчилъиялде данде къеркьолел рукIарал гIолохъабазул бахIарчилъи бихьизаруразул фотоял.

Щивасул рукъоб дандчIвала альбомал, умумузулго рукIаралин абун, ханжар, рачел, хвалчен, - туманкI ва гьел гуребги къайи-цIа. Цебегосеб литература, нилъер умумуз жиндаса пайда босулеб букIараб бакIу, кровать, шкаф, гъамас, сундук, цагъур, мина- рукъ жиндир гIумру лъазе захIматал ва кин жидехъе ккаралали лъаларелги предметал, произведениябиги.

Гьеб кинабго ккола жинца нилъер умумузул тарих бицунелъул нугIзаллъун хутIараб нахърател.

Гьелдасан бакIаризе ва батизе кIола  цо чиясул, тухумалъул, цо росдал, цо къватIалъул гуребги тIубанго милаталъул, пачалихъалъулги тарих. Гьеб рукъалъул музей ккола жиндир къимат чIезабизе кIолареб хазина.

**Архивные материалы 20-х годов.**

Доклад от28.4-1922 г.

В Дег. РКП (б)

Сводка

1) Партиз. работы Анд. Окркома РКП (б) за время с 1.по 30 апреля 1922 г. сообщаю: Отделов фактически не существует, партий. Работников в округе совершенно нет, даже технических за исключением отв. Секретарья не прислали из Дагкома в ? работников совершенно остановить всякую связь и всякое влияние окружкома РКН. Кульпросвета и избачитален нет, в школе учеба при Ахвахском эскадроне и других ? происходить не регулярно.

2). Состоялось 2-е заседание комитета по празднованию 1 мая 1922 г.

Собрания ком. Ячейки не было вввиду, того что, некоторые коммунисты разъехались для весеннего посева, по своим аулам, а некоторые находились в командировках, состоялся I съезд пред. Уч. исполкомов и нач. уч. милиции, несколько заседаний окр. Исполкома и всех ответственных работников округа. Вся работа Окр.кома исключительно направлена на поднятие работы? В сов. Учрежденияи, выяснения нуждающихся и голодающих и какова необходима

помощь. Предлагается открытие в округе Десткого дома и несколько питательных пунктов в округе.

3) Взаимоотношения между сов. Учреждениями как будто улучшаются вследствии изменения некоторой политики пред. Исполкома, но далеко еще не налажен, необходимо сильное влияние со стороны центра, но окр. Исполком указывая полезность в сомещеной и контактной работы, разясныв функции взаимоотношения между сов. Организациями и окруж. Комом РКП(б).

4) Работа среди женщин нет, угнетение полное, происходить насильная выдача замуж, вдов и не замужных женщины, применяя репрессивные меры, согласно распоряежения Андийского окр.кома РКП, о недопустимости подобного, таковое продолжается, хотя в тайном виде.

5) Союз сов. Работников не организован, за неимением лиц знакомых с профсоюз. Работой.

6) Других партий нет.

7) Комсомол ликвидирован за бездеятельностью.

Ф1п. Оп1. К 324

14.1-22 г. Зав. орг. ин. отдел.

Докладная

Считает партийная работа совершеено отсутствующим Андийском и Аварском округах и необходимо уладить с корня за отсутсвия партработников

В Даг. Обком РКП

Доклад положения в Андийском округе.

Анд.окр.кома РКП 18.2. -1922 г

Ответств. Секретарь Н, Глазков

Нет в округе связи, телефон, телеграф. Происходящее сообщить невозможно

В округе начались разные провокационные слухи волнующие населения с переводом Гарнизона Красной Армии из Ботлиха.

Как будто Красная Армия бежала , якобы боясь наступать Япония, Франция, На Советскую власть.

В Даг. Обком РКП(б) от 28.2.1922г. Ответст. Секр. Андийского окр.кома Н.Глазков.

Отделов фактически не работают и не существует за исключением организованный Пашаев назначен завед. Профработы, отозвав от Загот. Конторы.

Школ гармоты -2, обучается 40 человек, школ грамоты для детей 12, обучается 700 чеовек, Детский дом - 1 где содержится 50 человек.

Ком.ячейка -1, членов 11, кандидат -4

Провели 2 собрания, состоялся 2 заседания и 12 митингов.

Поступают заявления зав. отделами и ?

Председ. Исполкома
работы среди жен. Совета нет.
Комсомолькие ячейки распустились профсоюзов нет.
Нет РКН. Настроение населения удовлетворительное.

Ответств. Секретарь Н. Глазков.

8) На днях потановлением военного окруж совещания от 20.4 -1922 г. разоружен аул Годобери, который по сведениям предполагал напасть на селение Ботлих, отобрано 21 винтовки, разных систем, большинство коих сломано, до окончательного выяснения и расследования взять из состоятельных 12 заложников.

В округ приехал уполномоченный Даг.политотдела Г.П.У. тов. Ильин, коковой следит за положением Чечны, но результатов пока неизвестно, по некоторым сведениям в Чечне находятся князь Дошинский и пр.

В первомайская праздненства решено отменить ок.кома РКП и окр. Исполком учитывая психологию Ахвахскому Эскадрону переподнести знамя за прошлые заслуги и 20и 21 г.г. устроить парад-митинг и местные игры.

№168 от 28.4-1922.

Ответствен. Секретарь Н. Глазков.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф.1п.Оп.1. Д.324.

1922 аб. соналъул 1 Маялъул праздник букIуна ГIанди округалда Совет власть бергьун хадуб тIоцебесеб бергьенлъиялъул праздниклъун.

Доклад от28.4-1922 г.

В Дег. РКП (б)

Сводка

1) Партиз. работы Анд. Окркома РКП (б) за время с 1.по 30 апреля 1922 г. сообщаю: Отделов фактически не существует, партий. Работников в округе совершенно нет, даже технических за исключением отв. Секретарья не прислали из Дагкома в ? работников совершенно остановить всякую связь и всякое влияние окружкома РКН. Кульпросвета и избачитален нет, в школе учеба при Ахвахском эскадроне и других ? происходить не регулярно.

2). Состоялось 2-е заседание комитета по празднованию 1 мая 1922 г.

Собрания ком. Ячейки не было вввиду, того что, некоторые коммунисты разъехались для весеннего посева, по своим аулам, а некоторые находились в командировках, состоялся I съезд пред. Уч. исполкомов и нач. уч. милиции, несколько заседаний окр. Исполкома и всех ответственных работников округа.

Вся работа Окр.кома исключительно направлена на поднятие работы? В сов. Учрежденияи, выяснения нуждающихся и голодающих и какова необходима помощь.

Предлагается открытие в округе Десткого дома и несколько питательных пунктов в округе.

3) Взаимоотношения между сов. Учреждениями как будто улучшаются вследствии изменения некоторой политики пред. Исполкома, но далеко еще не налажен, необходимо сильное влияние со стороны центра, но окр. Исполком указывая полезность в сомещеной и контактной работы, разясныв функции взаимоотношения между сов. Организациями и окруж. Комом РКП(б).

4) Работа среди женщин нет, угнетение полное, происходить насильная

выдача замуж, вдов и не замужных женщины, применяя репрессивные меры, согласно распоряежения Андийского окр.кома РКП, о недопустимости подобного, таковое продолжается, хотя в тайном виде.

5) Союз сов. Работников не организован, за неимением лиц знакомых с профсоюз. Работой.

6) Других партий нет.

7) Комсомол ликвидирован за бездеятельностью.

Ф1п. Оп1. К 324

14.1-22 г. Зав. орг. ин. отдел.

Докладная

Считает партийная работа совершеено отсутствующим Андийском и Аварском округах и необходимо уладить с корня за отсутсвия партработников

В Даг. Обком РКП

Доклад положения в Андийском округе.

Анд.окр.кома РКП 18.2. -1922 г

Ответств. Секретарь Н, Глазков

Нет в округе связи, телефон, телеграф. Происходящее сообщить невозможно

В округе начались разные провокационные слухи волнующие населения с переводом Гарнизона Красной Армии из Ботлиха.

Как будто Красная Армия бежала , якобы боясь наступать Япония, Франция, На Советскую власть.

В Даг. Обком РКП(б) от 28.2.1922г. Ответст. Секр. Андийского окр.кома Н.Глазков.

Отделов фактически не работают и не существует за исключением организованный Пашаев назначен завед. Профработы, отозвав от Загот. Конторы.

Школ гармоты -2, обучается 40 человек, школ грамоты для детей 12, обучается 700 чеовек, Детский дом - 1 где содержится 50 человек.

Ком.ячейка -1, членов 11, кандидат -4

Провели 2 собрания, состоялся 2 заседания и 12 митингов.

Поступают заявления зав. отделами и ?

Председ. Исполкома

работы среди жен. Совета нет.

Комсомолькие ячейки  распустились профсоюзов нет.

Нет РКН. Настроение населения удовлетворительное.

Ответств. Секретарь Н. Глазков.

8) На днях потановлением военного округ совещания от 20.4 -1922 г. разоружен аул Годобери, который по сведениям предполагал напасть на селение Ботлих, отобрано 21 винтовки, разных систем, большинство коих сломано, до окончательного выяснения и расследования взять из состоятельных 12 заложников.

В округ приехал уполномоченный Даг.политотдела Г.П.У. тов. Ильин, коковой следит за положением Чечны, но результатов пока неизвестно, по некоторым сведениям в Чечне находятся князь Дошинский и пр.

В первомайская праздненства решено отменить ок.кома РКП и окр. Исполком учитывая психологию Ахвахскому Эскадрону переподнести знамя за прошлые заслуги и 20и 21 г.г. устроить парад-митинг и местные игры.

№168 от 28.4-1922.

Ответствен. Секретарь Н. Глазков.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф.1п.Оп.1. Д.324.

1922 аб. соналъул 1 Маялъул праздник букIуна ГIанди округалда Совет власть бергьун хадуб тIоцебесеб бергьенлъиялъул праздниклъун

**Список семей пострадавших партизан за время гражданской войны в Дагестане во время  контрреволюционного восстания.**

Список составлен согласно предложении т. Рыкова президиумом Даг.ЦИКа 16.3-1925 г. были образовано комиссия для составления список наиболее нуждающихся семей партизан для оказания материальной помощи.

Андийский округ

Убитые:

Возраст

На каком фронте

Когда

177. Царакали Салихов  -40 л. Чарах меэр       1.5.1920 г.

178. Махач Амиров -60 л.  *                              *

179 Шарип Махачев -30 л.*                              *

180. Гази Адалов - 35 л.  Эчединс. Фронт         20.2.-1921 г.

181. Таймасхан Умашев - 38 **                        29.2.-1921 г.

182 Сайпула Салихов - 30 л *                       *

183. Джамбула Ахмедханов - 50 л.       Каратинс. Фронт 1.2.-1921 г.

185. Амирали Курамагомедов - 22 г. Цунта-Чамалинс. Фронт 10.2.1921

186. Абдурахман Лабазанов -23 л. Тланобск. Фр. 7.2-1921г.

187. Али Магомедов - 26 л.

189. Магомед Амирали -28 л
191. Шамхал Салихов - 45 л.Муни 28.10-1923 г.
192. Сулейман Мутаилов - 41 л.
193. Алихан магомедов -32 л.Укнкрат.фр. 17.2.1921г
194. Алихан Рамазанов 27 л. Чеченск. Фр. 26.2.1920г.
195. Гелега Хасаев - 38 л. Харачаевский фр. 2. 4.1922г.
196. Магома Гитиномагомедов - 60 л.Анцухск. фр. 7.2.1921г.
197. Магомедгаджи Магомаев - 52 г.Дидоевск. фр. 21.9.1920 г.
198. Салихилаев Коро - 40 л. Чеченск. Фр. 8.1.1920 г.
199. Лабазан Сулейманов - 32 л.
208. Али гитинов - 28 л. Анцухск. Фр. 8.2.1921г.

Раненые
184. Магома Хаджиев Тукитинск. Фр. 27.2.1921г.
190. Ражаб Цодоров Тланубск. Фр.. 7.2-1921г.
200. Ибрагим Магомедов Тукитин. 28.2.1921г.
201. Идият Шайихкъиз
202. Цахилав Нурмагомедов
203. Хирамуха Авсум Тлянубск. Фр.28.2.1921г.
204. Абдурахман Магомедов
205. Идрис Ибрагимов
206. Алибег Юсупов
207. Сулейман Магомаев Астрахнск. Фр. 21.4.-1919г.
(Ц.Г.А. Р/Д Ф-Р-37, оп 21, д.275)

Убитые не включены в список, как неподлежащие оказанию помощи.
1.Жамалудин НурмухIама
2.Хадис Кумач
3. Махмуд Газимагомедов
4. Бадрудин ШугIайб
6. Алакамагомедов Алидибир
7. Амирхан Труханов
8. Аквачоев МухIамадхIажи
9. Мусалов Хириясулов
10. Кутав Газилав

## РакIалде щвеял

МугIрул ахалъуда лъарагI ракьанда,
Лъураб гьалагаб цIа Дагъистаналда.
Бице гъаранисел, гъазданушисел,
Нухбегил боязул тIурун иналъул.

Бице Шура хъала, хъахIазул боял,
Асирлъуде ккарал дол казаказул.
Бице ЧIикIаб росу дур бахIарзазул,
Росу цIунулаго чIчIел босаразул.

Бице Чачаназул Имаматалда,
Узун-ХIажи вукъун тIадруссиналъу.
Бице багвал-чIамал ккарал кьалазул,
Цоцаца гъурарал магIарулазул.

Бице Ункъаракьалда рагъулъ тIагIарал,

ГIолилал васазул хIакъикъаталъул.
Бице Чирахъ мегIер дур "гьалбадерил",
ХIилла-рекIкIалъ чIварал, цIорокь таразул.
Бице "Бидул хурзал" Лъануб жамагIат,
Росдае рухI кьурал дол бахIарзазул.
Бице занатIа хIор, хасалил цIорой,
Росдал рагIалалда ккараб кьалалъул.
Гьикъе гьеб гIоралда Хъварши кьоялда.
ХъахIазул къокъаялъ сверухъ ккваялъул.
Гьикъе лъоб щобалда Бочох магIарда,
ГIаздал гIансиги тIун тIинде ккаразул.
Гьикъе Дидоялъул тахшагьаралда,
Жабол МухIамалгун гугариялъул.
Бице Капучиялъ Ганжа гIурухъе,
Хъуй багьаразул доб къисаялъул.
Гьикъе тIокIадерил лъол нохъабазда,
Росу бахъулелъул кьижун ккаразул.
Бице жаниб ЦIороб кьвагьи ккеялъул,
КьучIчI биххун шушараб Гуржи боялъул.
Бице Гъуниб къалгIат, ГIараниб хъала,
ГIахьвахъ партизаналъ эркен гьабураб.
Бице Гьидерил кьо гьалагаб нагьру,
ХIинкъаби кьуразе кьурал жавабал.
Бице гIахьвалазул гIолохъабаца,
ГIанди, Авар гIорда свер бахъараб.
ТIолго Антаталъул боялги лъуниги
ЛъалкI хIатIил хутIичIин Халиловасул.
Гуржиялгун рекъон кьеркьананиги,
Къо хIехьезе кIвечIин Нажмудинида.
КьучIчI гьечIел кьалазде гIаламги рехун,
Риххун бакI-бакIазда рачхарал жалго.
Дагъистан дурлъидал тIолго гьаб гIалам,
ТIалъуда цоги тун щайдай цолъичIел?
Миллатал гIемераб Кавказалъул халкъ,
КварцIи кин бухьинчIеб мугIрул тIугьдузул.

Рагъ кьал къотIарабго
ТункIил гьаракь къотIула
Хвалчен лъалиниб лъола.
Рагъ-кьал гIодоб буссуна
МагIишаталде рала

ЦIияб гIумру гIуцIизе
ГIедегIула большевик.
ВахIдат-хIукму цоязул
ХIукумат хIадурула

Акъсамулал рикьула
Микьиде округ биххун.

Округалъул къиядат
Шамхвалида тIад ккола,
Идараби гIуцIула
Наибзаби тIамула.

Ревкомалъул амругун
Къисмабазде рештIуна,
Ункъракьалде ИмахIо
Багвалалъе ХIайдарбег,
ТIалхIат Дада МелъелтIе
КIаратIа АлихIажи
ГъазимухIамад -ГIандив
ГIахьвахъ -КъурамухIама,
ГIалидибир ТIехIнуцалъ,
ТIубала округ бикьун
Микьавго наибасе.

БагIар милиц гIуцIула,
Старший Сулейман тун,
Ракьазул гIадлуялъе
ГIумар Халидаф тола
ТIагIамгун маданият
Бадрунидинихъе ккола.
Округалъул къадилъун
ГIумардибир тIамула.
Судияв Турач тола
Туснахъалъул ихтияр
Ашаханихъе кьола.
Щибаб росулъ бегавул
ШаргIиявл дибирзаби
Росдал жамагIаталъе
Бокьарал рищун тола.
ХIалхьи щола халкъалъе,
Щулалъула Инкъилаб.
"Машааллагь шаригIат,
Щвана нилъей ХIурият",
ЛавхIат шигIарги борхун
Ракълил нухде лъугьуна.

## /*КIудияб Октябралъул тарих

Вергьун къейищ, яги къун вергьийищ беццараб?
Россиялъул къайсарас къолъикI гьабун рагIидал,
Ихдалил къо кинигин хисардула Дагъистан.
Аралъул гIасилъиялъ, бачIунелъул къисматалъ
ТIупан буго хIараб накIкI магIаруласул рекIелъ.
Исламияб дин цIунун шаргIияб гIадлу бокьун,
ГIумру тIаса бищараз яргъил кьагIу бацIцIуна.
Нажмудин имам вищун, Узун-ХIажи халиф тун,
Халкъалъул хIаракалъи хIабургъине лъугьуна.
Генерал Халиловгун чиновникал цолъула
Деникинилгун рекъон вукъарасул нух ккола.
Социалистазул нух МахIачица бищула,
Халкъалде ахIиги бан хIурияталде цIала.
Большевикал раккула Уллубий загьирлъула,
ХIабургъараб Дагъистан кьалде жаниб рехула.
Цо инсул ункъавго вас ункъиде рикьун уна,
Ункъабго букIонги ккун Дагъистан кIобокIула.
НакIкIукь ккун магIарулав нухазда къосун ккола,
Къирарзаби гIемерлъун гIадада биял тIола.
ШаргIалъул нух ккуразул лъабиде рикьел ккола.
ШайтIан гьури кинниги терелеб ВатIаналда,
МахIач ватIалъаниги хIурият балагьула.
ВатIаналъ кьалде ахIун тIад вахъула гIахьвалав,
Чияр хIатIикь ракь ккезе теларилан гьаги бан.
Ичкериялъул амир Узун-Хайр ХIажи-хан
Гьесул амру-ахIуде хIалай уна Чачаналъ
Ведено гьевги вукъун тIад руссуна кIкIалахъе
ГIали-ХIажи ГIахъущес социалистал ккведал,
Гьесул нух ккун ине къасд ккола гIахьвалазул.
Эркенлъигун ращалъи щвеялде хьулалги лъун,
Къуваталъул гIоркьги ккун кьалазда ахир лъезе.
Гьалаглъула рагъул цIа магIарулазда гьоркьоб,

Цоял гIурччиналилан, цоял хъахIилалилан.
Хадурго багIаралго речIчIула цоцалъ данде,
Жидельго жалго рагъун лъедерлъула гIолилал.
Кьеразде халкъал бикьун кьалде Дагъистан рехун,
КъучIчI биххидал руккелал рахъ-рахъалда рахъула.
Исламалда мугъги чIван чIел щвараб хIурияталъ
Бергьенлъи жидехъ щведал шаригIатгун кьал бала.

Божуда рекIкI хIараца Советал щулалъидал,
ХIурият бахъанщинал цIадул коронир гъола.
Рагъазулъ чвахараб би цурдуца чIикIарула
ТункIил харил махI чIвачIес ХIуриятги хахула.
Вергьарав къаникь ккарав, къурав тIалъуда ккарав
КъагIида гьедин ккараб араб инкъилабалъул.

Дагъистаналда социалистал ракки ва гьезул политикаялда хадур гIахьвалал Россиялда Февралалъул революция ккеялъул хабар хехго тIибитIула Дагъистаналда. I9I7 аб. соналъул 3-4 марталъ Дербенталда, Порт-Петровскиялда, Темир-Хан-Шура Россиялъул пача тIаса рехиялда бан багъа-бачари байбихьана.

9.3-1917 аб. соналъ Дагъистаналъул халкъиял вакилзабаздаса данделъараб съездалъ Темир-Хан-Шура заманаялъул Пачалихъалъул ХIукумат ва гьелъул исполком рищула: ХIоцоса Нажмудин, Н. Тарковский, З. Донагуев, Р. Мавраев, Г. Юсупханов, С. Кувадшалов, П. Эмиров, Д. Бутаев ва гь.ц. Гьединго жидер-жидер политикаялде данде кковухъе гIуцIула ХIалтIухъабазулгун солдатазул Советал, "Мили комитет" ва цогидалги гIуцIаби.

26.3- I9I7 аб. соналъ Дагъистаналъул ХIукуматалъ округазул, участакабазул ва росабазул бегавулзабиги хисун гIуцIула комиссариатал, кIи-кIи чиясдасан, цояв областалъул исполкомалъул вакиллъиялдаса, цогидав бакIалъулго рагъулаб администрациялдасан.

Гьеб заманаялдаги Дагъистаналда халкъалъул рагъулаб багъа-бачари букIунаро, гьоркьго букIараб пачаясул гIадлу-низамалдаго хIалтIулеб букIуна халкъ.

Дагь-дагь ккун Дагъистана батIи-батIиял политикиял гIуцIабазул горсверуда гьоркьобе ккола.

I9I7 аб. соналъул маялда ахираб Темир-Хан-Шура гIуцIула "Социалистияб группа" Д. Къоркъмасовасулги Дахадаевасулги жигаралдалъун. Гьеб группаялъул цебеккунго хIадур гьабураб Устав-программаги букIунаро ва гьеб "Социалияб группа" большевиказул организациялде гьоркьобе кколароан.

Социалияб группаялъул масъалалъун букIуна Февралалъул революциялдаса хадуб Дагъистаналъул халкъалъул Социалиябгун эркенлъиялъул ва политикияб рахъ цIунун къеркьезе ахIи. Соц. Группаялде гьоркьоре унаан бищунго лъаялъулгун культураялъул рахъалъан цебетIураб интеллигенция, амма Соц. Группаялде цолъаразул цого политика букIунаро, цогояб тайпаялдасаги рукIунаро: Дж. Къоркъмасов - анархист,Хизроев - партиялда гьечIев большевик, М. Дахадаев - партиялда гьечIев интернационал, С. Габиев -Социал-революционер, А. Тахо-Годи - социалист ва гьел гурел цогидалги.

Гьебго Соц. Группаялда рукIуна: Бамматов, ХIайдаров, Темирханов, ва гь.ц. цереккун пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал офицерзабиги ва Дагъистаналъул заманаялъул хIукуматалъул бетIерлъуда ккаралги.

Хадубккун соц. группаялъул членазул политикияб рахъ кIийиде бикьула цоял "кваранazде" цойгиял "квегIазде".

Соц-группаялъул хIалтIул заман бикьизе бегьула кIийиде:

ТIоцебесеб; соц. группа гIуцIараб I9I7 аб. соналъул маялдаса I9I8 аб. соналъул маялде щвезегIан, ай Дагъистаналда ВРК-ал раккизегIан, ялъуни Дагъистаналда

Совет власть гIуцIизегIан, кIиабилеб заман, Совет властги бергьун Дагъисталалъул РКП (б) ялъул обкомалъул тIоцебесеб конференциялде щвезегIан, ай Соц. группа биххизегIан.

Гьеб Соц. группа биххун хадуб, Соц. группаялъул "квегIаб" бутIа: А. Тахо-Годи, Дж. Къоркъмасов, С. Габиев, Хизроев ва цогидалги ва цогидалги большевиказул партиялде лъугьуна ва хадубккун Дагъистаналда Совет власт щула гьабизе хIаракатал церехъабилъун рукIуна.

Соц. группаялъул "кваранаб" рахъалде ккараз Совет хIукуматалде большевиказде данде къеркьезе Дагъистаналъул ва тIолабго Кавказалъул халкъ бахъинабула. Бичераховасул, Деникинилгун турказул рагъулал къуваталги Дагъисталалде жанире ракIарун, Дагъистаналъул халкъалъул гIемерал биял тIола ва магIишаталъе хIаталдаса араб зарал чIвала.

Дагъистаналда Соц. группа гIуцIула хадуб "ГIалхулазул полк" ТIоцебесеб Дунялалъул рагъдаса тIад буссун Порт-Петровскиялде ва Темир-Хан-Шурабе рещтIуна.

"ГIалхулазул полкалда рукIуна тIад руссаразул 52 гIахьвалав байбихьуда.

Полковник Шамиловасул штабалъул цо офицерги лъукъун фронталдаса росулъе балъго тIадвуссуна. Гьев пачаясул жандармаялъ тамихIалде цIазелъун тIад чIун цIехолев вукIуна амма кодов щоларо.

Эхунил ХIажимухIамаца гьебго , офицер чIвала гьевги Порт-Петровскиялда туснахъ гьавула.

Эхун ХIажимухIама I9I9 аб. соналъул марталда туснахъалдаса лъутула ва росулъе тIадвуссуна. Гьел лъугьуна бахъиназда гьоркьоб Шамиловасулгун гIахьвалазул гIолохъабазул данде рагIи ккунгутIи лъугьуна.

I9I9 аб. соналъул маялъул авалалда М. Дахадаевасулги ГIахьвахъа Шамхалилги къотIи ккола цIияб эркенаб шаригIаталъул нухда хIалтIулеб ХIурияталъул нухккун къеркьезе гIахьвалазул партизаназул отряд гIуцIизелъун ВатIаналде тIадруссине.

М. Дахадаевас, Ж. Къоркъмасовас рагIи кьола яргъил ва гIарцул рахъалъан кумек гьабизеги.

ТIоцебесеб Дунялалъулго рагъулъа тIадруссун гIахьвалазул тIоцебесеб къокъа рещтIун букIуна Темир-Хан-Шура Шамилил отрядалда цадахъ цебеккун пачаясул аскаралъулго рукIарал казармабахъе.

М.Дахадаевасулгун къотIи ккун хадуб гIахьвалазул рекIаразул къокъаялъул хIукму ккола сардилъ рагъулаб сурсаталъул складги тIезабун, гьенисан кIвараб ярагъ-ретIелги босун радалалде ХъаранимегIер тезе.

I0.5. I98I аб. соналъ сардилъ кIиявго хъаравулги вухь=вухьун гIодов лъун I3-го чуялда къараб ярагъги босун Нуцалханил МухIамал къокъаялъ рогьиналде хъаранисезул мегIер тола, ва щибго ахIи-хIурго баккичIого сах-саламатго ГIахьвахъе рещтIуна.

Дагъистаналъул «квегIаб» Соц. группаялъул членазул бугеб хурхен гьоркьоб къотIуларо гIахьвалазул партизаназул отрядалъул, гьеб группа биххун ва хадубго

Советияб власть бергьун хадубги. Гьабураб къотIи-къаялда рекъон байбихьудаго М. Дахадаевас 50 туманкI, 5000 патрон, I пулемет, ва киналго партизаназул отрядалъе ретIел ва цойгидабги хIажатабщинаб чIезабиялъе кумек гьабула.

I0.I. I9I8 с. Темир-Хан-Шура данделъула Дагъистаналъул халкъазул вакилзабазул III съезд, бетIерлъуда Н. ХIоцосевгун, Узун-ХIажигун, гьез Дагъистаналъул халкъ ахIула гъазаваталде, большевиказде данде рагъизе ва I0-I7. – I9I8 аб. соналъ ХIоцесесулги Узун-ХIажилги аскарал лъугьуна Темир-Хан-Шураре;

Дагъистан областалъул исполком нахъе къотIизе ва шаригIаталъул гIадлу билълъанхъизаби мурадалда.

20.III- I9I8 аб. соналъ Порт-Петровскиялъул Воен. Ревкомалъ хIукму гьабула "Горский дума" биххизабизе ва "Вольный Дагестан" газеталъул органги къазе, гьебги РКП(б)ялъул Воен.Ревкомалъул ихтиябалде кьезе гьеб хисун "Дагестанский труженник" газета биччазе.

9.IV-I9I8 аб. соналъ Узун-ХIажи Хасавюрталде жаниве лъугьуна ва шагьар бахъула, халкъалъул буголъи тала гьабула.

I8.IV-I9I8 аб. соналъул Дагъистан халкъалъул вакилзабазул IV аб. съезд данделъула Темир-Хан-Шура ва цIияб областалъул комиссариат бищула.

22.6- I9I8 абилеб соналъ ХIоцоса Нажмудинилгун, генерал Халиловасул къокъа щущазабула Бакуялъулгун Астраханалъул БагIараб гвардиялъ ва бакIалъулал партотрядазги. 2.5.-I9I8 аб. соналъ Дагъистаналъул рекIаразул полкалъ восстания багъаризабула ва гьел Воен. Рев. Комитеталъул рахъалде рачIуна.

3.5.-I9I8 аб. соналъ "Исламияб жамагIаталъул" ва "Мили комитеталъул" буголъи конфисковать ва Советазул Рагъулаб къуваталъухъе кьола.Социалистазул кумекалъулгун Шамхвал ГIасаб участкаялда наиблъун витIула ва гьес хIурияталъул рахъ ккуразул рахъалде халкъ цIаялъе жигар бахъула.

Гьединан гIесдерил, тIаса ва гъоркьа бакълъулазул, лъанусезул, цIекIосезул, ракьусезул росабалъан БагIараб партизаназул отрядалде гIолохъаби рачуна Хунзахъ хъалаялде казказул полк бачIун бугин рагIидал гьениб бугеб ахIвал-хIал лъай мурадалда партизаназул I6-го чи витIула казказул отрядалдеги лъугьун балъго гьезул ахIвал-хIал лъазабизелъун.

ХъахIазул аскаралъе хъулухъ гьабулеллъунги рукIун гьел гIолохъабаз кинабго баян щвезабулаан Шамхвалихъе, гьединго казакал тохлъараб заманги балагьун гьезул ярагъ, чуял рикъун щвезарула ГIахьвахъе. Гьедин хIилла-рекIкI лъарабго хъахIазул аскаралъул командованиялъ 8 гояв туснахъ гьавун Лапатиналде ритIула:

1) Ангута Эрегь
2) Дамадаев Къамаги
3) Мусаев Эрегь
4) Юсуп
5) ГIалисултан Гъазилав
6) МухIамад
7) Ибрагьим ГIумар

Нахъиял 8 гояв казаказул чуял-ярагъгун ГIахьвахъе тIадруссуна.

Хунзахъ хъалаялда рукӀарал гӀолохъабаз бицунаан Хъайтмаз ГӀалихановас гугаризе гӀолохъаби тӀамияв лъулги, гьеб букӀанила рекьул гӀуж.

Хунздерил тӀалъиялдасасаго халкъ данде бакӀарараб къо букӀанила, сундул хӀурматалда гьел данде ракӀарун рукӀарабали лъалеб букӀинчӀила жидеда. Горский хӀукумат гӀуцӀун цо лъагӀел тӀубаялъул праздник. КӀудияб горсверуда цеве вахъун цӀакъ къачӀа-кӀатӀарав офицерас ахӀи банила гугаризе гӀолохъаби цере рахъаян ва бергьенлъи босарасе букӀине бугеб сайгъатги бицун, хантӀих гор бакьулъ лъунила:

Ккараб ккун букӀинин вахъа Нартав, цеве вахъаян – Ибрагьимица Нартав цун гор бакьулъе реханила, тӀадвуссине Нартавги нечанила сверун бубудилаго гугаризе чи ахӀун унаго горсвери лъугӀулеб букӀанила, Данде чиго вахъинчӀого, Нартасе бергьенлъи щвеялда ракӀчӀчӀун жалги рукӀанила.

Горсвери лъугӀизе I0 гӀан метра хутӀидал кӀанцӀун цеве вахъанила бахъун тӀаса хъабарчагун цояв, речӀчӀанила кӀиявго цоцалъ, данде вачӀунаго Нартас цо-кӀиго свериги гьабун дандияв гӀодов лъунила, кинабго халкъалъ хъат чӀван бергьенлъиги Нартасе кьун дов дандиясдехун цоял гъулгъудизе лъугьанила. Дандияс доб халкъалда рагӀулаpедухъ абунила дун цо цӀадасев ХӀамзат къуна дунги вахъинчӀевани гӀахьвалас тӀолабго хунздерил тӀалъиго къезабун букӀанагурищан.

Хъайтмазица кьабун кверги бачун Нартасе хантӀихги, ретӀелги, I0 гъурущ хъахӀаб гӀарцулги кьунила. ХӀамзатица Нартасда бергьенлъи барканила.

ГӀахьвалазул ЖамагӀатазе рагъулаб Совет гӀуцӀи

1918 аб. соналъул 20 аб. маялда данделъула гӀахьвалазул росабазул жамагӀат, «ХӀасса гӀололо» колода Исрапилил гьоцӀире. Гьезул масъала букӀуна Дагъистаналда лъугьун бугеб хӀалги хӀисабалде босун жалго цӀуниялъе хӀадурлъи гьаби.

Гьеб жамагӀатазул вакилзабазул данделъиялде вагӀза-хабаргун кӀалъала СалихӀил Шамхвал, ХӀажимухӀамал КӀкӀоро, Бакъол Аюб-ХӀажи, ГӀамирил КъурамухӀама ва цойгиялги. Шамхвалица баян гьабула М. Дахадаевасулгун ккараб къотӀиялъул ва нилъее щвараб ва щвезесеб кумекалъулги. Гьединго баян гьабула Россиялда паса тӀаса рехун хадуб Дагъистаналда лъугьун бугеб ахӀвал-хӀалалъулги. Россиялда Совет власть бергьун большевиказул кверщаликье ккун букӀинги. ГӀахьвалазул жамагӀаталъ цолъун МахӀачида цадахъ лъугьун эркенлъиялъе гӀоло къеркьезе. Хадур кӀалъаразги Шамхвалида тӀадрекъей баян гьабуна.

ХӀукму ккола рагъулаб хӀинкъиялдаса гӀахьвалал цӀуниялъе нухмалъиялъе Совет бищизе ва гьезул хӀукму щибго тӀадкалам гьечӀого гьитӀинасги кӀудиясги тӀубазе тӀадеги босула:

1. Киналго росабазул бегавулзаби ва дибирзаби гьеб Советалъул членазул амруялъе мутӀигӀлъизе.

2. Щивав I5 ссоналдаса 70 соналде щвезегӀан гӀумру бугев чияс чияс ярагъ хӀадур гьабизе, тӀокӀ бугес гьечӀесе кумек гьабун кьезе, рес бугес мухьдахъ босизе.

3.Чуял ругез хӀадурго чӀезаризе.

4.Цоцазулгун бугеб кьал-тушманлъи кӀочон тезе.

5. Налъулав гIедегIизавичIого тезе санагIалъи рекъезегIан тезе.

6. ГIи-боцIуе гIухьби тIаса рищизе.

7. Кванилъ-ратIлилъ язихъазе бугес кумек гъабизе.

8. Рузман къоялъ цо чи гьоркьов хутIичIого мажгиталде рачIине.

9. 2I.5 –ялде щвелелде щибаб росдал бегавулас ахIи барабго къватIире рахъине бажарулезул сияхIал гьаризе.

Гьеб хIукму гьабун хадусала бищула гIадлуялъе ва нухмалъия Советги,хадуб гьеб Совет сверула Ревкомалде.

1) Шамхвал СалихIов – председательлъун

2)АйгубхIажи Бакъоев - заместительлъун

3) ГIазизил МухIамад – членлъун

4) Къурачил Давуд – членлъун

5)ХIажимухIамал КIкIоро- чденлъун

6) ГIамирил КъурамухIама –членлъун

7) Нуцалханов МухIамад – членлъун

8) Къараласул Къумач – членлъун

9) ХIайдарбег МухIама – членлъун

ГIахьвалазул партотрядалъул тIоцебесеб чабхъен
I9I8 абилеб соналъул 2I маялъул Темир-Хан-Шураса МахIач Дахадаевасул амру босун чапар вачIуна. Гьеб кагътида хьван букIуна 24 аб. маялдаса кватIичIого рекIаразул отряд Шамхвал Хъарани магIарде щвезе ккей баян гьабун.

Шамхвалица гьебсагIаталъ лъазабула рекIине чуял ругелщиназда I9I8 аб.с. 22аб. маялъ къалъилалде «Гъамиштахъ» авалалде данделъизе ругилан, гьеб къо ккола гIахьвалазул партизан отрядги гIуцIун ХIуриятальe гIоло къеркьезе къватIире рахъараб тIоцебесеб къо.

Шамхвалил ахIиялда рекъон I27 гIахьвалазул рекIарав къватIиве вахъуна ва МахIач Дахадаевасул рагъулаб отрядгун цолъула.

26-27 маялъ Хъараниб ва Ишкарта ХIоцоса Намжмудинилгун Н. Тарковскиясул боялгун рагъде журала ва гьеб рагъулъ 3 чи лъукъула.

1918 аб. соналъул июналъул байбихьуда ЧIикIаб ккараб рагъулъ гIахьаллъула ва гьеб рагъул фронталда Хъайтиев СсахIи чIвала.

СсахIи вукIуна ГIахьвахъа Шамхвалида цIакъ куц-бегI релълъарав чи.
Н. Тарковскиясул аскаразда гьоркьоб хабар тIибитIула гIахьвалазул партизан отрдалъул командир чIванилан.

ХIоцоса Нажмудинил аскаралъулазе Шамхвал лъалев вукIуна, Шамхвал чIаго ватидал гьезул цояс гьикъула – цо Шамхвал чIван вукIиндал, гьав кин тIаде вахъаравилан – гьесие жаваб кьола Изаноса ХIайдарбегица – гьел киналго Шамхвалал ругилан.

ЧIикIаб бергьенлъиги босун МахIачгун Темир-Хан-Шураре тIадруссуна. 1918 аб. соналъул июналъул кIиабилеб бащалъиялда ГIахьвахъе тIадруссуна ва хадубккун щулалъи ккун чIола.

1918 аб. соналъул 11 июналъ ВРКялъул хIукмуялда рекъон, гьеб тIоцебесеб рагъулъ гIахьаллъарал киналго гIолохъаби БагIараб милициялде лъугьана, багIараб армиялъулазего бугеб мухь кьеялъул шартIалда.

1918 аб. соналъул 16 абилеб июналъ Темир-Хан-Шура данделъула ТIоцебесеб ХIалтIухъабазулгун рекьарухъабазул ва БагIараб Армиялъул депутатазул Совет, гьеб Советалъ бищула исполкомги: Дж. Къоркъмасов – председательлъун, С. Габиев – заместительлъун, М. Дахадаев ва Г. СагIидов – полит комиссараллъун ва тIасиябго къоялъ гьебго Советалъ бищула «Рагъулаб коллегия»-ги – бетIерлъуда М. Дахадаевгун. Гьеб Советалъул хIукмуялдалъун Дагъистаналъул халкъалде хитIаб гьабула киналго къуватал ракълиде ва бакIалъулал Советал гIуцIиялде ахIун.

1918 аб. соналъул 21-25 июлалъ данделъула Темр-Хан-Шура Дагъистан областалъул ТIоцебесеб съезд ва гьелъул исполком.

КигIан гIемерал хIукмаби, ахIиял гьаруниги, Дагъистаналъул исполкомалъул Советалъе дандечIей гьабизе кIвечIо интервенциялъул рагъулал къуватазде ва пачаясул офицеразул ХIоцоса Нажмудинил аскаразде. Дагъистаналда гьоркьоса къотIичIел рагъал унел рукIуна.

1918 аб. соналъул 2I аб. сентябралда М. Дахадаев чIван хадуб Дагъистаналда заманаялъе Совет власть гьоркьоб къотIула ва пачаясул офицеразулгун къватIисел интервентазул квершаликье ккола, амма Темир-Хан-Шура гIуцIула исполкомалъул Советалъ жидерго хIалтIи гьоркьоб къотIизе толаро. 5 маялъ I9I8 аб. соналъ 6 азарго гъурущ гIарац биччала полиграфиялъе къайи босизе ва гIурус, лъарагI, магIарул мацIалда рев. Литература къватIиб биччазелъун.

ГIахьвалазул партизаназ щулалъи ккола жидер кIкIалахъ дандиязул боял гьукъун, бергьенлъи щвезегIан, тушманасул хIетIе чIезе биччачIого цIунула жидер обществоялъул ракьги. Дагъистаналда кибго Совет властalъул асар лъугIидалги эркенлъиялъе борхараб Шамхвалил партизаназул отрядалъул байрахъалда бахъун букIуна, вехьасул тIилалъулги хъурухъанасул газаялъулги эмблема. Гъоркьан гIебеде гIажамалъ хъван букIуна:» ШаригIаталъул нухда хIурияталъе гIоло къеркьезин абураб аIиги, хадубго хъван букIуна: «Машааллагь шаригIат, щвараб нилъей ХIурият» – илан.

ГIахьвалазул партизаназул отряд щулалъи ккун

1918 аб. соналъул сентябралъул ахиралде Дагъистаналда Совет власть биххун хадуб гIахьвалазул партизаназул отрядалъ жидер ракь англичаназулгун турказул интервентаздаса ва ХIоцоса Нажмудинилгун пачаясул офицерзабазул рагъулал къуватаздаса цIунизелъун щулияб хIадурлъи гьабула.

Рагъуе хIадурлъулаго киналго гIахьвалазул 584 чи рагъде вахъине кIолевщиназдаса цо чи хутIичIого партизаназул отрядалде хъвала. Хурхен гьабула сверун ругел росабазул юажари бугел, рагIи билълхарал гIадамал жидеде хадур цIазеги, гьединан КIаратIасан I0 чи, МестIерухъан I, ТIокитIасан 5 чи, ГIасан 47 чи, Лъанусан 48 чи, ЦIекIоса 6 чи, Ракьусан 9 чи, Лъибищуса 32 чи, Лъисисан 9 чи, Генуса 8 чи, КIванадаса 2 чи, Лъондодаса 2 чи, ТIиндиса 3 чи, Гъодобериса I8I чи, Шодродаса 43 чи, Ангидаса 2 чи, Болъихъа 44 чи, ЦIунтIаса 4 чи ва гьел гурел цогидалги росабалъанги I920 аб. соналда Шамхвалил отрядалда байбихьула вукIуна

III3 чи, гьел рагъуе ругьун гьарула ва гIадлу гIуцIцла партизаназул отряд бикьула кьокъабазде.

РекIарал лъелал ратIаги гьарун отделениязде, взводаздеги рикьун рагъулъ хIалбихьи щварал жигарал гIолохъабаздасан тIаса рищун командирал тIамула.

РекIаразул гIуцIула ункъо взвод, гьезул командирзабилъун тIамула: Махил ХIаид, ГIакIвачил ГъазимухIамаги. Лъелазул гIуцIцла 4 взвод, командирлъун тIамула ХIайдарбег, ЧIакъвачIо (Жамбула), Къурбанил ХIажияв, Гьев хисун тIамула Эхунил ХIажимухIа ГIалихIажиявги, Лъанисузул отрядалъе бетIерлъи гьабула ГIазизил МухIамадица (цIекIдерие Давудил Къурачица, гIесдерил – ГIали ГьитIинамухIамадица.

Партизаназул отрядалъул командирлъун тIамула Турач ГIамиров.

Щулалъи цIуниялъул Советалъе ва партизаназул отрядалъе бетIерлъи гьабула Шамхвал СалихIовас.

ГIахьвалазул кIкIалалъул лъабабго кIалтIуялда: Лъиси моцIролъ, Лъебади габурлъиялдаги иргадал хисун щибаб взводалъул хъаравуллъи тIамула ва щулалъи цIуниялъул Советалъул изну гьечIев щивго чи я къватIисан кIкIалахъе яги жанисан къватIивехун виччаларо. Партизаназул штабалъул начальниклъун тIамула Къаралов Къумаш ва гьесул ихтиялалда букIуна гIайиб ккарал туснахъ гьарулеб гвенд-къорги. ГIадлу букIуна цIакъ кьварараб мухъиласеги хIакимасеги цоягояб.

Рагъулъ гIахьаллъизе санагIалъи гьечIел, рекъаз, сакъатлъараз, гIумруялде рахинчIез, хераз жидедаса бажарараб кумек-квербакъи гьабизе кколаан рагъулъ гIахьаллъаразул хъизанамазе, гIи-боцIуе ва цойгидабги магIишаталъе.

Гьеб гIадлу-низамалда гIахьвалал ругеб заманаялда рагъал унел рукIуна Темир-Хан-Шура, Кизляралда, Дербенталда, Хасав-Юрталда, Грозниялда гурелги Гъази-Гъумек, Гъуниб, Дагъоязул округалъул росабалъги рагъул цIадул мицIир речIчIула Авар ва ГIанди округазул росабалъги. Щулияб хурхен ккола хасго Муслим Атаевас бетIерлъи гьабулеб хунздерил партизаназул отрядалъулгун, хунздерил партизаналгун цадахъ лъугьун чанго рагъулаб фронталда гIахьаллъи гьабула гIахьвалазул партизазги. ТIокитIа, КIаратIа, ЦIумада ва ЦIунтIа районазул ракьалдаги хунздерил партизаназул отряд гIуцIарав ва бахIарчилъиялда Шамхвалил отрядалда цадахъ щулияб гьудуллъи ккун къеркьарав багьадурасул хIурматалда гIахьвалазул ТIадмагъилъ росдал колхозалда Муслим Атаевасул цIар лъун буго ва гьединго цIар лъун буго Тала мегIералъул цо борхалъиялдаги. ЧIохъа ГIумаровасул, Багъатировасул, Хъараевасул отрядазулгунги щулияб хурхен букIуна Шамхвалил ва гьес гьел отрядазул церехъабазе ва гьезул бахIарчилъиялъе кIудияб къимат кьолаан. Цоцазулгун хурхен ккваялъе кагътал росун хьвадула балугълъиялде рахинчIел гIолилал ва херал руччаби; АхIмадханил Меседо, ХIажиясул ЗухIижат, ГIумарил Сабигат, Шамсудинил Загъалав, ГIумарил ШамхвалмухIама ва цойгидалги. Гьединабго хIадурлъи гьабун букIуна нахъиял партизаназул отрядазул штабаздаги.

I9I8 аб. соналъул 3 аб. августалъ Порт-Петровскиялда данделъула исполкомалъул совет ва РКП (б) ялъул комитеталъул заседания Бичераховасул аскар Дербенталде жанибе лъугьиналда бан. Гьев хиянатчи меньшевиказулги даншнаказулги рахъги ккун туркалгун багъулеб букIараб аскар Совет власталде данде багъизе тIамиялъул

суалгун.
4 аб. августалъ Хачмас станциялда Л. Бичераховас приказ кьола: «Бакуялда хIукумат тIаса реханилан ва Каспийскиялъул флотги кверде босанилан ва жинда тIад къан бугила Кавказалъул рагъулал къуватазе главнокомандующиясул ишгиян ва 5 аб. августалъ Хачмасалде яги Дербенталде англичаназул аскаралги щвезе кколилан, Кизляралъул рахъалде Терский казаказул аскарги рещтIине кколилан. 6 аб. августалъ Дагъистаналъул рекIаразул полкалъул командир В.Ляховас хвасар гъабула Дербент ва пленалъе восула англиялъул полковник Бертренги, ротмистр Йоркомги ва цойгидалги.

I2 августалъ Бичераховасулаз кIиабизеги Дербент бахъула ва Дербенталъул исполкомалъул членал туснахъ гьарула.

I5 августалъ Бичераховасул къокъаялъ Астраханалда багъаризабула совет власталде данде рагъ.

I9I8 аб. соналъул I6 августалъ Н. Тарковскиясги Л. Бичераховасги къотIи хъвала цадахъ лъугьун советиял рагъулал частазул ярагъ бахъизе ва гьезул церехъаби туснахъ гьаризе.

I9I8 аб. 20 сентябралъ Дагъистаналъул рагъулав комиссар М. Дахадаевас Гъоркьа Жунгуталдасан Г. Бичераховасухъе кагъат хъвала: «ТIокIаб нахъ бахъичIого нижехъе нухал рагьизе ккола, Астраханалдаса Бакуялде ва цогиял рахъаздеги- ян. – Нужеда ракIалде ккоге англичаназул гIарацалъ Дагъистаналъул эркенлъи бокьараб халкъ гуккизе кIвелилан. Нужеда лъазабулеб буго хехго Дагъистаналъул ракь тейилан, кисан нуж рачIун ратаниги батараб нухдасан нахъе айилан, инчIони Дагъистаналъул халкъалъ цадахъаб къуваталдалъун яргъилаб цIаялдалъун кьела жаваб».
I9I8 аб. соналъул 2I аб. сентябралъ ТIаса Жунгуталда ккараб рагъулаб тунка-гIусиялда кн. Н. Тарковскиясул аскаралъулаз, Дагъистаналъул рагъулав комиссар МахIач Дахадаев чIвала.

25 сентябралъ Тарковскиясул аскаралъ Советазул рагъулал частазухъан ярагъ бахъун хадуб Темир-Хан-Шура кверде босула. Гьелдаса нахъе Дагъистаналда Совет власть заманаялъ гьоркьоб къотIула. Совет власталъул ва большевиказул партиялъул руководство рахъ-рахъалда бахчула I920 аб. соналъул марталде щвезегIан, гьебго соналъул марталъул ахиралда Дагъистан Совет власталъул ихтияралде ккола.

I9I8 аб. соналъул I4 октябралъ Дербенталде рештIуна турказул империялъул рагъулабгун-дипломатиялъул делегация бетIералда Юсуп-Изет-Пашагун. I9I8 аб. соналъул 20 аб. июналда Горский хIукуматалъул председатель А. Чермаевасулгун гьабураб къотIиялда рекъон Дагъистаналъул бусурбабазе кумек гьабизелъун.

2I октябралъ армиялъул командующий Сорокинил приказалдалъун советиял ва партиялъул нухмалъулел чIвала ва хадубккун Сорокин хIалтIудасаги вахъун рагъулаб советалъул хIукмуялдалъунги живгоги чIвала.

1918 аб. соналъул 24 октябралъ турказул интервентаз Темир-Хан-Шура шагьар бахъула ва шагьаралъул буржуазиялъулгун милатчагIазул Горский хIукуматги тIаса рехула.

27 октябралъ Дагъистаналъул заманаялъул хIукуматалъул бетIер Н, Тарковскияс Дагъистаналда рагъулаб положенияги лъазабула.

Н. Тарковскияс абула: «Биччанте къеркьей гьабизе, яргъидалъун гуреб, хъахIалги чIегIералги шараз рищиялъул ящикалда»

**Дагъистаналда рагъулал рикьабазул церехъаби**

Дагъистаналда заманаялъе Совет власть бихххун хадуб цIияб гIумру гIуцIулезул политикаги тIелазде бихххула:

I. Социалистазул цо бутIа большевиказда хадур уна ва гьез хадур цIала ГIахъущалиса ГIалихIажиги КъахIиса ХIасан-Шайихги. Гьев кIиясулго кумекалдалъун кIола бусурбабазул кIудияб къокъа Совет власталъул рахъ ккун партотрядалде гьоркьоре цIазе ва Деникинил, ХIоцоса Нажмудинил, Халиловасул, ГIалихановасул аскаралде данде къеркьезе тIамизеги. Гьединго кумек щола большевиказе II армиялъул 32 аб. дивизиялъулги.

II. ХIоцоса Нажмудиница мугъчIвай гьабула имамлъун вищаравго Дагъистаналъул диниял церехъазда – Узун-ХIажи-Шайихасда, Дарбиш МухIамад-ХIажигун Сиражудин-ХIажида, НурмухIамад-ХIажижагун пачаясул офицерал-чиновниказде: Хъайтмаз ГIалихановасда, Халиловасда, Жафаровасда, Пираловасда, Шамиловасда ва цойгидалги гIадлу-низам тIад буссине къваригIаразда батIа гьаричIого.
Гьединго Нажмудиница хурхен ккола Деникинил, НуриПашал, Казим-бейил, гуржиязул меньшевиказул интервенциялъул рагъулал къуватазулгунги.

Нажмудинидаса ватIалъула Узун-ХIажи-Шай ва гьес Нажмудин рикIкIуна хиянатав чилъун. Гьес Деникинил казаказулгун цадахъ лъугьун Дагъистаналъул бусурбабазулгун кьал ахIи сабаблъун ва пачаясул офицерзабигун чиновниказда цадахъ лъугьун дагъистаниязе чIалгIараб ва кьогIлъараб цебесебго НикIалайил гIадлу-низам тIад буссине гьабиялъе гIоло рагъде магIарулал ахIизе вахъиналъе гIологи.

Узун-ХIажи-Шайихасул къватIиве вахъиналъул мурад букIуна Северияб Кавказалда Исламияб Имамат гIуцIи.

ГIанди хIоралда данделъараб бусурбабазул съездалъ Дагъистаналъулги Чачаналъулги имамлъун ХIоцосев Нажмудин вищулелъул гьесул халифлъун, ай заместительлъун вищун вукIуна Узун-ХIажи-Шайихги.
Нажмудин имамас цо-цо шаргIалдаса рахъарал ишал гьариялда рекъечIев Узун-ХIажица Нажмудин жиндаса рикIкIаж гьавула ва Чачанлъиялъул халкъалъе цебехъанлъиги гьабун гьениб Имамат гIуцIиялъе къеркьола. Деникин Северияю Кавказалдаса нахъе гъей мурадалда Узун-ХIажи-Шайихас болшьевиказул II армиялъул часталъул командующий Гикалогун цадахъ рекъон къеркьей гьабула. Узун-ХIажица гуржиязул меньшевиказулгунги хурхен гьабун букIуна. Деникин кIиясулго тушман кколев вукIиналъ цадахъаб гьужум Деникиниде тIаде буссинабула. Жалго цо-цоязе тушманзабидъун кканиги Узун-ХIажи-Шайихас Гикалогун цадахъ лъугьун Деникин Северияб Кавказалдаса нахъе гъола.

Узун-ХIажи-Шайих къадаралде щун тIассиялго къояз Имамаьги бихху́ла гьесул аскарги цоял Дарбиш МухIама-ХIажигун уна цоял болшевиказул рахъалде , цойгидал рахъ-рахъалде щущала.

IV.Пачаясул генерал ва Дагъистаналда Деникица правительлльун лъазавурав Халилов Микаил вукIуна I9I7 аб. соналъго тIаса рехараб пачаясул хIукумат тIадбуссинабизе къеркьолев. Гьес данде ракIарула цереккун пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал офицерзабиги чиновникалги ва гьезулго политика ккуралщиналги Совет власталъул рахъ ккуралщиназде данде къеркьезе. Дагъистаналде жанире ракIарула Англиялъул, Турциялъул ва Россиялъул пачаясул ракIарал Дениникинил, Врангелил, Бичераховасул ва цойгидалги Совет власталде данде къеркьолел рукIарал рагъулал къуватал. Гьелда гьоркьоре цIала Дагъистаналъулги Севериябб Кавказалъулги халкъги.

Халиловас мугъчIвай гьабула Деникинил, ХIоцоса Нажиудинил, ГIалихановасул, ЖахIбаровасул, Пираловасул ва турказул рагъулал къуватаздаги.

V. ГIахъущалиса ГIали-ХIажица рахъ ккола байбихьуда социалистазул, хадубккун большевиказул ва гьев тIурун чIоларо туркалгунги, амма гьес рикIкIад гьавула ХIоцоса Нажмудинги.

ГIахъущалиса ГIали-ХIажица Дагъистаналда шаригIаталъул гIадлу-низам тIаса бищула, Россиялъул Советияб пачалихъалда гьоркьовги чIун.

Большевиказ гьесие ва цо-цо цойгидалги парторядазул церехъабазеги рагIи кьун букIуна Дагъистаналда шаргIияб гIадлуялда хIалтIулеб пачалихъалъул къагIида гIуцIизе. Дагъистаналда Совет власть щулалъизегIан, ай I92I аб. соналдасан байбихьун шаргIияб закон хIалтIизе биччала. Советазул гIадлу щулалъарабго гьебги гьукъула. ГIанди округалъул I-II аб. съездалъги хIукму гьабун букIуна Дагъистаналда шаргIияб гIадлу хIалтIизе.

Дагъистаналда цо чIараб хIал букIунаро, циниса интервентаз бергьенлъи босун, циниса большевикал бергьун хисардула рагъул театр.

I9I8 аб. соналъул 27 аб. ноябралъ Кавказалда вугев рагъулаб миссиялъул бетIер генерал Томсоница кагъат хъвала Горский хIукумат хIакъикъияблъун рикIкIун ва хадубккун Деникинилгун хурхенги ккун коалицияб хIукумат гIуцIизелъун, большевиказде данде къеркьезе. Турказ жидерго аскарал нахъе рачун хадубго империалистаз Деникинил аскарал лъола Севериябб Кавказалда ва Дагъистаналдаги.

I9I9 аб. соналъул II маялда Темир-Хан-Шура букIуна Горский республикаялъул парламент гIуцIаралдаса цо лъагIел тIубаялъул рохалилаб данделъи.

I9I9 аб. соналъул 22 маялъ Деникинил аскарал Дагъистаналде жанире лъугьун ва щибго дандечIейго ккечIого Хасав-Юрталдаса Дербенталде щвезегIан ралъдал рагIаллъиялда ругел бакIазда кверщел гьабула.

23 маялъ Темир-Хан-Шура данделъула Горский республикаялъул парламенталъул Совет ва гьеб данделъиялда Горский хIукумат биххизе биччала ва

властальул ихтиярги хъахIаб гвардиялъул бетIерлъи гъабулев вукIарав генерал Халиловасухъе ккола.

24 маялда генерал Халиловас приказ хъвала «Горский хIукуматалъул Совет ва парламент биххизе биччаялда бан, гьелъул бакIалда Дагъистаналда Заманаялъул хIукумат гIуцIанилан ва гьенив диктаторлъунги генерал Халилов вищанилан».

I9I9 аб. соналъул I5 июналда Дагъистаналъуд Заманаялъул хIукуматалъ ГIахъущалиса ГIали-ХIажи ватIа гьавула Шайхул-Исламалъул цIаралдаса ва гьесул бакIалда вищула Заманаялъул хIукуматалъул политика ккурав ГIабдулбасир МустахIи.Гьелъие гIиллалъун чIола Соц. группаялъул ва большевиказул рахъги ккун къватIисел интервентазде, гьединго ХIцоса Нажмудинилгун ва Халиловасул ???

Байбихьуда ГIали-ХIажи Дагъистаналда жибго жиндаго чIараб шаригIаталъул кьучIалда хIалтIулеб республика гIуцIиялъул рахъ ккун вукIуна, нахъа политика хисизабизе ва гьев жидедаго хадув вачине кIола Соц. Группаялъулазда, Октябралъул революциялъул рахъ ккунги чIола, гьесги ва гьесул заместител Узун-Х/ажицаги Дагъистаналъул бусурбанлъи кIийиде биххизе тIамула ва Северияб Кавказалъулги халкъ большевиказде данде рагъи мекъаблъун рикIкIуна, гьес бусурбабаи ахIула большевиказул рахъги ккун Деникиниде, Бичераховасде, пачаясул офицераздегун ХIоцоса Нажмудиниде,Халиловасде данде рагъизе.

I9I9 аб. соналъул I9 октябралъ Леваши данделъараб магIарулазул съездалъ ГIали-ХIажи Северияб Кавказалъулгун Дагъистаналъул Шайх-ул-Исламлъунги Совет оборонаялъул председательлъунги вищула, гьел гьоркьор ккун Дагъистаналда ШаригIаталъул нух ккураб гIадлу-низам билълъанхъизабизе букIиналъул къотIигун группаялъул большевиказ гьев тIамула Совет хIукумат гIуцIиялъул нух ккун дагъистаналъул бусурбаби цоцалъ рагъизе тIамизе.

Левашиб магIарулазул съезд данделъизегIанги ГIахъущалиса ГIали-ХIажи гуккун вукIуна большевиказ.

«Бакинский рабочий» газеталъул I07 аб. номералда I9I8аб. соналъул 8 июналда бахъараб гьесул Дагъистаналъул халкъалде гьабураб хитIабалдаги бихьулеб буго, большевиказ кинаб бугониги шаргIалде данде чIараб иш гьабулеб гьечIилан ва большевиказул рахъ ккевезе лъикIаб букIиниланги.Хадубго Лаваши данделъараб большевиказул политика гIумруялда бахъизе ккеялъул ахIигунги вахъуна ГIали-ХIажи.Цебеккун ГIали-ХIажица Дагъистаналда цоцалъ рагъулелгунги къватIисел интервенталгунги маслахIат-рекъелалъул гьоркьохъанлъиялъул политика хIалтIизабулеб букIараб батани, хадубккун Дагъистаналда ислам, эркенлъи, жибго жиндаго чIей ва Кавказалъул ракь цIуниялъул политикаялда, къватIиселги жаниселги рагъулал къуватазде данде рагъ базе халкъ ахIула. Гьеб Левашиб данделъараб съездалде гIахьвалазул жамагIаталдаса 5 го вакил гIахьаллъула: Шамхвал, Турач, Аюб-ХIажи, лъанусев ГIазизил МухIамад, изаносев, Хъачабег ва Нуцалханил МухIамаги ва гьез тIубанго рахъ ккола ГIали-ХIажил политикаялъул ва Соц. группаялъул церехъаби ГIалибег Тахо-Годил, Къоркъмасовасул ва гьел гурезулги.

Дагъистаналъул Оборонаялъул Советалъул председатель хIисабалда ГIахъущалиса ГIали-ХIажиясул кумекалдалъун гIахьвалазул партизаназул отрядалъе щола гIарцул, яргъил ва ратIлил кумек.

ГIали-ХIажилгун тIубан гьоркьоблъи хола Заманаялъул хIукуматалъул ва гьев туснахъ гьавизе амру кьола: Гьале генерал

Халиловасул буйрухъ:
Совершенно секретно-срочно:
Правитель Дагестана по областному Управлению отдел: общий «I4-8-I9I9г.№33 гор. Темир-Хан-Шура.

Начальнику Даргинского округа

Немедленно арестовать Али-Хаджи Акушинский и другие, с надежным конвоем переправить люди упомянутых лиц Т.Х-Шура арестовать.

Вр. правитель Дагестана генерал-майор

М. Халилов.

Вр. пр. Даг. Помощник его по гражданск. Части полковник Бейдел

Нач. отдела Лазарев

I4.7.-I9I9г.»

из архива РД Времен. Правительство Дагестана.

I9I9 аб. соналъул 3 аб. апрелалда Дагъистан областалъул губернатор Мусалаевас округазул начальниказда тIадкъала халкъалда лъазабеян большевиказул церерахъиналда гъорлъе лъугьани Англиялъул аэропланазги броневиказги жал щущазаризе рукIин.

1919 аб. соналъул 27 аб. апрелалда Горский хIукуматалъ Дагъистаналъул ракьалда рагъулаб положения лъазабула ва Северияб Кавказалдаги Дагъистаналдаги рагъул цIа кутаклъула.

I9I9 аб. соналъул 2I апрелалда Деникинил аскаразул тIоцересел эшелонал Порт-Петровскиялда жанире лъугьуна.

ГIали-ХIажил жаигарчилъиялдалъун Дагъистаналъул бусурбабазул цIикIкIарасеб бутIа социалисталгун большевиказул рахъалде рачIуна ва БагIараб Армиялъул часталгун цадахъ Деникинид добровльческий армиягун рагъде лъугьуна, амма ГIали-ХIажица кагъат хъвала I920 соналъул январалъ Северияб Кавказалъул Совет Оборонаялде Деникинилгун ракълил кьотIи хъвай тIалаб гьабун. Гьеб ГIали-ХIажил тIалаб Совет Оборонаялъ нахъчIвала. ГIали-ХIажица бусурбаби ахIула Дагъистаналда Совет власть щула гьабизе ва рагъал кьотIизаризе. Совет власть бергьун хадуб ГIали-ХIажи тIамула Дагъистаналъул ШаргIиял судазул наркомлъул. I927 соналъ ШаргIиял судал хвезарула тIубанго. I92I аб. соналъул февралалда В.И. Лениница Дагъистаналъул делегация тIаде къабул гьабула ва гьеб делегациялъул членлъун вукIарав Тахо-Годи ГIалибегица бицуна ГIали-ХIажица Дагъистаналъул бусурбаби большевиказда хадур цIазе бажариялъул ва Северияб Кавказалда Деникинил аскаралде данде халкъ бахъинабиялъул хIакъалъулъ. В.И. Лениница ГIали-ХIажие меседил сагIат сайгъат гьабун битIула ГIалибег-Тахо-Годихъ.

Дагъистаналда Совет власть бергьун хадуб ГӀали-ХӀажи къадаралде щола I927 аб соналда.

ГӀали-ХӀажица большевиказул партиялъеги Совет власталъеги гӀоло гьабураб хӀалтӀи жиндиего балагьалъе батула. Гьесул рукъзал ва буголъи щибго течӀого пачалихъалъе бахъула, гьесул хъвараб-тараб, тӀубараб библиотека тӀагӀинабула. Нахъиялги Совет власталъе гӀоло къеркьаразулго гӀадаб къисмат ккола ГӀахъущалиса ГӀали-ХӀажилги.

## ГӀахьвалалУзун-ХӀажил бодулъ

Февралалъул революциялдаса хадуб Дагъистаналъул халкъалъеги асар гьабула жалго жидедаго чӀей тӀалаб гьабиялъул нух ккун ине. I9I7 аб. соналъул I маялъ Владикавказалда данделъараб съездалъ лъазабула Севернияб Кавказалъул магӀарулазул Союз ва хӀукумат гӀуцӀараблъун. II маялъ пачалихъ гӀуцӀараблъун. I9I9 аб. соналъул I9 аб. августалда ГӀанди хӀорихъ данделъула чачаналъулги магӀарулазулги бусурбабазул вакилзабазул съезд, гьеб съездалъ жалго жидедаго чӀеялъул къеркьеялъе церехъаби рищула.
Дагъистаналъулги Чачаналъулги бусурбабазе имамлъун вищула ХӀоцоса Нажмудин, гьесул халифлъун(заместительлъун) СалтӀаса Узун-хӀажиги.

I9I7 аб. соналъул 3 аб. октябралъ гьебго суалгун съезд данделъула Владикавказалдаги гьенивги ХӀоцоса Нажмудин Севернияб Кавказалъул бусурбабазул имамалъун вищула. Гьединан чияда бараблъун гьечӀеб, эркенаб, ращалъи бугеб пачалихъ гӀуцӀиялъе гӀоло къеркьеялъул нух ккун лъабго батъияб группаялъул къуват баккула ва Севернияб Кавказграждан рагъул цӀадуе кӀкӀуй бетула I9I7-I920 абилел соназ: Дениникиниде данде бусурбабазул гӀемерисез Узун-ХӀажилги ГӀали-ХӀажицаги рагъ бала.

ТӀоцебесеб : Исламалъул кьучӀалда хасаб пачалихъ гӀуцӀизе къваригӀарал бусурбаби.

КӀиабилел: Горский хӀукуматалъулги Севернияб Кавказалъулги цебеккун пачаясе хъулухъ гьабулел рукӀаразул вакилзаби, цебегосеб пачаясул гӀадлу-низамги бокьарал.

Лъабабилелги: Социалистазулги большевиказулги къокъа, хӀалтӀухъабазулгун рекьарухъабазул хӀукумат, ай Советазул тӀалъи къваригӀарал.

Гьеб заманаялъ Севернияб Кавказалда большевиказул асар дагьаб букӀуна. Аслияб къуват букӀуна бусурбабазул цолъиялъулъ: Жидерго миллат, культура, мацӀ, дин, рукӀа-рахъин, гӀадат, ракь цӀуниялъул мурадгун.ГӀемерисеб халкъги бусурбабазул церехъабазда хадуб уна.

I9I9 аб. соналъул маялда Темир-Хан-Шура Деникинил хӀаракаталдалъун Горский республикаялъул парламент ва хӀукумат биххизе биччала. Дагъистаналъул диктаторлъун генерал Халиловги тӀамула. Дагъистаналда ва Чачаналда восстание багъарула. СеверниябКавказалдаса Деникин вачахъизе рахъуна большевиказулги бусурбабазулги церехъаби. Гьеб заманаялъ чачаназул халкъалъе имамлъи гьабула СалтӀаса Узун-ХӀажица. Гьеб заманалда Терекалда II армиялъул цо часталъе

команда гьабулев вукIуна Гикало гьесда цадахъ лъугьун къеркьей гьабула Узун-ХIажица Деникин Северияб Кавказалдаса нахъе гъезе.
Социалистал ва большевикал хIалимго, тамахго лъугьуна бусурбабазул руккелалде гъорлъе ва гьезул церелъеялги заманаялъ къабул гьарула ва гьезулгун гIахьалаб мацIги батIула.

Узун-ХIажияс Дышнинский рагъулаб хъулухъалдаса вахъула ва шаригIаталъул судалде кьола, ахирги гьев большевиказ судги гьабун чIвала. Большевиказ Узун-хIажигун цадахъ рекъон Деникиниде данде къеркьеялъул мурад букIуна Деникин Северияб Кавказалдаса нахъе къотIизегIан заманаялъе гьабураб рекъеллъун, хиянатлъиялъул цолъилъун. ХIакъикъаталда Узун-ХIажил рагъулаб къуват цIикIкIараб букIуна гьесие Гуржиязул меншевиказ I9I9 аб. соналъул I5 сентябралъ битIула 80 пулемет, 2 миллион патрон, цогидаб ярагъги лъабго офицерги ва рагъуе хIажатабщинабги.
Узун-ХIажил аскаралъул Чечен-аулалъул рагъулъ Кренселидзеца, Тухарелица, Кавчавадзеца ва нахъиязги рехун тун Умаратгун халкъалъухъа рахъарал ва аскаралъул рукIарал чуялги рачун Гуржиялъе тIад руссуна.

1920 аб. соналъул 30 аб. марталда Веденов Узун-ХIажи къадаралде щола ва кIудияб къадруялда вукъула. Узун-ХIажи хун хадув гьесул бакIалда Инхоса Дарвиш МухIама-ХIажи тола??? ХIукумат биххула ва большевиказул нухмалъиялде гъоркье ккола. Рагъулабгун магIишатияб буголъи Гикалол большевиказ ккола. Узун-ХIажил армиялдаса Гикалол армия батIалъула.
Узун-ХIажил армиялда рукIарал цоял Гикалол армиялде гъорлъе лъугьуна, цойгиял рихха-хочун жиде-жидер бакIалде тIадруссуна. Цо тайпа Дарвиш МухIамада хадур уна. II аб. армиялъул гIадлу ва къуват щулалъула. 920 аб. соналъул марталда тIубан бергьенлъи босула Деникинил армиялда тIад.

ГIахьвалазул ва цойгидалги бакIаздаса Деникиниде данде рагъулел рукIарал БагIарал партизаназул отрядалги тIадруссуна жиде-жидер бакIазде. ГIахъущалиса ГIали-ХIажил политика букIун батани большевиказулгун рекъон, Октябралъул революциялъул рахъ кквей ва шаригIаталъул гIадлу Дагъистаналда лъай, Узун-ХIажил политика букIуна тIубанго батIияб – Дагъистаналдаги Северияб Кавказалдаги Исламияб хасаю Имамат гIуцIи – Россиялда яги лъидаго гьоркьоб жубачIеб, жибго жиндаго чIараб. Имамат биххцун хадуб Чачанлъиялъул ихтияр большевиказул квершаликье ккола ва Совет хIукумат гIуцIула.

Чачаналъан тIадруссун рачIунел гIахьвалазул партизаназе ГIанди округ ХIоцоса Нажмудинил ва Халиловасул аскаразул квершаликье ккун батула ва КIаратIаса ГIахьвахъе нухалги къан ратула, гьез нух бахъула КIванадаса сверун. ТIадруссиндал Шамхвалица хехго ГIахьвахъ ругел нухал къала ва партизаназул гIадлу-низам лъугьуна. Узун-ХIажигун цолъун гьабулеб къеркьей гIахьвалазул гьеб бакIалда лъугIула

Гьединан ракIчIараб хIалалъ Имаматги гIуцIун Узун-ХIажи-Шайих щулалъула Чачанлъиялдаго 1919 аб. соналъул 15 аб. сентябралъ генерал Дениникица Британиялъул рагъулаб миссиялде лъазабула:»ГьабсагIаталда тIолабго Дагъистан,

тIолабго  Чачанлъиги восстаниялъ ккун буго Воостаниялъе рахъаразул къадар Чачаналъ бахуна 5 азарго, Дагъистаналдайин абуни 7 азаргоялде».

(Ф.446, ОП.2, д.646,  л. 292)

Узун-ХIажи-Шайхгун Гикалол аскарал Деникиниде данде къеркьеялъул заманаялда, ай 1919 аб. соналъул 9 аб. сентябралъ Дагъистсналда рещтIун буго цадахъ турказул аскаргун Казим-бей ва гьес дагъабги хIадурлъизабула Дагъистаналда рагъулаб ахIвал-хIал.

Гьесул мурад гьаб кагътидаса бичIчIула:

1918 аб. соналъул 21 аб. сентябралъ М. Дахадаев чIван хадубги гIахьвалазул партотрядалъ мугъчIвай гьабула Соц. группаялъулгун нухмалъулезда: Дж. Къоркъмасовасда, С. Габиевасда, Х. Хизроевасда, гьезулго политик Ккурал ГIалихIажида, КъахIиса ХIасан-афандида, Узун-ХIажи-Шайихасдаги. 1918 аб. соналъул 17 октябралъ Болъихъе вачIуна Грозниялдаса 100 гIан чи большевиказулгун Узун-ХIажил рахъ ккурал, ГIанди округалдасан Узун-ХIажил аскаралде гIадамал ахIун Деникинил аскарал Севералъ Кавказалдаса нахъе рачахъиялъулъ гIахьаллъи гьабизе.

Гьеб заманаялъ Чачаналдаги, Ингушетиялдаги гIуцIун букIуна шаригIаталъул кьучIалда хIалтIулеб Севералъ Кавказалъул Имамат бетIерлъуда Узун-ХIажигун.Узун-ХIажид аскаразда цадахъ Деникинида данде багъулеб букIуна Терекалъул областалда букIараб большевиказул армияги бетIерлъуда Ф.Н.Гикалогун. Болшевиказ Узун-ХIажигун цадахъ рекъон Деникинилгун гьабулеб къеркьей букIуна заманаялъул къеркьейлъун. Гьеб Узун-ХIажилгун Гикалол ахIиялда рекъон Деникиниде данде  рахъуна гIахьвалазул 260 го рекIарав бетIерлъуда Шамхвал СалихIовгун.

1919 аб. соналъул 18 аб. сентябралъ Дагъистаналъул правителасде хъвараб ГIанди округалъул начальникасул ишал тIуралев ХIадис ХIажиевичас жиндирго рапорталда баян гьабулеб буго: 1919 соналъул 17 сентябралъ Болъихъе рачIанила 100 гIурус большевиказул рахъ ккурав чи , Жиндие мутIигIал росабалъан Узун-ХIажил аскаралде гIадамал ахIун, гьелдалъун гьарулила  Дагъистаналъул хIукуматалдаса большевиказул хIукуматалде данде къеркьезе ярагъ, гIарац, ххам биччаян.з Гьебго 1919 аб. соналъул сентябралъул бащалъуда Веденове вачIуна чачанав Иналук Арсланалук (Дышниназул тухумалъул чи) Турциялъул СултIанасул цIаралдаса гьересияб грамотаги босун, Севералъ Кавказалъул магIарулазе Имараталъул пачалихъ гIуцIун букIин лъазабун ва гьеб пачалихъалъул  Амирлъун Узун-Хайр ХIажи-ханги тун вугилан  ва  Имараталъул хIукумат гIуцIула хадур рехсарал министралги тун: Дышнинский, генерал Каим-ХIажи, МухIамад Хамхиев, Билал Шамилов, майор Хабала Бесланов. ГIабдула Азим ГIабдулаев, МухIамад Ханиевасдасанги. Имараталъул бетIерлъуда Узун-Хаир ХIажи-ханги тун. Гьеб хIукуматалда гьоркьор ккун рукIуна большевиказул вакилзабиги: Ханбала Бесланов ва МухIамад Ханиевги.

Севералъ Кавказалда бусурбабазул Имараталъул республика гIуцIун букIиналъул ва гьеб киналго пачалихъаз жибго жиндаго чIараб Имараталъул къабул

гъабизе ккеялъул хIакъалъулъ Дунялалъул тIолалго пачалихъазде гъеб нотаги кьола: «Северияб Кавказалъул бусурбабаз тIалаб гъабулеб буго тIубараб жалго жидедаго чIун гIумру гъаби. Северияб Кавказалъул бусурбабазул я нужгун ядиналъулгун тушманлъи рехиялъул мурад гьечIо.

ГIемерал соназул къварилъаби хIехьезе ккеялъ бихьизабуна нижее, щибаб миллаталъ гIумру гъабизе бегьизе букIин гIицIго жалго жидедаго чIун. НахъагIанаб пачаясул тIалъиялъ кIвекIана бусурбабазул халкъ.

Гьанже квеш квегхарав ва цIорозабураб бусурбабазул халкъалъул аниш буго эркенлъи тIаса бищизе рагIиялдалъун гуреб, ишалдалъун ва щвараб эркенлъиялда ? паракъалъизе ва щулалъизе. ГIурусазул пача тIаса рехиялъул кьучIалда сайгъат Северияб Кавказалъул бусурбабазе щвана эркенлъи, нилъеда лъавухъе, жиндаго жибго чIараб республика гIуцIизе. Гьеб мурад ва анищ хвезабизелъун бачIараб Деникинил гIалхулаб гъачагълъиялде тIаде кIанцIиги кIалагъоркье чIвазабун.

Парижалда букIараб Дунялалъулго пачалихъазул конференцияъ Горский республика пачалихълъун рикIкIинчIо,гьеб пачалихълъун рикIкIине ресалги ратичIо, церетIурал пачалихъазда гьоркьоб букIинеги бокьичIо ва магIарулазе бакI батичIо дунялалъул базаралдаги……

Северияб Кавказалъул бусурбабаз гIуцIана жидерго хIукумат бетIарлъуда Эмир Узун-ХIажи, Хайр-хангун ва гьел ина жидерго умумузул нухдасанги……

ГIурусал ва цогидалги христианазул халкъал!

КигIан хирияб бугеб нужее нужерго дин, кигIан хирияб бугеб нужее нужерго гIадат, кин нужее бокьулеб нужерго партия, Северияб Кавказалъул бусурбабазе нужееялдасаги хирияб буго жидерго дин, гIадат, ракь кинабго бугебщинаб.

Северияб Кавказалъул халкъалъул ва гьелъул тIадегIанав эмирасул цIаралдасан ахирияб хитIаб гьабулеб буго нужеде – рехун те Северияб Кавказалъе автономия кьеялъулги пачаясул низам цIи гьабиялъулги пикру, ракълил къотIи хъвала нуж нужерго ракьалда, ниж нижерго бакIалъул бетIергьабилъун рукIине».

Узун-ХIажияс Россиялъул хIукуматалдаги ва сверухъ ругел миллатаздаги

лъазаби хъвала Северияб Кавказалда Имараталъул жибго жиндаго чIараб республика гIуцIанилан, Имараталъе хIукуматги тIамулан. Северияб Кавказалъул Имарат гIуцIарабго Узун-ХIажияс жиндирго Имараталъул «Кредитный билет» – гIарац биччала гIиссинаб бацIцIадаб гIарцул, чIахIияб кагътил . Имарат биххун хадуб Узун-ХIажил гIарцул къимат хола.

Имараталъул рагъулал къуватазде гъорлъе кколаан Гикалол XI армиялъул частги гIахьвалазул,гъодоберисезул, балъхъадерил партизаназул отрядалги 1920 аб. соаналъул 31 аб. январалъ Гикалол 400 гIанасев рагъухъан жаниве сверизавула Деникинил армиялъ Воздвиженский щулалъиялда, гьел хвасар гьаризе кколаан Дуба-Юрт росулъ чIараб Дышнинскиясул аскаралъ. Гикалол армия гьеб бакIалда гъурула Дышнинскиясул гIайибалдалъун. Гикалол армиялъе кумек гьабичIолъиялъе гIоло.

**Чачаналъа тIадруссун хадур**

Чачаналъа гIахьвалазул партотряд тIад буссун кIиабилеб къоялъ Северияб Кавказалъул Рев. Советалъ, ай 1920 аб. соналъул 5 аб. апрелалъ Дагъистаналъул

областалъул округазда Совет власть цIи гьабиялъе уполномоченниял ритIула. Шамхал Чачаналъа тIадвуссиналдего 1920 аб. соналъул 25 аб. марталъ Северияб Кавказалъул рев. Советалъ ГIанди округалде Уполномоченнийлъун витIула Муса Кундухов. 27-31 марталъ М, Кундухов ГIанди Жамал Шамхваловасухъ рещтIуна. Гьенив гьев чIун вукIуна Гъизляралде Хорошевасухъе ярагъгун гIарцуда хадув арав Жамал Султанмурадов нахъ вуссиналдебалагьун ва ГIандисан Дагъревкомалде кагъат хъвала гIарац, ярагъ, ххам, чед ва нахъияб хIажатаб ГIандисан тIалаб гьабун. ГIанди округалде витIула Жамал СултанмухIамадов, Мурадис Шалаповги, Къудукьа ИсмагIилги, ГIалибулат ХIасановги. 1920 аб. соналъул 6 аб. апрелалъ Болъихъ хъалаялде данделъула ГIанди округалъул Совет власталье гIоло къеркьолезул ва гьеб къабул гьабулезул мажлис. Гьеб мажлисалда тасдикъ гьабула ГIанди округалъул заманаялъе букIинсеб Ревкомалъул къокъа.

Гьезда гьоркьоре уна:

Къудукьа ИсмагIил, Жамал Шамхалов, Мурадис Шалапов, Камал Сулейманов, Ибрагьим МухIамадханов, ЧIегIер-ХIажи Ражабов, ГIумар Халилов, Жамал СултанахIамадов, Шамхал СалихIов, ХIамдула Ухалов, ГIалибулат ХIасанов, МухIама Идрисов, Умахан, ГIумахан Дибир Умаханов, Батир Сулхаев, ГIабдула Дибир Мусаев ва ГIабдула ГIабдулаевги.

Гьезда гьоркьосан рищизе кколаан округалъулги участкабузулги ревкомал.

Гьел кколаан ГIанди округалда машгьурал, рагIи билълъарал, халкъ жидеда хадуб билълъунел, жидер халкъалда гьоркьоб къимат-къадру бугел гIадамал, Халиловасул заманаялъул хIукуматалъул заманаялдаги гьезул гIемерисел рукIуна ГIанди округалъул чиновникаллъун. Хадубккунги гьезул хиса-басиял ккола. Цоял жалго уна гьоркьосан, цойгиял ратIа гьарула.

Дагъистаналъул ревкомалъ Чрезвычайный комиссарлъун ГIанди округалде витIарав Муса Кундуховас хIисабалде босизе гьабичIого гъоркьго букIараб Заманаялъул хIукуматалъ тараб къокъаялдаса пайда босизе лъугьуна. Хадубккун гьабизесеб революциялъул хIалтIуе.

1920 аб. соналъул 7 аб. апрелалъ данделъараб ГIанди округалъе ревком бищиялъул хIакъалъулъ 10.4.1920 с. хъвараб протокол хъван буго жинцаго М. Кундуховас, Мурадис Шалаповассул цIаралалдасан, протоколалда гъоркь подписги М. Кундуховасул буго. Гьелда бихьулеб буго М. Кундуховас жигар бахъулеб гъоркьго букIараб Заманаялъул хIукуматалъул къокъаялдаса хадубккун Совет властальул рахъалдехун рагъ-кьал, дагIба-рагIи гьечIого, гьезул пикруялда тIадги рекъон, заманаялъе гьелгун рекъон хIалтIизе ва контрреволюциялде данде къеркьезе халкъги ахIулеб букIин.

1920 аб. соналъул 4 аб. маялъ данделъараб Дагъревкомалъ хIукму гьабула тIокIолъ нахъбахъичIого Жанисел ишазул отделалъул цIияв заведующийлъун тIамула Н. Самурский, гьесул заместительлъун М. Кундуховю

ГIанди округалъул ревком цIи гьабула, гьенир тIамула: Жамал СултанмухIамадов, членаллъун Къади Садух ХIасанбегов ва Жамал Шамхваловги. Гьебго заседаниялъ хIукму гьабула ГIанди округалда 150 рекIарав ва 120 лъелав милиционер тезе, моцIрое 700 гъур. харжги кьезе. Гьел киналго рукIуна Шамхвал

СалихIовасу партотрядалдаса. Гьебго заседаниялъ хIукму гьабула Добровольческий армиялда хъулухъ гьабулел рукIарал киналго офицерзаби, чиновникал, солдатал ва хъулухъчагIи туснахъ гьаризе ва хадубккун гьел полициялъул органазда гьоркьореги гьукъизе, гьединабго балагьи гьабула цереккун рукIарал Нац. Комитеталъул членазеги.

1920 аб. соналъул 10 аб. соналъул июлалъ Дагъистаналъул Ревкомалъул юстициялъул отделалъ приказ биччала Дагъистан областалъул органаздагун шагьаразда ШаргIиял судал гIуцIизе. ГIанди округалда гIуцIараб ШаргIияб судалъе къадилъун тIамула Пара-ХIажиев ГIумардибир.

1921 аб. соналъул 26 аб. октябралъ ШаргIиял судаздаса уголовниял делаби нахъе росула ва милициялъул управлениялде яги пачалихъиял судазде кьола ва 1927 абилеб соналъ тIубанго шаргIиял судал къала.

Гьелго марталъул къояз Н. Самурскияс кагъат хъвала КъахIиса ХIасан-Шайхасухъе – магIаруллъиялъул бецIаб халкъалда бичIчIулеб гьечIилан, кидал ва кин жал гьаб ракъи-къечалдаса, ратIликълъиялдаса, ва гIумруялъе инсанасул хIажалъабаздаса рорчIизе ругелали.

КъваригIун буго Гьидерил обществоялдеги ун гьезда бичIчIизабизе рагъ-кьал гьоркьоб къотIизе тезе ккей ва ракълил гIумруялде лъугьун гурони язихълъиялдаса рорчIизе рес гьечIолъи бичIчIизабизе.

(Ц.Г.А. РД, Ф-Р-П8, 1 Ед.хр.)

Имам ракълиде ахIун ТIокитIе сапар

Гьел батIи-батIиял группабазде рихха-хочарал магIарулал циниса Дидоялда, циниса Гъуниб, Авар, ГIанди округазда халкъалъул къватIире рахъиназ паракъат толарогун лъугьуна. Имам ниж Нажмудинил цебехъанлъиялда гьоркь. Дагъистаналда гурелги восстанияби раккула Закаталаялда, Гуржиялъ, Чачаналъги.

Рекъел-маслахIаталдалъун халкъалъул къватIирерахъинал гIодор руссинаризе жигар бахъула ГIахьвахъа Шамхвалица. КигIанго жигар бахъаниги гьел къокъабазул церехъабаз жиде-жидер мурадал цIунун халкъ цоцалъ бала.

1920 аб. соналъул 5 аб. августалъ ХIоцоса Нажмудин цадахъ 30-40 гIан чигун ТIокитIа рештIуна, Совет властаялъул рахъ ккевчIел ГIанди округалъул росабалъан жиндирго бодулъе гIадамал ахIизелъун.

ХIоцоса Нажмудин ТIокитIа рещтIун вукIин лъайдал гIахьвалазул жамагIаталъул хIукму ккола имамасухъе ТIокитIе рахине. Шамхвалида цадахъ Аюб-ХIажи, Муса-ХIажи, МухIамадибир, ГIабдулКъадир-ХIажи гIадал хIурмат—къимат бугел жамагIаталъул вакилзабигун. Гьезул мурад букIуна имамасулгун дандбан рагъ-кьал гьоркьоб къотIизабизе маслахIаталъе рес бати.

Гьал диниял вакилзаби рещтIуна ГIазизил ГIабдурахIманихъ ва гьесда жидер мурад бицуна. ГIахьвалазул вакилзабазда тIадеги тIокадерил жамагIаталъул вакилзабиги цадахъ уна Сайпула Къадиясул минаялде рещтIарав имам Нажмудинихъе.

Шамхвалица жал рачIиналъул мурад бицуна: -2-3 соналъ цебего Россиялда бергьараб инкъилабалда данде къеркьоннилъ бергьинаро Дагъистаналда

шаригIаталъул нух гъукъизехъинги гьечIеб, нилъельго нилъго рагъиялъул мурад щиб?

ГIахъущалиса ГIали-ХIажи большевиказда хадув ун, Советь власть цIунун къеркьолев, мун Деникинилазулгунги, турказулгун гуржиязулгуни рекъон магIарулал гъурулев, КъахIиса ХIасан-шайих гьелго болшевиказул нух ккун, къадаралде щвезегIан СалтIаса Узун-ХIажи Деникинилазде данде вагъулев вукIанин.

Дида бичIчIуларого буго Нажмудин Имам, нуж Северияб Кавказалъул бусурбабазул церехъаби лъабиде щай рикьаралали дида лъалеб бакIалдаса шаригIаталъул гIелмуги жигьадалъул нухги лъабасегоги диеги цого бугелъул?

РачIа нилъ цолъизе цоцаца гъурулел рукIинчIого лъикIаб батаниги квешаб батаниги гьаб къуватаб Россиялъул пачалихъалде данде рагъун нилъ бергьинаро, нилъехъ гьезда данде рагъизе къуватги гьечIо, рагъ-кьалги рехун тун нилъерго мискинаб магIтшаталде тIаде руссинин.

Имам Шамилидаги бихьидал гурони бицун лъан гьечIо гIурус пачаясул къуватги бечелъиги.

Имамас къокъаб жаваб кьунила Шамхвалие – Дун халкъалъ ваищун вуго имамалъун капурлъиялдаса бусурбанлъи цIунизе ва Дагъистан Исламияб республикалъун гьабизени – дие тIокIаб нух гьечIо.

Шамхвалида бичIчIула Имамасул пикру ва Имамасда абула – Дагъистан исламияблъун хутIиялда кинаб бугониги шаклъи гьечIо, - шаклъи буго мун казаказеги гуржиязеги имамалъун иналда- ян. Кинниги Нажмдин, цо къоялъ лъида бугониги гIайибги рехун, я мунго ина рорхун квералгун, яги цеве къотIун ина мун хьитил тIикъваялъул багьа гьечIев цо пасакас вачун гIурусазухъе.

Имамас жаваб кьола – Аллагьасул хIукму кинаб батаниги дун гьелда разияв вугилан, дир ахирияб хIухьел шагьидасул букIине буго, дун гьедин гьедун вуго.

1.12. 1919 аб. соналъ КIаратIа росулъ данделъула ГIанди округалъул росабалъан 12 го гIалимчиги ва божи бугел 15 го вакилги гIахьаллъараб съезд. Гьеб съездалда гIахьаллъун вукIуна магIаруллъиялдаго къадру бугев Хуштадаса ХIусейн??.

Съзедалъул мурад букIуна Узун-ХIажида данде къеркьезе ккеялъул хIакъалъулъ, гьев лъицаго вищищев живго жинцаго лъазаврав Имам вукIиналъ гьесда хадур лъугьине бегьунгутIиялъул суалгун ва халкъги ахIула ХIоцоса Нажмудин Имамасул рахъ ккун къеркьезе. Гьеб съезд ахIиялъул хIаракатчилъунги вукIуна ГIанди округалъул начальникасул ищал тIуразарулев ХIадис ХIажиев.

Гьеб съезд ахIиялъул хIакъалъулъ Темир-Хан-Шурабе лъазаби щола 16/12-1919 соналъул.

(Ц.Г.А. РД. Ф-П8, ОП3, Ед.хр. 250)

Съезд ахIиялъе гIиллалъун ккола 1919 аб. соналъул ноябрь моцIалда Узун-ХIажилги Гикалолги вакилзаби Чачаналъан Болъихъеги рачIун Деникинил аскаралде данде рагъизе ГIанди округалъул росабалъан гIадамал ахIи. Узун-ХIажил ахIиялда рекъон Чачаналъе ун рукIуна Гъодобериса, ГIахьвахъа ва цогидалги росабалъан 400 го гIан рагъухъан, гьеб гьоркьоб къотIизабизелъун ахIараб букIуна съездги.

Гьединалго гIалимзабазул ва рагIи билълъаразул мажлисал ахIана, большевиказде данде халкъ бахъинабизелъун. Казаказул армиялде магIарулазул гIолохъаби рачиналъул суалгун. Авар, Гъуни. Гъази-Гъумекиб округаздаги данделъаби ахIула Деникинил ва пачаясулго политика ккураз. Гьел данделъабазда гIахьаллъаразулги цойиде ккараб пикру букIунаро, гьезда гьоркьобги рикьалаби лъугьуна. Цоял Имамасул нух ккун уна, цоял цебесебго пачаясул гIадлу-низам цIунарал, пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал офицералгун  чиновниказул рахъ ккун чIола, цойги тайпа социалистазулгун большевиказул рахъ ккун уна.

Дагъистаналъул халкъалъул рикьелал ккун рукIунаро милат хIисабалда яги класс хIисабалда, яги диналде балагьун.

ГIицIго халкъ кьалде ахIулезул хабаралъ мехтизе гьарун бажарулезул къуваталде балагьун тIелазде биххула. ГIахьвалал хIурияталъе гIоло къеркьеялъул нух  ккун уна.

1920 аб. соналъул 1 январалъ Кавказалъул РКП(б) ялъул крайкомалъул член ва Терекалъул повстанческияб армиялъул командующий Ф.Н. Гикалоца лъзабула 11 армиялъул Рев.Советалдн чачаназул, ингушазул ва Дагъистаналъул мугIрузул ракьалда Узун-ХIажи-Шайихас шаришIаталъул хIукумат гIуцIун букIин Турциялъул протектораталда гъоркь. ГьабсагIат Грозниялда гIадлу хвараб хIал буго. Байбихьана репресси ва 79 чи кварида ван гъанкъана. КъваригIун  буго гIарац ва яргъил кумек.

(Ц.Г.А. РД Ф80, ОП 3 Д 4,  Л40)

6/2-1920 аб. соналъ Н. Гикалоца лъазабула 11 аб. армиялъул Рев. Военсоветалде: магIарулазул рагъулаб частазул кумекалдалъун туснахъ гьавунила шаргIияб Эмираталъул аскаразул командующий Кн. Дышнинский ва яргъидаса ратIа гьарунилан турказ большевиказде данде рагъде рахъинаруралги- ян.

((Ц.Г.А. НМЛ, сектор ИНВ. Ф7, Оп1, Д.91. Л.75)

1920 аб. соналъул апрелалъул байбихьуда гIахьвалазул парт.отряд тIадбуссуна . ГIицIго Узун-ХIажидаги ГIали-ХIажидаги кIвана Деникиниде данде Дагъистаналъулги Чачаназулги халкъ бахъинабизе. ва Деникин  Северияб Кавказалдаса вачахъизе..

Авар округалъл начальник Хъ ГIилихановасде хъвараб кагъаталдаса:

«Начальнику Аварского округа капитану Алиханову и всем обществам 11 октября 1919 г. от Казим-бея.

Повсюду требует уничтожить большевиков, казаков. Прошло 23 дня как я прибыл в Дагестан.

Я приехал в Дагестан обеспечить и очистить свою родину от врагов, чтобы и избавить и Вас от вашего врагов.

Я на своем пути увидел, что 2/4 населения большевики, ¼ стороники казаков, и ¼  истинные мусульмане. С этим мусульманами вместе я шел уничтожить и большевиков и  сторонников казаков. 150 лиц из них казить, 300 передать суду и в это время я узнаю потелеграму, что казаки разрушили Губден и Урахи и идут на Леваши, по этому сейчас же выступить против и верующий мусульмане после суточного боя прогнали их с этого места…….

Исмаил-Хаки-бей сказал мне, что в Хунзахе много казененого имущества……

Командующий войсками Дагестана Казим-бей.

11 октября 19191 г.

(Ц.Г.А. Ф.8 п, ОП7, Ед. хр. 5, лист 75).

Закаталаялде чабхъен

18/6 –1920 аб. соналъ Нуху уездалъул Закатала округалда багъарула Совет власталде данде чIараб восстания. Восстания гIодоб цвинабизе рахъуна Дагъистаналдаса Ахтиялъул парт. Отрядги ва гьелгун цолъула Закаталаялъул округалде кколел Ахвадара росдал багIарал партизаналги.

ГIахьвалазул парт.отрядалъул командир Шамхвал СалихIовас Закаталаялде ритIула ГIахьвахъанги 60-го багIарав партизан. Ахвадараялъул гIолохъабигун цолъун гуржиязул меньшевиказул восстаниялда къеркьезе, бетIерлъуда Изаноса ГIалиев ГIабдурахIмангун. 29/6 –1920 аб. соналъ Ахтиялъулгун гIахьвалазул парт-отрядалъ Закаталаялда багъарараб восстания гIодоб буссинабула ва 4/6 1920 аб. соналъ гIахьвалал тIадруссуна.

Кидиро чабхъен

19/7- 1920 аб. соналъ тIоцебесеб Дагъистаналъул кьвагьдохъабазул полк Гъуниб щулалъиялдаса къватIибе бахъуна Бахтадзел командаялда гъоркь. Гьел щола Гьидерил кьола ва гьелгун цолъула Шамхвал СалихIовасулги Муслим Атаевасулги партиз. отрядал.

24/-1920 аб. соналъ радакь гьез сверун ккола цIунтIадерил тахшагьар – Кидеро.

Кидеро Жабо МухIамал минаялъур рахчун ругел ХIоцоса Нажмудинги Хъайтмаз ГIалихановги ккվезелъун гьев кIиявго лъутун ворчIун ватула Гуржиялъе.

Жабо МухIамаги гьесул кIиявго васги ккола ва туснахъ гьарун гьелги рачун тIадруссуна.

25 июналъ Муса Кундуховги, М. Атаевги, Шамхвалги Бахтадзеги тIадруссуна жидерго отрядазда цадахъ. КIитIуриса, Гьинухъан, Шайикьан тIадруссун рачIунаго Жабо МухIамал гIагарлъиялъ гъоркьчIел гьабула. Гьел хвасар гьаризелъун , гьениб дагьабго кьвагьиги ккун, щибго квалквал ккечIого 26 июналъ щола Хъварши, Хупра, Хуше.тире.

28 аб. июналъ Болъихъ хъаладухъ рештIуна

4 аб.июлалъ М. Атаевасул отряд Хунзахъе, Бахтарадзел отряд Хасав-Юрталде, гьенисанги 10 аб. июлалъ Темир-Хан-Шура рештIуна, гIахьвалазул парт. Отряд Болъихъ хъаладухъ хутIула. Жабо МухIамаги гьесул кIивяго васги Хунзахъ хъалаялъур туснахъ гьарула.

(Ц.Г.А. РД Ф.8-П. ОП. 4, Л.7)

## Анцухъ-Капучиялде чабхъен

1920 аю соналъул сентябралъул байбихьудаса 26/ 10 –де щвезегIан Дедоялъулгун Анцухъ-Капучиялъул Дандиев Шайих МухIамадил къокъаялъ ГанжагIурухъ, Мушак магIарда гIагарлъухъ 60 гIан Совет власталде дандечIарав чияс багъаризабула восстания. Гьелгун цолъула цереккун Гъуниб округалъул начальниклъун вукIарав МухIамадгIали ШагIбановги гьесулго вас гьеб участкаялда пред. Уч. Рев. Комлъун вукIарав Ибрагьим-ХIажиги гьесулго пикруцоялги.

Гьединанго востаниялде халкъ багъа-башариялде ахIула Дидоялъул участкаялъул ревкомалъул председательлъун вукIарав МухIамад Дибирил ахIиялъги.

МухIамад Дибирас инкар гьабула Совет власталдаса. Дидоялъул участкаялъул росабазул халкъги Совет власталде данде тIамула. МухIамад Диьирас хабар биччала халкъалда гьоркьоб рагьараб хIалалъ: РачIинахъего большевиказ халкъалъул буголъи кодоса бахъун тала гьабулеб бугилан, туснахъ гьарулел ругила ва чIвалел ругила щибго суд-диван гьечIого бищунго рес-сабаб бугевщинав чи лъугIизавулев вугила округалдасаго.

Совет власталъ халкъалъе щибго лъикIаб, халкъ разияб жо кьезехъин гьечIилан зулмугун язихълъи гуреб. Совет власталъ риччарал гъалатIал лъалел рукIуна республикаялъул ?? 1921 аб. соналъул 26 аб. ноябралъ жиндирго докладалда Н.Самурскиясги абун буго гIемераб лъикIабщина букIанила халкъалъе кьезе , хIакъикъаталда щибго кьечIилан.

3/9 – 1920 аб соналъ Анцухъ-Капучиялъулгун, Дидоялъулазул рагъа-рачари гIодоб буссинабизе Болъихъ хъалаялдаса рахъуна ГIанди округалда вугев Чрезвыч. Комиссар, Дагъревкомалъул вакил М. Кундуховги гIахьвалазул партиз. Отрядалъул начальник Шамхвал СалихIовги.

М. Кундуховасул командаялда вукIуна 40 гIанав солдат, Шамхвалил отрядалъул 240 рекIаравги 40 лъелав багIарав партизанги.

Шамхвалие бокьун букIунаро М. Кундуховас гьел крас. армейцал цадахъ рачине, шайгурелъул магIарулазул гIамал-гIадлу ва бакIалъул хIал лъаларел гьез щибго пайда кьечIеблъи бихьун ва чанго нухалъ пленалде ккарал гьел хвасар гьарулаго. ХIажат гьечIел биял тIезе ккун рукIиналъги, гьезул миллат-тIалаб гьабизе рес гьечIолъиялъги. Кинисанги Мусацаги Шамхвалицаги гIамал гьабула росабазул жамагIаталгун ва гьезул церехъабигун ракълидалъун иш роцIцIинабизе. Гьаб нухалъ Анцухъ-Капучиялгун Дидоялъулал кинги ракълиде цIазе кIоларо ва гIезегIанго биял тIезе ккола.

Дендиев ШайхмухIамадилгун МухIамад Дибирил бодул рикIкIен гIезегIанго цIикIкIараб букIуна дандиязулалдаса. Мусалгун Шамхвалил отрядазе тIаде къуват бачIине бакI букIунаро ва партизан. Отярдалда цадахъ рукIарал гвардиялъулаз инкар гьабула рагъулъ гIахьаллъизе.

Муса Кундуховас приказ кьола ТIехнуцал участкаялъул щибаб росалъан 18-го чи фронталде витIизе. ТIоцересел къояз гьеб приказ тIубаялъул хIасилал пашманал ккола.

Болъихъ росулъа 12-го кодоб ярагъ яги ретIел-хьит гьечIев чи вихьизавула, нахъиял росабаз гьарула жидер росабалъа фронталде чагIи яхIугеян, рахунел унтабаз къватIиве вахъине чи гьечIилан.

Кинниги Анцух-Капучиялъулгун Дидоялъул къватIир рахъин гIодоб буссинабизе кIола дагьалго камиялги ккун 1920 аб. соналъул сентябралъул ахиралда.

16/9-1920 аб. соналъ Дибирил бакIалда Нартав Хъачабег тIамула Дидоялъул участкаялъул Ревкомалъул председательлъун, гьеб участкаялъул жамагIатазул тIалабалда рекъон, цевеккунги МухIамад Дибир тезегIанги Нартав вукIуна гьенив наиблъун. (Ц.Г.А. Р/Д, Ф-Р-175, ОП.4, л.6)

## Хъварши кIкIалахъ

1920 аб. соналъул 8 аб. сентябралъ Анцух-Капучиялдагун Дидаялда Имам Нажмудиницаги ГIалихановасги багъаризабураб восстания гIодоб буссинабизе рахъуна Шамхвалил партиз. Отряд 120 рекIаравги, 40 лъелавги ва М. Кундуховасул Красный армеецги гьездаго цадахъ 2-го офицерги, гьединго гьенир гIахьаллъун рукIуна ЧIохъа ГIабдулбари, ГIашалиса МухIамахан, КIаратIаса ГъалбацIдибиров Абумуслим, Имадибиров КъурамухIама, ГIабдулхаликъги..

Дидоялдаса тIадруссун рачIунаго Хварши кIкIалахъ гъоркьчIел гьабун батула Ункъракьалъул росабалъа Имамасул къокъаялъ .2-аб. октябралъ Хваршини кьо бахине кколаан, ТIокIаб бакIалъан тIадруссине нух букIунаро.

Кинисаги дандеиязул тункIил гуллиде данде инчIого нух бахъизе кIоларо.

Шамхвалица жиндирго отрядалда дида хадур абураб команда кьола, тIоцеве кьоде живгоги вахун. Имамасулаз чIер бассинабула Шамхвалил отрядалда тIад. Шамхвалил квегIаб гъеж лъукъула жаниб кьвагьулеб гулла щун ва 4 чи Шамхвалил отрядалдасаги лъукъула.

Кинацаго кьо бахуна, хIинкъи лъугIула, дандиял бакI-бакIалда рахчула.

Имамасул къокъаялъ Хварши кьода сверун ккведал цо-цоял рихха-хочула асирлъуде ккеялдаса хIинкъун.

Мусаца маузер бахъун жиндаго речIчIизе лъ угьуна. Кьабураб квералъ кодосаги бахъун Шамхвалица цо-кIиго нухалъ каранда тункула, хадуб гьесда абула мун гьедигIан хIалихьатав, тохав, ракIтIеренав чи вукIинго лъан букIинчIиланги абун – гьаб мунго чIвазе гуро борчун бугеб, мунго тушманасдаса цIунизе баччараб махх бугилан- ма бахъаралъуб лъеян кодоб речIчIула. Гьебго гьабизехъин вукIарав офицер Фунгинги ва гьесул офицерасул гIаламатал тIун росун цо солдатасда рала. Шамхвалица гьезда лъазабула хадубккун гьеб хIалихьалъиялде унев чиясе хвелги хIалихьатаб букIине бугилан. Хъварши кьоги бахун Шамхвалил партиз, отрядги Мусал Красноармейцазул взводги Агъвалире щвелелде дандчIвала цо херав нухлулав ва гьес бицуна гьазда Дарвиш МухIама-ХIажиясул отрядалъ Болъихъ хъала бахъанилан ва гьениб букIараб солдатги гъуранилан, чIаго хутIаралги асирлъуде рачIанилан, хъаладухъ букIараб кинабго ярагъ, гьезул сурсатги кодобе щвар-щварас хъами-хъул гьабунилан. Шураса «Месячникалъе» рачIарал Ревкомалъул вакилзаби бакI-бакIалда рахчанилан. Шамхвалилги Мусалги отрядал Багвалалъан ГIахьвахъе ине кIвендерил магъилъе щведал цо-кIигояв вачIуна нухде данде жамагIаталъ жал ритIанилан жидер ракьалдасан нужее нух гьечIилан. Шамхвалица амру гьабула кодоб бугеб ярагъги бахъун цере къотIун годикIанире рачеян, лъица гьеб амругун ритIун ругояли балагьизе.

Сардилъ мех букIуна годекIанир чиго ватичIого радал цIехелилан Шамхвал лъукъарал гъежгун ГIалиев ГъазимухIамадил гьоболасухъе Ракьу МухIамахъ рещтIуна ва рагъида паракъат гьавеян живилан абула. Радал сагIат 10-ялда Шамхвал КIванада къватIиве вахъуна, годекIаниб бугеб жамагIаталдаги абула живги гьаниве вачIине кватIизе гьечIилан. Мусаги цадахъ рукIарал ГIабдулбариги, МухIамаханги кIиявго офицерги нахъиялги сардилъ Гьимерсоре ритIула ва гьенисан ГIахьвахъан Хунзахъ хъалаялде нухда лъаола. 5 октябралъ Хунзахъ хъала сверун ккола. Гьенирго

рештIун ратула Болъихъ «Месячникалде» рачIун рукIарал ХанмухIамадов Х-М., Самурский Н. ва цойгидалги.

Шамхвал «ЦIвакил колоде» щведал лъалхъула ва гьеб авалалда вукIуна партиз. отрядалъул тохтур –ХIабиб ва гьесда ахIи бала нухда гъоркье вачIаян. ХIабибица ругъун бихьула ва хадубккунги кколеб дару-сабаб гьабун ругъун сах гьабула, амма гъеж рекълъунго хутIула.

Муса Кундуховасулги Шамхвалилги кутакаб гьудуллъи ккун букIуна. Шамхвал гIумруялдаса ватIалъун хадувги щола Муса чанго нухалъ ГIахьвахъе. Граждан рагъул гьудул-гьалмагълъигун дандчIвай гьабизе вачIуна.

Шамхвал вихьигун Мусаца кIудиял рохел гьабулаанила. Хъварши кьода лъугьа-бахъарабги ракIалде щвезабун ?? Шамхалица цоцазде хъварал кагътаздасан бихьула гьезул цацаде гьуинлъи.

Муса рикIкIунаан кIудияв васлъун, ващадас вацлъун, гьитIинасе эменлъун.

Живго Мусаги гIадамалъ жуварав, чIухIи, гIамал кIодолъи гьечIев, щивасда хIал рекъезабун бажарулев унго-унгояв магIаруласул бищунго лъикIал хасиятал чорхолъ рессарав, къартI бугев, бицунеб рагIуда гIамал-иш рекъезабун бажарулев, гIодове виччарав бачIарчи вукIуна.

Дун гьаб лъугьа-бахъин хъвалев ракIалдаго гьечIев «такъсичирчагIи» реабилитировать гьариялъе цIидаса сурав босизе вачIарав следователасда цадахъ переводчиклъун ккана.

Халгьабиялда букIана Шамхвалил ва ГIамировазул лъималазул лъимал – гIагарлъиялъул репрессировать гьарун рукIаразул хIакъалъулъ цIех-рех гьаби.

ЦIех-рехалъе ахIаразда гъорлъ ратана Шамхвал лъукъулелъул Хъварши кьода аскIор рукIарал КIаратIаса ГъалбацIдибиров Муслим, Дибиров КъурамухIама, ГIалиев ГIабдулхаликъ, ХIусейнов Махиги.

ГъалбацIдибиров Муслимица цадахъ босун бачIана Муса Кундуховасухъ гьеб къоялъ кодоб букIараб планшет ва гьесул щибаб къоялъ гьабураб хIалтIул ва лъугьа-бахъиналъулги, М. Кундуховасеги кьураб къиматалъ тамашалъизе гьавурав следоователас: бетIерги кIибикIун дидехунги балагьун кодоб букIараб ручка столалде тIаде рехун ана. Хадубго абуна – дица гьаб цIех-рех гьаб бакIалда лъугIизе танилан.

Дица следователасда гьарана районалъул батIи-батIиял росабалъа ахIарал гIадамазул 45 чи вукIин жеги НКВДялъул рагъида цIех-рехалъе ирга щвезегIан гIодор чIун. Гьезда гьоркьор рукIана репрессиялъул заманаялъ бугьтанчилъи хIаралги.

Дица гьезул лъабгоясул цIаралда гъоркь мухъги цIан следователасде цебе бегьана, гьас гьимулаго разилъун бетIералъ ишара гьабуна.

Дица милиционерасде амру гьабуна пуланав чи жаниве ахIеян.

АхIарав жаниве вачIине щуго минутгIан заман ана ва гьесда цеве нижер хIалтIул кабинеталде милициялъул начальник ваккун вачIана ва гьес абуна: переводчиклъун гьев чи вукIун допрос кьезе инкар гьабулеб бугилан.

Следователас милициялъул начальникасда абуна дуда тIадаб буго нижеца ахIарал нижеда цере рачине, нахъияб иш гьелъул хIалтIи гьабулез тIубалаян.

Начальник хабар къотIун тIад вуссана 2-го минуталдасан ахIарав нижеда цеве вахъун чIана.

Нижеца цIех-рех гьабизегIанго чIечIого следователасдехун лъарагI мацIалъ, циниса чачан мацIалъ кIалъазе лъугьана.

Гьесул гIадлу бичIчIарав следователас, гьев переводчик гIахьвалав вуго, гьес кьурал суалазе жаваб кье яги гIурус мацI лъалеб батани дир суалазе жаваб кьезе ккелилан.

Допросалъе ахIарасул ворчIизе бакI тIагIана ва дидасан гьарана гьаб жакъасеб хабар пуланал чагIаздаса бальго гьабеян.

- Гьаб хабар къокълъулин кколаро, щайгурелъул ЦК

КПССалъул секретарь Хрущевасго багъаризабураб хIалтIи бихьула, гьаб нилъер парторганизациябаздаги гьоркьоб лъелин ккола. ГIадамазда рагIизе бокьулареб жо гьабичIого тани лъикIаб букIинчIо.

- Жавабчиясул кьер хисана ва абуна: -Гьеб гьанжеялдего лъикI гьечIолха, амма жакъа сири щвезе дуда зулму гьабурав щив вукIарав бугьтанги лъун расги гIайиб гьечIел гIадамал гъуризе.

Жаваб: -Доб мехалъ додин, букIанилаха.

Дица абуна: додин букIанилан хъвайха, мун довго чи ватани.

Дица рагIи кьуна лъидаго гьасул бальголъи бицинчIого тезе.

АхIана хадусевги допросалъе, гьас жинца цебе кьураб допрос тIубанго инкар гьабуна, амма гьасул допрос босарав чIаго вукIуг хехго хадув милиционерги витIун вачун вачIуна:

КIиясего иргадал кьурал суалаз гьав хъвазе цIализеги лъаларев доб заманаялъ пред сIоветалъун вукIарав накалда ккезавила ва гьесда тIад уголовное дело гIуцIула.АхIула лъабабилевги: гьев вукIуна киналго нухда тIамурав чанго соналъ дибирлъи гьабурав кIудияв гIалимчи. Дидаса гьесда цо ракIалдаго гьечIого гIадин борчIун ана, гьа, мун щибулев вукIараван? Дунги гIадамн вугелъул илбисалъ махсароде ккун ватилаха.

- ЖахIта-кьал ккана нижеда гьоркьоб гьеб сабаблъунги ккун батилаха.

Гьа, гьанже щибха дуе гьабизе кколеб, гьавщинав чи лъугIизавиялъухъ?

-Щиб тамихI гьабуниги рази вуго.

КIалъазаризе хутIарав 36 чи ахIараб бакIалде рачIиналъухъ баркалаги кьун тIадруссайилан лъазабуна.

Зама-заманаялдаса дагь-дагь ккун гIахьвалазул 53 репрессировать гьабурав реабилитировать гьавула.

Гьелъул хIакъалъулъ 10 томалъул къисса гIела, амма къокъго тани лъикI буго.

Шамхвалида цадахъ ГIади округалъул чрезвычайный комиссарлъун М. Кундуховас 2 сонгIан заман уна.

Шамхвалица Муса ругьун гьавуна магIарулазда гьоркьов хIалтIизе, хьвадизе мажгиталда рузманалда ва жамагIаталда как дин-дин базеги. Гьев цебего как-диналъул шурутIал лъалев эбел-инсуца гьелде ругьун гьавурав ва гIараб хъвай-цIалиги лъалев чи вукIун вуго. М. Кундуховасул къисмат Шамхвалилилго гIадаб ккана, 1931 аб соналда чачаназул ЦIацIан-Юрт росолъ чIвала.

3.10-1920 с. Болъихъ хъала бахъизегIанго Дарбиш МухIамад –ХIажияс 2.10-1920 с. Кьохъ, Муни ва цойгидалги росаби рахъун рукIуна ва 2.10 –1920 с. Муни съезд ахIула щибаб росулъа вакилзабиги ракIаруг хадубккун большевиказде данде къеркьеялъул суалги гьоркьоб лъун.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф.109, Оп.3 , Д. 283 и 284)

9.10-1920 Дагъистаналъул Рагъулав Комиссар Смирновас приказ кьола жиндие мутIигIал рагъулал къватазе, Совет власталде данде чIараб ХIоцесесул рагъулаб отряд хехаб заманаялъ лъугIизабизелъун.

Болъихъ, Гъуниб, Хунзахъ щулалъаби сверун ккола, гьенир рукIарал большевиказул отрядал цоял гъурун, цойгиял асирлъуде ккун рагъулаб къуват чучлъула. Гьел округазул гIемерисел росаби хъахIазул кверщаликье ккола.

3.11-1920 аб. соналъ Дагъистана областалъул вугев 32 рагъулаб часталъул командующий А,И, Тодорскияс Болъихъ направлениялде битIула 176 ва 284 аб. кьвагьдохъабазул полк, Ковалевасул командованиялда гъоркь. Гьединго Лапинилги Богатыревасулги 2 батарея, 3 тIадегIанаб артилериялъул дивизион ва пехотный полкалъул 4 отрядги, 3 гIарадагун.

(Ц.Г.А. Р/Д. КА, Ф.217, оп. 2. Д.79)

ТIоцебесеб образцовй полкалъул хIакъикъат

18.11-1920 аб. соналъ Грозниялдаса Болъихъ хъалаялде битIула Кавказалъул Трудовой армиялдаса ТIоцебесеб Образцовый революц. Дисциплины стрелковый полкаялъул цо рота гурони гъоркь течIеб аскар. 21.11- 1920 аб. соналъ полкалъул комиссар Аузеница Муни росу сверун кквезелъун гьение битIараб полк сверун ккола полковник Шамилевасул отрядалъ ва гьениб гъурула полк живго Аузенги рагъулъ чIвала. Аузен чIван хадуб гьесул помощник Ленорскияс чIаго хутIараб солдатги ярагъги Шамиловасул командованиялъухъе кьола, жал сах-саламатго Россиялде риччазе къотIигун. Гьеб рагъулаб тлатералда чIаго хутIарал командиразул цоял гIодула цойгияз гIайид цоцаде рехула.

Полкалъул командир Фурман – гIенеккун щибго лъугьинчIеб гIадин чIола, гьев вукIуна согIав вуцIцIухIун чIарав, жинда тIадаб командирасул ишги тIубаларев хIалихьатаб гIамал-хасияталъул чи. Фурманица гIамал гьабула живго хехго Дагъистаналдаса ва полковник Шамиловасда абула гьанже жинца гьабизесеб щибилан. Шамиловас рагIи кьола бокьараб заманаялъ Тифлисалде, яги бокьараб Россиялъул шагьаралде витIилилан.

Нахъе хутIарал солдатал цоял командирзабазда рагъулал предателилан, цоял жидер гьалмагъзаби хваралъурго хвелилан чIола, цойгидаз магIу бахъула. Цогиниясул рагIи батуларо полковник Шамиловасул цебелъеялда абизе. Шамиловасул отрядалъ Болъихъ хъала бахъула ва гьавин абизе чи течIого тIоцебесеб кьвагьдохъабазул полкги лъугIизабула гьезухъ букIараб ярагъги патрон течIого нахъе бахъула.

(Ц.Г.А. Р/Д Ф.195, оп3, Д.324)

Асирлъуде ккарал солдатазул хIакъикъат

1920 аб. соналъул 2 октябралъ Болъихъ хъала Шамиловасул отрядаз асирлъуде рачарал солдатал росабалъе рикьула ва гьел жидер гьезда малъизе магIишатияб хIалтIи бугез яги росдал бегавулас иргадал гьезул миллат гьабизелъун бугъун ккараз жидер магIишаталда хIалтIизарулел рукIуна.

Аслияб къагIидаялъ асирлъуде ккарал рикьун рукIуна чIахIиял росабалъ: КIванада, КIаратIа, ГIанчихъ, ТIокIитIа, ГIанди, Гъагъалъ, ТIинди.

ТIокитIе витIула Астарханальул 2 аб. Курсантазул отрядалдасан 2 солдат.

Гьезул цояв ккола ГIумаров Жалалихъе. Жалалихъ щун цо кIиго анкьидаса унтула. Жалалица гьев лъикIго хьихьула. Унтарасе хасел бакьулъ цIибил балагьизе ГIанчихъе уна ва гьенисан цIибилги босун рокъове щваравго цIияб гьанае куйги хъола. Гъоркьгоги чохьол унтиялъ унтарав Штепан гванз куйдул мохмохалъги цIибилалъги дагьавги унтизавула ва заманго бахъичIого къадаралде щола.

Жалалиеги гьесулго гьалмагъзабазеги бокьун букIуна росдал хабалалъ Штепан вукъизе. ЖамагIаталъ гьелъие изну кьоларо ва Штепан хабалазда къватIивехун вукъула.

Гьанжеги Штепанил хобалъул гIуж-мухъ буго. КIиабилев асир Пузиров Николай ккун вукIуна ИмангIалие гьес жиндирго иргаялда посталде витIун вукIуна ХьуцIада ругел нохъабазде, росдал цогидалги гIолохъабазда цадахъ. Гъоркьиял къояз ГIахьвахъе индал гьоболасул жинцаго ретIун босараб буртинаги жиндирго тIагъурги кьун букIана НикIолайихъе. Пузировасда лъалеб букIуна ГIахьвахъ партизаназул отряд букIинги гьениве ине нухги.

АскIорго ругел тохлъизегIанги чIун Пузировас сардилъ нух бахъула ГIахьвахъе. Радакь къватIив вахъарав АхIмадил гьобол КъурамухIамал МухIамадида Магъиштол гохIилъ вахъун чIун АхIмадил ретIел ретIерав чи, МухIамадица рагьдасан ахIула – АхIмад тIаде вачIа, щай гьенив вахъун чIараван. Жив АхIмад вугин ккун ахIулеб букIин бичIчIарав Николайица МухIамад кверхьвагIун жиндихъего ахIула ва партиз. Отрядалъул штаб бугеб бакI цIехола. МухIамадица гьев вачун партиз. Отрядалде щвезавула.

10.12-1920 аб. соналъ цадахъ гьев регIезе чиги витIун Болъихъ хъаладухъе витIула (Ц.Г.А., Р/Д, Ф.8п, Оп..7. Ед.хр.5,Л. 74-75).

Партиз. Отрядалъ росабалъан ракIарун чIаго хутIарал асирзаби Болъихъ хъалаялде ритIула. Хадубккун магIарулазулгун рагъ-кьалалде лъугьине асирлъуде ккун рукIараз инкар гьабула ва гьел 11 аб. армиялъухъе тIадруссинарула.

ТIокитIе чабхъен

ГIахьвалазул партиз. Отряд, сверухъан тIаделъулел хъахIазул аскараздасан оборона ккун ругеб 1920 аб. соналъул сентбралдаса нахъего лъалеб букIуна жидее санагIат ккараб сагIаталъго ГIахтвахъе жанире лъугьине ХIоцосесул аскарал хIадурлъулел рукIин.

Турач ГIамировасул партиз, отрядалъги хIадурлъи гьабула М, Атаевасул ва багIараб Армиялъул 32 аб. дивизиялъул часталгун хурхенги ккун данде жаваб кьезе.

1921 аб. соналъул февраль моцIалъ хъахIазул отрядаз гIамал гьабула ТIокитIа росу бахъизе ва гьенисан гIахьвалазул росабазде гьужум гьабизе, гьединго Хунзахъехун гIахьвалазе нухги къазе.

ГІахьвалазе бакътІерхьудехун Багвалалъеги Зоно кІкІалахъан КІаратІихун бугеб нухги къан букІуна. ГІицІго бакъбаккудаса ТІалакъура магІардаса бугеб нух гурони хутІун букІунаро, сверухъанго сверухъан жанир сверизарун рукІуна.

26.2-1921 аб. соналъ хъахІаз ТІокитІа росу сверун ккола. Гьеб лъарал Турач ГІамировасулги М. Атаевасулги партиз. отрядал 28.2-1921 аб. соналъул сардилъ ТІукитІа росу сверун ккола. ХъахІаз посталда лъуралги пленалъе росун цо гула кьвагьичІого росулъе жанире лъугьуна. ТІокитІаса ГІалигъалбацІилги АхІмадилги кумекги щун тІассияб коялъ хъахІазда кІола ТокитІа росуги, партиз. отрядги сверун ккезе ва кверде рачІин тІалаб гьабула. ХъахІазул къуват 2-3 нухалъ цІикІкІараб букІуна. Партиз. отрядалъ хехго Хунзахъе М. Атаевасухъе ахІи бала ва БагІараб Армиялъул 21-22 полкги цолъун цадахъ рагъулаб къуват ТІалакъура магІардаса ТІокІитІе щола ва 1-2.3-1921 аб. соналъ хъахІазда тІад бергьенлъи босула ва 3.3-КІаратІа ва сверухъ ругел росабиги щибго дандечІей гьабичІого кверде рачІуна, хадубккун кинаб бугониги гъалмагъирги къотІула. Гьеб лъугьа-бахъин кканилан бихьизабулеб буго Дагъистаналъул Имамасул рагъулаб къуват бекараб къолъун.

ГІахьвалазул партиз. отряд ЦІумадехун, хундерил Болъихъехун тІадруссуна. Хадубккун КІаратІа-ТІехнуцал обществоялда халкъалъул къватІире рахъин къотІула ва ракълил гІумру гІуцІула.

Ф. 8п. Оп7. Ед. хр.5 Л.7475.

Деникиние нач. партизанского отряда Ахвахского участка Турача Курамагомедова Самурскому от 9.12-1920 г. (Самурский был Воен.комиссаром Ботлихского направления)

(полный текс донесения)

Товар. Самурскому. Доклад. 9 декабря 1920 г.

Я приехал в Ахвах 4.12 –1920 г. 546 чел. Организовал отярды под командованием начальника Турача Курамагомедова, также я назначил боевым участок начальника тов. Шамхала Салихова. 7 часов утра получил донесения из Аса от веренного товарища Гитиномагома, что неприятель наступает из Гидатлиского моста тов. Омеров где стоял своим отярдом на Георгиевском мосту. Сейчас же мы тоже выступили из Ахваха своими отрядами под командованием Турача в твой тыл неприятелу я приехал 5 часов вечера селение нижный Бакълъухъ и сейчас же послал связь тов. Омарову, связь на этом месте не нашел, тов. Омаров отступил от своего позиция до Татуна ?, я опять послал связь на хутор Татуна и связь вернулся назад часов 10, ко мне, что Омаров отступил до Голотли и также связь не мог находить Омарова, и я 7 часов еще послал усиленную разведку где неприятель и и они верунлись с таким донесением, доехали наша разведка до согратлинского моста и оказалось на неприятельском поста человек 45 и также а также смешно было, что имамские идеи своими войсками но мы не видели то ли толи по слуху.

На это пустяки неправда понаступали на Омарова гидатлинцы и когда он узнал что идет отряд Ахвахский неприятель вернулся свой пункт сел. КъахІиб. И мы приехали 7/12 – селение Нижный Бакълъухъ и 8 число декабря 1920 г. собрал всех жителей и объяснили с тов. Шамхаловым выяснили им почему банди воюют, что им нужно, я тоже говорил несколько слов относительно духовенства они взяли на себя

ответственность и ниж. и верх. Бакълъухъинцы говорили, чтомы будем все мужчины и женщины помогать за Совет власть. Когда мы были сленеии Бакълъухъ организовали из Ниж и Верх. Бакълъухъ 102 человек все ахвахцы записались 208 чел. И тов Шамхал я обещал ему 5000 рубле и красноармейскмй полк, когда товарищ Атаев на участок Бакълъухъ он их отобрал оружие в этом 2-мя сулами Ниж. и Верх. Бакълъухъинцам я обещал вернуть оружие. Я их послал к вам со своими списками и также послал донесение с ним же 9 число я получил донесения КIванада, идут бандиты на Ахвах. Я вернулся назад в Ахвахский участок и послал туда усиленную разведку и ожидаю возвращению разведки также .

Доношу к вам подробно. 3числа пришел из Ботлиха кр. на разбытого 1 полка Пузыров Николай и я тов.

Пузырова отправляю к вам 10 число с одним провожатым. Со стороны Ботлиха все спокойно. Ожидают наших красных. Я приехал 4.12-1920г селение Кудиябросу Ахвахский участок в этот же день я послал человека Караты селения за Героевым а отец его не выпустил и он сам ХIадис пришел ко мне и сказал нежелаю Совесткой власти, а также не пускает своего сына Герея, Муса Кундухов знает об этом кто карета ратающий за Советскую власть, там только работают 3 брата тов Амаров Зубаир, Бадрудин Халидов и все три барата за Совесткую власть.

Нач. отряда (Подпись) Курамагомедов Турач

Нача. Боев. Участка военком Джамаев (подпись)

9/12-1920 г. 9 часов дня.

Там же лист 123

Показание ? селения Тохьота показания Закарья Гасан Гусейн оглы

Письмо Самурскому: Сообщает, что народ обманывает Нажмудин Гоцинского пуганием заставляет участвовать свою армия и так меня и моим сыновьям тоже заставл силой. Оружия у него находится забаранное от Дударовых. . Дударов сам находится в плену в Аракани. Внук Шамиля Саитбай организует отряди обеспечивает грузинским оружием.

С31.10-1920 по1/11-1920 г. по земской дороге Аракани привезли оружие.

У Гоцинского в плену находятся 440-5- русских. О внуке Шамиля нам показывали печать и подпись. В районе Араканы в сел. Балахьуни, Кудутли, Ирагана находятся приблизительно 300 человек Гоцинского.

1920 соналъул декабралъул ахиралда пачаясул офицерзабаз ва имамасул муридзабазул меньшевиказ куркьби гъурал, гуржиязул меньшевиказул вакилзаби Тифлисалдаса Лагадухъан БежтIе, гьанисанги Гьидерил кьоде рещтIуна.Гьез цадахъ босун бачIуна гIемераб ярагъ, гулла-хер, ретIел-хьит, гIарацги.

Турказул вакил – Имам Шамилил васасул вас СагIит-бейицаги гIахьаллъи гьабула жиндир умумузул ватIан капуръиялдаса бацIцIине цадахъ 25 гIан туркавгун. Гьидерил кьода данделъараб мажлис цереккун рукIарал данделъабаздаса цIакъго батIияб букIуна. Гьенир данделъун рукIана Дагъистаналъулги Чачанлъиялъулги бусурабабазул вакилзаби гурелги Гуржистаналъул меньшевиказул хIукуматалъул, казаказул ва турказул вакилзабиги.

Гьидерил кьода мажлисалъ хIукму гьабула Дагъистаналъулги Чачанлъиялъулги имамлъун Шамилил васасул вас СагIид-бек вищизе, ХIоцоса Нажмудин муфтилъун тезеги. Полклвник ГIалиханов Хъайтмаз тезе Рагъулав министрлъун,ТIадегIанаб командованиялъе бетIерлъи гьабизе полковник ЖахIбаров тIамула

Гьеб Рагъулаб командованияб масъала лъола Хунзахъ, Гъуниб хъала бахъизе, гIахьвалазул багIараб партизан щущахъ биххизабизе ва гьезул росабиги рухIизе.

ГIахьвалазул партиз. отрядалъул начальник Шамхвалидаса тIалаб гьабула Чачаналде нух рагьизе ва жидер аскаразде рохалилаб дандчIвай гьабизе.Шамхвалихъе хъвараб кагъаталда букIуна, партиз. отрядгун цадахъ жидер рахъалдехун вуссани гьесие тIадегIанаб хъулухъ-чин кьезе ва гIахьвалазул отряд ретIел-квеналдалъун, чу-ярагъалдалъунги, гIарцудалъунги хьезаризе жидеца тIаде босулилан.

СагIид-Бекица кIиабизеги, лъабабизеги кагътал рачIуна гIахьвалазе хIинкъи кьун, бида лъарал релъинила, росаби рухIилилан. Шамхвалица ахирияб жаваб кьун кагъат битIула – «ГIахьвалаз бихьизабила дуда кин хвезе кколебали хIакъикъияб шаригIаталъул нухалда ва мун гIадинасе жаваб кьолаго хваразул заналги рихьила дуда, капурзабигун рагъулаго шагьидлъаразул. Цо хIалбихье» – ян.

(Ц.Г.А. РIД . Ф.п8, -ОП.3, Ед. хр.л.250)

СагIид-Бекги гьесул отрядги хундерил тIалъиялдаса сверун 4.1-1920 соналъ ГIанди участкаялде рештIуна ва СагIит-Бекица ГIанди округалъул ва Ичкериялъул росабалъан 410-го вакилгун ГIандиб мажлис- ахIула ва Дагъистаналдаги Чачаналдаги рагъул цIа боркьула.

## ЦIумада ва Ункракьалда ккарал рагъал

ГIанди округалде гъорлъе кколел багвалазул, чIамалазул, Ункъракьалъул, Дидоялъул Анцух-Капучиялъул ракьазда ккана граждан рагъул бищунго гIемерал тунка-хIусиял, Совет власталъе гIоло къеркьеялъул заманаялда.

Гьел къвамазул халкъалъе цIияб жолъун букIинчIо граждан рагъулъ гIахьаллъиги.

Гьезда бихьулеб букIана XVI-XIX гIасрабаздаго чанго гIасияб рагъ. Хасго халат бахъараб Кавказалъул рагъулъ гьел къавмаз бищунго цIикIараб гIагхьаллъи гьабун букIуна. Имам ГъазмухIамаддидасан байбихьун ахирияв Нажмудин Имамасде щвезегIанги.

Нажмудин Имамасул заманаялда дандеккана Дагъистаналда граждан рагъул заман.

Нажмудинида лъалаан гьел къвамазул бахIарчилъиги намусги, гьелдалъунин гьел къавмалъулазда аскIов гIагарлъулев вукIаравги гьев.

ГIахьвалазул партиз. отрядалъ чанго чабхъен гьабула гьел рехсарал обществобазде халкъ Совет власталде мутIигI гьаризелъун.

1919 аб. соналъул августалде КIванаде, Хъуштада, Лъондода, ТIинди, Дидоялда, Ункъракьалдалде чабхъенал гьарула.

1920 аб. соналъул 4-7 моцІаз – Хъварши, Эчеда, Агъвали, Ангъида, Акнада, Силди, Гьакъо, Митрада, ва нахъиялги чанго росабалъ ккарал рагъазулъ партиз. отрядалъул 11 чи камула, чангояв лъукъула.

Кинниги Анцухъ-Капучиялъулги Дидоялъул халкъ Совет власталъе бищун ахиралда гурони мутІигІлъичІо.

Эркенлъи ва жалго жидедаго чІей бокьарал гьел къавмазул халкъ чанго нухалъ цолъана жидер ракьалде чияца кверщел гьабиялде ва чияр лагълъиялде гъоркье ккеялде данде.

Гьеб бахІарчияб халкъ гІумруялъул нух чанго балагьазде гъоркье ккана Россиялъул тІалъиялде ккаразул политикаялъул балагьалъ.

Лъаноб ккараб рагъ

1921 с. 6-7 аб. январалъ Совет власталде данде чІараз чабхъен гьабула Лъануб, ЦІекІоб росаби рахъизе. ГІаса, Лъануб, ЦІекІоб, Ракьуб росабазул гІемерисел рукІуна Турач ГІамировасул парт. Ортядалда.

Лъендерил партиз. группаялъул командир вукІуна ГІазизил МухІамад, ЦІолдерил Къурачил Давуд. Гьезул ахІиялда рекъон бетІерлъуда ГІамиров КъурумухІамагун гІахьвалазул партиз. отряд къватІиб бахъуна 6 аб. февралалъ.

7 январалъ лъендерил магъилъ рагъ ккола ва кІиябго рахъалъе гІезегІанго камиялги ккола, кинниги имамасул отрядалъе кІоларо лъануселги цІекІоселги мутІигІ гьаризе.

Имамасул отряд тІадбуссуна гІезегІанго камиялги ккун.

Гьанжениги тІад рагъ ккарал хурзабазда «Гьилъи Хурди» абураб цІар хутІун буго.

ЗанатІа ккараб рагъ

27.1-1921 аб. соналъ Хунзахъ хъалаялда ХІоцоса Нажмудинилгун ГІалихановасул отрядаз жанир сверизарурал партиз. отрядалъулгун БагІараб Армиялъулал хвасар гьаризе унел гІахьвалазул партизан. Отряд ЗанатІа росдада нахъа дандчІвала, росабалъе Имамасул отрядалде рагъухъаби рачине ва отрядалъе хІажаталъе къваригІунеб яргъилгун кванил сурсатазда хадур къватІир рахъарал Имамасул отрядалда. Гьениб ракІалдаго гьечІеб рагъ ккола.

Турач ГІалиевасул партизан. отрядалъе кІола гьел ярагъидаса ратІа васах-саламатго хутІаралги асирлъуде рачинеги.

Партиз. отрядалъулал ками ккечІого рорчІула дандиязе гІезегІанго ками ккола. Асирлъуде ккун туснахъ гьарун рукІарал 14 яв Шамхвалил инсуца СалихІил ХІажияс сардилъ партиз. отрядалъул штабалъул тІадчиясе амруги гьабун нахъе риччала.

Хунзахъ хъалаялда жанир сверизарун рукІарал партиз. отрядалъулги БагІараб Армиялъул 95 яргъил бригадалъулги церехъаби хвасар гьариялъги тІоцебесеб кумек щола гІахьвалазул партиз. отрядалъул, хадур гьел цолъула БагІараб Армиялъул 14 аб. дивизияги.

ЗанатІа росдада нахъа ккараб рагъ цо-цояз рикІкІунеб букІана къисас босилъун, хІахикъаталдаги ЗанатІа ккараб рагъ букІуна цоябниги рахъалъе лъачІогогун цоцада дандчІвайлъун ккараб балагь.

Гьеб иш ккола 1921 аб. соналъул 19 январалъ.

Ф. 8. Оп.7 – Ед.хр. лист 103

14.1-1921 г. нач. отряд Бтлихского направления и военкому отряда Ботлихск. Направления Самурскому

В дополнение к оператив. Доненесению от 14/-1921 г. довожим до вашего сведения об общем политичес. Положении в Андийском округе и о планах бандитов.

I. После разгрома дидоевцев под Гинучутлем, дидоевцы отказались выступать на фронт и направились в свои ущелья? ? что не выступать дальше своих домов и будут драться только в том случае, если неприятель придет к порочам их жилище.

II. Среди жителей Андийского округа нет единодушия и только кулаки – поддерживают восстание.

III. 4/. –1921 в сел. Анди приехавщим туда Сант-Бегом, было устроено собрание, куда пригласили по 4-10 делегатов из каждого куда Андиского округа а также из некоторых аулов Веденского округа (Чечни) на этом собрании было постановлено:

1) Поднять восстание в Чечне для каковый цели в месте с делегатами чеченцами направить в Чечню агентов из Дагестана от имени Саид-Бега.

2) Собрать вновь силы и во чтобы ни было взять селение Хунзах и вырезать в этом селении все населения.

3) Попытаться взять крепость Хунзах и если это окажется невозможным, то осадив крепость направить на Ахвахский участок и разгромить этот участок который является главным тормозом по пути в Грузию Это сообщение сделал мне посланный мною в Анди верхный отряд Терской группы Красной Армии движется энергично в Андийский округ именно потому, что агентам Саид-Бега удается вызывать брожене и в Чечне и командование считается с этим фактом.

Саид-Бегу удается все собрать 1000-1500 из Андийского округа для удара на Хунзах. Ввиду этого считаю необходымим принять меры предосторожности и стянуть наши силы в котором они находились до взятия Тануси, Чондотля, Гоноха – немедленно и нанести поражения бандам вновь под сел. Хунхах или в районе крепости.

IV. Ахвахский партиз. отряду отдать приказ очистить район Ботлихского участка до сел Заи и где соединисться с отрядом Атаева и по этой дороге снабдить Ахвахский партиз. отряд чем будет возможно.

После этого Ахвахскому партиз. отряд возвратится в свой район и вновь закупорить этот весьма важный стратегический пункт, который имеет также весьма важное политическое значение, ответ жителя Ахвахского участка Саид-Бегу на его требования пропустить и подчиниться бандам заключил слова : “Вы предпочитаете казаков и разорение народа свободе – приходите и мы поможем и ? ахвахцы умирать за свою свободу и истинный шаригIат” – ответили ахвахцы и это произвело большое впечатление. Падение Ахвахского участка означало для нас быть может большее полученное зло чем падение одной из крепких крепостей т.к. на их точку зрения ? становится многие другие населения.

Военком Ахвахского партиз. отряда Джанаев.

Ф.8. Оп.7. Ед. хр. 5 лист109.

Начальнику Ботлихского направления и военкому отряда т. Самурскому

Довожу до вашего сведения со слов приехавшего для связи с партизанами Ахвахского отряда Хаджимагома Эхунова следующее:

I. Партиз. отряд т. Шамхала Салихова имел бой с противником из сел. Заната у Коорского поста, у сел. Тлянуб и у входа в Ахвахское ущелье со стороны Караты. Во всех этих боях противник был разбит без потерь со стороны Красных партизан тоже незначительные потеры и операция противника не удалось. Тем не менее Ахвахский партиз. отряд истратил свои огне? И это делает положение Ахвахского партизан трудным.

II. Кроме того там же партизан ездив в штаб Ботлих сообщает, что отряды Красн. Армии двигаются в Андийский округ со стороны Ведено через Карк? Перевал на сел. Анди и требует….. стороны Дылым Хасавюртовского округа через Буртунайские высоты на сел. Артлух, со стороны Дылыма двигается значительные силы противника.

III. Политическое положение в Андийском округе такова:

Дидоевцы ушли к себе. Каратиснкий участок не выступает, держится пассивно. Ботлихцы тоже пассивны. Идет работа по организации восстания в самом Ботлихе, остальные участки отправлятся все всевооруженные банды на встречу двигающимся Красным частям. Главные силы бандитов сосредоточены в районе сел Аргъвани для тражения Коасных идущих со стороны Дылыма на Артлух настроение бандитов подавленное. Среди бандитов работают наши агенты.

Воен. Комиссар Ахвахского партиз. Отряда Джанаев.

22.1-1921 г.

22.3.1921 аб. с. Дагъ.Ревкомалдасан тIалаб гьабулеб буго кьезе бихьизабун букIараб, амма фронталдаса ратIалъизе санагIалъи ккечIого босичIого хутIараб 1070 пуд ролъул, 87 пуд цIамалъул, 80 пуд нарталъул, 13 пуд танхьилги биччаялъе тадбирал гьареян. Шамхвалил тIалаб Дагъревкомалъ къабул гьабула ва партиз. отрядалъе босичIого хутIараб продукция биччала.

22.5-1921 аб. соналъ данделъараб Дагъ. Ревкомалъул заседаниялда тасдикъ гьарула Дагъистан Республикаялда округазде ревкомазул председателал таIмиялъул хIукму.

ГIанди округалде Шамхвал, Авар округалде – Качалов, Гъуниб округалде Элдаров М-х, Даргиязул округалде -ХIасанов М-д, Кюриналде - Тихомиров,Хасавюрталде- Мамаев, Самуралде – Керимов, Темир-Хан-Шура Путишкин, Табасараналде -Тагиев, Гъази-Гъумекив - ХIажиев ХIадис, Дербенталде – Шестополов, Терскиялде – Полин, заместительлъун Фрибусги тIамизе.

Гьебго заседаниялда хIукму гьабула Шамхвалие рагъулъ ккараб зарал – чIвараб чуялъухъ ва гранатаби кьвагьун рукъалъе ва хвезабураб къайиялъулги зарал бецIизе. ХIукму гьабула: ккараб зарал бецIизе ва байбихьуда Ревкомалъе чуял росизе 1.500000 гъурущ гIарац биччазе.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р-4, Оп.3, Д.5)

ГIахьвалазул партзаназе Дагъревкомалъ кьола 1920 аб. соналъ 4480 гIаршин бязалъул,1860 пуд ролъулгун пурчIинаялъул, 7.974000 гъурущ гIарац, 120 туманкI (МахIачил) 4800 патрон, 1 ручной пулемет ва гь.ц. 1921-22 аб соназ кьола: 1690 пуд ролъул, 4890 гIаршин бязалъул, 5.340000 гъ. ГIарац, 160 пуд пиринчIалъул, 16 пуд нарталъул, 24 гилавка танхьил, 30 ведро чагъиралъул, 436 жут ратIлил, гьедигIанго хьитал, гъоркьан ретIелги, 315 чиясе щибаб моцIалъе харжги.

Рагъулъ тIокIлъи-бахIарчилъи бихьизабурал кIодо гьарула орденал-медалал, грамотаби, къиматал сайгъал кьун.

10.5.1921 аб. соналъ Дагъистаналъул Ревкомалъул комиссиялъул хIукмуялдалъун ГIахьвалазул партиз. отрядалъе Нарком. Земалъ росдал магIишат рукIалиде ккезабизе 9.450.000 къадаралда гIарац биччала. 15.7.- 1921 аб. соналъги ГIахьвалазул партиз. отрядалъе биччала 1.835.200 гъурущ №110,111,112 ревкомалъул протоколазда рекъон партизаназе бащадго бикьизелъун.

27.7-1921 аб. соналъ Дидоялъул фронталда къварилъиялде ккарал 42 партизанасе кумек гьабиялъул списокалдаса дагъревкомалъ гIарац ва мануфактура биччаялъул баян.

(Ф-Р,-37, Оп.18,Д-34)

15.4.-1921 аб. соналъ Дагъревкомалъул совещаниялъ хIукму гьабула Шамхвал ГIанди округалъул Ревкомалъул председательлъун вищиялда бан ГIахьвалазул партиз. отрядалъул начальниклъун КъурамухIамадов (ГIамиров) тIамизе. Гьебго совещаниялда хIукму гьабула Дагъистаналда ругел чанго партиз. отряд цолъун 6 партиз. отряд гIуцIизе. Гьел партиз. отрядазде гъорлъе ккола 2225 чи, гьездасан рекIарал –1575, лъелазул –650 чи.

ГIахьвалазул партиз. отрядалъе къадар чIезабула 100 рекIарав ва 200 лъелав партизан.

(Ц.Г.А. ДАССР Ф-Р4, Оп 3, Д.47, Л28)

Протокол слвещания представителей Даг. Ревкома и полевого командования по вопросу о строительстве партизанских отрядов.

15 апреля 1921 г.

На этом совещении присутствовали Предю Дагревкома Габиев, Дагвоенком Зусманович, воен. Комиссар 14-й дивизии Аронштам, нач. 14-й дивичзи Штейгер, нач. пол. Отдела 14-1 дивизии Попов, Военком шатаба 14-й дивизии Бромсон, уполном, Дагревкома Ханмагомедов и нач. партиз. отрядов: Атаев, Караев, Османов, Шамхвал

Слушали:

1) к-во отядов из доклада выяснилось что в пределах Дагестана действует 7 крупных и несколько маленьких партиз. отрядов:

1) Сулейманова -150 чел. 2) Омарова -219 ч. 3) Караева –230, 4) Атаева –380, 5) Османова –161, 6) Шамхвала 300ч. 7) Хасанова Унцукуль –300чел и мелькие партиз. отряды годоберинцев –110, ботлихцев –67, хоорцев –33, гелеменцев –133 чел.

Всего из них 980 пеших, 950 конных =1930 чел.

Постановили: Принять предложение тов. Габиева об оставлени в пределах Дагестана 5 действующих партиз. отряда: хасавюрт, Гунибск. Аварск, Андийск.

Кумухских округах в сред Дагестане (Унцукуль-Аракани, Гергебиль?) и сводный резервный партиз. отряд Темир-Хан-Шура, наименование партиз. партиз. отряда присвоить по имени племены.

Слушали: Колич. И комплектование партиз отрядо.

Постановили: 1) Кумухском округе до 17 эскадрона – 120/50 пеших, Андийском 100/200 чел., Аварском – 150чел., Гунибск. 100/200 чел. Сред. Дагестане 105/190, Хасавюрт. 300, свод. партиз отряд 500 чел.

Слушали: Ком. Состав, числ. сабель, знамен пеших.

Постановили: Во главе отрядов начальником поставить: Хасавюрт. Османова, Андийского Турача Курамагомедова, Аварского - Хашти Хафилева, Гунибском Кольдуева, сред. Дагестане – Караева, Кази-Кумухского……… сводного отряда Атаева.

Политработа в партиз. отрядах вести заинтересованы партийно-политическими органами.

Действующие партиз. отряды остаются в оперетивном подчинении полевого командования, во всех прочих – тройке Даг. Военкомата.

1920 аб. сональъул декабралдаса хадуб чанго нухалъ Дагъ. Ревкомалъ цебе босулеб буго Дагъистаналда Совет власталъе гIоло жидеца бахIарчилъи бихьизабурал Красн. Партизаназе ва гьезул командиразе пачалихъалъул шапагIатал кьеялъул хIакъалъулъ суал. ТIоцебе Дагъистаналда пачалихъалъул шапакъатазе мустахIикъаллъун ккун руго Шамхвал, О. Османов ва Р. Нуровги, Н, Самурскийги М. Атаевги "Боевое Красное знамя" орденал кьезе.

Хадубккун Дагъистаналъул Ревкомалъул ихтияралде битъун бачIуна 10 Красн. Знамя орден, ярагъ, ретIел, гIарацги, гьелдаса хадуб 1921 аб сональъул сентябралда бачIуна 55 орденги, 42 меседил сагIатги, 10 "наган" таманчаги ва гьел рикьула 4.10-1921 аб. сональ рагъулъ тIокIлъи бихьизабурал партизаназе ва командиразеги.

(Ц.Г.А. РIД Ф-Р-37, Оп.18, Д.3)

15.4-1921 аб сональ ГIахьвалазул партз. Отрядалъул 315 партизанасе Дагъ.Рев.комалъ 315 ретIел, тIощел, ххам, чакар, нарт, цIам, тамахьо битIун бачIуна ва съездалде рачIарал партизаназе харжалъул гIарац 1920 аб. сональъул ноябралдаса 1921 аб. сональъул апрелалде щвезегIан.

Шамхалие- 40 азарго гъурущ.

ГъазимухIама ГIакIвачали -29 азарго гъ.

ХIаид Мехиевасе – 29 азарго гъ.

ИмахIо ДенгагIалиевасе- 24 азарго гъ.

МухIамад Нуцалхановасе- -24 азарго гъ.

ХIабиб Гъазиевасе – 24 азарго гъ.

Идрис Ражихановасе –24 азарго гъ.

Нахъиял мухъилал партизаназе щивасе 6 азарго гъурущ киналго партизаназе кьун буго 1.791.600 гъурущ. Гьединго партизаназе квен-тIех, кIалцIи, нарт-цIул, хер, тамахьо, тIикъва-магI босун харж гьабураб 1.100 азарго гъурущги бецIула Дагъ.Рев.Комалъ ва 120 шинел, киналго партизаназе ретIел-хьитги кьола 4.10.1921 аб. сональ

(Ц.Г.А. Р/Д Ф-Р-4, Оп.3, Д.47, л. 25.-182).

Шамхалил партизаназул отрядалда 1918-1922 аб. соназ ХIоцоса Нажмудинилгун Деникинил ва цойгидалги Совет власталде данде чIаралгун рагъазулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло пачалихъалъул шапакъатазе мустахIикълъаразул сияхI:

1. Адилгерей Дахадаев – БагIараб байрахъ орденалъе – Москваяоъул курсантазул 2 аб. рагъулаб бригадаялда цадахъ ГIанди росу щибго кьвагьи ккечIого кверде босиялъе гIоло.

2. Таймасхан КъурамухIамадов - чанго фронталда пленалъе дандиязул рагъухъаби росиялъе гIоло ва рагъулъ бихьизабура бахIарчилъиялъе гIоло.

3. Сулейман МутагIилумов 1918-1921 аб. соназ ХIоцоса Нажмудинил боялде данде гьабураб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло.

4. ХIажимухIама Эхунов – партиз. отрядалъул пулеметчи ва чанго нухалъ рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло къиматал сайгъат ва ВЦКалъул грамотаби кьун руго:

5. ХIадис Чундаловасе-
6. КъурамухIама ГIамировасе
7. Жаватхан ИтIериловасе
8. ШугIайб ГIабдулгIазизовасе
9. МухIамад Хирачовасе
10.Тахту ДибирхIажиевасе
11. АюбхIажи Бакъовасе
12. ХIажияв ДегIенчоевасе
13. ХIабиб Гъазияевасе
14. ГIали ражихановасе
15. ГIалибег Юсуповасе
16. ГIалибулат Муртазалиевасе
17. ЯхIия ГIалибеговасеги.

(Ц.Г.А. Р/Д Ф-Р-37, Оп.18, Д-3)

ГIалихIажи КъурамухIамадовасеги ХIажияв ДегIенчоевасеги “наган” тунчул кьун руго. Таймасхан КъурамухIамадовасеги меседил кисинир лъолел сагIтал сайгъаталъе кьун руго.

ГIахьвалазул партиз. отрядалдаса Совет власталъе гIоло къеркьолел рукIаразул чангояв вихьизавун вукIуна пачалихъалъул шапакъатазе

ДагъЦИКалъул наград. Комиссиялъ СССРалъул РВСялде: Протокол №3 10.1.1928 аб. соналъул ДагъЦИкалъул хIукмуялдаса: 1) Чундалов ХIадис,тIадмагъилев.2) ГIазизов МухIамад –лъанусе.3) Эхунов ХIажимухIама – изаносев.4) Мусахъаев Ибрагьим- тIадмагъилъев. 5) Турач ГIамиров – кIудиябросулъев ва 1930 аб. соналъ ЦIунтIа багъарараб восстаниялда ккараб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло “Рагъулаб БагIараб байрахъ” орденазе рихьизарун руго. Гьел киназего орденал кьечIого СССРалъул РВСялъул

хIукмуялдалъун грамотаби ва тIолазего гIарцул, меседил кисинир лъолел сагIтал сайгъаталъе кьун руго.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р-37, Оп.27, Д..40, л.9)

Протокол №4 11.1-1928 аб сон.

ДагъЦИКалъул комиссиялъул хIукмуялдалъун грамотаби ва къиматал сайгъатал кьун руго СССРалъ 10 сон тIубаялъул хIурматалда 20.9. 1928 аб сон:

1. Мусахъаев Ибрагьимие – тIадмагъилъев
2. МухIамадов Адуе – тIадмагъилъев
3. НурмухIамадов МухIамадшарипие –тIадмагъилъев
4. ГIалиев Агълархание – гъагъалъев
5. Гъазиев НурмухIамадие –кIудиябросулъев
6. Къурбан ГIандийскиясе –болъихъев
7. ГIамирханов Нуцалхание – гIандисев
8. Юсупов ГIалибегие – болъихъев
9. ХIажиев МухIамадие – тIокитIасев
10 Амирханов Жамалие гIандисев.
11. ТIалхIатов Нажмудиние- гIандисев.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-Р-37, Оп.23, Д.45)

Цереккун ГIахьвалазул партиз. отрядалда рукIарал 1928 аб. соналъ округал районазде рикьун хадуб КъахIиб районалде ккарал югалъул гIахьвалазул Лъаноб, ГIасаб, ЦIекIоб, Ракьуб росабазул партизаназеги кьун руго пачалихъалъул шапакъатал:

1) МухIамад ГIазизовасе
2) Къурбан ГьитIиновасе
3)ШугIайб ГIазизовасе
4) Званки МухIамадовасе
5) Ибрагьим Валихановасе
6) Къурбан ГIумар МухIамадовасе – лъаносел.
7) МуртазагIали МухIамадовасе – ракьусев, 8) мухIамадтIагьир малачиевасеги – ЦIекIосев.

(Ц.Г.А. Р/Д.Ф-Р-37, Оп. 23, Д.83).

Дагъистаналда Совет власталъ 10 сон тIубазабиялъул хIукмабазда 20.9-1928 аб. соналъ Дагъ ЦИКалъ грамотаби кьун руго №821 аб. положениялда рекъон.

1) МухIамад НурмухIамадовасе – ЦIекIоб
2) ХIайдарбег МухIамадовасе- Изано
3) ШагIбан ГIабдулаевасе – Ракьуб
4) МухIамад ГIазизовасе – Лъануб
5) Званки МухIамадовасе – Лъануб
6) МухIамад ЦIодоровасе – Лъануб

(Ф-Р-37, Оп.23, Д.50)

Дагъистаналда Совет власть щула гъабиялъе гІоло къеркьарал Шамхвалил отрядалъул партизаназе 50 сон СССРалъ тІубаялъул хІурматалда пачалихъалъул шапакъатал кьун руго 1967 аб. соналъ:

I. «Боевой Красное Знамя» орденалъе

1) МухІамадов Адуе – тІадмагъилъев

2) Дибиров КъурамухІамае – кІаратІисев

3) ВелимухІамадов Асадуласе – гьимерсосев.

II. "БагІараб цІва" орден кьола:

1. ГІалиев ИмахІое – кІудиябросулъев

2.ГІамиров Темирхание – кІудиябросулъев

3. Гъазалиев КъурбангІали – кІудиябросулъев

4. Гъазиев НурмухІамае – кІудиябросулъев

5. Гъазиев ХІабибие – кІудиябросулъев

6. ДибирхІажиев Тахтуе – изаносев

7. Лабазанов тІенчІасе – лъибищосев

9. ХІадисов ХІайбулае- кІудиябросулъев

10. ЦІахІилов Ибрагьим –тІунсикьев.

II. "За отвагу" медал кьола:

1. ХІажиева ЗулхІижатие- тІадмагъилъей

2. Къурбанов Тажудиние –тІадмагъилъев

3. Къурбанов ХІайбуласе- тІадмагъилъ

4. СалихІов МухІамадие – лологъонилъев

5. Эхунов ХІажимухІамае- изаносев

6.Шамхвалов ГІисалмухІамае – кІаратІисев

III. «Боевые заслуги» медалал кьун руго

52 партизанасеги. ГІахьвалазул партиз. отрядалъул 89 чиясе СССРалъул Верх. Советалъул шапакъатал щола.

(Ц.Г.А.Р/Д, Р-352-Оп,37,Д.4.)

Военкому политич. Отдела бригады отд. Дагестана

Доклад

На основании бригаде адм. от 20.9.1921г. за № параграф 1 утвержденный председателем Даг. Ревкома тов. Коркмасовым и зам. Нар. Вонкома тов. Умицким, я представитель побрига Моллаев выехал из города Буйнакска 21.9. с/г и прибыл в село Ботлих 26.9-21г. откуда с представителем Даг.Ревкома тов. Шамхалом выехали в село Тинди, куда собрал весь Ахвахский эскадрон. 26.9.21 г. Мы с Ахвахским эскадроном которой командовал тов. Турач в количестве 103 человек выступили по маршруту ТІинди-Эчеда-Сагада-Шаури-Кидеро-БежтІа-Кьадал-Тлярота-Къамилюхъ-Тилиб-Магар-Тлерош-Урада—Асса и Кудиябросу.

Цель нашей поездки было совещения настроения местного населения и обнаружении бандитов в округах. В проехавших нами районах по всем собранным сведениям у граждан и тоже по принятим мною мерам как-то секретные разъезди и разведки посылка агентов среди своих товарищей в среди крестянство показало что ней бандитов. Имеется только 3 беглеца в Бухнадинском участке от которых до сего времени ничего замечено не было. В Бухнадинском участке замечали еще следующее: Ввиду не исправности дорог проехать было очень трудно, мы два дня раньше до нашего прибывания в с. тлярота председатель Бухнадинского учревкома тов. Али – Вас сообщили и просили чтобы сиправили ? некоторых местах дорогу, по этой тов. Не считался с нашей просьбой ? исправил таковую, когда мы прибыли в село и стали просить об отводе помещении для бойцов и снабдить фуражем тов. Али-Вас совершенно отказался оказать возможное содействие также было заявлено некоторыми гражданами, что тов. Али-Вас скрывается своем районе выше упомянутых беглецов и кормить их, считав своим долгом сообщил одействиях Али-Вас тов. Председателю Гунибского окр.ревкома и вошел в ходатайство об отсранении его с должности и как неблагонадежного элемента.

Тленсерухский участок

По прибытии всело Ириб нам сообщили, что нач.милиции сего участка тов. (Мусалов Гаджи или Мусаев Гаджи непонятно) узнав о нашего приближения за место того, чтобы встречать и оказать содействие, скрылся чувстыуя за собой вину так, как он был нач. пулемет. Команды у бандитов и являлся убийцей брата председателя Андийского окрревкома, а теперь занимает соответственно должность, что не очень желательно граждан и просять входить в ходатайство об отстранении его от занимаемой должности.

Гидатлинский участок

При выезде из села Тлерош мною секретно было сообщено пред. Уч.рев. тов Мусаеву что едете Ахвахский эскадрон для которого необходимо отвести ? чтобы не беспокоить жителей и также приготовить фуража, не поезжая до села приблизительно в полуверстах к нам навстречу из села прибыли милиционер с ултиматумом, что пред.ревком не жалеет чтобы Ахвахский эскадрон прибыл в село Урада, если не будет исполнено приказание пред.учревкома то вынуждени будут отстоять вооруженной силой, не смотря на такое предупреждение я обезоружил милиционера, до выяснения действительного сказанного это и заехал в село где я встречал пред.учревкома тов. Мусаева, который и сказал, что я посылал милиционера для того, чтобы показал вам ближную дорогу. Милиционер для своих личных интересов сообщил иначе, что могло-бы дать безумное отношение к службе милиционера нужно было привлечь к ответственности почему и предал его уч. милиции для привлечения к законной ответственности.

По дороге из села Тлярота некоторые лошади с нашего эскадрона пали, 10 лошададей из-за отсутствия корма и от усталости стали отставать и необходимо было у местных властей просить свежих лошадей для данльнейщей поездки, почему

и было взято 10 лошадей разных сел. Обществ с условием вернуть лошадей по представлен наши усталых оставленных у тех граждан у кого взято было и лошадей.

Во всех селах, где мы было прочитаны лекции по разным темам и также объянял гражданам, что такая Советская власть для кого это и кто должен ее защищать – разница Советской власти с империалистическойгосударством права граждан- крестьян при старом режиме и при Советской власти, кто такие были Гоцинский, Халилов, Алихановы, Нури-Паша и Казим-Бей и к чему эти элементы стремились: Везде где я поговорил с бедными крестьянами Дагестана, все с великим удовольствие слушали, и после окончания митинга принимали клятву и давали честное слово, что не будет обманутым и не изменять Сов. Власти и если появятся антисоветие агенты, то арестуем и отправляем в окрревком для привлечении к ответственности.

Когда я прибыл в село Арказ встретился с ком.бригом тов. Атаевым, который и передал , что председатель Гунибского окревкома жаловался на наш эскадрон, что будь-то бы мы насильно отбирали у граждан лошадей, налогали на граждан контребуцию и отстраняли от должности сотрудников, но это есть ложная клевета и ленивая придирчивость и ненависть товарищу пред. Окруж. Ревкома Андийского округа. А дело было там так как, я выступил совсем докладом и без согласия и ведома местных властей ничего не было все сделано было законно и официально. При выезде эскадрона из сел я допрашивал у граждан нет жалобы и не жалуется на бойцов, но ни одного жалобшика не встречал. Донося все выше узложенное до нашего сведениях прошу ходатайствовать нашего объяснения об эскадроне упомянутом ложным пятном.

Представитель политотдела Бригады.

(на этом походе лошади и вещи были оставлены в сел. Силди, 42 лошадь)

Моллаев Кюринский (Эфендиев).

Там же

3.11-1921 г. прибыли Ахвахский партиз. отряд для празднования 4-летия Октябр.рев. в Темир-Хан-Шура до 3.12. поместились в Н.Казанище 136 человек.

## РЕПРЕССИИ УЧАСТНИКАМ ГРАЖДАНСКОЙ.

В.М.Н.Я. къотIун рукIаразул угол делабазда жанир лъун руго реабилитировать гьарилелде цебе гьел унтун хвараллъун батIи-батIияб унтиги бихьизабун, батIи-батIияб заманаялъ.

Гьезул делабазухъ халгьабулелъун ратана:

Шамхалов Наваба – I/XII-1941 абилеб соналъ туснахъалда хваравлъун

ХIажиев ХIусейн – 22/VI-1942 аб. соналъ хваравлъун

ГIамиров Таймазхан – 13/VIII – 1941 аб. соналъ хваравлъун

ДегIенччиев ХIажи - 10/II – 1943 аб. соналъ хваравлъун

ГIамиров АлихIажи - 20/ VII-1943 аб.соналъ хваравлъун

(Ц.Г.А. Р/Д репрессировать гьаруразул дело N 2.3710 том 2 аб.томалда)

Гьеб баян гьересияб букIин чIехабулеб буго хадусеб баяналъ.

Справка

МГЮ ДАССР, отдел «А» от 8/VIII-1951 г.

1.Амиров Таймасхан – 1902 г., осужден особый тройкой НКВД ДАССР протокол N51 7/I-38 г. к В.М.Н, приговор приведен в исполнение 22/VI-1938 г., Архив след.дело N 18582.

2. Амиров Алигаджи – 1884 г. осужден особый тройкой НКВД ДАССР, протокол N51, от 7/I-1938 г. к В.М.Н.

Приговор приведен в Исполнении 22/VI-1938 г. Архив следств. Дело N 18582.

3. Шамхалов Наваби – 1907 г., осужден особ. Тройкой НКВД ДАССР по протоколу N51 от 7/I-1938 г. к В.М.Н.

Приговор приведен в исполнении 22/VI-1938 г. Архив следств. Дело N 18582.

4. Денчиев Гаджи – 1895 г. осужден особ. Тройкой НКВД ДАССР 7/I-1938 г.

Приговор приведен в исполнение 22/IV-1938 г. и т.д.

Гъадинал цоялъ цо гъереси гъабурал жал гIемер руго репрессировать гъаруразул угол.делоялда жанир хадурхун рукъун.

Репрессиялъул заманаялъ органазда хIалтIулел рукIун реабилитациялъул заманаялъги гъенирги хутIараз ва гъезул гъудул гъалмагълъиялъ гIамал гъабула жодоца цереккун кьун рукIарал мацIихъанлъиялъул гIарзаби ва суровалъул протокол уголов.делабазда гъоркьоса тIагIинаризе.

Угол.делабазул хал гъабулаго цIех-рехалъул органазул хIалтIухъабаз яги гъезул нухмалъиялдалъун гъел делаби кодор щвараз гъоркьоса рахъун руго гIезегIанго нумеровать гъарун рукIарал тIамчал.

Киналго репрессировать гъаруралшинал рукIуна граждан рагъул заманаялъ совет власталъе гIоло къеркьолел рукIарал БагIарал партизанал, гъезул церехъабилъунги рукIуна ГIахьвахъа Шамхвалги ГIамиров Турачги.

ГIахьвахъа Шамхвалил кIиявго вацги живгоги Совет власталъе гIоло хун рукIуна.

ГIамиров Турачил инсул вацги вацгIалги СоветвласталъегIоло къеркьолаго чIван рукIуна живгоги вац АлихIажиявги чамго нухалъ рагъулъ лъукъунги рукIуна.

Совет власталъуй гIоло гъарурал хIалтIабазе гIоло гъезул чамгоясе орденал медалал, ва рагъулал грамотаби гъединго къиматал сайгъаталкьун рукIуна.

ГIахьвалазул кIкIалахъ букIинего букIинчIеб Совет власталде данде чIараб восстаниялъул гIайиб гъезде гIунтIизабиялъе гIилалъун ккола, ГIахьвахъ Шамхвалил БагIараб партизаназул къоркъаялъ Совет власталде дандечIаразда щвезабураб чамго кьаби ракIалде щола ЦIадаса ХIамзатил гъал рагIаби, хъай кьабун совет хIукумат. Гъеб кьаби щвезаруразул лъимал, гIагарлъиялъул хIукуматалъул хъулухъазде цо-цо гIадамал рорчIи ккана гIемерисел революционерал репрессировать гъариялъе гIилалъи кIиабизе абуни тухумазда гъоркьоб букIараб бидулаб тушманлъиялъуги рецIел босизе ресщвей. Лъабабизе хIукуматалъул хъулухъал жодохъе щвей мурадалда.

Гьеб киналъего нух рагьараб «Русский мужик» - асул къуват бихьизабизе ва церекун гІурусазулгун рукІарал рагъазухъ ккарал камиязе гІоло Дагъистанияздаса Ломоносовас ва Сорокиница ва гьезул къисас босиялъул политика сихІирго Дагъистаниялги цо-цоялъ тІамун тІубазабизе кІвейги. ХІакъикъаталда 1930 аб. соналъ Совет власталде данде чІараб яргъид гІуцІараб ЦІунтІа - ЦІумада районазда багъарараб восстания гІодоб буссинабурал гьелгун къеркьарал кколаан Турач ГІамировасул командаялда гъоркь ГІахьвалазул БагІараб партизаназул отряд.

Гьеб восстаниялде данде къеркьарав гІахьаллъаразул 29 БагІарав партизан репрессировать гьавуна 1937 аб.соналъ восстаниялде гІахьаллъунилан.

Шамхаловазулги Амировазулги угол.делабазул хал гьабулагоги ратана гьоркьоса рахъарал тІамчал.

Гьезул угол. Делабазул цІидасан халгьабиялъе гІилалъун ккана 6-го яв сагъ-саламатго ватІаналде тІад руси.

1. ГІамиров Темирхан
2. ГІамиров Садрудин
3. Шарипов АхІмад
4.ГІамиров АбдухІалим
5. МахІмудов Мала
6. Шамхалов ГІисалмухІамаги.

8 сон туснахъги и борхун тІад вусарав ГІамиров Темирханица суал борхулеб буго Ц.К. ВКП(б) ялъул секретар Н.С.Хрушовасда цебе 20/II-1955 абилеб соналъ 20го тІамачалда хъвараб гІарзаялда, жодое Совет власталъул органаз гьабураб такъсирлъиялъе букІине кколеб къимат кьейилан.

ЦК ВКП(б)ялде битІараб ГІамировасул гІарза хасаб контролалдаги лъун 15/III-1955 аб. соналъ «Вход. N2683 от 4/IV-195 г. N 100167 СКВО прокуратуралъе хал гьабизе битІула.

Гьеб гІарзаялда рекъон гьабураб цІех-рехалъалъул хІасилалда СКВО прокуратураялъ протест хъвалеб буго:

«Военный трибунал СКВО протест (В порядке надзора)
29/III-1955 г. N 10/ф – 43440 – 38/06586

Решение пройки при НКВД ДАССР от 7/XII-1937 г. в отшении Амировых и Шамхаловых за Главного Военного прокураро Полковник Юстиции Б,Викторов

Отделение N2/178/56 – секретно

Военный трибунал СКВО от 19/III-1956 г. по преставлении главного Военного прокуратуры решение тройки НКВД ДАССР от 7/XII-1937 года отменить и дело оных дальнейше производства за отсутствие преступления прекратить.

Гьел киналго реабилитировать гьарула, чІаго русарал цебесебго парт стажалда партиялдеги росула.

Репрессировать гьаруразул конфисковать гьабун букІараб магІишаталъул угол.делабазда гьоркьобе лъугІизарун гьезухъан кодоса яги авалалдаса бахъараб буголъиялъул описал.

Гьелдалъун гІицІго мина-рукъ бахъаразе дагьа-макъабго конфисация щвана, нахъияб гІи-боцІух яги рукъалъул къоялъухъ щибго хІукуматалъ рецІел кьечІо.

Тушманлъи гьоркьоб ккун рецІел босизелъун, партиялъеги хІукуматалъеги берцин рихьизе, хъулухъ тІалъи щвей мурадалъе гІоло, ракІалъул чІегІерлъи-гІассилъиялъ мацІал гьарун гІумруялдаса ратІа гьарурал яги Сибир къотІун ритІаразул къадар 50 ялдасаги цІикІула, гьездасан 17-го яв тройкаялъул хІукмуялдалъун чІвала, нахъиял Сибиралда, туснахъазда холо, гІицІго 6 чи гурони тІад вуссунаро.

Совет власталъе гІоло хІурияталъе гІоло къеркьолаго хварав 27 ясде тІаде совет власталъ чІварав 43 чи рикІун ВатІанияб рагъулъан тІадруссинчІел 257 чигун цадахъ киналго 327 бахІарчиясул рухІги бичун босана ГІахьвалаз Совет власть.

Гьенир гьоркьор рачун гьечІо щибго гІилаги гьечІого туснахъазда тІагІизарурал анцІ-анцІ чи, ва Совет власталъ гІакъуба кьун къварид гьарун хваразул сияхІги. ГІахьвалазул Совет Власталде данде чІараб кулаказул яргъид гІуцІараб восстания кидалниги букІинчІо ва ГІахьвахъ кулаклъун гьавизе жиндир магІишат бугев чиги вукІинчІо, хасго 1930 аб. соналъ ЦІумада-ЦІунтІа багъарараб востания гІодоб буссинабизе хІаракат бахъаразул цоявлъун кколаан ГІахьвалазул парт.отряд. Гьев восстания гІодоб буссинабиялъулъ бахІарчилъи бихьизаруразе кьурал пачалихъалъул наградаз ва сайгъатаз бихьизабула ГІахьвалал гьеб заманаялъ совет власталъул рахъ ккурал лъун рукІин.

1931 аб. соналъ НІахьвахъ восстания букІарабин абураб хабар баккараб буго доб заманаялъ ГІанди округалъул нухмалъиялде ккарал цо-цо парт отрядалъ гІадамазул цІаразул чагІи нухмалъиялъул хІалтІуде ккеялъ.

Гьел нухмалъуде ккараз халкъ ургъунго багъа-бачаризе тІассиялъ. Цо бутІа халкъалъул ришияздаса махІрум гьабиялъ, кколарел налогал лъеялъе, жодор магІишатго гьечІел зваргъан вакъвараб мискинчи –гьабигьаби, гІухьби махул къебед, цІулал устар, къадахъан кулакаллъун гьариялъ. Мажгитал къаялъ, мадрасал гьукъиялъ, тІуранго шаригІаталъул нух биччангутІиялъ. Гьелда разилъи гьечІого лъугьарал сверухъ ругел багвалазул, чІамалазул, кІаралазул, гІандадерил, кьурул мухъалъул, къехІдерил обществобазул вакилзаби рачІине лъугьуна ГІахьвахъе цебе ккун Шамхвалица жодое гьел зулмаби рукІине гьечІин букІиндал, Шамхвалица лъураб гІажду-низанги хвезабун халкъ къварид гьабиялъул гІадлу лъей кисан баккараб жойилан Шамхвалил вас Навабихъе. Навабицаги гьел жамагІаталъул вакилзабазул данделъиги ахІун хІукму ккун букІун МахІачхъалаялдде гьенибги тІубачІони Москваялде ине халкъалда тІадгъабулеб зулму хІалалъул суалгун.

1929 аб. соналъго байбихьун зулмуялъ гьарула колхозал, кресткомазул ихтияралда кьола вакъулалъул ва мажгиталъул буголъи байбихьула репрессияби гьаризе гьелдасан байбихьула халкъалъул большевиказул политикаялда разилъунгутІиялъ къватІир рахъин. Гьеб халкъалъул разилдъунгутІиялда ва гьез цере лъурал тІалабазда цІар лъала «Восстанияйилан».

Гьеб восстаниялъул хІакъалъулъ материал жодохъго кодоб щвечІого Дагъистан республикаялъул центр архивалдаса тІалаб гьабулеб буго СКВО – рагъулаб прокурорасул заместителас ва гьесие жавабалъе хъван буго:

ЦГА ДАССР от 23/VII-1955 г. N16/84 с.

Совершено секретно

Вхд. N 0616

23/VII-1955 г.

Пом. Военного прокурора СКВО по спец.делам по ДАССР майору юстиции т.Окорокову г.Махачкала

На N 0446 от 20/VII-1955 г.

Сообщаем, что каких-либо сведений об Ахвахском кулацком восстании в 1931-1932 годах на территории Даг.АССР в документальных материалах, хранящихся в Ц.Т.А.ДАССР не обнаружено.

Нач. Ц.Г.А. ДАСС (Клитино)

Нач. ОСФ Ц.Г.А.ДАССР (Боград)

(Ц.Г.А. ДАССР материал Амирова Тимирхан Алигаджиевича 2/3710 Г.II и III

Дагъистаналда репрессия бай-бихьула 1920 аб. соналъул августалдасанго вагъеб гьоркьоб къотIуларо 1950 абилел соназ гурони.

**Амиров**
**Темирхан Алигаджиевич**



Амиров Темирхан Алигаджиевич, 1904 года, членом КПСС состоял с 1930 года по октябрь 1937 года, партбилет № )()?*;», аварец, служащий, образование среднее. В момент исключения из партии работал начальником Цумадинского РО НКВД. 18. 1Х. 1937 года бюро Цумадинского райкома партии исключен из членов КПСС за участие в восстании, как ставленник буржуазных националистов, врагов народа Самурского, Мамедбекова и Далгата.

28. ХП. 1939 года уголовное дело о нем рассматривалось Верховным судом ДАССР и было возвращено на доследование.

Без выполнения определения Верховного суда, Дело Амирова с прежними обвинениями было направлено на рассмотрение Особого совещания при НКВД СССР, которым он 11 июня 1940 года заключен в ИТЛ сроком на восемь лет за проведение антисоветской агитации. Наказание отбывал в Коми АССР до 1943 года. Участвовал в ВОВ, Сталинградскую битву, возвращался с фронта с тремя орденами и четырьмя медалями.

19 марта 1956 года Военным трибуналом Северо-Кавказского военного округа постановление Особого совещания при НКВД СССР от 11 июня 1940 г. отменено как необоснованное и дело на Амирова прекращено за отсутствием преступления.

Решение бюро Цумадинского райкома партии от 18.Х.1937 г. об исключении из членов КПСС Амирова Т. А. отменено. Восстановлен Амиров членом КПСС с 1930 года.

После возвращении работал заместителем Веденского РИКа и других ответственных работах Гос. учреждениях.

Погиб от автоаварии в городе Хасавюрте 1976 году.

**Амиров Садрутдин**




Его брат АМИРОВ САДРУДИН – также был необоснованно репрессирован, а затем реабилитирован после десятка лет проведенных в лагерях.

# Репрессия

Бугьтаназ борлъанщинаб
Каранлъ ругъун рикIкIани
Зодиб цIабзаз хьухьараб
ЦIцIалкIида релъилаан
ШайтIан-ццималъ чIваншинав
Росолъ вукъарав ани
Башдаб росдал хабалал
Муфтариназ кквелаан
Щивав мацIихъанасда
Къисас босараб ани
Росолъ хIаликкалъидул
Хьонго лъугIун ккелаан

Инкъилаб къосундай къирархисундай,
КъагIидат тохлъундай тарав чарлъундай
Закон чучлъун ккундай чияр гьорлъ ккундай,
Гъумер хисун ккараб Дагъистаналъул.
Хиянат макрудул хIилла бергьундай,
ХIурият гIуцIарал басра гьарурал.
Рагъ-гъугъай ккечIого тIалъиги бихун,
ТIино бортун ккараб пачалихъалъул
РухI бичун къеркьарал багIарал хисул,
ХъахIал казакаца Дагъистан ккурабв
Халкъалъе машгъурал гIурдуздаги ран,
ГIурус большевиказ халкъ гуккун тараб.
Сиясат хIалай ккун хIабургъараб иш,
ХIаким къиядатал кьалде рехарал.
ЖахIта хIуссудалъул хIалуцен бергьун,
РецIел босиялъе ресал рагьарал.
Туроцкисталилан кулакалилан,
Чияр тайпаялъул буржулилан,
МилатчагIийилан чиновникилан
Чам батIияб мугьру халкъалда чIвараб
Будун-дибирилан, тарикъат чиян,
ТIилица раччарал, кIи чIван рильунел.
Анкьабго гIузруялъ гIамал хисарал,
Гьазулги хIенкъи щиб Большевиказе
ЛъикIлъи баракаталъ росо гвангъарал,
ГIалим, валиясда ццам гьазул кинаб
ГIагарлъи, гьалмагъгун гьуинлъи кквеялъ,
Жагъаллъи ккколебдай пачалихъалъе
Анкьил умумулъан гIалимаб тухум.
Тушманаб тайпаян кочIон ахIанин.
Квешаб умматилан рогьабиги ран,
ХIалтIи-цIалудасан махIрум гьарунин.
Адабияталъе каву рагьарал,
Кверазда махал ран Сибир къотIанин
Маданияталъе кьучI тIамуразда,
Кьолбода цIа гъунин жагьилзабаца.
ГьечIел гIайибазул далилал херхун,
ХIинкъи цIиккIкIаразул сияхI гьабунин.
ГIумру къачIалезул гIелму тIокIазул,
Тухумал лъухьанин, Дагъистаналда……..
«ГIурус мужиказул» зулму чагIаца
ЦIа гъурабин тIалабго хазинаялда
БагIараб партизан чIегIер белъарал
ЧIвадарухъабазе жаваб кин кьечIеб
КъвачIил уматалъе маликабги тун,
Танин гъалбацIаца инсулаб ватIан.
Макьилъ гьал рихьидал рухI унел борхьаз,
РитIун анин мацIаз «такъсир» борхизе;
ХIарам масжиталда Зул-хIи-жалъ гIадин,
ЗанкIан цIун батанин Хъайтмазил кIалгIа.
ХIажвул Асвадалде ГIаваф кинниги,
Сверухъ ккун батанин ГIарани хъала.
Хъаладул кавудал махал ричIизе,
Квербакъи бегьанин къорал гъуразул
ГIурус хъалаялда ссиде
Хъат базе кIоларин передачалъе
Куфруялъ цугьлъарал бугьтан чагIаца,
Балагьакье цIанин мунагьго гьечIел.
………………………………………..
………………………………………..
Такъсир мужалатал цере рагьидал,
Хехлъун кканин гIамал гIедегIанин ццим.
ЦIалун балагьидал суравазул том,
Боортун анин сабру сунканин намус.
Игьтирааз къураб бугьтан казибалъ,
Асир гьабунин ракI рекIун анин цIа.
КIи гъумер чагIазул «чилъи» бихьидал,
Бугьтан речIун хварахъ хисанин берал.
ЖахIда-гIадамалъул мурад тIубараб,
ТIеренаб кагътида ццидалаб УК-а
Сурав чияс хъвараб бугьтан протокол,
Начальникас лъураб гербалъул печать.
НКВДялъул тройкаялъе,
Такъсир хIажалъичIин тамихI къотIизе.
КIиго тайпа кканин «ГIайибиязул»,
Цоял ГУЛАГ-алъе цоял гулие
В.М.Н. лъураб лъабго хIарп бугин,
Унтун гIажалалда жалго хвараллъун
Лъабазаравго чи къатлан гьавурав,
Бидул мазбахIабахъ гIужиеги гъун.
ГIасси Япониявъ Оямацацин,
Християн диналъул хIурмат цIунараб.
Хрисиян диналъул хIурмат цIунараб.
ГIурусазул жасус Вася Рябов,
Малитвалда тарав чIвалелде цеве.
Амма гIурусазул гIаштичагIаца,
Шагьадат битIизе заманго кьечIеб.
Я какий чуризе я черх бацIцIизе,
Я хвалида цере как базе течIел.
Ахир гIумруялъул хIухьел цIалелъул
Хвалил асар ккечIебю бугьтадул гуреб
РухI бахъизе щварав ГIизраиласухъ,
Салам битIун араб хъизам-лъимаде.
РекIел мурадазул васиятги хъван,
Кагъат кьун рагIула ЖабрагIиласухъ.
Рукъараб хоб гьечIел чIван зани гурел,
ЧIаго ратила гьал малайкзабигун
Алжаналъул кIулал кодореги кьун,
Каву рагьила гьаз гIагарлъиялъе.
КIиабилеб тайпа И.Т.Л. кьурал,
Тайпа рохь гъуризе Тундра квегъизе.
Щуазарабго рухI Сибирги къотIун,
ГIасси ГУЛАГ-алъул квершаликь кьурал.
Чамги къокъа арабазда цебеги,

Кулакалин абун боцIи-мал бахъун.
Хъизамалго цадахъ унтарал-херал,
Щивго рукъалъул чи нахъа течIого.
ТIадрусси гьукъараб хIукмуги къотIун,
Гьава-бакъ бигъараб гIалхул ракьалде.
БухIи багIарараб СахIрауялде,
ЦIорой-хьуцIаз кураб доб сибиралде
Гьезий хвалил гIазаб халалъун ккараб,
Хваразухъ урхъулел къояца кIвекIун.
ХIалтIи – цIороялъул цIикIкIараб гIазаб,
Ракьигун унтабаз ччохIод ккараб черх
Сагълъи гьечIеб унти гIумрудул ахир,
Бадиб балагьараб гIажалалъул къо
ЧIаго чи ворчIичIев гIасси дуниял.
Дагъистан чIухIарал дол бахIарзазул,
Нусиде гIунтIарал тIад руссун щвечIел
ТIадвуссун щварасул логол рагIдукьан
Чамги муфтарасул черх сородараб
Къуръаналъул хIафиз гIемудул фазил,
ГIадада чам чIварав мунафикъаца.
БецIаб сардидаги канлъи кьолеб черх
Чамдай рехун араб Тобот кIкIалахъе.
Касртялда сверухъ Салул Хандакъахъ,
ГIужий гъун хваразул хобазда хъарахъ
Тайгоялъул рохьал комиялъул хьуцI
Камурав бакI гьечIин Дагъистанияв.
ГIорхъи гьечIеб харрасс хиянатавчи,
Къиямасеб къочIей къосундай гьасий.
Къадар чияхъе кьун гъоркьан ворчIулеб,
Ахир иманалъул рукну хисундай,
Ислам-ашргI чучлъундай чара къосундай,
Чамги дибирчияс бичараб иман.
Жиндихъго хIинкъундай хIал гьабун ккундай.
ВацгIадав гьудулас гьумер бухIараб.
Ле-ле, гьаб дуниял дагIбаялъул рукъ,
Цо ургьив гIурасги кьалда ахIулел.
РекIел чIегIерлъиялъ гIассилъун ккарас,
ГIамал къосун ккедал жужахI бищулеб.
ЧIегIер царал гIамал гIундукьалъул кьер

Къураб гважул гIадаб жиргIараб кIал-мацI
ГъалбацIазе хIелун хIатIазда чIчIараз
Квен кьураб хIарччиниб чури бихараб.
Гьаб щиб хIаликкатаб къабихIаб пиша,
Бищун божаравги жанив гIахьалав.
Сагърун хIасудалъул рекIел гIассилъи
ШайтIан агьлуялъул чи чIвалеб ярагъ.
ГIалахалъул гIункIкIал къватIазул бахIрал,
Къо ккедал биларaб мацIазул агьлу.
Чам бахIарчиясул рухI паналъараб,
Иман тIагIаразул текълъиялдаса
Гьазул гIагарлъигун жубай гьабурав
ГIужий восулаан НКВД-ялъ
Ригьнаде хIенкьи кьун гIадамалъ гьукъун
ГIазаб халалъараб михъич инегIан.
Цо-цада къацанди ифтираъ гьаби
Кьал рехи, гьогьен кквей гIантаб ищ гурищ?
Зоб ракьалда лъараб бахъун
Чамги гьумералъул дабагъ лъугьараб.
Циниса бакьукь ккун цинги накIкI тIепан,
ТIабигIат гьеблъидал гьав инсанасул.
Кидалго цого хан хиси гьечIеб жо,
ЦохIо Аллагь гурев цойгидав гьечIеб.
ГIассру сверун кколеб ханзаби хисун
ГIумру кьурун унеб къарнаби рикIкIун
Къварилъуда хадуб хIакъаб гIатIилъи,
Къан бухье алжанул сабрудул речел.
Бичун кколеб унеб лъим рахъниб кколеб.
Наслудул кьалбазда тIирщи баккулеб,
ХIанцищ хъарахъалда чамарсакI гIечIеб.
Къатил муфтаразул балагьаздаса, цIунеян гьарула рухIияв Аллагь
ГIантав хIакимасул ханлъиялдаса, хвасар гьабе Аллагь гьаб инсаният.
Мунагьал чуризе Алжан хIакълъизе хIалае батаге тIолго къварилъи.
Шугьудазда гьоркьор гIарсалде щведал, шагьралъун гьабеги СиратIалъул кьо.
Амин.

Репрессиялъул заманаялъул сурат-
сипат цебе гIезабулеб буго гьал халкъиял рагIабазги:

Тохо мегIералда гьалагаб барти,
Танин ГьитIихIие вахине кIвани.
ХIурият бахъизе борхатаб ярагъ,
Кьунин чорный ХIажихъ борчизе лъани.
Варакъалъ къачIараб къуръангун – гIелму,
Гьакал цIун биччанин ГIумаровасе
ГIахьвалазул гIумру жодолъ бицарал

Даптар – тарих течIин къилба кIочораз
Вакъфу-чирахъалъул тIатIидул чадал
Чохьода къан анин мунафикъаца
Какикь ралел цIцIахал, цIцIи гьуразул мал
ЦIар лъалеб жо течIин безбожникаца
Мажгит – къулгIаялъул тIолго магIишат.
ГъорцIалъун букIанин къосун ккераца.

1937 абилеб соналъул октябралда Болъихъ, ЦIумада, Хунзахъ, ЦIунтIа, ГIахьвахъ, Гумбет районазул парт собраниябазда, парт конференциябазда гьоркьор лъун кутакаб критикагун къватIир чIвазарулел руго «Буржуазиялъул милатчагIи, трофкистал, халкъалъул тушбаби» ва гьел районазул газетазул гьурмазда. Лъун руго макъалаби. Гьединан буго Болъихъ «Социализмаялъул» байрахъалда 22/X-1937 аб. соналъ биччараб газеталда Хочо ХIамзатовасул статья. Гьеб статьяялда какун вуго Турач ГIамиров ва гьевгурелъулги. Киназдаго балеб цого рогьо «МиллатчагIи, троцкистал, халкъалъул тушбаби» ян. Цере аразда гьел рогьаби рала рукIадго

хадургъун жалгоги нухда лъолел руго. Репрессиялъ риччарал гъалатIазда тIаса лъугьине лъилго таваккал гIелин кколаро, гьеб балагьалде гъоркье ккаразе гьабураб намусалдаса рахъарал большевиказул хIаликкалъаби хIехьарас ва рихьараз, гьеб рикIкIилаан инсанасе дунялалдаго бугеб мунагьал чуризе гьабураб гIазаблъун. Наслуялдаса цо чи репрессировать гьавуни вугони гьезул тухумго партиялъулги совет властальулги тушбабилъун рикIкIулаан, гьезие бажариялда рекъон хIалтIиги пагьмуялда рекъон лъай босизеги рес букIинчIо. Лъидасаго нахъе хутIараб хIалтIиги кинаб квешаб хIенкъи захIмалъи бугеб бакIалдеги гьев регIулаан. Гьесда квешлъиялъул печать бухIун маххалъ лъурабгIанги хисизе кIолаpедунлъун букIана.

Гьедин къабихI хIакъир гьарун ана гьезул гIумру реабилитировать гьаризегIан тIад бусугеги доб гIассияб безбожниказул заман.

## Г1АНДИ ОКРУГАЛДА БОЛЬШЕВИКАЗУЛ ПАРТИЯ БАККИ ВА КОММУНИСТИЯЛ ЯЧЕЙКАБАЗУЛ БАЙБИХЬИ

Г1анди округалда октябралъул революциялъул гьорода цадахъго байбихьула большевиказул партиялъул политикаялде гъоркьоре цо-цо мухьдахъ х1алт1изе къват1ирехун; Бакуялул, Грознялъул нартил ва мхул нухазда х1алт1улел рук1арал, гьединго Россиялъул промышлениял шагьаразда Марксистиял кружокал г1уц1арал ва большевиказул асар ц1ик1к1арал бак1азде ккараз партиялде лъугьине.

Гьединаздасан т1оцереселлъун кколаан; Болъихъа Къурбан Мух1амаев, Муртазаг1алиев Г1алидибир, Т1асут1аса Г1алибег Юсупов, Ц1егосев Давуд Къурачов, К1арат1аса Г1абдухаликъ Мух1амадов, Лологъонилъа Ах1мадхан Г1ак1иловги. Гьел бат1и-бат1иял парт. Г1ёуц1алабаз партиялде росарал коммунистазул Г1анди округалда партиялъул комитет гьеч1олъиялъ байбихьуда кинаб бугониги халкъалда гъоркьоб асар бук1инч1о, партиялъул комитеталъе нухмалъи гьабизе РКП (б) ялъул Устав программаялъул мурад бич1ч1улев, хъвай-ц1али бугев чиги гьезульги къанаг1атги вук1унаро.

Дагъистаналъул РКП(б) ялъул комитетатлъ х1аракат бахъула Г1анди округалда парт комитет г1уц1изе. Болъихъ бук1араб 41 аб. кьвагьдохъабазул бригадаялъул политотделалъул комунисталги цадахъго Г1анди округалъул комунистал цолъизаризе ва партия бокьулезул – Сочувствующиялгун цадахъ партиялъул нухмалъиялъул органги бищизе.

Байбихьуда Г1анди округком г1уц1изег1ан г1уц1иялъулгун нухмалъиялъул х1алт1и т1ад къалоа 41 абилеб кьвагьдохъабазул бригадаялъул начальник Фигинида.

1920 аб. соналъул 22 маялъ данделъхула Болъихъ хъаладухъ Г1анди окружкомалъул т1оцебесеб заседания, 41 аб. кьвагьдохъабазул ьригадаялъул политотделалъул руководитель Леонид Пламеновскиясул нухмалъиялда гъоркь. Заседаниялда г1ахьаллъула 35 чи. Гьоркьоб лъола 2 суал:

1). Окружной Комитетатлъул состав бищи.

2). Спекуляциялде ва г1адлухвезабулезда данде рагъ гьаби.

Т1оцебесеб суалалда т1аса к1алъай гьабула партиялъул член Пламеновскияс:

Х1укму гъабула: Окружной Комитет партиялъул председательлъун вищизе Мурадис Шалапов, гьесул товарищаллъун рищизе Лабазан Муртазаг1алиев ва Жамал Султ1анмух1амадовги, секретарьлъун Л. Пламеновский ва Дибир Дибровги.

К1иабилеб суалалда т1аса х1укму гъабула:

Бак1алъулал даранчаг1аз базаралде бач1арабщинаб х1алухъен цадахъго нахъе босулеб бук1иналда бан, хадубккун багъа босун бичизелъун, гъукъизе гьединаб дарам ва босарасухъа нахъеги босун гьоркьохъеб багъаялда мискин халкъалъе ва хъулухъ чаг1азе бичизе.

Гьеб х1алт1уе комиссияги бищизе;

Комиссиялъул председательлъун вищула Шамхвал Салих1ов, гьесул товарищаллъун – Х1асан Мух1амад Аминов; казначейлъун Дибир Дибиров, секретарьлъун Нуцалхан Г1амирханов, члеаллъун; Леонид Пламеновский ва Мух1амад Шаг1бановги.

Гьеб данделъараб партсобраниялда г1ахьаллъарал 35 чиясда гьоркьов цох1о Л. Пламеновский гурони партиялъул член ва кандидат вук1унаро, нахъиял рук1уна – Сочувствующиял.

3/Х-1920 аб. соналъ Болъихъ хъала бахъула Н. Гоцинскиясул аскаралъ, гьеб лъугьа-бахъиналда цадахъ Большевиказул партиялъул – Солчуваствующиял цоял рагъулъ ч1вала, цойгидал абуни апртиялъе ва х1укуматалъе хиянатлъула, большевиказдаса рат1алъула.

Гьебго х1ал бук1уна Авар ва Гъуниб округаздаги.

5-7/Х-1920 аб. соналъ Гъуниб ва Хунзахъ хъала сверун ккола.

17-18/Х-1920 аб. соналъ Гъуниб хъала хвасар гъабула ва 2-4/Х1-1920 аб. соналъ Хунзахъ хъалаги хвасар гъабула Х1оцосесул аскараздаса.

К1иабизеги Х1оцосесуз аскаралъ 3-4/ХП – 1920 аб. соналъ сверун ккола Хунзахъ ва Гъуниб хъала 25/ХП1920 аб. соналъ Гъази-Гъумекиб росуги бахъула.

7/1-1921 Гъуниб хъала, 8-10/1-1921 Гъази-Гъумекиб, 28/1-1921 аб. соналъ Хунзахъ хъалаги хвасар гъабула.

Гьеб рагъулаб багъа-бачариялда жаниб Г1анди Авар, Гъуниб, Гъазигъумекиб округазда лъик1го кьуч1 лъурал ва жидер асар халкъалда жаниб билъанхъизабизе къуват бугеб партиялъул г1уц1и цониги рехсарал округазда рук1унаро ва ругелги риха-ричун рук1уна.

Хадубккун Дагъистаналъул Маг1аруллъиялъул округазда Большевиказул парт комитетал ч1аголъизе байбихьула 1921 аб. соналъул апрелалдаса нахъе, ай т1убан Х1оцосесул аскарал щущазарун хадуб. Дагъистаналъул РКП (б) ялъул комитеталъ к1вар буссинабула Г1анди, Авар Гъуниб округазда порт комитетал г1уц1ице ва гьенир лъай-бажари бугел комунисталги рит1изе.

Г1анди парторганизациялъул х1алт1и г1уц1изе т1ад къала Болъихъ бук1араб 41 аб. кьвагьдохъабазул полит. Отделалъул политрук М. И. Романовасда ва гьесул жигаралдалъун байбихьула Г1анди окружной комитет г1уц1изеги.

1921 аб. соналъул 14 аб. маялда данделъула Болъихъ хъаладухъ т1оцебесеб парт. Собрания ва агъеб собраниялда г1ахьаллъула: Болъихъа Г1алидибир Муртазаг1алиев, Къурбан Мух1амаев, 41 аб. кьвагьдохъабазул бригадаялъул

военкомасул заместитель Постовский, офицерал: Осипов, Романов ва 6 сочувствующийги:

Гьеб парт. собраниялда партиялъул членлъиялде к1иго моц1рол х1албихьиялъул заманги кьун кандидатлъун восула Испаги Х1ажиевги. Гьеб парт. собраниялде Шамхвал Салих1ов ва Муса Кундухов г1ахьаллъун рук1унаро, гьел Дидоялъул участкаялда ахиралда хут1арал Х1оцосесул гъачагъазде данде рагъулел рук1уна.

М. И. Романовас гьеб собраниялда жиндирго к1алъай байбихьула: «Ниж гьанир рач1ун руго Дагъ. Обкомалъул т1адкъаялда рекъон Г1анди окружной парт. комитет г1уц1изе ва Совет властаалъул к1варги мурадги халкъалда бич1ч1изабизе. Гьелдалъун къвариг1ун буго халкъалда партиялъул политика бич1ч1изабиялъул х1алт1и нилъеца-коммунистаз т1аде босизе ва совет власть щула гьабиялъе щибаб къойилаб х1алт1иги гьабизе» - ян.

Х1укму гьабуна; М. И. Романовасул бихьизабиги кьоч1ое босун заманаялъе парт комитет бищизе хадур рехсараздасан:

1) Парт. комитеталъул ответсекретарасул х1алт1и т1ад къазе партиялъул член Поставскиясда ва гьесул заместительлъун Г1алидибир Муртазаг1алиев тезе.

Хадусеб парткомалъул г1уц1иялъулаб собрание данделъула 1921 аб. соналъул 19 аб. маялда. Гьеб къоялъ Дидоялдаса т1адруссун рук1уна Шамхвал Салих1овги, Муса Кундуховги гьезги г1ахьаллъи гьабула парт. собраниялда.

Окружной парт. комитеталъул ответсекретарьлъун вищула М. И. Романов, гьесул заместительлъун вищула Морозков. 19/УП- алъ данделъараб Дагъ.комалъул президиумалъул заседаниялда гьоркьоб лъола Г1анди округалъул ответсекретарь вукъиялъул х1акъалъулъ суал.

Х1укму гьабула: Болъихъ хъаладухъ бугеб «Сборный площадалда Революциялъул ц1ар кьезе ва гьенирги рукъизе гьенир хварал партийный товарищал». Басрияб памятникалъул бак1алда лъезе ц1ияб революциялъулаб памятникги. Г1анди округалъул Советазул съезд рагьилелде гьебги къач1ан т1убазе. (Протокол №25 20/УП-1921 сон).

Романов хун хадусала Г1анди округалъул РКП (б)-алъул комитеталъул ответсекретарь теялъул суал Г1анди округалъул Ревкомалъул председатель Шамхвал Салих1овасулгун дандбала Дагъобком РКП (б)-ялъ ва Шамхвалица гьеб х1алт1уе мустах1икъавлъун округалъул х1ал лъалев ва г1олохъанав Халидов Бадрудин тей т1алаб гьабула.

«Протокол №35. заседания Дагъ. Обком РКП(б) ялъул президиумалъул 1/!Х-1921 аб. с.

Гьоркьоб лъураб суал;

10-е) Г1анди округалъул ревкомалъул председателас Халидов Бадрудин окружной комитеталъул ответсекретарьлъун т1амизе ккеялъул х1акъалъулъ бач1арпаб т1алабалъухъги г1енеккун: х1укму гьабула: Г1анди окружкомалдасан т1алаб гьабизе Халидов Бадрудин кидаялдаса нахъе партиялъул членлъун вугевали ва гьесие характеристикаги т1алаб гьабун гьединго гьесул жиндирго разилъиги т1алаб гьабизе Дагъобкомалъ хал гьабизе. (ЦГА Р/Д Ф. Р-4, оп. 3, Д 7).

Гьеб заманаялъ Халидов Бадрудин партиялъун членлъун яги кандидатлъун вук1унаро.

М. И. Романов хун хадусала Болъихъ бук1араб т1оцебесеб кьвагьдохъабазул полкалъул 2 аб. батальоналъул политрук Белоглазовас Дагъобком РКП (б)- ялъул отвестсекретарь Полешкода телеграмма кьола Г1анди округалъул парткомитеталъул х1алт1и т1убанго къот1анилан ва парткомалъе нухмалъи гьабизе чи вит1еян, ягши жинда божилъи гьабеян.

1921 аб. соналъул декабралъул к1иабилеб бащалъиялдаса байбихьун округкомалъул ответсекретарасул х1алт1и т1ад къала Белоглазовасда ва гьев хисун 41 аб. кьвагьдохъабазул бригадаялъул политрук Глазков вач1уна.

Глазковас щибаб моц1алъ Дагъобкомалде кьолеб отчеталда хъвалеб буго округ исполкомалъул председатель Салих1ов Шамхвал парткомалъе мут1иг1лъулев гьеч1илан ва бак1алъулго г1адатазда, шарг1алъул г1адлу-низамалда х1алт1улев вугилан.

Шамхвалица абулеб буго цо округалда х1алт1ул жаваб кьолев чи цо вук1ине кколилан ва исламги шарг1ги хвезабизе къеркьолев вук1инч1ин жив халкъалъе т1аса бищараб г1адлу низам ва гьезул мурад ц1унун вагъулев вук1анилан.

Гьелдалъун окружной исполком г1иц1го Н. Самурскияс, Къоркъмасовас, Ханмух1амадовас, Кундуховас гьабураб малъиялъе гурони цойги лъиениги мут1иг1лъи гьеч1ев чи вугилан.

Комунистал рук1а, исполкомалъул х1алт1ухъаби рук1а, щибго парткомалъулгун дандги бач1ого х1алт1удаса рахъула, туснахъ гьарула ва шарг1ияб законалда рекъон тамих1алде ц1ала. Гьелдалъун Г1анди округалъул парт. комитеталъул ответсекретарьлъун т1амизе ккеола хъвай-ц1алиги бугев г1урус мац1ги лъалев бак1алъул х1ал-х1укмуги жинда лъалев, партиялъул мурадал т1уразе бажари бугев чи. Гьаб г1алхул халкъалда гьоркьоб г1адлу гьабун, г1урус коммунистасдасан бажаризе гьеч1илан Глазковас т1адеги жубана; «Гьаб г1алхул халкъалъ ч1инхал реч1ун инжитго ч1ваялдаса туснахъго т1аса бищилилан».

(ЦГА Р/Д Ф-1п, оп. 1, Д. 43-54-164).

Глазковасе Республикаялъул нухмалъулездаса рахъ кквей щоларо, гьезда лъалеб бук1уна Глазковасул политикаялъ Г1анди округалда иш роц1инабизе к1олареблъи. Глазковас ответсекретарлъиялдаса инкар гьабула ва гьесул бак1алда Точенов т1амула. Точеновасул заманаялде парткомалъул х1алт1улъ г1езег1анго багъа-бачари ккола. Глазковасулго заманаялъ байбихьун бук1уна партячейкаби г1уц1изе, амма раг1алда бахъараб жо бук1унаро. Т1оцебе Г1анди округалда г1уц1ула %/УШ-1921 аб. соналъ «Ботлихский парт ячейка» ; партиялъул членгун 5-го кандидатасдасан ва ячейкаялъул секретарьлъун вищула Морозков, гьеб ячейкаялъул президиумалъул членлъун рищула Г1алидибир Муртазаг1алиев, ва Щаг1банов Мух1амадги.

Хадубго Г1анди росулъ г1уц1ула партячейка, гьенир гьоркьор унаан: Нуцалхан Г1амирханов, Гелега Х1асанов, Ибрагьим Хан Мух1амадов.

Дагъистаналъул РКП(б)ялъул бихьизабиялда рекъон округазул ва участкабазул нухмалъулел, жавабиял х1алт1ухъаби т1аса рищизе байбихьула

комунистаздаса, гьенир т1аса рищун тезе комунистазул дагьаб къадар гурони бук1унаро, ругелги хъвай-ц1али гьеч1ел партиялъулги совет пачалихъалъулги мурад –г1адлу лъаларел партиялъул политикаялъулъ заг1ипал рук1уна, гьелдалъун щибаб участка х1ажатаблъун ккана партячейкаби рагьизе.

1921 аб. соналъул 18/У!-ялъ Гумбет участкаялъул ревкомалъул председатель Т1алх1ат Дадаевас ответсекретарасдаса т1алаб гьабулеб буго Мелъелт1а партячейка г1уц1еян. (ЦГА. Р/Д, Ф. !п, оп. 1, Д. 134).

Гьединалго т1алабал цере лъолел руго К1арат1а, Г1ахьвахъ участкабазги. Г1анди округ Ревкомалъул председатель Шамхвал Салих1овги партиялъул членлъиялде кандидатлъун лъугьуна 1/УШ-1921 аб. соналъ кандидатасул карточка № 454. (ЦГА. Р\Д. Ф. !п, оп 82, Д 6671).

Байбихьула коммунистаздасан кадра г1уц1изе; Т1ехнуцалалъул участкаялде ревкомалъул председательлъун т1амула 2/УШ-21 аб. соналъ Г1алидибир Муртазаг1алиев, Г1ахьвахъ участкаялда Къурамух1ама Г1амиров, Г1анди участкаялда нартав Хъачабегов, ункъракьалда Имахо Г1алиев, Т1инди – Агъвали участкаялда Х1айдарбег Мух1амаев ва цойгидалги. Цо-цо участкабазул рук1арал ва росабазул ревкомазул председателал х1алт1удаса рат1а гьариялъул суал парткомалъ борхидал округалъул Ревкомалъул председатель Шамхвалилги округкомалъул секретарь Точеновасулги раг1и данде кколаро, ахирги Точенов ответсекретарьлъиялдаса нахъе уна ва Дагъобкомалъул апараталде вачуна. Окружкомалъул х1алт1и т1аде ккола гьезул заместитель Морозковасда.

11/У1-1921 аб. соналъ Дагъобкомалъул президиумалъул заседаниялъ х1укму гьабула ревкомаздасан киназго г1ахьалаб рищиялдалъун округазул, участкабазул ва росабазул Советал рищизе, ревкомазул бак1алда Г1анди округалда Советал рищиялъул комиссиялъул председательлъун вищизе х1укму гьабула Г1анди округалъул комитеталъул заседаниялъ Салих1ов Шамхвал – проедседатель окр, ревкомалъ. (ЦГА. Р/Д. Ф. 1п, оп.!. Д. 164)

12/ХП-1921 аб. соналъ Болъихъ бук1араб 1-себ кьвагьдохъабазул полкалъул 2 аб. батальоналъул политрук Белоглазовас Дагъобком РКП(б) ялъул ответсекретарь Полешкода ва Республикаялъул Рев. Военкоматалдаги хехаб лъазаби гьабула, Г1анди окркомалда кинабг1аги партийный х1аплт1и гьеч1илан, цо-цо отделал гьезего гьеч1тлан ва бищунго к1вар бугеб г1уц1иялъул отделги округалда къанилан лъазабула.

Гьелдалъун гьарула ответсекретарь вит1еян яги цойиде ккезег1ан жинда т1ад къаян ответсекретарасул иш. (ЦГА. Р/Д. Ф-1п, оп. 1, Д. 164).

1922 аб соналъул январалъул байбихьуда Г1анди окркомалъул ответсекретарьлъун т1амуна Глазков. Глазковас 14/1 – 22 аб. Дагъобкомалде хъвала Г1анди округалда бугеб х1алалъул х1акъалъулъ докладной;

1). Республикаялъул центргу хурхен гьабизе рес гьеч1ила, телефон, телеграфа х1алт1улеб гьеч1олъиялъ.

2). Парткомалъул г1уц1иялъулаб х1алт1и абизе бегьула гьезего гьеч1илан.

3). Болъихъ бук1араб Красная Армиялъул гарнизон Грозныялде бит1иялда бан халкъалда гьоркьоб т1ибит1ун буго Совет власталде т1аде Япония, Франция, Германия к1анц1улеб бук1иналъ х1инкъун т1уранилан.

28/П-1922 аб. соналъ Глазковас Дагъобкомалде кьураб докладалда хъвалеб буго:

1). Х1акъиъкаталда округкомалъул отделал х1алт1улел гьеч1о, г1иц1го г1уц1иялъул отдел гурони.

2). Округкомалда г1иц1го цо ячейка буго, гьеб ячейкаялда вуго 11 членги 4 кандидатги, ах1ана 2 партсобрания, 2 парткомалъул заседаниеги ва гьабуна 12 митингги.

3) Комсомолалъул ячейкаби риха-ричизе риччана щибго х1алт1и гьабич1олъиялъ.

4) Профсоюзалъул г1уц1и гьеч1о, гьединго гьеч1о РКИ-ги.

5) Округ Исполкомалъулгун т1убараб цадахъ рекъон гьабулеб х1алт1и гьеч1о.

6) Г1анди округалда буго хъвай-ц1али малъулеб 2-го школа, гьенир ц1алулел руго 40 чи, гьединго ц1ализарулел руго 12 мадрасаялда 700 лъимер.

Детдом буго цо, 50 лъимералъе.

Халкъалъул настроение квешаб гьеч1о.

Ответсекретарь Глазков.

Протокол заседания 22/У-1920 с. присутствуют 35 человек

Слушали доклад Поломеневского о необходимости организации аульских ячеек в округе.

Постановили: Взяться с центром РКП (б) и просит ДК ВКП(б) материальной помощи для расхода.

Слушали: Доклад Т. Шалапова о цели компартии.

Постановили: После связи с центром послать по аулам уполномоченный и орг. Аулам ячейки РКП (б).

Протокол

Заседания временного комитета РКП (б) Андийского округа 23/У-1920г.

Присутствовали председатель комитета Мурадисов Шалапов, товарищи председателя; Хасан Магомед Аминов и Лабазан Муртузалиев.

Секретарь Леонид Пламеневский и Г1абдурах1ман Къурамух1амадов.

Председатель окружного ревкома Джамал Султан Магомаев, член ревкома Сааду Гасанбеков. Собеса Магомед Шахбанов, Дибир Дибиров и 40 человек беспартийных.

Заявление о переизбрании Комитета РКП(б) Андийского округа

Постановили выбирать членами комитета:

Сааду Гасанбеков, Мурадис Шалапов, Джамал Султанмагомаев, Леонид Пламеневский, Лабазан Муртазалиев, Магомед Шахбанов, Гасан Магомедаминов,

Дибир Дибиров, Нуцалхан Амирханов, Магомедхан Азизов, Муртазали Ибрагимов, Джамал Муртазалиев.

Общим голосованием избраны; (поднятием рук)

Председателем; Мурадис шалапов – 35 гол.

Товарищами: Лабазан Муртазалиев – 34 гол.

Джамал Султан Магомедов – 33 гол.

Казначей – Гасан Магомед Аминов – 33 гол.

Секретари: Леонид Пламеневский – 34 гол.

Дибир Дибиров – 32 гол.

По 2-му пункту; Заявление некоторых членов партии необходимости сократить апетиты местных спекулянтов и мародеров.

Постановили: Принимая внимание местные торговцы (кулаки). Скупают все, что поступает на местный рынок и пролдают по спекулятивной цене, поэтому взять на учет путем реквизации и установив специальный комиссионые средние цены, отпустить по норме бедноте и служащим. Для этого избрать из состава членов линиее партии слудующую комиссиию;

Председатель; Шамхвал Салихов,

Товарищи: Хасан Магомед Аминов.

Казначей; Дибир Дибиров.

Секретарь; Нуцалхан Амирханов.

Члены; Леонид Пламеневский, Магомед Шахбанов.

Председатель: М. Шалапов

Секретарь: Л. Пламеневский.

Личное дело некоторых участников октябрьской революции на делегата 1У Вседагестанского съезда Советов.

1. Алиев Гитиномагомед член партии, с 1921 г., возраст 25 лет, работает Исполкомом Гумбетовского участка в 1925 году.

2. Мирзабек Сулейманов 30 лет, беспартийный.

3. Давуд Курач 44 лет, служащий, член РКП(б) с 1920 года.

4. Азизов Магомед, 47 лет, нар. судья Андийского округа, член РКП(б) с 1920 года.

5. Алибег Юсупов – 45 лет, нач. милиции, член партии с 1920 г.

6. Амиров Турач – 31 годы, кандидат парт с 1924 года.

7. Исаев Магомедхан – 28 лет, секретарь ячейка,, кандидат РКП (б), с 1923 года.

8. Амиров Алигаджи – 41 год, член РКП (Б0 ч 1922 года.

Аварский, Гунибский, Андийский ответсекретари общим зовом нападает Шамхалу, но он не отпадает см. доклад, записка Гунибского окружного секретаря от 10/X-1921 года Нахибашева Абдула К. Полешко.

ЦГА. Ф.-1п. Оп1, д 154.

В 12/ХП- 1921 г. Дагъ. Обкому РКП(б) пишет, что и срочно рев. Военкомату Республики, что Андийский окружком совершено бездействует, а не которых отделов совершенно отсутствует. Самый главный политорган в Андийском округе закрыт.

Поэтому прошу выслать ответсекретаря  или поручить пока мне секретарство Андийского округкома. Политрук 1-го стр. полка 2 батальона.

Белоглазов.  Военный бригадир 12/ХП-1921 года. Сел. Ботлих.

Ф. 1оп. Д. 164.

Протокол №

14/У-1921 г. сел. Ботлих, общего собрания членов партии Андийского округа к 1-го заседания Андийского Коммуплота РКП (б).

Присутствовали: Алидибир Муртазалиев, Испаги Гаджиев. Магомаев Къурбан, Заместитель военкома 41 ст. бригадом Тавин Рин, Раманов, Осипов.отсутствет председатель ревкома тов. Салахов (на фронте)

Слушали: доклад инсруктора Дагобкома РКП(б) тов. Романова об избрании округкома РКП(б). «Я послан в Андийский округком РКП(б) для того, чтобы наладить в округе партийную работу и организовать окружной парт работы и об избртании комитета.

Постановили: принять предлдожения Романова и в комитет партии избрать; Алидибир Муртазалиев, Испаги Гаджиев, Магома Курбан, председателем ревкома Саидова, военкома 41 стр. бригады Фейгина и временным : Романова и Осипова, также не имеющего в рядах партии, документов о партийных поступлении тов. Испаги-Гаджиева утвердить кандидатом в члены партии с 2-х месячным испитательным сроком.

4/УП-21 г.    Ответсекретарь        Романова

Протокол №9 от 2/УШ-21 г.

Заседания окружкома сел Ботлих, от 2/УШ-21 г.

Повестка дня;

1) О переводе члена окревкома Алидибира на должность председателя технуцала участ. Нач. ревкома, доклад Шамхала.

Постановили; назначить с сего числа Алидибира начальником участка технуцальского участка с 2/УШ-21 г.

Впервые появились профсоюзы в Андийском округе 3/1X-1921 г. по решению Андийского окружкома. Протокол №11 от 3/!X-21 г. с присутствием Шамхала.

Зам. ответсекретаря                    Морозков.

Протокол № 11 от 25/Х-1921 г.

Присутствовали: Морозков, шамхал, Алидибир.

Повестка дня:

Выборы члена в окружной комиссию по совети защиты.

Постановили: Выбирать Шамхала в окружной комисси. И. о. Советзащиты.

Зам. ответсекретаря Морозков.

Телеграмма через радиостанцию буйнакского Дагком РПП Хунзаха 13/УП- 16 часов 1921 г. Хунзах. Иванов-41 бр. Телеграф.

Телеграмма:

Темир-Хан-Шура Военкому 415 радиостанции Буйнакска ДагкомРКП. 10/УП-1921 г. вступил исполнение обязанности. Аварского округа партии не существует. Приступаю к организации 10/УП-21 г. ответсекретарь Аварского округкома Маркин, номер 59, Хунзах.

Прошу начальника радиостанции, 287, Володкевича.

Временно комиссар Лобанов, №201.

Письмо тов. Полешко – ответсекретарь Дагком. Партии из Ботлиха от ответсекретаря Андийского окружкома РКП Романова от 19/УП-1921 г.

Романов требует Поставского на парт, работу. Андийский окружной комитет.

Ф. 1п, оп 1, Д 134.

Письмо Гумбетовского участка Андийского округа. Начальник участка Дадаев требует от ответсекретаря Андийского окружкома Романова помощи для организации парт. ячейки, но Романов не в состоянии помогать от 18/У1-1921 г.

Романов прибыл в сел. Ботлих, как инструктор по политработ при 41 Даг. Кома с связь с 41 стрельковой бригады 11/У-1921 года.

Завтра 14/У-1921 года 12 часов состоится собрания и буду разъяснять «Зачем нас прислали Андийский округ», «Кто такие коммунисты» и что такое коммунистическая партия» и будет избран ответсекретарь и состав комитета.

После образования комитета регулярно будет доносить военкома 41 бригады, сейчас нет – он выехал для переговоров с бандитами.

Инструктор М. И. Романов.

19/У-21 г. сел. Ботлих.

1923 г. «Красный Дагестан» 3 «%№ убийство Шамхала Ахвахского братом Гамдулы Сааду.

Впервые с. Ботлих парт. ячейки было организовано с 5/УШ-!(«! Г. и секретарем был выбран Морозков и выбирал двух членов призидиума: Алидибира и Шахбанова Магомеда. Партячейка была наименова «Партячейка Ботлих»

ЦГА. Р/Д Ф-Р- 37, оп 23, д 45 лист. 60

Азизов Магомед награжден грамотами по Андийскому округу из Тлянуб: Азизов Магомед, Занки Магомедов, Магомед Ц1одоров.

23/П-1928 г.

Г1анди округалъул ревкомалъул председатель хадувккун округалъул Исполкомалъул председатель Г1ахьвахъа Шамхвалилги округалъул РКП (б0 ялъул секретарал; Фигинилгун, Пламеновскиясулгун, Пастовскиясулгун, Романовасулгун, Белоглазовасулгун, Глазковасулгун, Гоченовасулгун, Морозковасулгун ахиралда Жмулинилгун данде раг1и кколаро, гьелщинал округалъул РКП(ю) ялъул комитеталъул секретарал цоцада хадурго хисиялъе г1илалъун ккола гьел партиялъул руководительзабазе маг1арул халкъалъул бусурбабазул хасият-г1амалалда ва гьезул рук1а-рахъиналда психологиялда рекъон партиялъул политика бачине лангут1и, циндасаго маг1арулазул нус-нус соналъ бидулъ хьвадараб Исламалъулги Шариг1аталъулги нухалде данде партиялъул политика багъизаби, бач1инахъего диниял церехъабигунги маг1ишаталъул бет1ергьабигунги ва цебеккун пачаясе хъулухъ гьабулел рук1арал лъай, хъвай-ц1али бугел чиновниказулгунги рагъ гьабизе лъугьин.

Шамхвал гьел партиялъул нухмалъулезда т1ад рекъоларо ва гьес абула:

1. Щибаб ракьалда г1умру гьабулеб халкъалъул билъанхъараб гьеб ракьалда рекъараб маг1ишатги, гьениб билъанхъараб динги, анкьумумуз х1алт1изабураб г1адат-г1адлуги хисизабизе къеркьей к1удияб гъалат1 кколилан. Хасго исламалъул ва гьелъул церехъабигун-г1алимзабигун къеркьезхе лъугьани ц1идасан Дагъистаналда халкъалъул багъа-бачари ккезе бегьулилан. Шариг1аталдехун партиялъ гьабулеб квешаб бербалагьиялъ халкъалъул г1адлу-низам чучлъиялде, бидул тушманлъи ц1и гьабиялде, гъачагълъиялде, ц1огь-х1алихьалъи ц1ик1к1иналде рачунилан. Пачаясул х1укуматалъул законалги х1алт1улареб, совет власталъул законалги раккич1еб заман бук1иналъ.

Шарг1алъул законги-г1адлуги бусурбабазе кидалго хисулареб, даим х1алт1улеб ва халкъ жинда мут1иг1аблъун бук1араблъун кколелъул гьелдалъун шарг1алъул г1адлу кидалго бусурбабазе кьури – хиси гьеч1еб законлъун бук1ана ва С. Т. Мух1амадил уммат гьелъие мут1иг1лъулеллъун ва х1урматги ц1унулеллъун.

2. Партиялъул к1иабилеб гъалат1лъун рик1к1уна цо-цо рес бугел г1адамаздехун большевиказ гьабулеб рак1 ч1ег1ерлъиялъулаб балагьи. Рес-бакъ бугел рекьарухъабазул маг1ишат пачалихъалъул ихтиаралде бахъине лъугьин. Шамхвалица абула маг1ишат гьабизе лъалев чияс маг1арда ахги гьабулилан, бащдаб Дагъистан кодоб кьуниги гьеб х1алт1изабизе лъаларес, цо г1анк1удахъ гьебги хисун т1асияб къоялъ гьардолев ватулилан. Жиндирго захlматалдалъун, х1алалаб маг1ишат гьабулев чиясухъ бугеб буголъиялъул бут1а г1емерав мискин-пакъирасе,

бесдалазеги щолилан. Щибав инсан чорхолъи, къуваталъулъги, г1акълуялъулъги, г1елму лъаялъулъги, маг1ишат гьабизе бугеб махщелалъулъги ващад гьавун яги цо халифалда т1ун рижун гьеч1елъул, бащад маг1ишатги г1умруги бук1унареблъи лъазе кколилан.

3. Большевиказул гъалат1лъун рик1к1уна Шамхвалица пачаясе хъулухъ гьабулел рук1арал офицерзабиги, чиновникалги, фабрик-заводалъул бет1ергьабиги, помещикал-капиталисталги, инженерал, тохтурал, учительзаби ва гьел гурелги пачаясул заманалда жодое лъай-г1елму щварал туснахъ, сибиралде рит1и, гьезие ва гьезул лъималазе г1акъуба-г1азаб гьаби ва цо тайпа г1умруялдаса ва маг1ишаталдаса рат1а гьариги.

Шамхвалица абула щивав инсанас жиндир г1умруялъул нух берцинго, бечедго, эркенго т1амизе жан бахъулилан дагьабниги жиндирго х1урмат гьабулев чияс ва гьесул намусалъул кьуч1лъунги кколила гьеб т1алаб. Цониги чи дандч1вач1ин абулаан Шамхвалица бечелъиги, эркенлъиги, хъулухъ-х1акимлъиги рихарав. Гьелдалъун гьел цере рехсаразде гьабулеб тушманаб бербалагьи г1апдамасул вах1шилъиялъул бищун наъхъег1анаб асарги кколилан. Лъайги-махщелги хадусезе щвезе ккани цин цересезухъ бук1ине кколеблъи лъазе ккола. Г1елму-лъайгун тушманлъи гьабулев чи живго г1елмуялъул тушман кколилан абулаан.

1У. Росабалъ, участкабазда ва округалда хъулухъалде т1амулел чаг1и коммунистал рук1ине кколилан ч1арал округалъул РКП(б) ялъул комитеталъул секретарасда Шамхвал т1адрекъолароан, гьес абула халкъалъе хъулухъ гьабизе тезе ккола халкъалъ жидецаго т1аса вищарав, жиндир къимат-къадруги бугев жагьилав гурев чи. Нуд\жеца партиялдже росарал г1емерисел мац1ихъаби-ц1огьал, гьекъолдухъабаз халкъалъе хъулухъ гьабун бажаруларилан.

Шамхвалица партиялда вук1ин вук1унгут1иялде балагьич1ого бажари-жигарчилъи ва халкъалъ т1аса рищараздасан т1амула х1алт1уде, гьес х1урмат гьабула г1елму-лъай бугев чиясул, г1араб-г1урус хъвай-ц1алиялда балагьич1ого.

У. Шамхвалил данде раг1и ккунгут1и лъугьуна Болъихъ ва Ансалт1а бук1араб рагъулаб гарнизоналъул ва командир Казаковасулгун, гарнизоналъул солддатазул г1адлу хвеялде Шамхвалица Казаковасде лъазабула цо къо нахъ бахъич1ого Г1анди округалдаса рагъулаб гарнизон нахъе ине кколилан.

Казаков рагъулаб гарнизонгун Грозныялдехун уна. Гьев вук1уна округалъул ревкомалъул членлъунги гьесул бак1алда ревкомалъул членлъун Турач Г1амиров тола (Г1анди округалъул ревкомалъул заседаниялъул х1укму, протокол №29, 20/УП-1921 с.)

Т1абиг1аталда рекъараб гурони гъвет1-херги бижуларо, щибаб ракьалде биччараб х1ут1-хъумуралъулги жинди-жиндир г1умру гьабиялъул къаг1ида буго. Кибе кинаб гьава-бакъ батаниги г1адамасул куц-мухъ вук1а-вахъин, маг1ишат гьабиги гьелда рекъараблъун буго. Муг1рул Дагъистаналда г1умру гьабулеб халкъалъе г1ат1идаб дунял бугеб – россиялъул халкъалъул г1адат-динги рук1а-рахъинги данде кколаро…

Маг1арул-бусурбабазул жидерго г1адат-динги рук1а-рахъиналъул къаг1ида – закон щивасул рек1еда ракьалде решт1аралдасаго хъван кьураб буго, гьесул чорхолъан чурун яги къот1ун нахъе гьабизе к1олареб. Гьелдалъун маг1арулас г1умру гьабулеб ракь хисун гурони гьесул хасият г1амал хисизабунги бажаруларо.

Маг1арулав тезе ккола муг1рузул т1абиг1аталъул законалгун шарг1алъхул г1адлуялда маг1ишат-г1умру гьабулев»- ан абулаан Г1ахьвахъа Шамхвалица.

Гьесул пикро бич1ч1арал республикаялъул нухмалъулез Шамхвалил рахъ ккolaaн ва гьесул к1удияб къадру-къиматги гьабула. Аслияб парт организациябазул х1алт1и бук1ана обществениял г1уц1алабазул х1алт1и ч1аго гьаби, кадраби т1аса рищи, централдаса ругел партиялъул х1укуматалъулги х1укмаби яшавалда рахъинаризе халкъ ах1и.

Партиялъ к1вар кьолаан коммунистияб тарбия-лъай кьеялъе, хъвай-ц1али лъангут1и лъуг1изабиялъе, г1адамасул махщел камил гьабиялъеги.

Рук1ана партиялъ гьарурал г1езег1анго лик1ал ишалги, лъик1лъи к1оченабулел гъалат1алги. Обществоялъул г1уц1алабазул масъала бук1ана партиялъ цере лъурал суалал г1умруялда х1алт1изари. Гьелъие г1оло г1уц1ула: профсоюзазул, комсомолазул, пионеразул, руччабазул, МОПР-ялъул, асоахимаялъул, безбожниказул, бедняказул комитетал ва цогидалги г1уц1алаби. Гьел г1уц1алаби рук1ана руссинарурал социализмаялъул ва коммунизмаялъул нухде халкъ бачиналде х1аракаталъулал цолъалабилъун. Гьезие нухмалъи гьабулаан Коммунист партиялъ. Партиялъ нухмалъи гьабулаан щибаб маг1ишатияб х1алт1ул компаниязе ва ч1езабулаан хъаравуллъи жидер х1укмаби т1ураялда хадубги.

К1вар кьолаан халкъалъул г1арзаялда, гьезие бугеб къварилъи-квалквалалда, г1адлу-низам щула гьабиялда, рагъ балаан бикъа-хъамиялде данде, берзукьа биччалароан общественнияб маг1ишат цебет1езабиялда хадуб халкквей. Инсанасул зах1маталъе къимат кьей г1адал лъик1ал рахъалги. Тартибалда общественниял г1уц1алаби х1алт1изаризе ккани къвариг1унаан лъай-махщел бугел коммунистаздасан цолъарал байбихьул партиялъул г1уц1алаби ва бак1алъул халкъалда гьоркьоса раккарал, бет1ерлъи гьабун бажарулел церехъабиги. Цебеккун Глазковас абухъего «Г1урус коммунистас гьабураб х1алт1иялъ муг1рузул халкъалда гьоркьоб цебет1ей лъугьине рес гьеч1илан» - абухъего жидер г1урус хъвай-ц1али гьеч1ел маг1арулазе Марксизма-Ленинннизмаги, большевиказул партиялъул Уцстав-программаги гьелъул политикаги лъазе зах1матаб иш бук1ана. Г1иц1го хз1урияталъ «эркенлъи» босун бач1ине божигун бук1ана халкъ къеркьолеб. Г1иц1го 1924 аб. соналъ Г1анди окружкомалъул секретарьлъун К1арат1аса алидов Бадрудин вищун хадусала гурони большевиказул коммунист партиялъул х1алт1ул цебет1ей ва авторитет лъугьинч1о. Гьесда к1вана щибаб участкаялда партиялъул ячейкаби г1уц1изе ва парткомалъул политикияб х1алт1и округалда г1уц1изеги.

Х1урияталъул рахъ ккун къеркьолездаги лъалароан большевиках исламалдаги гьелъул г1елмуялдаги бакъбаккулгун азиялъул культураялдаги, щивав бет1ергьанаб маг1ишаталде дандеги рагъ гьабизе бук1ин. Х1урияталъул рахъ ккуразул лозунг бук1ана «Гьай баркала шариг1ат, щвараб нилъхей Х1урият». Гьезул байрахъалда бук1ана газаялъулги т1илалъулги эблема. Газаялъул маг1на бук1ана хурухъан-

ахихъан абураб, т1илалъул абуни – боц1ухъанилан – абураб. 1918-1924 абилел соназда большевиказ исламалъулгунги хасаб маг1ишаталъулгунги маг1арухъ рагъ бач1о, т1адеги исламалъул церехъабазулгун, шайхзабазулгун, г1алимзабазулгун, къадизабазулгун, дибирзабазулгун щулияб хурхен гъабуна ва х1уриялъул нухде халкъ ц1азе большевиказулгун цадахъ рекъон къеркьезе ах1ула.

Работники комсомола Ботлих Исмаилов Шагьрудин – округком.

Ражаб – 1921 года.

Ф/П, ОП1, Д 199. сведения за май 1921 года о положении работников в окружных партийных организациях:

Андийский округ: к-во ячеек – 1, член партии – 3, кандидат – 4 – Итого – 7.

Распространено: листовки – 70, центральные газеты – 150.

Тов. Романову

Выписка из протокола №20 заседания президиума ДК РКП(б) от 3/У1-1921 г.

Присутствовали: тов. Члены Полешко, Коркмасов, Самурский.

Слушали: Доклад ответственного секретаря Андийского округа.

Постановили: назначить новый состав округкома и окружного ревкома:

А) состав округкома: ответственным секретарем временно назначить тов. Романов. Членами: Эльдебир – военный организац. Курбан Магомаев, Испаги Гаджиев.

Б) состав округревкома: Шамхал – пред. Ревкома, членами: Эльдебир, - Дагкому вызывать уполномоченного Испаги Гаджиева.

Подлинный подпись ответсекретаря Полешко – Управляющего делами Дагкома (Каодчий) подпись не разборчиво.

3/1У-1920 аб. соналде щвезег1анго Шамхвал Г1анди округалъул ревкомалъул председжательлъун т1амун вук1уна, Романов вищун вук1уна ответсекретарьлъун.

Глазковас Г1анди окркомалъул ответсекретарасул х1алт1удаса инкар гъабула ва гъесул бак1алда Точенов вач1уна ва гъев 1922 аб. соналъул ноябралда Дагъкомалъул апараталде вачуна, гъесул бак1алда Михаил Жмулин вач1уна ва М. Жмулин хисула Бадрудин Халидовас 22/Х-24 аб. соналда.

Т1оцебе Г1анджи округалда парт. ячейка г1уц1ана «Болъихъ партячейка» 5 августалъ 1921 аб. соналъ. Гьелде щвезег1ан цох1о Т1ехнуцалский партком гурони бук1инч1о. Хадубго Г1анди г1уц1ана. 1922 соналъ цойги партячейка бук1ана. Партячейкаялъул секретарьлъун вищана Морозков ва гьебнирго рищана 2 президиумалъул членалги Г1алидибирги, Шаг1банов Мух1амадги. Гьеб партячейкаялда рук1ана 4 РКП(б) ялъул член ва 2 кандидатги, кандидатазул цояв кколаан Шамхвал Салихов 1/УШ-1921 аб. соналъ Г1анди РКП(б) ялъул парткомитеталъ восарав.

1920 соналъ Г1анди округалъул парткомалъ партиялде росарал чанго коммунистас инкар гъабула партиялдаса ва заманаялъе Дагъистаналда Совет власталъул гучлъи ккейгун гьел хъах1азда гьоркьоре уна.

1920 аб. соналъ Г1анди округкомалъ г1уц1ун бук1араб г1олилазул союз биххизе биччала, гьелъие нухмалъи кьезе бажари ва бич1ч1и бугев нухмалъулев гьеч1олъияль 1921 аб. соналъул июлалда. Гьебго х1ал бук1уна нахъиялги обществоялъул г1уц1алабазулъ профсоюзалъул, руччабазул г1уц1иялъулги.

Ва цинт1аго исламияб халкъалда гьоркьоб партиялъул г1адлуги билъанхъунареблъи бич1ч1ун Глазковас Г1анди окркомалъул ответсекретарасул х1алт1удаса инкар гьабула, гьесул бак1алда Точенов т1амула. Точеновасул заманалда парткомалъул х1алт1улъ г1езег1анго багъа-бачари лъугьуна. Глазковасул заманаялъго байбихьун бук1уна партячейкаби г1уц1изе, амма раг1алде бахъинабизе к1ун бук1унаро. Т1оцебесеб «Ботлихский партячейка» г1уц1ула Болъихъ росулъ 4 партиялъул членги 5 кандидатасдасанги 5/УШ-1921 аб. соналъ, ячейкаялъул секретарьлъунги вищула Морозков ва президиумалъул членаллъун Г1алидибир ва Шаг1банов Мух1амадги. Хадубго г1уц1ула «Г1андиб партячейка». Гьенир т1оцересел коммунисталлъун рук1уна: Нуцалхан Г1амирханов, Гелега Хасаев, Ибрагьим Ханмух1амадов, Хизри Чупанов.

Байбихьуда гьел партячейкабазул бицинег1ан асар бук1унаро ва партиялде лъугьунезул къадарги ц1ик1к1унаро. Округкомалъул ответсекретарьлъун Точенов вач1аралдаса парткомалъул ва гьелъул ячейкабазул х1ал лъик1аб рахъалдехун хисула.

Г1анди округкомалъул ответсекретарь Романовас Дагъком РКП (б) ялъул ответсекретарь Полешкоде 19/УП-1921 аб. соналъ хъвараб кагъаталдасан бихьулеб буго жиндие кумекалъе Постовский вит1и т1алаб гьабун, парткомалъул цониги отдел х1алт1изабизе бажари бугев чи гьеч1олъиялда бан. Округалъул участкабазул нухмалъулез т1алаб гьабулеб буго жидер участкабаздаги партячейкаби г1уц1изе х1ажат бук1ин. Гумбет участкаялъул предревком Т1алх1ат Дадаевас 18/У1 - 1921 аб. соналъ округкомалъул ответсекретарасдаса т1алаб гьабулеб буго Мелъелт1а парт. ячецка г1уц1еян. (ЦГА Р/Д Ф 1 п, ОП 1, Д 134)

Округалъул ревкомалъул отделалъул ва участкабазул жавабиял х1алт1ухъаби коммунистаздасан г1уц1изе байбихьула. Партиялъул членлъиялде кандидатлъун восула 1/УШ-1921 соналъ округ ревкомалъхул председатель Салих1ов Шамхвал, кандидатский карточка 454 абилеб. (ЦГА Р/Д, Ф 1 п, ОП 82, Д 6671). Гьединго Т1ехнуцалалъул участкаялъул начальниклъун т1амула 2/УШ-21 аб. соналъ Г1алидибир Муртазаг1алиев – 1920 аб. соналдаса партиялъул член. Партиялде росула Г1ахьвахъ участкаялъул начальник Амиров Къурамух1ама, Гумбеталъул Т1алх1ат Дадаев, Г1андиса Муртазаг1алиев Мух1амадхан, Дидо участкаялъул начальник Хъачабег Нартаевги.

Гьединаб багъа-бачариялдаса хадуб ссун уна парт. комитеталъул х1алт1и, лъугьуна оргревкомгун, хадубккун округ исполкомалъул раг1и дандеккунгут1иял.

Протокол №11. 25/Х-1921 аб. соналъ данделъараб окружкомалъул заседаниялда г1ахьаллъула: Морозков, Шамхвал, Г1алидибир.

Гьоркьоб лъураб суал: ревкомал хисун Советал г1уц1иялъул комиссиялъул председатель вищи.

Х1укму гьабула, окружной комиссиялъул председательлъун вищизе Шамхвал Салихов (округ ревкомалъул председатель)

Ответсекретарасул заместитель Морозков. (ЦГА Р/Д Ф 1 п, Оп 1 Д 164)

12/ХП-1921 аб. соналъ Болъихъ бук1араб 1себ кьвагьдохъабазул полкалъул 2аб. батальоналъул политрук Белоглазовас Дагъобком РКП (б) ялъул ответсекретарь Полешкохъе ва Республикаялъул рев. Военкоматалдеги хехаб лъазаби гьабула: «Г1анди округалда кинабг1аги партийный х1алт1и гьеч1илан, цо-цо отделал гьезего гьеч1илан ва бищунго к1вар бугеб г1уц1иялъул отделги округкомалда къанилан.

Гьелдалъун гьарула ответсекретарь вит1еян яги цойиде ккезег1ан дида т1ад къайилан ответсекретарасул иш Г1анди округкомалда»

Белоглазов 12/ХП-1921 г.

(ЦГА Р/Д Ф1 п, ОП1, Д 164)

14/1-1922 аб. соналъ Дагъ Ком РКП (б) ялъул оргю инстр. Отделалъ хъвараб докладалдаги баян гьабун буго (ответсекретарьлъун тун хадуб Гладковас) кинаб бугониги г1уц1иялъулгун политикияб х1алт1и гьеч1илан ва кьуч1дасанго округ комалъул х1алт1и ц1и гьабун г1уц1изе ккей чара гьеч1еблъун бук1ин.

18/1-1922 аб. соналъ дагъобком РКП(б) ялда бит1араб докладалда баян гьабулеб буго Г1анди округ комалъул ответсекретарь Н. Глазковас: Округалда гьеч1ила республикаялъул центргун хурхен гьабизе рес телефон, телеграф х1алт1улеб гьеч1олъиялъ округалда раккулел руго бат1и-бат1иял хабарал, халкъалъул багъа-бачари ккезариялъе. Болъихъан Красный Армиялъул гарнизон нахъе бачиналда бан, Совет власталде т1аде Япония, Франция к1анц1улеб бук1иналъ х1инкъун т1уранила.

Ответсекретарь Глазков.

28/П-1922 соналъ Дагъобком РКП(б) ялде хъвараб Г1анди округкомалъул секретарь Н. Глазковас хъвараб докладалда «Х1акъиъкаталда Округкомалъул отделал х1алт1улел гьеч1о, абизе бегьула гьезего гьеч1илан, г1иц1го организационный отдел гурони.

Заготконторалда х1алт1улев вук1арав Пашаев гьенисаги вачун т1амуна пропогандаялъулгун-политикияб отделалъул заведующийлъун.

Г1анди округалда буго хъвай-ц1али малъулеб 2 школа, гьенир ц1алулел руго 40 чи, лъимал ц1ализарулел руго 12 бак1алда, гьенир ц1алулел руго 700 лъимер. (Ш. Г1. – 12 школалда ц1алулеб 700 лъимер бук1ине ккола мадрасазда ц1алулел лъимал). Детдом буго 1 50 лъимералъе, комячейка буго 1, 11 членги 4 кандидатги жанив вачараб, ах1ана 2 собрания, 2 заседания ва гьабуна 12 митингги. Г1арзаби рач1ана зав. отделаз. Председатель окружноного испокомасул диктаторстводялда т1аса.

Комсомолалъул ячейкаби риха-ричизе риччана, профсоюзал округалда гьеч1о, гьединго гьеч1о РКИ. Халкъалъул настроение квешаб гьеч1о.

Ответсекретиарь Н. Глазков

(ЦГА Р/Д Ф1 п, ОП1, Д 324).

1921 аб. соналъул апрель моц1алъ Г1анди округалда парт. комитеталъ округалъул участкабазда парт. комитет ва ячейка г1уц1иялъе гьабураб план-схема.

Дагъ ком РК (б)

Г1анди округалъул парт. комитет

Президиум

Секретариат

Общий отдел

Орг. инструкторский отдел | отдел пропаганды

орг. инструк. | информац. под отдел | отдел рабочий подотдел | клуб

Андийск. участок | Гумбетов. участок | Технуц. участок | Карат. участ. | Ахвах. участ. | Тинд уч. | Ункр. уч. | Дидовск. участок

г1анди округалда т1оцебесеб маялъул праздник т1обит1ула 1922 абилеб соналъул 1-3 маялъ Г1ахьвахъ участкаялъул Т1адмагъилъ росдал Гъамиштахъ авалалъул Мух1амадов Исрапилил колода, гьеб бак1 кколаан кидалго партизаназул отряд данде бак1арулеб ва штаб лъураб бак1лъунги. Гьениб бук1араб партотрядалъул штабалдасан бук1уна нухмалъи ва ярагъ, рет1ёел, квана-гьекъолеб кинабго сурсатги.

1922 аб. соналъ т1обит1араб т1оцебесеб маялъул праздник бук1ана Дагъкомалъулгун Дагъ ЦИКалъулгун, Дагъистаналъул рагъулал органазул бихьизабиялда рекъон т1обит1араб. Хадубккун Дагъистаналда, хасго муг1рузулал округазда халкъалда гьоркьоб рекъел ва гьудуллъи щулалъиялъул мурадалда гьабулеб х1алт1илъунги.

Дагъ ЦИКалъ 1/У-ялъул праздник нухда т1амиялъе бихьизабула 2000000 гъурущ г1арац, 30 ведро чагъиралъул. Баг1арал партизаназе г1арцулал ва цойгидалъулги къиматал сайгъаталги. Праздникалде рач1ун рук1уна Авар, Гъуниб, Гъумекиб, Даргиязул, Буйнакскиялъул округаздасан 760 г1ан гьалбал.

Г1анди округалъул щибаб росулъан г1ахьаллъула гьел росабазул х1урияталъе г1оло къеркьолел рук1араздаса вакилзаби гурелги г1адатиял рекьарухъабазул къокъабиги. Цо-цо росабалъан; Лъануса, Г1асаса, Т1елекьа, Ц1егоса, Ракьуса, Бакълъухъан, Г1емертусан, Гъодобериса, Т1индиса, Щаниса, К1удиябросолъан, Лъибщуса, К1арат1аса, Т1ок1ит!аса ва цойгидалги росабалъа зурма-къалигун, коч1охъаби-кьурдухъабигун т1убарал къокъабиго решт1уна.

Гьеб праздникалда г1ахьаллъаразул къокъабазул 24 бак1алда зурма-къолол горсвериял рук1уна.

2-3/У-ялъ бук1ана спорталъул х1аял; палугьаби риччай, чуял риччай, гьаби рагъизари, гугари, гамач1 рехи, рекери, к1анц1и ва регьаразе рихьизарун рук1уна сайгъаталги. Гьебго праздник сверула бертадеги, гьеб колода г1умру гьабун ч1арав баг1арав партизан Даниялил Къурбанг1алие ячуна Мух1амадил Напизатги. Праздникалде х1адурун бук1ана хъвезе 8-го оцги 146 г1иялъа жоги, 12 раг1а ч1аг1адулги, гьединго закаталаялде рит1ун 4 пут ч1аг1аялъулги.

Г1анди окр. Исполкомалъ ва окружной комитеталъ совет власталъе г1оло къеркьолаго цебехъанлъи бихьизабурал баг1арал партизаназе подаркаби кьола, т1ок1лъи бихьизабурал росабазе Дагъ ЦИКалъул, Дагъкомалъул ва Г1анди окр. Исполкомалъулгун округкомалъул рахъалдасан Баг1арал байрахъал кьола.

Г1анди округалъул халкъалъ ракълилаб г1умруялде байбихьизе ккей ва жиде-жидер маг1ишаталде т1ад руссине ккей т1алаб гьабун к1алъай гьабула Шамхвал Салих1овас.

Г1анди окр. Парт. комитеталъул секретарь Глазковас баян гьабула Совет власталъ халкъалъе культура, лъай кьезе бук1ин.

1922/23 вб. Ц1алул соназ Г1ахьвахъ школа рагьизе бук1иналъул ва цойгидалги Совет власталъул политикаялъул к1варалъул х1акъалъулъ лекцияби, докладал гьаризе рук1ин Г1анди округалда парт ячейкаби г1уц1изе рук1ин ва агьел ячейкабаз г1агар гьаризе рук1ин т1олго зах1мат халкъ маг1ишаталъулъ, лъаялъулъ бергьенлъи босиялде.

Гьединабго к1алъай гьабун рахъана сверухъ округазул ва республикаялъул вакилзабиги.

3/У-ялъул бакъанида праздникалъул митинг къана, гьалбадерие баркалаги загьир гьабуна Шамхвалица Рик1к1адаса рач1арал гьалбадерие 3/У-ялъул къасиги ихтилат-кеп, квана-гьекъей г1уц1ана ва гьалбал 4/У- ялъул радал Г1ахьвахъан нухда рег1ула г1ахьвалазул т1олалго росабазул жамаг1аталги рахъун.

Гьединго рохалил къоял данделъана Авар, Гъуниб, Леваши, Гъумеки, Буйнакский округазда ва гьенире Г1анди округалъул вакилзабиги г1ахьаллъана, гьеб бук1ана Х1оцоса Нажмудинилгун пачаясул офицерзабазгун чиновниказ Дагъистаналъул халкъал цоцалъ рагъизе т1амун хъах1аздасан маг1аруллъи бац1ад гьабиялъул ва Совет власть щулалъиялъул т1оцересел рохалил данделъаби.

Г1ахъьвахъ район рагьизег1ан Г1ахьвалазул росабазе г1иц1го Т1адмагъилъ росолъ гурони партячейка бук1инч1о, гьеб партячейкаялда цолъулаан Изано, К1удияб росолъ, Т1адмагъилъ, Лологъонолъ, Лъибищо, Т1ак1ит1а, Мест1ерухъ росабалъ ругел комунистал.

Г1ахьвахъ РК ВКП(б) г1уц1ун хадуб байбихьана росабалъ партиялъул ячейкаби г1уц1изе. Гьел партячейкабазул т1оцересел секретараллъун рук1ана:

Т1адмагъилъа – Мух1амадов Г1аду,

К1удияб росолъа – Г1амиров Таймасхан,

Изано –Эхуков Х1ажимух1ама,

Т1окит1а – Шамсудинов Мусалав,

Мест1ерухъ – Мажидов Ибрагьим

Партиялъул г1уц1алаби гьеч1ел росабазул коммунистал мадугьалихъ бугеб партячейкаялъул учеталде унаан.

Аслияб къаг1идаялъ Г1анди округалда партячейкаби г1уц1арав ва сочувствующиял партиялде росиялъе х1алт1и гьабурав чи ккола 1924 аб. соналдаса Г1анди округалъул РКП(б) ялъул комитеталъул секретарьлъун вук1арав Халидов Бадрудин, гьесул периодалъ партиялде росараздасан ккола г1ахьвалазул – Мух1амадов Г1аду, Мусахъаев Ибрагьим, Чундалов Х1адис, Мух1амадов Х1айдарбег, Г1абдусаламов Мух1ама, Эхунов Х1ажимух1ама, Г1амиров Турач, Г1амиров Г1алих1ажи, Г1амиров Таймасхан, Шамилов Хъехъалав, Х1ажиев Г1ащикъмух1ама, Дег1енчуев Х1ажияв, Шамъхвалов Мамаби, Шамхвалов Г1исалмух1ама, Х1усейнов Нажмудин, Г1умаров Ашахан ва гь. ц.

Хадувккун Халидов Бадрудин вачуна Дагъистаналъул партиялъулгун х1укуматалъул жавабиял х1алт1абазе 1936 абилеб соналъ Халидов Бадрудин партиялдаса рехула ва 1937 абилеб соналъ репрессировать гьавула. Большевиказул партиялъеги Совет власталъеги халкъалъеги рух1алда барахщич1ого гьабурабхъулухъалъе баркалаялъул бак1алда щиб-щиб гурел мац1ихъабазул далилаги кьоч1ое росун Халидов Бадрудин туснахъ гьавула ва т1ад вуссунаро. Къисмат гьединан ккана Совет х1укуматалъе г1оло къеркьаразул

Партиялдаго гьеч1ев чи рекомендовать гьавун вук1ана Г1ахьвахъа Шамхвалдица Халидов Бадрудин Г1анди округалъул РКП(б) ялъул комитеталъул секретарьлъун тезе, гьесул халкъалда гьоркьоб бугеб къимат-къадруялда бахиллъун. Г1иц1го партбилет хъван кьей гурони, цойги камураб жо щибго гьеч1ин Бадрудин округалъул комитеталъул секретарьлъун вук1инеян абуна гьес Дагъкомалъул заседаниялда Полешкоде.

20/Х-1931 аб. соналъ Дагъ. Обком ВКП(б) ялъул бюроялъул х1укмуялдалъун г1уц1ула Г1ахьвахъ РК ВКП(б). Г1ахьвахъ РК ВКП(б) рагьиялъе г1илалъун ккана Болъихъ районалдаса бат1а гьабун Г1ахьвахъ ц1ияб район рагьи. (ЦГА Р/Д Ф 1п, ОП1 Д 1418 з5, Л. 74)1/П-1965 абилеб соналъ Дагъком КПССалъул бюроялъул х1укмуялда рекъон ц1и гьабун г1уц1ула Г1ахьвахъ РК КПСС, Г1ахьвахъ район Болъихъ районалдаса бат1а гьабиялда бан. (ЦГА Р\Д Ф1п, ОП2, Д2540 З13, л. 19)

23/УШ-1991 аб. соналъ Россиялъул Президентасул указалдалъун коммунист партиялъул х1алт1ул х1аракатчилъи РСФСРалда гьоркьоб къот1изабиялда бан Г1ахьвахъ РК КПССалъги жиндир х1аплт1и къот1изе тола.

20/Х-1931 абилеб соналъ т1оцебе Г1ахьвахъ РК ВКП (б) ялъул г1уц1иялъул комиссиялъул председательлъун ва ц1ияб парт. комитет бищизег1ан партиялъул х1алт1и т1ад къала Х1усейнов Нажмудинида, гьебго соналъул декабралда.

Г1ахьвахъ РК ВКП(б) ялъул т1оцевесев секретарьлъун т1амула Г1алиев Къурамух1ама, хадубккун цоял-цояз хисун рач1уна; Пирбудагъов Г1умар, Исламов Ислам, Г1умаров Мух1амад, Х1ажиев Х1айбулагь, Чунчалов, Х1ажиев Г1усман, Г1абдулат1ипов Мух1амад, Х1ажиев Мух1амад, Т1агьиров Будун, Испагиев Мах1ач, хадувги Т1агьиров Будун, Х1ажиев Муслим, Мух1амадов Ах1маднаби. Хадуб район Балъхъадерида дандч1вала ва ц1идасан Г1ахьвахъ район рагъула

гьенив Халидов Асбизон вищула гьев хисула Г1алидибиров Ахъаги ц1алудаса вуссиндал Халидов А вищула, гьев хисун вач1уна Бадрудинов Мух1ама Гъази ва 10-го г1ан соналъ х1алт1ула, ахиралда РК КПССсалъул иш лъуг1ула Гъазимух1амадов Т1алх1атида.

Гьелщинал РК КПССалъул т1оцересел секретаразул цох1о Т1агьиров Будун гурони порт конференциялъул демократияб нухалда вищарав секретарь кколаро, нахъиял обкомалъ рит1ун рач1арал ккола, гьезда гьоркьоса г1иц1го бак1алъулаб кадраялдаса ккола: Т1агьиров Будун, Мух1амадов Ах1маднаби, Халидов Асбизон, Г1амиров ва Бадрудинов Мух1амагъазиги.

Г1ахьвахъ РК ВКП(б)ялъ х1исабалде босула районалъе чара гьеч1ого бук1ин районалъул печаталда бахъараб газета, гьелдалъун 17/Ш-1933 аб. соналъ данделъараб Г1ахьвахъ РК ВКП(б) ялъул бюроялъул х1укму ккола газета биччазе.

Протокол №5 17/Ш-1933 года

Заседание бюро Ахвахского РК ВКП(б).

Присутствовали члены бюро: Далгатов Курамагомед, Алиев Газимагомед, Мудунов Исрапил, и кандидат Мусакаев Ибрагим.

Приглашение: Упол. РКК Гаджимагомедов, рай прокурор Омаров, Агит. Массовой отдел РК Кудачиев Агамагомед, зав. женским отделом Зубайирова П., ин. Труд Эхунов Газимагомед.

Слушали: об открытии районной печатной газеты (информация Далгатова Казимагомеда).

Постановили: 1) открыть районную печатную газету размером ¼ песатного листа периодичностью 5 номеров в месяц, с тиражом 1000 экземпляров с печатанием в Ботлихской типографии, редактором газеты по совместительству утвердить культпром Ахвахского РК ВКП(б) тов. Далгатова Курамагомеда;

Член ВКП(б) с 1930 года, аварец. 2) Предложить редактору составить смету. 3) Выпуск газеты обеспечить с 25/Ш-1933 года.

(ЦГА Р/Д Ф 1837-п, оп1, Д7)

Газеталда ц1ар лъола «баг1арав партизан», гьеб хисула «Большевик», хадуб «Рогьел» - заман. Газеталъул редактораллъун рук1уна: Т1алх1атов Къадимух1амад, Х1амзатов Хочо, Х1усейнов Нажмудин, Шамсудинов Мусалав, Къасум, Таймурад, Х1айдар, Бек1иев Мух1амад ва гь. ц.

Февралалъул революциялдаса хадуб Дагъистаналда бук1араб социалистияб группаялъ: Мах1ач Дах1адаевас, Тахо Годица, Къоркъмасовас, Хизроевас исламалъул х1урматиял церехъабигун хурхен гьабула, бьайбихьуда Г1ахъушалиса Г1алих1ажилгун, гьев вищула Дагъистаналъулги Северияб Кавказалъулги Совет оборонаялъул х1урматияв председательлъун 9/Х-1920 аб. соналъ Леваши данделъараб мискин халкъалъул съездалда. Гьеб съездалда Г1ахьвалазул Шамхвалил отрядалдасаги г1ахьаллъула 24 вакил ва Ордженикидзел кумекалдалъун щола ва съезд нухда бачана Г. К. Орджоникидзеца ва гьес к1удияб х1алт1и гьабуна революционныял къуватал данде рак1аризе, контреволюциялде данде рагьизе. Г1алих1ажица к1ийиде бикьизабуна бусурбабазул цолъи, гьелъ заг1ип гьабуна

Х1оцоса Нажмудинил ва заманаялъул х1укуматалъул къуватал. Чанго рагъулал дивизиябазул къуватаздасаги бажаруларебг1ан к1удияб х1алт1и гьабуна Исламалъул церехъабаз Дагъистаналда рагъ къот1изабизе ва халкъалъул маслаг1аталъе г1оло.

Чанго нухалъ хадур лъугьана заманаялъул Дагъистаналда г1уц1араб х1укуматалъул агентал Г1алих1ажи ва цойгидалги ракълица рахъ ккурал Исламалъул церехъаби ч1вазе ва туснахъ гьаризе. Гьале Дагъистан республикаялъул Централияб пачалихъалъул архивалдаса цо кагъат:

Секретно-срочно. Врем. Правит. Дагестана. Начальнику Даргинского округа. Немедленно арестовать Алигаджи Акушинского и другие, с надежным конвоем переправить люди упомянутых лиц Темирхан-Шура арестовать. Времен. Правитель Дагестана Генерал майор Халилов. Времен – НД Помощник его по гражданской части полковник Бейдел. Начальник отдела Лазарев

14/УШ-1919 год (ЦГА Р/Д Ф-Р-4, оп №, Д 47)

гьединабго маслих1аталъе х1алт1ана Къах1иса Шайих Х1асан апанди. Т1адмаг1аруллъиялда гъалмагъир-рагъ къот1изабиялъе росабазул дибирзабазда ва жидер раг1и билъунел жамаг1аиалъул церехъабазулгун, гьединго Дагъисталъул х1укматалъул бут1рузулгун гьоркьоб къот1ич1еб бухьенги гьабун Х1асан апандида бажарана Х1оцоса Нажмудинилги Г1алиханов Хъайтмазилги маг1арул халкъ цоцалъ багъизабиялъул политикаялде данде къеркьей 100-100 чиясул г1умру ва гьезул маг1ишат ц1унизе.

23/!-1921 абилеб соналъ Н. Самурскияс хъвалеб буго Г1ахьвалазул партизаназул отрядалъул военком Т1алх1ат Джалиевасде: «Г1ахьвахъан Чачаналде ине Гьидерил кьодасан рач1унел гъачагъазе нух къайилан.

9-10/П-1921 аб. соналъ Гьерк1есдерил моц1ролъан рач1ине ккола Баг1ар аскаралъулал. Къах1иса Шейх-Х1асан апандиясда т1адкъан буго Гьидалъел г1одор руссинариялъул ва гьенив вакил вит1иялъул ишги»- ян

(ЦГА Р/Д Ф-8 П ОП 6. Д 37)

Исламалъул церехъабаз кутакаб жигар бахъана щибаб росдал жамаг1атазда гьоркьоб ракълил нухалдалъун рагъ-кьал къот1изабиялъул х1аракат бахъизе. Гьединаздасан кколаан г1ахьвахъа Аюбх1ажи, Мусаласул Мух1амад, Парах1ажил Г1умардибир, Дег1енчол Х1ажиявдибир, Ражиханил Г1али, Идрисил Г1абдулкъадирх1ажи г1адал г1алимзаби.

Гьезда лъалеб бук1ана кутакаб къуваталде данде къеркьон хаслихъего Россиялда Ник1алайил пачалихъ большевиказул кверщаликье ккун бук1ин. Лъалаго х1асил кколареб рагъ гьаби ва бусурбабаз жалго жиделъго рагъун г1адада би т1ей, халкъалъул маг1ишаталъе зарал гьаби, шарг1алъ нахъ ч1вараб иш бук1ин.

Къах1иса Х1асан апандияс т1олалго Дагъистаниял ах1ана ракълиде, киналг1аги бусурбабазда гьоркьоб жах1да-тушманлъи ккезе биччач1ого россиялдаго бергьараб совет властаалъул х1укуматалде мут1иг1лъун рук1ине ккей. 1923 аб. соналъул 20/Х!-алъ Къах1иб росулъ ах1ана г1алимзабазул мажлис (съезд). Гьенир г1ахьаллъун рук1ана г1ахьвалазул жамаг1аталдасаги вакилзаби: Мусаласул

Мух1амад, Малачиласул Саг1аду, Халитил Мух1амадги. Гьеб мажлисалъул г1ахьалчаг1аз халкъалда бич1ч1ёизабуна х1урият бергьун бук1ин, гьелъул т1адчаг1азе мут1иг1лъизе ккей. Щибаб росолъ цебего г1адин жиде-жидер маг1ишаталде т1адруссине ккей. Гъалмагъир х1алезул хабаралда божизе бегьунгут1и, халкъалъе лазат бахъизабулезде, гъачагъазде, ц1огьазде, гъалмагъирчаг1азде данде ц1об тун къеркьезе ккей. Большевиказул парткомитеталъул къуваталдасан исламалъул церехъабазул къуват бергьана. Дагъистаналда х1урияталъул нух щула гьабиялъулъги.

Г1анди, Гъуниб ва Авар округазда рагъ-кьал лъугьун хадуб 1924 абилеб соналдаса парткомитетазул х1алт1улги цебет1ей байбихьула Г1анди окружной парткомитеталъ щибаб участкаялда партиялъул ячейкаби г1уц1ула; Г1анди, Г1ахьвахъ, Мелъелт1а, К1арат1а ва цойгидалги росабальги. Г1ахьвахъ участкаялда т1оцебе Т1адмагъилъ росолъ 1917 абилеб соналъул февралалда г1уц1ула партячейка, ункъго партиялъул членасдасан ва 2 кандидатасдасан. Т1оцересел коммунисталлъун рук1уна – Чундалов Х1адис, Мух1амадов Г1аду, Эхунов Х1ажимух1ама, Г1амиров Таймасхан. Дагь-дагькkун ц1ик1к1уна партиялде росаразул къадар. Т1оцебесеб партячейкаялъул секретарьлъун вищула Г1ахьвахъ участкаялда Мух1амадов Г1аду 16/П-1927 сон.

1932 аб. соналъул 4абилеб январалъ данделъараб Г1ахьвахъ РК ВКП(б) ялъул заседаниялда прот. №6 Т1адмагъилъ партячейкаялъул цо парт. собраниялда партиялъул членлъиялде кандидатлъун росула 22 чи ва 1 членги. К1удияб росолъан: Гъазиев Нурмух1амад, Х1амзатов Чупан, Саг1идов Г1абдула (К1удияб росдал ВЛКСМалъул секретарь), Къурбанг1алиев Г1абдурах1ман, Муртазаг1алиев Гъазихан, Дарбишев Асадула, шамилов Таймасхан, Жафаров Нурудин.

Изанисан: Исаханов Исх1акъ, Юсупов Нуцалхан, Мирзаханов Х1ажияв дибир, Гереев Гъазиявдибир, Бежаев Халит, Дибирмух1амадов Х1асанбег, Калантарова Кусум, Шамхвалов Мух1амад, Мух1амадх1ажиев Х1ажибег, Ковханов Сердилав, Чаусов Ибрагьим.

Т1адмагъилъан: Исаев Х1айдарбег, Г1алиев Ибрагьим – членлъун.

Лологъонилъан: Г1абдулхаликъов Расул.

4/!-1932 аб. соналъ Г1ахьвахъ РКВКП(б) ялъул бюроялъул заседаниялъ Т1адмагъилъ партячейкаялъул х1укму тастикъ гьабула, хадубккун щибаб росолъ партячейка г1уц1и мурадалда, гьезул лъай-бажариялде балагьич1ого ва партиялъул членлъиялде кандидаталлъун росаразда гьоркьоса 30% -ги партиялъул членаллъун рорч1уларо.

11\П-1932 аб. соналъ  Г1ахьвахъ РК ВКП(б) ялъул сведениялда рекъон учеталда вук1уна 28 партиялъул член ва 24 кандидатги, гьездасан 5-ясда гурони г1урус мац1 лъаларо.

Г1ахьвахъ участкаялда :

Т1адмагъилъ – 3 член ва 2 кандидат.

Изано – 3 член ва 12 кандидат.

Лологъонилъ – 1 кандидат

К1удияб росолъ – 3 член 8 кандидат.

(ЦГА Р/Д Ф-1837-г, ОП1, Д 7).

Г1ахьвахъ РК ВКП(б) г1уц1ун хадуб байбихьула партиялъул организацияби щибаб росолъ г1уц1изе ва партиялде г1адамал росизеги. Къоабилел соназда цониги росо х1алт1уларо парт организация гьеч1еб, цо-цо районалъул отделазда ва росабалъ колхозазда, школаздагицин жиде-жидер парт г1уц1алаби раккула, гьелъ квербакъи гьабуна партиялъул къадру-къимат борхизе ва т1адег1анал органазул х1укмаби г1умруялде рилъанхъинаризеги.

РК ВКП(б)ялда цебе г1уц1ана руччабазда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъул отдел. Г1ахьвахъ районалда т1оцеесей руччабазул отделалъул заведующийлъун йик1ана Зубайирова Пат1имат – Ц1умадисей, гьей хисула Мух1амадова Шагьрузатица – Гьимерсосей. Т1оцересел руччабазул г1уц1иязул церехъабилъун рук1ана Изаноса - Кантарова Умукусум, Къадирова Байгизат; К1удиябросолъа – Суракъатова Пат1имат, Жамалова Чамасдак; Т1адмагъилъ – Исмаг1илова Калимат, Х1ажиева Зух1и; Лологъонилъа – Г1алиева Хадижат, Мух1амадова Ш.

Гьелъул жигаралдалъун партиялде росана г1езег1анго къадар руччабазул; Т1адмагъилъ Исмаг1илова Калимат, Нуцалханова Меседо, Х1ажиева Зулх1ижат, Магъушова Жамилат, Х1ажиева Къарибат; Изаноса – Калантарова Кусум, Х1ерендо, Къадирова Байгизат.

РК ВКП(б)ялъул нухмалъиялда г1уц1ана ВЛКСмалъул райкомги, гьелъул т1оцевесев секретарьлъун вук1ана Шайихов, гьев хисула Х1асанов Г1исаханица, гьевги хисула Г1абдулат1ипов Мух1амадица, хадув гьевги хисун вач1уна Шамсудинов Саг1адо (Т1окит1аса).

Г1ахьвахъ участкаялъул росабалъ г1уц1арал т1оцересел ВЛКСМалъул ячейкабазул секретаральлъун рук1уна: Изано - Гьит1инов Султ1ан, К1удияб росолъ – Саг1идов Г1абдула, Т1адмагъилъ – Шейхов Малах1ажи.

Гьел росабалъ комсомолалъул ячейкаби г1уц1изег1ан 1927 аб. соналъ Г1ахьвахъ участкаялда г1олилазул г1уц1иялъе нухмалъи гьабурав г1олилав вук1ана Г1умаров Шамхалмух1ама.

Г1ахьвахъ партизаназул багъа-бачари бугеб мехалдасаго Г1умаров Шамхвалил Мух1амадица г1уц1ун бук1ана г1олилазул отряд, 13-16 соналъул г1умруялъул г1олохъабаздасан. Гьединаздасан рук1ана Шамсудинов Загъалав, Жамбулаев Багьаудин, Дибиров Сурхай, Х1усейнов Нажмудин, Шамхвалов Г1исал Мух1ама ва гь. ц.

1920-1922 аб. соназ г1олилазда гьоркьоб гьабураб х1алт1иялъе г1оло г1умаров шамхвал Мух1ама мустах1икълъула пачалихъалъул шапакъаталъе ва гьесие кьола «За отвагу» медаль, СССРалъ 5- сон т1убаялъул юбилеялда 1967 аб. соналъ. Дагъистаналда РКСМалъул съезд ах1ула 1921 абилеб соналъул 1 маялда Темир-Хан-Шура, гьеб съездалда бищула т1оцебесеб комитет ва секретариатги: Кошеев Булач, Брюханов, Саид Х1усейнов, Астемиров ва Устархановги. Дагъистаналъул РКСМялъул 2аб. съезд ах1ула 22/УШ-21 аб., гьеб заманаялъ РКСМялъул членазул ва кандидатазул къадар бахуна 2020 чиясде, 97 ячейкаялда, съездалда г1ахъаллъула 88 чи, гьезда гьоркьор Г1анди окружной комитеталдаса 5 чи.

(ЦГА Р/Д Ф4П, ОП1, Д 12, 76).

Хадубго байбихьула Дагъистаналъул округаздаги комсомолалъул комитет ва росабалъ ячейкаби г1уц1изе. Т1оцебе Г1анди округалда г1уц1араб комсомолалъул комитет бихха-бичун уна, округалъул РКП(б) ялъул комитеталъул х1алт1улъ гьеч1еб г1адлу-низамалъ ва нухмалъиялъе лъай-бажари бугел церехъаби гьеч1олъиялъги.

Аслияб къаг1идаялъ Г1анди округалда РКСМ-ялъул комитет г1уц1ула 1923 абилеб соналъул апрелалда ва комсомолалде росула 11 чи, июналда 10 чи, июлалда 2 чи, 1923 абилеб соналъул ахиралда кьураб отчеталда комсомолалде восун вук1уна 52 чи.

1923 абилеб соналъул байбихьуда Г1анди округ. Комитеталъул ответсекретарьлъун вук1уна Кадиев, хадув гьев хисула Абакаров Г1абдулас. Байбихьула росабалъ комсомолалъул ячейкаби г1уц1изе. Болъихъ комсомолалъул ячейкаялъул секретарьлъун вищула Кадиев Миг1арсо – гьенив вук1уна 5 член РКСМ, ячейкаялъул секретарьлъун вищула Мух1амадов Г., Кванхидалъ 6 член РКСМ – ячейкаялъул секретарьлъун Г1умардибир Ибрагьимов, Инхело – 6 член РКСМ, секретарьлъун вищула Амин Х1айдаров. Т1оцересел комсомолалъун рук1уна: Лакав – Сатибалов Г1алаюдин, Болъихъа – Шагьрудин Измаилов, Мух1ама Ханиев, Ражабдибир Мух1амаев, Исах1ажи Мух1амадов, Кад иев, Абакаров Г1абдула, К1удиябросолъа – Шамхвалов Г1исал Мух1ама, Г1умаров Шамхвал Мух1ама, Х1ажиев Х1усейн, Саг1идов Г1абдула ва гь. ц.

(ЦГА Р/Д, Ф 4 П, ОП1, Д 76, л 68,112,143).

Дагъистаналъул большевиказул асар баккаралдаса РКП(б) ялъул ВКП(Б0 ялъул, КПССалъул, Дагъ Обкомалъул т1оцересел секретараллъун рук1арал секретарал:

Уллубий Буйнакский – 1917-1919.
Дж. Коркмасов – 1919.
Шеболдаев – 1920.
лапин с апреля - 1920.
Полешко – 1921 – 1923.
Рютин – 1923-1924.
Г1алиев Ибрагьим –
Магомед Далгатов – 1924-1928.
Муравьев - 1928-1931.
Цехер А. А. – 1931 – 1934.
Самурский – с 1934/Ш-1937 30\!Х
Сорокин М. Ф. – 1937-1939.
Иосиф Линкун – 1939-1942.
Алиев А. З. – 1942-1948.
Даниялов с 1948-1967
Умаханов с 1967 –
Юсупов М. –
Алиев Муху - до 23/УШ-1991.

Одни из активистов района 30-х годов (возможно).



Квег1иса кваранидехун; 1) Учаров Г1алишта, 2) Х1усейнов Нажмудин, 3) Загъалов Къурбан, 4) Х1ажиев Жалалудин, 5) Г1абдула Местерухъав.

**1930 аб. соналъ Дагъистаналъул цо-цо бакIалда халкъалъул багъа-башари.**

Дагъистаналда граждан рагъ лъугIун 8-го гIан сон ун хадубги халкъалъул багъа-башари байбихьула. Совет власталъ халкъалье лъикIлъаби хабаралъулъ къокълъула.

Н. Самурскияс тIолго Дагъистаналъул халкъалъул тIоцебесеб съездалдаго абуна «Нилъеца гIемераб жо обещать гьабуна халкъалье, хIакъикъаталда щибго кьечIилан».

Гьединанго абуна Дидоялъул участкаялда ревкомалъул председательлъун вукIарав, хадувккун Совет власталдаса инкар гьабун Дидоялъулгун Анцух-Капучиялда восстания багъаризабурав МухIамад Дибирицаги- «ЛъикIлъи босун Совет властьги большевикалги щвечIилан, кинабго лъикIабщибнаб хвезабизе, магIарулазул мискинабго магIишат лъугIизабизе, дагьабниги гIакълу, тадбир, гIелму бугев чи туснахъ гьавизе байбихьанилан большевиказ».

Гьеб такрар гьабун буго КIванкъероса Нуцалханил МухIамацаги, гьоболлъухъ щварав хуштадисев Шамхвалил МухIамадидеги.

Церехуниселзулго гIадаб жаваб буго КIудиябросулъа ревкомалъул председательлъун вукIарав гIалимчи Бакъда-ХIажил Аюб ХIажиясулги ва нахъиял гIемеразулги. Щибха халкъалье рекIее гIечIеб жо ккараб Совет власталъул?

1) Исламияб диналде ва шаргIияб гIадлу-низамалдехун большевиказул политикаялъул рокьукълъи, гьелдехун вахIшияб бербалагьи. Исламалъул нухал къан, мажгиталде мадраясалде гьукъи.

2) Диниял гIалимзаби, дибирзаби, къадизаби рищияздаса махIрум гьари ва гьел туснахъ Сибиралде ритIи.

3) Дагьабниги жидер бащдаб лъагIалие бетIербахъи бугел гIадамал кулакал гьари ва гьезда бецIун бажаруларел налогал, гIи-боцIул продуктабазда заготовка лъей.

4) ЛъагIалида жаниб 6 –го къоялъ пачалихъалъул нухал гьаризе ва цо моцIалъ чIобого росдал гIеллъи гьабизе тIами.

5) Зулмуялъа жидер буголъи дандбан гIаммал магIишатазде лъугьине тIами.

6) Округалги риххун, халкъ квегъизелъун пачалихъалъул зулму-хIалалъул идараби халкъалде гIагар гьари, ай районал рагьи.

7) БакIалъулал гIадатазде ва жидер къавмалъул гIумру гьабиялъул, рукIа-рахъиналъул нус-нус соналъ умумаз хIалтIизабураб культураялде данде къеркьезе росабалъ большевиказул партиялъул ва комсолалъул ячейкаби гIуцIи.

8) ТIадаб къагIидаялъ БагIараб Армиялде гIолохъаби ахIи. Гьел рехсарал гIиллабиги кьочIчIое ккун 1930 аб. соналъул марталдаса байбихьула Югалъул Дагъистаналда-Азербайжаналъул гIорхъода, Казбек районалда ва Дидоялъулгун Ункъракьалъул обществоялда халкъалъул яргъид гIуцIарал къватIирерахъинал, ай восстанияби.

Гьел къватIирерахъиназда цIарги лъола «Революциялде данде чIарал яргъид гIуцIарал кулаказул восстанияби»-лан.

Дидоялъулгун Ункъракьалда багъарараб гIодобцвинабизе ахIи бала Дагъисталалъул ОГПУялъ гIахьвалазул партиз. отярадалдеги, гьединго Дагъистаналъул НКВДялъулгун милициялъул къуватаздеги.

ГIахьвалазул партиз. отрядалъе команда гьабула Турач ГIамировас, милициялъул отрядалъе Макъсуд Мусаевас.

Дидоялда багъарараб восстания лъугIизабиялъе гьабулеб къеркьеялъе политруководительлъун вукIуна Черняев. 1930 аб. соналъул 12 апрелалъ гIахьвалазул партиз. отрядалъул 57 рагъухъан жанив сверизавула Сагьада ва Шагьикь росдада гъоркь Черняевасул бажари гьечIолъиялъ ва хIинкъиялъ. Восстаниялде рахъаразул госверудасан партиз. отряд хвасар гьабиялъе Турач ГIамировас ва ГъазимухIамад ГIалиевас? ЦIумада РНКялъул председателас гьабураб таваккалаб къохъеялъ ва гьезул бахIарчилъиялъ кIвана тушаманасул горсверудаса гьел хвасар гьаризе 10 –го партизанасдаса данде гьабураб къокъаялъе 12 аб. апрелалъ 1930 аб. соналъ 13.00 0 фут борхалъиялдаса гIазогун цIороца ккураб Богох мегIералъул тIогьисан восстания багъаризабуразул отрядалде гьужум гьабизе кIвеялдалъун.

2.IV- 30 аб. соналъ асирлъуде ккарав Изаноса ГIамирхан Туруханов чIвана Гьеб восстаниялде рахъараз чанго нухалъ гьужумал гьарун рукIуна ЦIунта райцентр Шагьури, районалъул нухмалъулезде тIаде ва гьенив чIвана КIаратIаса Загьид ва МестIерухъа ……

1930 аб. соналъ рагьун букIуна Эчеда районалдаса батIа гьабун ЦIунтIа район, район Дидоялда рагьи гьезие къабуллъуларо ва гьез суал лъола Шагьуриса, ай Дидоялдаса районалъул цент рикIкIад гьаби. Дидоялъулазул восстания къала ва

СССРалъул Рев. Воен. Советалъул тIадкъаялда рекъон 1930 аб. соналъул март – апрель моцIаз Дагъистаналда яргъид гIуцIарал кулаказул контрреволюциялъул восстанияби лъугIизариялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло Дагъистаналъул ЦИКалъул V-абилеб сессиялъ хIукму гьабуна 132 чиясе пачалихъалъул шапакъатал кьезе:

I. 20 чиясе «БагIараб рагъулаб орден», гьезда гьоркьоса 8-гояв: Турач ГIамировасул отрядалдасаги

1) ГIалиев ГъазимухIама
2) Турач ГIамиров
3)Ибрагьим Мусахъаев
4) ХIажимухIамад Эхунов
5) НурмухIамад Гъазиев
6) МухIамад ГIазизов
7) Нуцалхан Амирханов
8) ХIадис Чунданов.

Гьезул цонигиясе орден кьун гьечIо, ярагъ, къиматал сайгъатал, грамотаби кьеялдалъун къокълъун буго.

II. 36 чиясе “Наган” тунчул кьун руго, гьездасан Турач ГIамировасул отярдалъул партизаназе – 13 чиясе.

III. 48. Чиясе къиматал сайгъатал кьун руго, гьездасан Турач ГIамировасул партизаназе -18 чиясе.

IV.28 чиясе ДагъЦИКалъул цIаралдаса баркала загьир гьабун буго, гьездасан Турач ГIамировасул партизанасе – 16 чиясе.

Киналго пачалихъалъул шапакъатазе рихьизарун руго 132 чи, гьездасан 55 чи турач ГIамировасул партиз. отрядалдаса руго:

Шамилов ГIали, КъурамухIамадов Таймазхан, Денчиев ХIажи, МухIамадов ГIаду, ЧIахиев Расул, МухIамад ГIабдусаламов, Наваби Шамхалов, ХIадис Чундалов, АбдурахIман ГIалиев, Накучиев Шагьрухан, Шамхалов МухIамад, МухIамад Ракьу-КIванадаса, Ибрагьим Дулаев –Дидоялдаса, ХIадис –Гьакъоса, Сиражудин Лабазанов – ЦIумада районалъул, Абакар АхIмадханов –Гумбеталдаса, МухIамад Алхасов – ЦIумада районалдаса ЖахIбаров Иразхан ва цойгидалги.

1930 аб. соналъ Казбек районалдаги раккула Совет власталда данде чIарал цо-цо руккелал.

Гъачагъазул руккелал лъугIизариялъулъ ГIахьвалазул партиз. отрядалъги гIахьал гьабула Дагъистаналъул ОГПУялъ.

1929 аб. соналдасаго рукIуна Казбек районалда Совет власталде данде чIун гъачагълъиялъулал къватIирерахъинал. Гьеб заманаялъ Казбек районалде милициялъул начальниклъун витIун вукIуна ГIахьвахъа ГIалиев ГъазимухIамад. Казбекалде щведал гьес гьикъула: “Нужер гьанир гIемерищ бадал ругелилан?”- Бадал гьечIев чиго ватиларин жаваб кьедал, ГъазимухIамадица гьезда абула – анкьидасан цониги вукIине гьечIилан.

Дилималъулаз цоял хъун, цоял ричун тIагIинаруралила бадал абидал казбекалъулазе мекъи бичIчIун букIине ккола бандал абичIого бадал абидал.

Казбекалда гъачагълъиялде рахъарал гIодор руссинаризе арал ГIахьвалазул партизаназул цояв ГIалахъамухIамадов ГIалидибир гъачагъаз чIвала 1930 аб. соналъ Дилим росдаде данде балагьараб рохьил талаялда ккараб рагъулъ.

Казбекалда гъачагъазул Къебедов Дадал группаги лъугIизабун ГIахьвалазул партиз. отряд тIадбуссуна.

(1930 аб. соналъул 21 аб. августалъ данделъараб Казбек РКВКП (б) ялъул бюроялъул заседаниялъул №8 протоколалдасан).

Совет властальул ва Большевиказул партиялъул цо-цо нухмалъулезул политикияб лъай ва бичIчIи гьечIолъиялъ цо-цо районазда халкъалъул багъа-башариялдасан яргъид гIуцIарал восстанияби рагъарула ва гьел восстанияби рагъулаб къуваталдалъун Советиял органаз свинеги гьарула.

ГIицIго восстаниязде рахъаразе гуребги гьел росабазул жамагIатазул гIадамазеги магIишаталъеги цIикIкIараб зарал ккола.

Восстаниялде рахъарал туснахъ гьарула, гьезул буголъи пачалихъалъе бахъула. Хадубккун гьезул гIага-божаразе гIумруялъего чIегIераб тIанкI лъола. Гьединан лъугIула восстаниялде рахъаразул къисмат.

(Ф-Р-133, оп.1, Д.1, Л.32)

Протокол №63, от 264. – 1930 г. Решение Президиума Ботлихского РНК. а.

Слушали: о назначении пенсии семьи убитого 2.4.1930 г. бандитами в Дидо красн. партизан: с. Изано Амирхана Караханова – бедняк, состоящ. на учебе КАОВ, семья состоит из 5 душ, старшему сыну 15 лет, сын –12 лет, сын – 8- Хехалали, дочь Умукусум 11 лет и дочь Меседо 9 лет.

Постановили: Принимая  во внимание, что убитый крас. партизан Амирхан Караханов вовремя беспорядков в Дидо был убить, а семья А. Караханова нуждается материальную поддержку по этому ходатайствовать перед Сов.Наркомом ДАССР о назначении пенсии.

**Ват\анияб рагъулъ г\ахьвалал**

ТIадмагъилъ росдал ВатIанияб рагъдаса тIадруссинчIезул сияхI

*1. Абакаров ГьитIинамухIа - 1901 аб. соналъ гьавурав, мухъилав.

*2. Абдуев ВахIид- мухъилав, рагъулъ хвана.

*3. АбдурахIманов ГIабдурахIман - муъилав, рагъулъ хвана.

*5. ГIазизов Макъсуд-мухъилав, рагъулъ хвана.

*6. Алдамов Нажмудин - мухъилав, рагъулъ хвана.

*7. АлихIажиев Ибрагьим - 1913 с. гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1934 аб. соналъул апрель моцIалъ.

*8. ГIалиев ГIамиргIали - 1907 с. гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. соналъул апрель моцIалъ.

9.?

*10. ГIалиев Гъазали - 1912 аб с. гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1945 аб. соналъул февраль моцIалъ.

*11. ГIалиев  Шарип - 1914 аб. с гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 9.9.-1944 аб. соналъ.

*12. ГIусманов Асадула - мухъилав, рагъулъ хвана.

*14. Асларханов Шайхилав- мухъилав, рагъулъ хвана.

*15. БитIракъов ГIалихIажи - 1916 аб. с. гьавурав, араб бакI лъачIого тIагIун вуго 1945 аб. соналъул маялда.

*16. БитIракъов МухIамадхIажи - 1920 аб соналъ гьавурав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб соналъул декабрь моцIалъ.

*17. ХIажиев Жалалудин 1916 с. гьавурав, араб бакI лъачIого тIагIун вуго 1945 аб. соналъул маялда.

*18. ХIажиев ГIиса- мухъилав, рагъулъ хун вуго.

19?

20?

*21. ХIажимухIамадов АлихIажи-1912 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. соналъул декабрь моцIалъ.

*24. ГъазимухIамадов Бадрудин - 1920 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб соналъул ноябрь моцIалъ.

*27. ГъалбацIов Исламбег - 1920 абс. гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1945 аб соналъул май млцIалъ.

*30. Дибиров Сайпудин - 1910 с.гь. гь.сержант 44 ГВ ТБР.

*31. Дибиров Сурхай Камилович- 1902 с. гьавурав, мухъилав, 330 ГВ.СП, 129 ГВ.СД. Рагъулъ хвана 8.1-1944 аб соналъ. Вукъун вуго: Винницкий обл. Улановский районалъул Кропивка росулъ.

*31. Исалов Жамбула - 1910 с. гьавурав, мухъилав 69 Сп. 97 СА. Рагъулъ хвана 18-1943 аб.с. Вукъун вуго  Смолян обл. Духовшинский районалъул, Шевяки росулъ.

*32. Исалов Килич - 1910 аб. соналъ гьавурав, ЦIумада РВК. 1942с. армиялде витIарав, араб бакI лъачIого тIагIун вуго 1942 с. (1945).

*33?

*34. Исрапилов ГIумар -1920 с. гьавурав, мухъилав. Болъихъ РВКялъ армиялде ахIун вуго 1940 аб. соналъ, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. с. декабрь моцIалъ.

35.

36

*37. КIвахIалов КъурамухIама-1945 аб.с. гьавурав, мухъилав, тIагIана араб бакI лъачIого 1945 аб соналъул февралалда.

*38 КъурамухIамадов ИсхIакъ - 1916 с. гьавурав 1939 аб. соналъ Болъихъ РВКялъ армиялде ахIарав, мухъилав тIагIана араб бакI лъачIого 1945 аб. соналъул маялда.

39.

*40. Къурбанов Гъазияв - 1908 с. гьавурав, мухъилав, тIагIана араб бакI лъачIого 1944 аб. соналъул декабрь моцIалда.

*41. Къурбанов Шагьрудин - мухъилав, 37 ОСБР. Рагъулъ хвана 26.5 1943 аб.соналъ. Вукъун вуго Ленинградс. обл. Слановский районалъул, Новоселье росулъ.

*42. МухIамадов Батирхан -1910 аб. соналъ гьавурав, 1941 аб. соналъ Болъихъ РВКялъ армиялде ахIарав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб. соналъул февралалда.

43.

*44. МухIамадов ХIажимурад - 1900 с. гь. 1943 аб соналъ Болъихъ РВКялъ армиялде ахIарав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIарав 1944 аб. соналъул февраль моцIалъ.

45.

46.

*47. МухIамадов Расул - 1916 с. гьавурав, мухъилав, 1942 аб соналъ Болъихъ РВКялъ армиялде ахIарав, араб бакI лъачIого тIагIана 1945 аб. соналъул апрель моцIалъ.

*48.МухIамадов Турач - 1911 аб. соналъ гьавурав. Болъихъ РВКялъ 1942 аб. соналъ армиялде ахIарав, мухъилав, тIагIана араб бакI лъачIого 1944 аб. соналъул декабрь моцIалъ.

*49. Матев Ризван - 1912 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, 470 СП., 194 СЛ.Рагъулъ хвана 5.10-1945 аб. соналъ. Вукъун вуго Восточный Пруссиялда, Кальберг Лип росдал, Фрищ нерук косаялда.

*50. Мусакаев Мусакай - мухъилав, рагъулъ хвана.

*51. СагIидов Басир -1920 аб.соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. соналъул август моцIалъ.

52.

*53.Салманов Бадрудин - 1901 аб с. гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1945 аб. соналъул февраль моцIалъ.

54.

*55. ГIунчаров ГIалисултан - 1900 аб соналъ гьавурав, Болъихъ РВКялъ 1942 аб соналъ армиялде ахIарав, мухъилав, араб бакI лъачIого 1945 аб соналъул марталда тIагIарав.

*56. Дибиров ХIажимурад (ХIажимухIамад) - мухъилав, рагъулъ хвана.

57.

*58 Хаитов Гирей, мухъилав, рагъулъ хвана.

*59. Хайбулаев ШапигI Курбанович - 1925 аб. соналъ гьавурав, мухъилав 68МБР. Хвана рагъулъ щвараб ругъуналдаса 26.1-1945 аб. соналъ мед СБ -410. Вукъун вуго Калининградский об. Будиса росдал школалъул ахикь.

60.

*61. Шамсудинов ГIиса - 1900 аб. соналъ гьавурав, Болъихъ РВКялъ 1.4-1942 соналъ армиялде ахIарав, мухъилав, рагъулъ хвана 10.10-1942 аб. соналъ. Вукъун вуго Карачаево-Черкесская АО, Марухский перевалалда.

*62. Шамхвалов ГIамир - мухъилав, рагъулъ хвана.

*63. Шамхвалов Иландур - мухъилав, рагъулъ хвана.

*64. Шамхвалов Расул - мухъилав, рагъулъ хвана.

*65. Шапиев Нажмудин - мухъилав, рагъулъ тIагIана.

*66. Хъазанов Хъайт - мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1945 аб. соналъул февралалда.

67.

*68 Инусов ЖахIбар - 1911 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого 1945 аб. соналъул февралалда тIагIана.

*53. МухIамадов Абулмуслим - мухъилав, тIадвуссинчIо

*54. Матаев Загъалав - ====

*55. Хизриев Хизри - ====

*56. ШагIбанов ГIубайдула - ===

*57. КъурамухIамадов Асадула-==

*58. НурмухIамадов Расул (АкIатIа)- ===

*59. Гъазиев ГIали - = ===

*60. ГIалиев Аслархан- ===

*61. Гъазиев ВахIид -===

*62. Чанахъанов Рашид -===

Лологъонилъ росдал ВатIанияб рагъдаса тIадруссинчIезул сияхI.

*1. АбдурахIманов ГIабдула -1916 аб. соналъ гьавурав, сержант 1176 СП.350 СД хвана 22.3-1944 аб. соналъ. Вукъун вуго: Львовский об. Бродский районалъул, Бучено росулъ.

*2. АбдурахIманов ГIабдусалам - 1914 аб соналъ гьавурав, мухъилав. 214 СД, рагъулъ хвана 13.1-1942 аб соналъ. Вукъун вуго Сталинград областалда С/З 1.

*3. ГIалиев Асвед 1923 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб. соналъул май моцIалъ.

*4. ГIалиев Исламбег - мухъилав, рагъулъ хвана.

*5. ГIалиев МухIамад - мухъилав, рагъулъ хвана.

*6. АмирхIамзаев Сайгид - мухъилав, рагъулъ хвана.

*7. Амиров Саадула - 1910 аб с. гьавурав, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб соналъул июль моцIалъ.

*8.

*9. ГIарабов ИтаркIо - 1922 аб саналъ гьавурав, мухъилав, 253 АД. Хвана 21.11-1944 аб соналъ. Вукъун вуго Польшаялъул Ломсдорф абулеб росулъ.

*10. АхIмадов Герей - мухъилав, рагъулъ хвана.

*11. АхIмадов РачIитIо - мухъилав, рагъулъ хвана.

*12

*13

*14. ХIажиев Шарип - 1917 аб соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. соналъул октябралда.

*15.ГьитIинамухIамадов Юсуп - мухъилав, рагъулъ хвана.

*16. Жамалов Царак Жамалович - 1912 аб. соналъ гьавурав, мухъилав.Рагъулъ хвана 8.4.1943 аб. соналда Краснодарский краялда.

*17

*18. Ибрагьимов МухIамад 1911 аб. соналъ гьавурав, мухъилав. Араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб. соналъул ноябрь моцIалда.

*19. Ирчилаев ГIабдула - мухъилав, рагъулъ хвана.

*20

*21. Муртузов МухIамад - 1915 соналда гьавурав, мухъилав, хвана рагъулъ.

*22. ГIумаров ГIалибулат - мухъилав, хвана рагъулъ.

*23. ГIумаров ГIалигъази - мухъилав, хвана рагъулъ.

*24. ГIосманов МухIамад - 1910 аб. соналда гьавурав, мухъилав. 35 ГВ.СА. рагъулъ хвана 10.5-1944 аб соналъ. Вукъун вуго Молдавиялъул Гроссловский районалъул Спея абураб росулъ.

*25. ГIосманов Нуридин - мухъилав, рагъулъ хвана.

*26. Сайпулаев Ахбердил- мухъилав, рагъулъ хвана.

*27. Сайпулаев ХIайбула, мухъилав, рагъулъ хвана.

*28. СалихIилаев НурмухIамад - мухъилав, рагъулъ хвана.

*29. Турачев ГьитIинамухIама - мухъилав, рагъулъ хвана.

*30. ХIабибов Пахрудин - мухъилав, рагъулъ хвана.

*31. ХIаидов Асадула - 1914 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1941 аб. соналъул октябрь моцIалъ.

*32. ХIалакъов ГIабдулшагьид - мухъилав, рагъулъ хвана.

*33. ХIалакъов Вали - 1920 аб. соналда гьавурав, мухъилав, рагъулъ хвана.

*ХIалакъов Расул - мухъилав, рагъулъ хвана.

*35. Хангереев МухIамад Сурхаевич - 1926 аб. соналда гьавурав, мухъилав 265 ГСП, 20 ГСД, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 абилеб соналъул ноябралъ Краснодар краялда.

*36.?

*31. Шабанов ГIамир -1915 с. гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб. соналъул октябрь моцIалда.

*32. Шамилов ХIусен 1920 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1941 аб. соналъул ноябрь моцIалъ.

*33. Халакъов Пахрудин - мухъилав, тIадвуссинчIо.

*34. Забитов ГIабдулкъадир- мухъилав, тIадвуссинчIо.

*35. Забитов Карим - мухъилав, тIадвуссинчIо.

*36. ХIажиев Чинчара Назарович -1895 аб. соналъ гьавурав мухъилав, 262 СП, 184 Сд. Рагъулъ хвана 23/12-1943 соналъ. Вукъун вуго Витебский обл. Лиозненский районалъул, Погостище росулъ.

Изано росдал ВатIанияб рагъулъа тIадруссинчIезул сияхI.

*1.ГIабдулкъадиров МухIамад - мухъилав, рагъулъ хвана.

*2. ГIабдулкъадиров Пахрудин - 1909 аб. соналъ гьавурав, мухъилав.

*3. ГIадалов ХIажимурад - мухъилав, рагъулъ хвана.

*4. ГIадалов Гъайирбег - мухъилав, рагъулъ хвана.

*5.

*6. ГІалисултанов СагІаду- 1923 аб соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб соналъул февраль моцІалъ.

*7. ХІажимухІамадов ГІалибег - 1915 аб. соналъ гьавурав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1944 аб. соналъул май моцІалда.

*8. ХІажимухІамадов ХІажи- 1908 аб. сонаналъ гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1942 аб. соналъул август моцІалъ.

*9. ХІажимухІамадов МаламухІамад - 1905 аб. соналъ гьавурав мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1947 аб. соналъул октябрь моцІалъ.

*10. ХІажимухІамадов Нух\бег- 1914 аб. гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1942 аб.соналъул октябрь моцІалъ.

*11. ХІажимухІамадов Эхун - 1922 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб. соналъул июль моцІалъ.

*12. ХІайдарбегов Гъазали - мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1942 аб. соналъул июнь моцІалъ Севастополалъул авлахъалда.

14

15. ГьитІинов СагІадула - 1922 аб. соналъ гьавурав, мухъилав,араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб. соналъул июнь моцІалъ.

*16. Давудов Ашиб Ашибович - 1922 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, хвана 15.1-1945 аб. соналъ. Вукъун вуго Венгриииялда. Г. Буг.?

*17. Дарбишев Сахи - 1919 аб. соналда гьавурав, мухъилав, хвана 15.1.1943 аб. соналъ Болъихъ РВКялъ армиялде ахІарав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб. соналъул сентябралда.

*18. ДибирхІажиев Герей - мухъилав, рагъулъ хвана.

*19. Ибрагьимов ГІабдусалам - мухъилав, рагъулъ хвана.

*20. ИсхІакъов ГІабдулкарим - мухъилав, рагъулъ хвана.

*21. Исрапилов Сайпула - 1896 с. гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб. соналъул октябрь моцІалъ.

*22. Кавханов АсхІаб - 1914 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, хвана ругъун щун 17.10.1943с.

*23. Кавханов Идрис. 1915 соналда гьавурав,мухъилав, тІагІана араб бакІ лъачІого 1942 аб соналъул июлалда.

*24. Лаченов АхІмадбег -мухъилав, рагъулъ хвана.

*25. МухІамадхІажиев МухІамад - мухъилав, рагъулъ хвана.

*26. МухІамадхІажиев СулейманхІажи - мухъилав, рагъулъ хвана.

*27. МухІамадов МухІамад - 1922 аб. соналъул октябрь моцІалъ.

*28. МухІамадов Сулейман - 1919 аб. соналда гьавурав, сержант, араб бакІ лъачІого тІагІана 1941 аб соналъул декабрь моцІалъ.

*29. Мирзаханов ГІабдула - 1922 аб. соналда гьавурав, к\уд. сержант, араб бакІ лъачІого тІагІана 1944 аб. соналъул январь моцІалъ.

*30. Мусаев Гъазали - 1898 аб. соналда гьавурав, мухъилав, тІагІана араб бакІ лъачІого 1944 аб. соналъул май моцІалъ.

*31. НурмухIамадов ГIабдула -1917 аб.соналда гьавурав, мухъилав, тIагIана араб бакI лъачIого 1943 аб. соналъул июль моцIалъ.

*32. ГIосманов Къурбан - 1902 аб соналда гьавурав, мухъилав 19 ГВ. МБР, рагъулъ хвана 3.3-1945 аб. соналъ. Вукъун вуго Польшаялда, 3,5 км бакъбаккудехун Ринов росдадаса.

*33.

*34. Сайпулаев Жаватхан- мухъилав, рагъулъ хвана.

*35. СухIабегов ГIабдула-мухъилав, рагъулъ хвана.

*36. ГIосманов ХIасан - мухъилав, рагъулъ хвана.

*37. ХIадисов Денга- мухъилав, рагъулъ хвана.

*38. ХIадисов ТIагьир - 1922 аб соналда гьавурав, мухъилав, 131 ОСБР, рагъулъ хвана 8.12.1942 аб. соналъ. Вукъун вуго СОАССРалъул Ашдаш росдал, Западный Торгай гIурул рагIалда.

*42. ЧIавусов МухIамагIали- мухъилав, рагъулъ хвана.

*43. Шарипов ГIабдулгъапур - мухъилав, рагъулъ хвана.

*44.

*45. Инусов Маккашарип- 1913 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIо 1944 аб. соналъул июлалдаса хадуб.

КIудиябросдал ВатIанияб рагъдаса тIадруссинчIезул сияхI

*1. ГIабдулкъадиров Ибрагьим -1910 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. соналъул сентябралъ.

*2. ГIалиев ГIабдулхIамид - 1925 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. соналъул октябрь моцIалъ.

*3. ГIалиев ИтаркIо- 1903 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, 2 ОСБ. 43 ОСБР, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб. соналъул июнь моцIалъ Ставропольский краялъул Капустино абураб росулъ.

*4. ГIалиев Къасум ГIалиевич - 1910 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, 28 ГВ, КП, 6 КД. Рагъулъ хвана 11.9-1942 аб. соналъ. Вукъун вуго Сталинградский областалъул, Калмыковский абураб росулъ, вацлъиялъул хабалалъ.

*5.

*6. ГIалиев Хазум Хазумович- 1910 аб. соналда гьавурав, мухъилав, 28 КП, 32КД. Рагъулъ хвана 22.11-1942 аб. соналъ. Вукъун вуго Сталинградский областалъул Елапиевский росулъ.

*7. ГIандалов Ибрагьим-МухIамад- мухъилав, рагъулъ хвана.

*8. ГIандалов Халил -1917 аб. соналъ гьавурав. гь. лейтенант, 11 МСБ. Хвана ругъуналдаса. 6.2.1943 аб. соналъ СЭГ-2613 -да. Вукъун вуго Саратовский областалъул, Балашов шагьаралдаса 10 км югалдехун Репна Вершина росулъ.

*9. Асведов МикагIил - 1918 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIун вуго 1942 аб. соналъул маялда.

*10. Асведов Шамхал -1913 аб. соналда гьавурав, мухъилав, 124 СД, рагъулъ хун вуго 17.9.1942 аб. соналъ. Вукъун вуго Сталинградский областалъул, Серафимовичский районалъул Сенюткино абураб росулъ.

*11. Асларханов ГӀабдулкъадир - 1894 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. соналъул август моцIалъ.

*12. АхIмадов Тахто -1917 аб. соналда гьавурав, кIуд. лейтенант, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. соналъул август моцIалъ.

*13. Аюбов Ражихан -1916 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. соналъул февраль моцIалъ.

*14. ХIажиев Махмуд - 1909 аб. соналда гьавурав, мухъилав, 92 СП.Хун вуго ругънадаса 25.8-1944 аб. соналъ, мадсб-15 де. Вукъун вуго Сандомирский повит, Полонец росулъ.

*15. ХIажиев Юсуп - 1910 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб соналъул ноябрь моцIалъ.

*16. ХIажимурадов ГъазимухIамад -1922 аб соналда гьавурав, гьитI. сержант 283 СД. Хвана 14.3.1945аб. соналда. Вукъун вуго Калининградский областалда, Петервальд росулъ.

*17. Гъайирбеков ГIабдула- 1922 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1944 аб. соналъул февраль моцIалъ.

*18. ХIамзатов МухIамад - 1912 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, 1319 Сп. 185 СД. Рагъулъ хвана 15.8.1943 аб. соналъ. Вукъун вуго Смоленский обл.Духовшинский район, Попейкино абураб росулъ.

*19. ХIусейнов Пахрудин -1916 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. декабрь моцIалъ.

*20.ХIусейнов СалихI - 1905 аб. соналъ гьавурав, мухъилав 265 ГСП 20ГсД, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. соналъул 6 ноябралъ Краснодарский краялда.

*21. Жаражисов ГIабдуразакъ 1911 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1941 аб. соналъул ноябралда.

*22. Жаражисов Жалил- 1919 аб. соналъ гьавурав, 1943 аб. соналъ Болъихъ РВК армиялде ахIарав, мухъилав. Араб бакI лъачIого тIагIана 1945 аб. соналъул январь моцIалъ.

*23. ЖахIбаров Нуридин - мухъилав, рагъулъ хвана.

*24. Зубайиров ГIабдула - 1900 аб. соналда гьавурав, мухъилав 591 СП.176 СД, рагъулъ хвана 7.10-1942 аб. соналъ. Вукъун вуго ЧИАССР-Молгобек шагьаралда.

*25. МухIамадов ГIабдулатIип ГIазимович - 1925 аб. соналъ гьавурав, мухъилав. 230Сп,370 СД. Хвана ругъун щун 16.7-1944 аб. соналъ. Вукъун вуго Волынская обл. Туринский районалъул, Раслув росолъ, хобалъул номер №1.

*26. МухIамадов ХIажи - 1911 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. соналъул июнь моцIалъ.

*27. МухIамадов Загъалав - 1919 аб. соналъ гьавурав, гьитI. сержант, араб бакI лъачIого тIагIана 1945 аб. соналъул март моцIалъ.

*28. МухIамадов Залимхан - 1911 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1947 аб. соналъ.

*29. МухIамадов МухIамад - 1908 аб. соналъ гьавурав, 1942 аб. соналъ Болъихъ РВКялъ армиялде ахIарав, араб бакI лъачIого 1945 аб. соналъул февралалъ тIагIарав.

*30.МухІамадов ГІумар - 1917 аб. соналъ гьавурав, сержант, араб бакІ лъачІого тІагІана 1942 аб. соналъул январь моцІалъ.

*31. МухІамадов ГІосман - мухъилав, агъулъ хвана.

*32. МухІамадов Садрудин - 1920 аб. гьавурав, сержант, араб бакІ лъачІого тІагІана 1941 аб. соналъул сентябрь моцІалъ.

*33.

*34.МухІамадов Шарип-1907 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, 620 СП164 СД, рагъулъ хвана 3.10- 1943аб соналъ. Вукъун вуго Соленский обл. Монастыршинский районалъул Носково росулъ.

*35. Малачов ГІадидакІ - 1900 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, 251 СД.Рагъулъ хвана 1.12.1943 аб. соналъ. Вукъун вуго Витебский об. Дурровенский районалъул Костино росулъ.

*36. Мурадов Садрудин -1924 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1944 аб. соналъул май моцІалъ.

*37. МуртазагІалиев ГІалихан - 1908(1911с) аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1942 аб соналъул март моцІалъ.

*38. МусахІажиев Ибрагьим, 1917аб. соналъ гьавурав, старшина, араб бакІ лъачІого тІагІана 1941 аб. соналъул октябрь моцІалъ.

*39. Мусаев Залимхан Магомедович - 1911 аб. соналъ гьавурав, мухъилав 42СП, 180 СД. Рагъулъ хвана 7.10-1944 аб соналъ. Вукъун вуго Румыниялда, Селича абураб росулъ.

*40 Мусаев Пахрудин- мухъилав, рагъулъ хвана.

*41 НурмухІамадов ИсмагІил - мухъилав, рагъулъ хвана.

*42 ГІосманов Давуд - мухъилав, рагъулъ хвана.

*43. Пираев ГІабдула - 1905 аб. соналъ гьавурав, мухъилав. Араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб. соналъул апрель моцІалъ.

*44. Садикъов ГІабдулатІип- 1911 аб. соналъ гьавурав, 1942 аб. соналъ Болъихъ РВКялъ армиялде ахІарав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1947 аб. соналъ.

*45. СагІидов Абулмуслим- мухъилав, рагъулъ хвана.

*46. Сулейманов КъурбангІали - мухъилав, рагъулъ хвана.

*47.Суракъатов ГІалигьалбацІ - 1922 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1942 аб. соналъул июль моцІалъ.

*48. Супянов ХІажимурад 1922 аб. соналъ гьавурав мухъилав, 342СП, хвана рагъулъ щвараб ругъуналдасан 6.4-1943 аб. соналъ. Вукъун вуго Краснодарский краялъул Абинский районалъул Ахтырская станциялда.

*49. Тенаев ХІайдарбег - 1913 аб. соналда гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб. соналъул ноябрь моцІалъ.

50. Тенаев МахІамад - 1919 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 аб. соналъул май моцІалъ.

*51.ТІокъошев ГІумархІажи - мухъилав, рагъулъ хвана.

*52. ГІузайров Исрапил -1903 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакІ лъачІого тІагІана 1943 абю соналъул сентябрь моцІалъ.

*53. ГIузайиров Сайпудин - 1909 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1943 аб. соналъул сентябрь моцIалъ.

*54. Халидов Халакъ - 1910 аб соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. соналъул ноябрь моцIалъ.

*55.Шагьаев АбдурахIман - мухъилав, рагъулъ хвана.

*56. Шайхав ГIалибег - мухъилав, рагъулъ хвана.

*57.Шапиев Расул МахIамадович- 1918 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого 1944 аб. соналъул декабрь моцIалъ тIагIана.

*58. Шарипов Жамалудин - 1917 аб .соналъ гьавурав, мухъилав, араб бакI лъачIого тIагIана 1942 аб. соналъул октябрь моцIалъ.

*59. ЯхIяев Нажмудин - мухъилав, рагъулъ хвана.

*60. Жамалов ГIакъиб - 1900 аб. соналъ гьавурав, мухъилав 174ГСП, 20 ГСД, рагъулъ хвана 29.9-1942 аб. соналъ. Вукъун вуго Краснодарский краялъул, у слияния рек М. Лабо и Цахвао абураб бакIалда.

*61. СабихIов ГIабдулатIип - мухъилав, рагъулъа тIадвуссинчIо.

*62. Гъазалиев МухIамад - 1908 аб. соналъ гьавурав, мухъилав, рагъулъа тIадвуссинчIо.

*63. Гугачев ГIусман - мухъилав, рагъулъа тIадвуссинчIо, 591СП, 176 СД. 8.10.1942 аб. соналъ ЧИАССРалъул Малгабек шагьаралъул районалда.

*64. Шарипов Расул МахIачович- рагъулъ тIагIана 1943 аб. соналъул май млцIалъ.

Рагъул соназ букIана Болъихъ районалъул НКВДялда цебе "истребителазул батальон", гьелъул мурад букIана ВатIанияб рагъдаса лъутаразулгун, гъачагълъи гьабулезулгун ва немцазул шпионазулгун диверсантазулгун къеркьей, гьел кверде рачин, гьеб отрядала гьоркьоре унаан гIахьвалазул Джафаров Иразхан, -нач. отрядалъул, истребителал: Амирханов Ч,Алиев Хъ-ГI., МухIамадов ГI. ХIусейнов Б, Сапиюла ва цойгидалги 13 чи.

ВатIанияб рагъул 1418 сордо-къоялъ бахIарчиго къеркьана рагъулъги тилалдаги ГIахьвалазул обществоялда вукIинчIо цониги гъачагъ яги ватIаналъе хилиплъарав чи.

**Мобилизациялъул къадар**

Ват\анияб рагъ байбихьилалдего г\ахьвалазул росабалъанги Баг\араб Армиялде г\олохъаби ах\ун ун рук\ана Т\адмагъилъан: Шапиев Нажмудин, Асларханов Шайхилав, Гъазимух\амадов Бадрудин, Хизриев Хизри, Лологъонилъан: Х\аидов Асадула, Г\алиев Исламбег, К\удиябросулъан: Ах\мадов Тахту, Мусах\ажиев Х\ажиибрагьим, Г\андалов Халил, Мусаев Залимхан, Изаносан: Г\абдулеав Мух\амад, Мух\амадов Мух\амад, Мух\амадов Сулейман, Мирзаханов Г\абдула ва гьел гурелги.

Т\адаб хъулухъги т\убан гьел т\адруссиналдего фашистияб Германиялъ СССРалъулгун рагъги байбихьун гьел рехсаралги рехсеч\ого хут\аралги рагъул т\оцебесеб кьерде ккола ва т\олаздего г\унт\ун рагъдаса т\адруссинч\о. Рагъ

байбихьарабго Болъихъ районалъулгун цолъараб РВКалъ Г\ахьвалазул росабалъанги г\олохъаби армиялде ах\ула.

Байбихьуда зах\маталъул фронталдейилан божи гьеч\ездасан ах\ула армиялде Т\адмагъилъан: Мух\амадов Х\асбула, Мух\амадов Г\абдула, Х\ажиев Наби, Къурбанов Жамалудин, Мух\амадов Апанди, К\удиябросулъан: Х\ажиев Х\асан, Х\ажиев Г\ащикъмух\амад, Изаносан: Рашиханов Наби ва гьел гурелги. Гьеб зах\маталъул фронталде бит\араб районалъул къокъа цоцада хадур гьеч\ого т\адруссун рач\уна гьезул г\адлуялде рег\арав чи ватич\ого ва хадурккун армиялде ах\аралгун цадахъ ана Мух\амадов Х\асбула, Х\ажиев Наби ва цогидалги.

Ахирияб жидеего бокьун унезул къокъа ана Г\ахьвахъан 1/4 -лалъ 3/6-1943 аб. соналъ. Хадубккун фронталде (мобилизация) ах\и гьоркьоб къот\изабуна ва гьениве вит\изе чиги хут\ун вук\инч\о, руччабиги лъималги тун нахъиял.

Армиялде ах\ана унта-шокълъиялъухъ, къварилъи-г\ат\илъиялъухъ, рагъуе бугеб гьесул гьунар-жигаралъухъ ва рагъдайиш тилалдайищ гьесдаса пайда бук\инебали балагьич\ого.

Жидеда киданиги ярагъ бихьич\ел яги г\урус мац\алъул цо раг\и, я хъвай-ц\али лъаларел, г\и-боц\ухъаби рит\ун ана фронталде гьоркьов чи теч\ого.

Фронталда командирасул команда бич\ч\уларел, яги жидее бугеб къварилъи-квалквал бицине лъаларел г\адамаздасан рагъулъ пайда щибха бук\инеб?

Армиялде рит\ун аразул г\езег\анго къадар унтарал-шокъазул т\адбуссунги бач\ана Т\адмагъилъан: Сиражудинов Зубайир, Абдурах\манов Сулейманх\ажи, Г\исаев Х\айдарбег, К\вах\алов Исх\акъ, Къурбанов Тажудин, Мух\амадов Мурид, Хамирзаев Турач ва гь.ц. Лологъонилъан: Нурмух\амадов Насрудин.

Гьединан щибаб росулъе т\аруссун рач\ана чанго чи Дальный Востокалде щвезег\анги рачун, унтара-шокъал рук\иналъ.

Ват\анияб рагъулъ г\ахьвалазул обществоялъул росабалъан г\ахьаллъаразул баян.

Рагъ байбихьараб заман ккана колхозалги щулалъич\ел, халкъалъухъан ракьги боц\иги бат\алъун, язихълъиялда г\адамал ккараб заманаялде данде.

Хасго зах\матаб х\ал ккана г\ахьвалазе 1939 аб. соналъ СССРалъул СНКялъ ЦК ВКП (б)ялъги кулабаздасан халкъ росулъе бак\аризе гьабураб х\укму азаралда хадуб чияс жидер рукъ-мина, маг\ишат рехун тезе ккараб. Бищун зах\матаб рагъул соназ, т\олалго бихьиналги фронталде ун рукъор хут\арал гьезул хъизаназ г\умру гьабизе ккана т\окъабахъ, гьорахъ,бокьабахъ. Хадубго цо бут\а халкъалъул гочине т\амуна Чачаналде. Фронталдаса т\адруссун рач\аразе жидерго хъизанал, эбел-эмен, г\агарлъи кодоб щоларого рук\уна, ругел бак\ лъаларого, цоял унтун, цоял хун, кваназе-рет\изе гьеч\ого язихълъиялъ чох\оде ккун х\алт\уде рахъине рес гьеч\еллъун лъугьун ратула.

Жидеего бокьун фронталде аразул х\акъалъулъ.

1943 абилеб соналъул марталде щвелалде рагъда г\ахьаллъи гьабизе т\алъулезул тилалда хут\аразул къадар ц\акъго дагъаб бук\ана гьелги цо-цо чара

гьеч\еб х\алт\и т\ад къарал. 30/1-1943 аб. соналъ Дагъ.СНКялъги ВКП(б)ялъул обкомалъги х\укму гьабуна добровольцал фронталде рит\изе жеги рагъуе х\ажат бук\ана ч\агояб къуват. Рагъулаб заманаялъул х\алалда рекъон фронталде инч\ого хут\арав чи вук\инч\о, г\иц\го херал, шокъал-рекъал, беццал, г\акълуялъулъ тохал, унтарал, ва г\исинал ригьде рахинч\ел г\олохъаби гурони. Партиялъгун Рагъулал комиссаритаз суал борхана жидеего бокьун фронталде ине ккеялъул х\акъалъулъ. Щибаб росдал Советазда партиялъулгун Рагъулал комиссариатазул вакилзаби рач\ун гьаруна росулъ ругелщинал бихьиназул сиях\ал ва гьезда цебе суал лъуна Ват\ан бокьилищ яги бокьиларищан.

Суал лъуна, Ват\ан бокьулес жиндиего бокьун фронталде ине г\арза хъваян, ва г\ахьвалазул росабазул бихьиназ цояс теч\ого г\арза хъвала.

Гьел г\арза кьуразда гьоркьоса дагьабниги ч\аголъи бугел гьоркьоса рищун фронталде рит\ула.

Т\оцебесеб жидеего бокьун фронталде унезул къокъа къват\ибе бахъана 1943 аб соналъул 1 апрелалда. К\иабилеб къокъа ана 3/6- 1943 аб. соналъ. Гьеб к\иябго къокъаялдаса цебе, я хадуб жидеего бокьун фронталде арал чаг\азул къокъаги рук\инч\о, г\иц\го гьеб к\иябго къокъа гурони?, Т\оцебесеб жидеего бокьун фронталде унезул къокъа г\уц\изелъун партиялъулгун рагъулаб комиссариаталъул вакилллъун Болъихъ, Г\ахьвахъ, Ц\умада районазде вач\ун вук\уна республикаялъул прокурор Хашаев Х\ажимурад.

Т\оцебесеб доброволцазул къокъа бак\арула Болъихъгун Г\ахьвахъ районалъул цолъараб военкоматалда цебе 1/6-1943 аб. соналъ. Жидеего бокьун фронталде унел г\олохъабазул къадар Г\ахьвахъ районалдаса бук\уна 42 чи. Гьезда гьоркьоса г\ахьвалазул росабалъан вук\уна 29 чи фронталде ине къват\ире рахъаразулъ.

Гьездаго цадахъ жиндиего бокьун фронталде унев вук\уна Г\ахьвахъа Шамхалил вас Ципакг\алиги. Военкоматалъул майданалда цебе ч\езабун батула гьасда цо легковой машина жанив г\одов ч\ун цо чигун. Ципакг\алица гьежги ккун гьев къват\иве ц\ала - дур г\едег\ил батиларила - ниж фронталде щвезе кколин фашисталгун рагъизеян - гьев вук\ун вуго добровлцал рачине вач\арав Хашаев Х\ажимурад. Ципакг\алида лъалеб бук\унаро гьев щив чияли, яги гьев г\ажизав чи вук\инги.

Гьеб параялъ аск\орго рук\арал Хашаев нухда т\амизе рач\арал Болъихъ прокурорасги милициялъул х\алт\ухъабазги Ципакг\али туснахъ гьавула ва т\ассиялго къояз Болъихъ халкъияб судалъ 3 сонги 6 моц\ги туснахъ къот\ун добровольцал Буйнакскиялде щвелалде цеве, Буйнакскиялъул туснахъалде этапировать гьавун вач\уна. Цадахъ рук\арал г\олохъабазул гьари прокурорас яги судалъ г\адахъ босуларо к\удияб такъир х\исабалда тамих\алде ц\ала жалго берцин рихьизелъун. Ципакг\алица цо лъаг\елги бащдабги туснахъалда бала ва жакъаги кьурун михъалгун паракъат рукъов вуго. Фронталде арав 28 чиясул т\адвуссана г\иц\го 16-гояв, гьезулги 16 -яв г\ажизавлъун.

Болъихъги Г\ахьвахъги районазул военкомат бук\ана к\иябго районалъул цадахъаб.

Добровольцазул к\иабилеб партия фронталде бит\ана михъида х\ур ч\вач\ел яги кинаб бугониги туманк\ кодоб босич\ел ва рагъ щибали лъаларел гьанжего-гьанже г\олохъанлъиялъул г\умруялде рахунел ругел г\исинал г\олохъабаздасан 1943 аб. соналъул 3 аб. июналда. Г\ахьвахъ районалдасан унел добровольцазул 24 -ясда гьоркьоса г\ахьвалазул вук\уна 18- яв. Гьездасан лъабгояв т\ад вуссинч\о, 9- яв г\ажизлъун вуссана.

Жидеего бокьун Ват\анияб рагъде аразул баян

Изаноса ана ¼-1943 аб.с.
1. Мух\амадов Ибрагьим - т\адвуссана инвалидлъун.
2. Мух\амадов Малах\усен - "
3. Г\алибегов Асадула - "
4. Х\ажимух\амадов Г\алибег - т\адвуссинч\о
5. Х\ажимух\амадов Маламух\ама- "
6. Г/алисултанов Саг\аду - "
7. Сух\абегов Г\абдула -"

Лологъонилъа ана
1. Шамхалов Н. - т\адвуссана инвалид.
2. Нурмух\амадов Насрудин - "
3. Х\ажиев Чинчара - т\адвуссинч\о.

Т\унсикьан ана:
Т\адмагъилъан ана:
1. Исх\акъов Пахрулнаби - т\адвуссана, инвалид.
2. Чанахъанов Г\али - "
3. Х\ажиев Наби - "
4. Х\ажимух\амадов Залбег - "
5. Кудиев Берук - "
6. Нартаев Г\ащикъ М-д. -"
7. Омаров Абдурх\им - "
8. Г\азизов Макъсуд - т\адвуссинч\о
9. Битракъов Мух\амах\ажи - "

К\удиябросулъан ана:
1. Шарипов Расул - инвалид
2. Дибиров Дибирх\ажи - инвалид
3. Х\абибов Нух\бег - "
4. Хъехъалов Наби - "
5. Муридов Садрудин - вуссинч\о
6. Суракъатов Г\алигъалбац\ -"
7. Сулейманов Къурбан? -"
8. Х\ажимух\амадов Гъазимух\амад -"
9. Гъайирбегов Г\абдула -"
10. Шамхалов Царакг\али - судит гьавуна

29

3/6-1943 с.
1. Мух\амадов Г\арип - т\адвуссана инвалид.
2. Г\алиев Инус - т\адвуссана инвалид.

1. Шарипов Таймасхан.

1. Х\усенов Х\адис - инвалидлъун.
2. Абдурах\аманов Х\амид -"-
3. Джамбулаев Джамбул - сахго
4. Омаров Г\абдула - "-
5. Шарипов Денга - инвалид.
6. Шапиев Хасуда - лъукъун
7. Гьит\инамух\амадов Загьид - сахго
8. Х\айбулаев Шапиг\ - вуссинч\о
9. Хъаитов Герей - вуссинч\о.

1. Абдурах\манов Расул - инвалид
2. Т\айгибов Г\алисултан - инвалид
3. Ах\мадов Дайитбег -сахго
4. Таймасханов Абдурах\ман - сахго
5. Бек\иев Мах\муд -сахго
6. Мух\амадов Г\абдула - вуссинч\о.

29+18=47

Хас гьабун гьал жидеего бокьун рагъде арал г\олохъабазул къисматалъул бициналъул мурад ккола, гьал гьоркьор ккун Дагъистан 1944 аб соналда гочинарич\ого теялъе сабаблъун кколеб бук\иналъ, гьелъ бихьизабуна Ват\аналдехун ? бугеб рокьи ва цолъи.

1943 аб. соналъ жидеего бокьун фронталде аразул къадар к\иябго ах\иялъул Дагъистаналдаса 30000 чи вук\ун ватани Г\ахьвалазулункъо росулъа 47 г\олилас г\ахьаллъи гьабуна фронталда цебесеб кьералда. Ват\анияб рагъулъ Дагъистаналдаса

130 азарго чияс г\ахьаллъи гьабун бук\ун батани, г\ахьвалазул жамаг\атазги рагъулъе вит\ана 553 чи. Ахирияб фронталде г\адамал ах\и къот\ула 3/6 1943 аб соналда жидеего бокьун араздаса хадуб. Фронталде мобилизация байбихьана рагъ байбихьарабго, г\емерисел рук\ана ярагъги бихьич\ел, г\и-боц\уда рук\арал г\ухьби гурелги, г\урус мац\ни киса гурин, авар мац\цин лъаларел, къват\ир-жанир г\адамалъе щвеч\ел жагьилзаби.

Гьезда бич\ч\улароан жидеде бицарабги, жидее бугеб къварилъи-х\ажалъи баян гьабизеги.

1942 аб. соналъул байбихьудаса лъугьана Военкоматалгун РК ВКП (б) ялъул рагъулабгун политикияб отделалъ районалъул рагъулаб учеталъул отделалъги призивникал рагъуде х\адур гьаризе. Рагъул техникагун строевая подготовка малъизе.

Цо-цо лъукъун фронталдаса т\адруссарал г\олохъабаз байбихьана рагъде г\олохъаби х\адур гьаризе.

Т\оцебе гьединан рагъде г\олохъаби х\адур гьариялъул пункт Г\ахьвахъ районалъул призивниказе рагьана Г\ахьвахъ участкаялъул Т\адмагъилъ росулъ. Рагъде призивникал х\адур гьаризе вит\ун вач\ана рагъулъ кваранаб кверги лъукъун вач\арав маштадисев Г\абдулмажидов ............ . Гьес х\адур гьаруна Г\ахьвахъ районалъул г\езег\анго г\олохъаби рагъулаб х\адурлъиялъе.

Гьединан дагь-дагьккун ругьун гьаризе лъугьана школазда ц\алдохъабиги, гьенир воен. руководителалги тун хас гьабураб программаялда предмет х\исабалда ярагъалъул г\уц\и ва гьеб х\алт\изабиялъул къаг\ида, гьединго строевая подготовка ва рагъулаб техникаялъул дарсал кьезе ва походал гьаризе.

Ват\анияб рагъулъ г\ахьаллъи гьабуна т\оцебесеб мобилизациялдаго граждан рагъулъ г\ахьаллъи гьабурал Баг\арал партизаназ, гьединаздасан ккола Т\адмагъилъа 1)Джамбулаев Багьавудин. Гьев рагъдаса т\адвуссана "Рагъулаб Баг\араб байрахъ", "Баг\араб ц\ва", "К\удияб Ват\анияб рагъул" т\оцебесеб даражаялъул,"За отвагу"

ва гьел гурелги 16 рагъулаб шапакъатгун. Ват\анияб рагъулъан т\адвуссун хадув Багьавудин вищана Дагъистаналъул Верховный Советалде депутатлъун 2 аб. ва 3 аб. нухалда ах\иязда рук\арал рищиязда, гьединго гьев вищана Г\ахьвахъ райисполкомалъул председательлъун ва гьенив х\алт\ана 10 г\ан соналъ. Гьесул вас Жамбулги ана жиндиего бокьун 3/6-1943 соналда фронталде, гьевги т\адвуссана рагъулъ бихьизабураб бах\арчилъиялъе г\оло чанго орден-медалгун. Т\адвуссун хадув Жамбулги х\алт\ана Дагъистаналъул ВКП (б) ялъул обкомалъул аппараталадa, "Баг\араб байрахъ" газеталъул редакциялда, Т\адмагъилъ СШ школалъул директорлъун, Дагърадиокомитеталдаги.

2) Шаг\банов Хъайт, гьесулго вас Герейги ана жиндиего бокьун фронталде 3/6-1943 соналда гьезул цоявниги т\адвуссинч\о.

3) Дибиров Сурхай

4) Шамсудинов Г\иса

5) Къурамух\амадов Асадула,

6) Мух\амадов Турач
7) Х\абибов Х\ажимух\ама
8) Гаджиев Жамалудин
9) Чунчаров Г\алисултан
10) Салманов Бадрудин.

Гьел гурелги рагъдаса т\адруссинч\о 216 баг\арав партизан.

Нажмудин Х\усейнов, Тажудин Къурбанов, Х\аид Г\алиев, Сулейман Абдурах\манов т\адруссана.

Ч\ахиев Халитил фронталдаса ч\ванилан извещение щун маг\ирукъги лъун, лаила-зикруги бачун т\убан бук\арав, рагъ лъуг\илалдего Халид цо пуланаб сордоялъ кастилазда галадилаго ваккун вач\уна хъизаналде т\аде. Хварав вахъун вач\ун цеве ч\едал, гьаб шайт\аналъ цебе ч\езабураб жого гуродаян рихха-хочун лъугьуна рукъалъул агьлу. Гьел х\инкъун рук\ин бич\ч\арав Халитица г\одоре руссинарула, гьесда бич\ч\ула рукъалъул агьлуялъул росдаца жив хваравлъун тун вук\ин. Рак\-рак\алъ рохиялъул къуваталъ г\оди ккеч\ел рак\-мак\ги гьабун хадуб, унго-унголънги Халит ч\аго вуссиналда рак\ч\арал рукълъул агьлуялъул рохалил саг\аталдасаго, сардилъго росулъ т\ибит\ула ва радалиса гьикъа-бакъиялъе рач\араз Халитил авал халкъалъ ккола. Халитица махсаро гьабула цо-цоялгун - дун хведал зигараялъе рач\инч\ел чаг\и нуж хут\ун ругилан, жиндир хъизан-лъималазде, кумек-квербакъи гьабизе кколелъуб, гьелги къварид гьарун ругилан.

Гьединго г\ахьаллъи гьабуна г\ахьвалазул щибаб росдал баг\арал партизаназ фронталъул цебесеб кьерде Абдулкъадир Аслархановас, Х\асан Х\ажиевас, Мух\амад Г\ашибовас, Жалил Г\алиевас, Дибир Булачовас, Гъазали Г\алиевас, Темирхан Г\амировас,Ибрагьим Къадировас ва цойгидазги.

Фронталъе кумек

Киг\анго язихъаб зах\матаб х\алалда ругониги дагъистанияз тилалдаса кумекалъул квер бегьарабго бук\ана Ват\ан ц\унулезе. Жалго ракъун, язихъго ругониги, жидер кверзукь бугеб жоялда щибго барахщич\о г\ахьвалазул жамаг\аталги.

Г\ахьвахъ ва Къах\иб РК ВЛКСМалъул отчетаздасан.

1/8-1942 аб. соналде щвелалде Г\ахьвахъ районалъ фронталъул фондалде кьун буго 93.000 гъ., 87.000 гъ. Облигация, 2795 кг гьан, 7133 кг квасул, 2900 къехь, 653 ц\око.

Секретарь РК ВЛКСМ Асх\абов Ш.

Г\ахьвахъ, К\удиябросдал, Изано, Лологъонилъ к/хозниказ ва хъулухъчаг\аз кумекалъулаб фронталде кьун буго: квас - 548 кг, ц\око-т\ом- 894, г\и-ц\ани - 53 бет\ер, ч\ег\ерх\айван - 11, г\анк\о-х\елеко - 166, нах - 86 кг, нисо-х\ан-714 кг, бац\ц\адаб г\арац, ай гъурщал, к\илк\ал, баргъичал-речел 2кг.300 гр, г\арац- 8740 гъурущ, заемал -11315 гъурущалъе.

Ракьоб, Ц\ек\об, Лъануб росабазул колхозниказ ва хъулухъчаг\аз: Гъан-4814 кг, (ч\агояб ц\айи), нах -343 кг, квас -434 кг, г\арац - 6960 гъурущ, къехь-ц\око -718, нисо-х\ан -1589 кг.

Гъединаго кумек гъабун буго рагъ лъуг\изег\анго г\ахьвалазул обществоялъ фронтовиказе хинаб рат\лидалъунги: квасул щватаби, квет\ахелал, къохьол къолденал ва гь.ц.

Фронталъе кумек т\алаб гъабун щивасул рукъоре унел комсомольцазулгун коммунистазул ва росдал активистазул къокъаби г\уц\ун рук\унаан 3-4 чиясдасан.

Гъединаб цо къокъагун ине дунги вихьизавуна комсомолалде лъугьинесобраниялде щведал.

Фронтовиказе кумек т\алаб гъабун унезул къокъаялде гьоркьове лъугьинелъун дунги комсомолалъул членлъиялде кандидатлъунги восана.

Дунгун цадахъ ккана ОТФялъул заведующий Мух\амадов Салих\ги, МТФялъул заведующая Х\асанова Х\ероги. Ниж ине кколаан Ч\анди, Ч\ахололъ, Шаг\а, Кьедокь участкаялде. Ч\анди, Ч\ахололъ, авалалги ц\алк\ун, гьениса щвараб-тарабги баччун ниж щвана Кьурукь авалалде, гьезул ц\аракиялде щун ирга щвана Тузилаев Шаг\банил авалалде.Шаг\баница рокъой йигей хъизаналде ах\и бана: "Чама, ц\ц\елекъи голили элълъегае ехалълъве гьега". "Чама, нилъехъе гьалбал рач\ун ругелин къват\ие яккеян"

Чамастакица рагьдехунги яккун нижеда гьикъа-бакъари гъабуна ва рокъоре жанире лъугьаян абуна. Ниж рукъоре лъугьана ва нижер мурад бицана. Цинги Чамасдакица 4 нисдал горги 10 хоноги нижер гьегьалъубе бегьана.

## История Кавказской войны.
## 1877 абилеб соналъ Дагъистаналда ккараб восстания.

Кавказалъул 50 гIан соналъ халат бахъараб рагъ лъугIун хадубги чачаназулгун Дагъистаналъул халкъалда тIад гьабулеб эулму-хIал гьоркьоса къотIуларо Россиялъул пачаясул ва гьесул чиновниказул: лъола цIикIкIарал налогал, чIезабула халкъалда тIад кьварараб низам, гьукъула шаргIияб гIадлу, байбихьула христианазул дин цебетIезабизе, гьатIанал-килисаби разе, щибаб округалда лъола гIурус чиновникал, гьенирго гIуцIула рагъулал гарнизонал ва рала крепостал. Къокъго абуни магIарулал тIубанго рагIиятлъиялде гьоркье рачараб хIал лъугьуна.

Къварид гьарурал жамагIатаз байбихьула бакIазда ругел Россиялъул администрациялъул чиновниказде щцим бахъи цIикIкIине. Гьедин чанго округалда гIурусаэул чиновникал чIвала ва наибзабазда лъазабула гIурус пачаясе хъулухъ гьабугеян. Жидеде гIенеккичIел наибзабазулгунги байбихьана кьал ахIизе,

Имам Шамил асирлъуде ккун хадубго байбихьана Ункъракьалда, ГIахьвакъ, ГIанди, Закаталаялда халкъалъул къватIир рахъинал. Хадубго лъугьуна, Чачаналдаги, Дагъистаналдаги халкъалъул багъа-бачари борхизе.

Чачаназул восстания байбихьараб заманлъун рикIкIуна гIурусаз турказулгун рагъ лъазабураб 1877 соналъул 12-13 -абилеб апрелалъул сордо.

Гьеб рагъулъ туркал къола. I878 абилеб соналъ Сан-Степанскиялъул ракълил къотIи хъваялдалъун. ТIубан Балканалъул бащдаб чIинкIиллъи турказул ихтиялдаса уна.

Чачаналъ багъарараб восстаниялъе имамлъун тола ГIалибегхIажи. Байбихьуда гьесул отрядалда вукIуна 60 гIан чи, хадуб гьесул отрядалде цолъула чIарбиязул бегавул Дада Залмуевасул отрядги.

Дагь-дагьккун восстаниялде гIахьаллъулезул къадар цIикIкIуна ва рагъул цIа Дагъистаналъул ракьаллехун гьалаглъизе лъугьуна.

ХIеж борхизе Маккаялде арал дагъистаниязул къотIи ккун букIуна турказулгун цадахъ рекъон Россиялъулгун рагъ гьабизе ва турказ аскаралъулги ярагъалъулги кумекги гьабизе. Гьеб лъарав Дагъистаналъул пачаясул наместник ЧIавчIавадзеца хIукму гьабула хадубккун хIежалде 50 соналдаса тIадехун гIумру бугел бусурбаби Дагъистаналдаса риччангутIизе. Байбихьула пачаясул администрациялъ восстаниялде рахъине хIадурлъулезул балъго сияхIал гьаризе, гьезие цебехъанлъи гьабулел лъазаризе ва сибиралде ритIизе.

РагIи билъарал, бажари-лъай бугел гъорлъа рищун Архангельский губерниялде ритIула туснахъ гьарун Дагъистаналдаса 600-го гIан чи восстания багъаризегIанго.

Гъазигъумек округалъул начальник Чемберица балъгого хIаду рула 600 бакIалъулав рекIарасдасан отряд, восстания гьабулезде данде багъизе.

Гьеб отряд гIуцIиялгье жигараб кумек гьабуда Муса Къадиевас, ГIабдулмажид Сурхайхановасги. Кавказалда бугеб пачаясул хIукуматалъул чиновниказда лъан букIуна Чачаназулги Дагъистаналъулги халкъ цолъизе букIин ва ГIалибег ХIажияс бетIерлъи гьабулеб гъазизабазул отряд Дагъистаналдеги щвезе букIин, гьелдалъун Дагъистаналда вугев пачаясул наместник ЧIавчIавадзеца хIадурлъи гьабула восстания чIинтIизабизе. Гьез гурхIел гьабуларо Северияб Кавказалъул бусурбабазда. Дагьабги цIикIкIун тIадецуй гьабула магIарудазда гьел кьварид гьаризе. Гьеб ахIвал-хIалалда жаниб пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал бусурбабазул цо-цо наибзабаз, офицерлъи швараз пачаясул администрациялъул, чиновниказ инкар гьабула пачаясе хъулухъ гьабизе ва гьез восстаниялъе цебехъанлъи гьабула. Гьединаздасан кколаан даргиязул Урари участкаялъул наиб Бахмуд ГIалай ва гьесул вас МухIамад Бахмутов, Заку-хIажи Закарья огъди Чардак ГIахъушалиса, Гъазигъумекиса офицер Шахмарданов ГIабдулмажид, ГIабдулпатахI-хIажи, ГIисаев ва гь.ц. ГIемерисел гьел рукIуна цебеккун жал ханлъиялда рукIарал яги гьеб тухумалдаса ирсилал яги ханлъи къваригIарал.

Гьезул мурад букIуна Дагъистаналъул халкъги къалде тIамун жодое ханлъи тIад буссине, бокьарал. Восстаниялъе бетIерлъи гьабизе лъугьуна Гъазигъумек округалдаса Жафар-хан - гIурусазул генерал майор Агъларханасул вас отставкаялда вугев гIурусазул хъудухъалъул майор, наиб ротмистр ГIабдулмажид, Нугаралъул наиб штабскапитан Фаталбек, Кайтагалъул правитель генерал майор Жамавбекил вас Мехтибек Уцмиев жив Кайтагалъул "Уцми"-хан вугилан лъазабурав, Кюриналъул округалдаса ханзабазул чи МухIамадгIали жив хан вугилан лъазабурав. Кидалго ханлъиго букIинчIеб Самуралъул округалдасанги цин наиблъиги рехун тун

Кази АхIмадбегицаги лъазабуна жив хан вугилан ва бетIерлъи гьабуна восстания гьабулезе.

Гьезул ракIчIей букIана Турказул къуваталдаги Чачаназулгун Дагъистаналъул халкъалдаги. Нагагьлъун ханлъи тIад буссани ханзабазул рукьалде гъоркье Кавказалъул бусурбаби рачине.

I877 соналъ багъарараб восстаниялдехун тIолабго Дагъистаналъул халкъалъул цогояб балагьи ва рахъ кквей букIунаро. Восстаниялде гьоркьоб лъарагIлъи жубанго букIинчIо, Гьединго ГIанди, хунз, гьид, хьванал, гьойсубулалъулал, кIаралал, бакълъулал гIахьаллъун ратаниги цо-цо кIи-кIи чи гурони гIахьаллъичIо. Гьелъие нугIлъи гьабула КIаратIасарекъав Къарабиласул

ХIажияс гьев вукIана гъазаваталъул рахъ ккуразул наиб Дагъистаналъул имам Сугъралъа ХIажи МухIамадихъе хъвараб кагъаталъги. "Гьаб хъвараб кагъат духъе кьурал Гьагъалъал Дибирасулавги гьесул вац Халакъавги ккола ислам хириял, гавураздe данде вагъулаго хварав ХIажиясул лъимал, гьел рукIана ритIухъал, гьаб ракьалда ислам бокьулел, ватизе къанагIат вуго гьезие гIадин ислам хирияв чи. Дие бокьун буго, гьелъул хIакъалъулъ дудаги лъан букIине". Къарабиласул ХIажияв ккола имамас кIкIаралазул обществоялъе тIамурав наиб.Пачаясул администрациялъул наиб кколаан КIаратIа участкаялда.

Гъазигъумекиса Халилов МухIамад, ГIанди округалда къадилъун гьеб заманаялъ вукIана Шамхалдибир МуртазагIалиев - Аргъванисев.

Гьеб кагъаталдасан бихьулеб буго КIаралазул обществоялдаги камун рукIинчIолъи гъазаваталде гIахьаллъизе бокьаралги, пачаясул гIарац чиназ гуккаралги. Гьебго кагъаталдасан бихъулеб буго Гьагъалъав гIицIго эменги кIиго васги гъазаваталде рахъун рукIин. Гьединго баянлъулеб буго БагIармеседица имамасде хъвараб кагъаталдасаги ва 1886 соналъул гIурусаз гьабураб сияхIалдасаги.

Восстаниялъул церехъабаз цересел имамзабаз гIадин зулму-хIал гьабун халкъ гьазаваталъул рагъде цIаэе гIамал гьабуларо, исламги, шаригатги цунун жидее бокьун гъазават гьабизе ахIула ва камилго шаригIаталъул нухаллалъун тушманасулгун къер кьезеги малъула.

ХIажимухIамад имамас щиб-щибги гIилла батун бусурбаби чIваларо ва гьеэул боцIи мулкги пасат гьабуларо ва гьелъие иэнуги кьоларо. Бусурбанчиясул намус цIуниялде гьес цIакъ квар кьолеб букIуна. 1877 абилеб соналъул ихдалго чачаналъ багъарараб гьазаваталъул буран Дагъистаналъул гIорхъоде щола ва Чачаназул имам ГIалибегхIажил гьазизабазул къокъаялъ гIамал гьабула Дагъистаналъул бусурбабигун цадахъ гъазаваталде цалъизе. Гьеб заманаялъ Дагъистаналдаги буризе байбихьула гъазаваталда цебесеб цIадул кIкIуй. Дагъистаналда восстания багъарарабго имаматалъе щура гIуцIула ва имам вишула. Байбихьула имамлъун Сугъралъа ГIабдурахIманхIажи вихьизавун вукIуна. ГIабдурахIманхIажиясул херлъиги загIиплъиги хIисабалдеги босун ва гьесул гьариги къабул гьабун гьев хисун гьесул вас ХIажимухIама имамлъун вищула, гьесда хадуб халкъги лъугьуна.

Хехго имаматалъул Шураялъ Дагъистаналда жидерго наибзаби, аскаралъул къаидунал тIамула.

ГIахьвалазе наиблъун КIудиябросулъа Къурбан тола ва азарил бетIерлъун гьебго росулъа Гъарагъазиги тIамула. Гъарагъазица гIуцIизе кколаан гIахьвалаздасан, багъвалаздасан ва чIамалаздасан гIурусазул аскаралде данде багъизе бо.

Къурбаниеги Гъарагъазие кумекалъе имамас витIула ТIелекьа

Жаватхан ва ХIамзат наибги, гьезул жигаралдалъун хIадур гьабула, ГIанди округалда яргъид гIуцIараб гъазизабазул боги. Щибаб обществоялъул гъазизабазе нухмалъи гьабулаан щибаб росдал цевехъанас. Щибаб имамасул наиблъиялъул участкабазе кумекалъе рикьун рукIуна, имамасул къуваталдаса, чучлъи бугел бакIазе кумекалъе муридзабазул къокъабиги, гьединан гIахьвалазул отрядалъе кумекалъе вихьизавун вукIуна цIулдисев БагIармесед 300 рекIаравгун. ТIиндадерил наиблъиялда витIула гьевго цIулдисев ГIабдулаги. Гьезул хIакъалъулъ баянал руго гьез ва имамас цоцахъе хъварал кагътаздаги. ГIахьвахъа Къурбанил наиблъиялъул участкаялдаса гъазаваталде цо чи хутIичIого рахъула. ГIахьвахъ рагъ ккараб къоялъги руччабазги лъималазги гIахьаллъи гьабула, лъукъарав рагъухъан нахъе хъамизеги, къечарасе лъим кьезеги хадуб гулла-хер ва цогидабги хIажалъи тIубазеги.

ГIахьвахъа Къурбан вукIуна кIудияв гIалимчи, гьес гIелму-лъай босун буго ЦIоралъул Къабахчули, ГIалипаталъ ва Белокани мадрасабазда. Гьесда гIараб, турк мацIал лъалел рукIуна лъикIго.

Гьес ГIанди округалда къадилъун вукIарав Шамхал дибирасда хъвараб кагъат лъун буго цIализе лъалес цIализе.

КIудиябросулъа Гъарагъазиги кIудияв цIакъго цIаралав гIалимчи вукIуна.ЦIакъ кьварарав - хIинкъи-къай лъаларев. Зоноб ккараб рагъулъ хвалил ругъун шун вугев гьес гIурусазул солдатасда тIад речIчIун гьев хвалчаца пасат гьавунила ва живгоги гьебго бакIалда шагьидлъанила. Гьебго рагъулъ 28/X – 1877 соналъ шагьидлъула Къурбанги, гьев кIиявгоги рукъун руго «Гъазаваталда шагьид лъаразул хассал хабалалъ Мигъиштахъ.

Восстания I877 г.

(1877 абилеб соналъул 30-31 августалъ Георгиевский кьода ругел гIурус солдатазде гьужум гьабула хьергебдерил, кIикIунисезул, хъвартихьунисезул, дарада-мурадисезул ва селдерил гIолохъабаца. Гьелъие гIиллалъун ккола гIурусазул отрядалъ жидерго пихъил дарамалъе Хунзахъе унел хьергебдерилги, хъвартихьунисезулги 4 чиги 3 чIужугIаданги хвезегIан рухи ва гьеб къоялъ.

Къаралазул рохьоб Гъуниб горнизоналъул охотниказул командаялде тIаде кIанцIи, ва ТIаса Гъуниса боцIи хьами ва гь.ц. Дагьалго къоязда жаниб тIубанго Гъуниб округ букIуна рагъул багъа-башариялда жаниб. 8 абилеб сентябралъ восстания байбихьула Гъазигъумекиб округалда бетIералда отставкаялда вугев гIурусазул хъулухъалъул майор Жафаровгун, гьес гьужум гьабула Гъазигъумекдерил шулалъиялде ва гьеб округалъул начальник Чемберидe ва сордо-къоялда жаниб гьесул шулалъи щущазабула, гьевги чIвала.

9 абилеб сентябралъ Хъуппа ва ЦIадахIариб баккула восстаниялъул гьаракь, гьелъие жаваб кьезелъун пачаясул хIукуматалъ битIула рагъулаб къуват. 11 сентябралъ Леваши данде бахъун букIараб гъазизабарул 600 гIан чиясул гьеб рагъулъ 400 яв хола, гIурусаз бергьенлъи босула.

10 абилеб сентябралъ Урахьи 70 чияс къала Дербенталде унеб нух, Дешлагаралъул хурхен къотIизабиялъе гIоло. 2 абилеб сентябралъ генерал Камаровасда лъазабула Кайтагалтдаги халкъалъул къватIир рахъин букIиналдалъун Маджалисалдаса округалъул управления Дербенталде бахъанилан ва Дербенталъеги хIинкъи лъугьун бугилан.

Дагьистаналъул халкъалде ахIигун Турциялъул Султанасул цIаралдаса Сугъралъе вачIуна 4 вакил. Гьезул цояс - ГIабасица - жив турказул паша вугилан вихьизавула, нахъиял рукIуна церего эмигранталлъун арал дагъистаниял. ГьитIинавас Давуд -ХIоцоса, цо-цо бакIалда батIула ГьоцIалъавиланги ХIажияв ва Магиз-Али -Закаталаялдаса.

Гьез турказул СултIанасул цIаралдаса бачIараб кагъатадда хъван букIуна, - Северияб Казказалъул бусурбабазе кумекалъе аскаралги, сурсатги битIилилан, гьелдаго цадахъ гьез бачIуна имам Шамилил вас,туркаэул аскаралъул командир ГъазимухIамадил кагъатги жал кватIичIого Северияб Кавказалъул халкъ гIурусаздаса хвасар гьабизе аскаралгун тIаде швезе ругилан. Гьеб кагъат цIалула I0/IX-I877 соналъ Гъумекиб базаралъул майданалда бакIарараб халкъалъе.

Турциялдаса гьезул ахIи бачIинегIанго чачаназ къватIир рахъун, чанго гIурусазул гарнизоналде чабхъенал гьарун рукIуна.

**********

Гьебго заманаялда Гъуниб округалдаса восстаниялъул гьури чIвала Авар округалъул Бакълъухъеги гьез гIурусазул наиб МухIамад Хизроевасда лъазабула нахъе аян, гьебго лъазаби гьабула 19 абилеб сентябралъ ГIанди округалъул къади Шамхал-дибирасдаги, КIаратIа ТIехIнуцал участкаялда наиблъун вукIарав гъазигъумекисев Халилил МухIамадидаги багва-чIамалазул наиб ГIарашидаги. Цересел кIиялго Шамилил Шураялъеги наиблъи гьабулел рукIараздаса ккола. Сентябралъул тIоцебесеб башалъиялда артилериялъул цIадулъ босун букIуна Кайтаг Кюриналъулги Самуралъулги округал гьенив дагьаб гIуцIараб хIалалъ байбихьана восстаниялде рахъаразул къер кьей. Начаясул хIукуматалъ бай-бихьана Терский областалдаса, Красноводскиялдаса Елизаветаполалдаса ва цойгипалги бакIаздаса чачаназулги Дагьистаналъулги восстания чIинтIизабиялъе гIоло цIикIкIарал рагъулал къуватал рехизе. Гьеб заманаялда жаниб 25000 рагъухъан лъуна Шура, Леваши, Кайтагалда, Георгиевский кьода, Евгениевский шудалъиялда, Гъуниб кьода, Болъихъ, Хунзахъ нахъиял Петровскиялда, Дашлагаралда, Ищкарта ва Чирюрталда ругел рагъулал отрядал рикIкIинчIого.

Гьел рагъулал къуватаэул кумекалдалъун гIурусазда кIвана хехаб заманаялда жаниб восстаниялде рахъаразда тIад бергьенлъи босизе ва гьезие цIикIкIарал камиялги ккезариэе. Гьедин ккана Мамедхъалаялда, хадуб Янгикенталла, Башлахалда, Левашиб, Кутишдерил рорхалъабаздаги.

Октябралъул байбихьуда гьединалго камиял ккана Гъодобери, Болъихъ, Инхело, Муни ва ТIелекьги. 23 абилеб сентябралъ Инхело,-Муни, ГIачIабалда ва Гъодоберисезул росдада гъоркьа ккараб рагъулъ гIахьаллъи гьабула гIахьвалаэул гъазизабаздаса гIуцIараб отрядалъги, бетIерлъуда Къурбан наибгун. Гьединго багвалал-ва чIамалазул боялъе цадахъго бетIерлъи гьабарав ГIахьвахъа Гъарагъазицил боялъеги.

Багвалазул, чIамалазул, гIахьвалазул боялъе нухмалъи Гъарагъазида тIад къан букIуна ва гьел кIиго сордо-кьоялъ гIурусаэул 5000 ядде бахараб лъикIго яргъид хьезабураб аскаргун багъула, гIурусазул баяналда рекъон восстания гьабуразул шагьидлъун вуго I5 чи, асирльуде ккун вуго 23 чи, чIван буго 30 чуги.

Жидее ккараб зарал бихьизабулеб буго гIурусаз чIванила КIаралазул наиб, лъукъанила милициялъул цо офицер, кантужить гьавунила Куринский полкалъул 2 солдатги. ТIад буссун гIурус аскаралъе кIаралаз цебеккунго гIадин мутIигIлъи лъазабунила. Ва гьел восстаниялда гIахьаллъичIила. Гьеб рагъулъ босараб бергьенлъиялъе гIоло Куринцаэул 12 ясе Георгиевский крестги кьунила. 25 абилеб сентябралъ

Болъихъан рикIкIадго гьечIого МигIарсо лъарахъги ккола рагъ, гьеб рагъулъги гIахьаллъула гIахьвалал, багвалал, чIамалал ва гьенивго вукIуна ТIелекьа Жаватханги наиб ХIамзатги, гьезул хIакъалъулъ гIахьвалазул наиб Къурбаница имамасде хъвалеб буго — "Жаватхан наибасда цадахъ гъазизабазул отрядгун мундерил кьоде шведал дида гьенив ватана гъазаваталда вагъизе хIадурго ХIамзатги, Жаватхангун цадахъ ниж, гIурусазулгун гьениб данде ккунгутIи лъугьун тIадруссана, ХIамзатги нижгун вачIана мугьажирлъун. Г'ьесул рак- ракIалдаса гъазаваталъе бугеб гъира букIиналда ракIчIола. ГIурусазул баяналда восстаниялъе рахъаразул къадар 800 чи вихьизавун вуго

Гьединго Меликовас Грозниялда вугев генерал адютант Свистуновасухъе кьураб телеграммаялда бихьизабулеб буго 25.10.1877 подполкковник Тихоновас балъхъадерида гIагарда 800 чиясдаса данделъараб восстаниялъе рахъаразул аскар шущазабунила ва хIинкъи бугила чачаназул имам ГIалибегхIажи Гъагъалъе вачIунев вукIиналъул, ГIандалги восстаниялде рахъинаризе. Гьеб кIиябго областалъул восстаниялде рахъунел цолъизе риччазе бегьуларо, гьелдалъун гьарулеб буго Ведено округалъул началникасдасан дагьаб бугониги армиялъул къуват рехеян ГIалибег ХIажил бо Гъагъалъе гьукъизелъун-ян.

20/IX - 1877 сональ Меликовас главнокомандующий генерал -адютант Свистуновасухъ телеграмма кьолеб буго Щурасан Грозниялде:

- "ГIалибег ХIажи 300 чигун вакканила ГIанди росдада цеве. ГIандадерил наибгун дандчIванила гьев ва гьениса лъутанила нахъего. Данде чIаразул кIудияб къокъа бугила ЧIамалазулгун ГIахьвалазул. ЧIамалазулгун цолъанила Ума Дуевги иш лъугIизабураб Ичкериялдасаги вачIун. Гьел кIиязего къваригIун бугила Терский областалласа чIамалазул кIкIалабахъе ине. Гьезда хадув ине бокьун буго полковник Тихоновасе » -ян хъвалеб буго Меликовас.

3/X - 1877 аб. соналъ Грозниялде глав. ком. генерал адютант Свистуновасухъе Шураса Меликовас хъвалеб буго: "Тихоновас баян гьабулеб буго Болъихъа рештIун

букIин восстаниялде рахъаразул кIудияб къокъа. Ума Дуев вугила ТIумраве цадахъ аскаргун шун, нагагьлъун Болъихъан Щурасеб бухьен гьоркьоб къотIани гьелъ квешаб асар гьабизе буго ГIанди, Гумбет, Авар, Кайсублалъул участкабазе.

Гьелдалъун чара гьечIого къваригIун бугила хехго нужер отрядал къватIир лъугьине". Дагъистаналда вугев аскаралъул командующий генерал Меликовас Россиялъул рагъулаб командованиялдаса тIадеги рагъулаб къуват тIалаб гьабула, гьесул тIалабалда рекъон Дагъистаналъул ва Чачаназул халкъгун багъизе ва гьелда тIадеги зулму-хIал гьабизе рагъулал дивизиябиги ритIула пачаяс.

Гьелъие нугIлъун чIола гьаб телеграмма:

"Телеграмма Грозниялъул рагъулав командующиясухъе Владикавказалдасан. Телеграмма № 186, кьуна 4/Х-1877 къад 2 сагIатги 20 минуталда, 64 рагIи.

Петербургалдаса граф Гейденил телеграмма буго дур ихтияралде

3 абилеб резервалда бугеб дивизиялъул частал щвезе ругила Владикавказалда

17-18/Х– алъ 26 абилеб батальон, 18-19/Х- алъ, 25 абилеб батальон, 19-20 /Х-алъ 26 абилеб батальон, 26-27/Х-алъ 28 абилеб батальон, 24-25/Х-алъ дивизиялъул управлениягун цадахъ хьвадулеб лазареткаги.

Гьезда хадубго битIизе буго гьеб баччиялъул планги. Владикаакаэалдаса рехсарал частал чIезесел бакIазул баянги лъазабе".

Генерал майор Вояковский.

Гьединал къуватал лъуна пачаяс Россиялъул пачалихъалде гъорлъе кколел Чачаназулги Дагъистаналъул халкъал гъуризе ва гьел хIакъир гьаризелъун.

Гьединаб букIана гIиссинал миллатаздехун пачаясул хIукуматальул балагьи.

1877 аб. соналъ 6 абилеб октябралъ телеграмма кьолеб буго Грозниялде рагъулав командующиясухъе Шурасан Меликовас. Подполковник Тихонов 7 го Куринский ротагун цо гIарадагун ва бакIалъулаб милициягун Болъихъан 3 абилеб октябралъ гьужумалъ вахъанила восстания гьабуразде данде чIамалазул кIкIалахъе ракIараралгун. Гъодобери росдада гьоркь, рагьулъ лъугIизарунила гьел, асирлъуде восанила 3 значкист, бахъанила гIемераб ярагъ, восстаниялде рахъаразул ругелъурго хутIана чIвараазул 100 ялдаса цIикIкIарав чи.

Нижер ками: чIвана -2, лъукъана I0 солдат гIодобегIанаб чиналъул, контужить гьавуна цо офицер, гьезул ахIи-хIурги ана Койсубалалъул наиблъиялдехун».

Меликов.

Генерал Смекалов тIадвуссуна гIахьвалазул ракьалдаса 200 ялдаса цIикIарав солдатгун офицерги вукъун.

ГIахьвахъ район рагьизе цересел I929-I930 абилел соназ гьакил нух бахъулаго гIурусал рукъараб гьеб хандакъалъул рагIалде тIаде ккана тIадго шинел-ретIелгун рукъарал солдатазде. ГIурусазул генерал Берхманица бихьизабулеб буго телеграммаялда цохIо солдат гурони чIвачIилан.

Доб заманаялъго хъвараб назмуялда рехсохъе гIурусазул камиялъулги, гIахьвалазул гъазизабазулги хIакъикъат цIакъ баянго рехсон буго. Хадубго гьижраялъул I294 абилеб соналъул 20 абилеб шавалалъ яги

28/X-I877 соналъ шагьидлъарал гъазизаби рукъиялъулги къисса бицинин: КъурамухIамаги ХIусендибирхIажиги рукIуна вацгIалзаби кIиясдаго гьоркьоб дагIба ккола шагьидлъарал жиндир хурир лъейилан цояв жиндиралда лъейилан цоявги.

ДагIба тIезабизе гьоркьор журала росабазул жамагIатал. Цояз тIалаб гьабула шибаб росдал хабалалъе рукъизе. Цойгидазул хIукму ккола рухI бахъа-бахъаралъур рукъизе.

Цойгиязе бокьула тIадмагъилъдерил яги кванкъеросезул хабалалъ лъезе. Ахирги хIукму ккола цIиял хабал рагьизе цо мустахIикъаб бакIалда.

КIиявго вацгIаласул ккараб дагIба тIезабиялде ккола росаба зул жамагIаталъул пикру. ТIадмагъилъдерил бегавул МахIмудица абула КъурамухIамица бихьизабураб хур бищун лъикIаб бугилан хабалазе, гьанжеги дагIбаялдего сверула. КIудиябросдал бегавулас абула, гьанир шагьидлъаразул бишун гIемералги нижерал руго гьезда гьоркьов дир вас Ахбердилавги вац МухIамадги вуго, гьедин бугониги дирги пикру ккана гьал тIад хвараб ракьалда рукъизе, гьав кIиявго вацгIаласул цоцада ракIхвей ккечIого букIине рачIа кинасул ракьалда гIемерисел шагьидлъун ратаниги гьесул хуриб хабал гIуцIизе. Гьелда кIиявго вацгIалги нахъиял росабазул жамагIаталги разилъана, рикIкIиндал 3 го шагьидлъарав ХIусендибир ХIажиясул милкалда тIад цIикIкIун ватана ва гьабсагIат Мигъиштохъ Колода бугеб гъазизабазул хабал агьлу 1294 абилеб соналъул 20 абилеб шаввалалъ яги 28/X-1877 соналдаса байбихьараб буго ва гьеб лъугьана даималъего бишунго хирияб зиярат гьабулеб хабал агьлулъунги, цойги Дагъистаналда цо бакIалда гъазизабазул хас гьабураб хабалги гьечIо АхIулгохIда гурони. Гьеб хабалалъ вукъун вуго 69 шагьид, гьениб руго кIикIи цо лахIдуялда лъуралги.

Совет хIукумат бачIинегIан гьеб хабалалъ Хусендибир ХIажиясул - "КъвечIоло" наслуялъул гIадан лъезе гурони изну букIун гьечIо, гьеб наслуялдаса цойгидаб наслуялда ригьнаде арай гIаданги гьений юкъулароан, амма цойгидаб наслуялдаса "КъвечIоло" наслуялде ригьиналъ ячIарай гьений юкъулаан.

АскIоб бугеб ЦIвакилазул колода хваралги КIудиябросдал хабалалъе унаан рукъизе.

Совет хIукуматалъул заманаялда хIалаллъи -хIарамлъи лъалареб заманаялъе гьеб хIурматияб хабал агьлуялда сверухъго рукъун руго жидер хваралшинал, мунагьал чураги гьезулги .

(Гьеб хабалазул хIурматалда гьенир ХIусендибир -ХIажияс ва гьесул васалаз лъун рукIарал чIахIиял куракул гьутIби цIада лъезе къотIун регизаридал гIемерисезул занал гъурун, рек-рекун ран руго, цоял ракьулъ тIерхьун руго гIазоцIадалъул лъеца бачIараб миччир ракьалъ.) Гьеб хабалазул ахада ХIужраялъув вукъун вуго хабалазе, гьеб хур тарав анлъцIул хIеж борхарав кIудияв гIалимчи - шайх ХIусендибир ХIажи ва гьесда аскIорго рукъун руго гIалимзаби гьесул васал ХIадис, Шамсудин, ХъахIабацIги ва гьезул хъизамал, лъималги. Гьединго хIужраялъул тIасияб рахъалда рукъун руго ХIусендибир ХIажил хабадаса байбихьун юкъун йиго гьесул лъади ГIашура ва гьелъул гъазаваталда шагьидлъарав лъабго вацги: ИмахIо, Шамхал ва Малаги, гьезул эмен ДенгагIали гъазаваталда захIматго

лъукъарав КIудиябросолъ шведал къадаралде щун КIудиял хабаллалъ вукъун вуго, гьесдаго аскIор рукъун руго 4 гьединго захIматго лъукъун росулъ ун хваралги. КIигояв лъукъун аразул ХIажиявги, Эквачилавги, Изано хабалалъги руго, Халитил: ГIумар абулев Гъашито хабалалъ вукъун вуго. Кинавго 77 чи шагьидлъун вуго ГIахьвахъ цохIо къоялъ гъазаваталда. КIудияб росдал ва Иэано бегавуллъиялде кколел чагIи гурони гьеб къоялъ ккараб гъазаваталъулъ гIахьаллъунги рукIунаро. ТIадмагъилъ бегавуллъиялде кколел гъазизаби.

Лъиси моцIролъ Багвалъан бачIунеб гIурусазул аскаралде данде бахъун I50 чи хъаравуллъуда рукIуна. Лъаносезул, цIекIосезул ва ракъусезул гъазизаби Авар гIор ккун рачIунел гIурус аскаралъе гъоркьчIел гьабун рукIуна. ГIахьвалазул 38 чигIурусаз Сибиралде ритIула гьездасан цонигияв тIадгивуссунаро.

ГIахьвалазул шибаб росдал церехъабазул 6-гояв гьебго къоялъ асирлъуде рачун Сибиралде ритIула.

17/ X -ялъ пачаясъул аскар бачIуна ве ЦIадахIарибе гьениб бакIарун букIуна сверухълъиялъул Гъази-Гъумеки округалдаса, ГIандалалдаса гъазаваталде рахъаразул цолъараб къуват бетIералда Ника Къади цIадахIарисевгун.I9/Х байбихьула гIурусаз гьенибе гьужум ва 20/Х кьучIдасанго тIатIала биччала ЦIадахIари росо, гьенир шагьидлъула гIемерав чи, Ника Къали Сугъралъе ворчIула, хадубго къола Гъази-Гъумекдерил отрядги, гьезул цевехъан ГIабдулмажидги Сугъралъе уна жиндир хутIарал гъазизабигун цадахъ. ГIахьвахъан тIад руссун хадуб генерал Смекаловасул коллона уна багвал, чIамалазул кIкIалахъехун батIи-батIияб рахъалдаса ва цолъула Агъвалире. Гьенисан эхедехун ине бажаруларо цIадал-ихаз нухал ччукI-ччукIун гIоралъ кьоял рехун. Гьигьалъезулги Агъвалисезулги кьоял риххун ратуда. Гьенир восстаниялъе рахъаразул 1000 чи Ума Дуевасул бетIерлъиялда гъоркь цереса лъутула кинаб бугониги дандечIейго гьабичIого. Подполковник Лохвицкиясул лъабабилеб колонаги хадуб гьедал Агъвалибе гIурусазул 3000 гогIан рагьухъангун къер-кьезе ва кутакаб яргьилаб къуваталдеги дандечIей гьабун бажару-лареблъи лъайдал киналго багвалазулги чIамалазулги росабаз, жодер мутIигIлъи лъазабун шибаб росдал вакилзаби ритIула гIурусазул командованиялъухъе. Гьединабго мукIурлъи загьир гьабула ТIиндалерил ва Ункъракьалъул обществобазги ва гьеб кIкIалахъ кинаб бугониги рагъ кколаро.

Гьебго хIал загьир гьабулеб буго Владикавказалде рагьулав командующиясухъе 20/Х-I877 соналъ битIараб генерал-лейтенант Берхманил телеграммаялдаги.

"Генерал Смекаловасги, подполковник Тихоновасги 15-17 абилеб. октябралда лъазабуна батIи-батIиял рахъаздасан Агъвалире рачIанила колонал бетIерлъуда гьезул начальникалгун, гьенисан церехун ине роччун гIемерисеб бакIалдаса нухал ччукIун, кьоял риххун нух батичIила гьадингогоги хIалица чIезарурал гьел тIубанго хвезарун ратанила Гьигьалъдерилги Агъвалисезул къоял.

Гьеб кIкIал ккураб руккелалъул 1000 гIан чи вугеб бо, бетIерлъуда Ума Дуевгун рахъ-рахъалде лъутун ана, шибго дандечIейго гьабичIого. Подполковник Лохвицскиясул лъабабилеб колона тIаде щведал Агъвалибе рачIине байбихьана сверухъ ругел росабазул жамагIатазул вакилзаби кверде рачIин загьир гьабун:

Хушдадаса, КIванадаса, Лъондодаса, ТIисиса, Агъвалиса, Гьаквариса, Гочитал, Гьигьалъан, Гьадириса, ЦIумадаса ва 20 цойгидалги росабалъан гьезда Смекаловас лъазабуна тIокIаб нахъ бахъичIого нухал, кьоял къачIазе рахъизе ккей ва аскаралъе кване хIажатаб къадар боцIи ва кIалцIиги чIезабизе ккей, гьединго чIобого Болъихъан къваригIунеб щинабги баччизе ккейги, гьел росабазул хIама-чуялъ. Гьеб амру тIалаб гьабухъе тIубазеги гьабулеб буго росабазул жамагIатаз.

ТIиндадерицаги Ункъракьалъулазги загьир гьабуна кверде рачIин, гьанже ГIанди округалда гIигцIго Дидоялъул общество хутIун тIубан мутIигIлъана ва нилъер тIалаб тIубазабула нилъер кверщаликье ккараб ракьалда ругелшиназ.

Умани лъутаравин жиндирго обществояльул рахъалдехун.

Генерал лейтенант Берхман.

Багвалал, чIамалал, цIунтIал,тIиндал гъазаваталъул рагьулъ гIахьаллъана ва гьез гIемереб биги тIуна, амма жидерго ракьалда тIад гуреб Гъодобери гьоркь, МигIарсо, Муни, Инхело-ГIачIабалда ва цойгидал бакIалда ккарал рагьазульги. Гьелъие нугIлъи гьабулел баянал гIемерал руго гIурусазул рагъулъ гIахьаллъарал командованнялъулги имам ХIажимухIамадил наибзабазул архивалда ратулел доб заманаялъул хъвай-хъвагIаяздаги.

1877 абилеб соналъул восстаниялъул рагъ ва гIурусазде аскарал Агъвалиса эхеде швечIо. ГIахьвалалгун рагъ ккезе цебе 11 аб. октябралда гIурусаз Маджалис кверде босула, Каракайтагаз мукIурлъи загьир гьабула, гьединго Башлинцазул цо бутIа мутIигIлъула нахъиял Гъази-Гъумекирехун уна.

17/X - 1877 генерал Комаровасул хIукму кканила БежтIа управления рагьизе ва гьенисан Руккелладаса Ахтыялдеги ине.

Гьебго телеграммаялда Владикавказалде рагьулаб командованиялда баян гьабулеб буго генерал Комаровас 13/X 1877 соналъ подполковник Тихоновасул колонаялъ -7 го Куриналъул ротагун 200 казакавгун, бакIалъул милициягун, гIарадагун ГIахьвалазул восстаниялъе рахъараэул 100 чи чIванилан ва кIиго росоги кулабиги рухIанилан, гIемереб ярагъ, чуял, боцIиги бахьанилан Бакълъухъелги, Гъидги кверде рачIанила. 15 /X Смекаловасул колоннаялда цолъанила чIамалалги.( 23/X 1877с. Владиказказалде кьураб генерал Меликовасул телеграммаялдаса.)

Гьедин киса-кибего Дагъистаналда гъазаваталде рахъаразул рагъазул хIасилго кколаро, гIурусазул рагъулаб къуват цIикIкIуна ва тIолабго чачаназулги Дагъистаниязулги халкъалъул цолъиги кколаро.

Гъазаваталда рахъараз пачаясул хIукуматалъе бихьизабуна жал пачаясул политикаялдаги гIурусазул гIадлу-низамалдаги рази гIучIолъи. Къуватаб пачаясул аскаралде данде "Хвел яги зркенлъи" абураб ахIиялда гъоркь гьумер буссинчIого гIурус тункIилгун гIарададул гулиде данде, ун эркенлъиялъе гIоло къеркьей гьоркьоса къотIизе гьечIолъи.

ГIахьвалазул кIкIалахъ рагъ лъугIигун ирга щола ТIелекье ва гъазаваталъул церехьабазул КъебедмухIамал, МуртаэагIалил ва гьезул тухумалъул чиго течIого туснахъ гьарула. Гъазигъумекиселги кверде росула ва Дагъистан областалда

рагъулав командуюший - генерал Меликовас гьел тІамула Сугъралъе швезегІан нухал кьоял къачІазе ва 2/XI щола Сугъралъе.

Гьенир данделъун рукІуна киналго гъазаваталъул бутІрул ва сугъулдерил 1000 гІан ва мугьажиразул 500 гІан чиги. Гьезде амру гьабула Меликовас кверде рачІайилан, кверде ине инкар гьабула ва рагъ байбихьула. КІиябго рахъалъе чІахІиял камиялги ккола.

7/XI- 1877 аб. соналъ Владикавказалде рагъулав командующиясде Шураса кьураб телеграммаялда генерал-лейтенант Берхманица абулеб буго:

"'ТІелекь бахъанава, шушазабуна. Туснахъ гьаруна КъебедмухІамадил тухум ва цойгидалги гІайибиял, 104 хъизан ва II хъизан чачаназул, тІасияб Кайтагалъулал рачІана мутІигІлъун, тІасиябги, гъоркьиябги Табасараналъ лъазабунила мутІигІлъи. Кюриналъул округалъул къватІир рахъарал риххун ана, вищун тарав Кюриналъул хан МухІамадгІали Дербенталде вачІана. Дагьабго руккелгун Мехти Уцмиев лъутун ана жаниб нух бахъизе рес гьечІеб кІкІалахъе. Генерал Камаров I/XI жиндирго отрядгун Ахтиялде, рагъулав командуюший аскаргун I/IX швана Сугъралъе, 14 гІайибалъул бутІрул ва гьелда гІахьаллъарал дагьистаниялги чачаналги кварида рана гІадамал данделъараб бакІалда. 2/XI тІаде гьужум гьабун Сугъралъ бахъана. Росдал халкьалъ рихьизаруна 247 гІайибияв. Дагьистаналъул имамлъун ХІажимухІамад вищарал ва Выцхиналъул наиб ГІабдул-мажид Гъази-Гъумекиб гъазаваталде халкъ бахъинабурав бишунго гІайиб бугездаса цояв вукІин. Ума Дуевги васалгун цадахъ, цойгидалги 18 кІвар бугел чачаназул такъсирчагІиги. ГІалибег лъутун ворчІуна Закаталаялдехун. Нилъер ками: чІвана 2 офицер, лъукъана 1 штабс, 5 обер офицерги, контужить гьавуна I штабс, I обер-офицер чІвана гІодобегІанаб чиналъул 20, лъукъана 107, кантужить гьавуна 18.

БакътІерхьул Дагьистаналда тІубараб гІодоб биччай лъугьана, БежтІадерил, Анцухъазул, Дидоялъул рахъалда хутІизегІан, киса-кибего къабул гьабуна нилъер управлениялъул нухмалъи.

Генерал лейтенант Берхман.

Цебесеб тарихалда рекъон 1-2/ XI- Сугъралъ ккола нилъеца бицен гьабулеб восстаниялъул ахирияб рагъ. Пачаясул командованиялъ кверде рачІин тІалаб гьабула, восстаниялде рахъараз гІурусазул тІалаб тІубазе инкар гьабула ва гьениб кутакаб рагъ ккола. БахІарчилъиялда ахириябги къуват лъугІизегІан рагъула Сугъулдерил ва мугьажиралльун рачІарал гьазизаби. ГІарадабазул къуваталъ Сугъулдерил росо кьучІдасанго чІваднazде сверула, ахир-къадги восстаниялде рахъаразул чІаго хутІарал гІурусазул квершаликье ккола. Гьенив хола гІахьвалазе кумекалъе аскаргун вачІун вукІарав къуркъи гьечІев бахІарчи ТІелекьа МуртазагІалил вас наиб Жаватханги. ГІахьвалазул гьазиэабигун Гьодобери росдада гъоркь ккараб рагъулъ вагъулаго Къурбан наибасде Жаватханица абула."Гьал бахІарзазда цадахъни дун капурзабигун вагъизе кодоб ярагъго гьечІого ина» - ян.

Амма Жаватханиеги, ХІамзатиеги ГІахьвахъ ккараб гъазаваталъулъ гІахьаллъизе швечІо, ТІелекье тІад руссине ккун, ГІахьвалазул наиб Къурбанги

бодул цевехъан Гъарагъазиги чIванин рагIидал Жаватханица абун буго: «Унго тIохьидул гулагийиш гьезда кьалеб букIарабан». Хадубго абун буго: «гьанже нилъерги талихI къиналде шаклъи гьечIилан». Живго Жаватхан Сугъралъ ккараб рагъулъ шагьидлъула.

Чачаналда гьагъабшинаб багьа-бачариги гьабун Дагьистаналда вачIун вукIарав ГIалибегхIажи цадахъ Турказулъан Дагьистаналъул халкъ рагъде ахIун рачIарал ГъитIинавасги цадахъ рукIаралги рачун Сугьралъан лъутула жидеца гьабураб къотIиги биххизабун. Дагьистаналъул восстаниялде гIахьаллъаралшинал Сибиралде ритIула, росаби тIатIала рала, Дагъистаналъул халкъалда тIаде кIудияб балагь рештIуна. Восстаниялъул церехъаби: имам ХIажимухIамад, ГIабдулахIажи, ХIамзатхIажи, МуртаэагIали, цIулдисев ГIабдула, Ника-Къади, ГIабаспаша, ГIабдулмажид, Зубайирбег, Гъази АхIмад ва гьел гурелги I4 восстаниялъе бетIерлъи гьабурал Гъуниб рагъулаб полевой судалъ хIукмуги гьабун кварида ран гъанкъула, гьединго судги гьабун Дербенталдаги гIурусаз 300 гIан чи чIвала. Гьелда къокълъуларо пачаясул хIукуматалъ гьабулеб зулму. РикIкIадаб Сибиралъул жаниблъиялде ритIула хъизамалгун цадахъ цоял гIумруялъего, цоял каторгаялде тIолабго Дагьистаналдаса 5012 гIан чи гьезда гьоркьор гIахьвалалги, гьезул башадалги тIад руссунаро, цоял вабаалъ, цоял гьава рекъечIого, цогидал ракъун квачан хола. Дагъистаналда восстаниялъул багъа-бачари 50 гIан къоялъ гурони халалъуларо, ай II абилеб сентябралдаса 2 ноябралпе щвезегIан цебесеб тарихалда рекъон.

Восстаниялъул къоязго цо-цо хъварал наибзабазул ва бодул церехъабазул кагьтазги бихьизабулеб буго восстаниялдехун халкъалъул букIараб балагье ва рагъул иналъулги, халкъалъул багъа-бачариялъул хIалги. 1877 абилеб соналъ букIараб восстаниялъул материал данде гьабун буго кIудияв гIалимчи Тахо-Годи ГIалибегица ва гьес букIине кколеб къиматги кьун буго пачаясул вахIшилъиялъеги магIарулазул бахIар-чилъиялъеги, гъалатIалъеги. Восстаниялде халкъ къватIиб бахъиналъе гIиллалъун бихьизабун буго гIурус пачаясуд зулму-хIал хIехьезе кIвечIолъи магIарулазда ва Дагъистанальулги чачаназулги тIолобго халкъалъул цолъи букIинчIолъи, хъулухъ, мухь къун жалго жиделъго рагъизе тIамизе кIвей пачаясе. КIиабилеб аслияб гIилла, къуватаб Россиялъул пачалихъалде данде магIарулазул язихъаб гьитIинаб милаталъе, рагъизе хIал гIечIолъи.

Хал гьабизин гIараб мацIалъ хъварал наибзабазул ва гъазизабазул отрядазул церехьабаз цоцахъе хъварал кагьтазухъги.Киналго гьел кагьтал руго гIадатияб кагътил тIамачалъул микьил цо бутIаялда яги- анцIила анлъил цо бутIаялда хъварал, гIемерисел кагътал руго авторасул цIар бугел мугьру чIварал ва кагьат гIурус мацIалде буссинеги гьабун гьезда буго Дагъистаналъул рагьулав губернаторас гьабураб ишараги:

Мисалалъе; "БацI МухIамад жанив тIамизе, ГIусманхIажияв кьезе полевой судалде" яги "30 ноябралъ БацI МухIама витIизе ссылкаялде. Делоялде жаниб лъезе ва гь. ц. (Гьеб буго Дагъистаналъул рагъулав губернаторас гьабураб амру) Хадусел цо-цахъ хъварал кагътал руго имамасул наибзабаз ва динияде церехъабаз хъварал.

1. "ГьаракIуниса ГIосманхIажиясул ва СалтIаса БацIмухIамадил рахъалдасан Иргьадирил жамагIаталде - МухIамад Къадиде ва Муса хIажиясде кагъат».

"Турциялдаса ГъазимухIамадихъан (Шамилил вас) вачIарав ГъоцIалъа ГъитIинавас-Къадица бачIараб рохалил хабаралъ боххизабуна тIолго халкъ, гьелъ гъазигъумекиселги даргиялги рахъана восстаниялде. Гъазигъумекдерица жидедаго тIад кIудиявлъун Жафар тана, даргияз жидерго гIолохъанав Къади ГIахъушиса Чарак тана байбихьана гIурусазде данде рахъизе. Жафарица шушазабуна Гъази-гъумекиб букIараб гIурусазул шулалъи ва чIвана киналго гIурусалги, гьезул руччаби асир гьаруна. ГъазимухIама аскаргун вачIун вуго Гуржиялъе, ва рещтIун вуго Кура гIорул рагIалда, гьеб буго битIараб цIияб хабар ва нужецаги байбихье къеркьезе. Рамазаналъул 19 къо".

Гьагъабщинаб гъалмагъиралде гъорлъе Дагъистан тIамизе квербакъула турказ тIамурал цо-цо рагIи билълъарал хасал гIадамаз, гьезул гьерсазухъ гIенеккун цIа гъола Дагъистаналда.

2.ЦIадахIари жамагIаталъул рахъалдаса Сугъралъа имам ГIалил МухIамадиде кагъат.

"Нижер буго дуда чанго гьари:

а) Нижеца нужехъе кьурав 6 чи, Левашир жанир тIамун ругел, гIурус аскар нилъедаса бергьун хадуб гурони нахъе риччаге.

б) Левашдерил отряд щулалъулеб буго, гьелдалъун нижер аскар нужералде цолъизегIан цере къазе ккола гъоре, имамасдасан тIалаб гьабе цойги аскар, Кутишире данде чIвазе. ГIурусазул аскар гъобаго хутIани хасел щвелалде нижее захIмат убкIине буго боцIуца хасел тIамизе ва гьеб хьихьизе. Амру гьабе гьенир ругел гIадамазул бетIерлъилъиялда бугеб жоялде квер хъвагеян.Шавалалъул 18 къо".

Гьеб кагъаталдаса бихьулеб буго киналго дагъистаниязул цолъи щулалъун гьечIолъи, цояз гIурусазул рахъ ккун, цояз гъазаваталъул нух ккун халкъалда гьоркьоб риххи букIин.

2. «ГьоцIалъев АхIмад ХIажиясул рахъалдасан имамасде кагъат

Доб къоялъ щвана Къорода, гьениб гIадамазул ахIвал-хIалалде балагьана.

Гьениве щвана лъутун вукIарав Гуржи ГIали (дин гьабуларев чи) Къородисезул щулалъиялда. Гьенисан дун ана МагIливе, гьанир ругел гIадамал цебесеб хIалалда ратичIи. Гьезие дица гьениб сордо бахъизеги бокьичIо ва гьенисан дун ана КIикIуниве гьенир ругезул хIал хисун батичIо цебегогIадин батана.

Гьелги гьезул рокъор ратарал 100 мугьажирги цIакъ рохана дун вачIиналдаса, гьезул кванил сурсат дагьлъун батана мугьажирал кванилъ лъикI ратичIо, гьелдалъун гьарула изну кьеян Захарил гIиял гьезие рикьизе шаригIаталъул нухалдалъун.

Игьалиса наиб Сагидил МухIамама, Инхоса щунусгоясул командир Алим ХIажи, Къудукьа ГIумар, балахьунисезулги харачIисезулги жамагIаталги руго хIадурлъиялда. Сагидил МухIама аскаргун щвана ГIашилтIе ва цойгидалг

росбалъеги. Дихъе КIикIунив витIе ХIажи ГIали наиб 2000 гIан ракIчIараздасан гIуцIараб аскаргун гьел, Шурареги битIун жидерго бакIалде лъутизаризе".

Гьеб кагъаталъ нугIлъи гьабулеб буго щибаб росдал батIи-батIияб балагьи букIин восстаниялдехун ва цо-цо росабазул жамагIатал цебеккун жидеца кьураб рагIиялъе хисун ратиги.

3. ГьоцIалъа АхIмадхIажияясул рахъалдасан имамасде кагъат

"Дун КIикIуни гьечIолъиялъ гъоба данде рагIи ккунгутIи лъугьун буго гIадамазул, гьелдалъун унев ввуго ГьоцIалъе дирго хъизан бачине ва гьенисан КIикIуниве тIадвуссине.

Дун хIадурав вго дур бищунго захIматал тIадкъаял тIуразаризе"

Гьаб кагъаталъ бихьизабулеб буго дагьал церегIанги гъазаваталде рахъине гьираялда рукIарал кIикIунисезул жамагIаталъулъ ккун бугеб рагIидандеккунгутIи.

4. Хьаргабисев щунусгоясул командир МуртазагIалил рахъалдасан кагъат

"Князь Меликов вачIунев вуго аскаргун нижехъе. ЧIохъа Закария вуго Аймакалда. Ниж хIинкъун руго. Ургъе нижеца щиб гьабизе ккезе бугебали".

Гьаб кагъаталда рехсолев ЧIохъа Закария ккола гIурусазул рахъ ккун гъазаваталде рахъарал магIарулалгун вагъулев вугев гIурус офицер, гьасул буго доб КIикIунир рукIарал мугьажиразе бикьизе имамасдаса АхIмадхIажияс изну гьарулеб букIараб гIиги.

5.КIаратIаса МухIамал Малачи огълил рахъалдаса Сугъралъа ГIабдурахIман ХIажиясде кагъат.

"Заман гьечIолъиялъ дида кIолеб гьечIо мунгун хасаб дандчIвай гьабизе, гьелдалъун гьарула дудасан дунги кIочон тогеян дуца гьабулеб дугIаялда гIоркьов рехсезе, ракIчIей буго данделъилин даимаб дунялалда - Алжаналда".

Малачил МухIамадил кагъаталдаса бихьула Сугъралъа АбдурахIман ХIажиясул тIадегIанлъи ва гьесул гъазаваталъул нух гIалимзабаз къабул гьабулеб букIин ва гьесдехун халкъалъул рокьи букIин.

6. ГIесдерил бегавуласул рахъалдасан цIулдисев ГIабдуладе кагъат

«ГIахьвалазул ункъо чиги вачIун дихъе, гьез бицана Гумбеталдаса 130 милиционер гIахьвалазул гIорхъода рештIун ругила, гьезда хадубго бачIунеб бугила гIурусазул лъелаб аскарги, нижер ният буго гьезда гьужум гьабизе ва гьезухъан чуялги рахъизе, гьелдалъун нужедаги гьарула рагъулаб къокъагун нижехъе рачIаян гьеб ишалдаса пайда босизелъун». Къагъаталда гъоркь къо-моцI гьечIо, гьел къоял рукIине ккола 12-13 абилеб октябралъул къоял цебесеб стилалда рекъон, жал тIаде щвелалде гIахьвалазул данде рахъиналъе бугеб хIадурлъи, ва географияб бакIалъул хал лъазабиялъул мурадалда гIурусаз цересел къояз гьенире ритIарал Гумбеталъул милиционерал. ГIахьвалазулгун рагъ ккун буго 14.Х-1877 с. цебесев ?????. ЦIулдисев ГIабдулал аскар багва-чIамалазул кIкIалахъе уна, ГIахьвахъ рештIен гьабуларо ва гIесдерил бегавулас гьариги къабул гьабуларо.

6. БагIар Меседица имамасде хъвараб кагъат.

«Ниж ана Къарахъа ГIабдулайида хадур (ЦIулдиса ГIабдула). Доб дуе баянаб букIахъе иш нижеца заманаялъе нахъе тIамун тана, хадубккун щвезесеб лъикI ккеялъул хIасилалъул мурадалда. КIаралазул обществоялъ инкар гьабуна кIиябго

нухалъ жодер обществоялде гъабураб тIалаб, гьел разилъичIо нижгун цолъизе, гъазаваталде рехъине».Къагъат хъвараб къо-моцI гьечIо. Къарахъа БагIар Месед витIун вукIуна 300 рекIаравгун Сугъралъа имамас гIахьвалазе кумекалъе, гьениб гIурус аскар бачIунеб букIинги лъан. ГIурус аскаралъул къуват бихьидал жиндирго отрядгун цадахъ Авар гIурухъехун лъутула ГIасаса бехе. Гьеб лъугьа бахъиналъул хIакъалъул жидерго телеграммаялда гIурусазул генерал Смекаловасги бихьизабун буго 300 рекIарав гIахьвалазул отрядалдаса ратIа цойгидаб кIкIалахъе лъутун анилан, кIаралаз восстаниялда гIахьаллъи гьабизе инкар гьабиялъул хIакъалъулъги гьесул кагъаталдасан баянлъулеб буго, имамас КIаратIа участкаялда тарав наиб-рекъав Къарабиясул ХIажиясда хадур кIаралал лъугьинчIолъи ва гьес жинцаго гIахьаллъи гьабун буго гъазаваталда. КIаратIа наиблъун вукIарав Шамилил вас ГъазимухIамад асирлъуде ккун хадусала КIаратIа наиблъун тIамула гIурусаз Гъазигъумекиса Халилов МухIамад ва гьев Инхело- Муни ккараб рагъулъ чIвала.

7. ТIолабго ТIиндадерил обществоялъул наибасул рахъалдаса имамасде кагъат.

"Нижехъе щвана 100 чигун Дур вакил цIулдисев ГIабдула, гьелдасан ниж цIакъ рохана. Нижер мадугьалзабазе ккана кIудияб балагь гIурусазул кIудияб къуваталдаса.Гьанже гьел къуваталда гьечIо нижее кумек гьабизе. Гьелда цебе нижехъе хабар бачIун букIана гIурусазул аскар нижехъеги бачIунеб бугилан, гьелдалъун витIулев вуго духъе жакъа гьавги, гьасда цадахъ нижее кумекалъе рачIаян ва тIункил хер босизеги кумек гьабеян.
Нагагьлъун дуца инкар гьабуни нижее кумек гьабизе, ниж гьадингоги Аллагьасул кумекалде ракI чIун цохIо нижго рагъизе руго.

1294 сон шавалалъул 11 къо".

3.Х -ялъ Гъодобери росдада гъоркь ккараб рагъулъ цIунтIадерил багвалал, чIамалазул 80 чи шагьидлъун вукIуна. ЦIулдисев ГIабдула ва БагIар Месед гьеб рагъулъ гIахьаллъун рукIунаро, имамас гьезие кумекалъе ритIаниги рагъ-кьалго гьечIел росабалъ рукIуна, гьедин щварав вуго гьев шавалалъул 11-14 абилел къояз ТIинди обществоялдаги. ГIабдула отрядгун.

8. ТIиндадерил наиб КъурамухIамахIажиясул рахъалдасан имамасде кагъат.

"Лъанила нуж восстаниялъе рахъун рукIин ва нужеца гъазават лъазабиги. Дица нужер отряд бачIинегIанго борхана ярагъ ва кьунила ишараби (значки). Нужер отряд бачIинелдеги рагъана гIурусалгун ва дагьабго камиги ккана. Кин бугониги рагъизе руго хадурккунги, ахирияб минуталде щвезегIан, гьелдалъун гьарула ниж кумек гьечIого тогеян".

ГIачIабалда, МигIарсо ккараб рагъул хIакъалъулъ унеб буго ТIиндиса КъурамухIамадхIажиясул кагъаталда хабар.

9. ХIамзат наибасул рахъалдасан имамасде кагъат.

"ГIурус аскаралъул 2000 чиги ГIахьвахъе вачIун кьаби щвезабуна гIахьвалазда, гIемерал руго чIварал, лъукъарал ва асирлъуде ккаралги, гьездаго гьоркьов чIван вуго гIахьвалазул наиб Курбанги Гъарагъазиги, гьединго бухIун буго гIахьвалазул кIиго росуги.

Гьеб иш ккун хадуб гIесдерилги бакълъухъезулги халкъалъе хIинкъи ккана.

Нижер рахъалдехун хутIун руго гIицIго дир наиблъиялде кколел гIадамал.

Кинаб бугониги рахъалдаса гIурусал рачIунел ругони нижеда кIвезе гьечIо нижго цIунизе, гьелдалъун гьарула нижее кумек кьеян".

Къо-моцI гьечIо.

Имамасде ХIамзат наибас битIараб кагъат буго 1877 аб. соналъул 16 аб. октябаралда хъвараб, цебесеб стилалъун.

ГIахьвахъ ккараб балагь тIолабго Дагъистаналъулго халкъалъе захIмалъун тIибитIана.

Щибаб имамасул наиблъиялдаса рачIун руго гьелъул зигара гьабун кагътал ва гьеб къо рикIкIунеб буго Дагъистаналда гъазаваталъул къуват бекараб къолъунги, гьедин хъвалеб буго доб заманаялъул гIалимазабаз Азербайжаналде, Иранадле, турциялде жидерго гIагарал-божа-бокьаразухъ ритIарал кагътаздаги.

10. Закариял рахъалдасан хьергебдерилги кIикIунисезулги жамагIаталде кагъат.

«Шурасан кIудияб къуват багъарун буго гIурусазул нужехъе, гьезул хиял буго нуж гьенир кверде росизе рагъул къуваталдалъун. Гьелдалъун дица цIакъ гьарана князасда ГIаймакив дун виччайилан гьеб пашманаб хабар нужеде бицине.

Нужеда гьеб лъазабулеб буго нилъер вацлъиялъе ва хиралъиялъе гIоло. Нужее хIажат буго ракълие вакилзаби ритIизе, нижеца цIунизе ругелъул нуж гIурусазул нужедехун бугеб ццидадаса. Жаваб кье нужер бугеб пикруялъул гьабго кагъаталда".

Къо-моцI гьечIо.

Гьеб къагъат буго гIурусазе хъулухъ гьабулев вугев ЧIохъа Закарияс хъвараб, цIакъ жиндир ракI бухIулеб бугев гIадин хьергебдерилги кIикIунисезулги жамагIатазда.

Гьедин рукIана жидер лъай-махщел-гьунар бугевщинав чи гIурусаз мухьдахъ вичун восун.

ГIурусазул мурад цIунун мухьдахъ ва хъулухъалъухъ магIарулазда гьоркьоб кIигьурмечилъи гьабулел чи камичIо.

11. ГIесдерилги бакълъадерил жамагIатазул рахъалдасан имамасде кагъат.

1877 аб. с. 28/Х - "Хамиз къоялъ гIурусазул аскар ана Гъунибе жал гьеб къоялъ къалъудаса маркIачIул мех щвезегIан гIахьвалалгун рагъулел рукIарал.

ГIахьвалал рагъана гурхIел-рахIму тун, данде ран, нахъиял рахъ-рахъалде лъутун ана.

ГIурусаз бухIана гIахьвалазул 2 росу, Кванкъероги ТIадмагъилъги ва киналго кулалги.

Гьанже гIурусазул къасд буго нижехъе рачIине. ЦIулдисев ГIабдула отрядгун гIурусазда нахъа доб цояб рахъалда хутIун вукIиналдалъун, нижее кумек щолеб гьечIо гьелдалъун нижее дурго аскараздасан гьарула кумек гьабеян".

Къо-моцI гьечIо

ГIахьвалазул гъазизабазул къокъагун багъулеб букIараб гIурус аскаралъул цоял багвал-чIамалазул кIкIалахъехун заманаялъе цоял ГIахьвахъ жаниргоги тун рикь-рикьун руго гьедин рикьаразул чанго колонна Гъунибехунги ун буго.

12. ЦIунтIадерил наиб МухIамад Гъарагъази огълил рахъалдасан имамасде кагъат

"Шавалалъул 2 абилеб къоялъ нижер чIвана 80 чи, лъукъарал рикIкIинчIого, дандиял тушманасул гьездасаги цIикIкIун, нижерал рагъана гъираялда, бахIарчилъиялда щибго хIинкъичIого - хIал лъазе биччачIого, жеги гьал хIадурал руго ахириябги бидул къатIра лъугIизегIанги рагъизе.

Гьаб кагъаталъ нугIлъи гьабулеб буго 25-26/IX- 1877соналда МигIарсо-ГIачIабалда ккараб гъазаваталъе.

ГIурусазул хъвай-хъвагIайялдаги гьелде данде кколеб буго, гьеб рагъулъ жидее ккараб камиги гIурусаз бихьизабун гьечIо. ГIурусаз жодое ккараб ками цониги рагъулъ битIараб къагIидаялъ бихьизабун гьечIо. Доб заманаялъул нилъераз хъвараб-таралде балагьидал гIурусазул аскаралъеги гIезегIан кьаби щвезабун бихьулеб буго.

13 ГIахьвалазул наибасул рахъалдаса (Къурбанил) имамасде кагъат.

"Жаватхан наибасда цадахъ богун Мундерил кьоде КIаратIаса дун гьенив щвелалде нижеда ватана гьенив ХIамзат гъазават гьабизе хIадурго чIун. Жаватхание гIурусалгун цо данде ккунгутIиялдаса хадуб ниж тIад руссине ккана ва ХIамзатги вачIана нижгун мугьажирлъун.

Гьесул гъазаваталде ракI-ракIалъ бугеб гъира бихьидал дир ракIалъ гьев къабул гьавуна".

Къо-моцI гьечIо

Гьаб кагъат буго Муниб-Инхело гъазават ккун тIассиял къояз хъвараб 23./ IX. Муни-Инхело рагъ ккана, кагъат хъван букIине ккола 24-25/IX - 1877 с.

14. ХIамзат наибасул рахъалдаса Имамасде кагъат."Гьав дица вицулев Хунзахъав ГIали вукIана цIакъ динияв чи восстания ккезегIанги, гьанже гьав вачIун вуго нижехъе мугьажирлъун. Дуда гьеб лъазабиялъул мурад буго гьесдехун дуца кIвар кьеялъе гIоло".

14. ГIахьвахъе мугьажирлъун арав КIаратIаса Рекъа Къарабиласул ХIажиясул рахъалдаса Сугъралъа имам ХIажимухIамадиде кагъат. «Гьаб кагъат кьурал гъагъалъел Дибирасулавги ва гьесул вац ХIалакъавги ккола ХIажиясул лъимал живги капурзабазул гавураздe данде вагъулаго хварав, гьел гIадамал рукIана ритIухъал, гьаб ракьалда ислам бокьулел. ГьечIила цойги чи гьездасан ислам бокьулел. Гьелъул хIакъалъулъ бокьун букIана дуда баян гьабизе"

Къо-моцI гьечIо.

Гьаб кагъатальги баян гьабулеб буго тIубарал обществаби журачIониги гъазаваталъул рагъулъ камун рукIинчIо гъазават гьабизе бокьаралги. Гъазаваталде гIахьаллъи гьабизе бокьаразеги гIурусаз тарал наибзабаз гьукъун букIана магIарулаз гъазаваталъул -эркенлъиялъул рагъулъ гIахьаллъизе.

15. ХIамзат имамасул рахъалдасан имамасде кагъат.

"Авар округалъул начальник аскаргун Шара магIарда вуго. ГIесдерилги Бакълъухъезулги гIадамазул бальгояб хурхен буго гьесулгун. Цойгидал гIурусазул аскарал КIаратIаса ГIахьвахъе рачIарал гьанжеги ГIахьвахъго руго. ГIахьвалаздасан гьез тIалаб гьабулеб буго щибаб къоялъе 40 оцги 40 гьоко харилги. Гьезие кумекалъе цIулдисев ГIабдулаги лъугьунев гьечIо гьениве. Дунги хIинкъун вуго дирго наиблъиялда".

Къо-моцI гьечIо

Гьаб кагъат хъван букIине ккола Имамасухъе гIахьвалазулгун рагъ лъугIун тIассиял къояз. Гьенирго тун букIараб рагъулаб колоннаялъе тIалаб гьабулеб букIун буго магъалоги ва жидее ккараб заралалъул рецIелги. ГIахьвалазул гIолохъабаз гьел тохлъараб заман балагьун гьужумал гьарун солдатал гъуризе лъугьиндал 10-15 къоялдаса нахъе ун руго ГIахьвахъан.

ГIахьвахъ ккараб гъазаваталъул хIакъалъулъ гьеб заманаялдаго хъвараб назмуялъги тIубан сифат -сурат цебе чIезабулеб буго кканщиналъул

Тахо-Годи ГIалибегица данде ракIарарал 38 кагъаталдасан дица гьаб 16 хъван толеб буго цого мурадалда хъварал рукIиналда бан.

Чачаналъ ГIалибег ХIажияс гIурус пачаясул хIукмуталде данде гъазаваталъе халкъ ахIараб заманаялъго магIарухъе гьелъул цIадул мицIир баккиялда щакълъарал цо-цо пачаясул гIарац-меседалъ гуккарал гьесие хъулухъ гьабулез байбихьула гIахьвалалги гъазаваталъе хIадурлъулел ругин абун Чавчавадзиде ва ГIанди округалъул начальник Поляковасде мацIал гьаризе.

Гьелдалъун байбихьула КIаратIа-ТIехнуцал участкаялъул наиб Гъазигъумукиса Халилов МухIамадицаги округалъул къади Аргъваниса Шамхалицаги гIахьвалазда тIад хъаравуллъи гьабизе ва гьездасан цIикIкIарал магъалаби, налогал тIалаб гьаризе. Дагъистаналда гъазават багъаризегIанго жидеде данде наибас хIалтIизарулел хIалихьатал ишазул махI чIварал гIахьвалаз наибасе мутIигIлъунгуртIи лъазабула ва Чавчавадзихъе цереккунги вакилзаби ритIун рукIуна. Гьале гъазават байбихьизе моцIалъ цебе гIахьвалазул наиб Къурбаница Шамхал наибасде 1877 соналъул 28 августалъ яги(1294 аб с. 22 ражабалъ) хъвраб кагъат. Гьениб бихьизабулеб буго жидер (гIахьвалазул) гъалатI ккун батани тIаса лъугьайила, батичIони жидергун бугеб хIал хвей гьоркьоб къотIизе тейилан.

Шамхал наибас КIаратIа Къадилъун ун буго 1859 абилеб соналъул декабралдаса 23/IX -1877 абилеб соназда гьоркьоб заман, гьеб 18 соналъул гIумруялда жаниб гьес гIахьвалазулгун дагIба-къец лъугIизе тун гьечIо мацIихъабазухъги гIенеккун. ЧIавчIавузихъе гIахьвалазул хIакъалъулъ гьес хъварал кагътаз бихьизабулеб буго ахирги гIахьвалал гъазаваталде рахъине тIамун рукIин.

ЧIавчIавадзеца Шамхал Наибасде хъвараб кагъат хъвахъухъе лъолеб буго. ГIахьвалазул наиб Къурбан шагьидлъула.

Имам Шамил асирлъуде ккун хадусаги магIарулазул къватIире рахъинал цIикIуна. ГIурус пачаясул зулму-хIалалде данде чIарал къеркьеял мерхьине ва пачаясул рахъ ккун цере рахъана цо тайпа, цебеккун жидеца имам Шамилие хъулухъ гьабулел рукIаралги.Шамилил Наибзаби, нусил, азарил бутIрулги. Гьел лъугьуна

халкъ къварид гъабизе, магIарулазе зулму-хIал гъабизе.Гъединазул цIакъго машгъуралги рикIкIун абурал гьал рагIаби ратана кочIое ахIулел.

Купруялъе кумекчи Аргъванив Шамхал дибир
Шамилица квер бакъун керен гIелмудал цIурав,
КIодо гьавун имамас наиблъиялда тарав
Сверун ун сардарасе хъулухъ гьабулев вугев.
ТIинди-чIамалалъ наиб, гIандиса ГIараш герей
Гъазизабазде тIаде гIурус гIарада барав
МигIасдерил лъарахъеункъого мурид чIварав
Гъодобариса Идрис гьениб хIетIе лъукъарав.

Гинаузил хъулухъчи КIаратIа Тавушилав
Шамил тезе кIвечIого Калугаялде вахарав
Хадуб гIурус аскаргун ГIахьвахъе жанив вегьун
Гъазизаби гъуризе квербакъи жиндир ккарав.

ИсмагIил ГIинкъав-ЧIохъав, Болъихъа, къудукьилав
Парзула гIурус Даци, ГIахъушалиса ШагIбан,
Урахьиса Муртаза, ЦIадахIариса Чарак
ГIурус патишагьасул чинал рукъараб къокъа

Купруялъул рахъги ккун гъазаватал мерхьарал
МухIамад Доногъонол, Геничукьа ИкIвачи,
Нуричо-ГIашилтIаса, Шамилил Ханнулал
Имамасул хьитазда накучIван къочодарал

Исламалъе къеркьарал гьанже шаригIат чIвалел
Бусурбабазде тIаде гумпар-къумбалат балел
ГIалимзаби кварид ран капурлъигун рекъарал.
КъагIида гьедин ккараб Шамилил Шураялъул.

Инхелоса Къурбанихъан хъванилан Тiадмагъилъав
Гъудис рикIулаан гьаб назму.

Гъодобери гъоркь ккараб рагъулъ гIахьвалазул 6 яв лъукъула, гьенив Гъарагъазиги лъукъула. Цойги ками гIахьвалазе кколаро, ТIелекьа Жаватхангун ГIахьвахъе тIад руссуна наиб ХIамзат ва гьесул гьалмагълъи 4 абилеб октябралда ГIахьвахъан ТIелекьехун тIадруссуна, гьел наиблъиялъул росабазеги хIинкъи букIиналдалъун. Гъодобери гъоркь ккараб рагъулъ шагьидлъаразул гIемерисел чIамалал ва багвалал рукIуна гьел ругеб рахъалдехун гьоркьоб чIечIого гIарада бала ва бакIалъул хIал лъалел мухьдахъ ккурал Гумбеталъул ва пачаясул рахъ ккурал чиновниказ гьабула бишунго кIудияб къуват гъазизаби гъуризе.

23.9.1877 аб. соналъ Инхелоги Мунибги гьоркьоб кIкIалахъ гъазизабазулги капурзабазулги рагъ ккола. Гьеб къоялъ ккараб рагъулъ гIурусазулги гьезул рахъ ккурал магIарулазулги I00-I00 биял тIола ва гьеб рагъулъ КIаратIа-ТIехIнуцалазул наиб Гъазигъумекиса Халилов МухIамадги чIвала.

(Ц.Г.А. РД. Ф-8п,оп.I. Д. 6, Л.7)

ГIурус генералзаби хIинкъараб гъазизабазул болкъуват Гъодобери росдада гъоркь ккараб рагъулъ гIурусазда къезабизе кIола ва 80 гъазияв шагьидлъула гьенив багвалазулги, чIамалазулги, Ункъракьалъулги. Гьенир шагьидлъаразул цIарал хъварал занал чIван руго Гъодобери росдада гъоркьехун, амма гьезул жаназаби жиже-жидер росдал хабалалъ рукъизе нахъе росана.

Хадусеб иргаялда гIурусаз планалде босула гIахьвалазулгун рагъ базе. ТIелкьадерие, гьакьадерие хIинкъи цIикIкIиялъ Жаватханги Хiамзат наибги ТIелекье тIадвуссине ккола ва гIурусазде данчIей гьабизе къуват бакIарула 11 октябралъ Меликовасул тIолабалда гьабураб ахIиялда рекъон Терский отряд генерал Смеколовасул командаялда гъоркь Болъихъ хъаладухъан. 1877 абилеб соналъул 14 абилеб октябралда къад сагIат 2 ялда КIаратIасан росулъан Зонобе рештуна ва ГIахьвахъе щола гIурусазул гIемераб кьуватгун, подполковник Тихоновасул ва Лохвицкиясул 2600 го солдатги гьездаса цо къоялъ цере Зоноре регтун рукIана ва 200 гIан гумбеталъулаздаса данделъараб мухьдахъ ккураб бакIалъулаб милициялъул отрядгун. Рагъуе командалъи гьабула генерал Смекаловас. ГIахьвалазул

жамагIатазул хIукму ккола гIурус командованиялъухъги унрагъ-кьал гьабичIого ракълил нухалда лъун гIахьвахъан тIадрусси тIалаб гьабураб. Гьелда Смекалов разилъуларо ва щибаб къоялъе 40 оц ва кIикъого магъ харилги тIалаб гьабула. ГIахьвалазда бичIчIула гIурусазул вахIшияб пикру ва инкар гьабула гьезул тIалабазе. Ккола гIасияб рагъ. Имам ХIажимухIамадица кумекалъе витIун вукIарав БагIармесед 300 рекIаравги гIурусазул къуват бихьидал ГIасаса гъоркье тIурула, ЦIулдиса ГIабдулаги багвал-чIамалазул кIкIалабахъго хутIула нух бахъизе кIечIин абураб гIилаги батун гIицIго гIахьвалазул 170 гIан гъази хутIула гIурусазул 2500 аскаралъулавгун вагъулев, гьеб рагъулъ гIахьвалазул 77 чи шагьидлъула, Кванкъеро ва ТIадмагъилъ росу ва кулабиги гIурусаз рухIула, 38 чи асир гьавун Сибиралпе витIула, 89 гIан чи лъукъула, гIурусаз гIахьвалазул боцIи талавур гьабула. ГIахьвалазул наиб Къурбан ва рагъул цевехъан Гъарагъази шагьидлъула, гIурусазул 500 гIан солдат, 10-15 сордо-кьоялъ ГIахьвахъго рукIуна нахъиял Багва-ЧIамалалъ цоял Гьолокье-ТIелекьехун уна.

Гьеб ши ккана гьижраялъул 1294 аб. соналъул 20 аб. шаввалалъ яш 14/X- (28/X- 1877 аб.сон)

ГIахьвахъго тун рукIарал солдатазуд чамгояв чIвала жидер вац, вас, эмен чIвараз къисас босун, жодое хIинкъи цIикIкIиндал гIурус командованиялъ гьелги ГIахьвахъан хехго нахъе рачуна.

Ккарабщиналъе нугIлъи гьабула гIурус командованиялъ цоцахъе кьурал телеграмбаз ва имам ХIажимухIамадихъе гьединго цоцазухъе хъварал наибзабазул кагътазги:

(30/X) 16 абилеб октябралъ 1877 абилеб соналъ рагъул командующиясухъе Владикавказалъул генерал-лейтенант Берхманица жиндирго телеграммиаялда кьолеб буго:

"Генерал Смекаловас Болъихъан кьунила, подполковник Тихонов ва Лохвицский 14 абилеб октябралда 27 /X- цIияб стилалда радал сагIат 2 ялда кIаралазул росуги тун Зоно кIкIалахъе щванила ва гьенир дандчIванила гъазаваталде рахъаразул 700 чигун, гьезул цоял рекIарадул 300 гIан чи ратIалъун цогидаб кIкIалахъе анила, (гьел руго лъутун араб БагIармеседил отряд). Нахъиял 400 чи лъелазул гъоркьчIел гьабун чIанила цебеккунго хIадур гьарурал чIвендазда ва гьез дандчIвай гьабунила кутакаб кьвагьиялдалъун.

Хал гьабизе ритIарал казаказул гIедегIиялъ ва хадубго пехотаялъул частазги тIамунила гъазизаби нахъе къазе ва цо колода щулалъи кквезе. (Гьеб кули буго Цвакилазулкули, Магъишток авал).

БитIа-бишун ккараб чанго гIарадаялъул гранатаялъ 16 гъазияв гьеб колодасаги лъутизе тIамила.

ТIадчIараб хадурлъугьиналдаса хадуб нижер гIолохъабаца - казаказ ва куринцаз гьел рихха-хочизаруна ва гъазизаби чIахIиял гамчIазда нахъа ва нохъабазда щулалъиги ккун кутакаб дандечIей гьабун жалго цIунизе лъугьана, кин бугониги нижер гIолохъабаца кодор швезаруна, гьенибги байбихьана гIасияб рагъ. Гъазизабазул камуна 100 чи чIвана гьезда гьоркьовго наибги, бахъана гIемераб ярагъ, чуял ва 2 значокги.

Нижер рахъалъе: чIвана цо казак, лъукъана кIиго офицер Щеталов ва Сидоров, кIиявго бигьаго, лъабго гъоркьегIанаб чиналъул куринцал ва кIиго казакги, контужить гьавуна цо казак. ТIубараб баян лъазе кIвечIо, шайгурелъул кьвагьи гьоркьоб къотIичIо бецIлъун хадуб гурони".

Генерал лейтенант Берхман.

ГIурусазул 2500 рагъухъан рагъулаб хIадурлъигун музыка-къалигун цадахъ генерал Смекаловгун I4 абилеб октябралъ (29/X) рештIуна Зоноре. Байбихьуда гIахьвалазул гIи-боцIуда ругел лъимал ручабигун гъалмагъир, дагIба байбихьула гIурусаз хадуб ЦIвакил колода, Квенкъеро, ТIадмагъилъ гIарада бала. Байбихьуда рагъ-кьал ккечIого иш роцIинабизе лъугьуна гIахьвалал. Гьеб мурадалде щоларо.Хадуб байбихьула рагь.

Рагъ гIахьвалазул ракьалъул гIорхъодаса "Мигъиштохъан" байбихьула гьенисан "Хахиге" абураб магьилъе щола, гьеб букIуна гIурусаз абухъе цебеккунго тIабигIаталъ тушманасде дандечIей гьабизе рагъуе хIадурараб щулалъи гIадаб бакI, гIемераб чIахIияб гамачI, гьочо, рахъкIкIал, гохIал-гвендал ругеб дандиязда хIал лъалареб бакI, телеграммаялда генерал Берхманица абухъе цебего Аллагьас капурзабазда данде рагъулел бусурбабазе сабабалъе къачIараб гIадаб бакI ва гьениб ккола гIасияб рагъ. ГIурусаз жидер ками бахчаниги гъурула кIинусиялдасаги цIикIкIарав солдат ва офицер ва гьел рукъула лъаб нусиде гIагараб къадар Смекаловасул аскаралъул Смекаловас «Мигъиштохъ» магъилъ къаси халатаб гъваридго бахъараб хандакъалъур ва рукъараб бакI лъачIого букIине тIад чуяз мерхьун гьеб хандакъалъул сипатги хвезабула, заманаялъе гьеб цIунун тарал рукIуна гьенир 500 гIанасев солдатги.

23.9.1877 аб. соналъул рогьалилъ подполковник Тихоновасул аскар лъугьуна Болъихъан хъалаялдаса цадахъ кIаралазул, тIехIнуцал участкабазул пачаясул рахъ ккурал наибзаби-чиновниказ данде гьарурал мухьдахъ ккурал бакIалъулго милициялъул отрядалгун ГIачIабалде, Инхело, Мундерил рахъаздехун ругел гъазаваталде рахъаралгун рагъизе. Гьеб рагъулъ ТIинди- чIамалазул наиблъун вукIарав Гъодобериса Идрисил хIетIе лъукъула. КIаратIа наиблъун вукIарав Гъазигъумекиса прапорщик Халилов МухIамад чIвала – гьев ккола цевеккун Шамилил вукIарав наибги – гьесул вас Халилов МикагIил МухIамадович вукIана Деникиница 1919 абилеб соналъ диктаторлъун тIамурав чи, ахир Турциялде лъутун арав ва гьенив къадаралде щун, Стамбулалда вукъарав. КIаратIа участковиял наиблъун вукIарав Халилов МухIамад чIвай сабаблъун рачIарал рукIуна гIурусазул аскарал гIахьвалаздасан рецIел босизелъун. Гьеб рагъулъ гIахьвалазда цадахъ Инхело-Муни гъазаваталъул рагъулъ гIахьаллъи гьабун букIана ТIелекьа ХIамзат-ХIажиясги Жаватханицаги. ГIурусазул генерал Халилов МикагIилица цоцалъ рала Дагъистаналъул халкъал гьев сабавлъун нус-нус чи тIагIула магIарулазул, ахир живго тIурана Турциялъе.Халилов МухIамад чIван хадув КIаратIа наиблъун ГIамула КIаратIаса Тавуш МухIама, къадилъун вукIана Аргъваниса Шамхвал Дибир МуртазегIалиогъли. Восстания ккезе цебеккун букIаралдасаги захIматаб хIал

лъугьуна гIахьвалазул обществоялъул ва жодод санагIалъи бугеб заман данде ккезегIан пачаясул администрациялъул кверщаликь гIумру тIамула.

Пачаясул администрациялъул гIадлу-низамалде разилъичIого чанго данде чIчIеялъул къватIир рахъинал ккола; магъало – налог, сверухъ ругел къавмазулгун мегIер-гIалахалъул гIорхъаби, жидер росабалъ къватIиса чагIи бегавулаллъун тIамиялъ, гIурус генерал теялъул гIиллаби сабаблъунги.

Пачаясул вахIшияб гIадлу-низам билълъанхъизабизе Дагъистаниязда гьоркьосаго гIарцухъ ва чиназухъ ричун росарал наибзаби ва чиновниказ, цIоб тун къварид гьаруна Северияб Кавказалъулгун Дагъистаналъул бусурбаби, киналго бусурбабазул къватIир рахъинал чIинтIизаризе хIаракатаб къеркьей гьабуна I877 абилеб соналъ ккараб восстаниялда гуребги цереккун рукIарал: Гьази-мухIамадил, ХIамзатил, Шамилил гъазаватазде имамзабазде 1861, 1863, 1871 абилел соназул восстаниязбазде дандеги. Жидер наиблъиялъул участкабазул халкъ восстаниязулъ гIахьаллъизе гьукъула, гIахьаллъарал къварид гьарула гIакIаби лъун, туснахъ гьарун, магIишаталдаса ратIа гьарун.

1877 соналъул восстания ккечIого чара гьечIолъи цебеккунго бичIарав Дагьистан областалъул губернаторас. Лъабабилебги рекIаразул иррегулярный полк гIуцIула 734 рагъухъанасдаса, командирлъун князь-генерал-майор ЧIавчIавадзеги тIамун. Полкалде хъвала пачаясул наибзабазул агитациялъ гъира базабурал, язихълъиялъ жидер чара къосарал магIарулал. Лъабабилеб полкалде хъваразулъ ккола ГIахьвалазул Бейбулат МухIамадгIали огъли, Мала ХIажи огьлиги, ТокитIаса ГIали ГIумар огьли, Ингердахъа Къурбан Ражаб огъли, КIаратIаса КабагIали Багьадур огьли, КъурамухIама Титула огъли ва цогидалги. Командираллъун тIамула гIурус школазда цIализарун мацI ва хъвай-цIали лъалел: МуртазагIали Нахибашев, Алдан Шебетов, ГIараш Шамхвалов, ГIали Чохав, ГIали ХIамзаевги.

1877 соналъул восстания багъарараб заманаялъ наибзабилъун ва пачаясе хъулухъ гьабулел рукIуна ГIанди округалда:

1. ТIинди участкаялда - Поручик ГIараш Шамхвалов - ГIандиса гьев гIахьаллъана 1861, 1871, 1877, 1878 магIарулазул востанияби чIинтIизаризе, мустахIикълъана 3 наградаялъеги.

2. Гумбеталда - полковник Пайзула ГIурсДациев - ЧIикIаса. гIахьаллъул вуго: 1847, 1848, 1849, 1851, 1855, 1856, 1857, 1859, 1876, 1863 соназ пачаясул рахъ ккун магIарулазде данде вагъизе. КIодо гьавун вуго 7 орден-медалалдалъун.

3. ТIехнуцалалда - капитан ИсмагIил ИмамгIалиев –Болъихъа, гIахьаллъана: 1871, 1877 абилел соназул восстаниябазде данде, мустахIикълъана ва кIодо 6 орден-мевалалдалъе.

4. Дидоялла - юнкер Темирхан Булачов гIахьаллъана 1871, 1877, 1878 абилел соназда восстаниябазде данде ва мустахIикълъана 3 го орденгун медалалъе.

5. КIаратIа - поручик Шамхвал дибир - Аргъваниса. ГIахьаллъана 1861, 1863, 1871, 1877 абилел соназул восстаниязулъ ва 4 рагъулабгун мутIигIлъиялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло орденгун медалалъе.

6. КIванадисев - Ангута Халил огъли – ГIанди округалъул шаргIияв Къади гIахьаллъула 1877- 1878 -абилеб соналъул восстаниязде данде ва кIодо гьавуна 1 медалалдалъун.

Авар округалда:

1. Хунзахъ участкаялда - подполковник ГIалихъилич Чопанов.
2. Кайсубулалда - штабс ротмистр МухIама Доного Гоцинский.
3. Бакълъухъ - штабс ротмистр МухIамад Хизроев
4.ЦIатIанихъ - поручик Идрис МухIамаев-гIахьаллъана 1877абилеб ТIинди - ЧIамалалъ наиблъун вугеб мехалъ ва гьеб рагьулъ лъукъун батIалъана квегIаб хIатIил кIудияб килишги. КIодо гьавуна 3-го орден-медалалдалъун.

Даргиязул округалда:

1. Мекеги участкаялда - ИсмагIил ГIенкъав - ЧIохъав.
2. ГIахъуша - ШагIбан Зукуев – ГIахъушалиса
3. ЦIадахIари - Къурбан Рабилов - ЦIадахIариса
4. Сюриналда - БахIмуд ГIалаев - Урариса

ШаригIаталъул диванбегаллъун рукIуна Дарги округалда:

1. МухIамад-Къади Абакар огъли - Къади, (депутаталлъун):

Къурбан ГIамир огъли -Мекегиса, БахIанда ГIумар огъли -Урахиса, делопроизводительлъун Маккаевги.

Гьел гурелги Накашидзел ва Тархановасул аскаралда офицерзабилъун рукIана:

1. Инкачилав Дибир - Гиничукьав
2. Простов МухIамад - ТIаса Жунгутаса
3. Чарак Нур БахIанд огъли – ГIахъушалиса.
4. Нуричо Малачиханов – ГIашилтIаса
5. МуртазагIали МалламухIамад огъли - Урахиса
6. Айтбер МухIамадбегов - Хунзахъа
7. Шарапил ХIажи МухIамад - ЧIохъав
8. Идрис МухIамадов - Гъодобериса
9. Чупан ГIали Къурбанов - ЦIадахIариса
10. БахIмуд ГIалиев - Урариса
11. Тавуш МухIама - КIаратIаса
I2. МирзакIо Мамади огъли – ГIандиса

( Ц.Г.А. Р/Д ф.2. оп/2 Д 60,66)

Гьел гурелги гIемерал рукIана магIарулаз гIурус пачаясул зулмуялде данде чIун гьарурал восстанияби чIинтIизаризе ва гьезда тIад зулму-хIал гьабурал пачаясул чиновникал.

1877 абилеб соналъул восстаниялъе имамлъи гьабуна Сугъралъа ХIажи МухIамадица ва гьес Дагъистан бикьана административияб наиблъиялъул участкабазде, гIахьвалазул наиблъиялъул ихтияр кьуна КIудияб росулъа Къурбанихъе ва Багвалазул, чIамалазулги, гIахьвалазулги бодул цевехъанлъун тIамуна КIудияб росулъа Гъарагъази. Гьев кIиявго шагьидлъана Зоноб ккараб гъазаваталда.

Гьединго шибаб вилаяталда тун рукIана наибзаби ва бодул церехъаби: КIаратIа наиблъиялда Къарабиласул рекъав Хiажияв вва гьев гIахьаллъана Зоноб

ккарабгъазаваталъулъги, ЦIадахIари- НикIа-къади МухIамад Къади огъли; Сюриналъул участкаялда МухIамад БахIмудов огъли ва ЗакулхIажи Закария огъли гьел кIиялго Сибиралде ритIана. ( Ц.Г.А. Р/Д Ф.п 8, оп I, Д.20)

КIудияб Кавказалъул рагъулъги ва 1877 абилеб соналъ Чачаналъгун Дагъистаналда багъарараб восстания чIинтIизабиялъулъги бахIарчильи бихьизабурал дагъистаниязул 151 чиясе пачаясул цIаралдасан орденал, медалал кьун руго.

Гьединаздаса ккола: 1. МестIерухъа ХIажияв Ражабил вас, Табасараналъул рахъалда 1852 соналъ рекIаразул 2 абилеб полкалда хъулухъ гьабулаго бихьизабураб бахIарчилъиялье гIоло 4 абилеб даражаялъул рагъулаб орден № 163 кьурав.

2. ГIарчусев поручик Алдам Шебатов - 1853 - 1855-1856 абилел соназ имам Шамилиде данде вагъулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло 3 абилеб ва 4 абилеб даражаялъул рагъулал орденал № 103 ва 725 кьурав, свидетельство №1630.

3. ГIахьвахъа Бейбулат МухIамагIали огъли 3 абилеб даражаялъул № 214 рагъулаб орден кьурав.

Гьебго делоялда жаниб буго шибаб округалдаса магIарулазул къватIир рахъиналде данде рагъулел рукIарал бусурбабазул къокъаялъе орденал, медалал, чинал, пенсия кьуразул сияхIги ( Ц.Г.А Р/Д Ф.126, оп.I, Д 117)

1877 абилеб соналъул восстаниялда гIахьаллъарабшинаб халкъалда тIад лъола цIикIкIарал налогал, рецIелал, гIакIаби, церехъаби чIвала ва Сибиралде ритIула. Восстаниялде гIахьаллъарал жамагIатазул ракьал кьола пачаясул рахъ ккун чIарал обшествабазе. Восстания къун хадуб Анцухо-Капучиялъул жамагIатазул мугIрул кьуна Хъумторхъалаялъул обществоялъе.

13/11 - 1909 абилеб соналда судалъул хIукмуялдалъун гурони тIад буссинабичIо бетIергьабазухъе.

Гьебго иш ккола гIахьвалазул мугIрузулги Доного МухIамил ихтияралде рахъун. Гьединан жамагIатал бетIергьанал мегIер-гIалах наибзабазул ва офицерзабазул ихтияралде кьей гIемер ккола. Наибзабазул гIадлу - низамалда разилъуларого лъугьарал росабалъе бегавулзабилъун ритIула къватIиса рособалъан жидее цIакъго мутIигIал чагIи гьеб, росдал харжалдаса, общество квегъизелъун.

( Ц.Г.А. Р/Д ,Ф.2, ОП.З, Д 96, оп.12. Д.31 Ф. 126.оп. 1 Д. 117)

1877 абилеб соналъул II /IX -даса 2/XI-щвезегIан, 50 сордо къоялъ гурони халалъичIеб восстаниялъ Дагъистаналъул хавкъалъе камуна 10 азаргоялдасаги циIикIкIун чи, Сибиралде ритIана 5012 гIадан, пачалихъалъе бахъана 962, 824 гь. 48 к. - цо гъурушалъухъ 1 чахъу багъа бугеб мехалъ. Гьеб восстаниялъул хIакъалъулъ я Россиялъул яги къватIисел пачалихъалъул печаталда кинаб бугониги къалам кIутIараб жо къватIибе баккичIо, амма халкъалъул фольклор бечелъана ва цо-цо назмаби къиссаби доб замамаялъул гIалимзабаз кагътиде росун ратана. Гьедин лъугIана 1877 абилеб соналъул (15/XI) 2/XI -алъ къалъул какал ран хадуб Сугъралъ росулъ ХIажи-МухIамад имамлъиялъул восстания, чачаназулги Дагъистаниязулги нус-нус багъадурги шагьидлъун.

1877 аб. соналъул сентябрь, октябралде щвелалдего (гьижраялъул 1294 аб. соналъул ражаб) моцIалдаго восстаниялда цебесеб кIкIуйдул махI чIварал пачаясул ГIанди округалда рукIарал чиновниказул рахIатхвей лъугьин букIуна.

Болъихъ хъаладухъан гIахьвалазе хIинкъи кьурал кагътал рачIине лъугьуна ва гьединал кагътазе жаваблъун гIахьвалазул къавмалъул цевехъан Къурбаница ГIанди округалъул къади Шамхвал-дибирасде хъвараб кагъат:

Гьеб кагъаталда хъвалеб буго «Цебеккун Шамхал-дибирасде салам-каламги хъван, нужехъе Болъихъе витIун вукIарав нижер вакил ТIадмагъилъа ГIалиханица бицараб жо нужеде гIакса бичIчIун буго. Нижер жамагIатазул мурадги бицун Гъарагъазиясги дицаги витIарав гьес дуда бицухъе батани тIаса лъугьаниждаса. Гьес нужеда бицараб битIун бичIчIун гьечIо нужеда. Болъихъе ТIадмагъилъав ГIалихан витIиялъул магIна букIараб гъазаваталъе гIахьвалал хIадурлъулел ругин ва КIаратIа вукIарав наиб Гъази-Гъумекиса Халидил МухIамадие мутIигIлъулел гьечIин, магъало-налогалъеги инкар гьабун чIун ругилан, цо-цо жидее наиблъи-хIакимлъи къваригIараз гьарулел мацIал сабаблъун.

## "ЗОНОБ" ККАРАБГЪАЗАВАТАЛЪУЛ КЪАССИДАТ

1877 соналъул 29 августалдаса бахъараб 5 ноябралде щвезегIан халат бахъараб, Сугъралъа кIудияв гIалимчи ГIабдурахIманхIажиясул вас МухIамадхIажи имамасул бетIерлъиялда гьоркь багьарараб ахирисеб гъазаваталъулъ жиндирго гьитIинаб бутIа лъуна гIахьвалазги. ТIелекьдерил наиб ХIамзатица имам МухIамадхIажиясухъе хъвараб кагътида бихьизабулеб буго гIахьвалазул жамагIаталде данде 2500 чиясул къадаралда гIурус аскарги бачIун, гьез гьабураб вахIшилъиялъул. ГIасаб росдал бегавулас ЦIулдаса ГIабдулахъе хъвараб кагътида бихьизабулеб бугоан гьеб аскаргун 130 мелъелтIисезул милиционерги вугилан.

- ГIахьвалазулгун гIурус аскаралъул рагъ ккун буго "Зоноб" ва тIадмагъилъдерил бегавуллъиялде кколеб ЦIвакил коло авалалда гIагарлъухъ. Гьенив гIахьаллъун вуго КIудиябросулъа ва Изаноса 174 чи, КIаратIаса рекъав Къарабиласул ХIажи ва гьес имамасухъе хъвараб кагътида рехсохъе, Гъагьалъа вацал Дибирасулав ва ХIалакъав. ГIемерисел гьазизаби рукъун руго Мигъиштохъ аваялъулколода ХIусендибирил хурир, цIиял хабалги рагьун

- ХIинкъи-къай гьечIого рагъарал гьазизабазул ва гьезул бахIарчияб хвелалъул хIакъалъулъ къассидат нахъа цIунун буго хутIн буго.

Г ТIадмагьилъа ГIисаев Шамсудинихъ. Амма лъалев гьечIо гьелъул автор. Абулеб буго гьеб хъван батизе кколин ялъуни ТIукитIаса гIалимчияс, ялъуни гьесги гьесул мутагIилзабазги цадахъ ургьун.

КIудиябросу.ахьвахъ гъазават.

Мау загьур босун, какиги чурун,
Цин ният бухьизин къасият хъвазе
Гьал хъахIал килщазде гьариги тIамун,
Бисмиллагь гьабизин назму херхине.
Лъугьа, хIибру-къалам, хIадурлъи гьабе
ХъахIаб варакъалда зигара хъвазе,
Бахъа, абжатият гIажамалъ кIалъай

ГIахьвалазул ккараб гъазават бицун.
Бице, щиб ахIуда, гIурус гинауз,
Цере мелъел тIамун ГIахьвахъ вегьарав?
Бице, Ярис Мелик, киве мун ккарав
Гьоболлъухъ ахIунищ, гIажал гьарунищ?
Бице кинав чапар духъе вегьарав
Гьаб нижер къавмалъул къварилъи бицун?

Бице нижедаса хIажалъараб жо?
Ниж- бусурбабазул гьитIинаб къокъа
Къварид гьабизедай илагь бергьараб?
Калам къокъго телин: тавакал РахIман –
Хъвараб бихьичIого чи ворчIуларин.
Бице тIад вуссинищ, вуссинаревищ?
Бидул хIоринире лъадай лъикI гурин .
МаслихIат бегьичIин, субхIат рекъечIин,
ЧIухIарав агIдаас хIарбу бищапин.
Будунас рогьалил как ахIарабго,
ТасбихI игIлам гьабун вагIза цIаланин
"Капур рещтIун вугин "Зоноб" кIкIалахъе
Нилъ басра гьаризе боялги рачун.
Бачун музыкагун, кьабун къалигун
КIиазарго гIурус, гIемераб ярагъ –
Абужагъал вугин МелъелтIа вахъун.
КIинусавго лусус бакълъулазулгун
Гьекъолеб жа бугин, кьурди, кеп бугин,
Нажасил гъан бугин къотI-къотIун кунеб.
Нусиде вахинчIев гIахьваласулгун
ГIураб къуват бугин Ярисица лъун
Сверухъ кьурабаца сангар къараб кIкIал,
Къо ккун бугин тIаде - хIадурлъи гьабе.
Лъабго лъар жубалеб жаниблъиялда,
ГIажуж бугин рещтIун жужахI балагъун.
ЖамагIат гьабизе тIалъулевщинав,
ТIилгун, гамачI босун къватIив вахъаян.
Асирлъун кколелъул гIажалго бище,
ГIурусазда цеве хIакъирлъизегIан.
ТуманкI щваралъубе чIартил гIулла къай,
КъватIул бахIрабазул бо биххизегIан.
Мусаламат ккечIин чIегIер гъудулгун
Лаилагьгун гьура цоцалъ жубанин.
Цин анлъго мелъелав лъунин ракьалда,
Лъеберго лъукъарав къанин молода.
Кодоб бугеб ярагь батIаги гьабун,
Лъабнусилъ баханин Ярисил ками.
Бице, "Зоноб" кIалтIу, хъухъариялъул,
КIкIвида бетун бугин гIахьвалазул кIкIал,
Бице, чIабтIил гьури, гIасиял гьаркьал
"Вай, мамал" магIна щиб - гьура къотIанин.
Бице, музыкадул кваралдай тIурал –
Капур зигардулеб гьаракь рагIулин?
Бице, тIилгун ганчIил гугариялъул
Гьумер буссинчIого гьорлъ жураразул.
Бице кIкIалахъ бугеб ахIи-хIуралъул,
ГьитIинаб къавмалъул къварилъиялъул.
Къалъул как баледе гьогъол колода,
Ункъоявго гьази накълулъун вугин.
Жеги лъукъаразул кьадар лъаларо –
Муса АсхIаб вугин хIисаб гьабулев.
УхIудалъул рагъулъ ХIабибасул хIал,
ХIал бигьалъиялъе ракIалде щвезин.
АхIулгохI толелъул имамасул къасд,
Сабру бергьиналъе гьинада хъвазин.
Бице, нусиялда къоло ичIида,
Ункъил нахъа хъвараб къасабалъул сон.
Бице, шаввалалъул къоабилеб къо,
Къурбанал гьарулеб гIидго гуребдай?
Их бигъараб соналъ Хъандауралда
Хъухъари гьадинаб ккун батиларо,
БухIун росу бугин, гьалаг цIа бугин,
КъватIив хабаралъе хутIун гьечIин чи.
ТIингъилъ, сагуладулъ,сукIун рукIунел
Сас къотIи бихъулищ годекIабахъе.

ХIелкил гIе-гIей гурин, гьвел хIапи гурин,
КъватIахъ релъи-гIоди лъимадул гьечIин.
Бице, шагьидасул рухI босулелъул,
Шагьадатги битIун васият гьаби:
"Умумузул намус, шаргIалъул гIадлу,
ГIодоб рехарасе жужахI хIадураб.
Иман-исламалъул хIурмат цIуничIев,
Бичасул рокъове къазе виччаге.
Дир биялъ белъараб гIищкъул мулкалъул
ХIалаллъи гьечIебин ихIсан гьечIесе"...
Бице хвалда цебе малгIунил гIоди,
Хъвараб кагъат бугин кисиниб сукIун.
Рисалат битIизе сугIад щвечIого
ЧIалхун балагьидал гьелда хъван буго:
"Дун кIкIалабахъ вуго, нохъабахъ вегун,
Жундулгун рекъараб халкыун вагъулев.
РекIелъ мачIу тIурал, ганчIил гьарурал
ГIалхул чагIи руго мугIрул кулабахъ.
Хварасда рухI лъолеб лъедеги ккечIин –
ЧIваравги вахъулин бахъун ханжаргун.
РоцIараб зодисан цIерлъуи тIад балеб
ТIухьидул гулликьан чи кьуруларин.
Жвархъан кинацаго лайлаги бачун,
Гъужумалъ журалин бер къапичIого.
Гьалда хадуб цойги кагъат кватIани,
Кавказалъул рагьулъ лъугIанилан те".

Бице хIамил гьагIи, чодул хIи-хIиди
Лъиде ахIи тIамун ахIдолел ругел?
Бице чечIетал парсал, сахIиб чIвараблъи
Кьолозе читIагIун тIад хутIаралльи.
Бице, къурул, рижи, дир мацI бичIчIичIин
Гьарараб щвечIого капур инчIолъи.
Бице пачахIасда, гIурус апицер,
Хъат цIурал гIахьвалаз мерхьун ритIарал.
Бице къиралaсда ракIалде щвезе,
Шамил камуниги тIанчIи нахъ рати.
Бице бидуласда кьурун гьечIолъи,
Долго кьурабиги, долго кIкIалалги.
Бице амру кьурав ЧIавчIавузиде
Я гIадат, я гIамач хисун гьечIолъи.
Бице жидехъаго бахъараб ярагъ,
Кьвагьизе лъачIеца хIара ккун чIвараб.
Бице, цIахIил барти, МахIмудил гьунар –
Жондорго хвалчаца анцIго чIварасул.
Бице кваранаб гъеж хIетIе чIунги тIун,
КвегIалъ кIиго чIварав раис Къурбанил.
Бице изаносев ЧIавусил къисмат
Щекъер ккун гIодов чIван капур гьанкъарав.
Бице Гъарагъазил - рохьил гьалбацIил,
Гъазаватги тIубан тIад вуссинчIесул.
Бице, шагьидлъарав лъабго вацасул –
ИмахIолгун, Малал, Шамхалил къиса.
Бице гьезул эмен ДенгагIалилги,
Абудул Жаннатил жан чорхолъ лъурав.
ГIабдувал гъурулев Асадил къиса .. . .
ЖумухIул ГIамрулгIан ракI сасинчIого,
Къисас васалазухъ босун вагъарав,
ЖахIшил ГIабдулагьил гIуржунил хвалчен
Денгал гIалица хъвагIун тараб куц.
Шиддат цIикIкIаразул зуматазул
ИчIго капурасул бетIер даларaб,

ГанчІида тІад вахун, ругъналги рацІцІун,
Жеги гъорлъ жувазе гъираялъ вугев.
Горолъун тІад балеб тІухьил гуллица
ДенегалгІалидаги жархІ нафиз лъуна,
Лъабгоясул эбел - асул халилат
Хехго щола тІаде чІегІераб харбихъ.
Щивасда аскІой ун, убачги гъабун.
АлхІамдулиллагьан рецц Аллагьасе,
Кьерда васал рукъун, къо лъикІги гьабун,
Къокъуна хІурулгІин молода цадахъ.
 Рокъое щвелалде Къариб накълулъун,
Къварилъи ункълъула, къоролльи щола.
Я магІу гиричІо, я къварилъичІо –
Керен хахарасда хоб бихьулилан,
Шагьидлъун хвараздa хадуй угьдичІо.
Дун разияй йигин дур хІукмуялда,
«Сабру цІикІкІун кьейги, къудратав Аллагь!
Дунги гьорлъе ячун шапагІаталъе
Жаннат насиб гьабе дир шугъудузе».
АнкъцІали мисрияв, кІикъого шамав,
Лъабнусго магърибав, анцІго гІиракьав,
Анкьавго икълимав, цохІо маккаяв –
Гьесда цадахъ сияр сабаблъун ккайги.
Бице, гІахьвалазул гІедегІараб лъар,
Лъарахъ рехаразул къадар щибали,
Бице, Щулагьиниб махил рохь, дуца
Дур тІилица вухун чан хваравали.
Бице, ЧІчІетал кьуру, дур гьорчоги щун,
Чан шурун гвангвара гъурарабали.
Бице, чачан ханжар, чан чІвараваали,
ЧІарбиде чехь бихъун чан варавали.
Бице, цІедехІ хІара, хІосалъул гьунар,
ХІал бергьарав малгІун гІебса кин лъурав.
Бице, Гъази-гьумек - чарамул хвалчен,
Чамасул гарбида жемарабали.
Бице, кІкІалал, нужер гъварилъиялъул,
Гъурун гьогъолъ рарал капурзабазул,
Бице, кьурул чудук, чан ракьа кІкІураб
Чаргъедалъ берал цІцІун, цІумалъ кваразул.
 Бице, Тахо мегІер, гІисин лъимазул,
ГІи-боцІигун журан кир ккаралали.
Бице, гьал руччаби, росу тараб куц,
Каранде лъимал ккун, чода херал къан.
Бице, борхатаб си, дур гІолилазул,
Я хвел, я эркенлъи тІаса бищарал.
Бице, хъахІал мугжул, къуларал гьодал,
Васал рукъиялъул, къанал чІваялъул.
Лъабкъоялда ичІго шагьид вукъараб .
Шавагьидаз ккунин, ХІусендибир хур.
Каранда гулла щун, молода унев .
Гъашто хабалъ лъунин Халитил ГІумар.
Хвалил ругъун щварав щуявго шагьид,
Вукъаравин росдал къарафаталда.
Изандерил хабалъ рахІмат рещтІанин,
Эквачигун ХІажи даималъ шведал.
Зобазде рухІ арал гьазизабазул,
Макъбарат рагьанин зияраталъе.
Бице нижер салам тІукадерида –
ТІаса парсинисан ахІи баразде.
Щукру, ГІисадибир - диналъул валид,
Щивав шагьидасе къулгьу цІаларав.
Аллагьасул салам, Сугъралъав имам,
Сабру-яхІ бергьарав МухІамадхІажи.
 Дур Имаматалда шагьидлъаразул
ТагІзият гьабулин квер бачун дуда.
Я бергьенлъи, я къей хІакъаб кьалуда
Къимат кьучІаб кьелеб нахъ хутІараца.
Мунагьал рацІцІине далил цІехолин,
Дунял тун аразул калам къотІулин.
Бице гІурусаца мухьдахъ ккуразул,
Мелъел-бакълъулазе кьурал чиназул.
Бице пачахІасул бечелъиялъухъ
Бичараб диналъул, тараб нафсалъул.
Бице КІаратІаса Айзанил Бахул -
ГІурус аскаралъе тепси къачарай
Бице байрахъулав СихІирав ГІалил,
Иман инжилалде жиндир сверарав.
Бице, БагІармесед, гІилла щиб ккараб
ГІодоб ярагъ рехун мун тІуриялъс?
Кин хунздерил ХІамзат, яхІ бортун ккараб
Уммат МухІамадил цолъидал нилъер?
Тохлъизе кин чІарав, ЦІулдисав ГІабдул,
ЦохІо Аллагьлъидал хІукму къотІулев?
Къварилъиги рагьги хутІулин нахъе –
Къо борхуларезе ничго гьечІебдай?
Бице, магІарулал, нужер гІумрудул,
Доб гІурус халкъалъул иргьабиялъул
Бице, мугІрул щобал, ккарабщиналъул,
Аза-азар рухІ кьун цІунараб гьогьол.
Бице, гьаб Дагьистан, дур къисаялъулъ,
БахІарзал тІагІараб доб Сибиралъул...
Бице пачахІасда тІухьил гуллица,
Гьал магІарулазул намус чІвалареб.
Бице Ярисида чармил хвалчаца,
Иманги исламги лъукъулареблъи.
ШафагІат бергьаги, бетІергьан Аллагь,
Иман-ислам цІунун рухІ бичаразе
Алжан насиблъаги дир шугъудузе
Расул данделъараб давлаги бергьун...
Лаиллагь илаллагь, АлхІамдулиллагь
Аллагьасул салам лъейги нужеда!
Дунги гьоркьов рехсе шапагІаталъе
Мунагьал гІемерав Аллагьасул лагъ.
Амин!

## Набор телеграмм.
## (Из истории Кавказской войны)

Баяналъе лъолел руго гІурус командованиялъ цо-цохъе кьурал телеграммаби, 1877 аб. соналъ букІараб восстаниялъул иналъул хІакъи къаталъул хІисабалъе

Ц.Г.А. Р/Д.

Ф. 8п-0п.I-хр.6

Лист №7

Телеграф командующему войсками в Грозном из Шуры № I84 принято с аппарата со станции Шура.

Телеграмма 783 от 26/9-I877 г. счет слов 74 подана 26--го числа 4 часа 5 мин. на полудень.

23/IX-I877г. до рассвета подполковник Тихонов выступил из Ботлика шестью Куринскими ротами, горным орудием милиции через Преображенский мост на мятежников на селения Муни и Энхели. Мятежники раэбиты преследуемы пять верст, взято 23 пленных, убито I5 знач. Убито до 30 лошадей: наша потеря - убит Каратинский наиб, ранен офицер милиции, контужено два куринца. По выходе отряда к селению Карата, все общество явилось покорностью. Отряд возвратился в Ботлих, куринцам назначено I2 Георгиевских крестов.

(Карата Наибом был Халидов Магомед - Гази-Кумуха, отец Халилова Микаила - царского генерала - правитель Дагестана при власти Деникина I9I9 г. в Дагестане.)

Меликов.

Телеграмма Грозный генерал. адъютанту Свистунову. Телеграф в Грозном из Шуры

Телеграмме № 799 счет слов 77

подана 27-го II час. 20 мин.по полудню.

Принято в аппарата № I84 со станции Хасав-Юрт 27-го сентября I877 г.

Подполковник Тихонов 25 числа недалеко от Ботлиха разбил и рассеял партию мятежников в 800 человек и ввиду намерения Алибек-Хаджия пробраться селение Гагатли с целью произвести восстания Андии, просил начальника Веденского округа выдвинуть, хотя бы не значительный отряд к границе Андии, чем Андийцы будут удержаны от присоединения к восстании. Для подавления восстания в этих смежных частях обеих областей представляется крайне необходимым движения отряда к Андию, если Ваше превосходительство признает это возможным.

Телеграмма Грозный к омандующему войсками. Телеграф 9 Грозном из Шуры № I84 ЗОДА"I877г.

Телеграмма 899

Очет слов 54. Подана 30.9.I877г,

I0 час. 33 мин, по полуд.

Алибек с партией 300 человек появился перед селением

Анди, Андийский Наиб с Алибек-Хаджи встретил его и обратил бегство. Мятежные партии стоят одна большом числе Чамалял, другая Ахвахе. К первой присоединился Ума разбитый Ичкерии. Крайне необходимо для обоих областей движения отряда со стороны Терской области Чамаляльское ущелье для содействия подполковнику Тихонову.

Меликов.

Телеграф в Грозном № I84 из Шуры 3/X -I877г.

Подано 3/X-I877 8 час. I0 мин.

Телеграмма .№II5 счет слов 39

Тихонов сообщает, что ввиду Ботлиха стоят сильная партия мятежников. Ума находятся Томлям (ТIумта) если будет отрезано сооб-щение Ботлиха Шурою, то это вредно повлияет на Андию, Гумбет Аварию и Койсубу. Поэтому скорее движения Ваших отрядов крайне необходимо.

Меликов

Телеграмма командующему войсками Телеграф « Грозном из Шуры » №I84

Телеграмма № ,202 6.X-I877 г, I2 час.42м. Отчет слов 60.

Поцполковник Тихонов семьй Куринскими ротами, одним горным орудием и милиции 3/X-I877 г. наступления из Ботлиха на скопище мятежников» собравщиеся Чамалялском ущелье при селенил Годобори, разбил их, взято 3 значкиста, много оружия. Мятежников осталось на месте убитыми более I00 человек.

Наша потеря: убито 2, ранено 2 нижних чинов, контужен один офицер, волнение перешло в Койсбулинское Наибство.

Меликов.

Телеграмма Командующему Войсками

Телеграф в Владикавказе, из Шуры№I84

Телеграмма№429 от I6.I0-I877 7 часов 55 мин.

Владикавказ

Генерал Смекалов донес из Ботлиха, что подполковник Тихонов и Лохв

Мятежники потеряли I00 человек убитыми числе их Къурбан Наиб; отбыто много оружия, лошадей и два значка.

С нашей стороны убито один казак, ранено 2 офицера Шеталов и Сидоров, оба легко, три нижних чинов куринцев и два казака, контужен один казак,

Подробно осмотреть и привести известность потери неприятеля не удадось, потому что перестрелка прекратилась лишь на закате солнца.

Ф8п-ОПI Ед хр 6 Лист I0

Генерал лейтенант Бархман.

Телеграф в Владикавказе из Шуры № I84.

Телеграмма № 5I3 от 20/X-I877г,

счет слов I89 подана 20/X - I877 г. 8 ч. I9 мин.

Владикавказ.

Генерал Смекалов и подполковник Тихонов от I5 и I7/X -I877г, доносят, что с прибытием колон под их начальством о разных сторон к аулу Агвали дорога вверх по реке Койсу во многих местах испорчена и перерезана завалами, весма прочно искусно устроенными, мосты Гигатлинский и Агвалинский разрушены. Занимавшая

ущелье шайка до I000 человек, под начальником Умы Дуева разбежались, не оказав сопротивления. С прибытием же третьей колоны подполковника Лохвицкого селению Агвали, начали являться с изъявлением покорности, жители окрестных селений: Хуштада, Куанада, Телентоца, Тиси, Агвали, Гакада Гачитал, Гигатль, Гидари, Цумада и 20 других, которым Смекалов объявил, что они должны немедленно приступить исправлению дорог и мостов, перевозить бесплатно прозиант из Ботлиха и поставлять для войск порционы скот и фураж, каковые приказания жителями исполняются с замечательной точностью и аккуратностью.

Тиндальцы и Ункратлинцы также изъявили покорность, а затем Андийский округ за исключением Дидаевского общества совершенно усмирен и все территория наши исполняются ими.

Ума же бежал по направлений к своему обществу.

Генерал лейтенант Берхман.

Ф. 8п - ОП.I. Ед. Хр.6 лист I0-б.

Телеграмма Командующему войсками из Шуры № I84
Телеграмма № 562 от 23/X -I877 г.
счет слов I06 подана 23/X -I877 I0 ч. 35 мин.
Владикавказ

Генерал Камаров доносит, что II октября занял Маджалис, Каракайтагцы изъявшей покорностыо, также Башлинцы значительная часть населения к укривается от населения Казикумухцев, I7/ X - Комаров полагал открыть Бежкета (Бежта) окружное управление, затем идти через Рукел в Ахти.

I3 октября подполковник Тихонов колоною из семи Куринских рот, двух сотен казаков, милицией из одного орудия разбил в Ахвахе партию мятежников, оставив их на месте до I00 трупов, взято два значка, много лошадей и орудия. Наша потеря: ранено два офицера, убит один и ранено пять нижних чинов.

Ахвахцы изъявили покорность также являются баклахцы (Бакълухъал) в Гидалинцы. I5/X-I877 колона направилась в Чамалал на соединение с отрядом генерала Смекалова.

Меликов.

Телеграмма Командующему войсками
Телеграф в Владикавказе
из Шуры № I84
Телеграмма №I7I от 7/XI-I877г.
счет слов I55 Подана 7/XI-I877 8ч.32мин.
Владикавказ.

Тилитъ взят, разорен, арестована вся фамилия Кибит Магомед и других виновников, I04 семейства и II семейства чеченских, населения Верхнего Кайтага

явилось с повинной. Верхняя и Нижняя Табасаран принесли покорность. Мятежники Кюринского округа разошлись.

Избранный Кюринским ханом Махмед Али явился Дербент. Мехти Уцмиев бежал не большую шайкою недоступные ущелья. Генерал Комаров I/XI пошел форсированно отрядом Ахты, командуюший войсками I/XI-прибыл Согратль, где собрались главные 27 (I4) виновники и участники мятежа Дагестана и Чечня.

2/XI - Согратль взят штурмом, жители преставили 247 виновников избранного имамом Дагестана Хаджи Могому, вицханского наиба Абдулмаджида, одного иэ главный виновников мятежа в Кумухе.

Уму Дуева с сыновьями, Дуву Других I8 важных преступников Чечни. Алибек бежал. Наша потеря; убито 2 офицера, ранено I штаб, 5 обер-офицеров, контужено I штабс, I обер офицер, нижних чинов убито 20, ранено I07, контужено I8. Западном Дагестане полное спокойствие, исключая наибов Бежтинского, Анцухского, Дидовского. Везде утверждено наше управление.

Генерал-лейтенант Берхман.

Телеграмма командующему войсками
Телеграф в Грозном № I84 из Владикавказа.
Телеграмма №I86 4/X-I877 2ч. 20 мин. счет слов 64.

Граф Гейдень телеграфирует из Петербурга, части 3 резервной дивизии. Направляемые Ваше распоряжение прибудут Владикавказ 26 батальон семьнадцатого и восемьнадцатого октября, 25-в восемьнадцатого и девятнадцатого, 27-девятнадцатого и двадцатого, 28 -двадцать шестого и двадцать седьмого. Управления дивизией с подвижным лазаретом двадцать четвертого и двадцать пятого.

План перевозки высылается в след за ним, благоволите уведомить куда направлять из Владикавказа перечисленные части.

Генерал-майор Вояковский.

(1877 абилеб соналъул 30-31 августалъ Георгиевский кьода ругел гІурус солдатазде гьужум гьабула хьергебдерил, кІикІунисезул, хъвартихьунисезул, дарада-дурадисеэул ва селдерил гІолохъабаца, гьелъие гІиллалъун ккола гІурусазул отрядалъ жидерго пихъил дарамалъе Хунзахъе унел хьергебдерилги, хъвартихьунисезулги 4 чиги 3 чІужугІаданги хвезегІан рухи.

1877 соналъул 31 абилеб августалъ Къарахъазул рохьоб Гъуниб горнизоналъул охотниказул командаялде тІаде кІанцІи, гьебго къоялъ ТІаса Гъуниса боцІи хьами ва гь.ц. Дагьалго къоязда жаниб тІубанго Гъуниб округ букІуна рагъул багъа-башариялда жаниб. 8 абилеб сентябралъ восстания байбихьула Гъазигъумекиб округалда бетІералда отставкаялда вугев гІурусазул хъулухъалъул майор Жафаровгун, гьес гьужум гьабула Гъазигъумекдерил шулалъиялде ва гьеб округалъул зам. начальник Чембериде ва сордо-къоялда жаниб гьесул шулалъи щущазабула.

9 абилеб сентябралъ Хъуппа ва ЦІадахІариб баккула восстаниялъул гьаракь, гьелъие жаваб кьезелъун пачаясул хІукуматалъ битІула рагъулаб къуват. 11 сентябралъ Леваши вднде бахъун букІараб гъазиза-барул 600 гІан чиясул гьеб рагъулъ 400 яв хола, гІурусаз бергьенлъи босула.

10 абилеб сентябралъ Урахьи 70 чияс къала Дербенталде унеб нух Дешлагаралъул хурхен къотІизабиялъе гІоло, 2 абилеб сентябралъ генерал Камаровасда лъазабула Кайтагалтдаги халкъалъул къватІир рахъин лъугьун букІиналъул ва Маджалисалдаса округалъул управления Дербенталде бахъанилан ва Дербенталъеги хІинкъи лъугьун буги-лан.

Гьебго заманаялда Гъуниб округалдаса восстаниялъул гьури чІвала Авар округалъул Бакълъухъеги гьез гІурусазул наиб МухІамад Хизроевасда лъазабула нахъе аян, гьебго лъазаби гьабула 19 абилеб сентябралъ ГІанди округалъул къади Шамхал-дибирасдаги, КІаратІа ТІехІнуцал участкаялда наиблъун вукІарав гъазигъумекисев Халилил МухІамадги багва-чІамалазул наиб ГІараш?. Цересел кІиялго Шамилил Шураялъеги наиблъи гьабулел рукІараздаса ккола. Сентябралъул тІоцебесеб башалъиялда артилериялъул цІадулъ босун букІуна Кайтаг Кюриналъулги Самуралъулги округазда дагьаб гІуцІараб хІалалъ байбихьана восстания. Начаясул хІукуматалъ бай-бихьана Терский областалдаса, Красноводскиялдаса Елизаветаполалдаса ва цойгипалги бакІаздаса чачаназулги Дагьистаналъулги восстания чІинтІизабиялъе гІоло цІикІкІарал рагьулал къуватал рехизе. Гьеб заманаялла жаниб 25000 рагъухъан лъуна Шура, Леваши, Кайтаг, Георгиевский кьода, Евгениевский шудалъиялва, Гъуниб кьода, Болъихъ, Хунзахъ, нахъиял Петровскиялда, Дашлагаралда, Ищкарта ва Чирюрталда ругел рагьулал отрядал рикІкІинчІого.

Гьел рагъулал къуватаэул кумекалдалъун гІурусазда кІвана хехаб заманаялда жаниб восстаниялде рахъаразда тІад бергьенлъи босизе ва гьезие цІикІкІарал камиялги ккезариэе, гьедин ккана Мамедхъалаяллда, хадуб Янгикенталла, Башлахалда, Левашиб, Кутишдерил рорхалъабаздаги.

Октябралъул байбихьуда гьединалго камиял ккана Гъодобери, Болъихъ, Инхело Муни ва ТІелекьги. 23 абилеб сентябралъ Инхело-Муни, ГІачІабалда ва Гъодоберисезул росдада гьоркьа ккараб рагъулъ гІахьаллъи гьабула гІахьвалаэул гъазизабаздаса гІуцІараб отрядалъги, бетІерлъуда Къурбан наибгун. Гьединго багвалал-ва чІамалазул боялъе цадахъго бетІерлъи гьабула ГІахьвахъа Гъарагъазица.

Багвалазул, чІамалазул, гІахьвалазул боялъе нухмалъи Гъарагъазида тІад къан букІуна ва гьел кІиго сордо-кьоялъ гІурусаэул 5000 ядде бахараб лъикІго яргъид хьезабураб аскаргун багъула, гІурусазул баяналда рекъон восстания гьабуразул шагьидлъун вуго І5 чи, асирльуде ккун вуго 23 чи, чІван буго 30 чуги.

Жидее ккараб зарал бихьизабулеб буго: чІванила КІаралазул наиб, лъукъанила милициялъул цо офицер, кантужить гьавунила Куринский полкалъул 2 солдатги. ТІад буссун гІурус аскаралъе кІаралаз цебеккунго гІадин мутІигІлъи лъазабунила. Ва гьел восстаниялда гІахьаллъичІила. Гьеб рагьулъ босараб бергьенлъиялъе гІоло Куринцаэул 12 ясе Георгиевский крестги кьунила. 25 абилеб сентябралъ

Болъихъан рикIкIадго гьечIого МигIарсо, лъарахъги ккола рагъ, гьеб рагъулъги гIахьаллъула гIахьвалал, багвалал, чIамалал ва гьенивго вукIуна ТIелекьа Жазатханги наиб ХIамзатги, гьезул хIакъалъулъ гIахьвалазул наиб Къурбаница имамасде хъвалеб буго — "Жаватхан наибасда цадахъ гъазизабазул отрядгун мундерил кьоде шведал дида гьенив ватана гъазаваталъ вагъизе хIадурго ХIамзатги. Жаватханиеги, гIурусазулгун гьениб данде ккунгутIи лъугьун ниж тIадруссана, ХIамзатги нижгун вачIана мугьажирлъун. Г'ьесул рак- ракIалдаса гъазаваталъе бугеб гьира букIиналда ракIчIола. ГIурусазул баяналда восстаниялъе рахъаразул къадар 800 чи вихьизавун вуго ва гьел жидеца риххизарунилан хъвалеб буго.

Гьединго Меликовас Грозниялда вугев генерал адютант Свистуновасухъе кьураб телеграммаялда бихьизабулеб буго 25.I0.I877 подполкковник Тихоновас балъхъадерида гIагарда 800 чиясдаса данделъараб восстаниялъе рахъаразул аскар шущазабунила ва хIинкъи бугила чачаназул имам ГIалибегхIажи Гъагъалъе вачIунев вукIиналъул, ГIандалги восстаниялде рахъинаризе. Гьеб «КIиябго областалъул восстаниялде рахъунелгун цолъизе риччазе бегьуларо, гьелдалъун гьарулеб буго Ведено округалдасан дагъаб бугониги армиялъул къуват рехеян ГIалибег ХIажил бо Гъагъалъе гьукъизелъун-ян.

20/IX - 1677 сональ гьевго Меликовас главнокомандующий генерал -адютант Свистуновасухъ телеграмма кьолеб буго Грозниялде Шурасан.

"ГIалибег ХIажи 300 чигун вакканила ГIанди росдада цеве. Гандадерил наибгун дандчIванила гьев ва гьениса лъутанила нахъего. Данде чIаразул кIудияб къокъа бугила ЧIамалалъ ва ГIахьвахъ. ЧIамалазулгун цолъанила Ума Дуев лъугIизабураб Ичкериялдасаги вачIун гьел кIиязего чара гьечIого къваригIун буго Терский областалласа чIамалазул кIкIалабахъе ине гьезда хадув ине бокьун буго полковник Тихоновасе » -ян хъвалеб буго жиндирго телеграммаялда Меликовас. 3/X - 1877 Грозниялде глав. ком. генерал адютант Свистуновасухъе Шураса Меликовас кьураб телеграммаялда хъвалеб буго: "Тихоновас баян гьабулеб бугила Болъихъ рештIун бугилан восстания гьабуразул кIудияб къуват. Ума Дуев вугила ТIумраве аскаргун цадахъ шун нагагьлъун Болъихъан Щурасеб бухьен гьоркьоб къотIани гьелъ квешаб асар гьабизе буго ГIанди, Гумбет, Авар, Кайсублалъул участкабазе.

Гьелдалъун чара гьечIого къваригIун буго хехго нужер отрядал къватIир лъугьине". Дагъистаналда вугев аскаралъул командующий генерал Меликовас Россиялъул рагъулаб командованиялдаса тIадеги рагъулаб къуват тIалаб гьабула, гьесул тIалабалда рекъон Дагъистаналъул халкгун багъизе ва гьелда тIадеги зулму-хIал гьабизе рагъулал дивизиябиги ритIула.

Гьелъие нугIлъун чIола гьаб телеграмма:

"Телеграмма Грозниялъул рагьулав командующиясухъе Владикавказалдасан. Телеграмма № 186, кьуна 4/X-1877 къад 2 сагIатги 20 минуталда, 64 рагIи.

Петербургалдаса граф Гейденил телеграмма буго дур ихтияралде 3 абилеб резервалда бугеб дивизия щвезе бугилан Владикавказалде:

26 абилеб батальон 18-19 абилелъги, 25 абилеб батальон, 19-20 абилеб батальон, 26-27 октябралъ, 28 абилеб батальон, 24-25 дивизиялъул управлениялъгун цадахъ хьвадулеб лазареткаги.

Гъезда хадубго битIизе буго гъеб баччиялъул планги. Владикаакаэалдаса рехсарал частал чIезесел бакIазул баянги лъазабе".

Генерал майор Вояковский.

Гъединал къуватал лъуна пачаяс Россиялъул пачалихъалде гъорлъе кколел чачаназулги Дагъистаналъул халкъал гъуризе ва гьел хIакъир гьаризелъун, гьединаб букIана гIиссинал миллатаздехун пачаясул хIукуматальул балагьи.

6 абилеб октябралъ 1877 абилеб соналъ телеграмма кьолеб буго Грозниялде рагъулав командующиясухъе Шурасан Меликовас, подполковник.

Тихонов 7 го Куринский ротагун цо гIарадагун ва бакIалъулаб милициягун Болъихъан 3 октябралъ гьужумалъ восстания гьабураздe данде чIамалазул кIкIалахъе рак|араралгун. Гъодобери росдада гьоркь, рагьулъ лъугIизаруна гьел, асирлъуде восана 3 значкист, бахъана гIемераб ярагъ, восстаниялде рахъаразул ругелъурго хутIана чIваразул 100 ялдаса цIикIкIарав чи.

Нижер ками: чIвана -2, лъукъана I0 солдат гIодобегIанаб чиналъул, контужить гьавуна цо офицер, гьезул ахIи-хIурги ана Койсубалалъул наиблъиялдехун».

Меликов.

Гъодобери гьоркь ккараб рагъулъ гIахьвалазул 6 яв лъукъула, гьенив Гъарагъазиги лъукъула. Цойги ками гIахьвалазе кколаро, ТIелекьа Жаватхангун ГIахьвахъе тIад руссуна наиб ХIамзат ва гьесул гьалмагъ 4 абилеб октябралда ГIахьвахъан ТIелекьехун тIадруссуна, гьел наиблъиялъул росабазеги хIинкъи букIиналдалъун. Гъодобери гьоркь ккараб рагъулъ шагьидлъаразул гIемерисел чIамалал ва багвалал рукIуна гьел ругеб рахъалдехун гьоркьоб чIечIого гIарац бала ва бакIалъул хIал лъалел мухьдахъ ккурал Гумбеталъул ва пачаясул рахъ ккурал чиновниказ гьабула бишунго кIудияб къуват гъазизаби гъуризе.

Имам Шамил асирлъуде ккезегIан КIаратIа наиблъун вукIарав имамасул вас ГъазимухIамал наиблъиялъул участкаялде гIурусаз наиблъун тIамула цевеккун Гъазигъумекив Шамилил наиблъун вукIарав Халилов МухIамад – (Деникиница Дагъистаналда заманаялъул хIукуматалъе граждан рагъул заманаялъ правительлъун тIамурав Халилов Микаил Эмин)

Халилов МухIамадил офицерлъиялда гьоркь восстание чIинтIизабизе къватIире рахъуна гьезул мутIигIлъиялде кколел мухьдахъ ккуразул къокъаби.

23.9.1877 аб. соналъ Инхелоги Мунибги гьоркьоб кIкIалахъ гъазизабазулги капурзабазулги рагъ ккола. Гьеб къоялъ ккараб рагъулъ гIурусазулги гьезул рахъ ккун мухьдахъ ккурал магIарулазулги I00-I00 биял тIола ва гьеб рагъулъ КIаратIа-ТIехIнуцалазул наиб Халилов МухIамадги чIвала.

(Ц.Г.А. РД. Ф-8п,оп.I. Д. 6, Л.7)

ГIурус генералзаби хIинкъараб гъазизабазул цо къуват Гъодобери гьоркь ккараб рагъулъ гIурусазда къезабизе кIола ва 80 гъазияв шагьидлъула гьенив багвалазулги, чIамалазулги, Ункъракьалъулги. Гьенир шагьидлъаразул цIарал

хъварал занал чIван руго Гъодобери росдада гъоркьехун, амма гьезул жаназаби жиже-жидер росдал хабалалъ рукъизе нахъе росана.

Хадусеб иргаялда гIурусаз планалде босула гIахьвалазулгун рагъ базе. ТIелкьадерие, гьаркьадерие хIинкъи цIикIкIиялъ Жаватхан ТIелекье тIадвуссине ккола ва гIурусазде данчIей гьабизе къуват бакIарула 11 октябралъ цебеккун Меликовас гьабураб ахIиялда рекъон Терский отряд генерал Смеколовасул командаялда гъоркь Болъихъ хъаладухъ рештIуна. 1877 абилеб соналъул 14 абилеб октябралда къад сагIат 2 ялда КIаратIа росулъан Зоно къварилъукъан ГIахьвахъе щола гIемераб кьуватгун, подполковник Тихоновасул ва Лохвицкиясул 2000 го солдатгун ва 200 гIан гумбеталъулаздаса данделъараб мухьдахъ ккураб бакIалъулаб милициялъул отрядгун. Рагъуе командальи гьабула генерал Смекаловас. ГIахьвалазул жамагIаталъул хIукму ккола гIурус командованиялъухъ рагъ-кьал гьабичIого ракълил нухалда лъун гIахьвахъан тIадрусси тIалаб гьабураб . Гьелда Смекалов разилъуларо ва щибаб къоялъе 40 оц ва кIикъого магь харилги тIалаб гьабула. ГIахьвалазда бичIчIула гIурусазул вахIшияб пикру инкар гьабула гьезул тIалабазе. Ккола гIасияб рагъ. Имам ХIажимухIамадица кумекалъе витIун вукIарав БагIармесед 300 рекIаравгун гIурусазул къуват бихьидал тIаса гъоркье тIурула ЦIулдиса ГIабдулаги багвал-чIамалазул кIкIалабахъго хутIула, гIицIго гIахьвалазул 300 гIан гъазияв хутIула гIурусазул 2500 аскаралъулавгун вагъулев, гьеб рагъулъ гIахьвалазул 77 чи шагьидлъула, Кванкъеро ва ТIадмагъилъ росу ва кулабиги гIурусаз рухIула, 38 чи асир гьавун Сибиралпе витIула, 120 гIан чи лъукъула, гIурусаз гIахьвалазул боцIи талавур гьабула. ГIахьвалазул наиб Къурбан ва рагъул цевехъан Гъарагъази шагьидлъула, гIурусазул 500 гIан солдат, 10-15 сордо-кьоялъ ГIахьвахъго рукIуна нахъиял Багва-ЧIамалалъ цоял Гьолокье-ТIелекьехун уна.

ГIахьвахъ тун рукIарал солдатазуд чамгояв чIвала жидер вац, вас, эмен чIвараз къисас босун, жидее хIинкъи цIикIкIиндал гIурус командованиялъ гьелги ГIахьвахъан хехго нахъе рачуна.

Ккарабщиналъе нугIлъи гьабула гIурус командованиялъ цоцахъе кьурал телеграмбаз ва укльл ХIажимухIамадихъе ва цоцазухъе хъварал наибзабазул кагътазги:

16 абилеб октябралъ 1877 абилеб соналъ рагъул командующиясухъе Владикавказалъул генерал-лейтенант Берхманица жиндирго телеграм-иаялда кьолеб буго:

"Генерал Смекаловас Болъихъан кьунила, подполковник Тихонов ва Лохпицский 14 абилеб октябралда радал сагIат 2 ялда кIаралазул росуги тун Зоно кIкIалахъе щванила ва гьенир дандчIванила гъазаваталде рахъаразул 700 чигун, гьезул цоял рекIарадул 300 гIан чи ратIалъун цогидаб кIкIалахъе анила, гьел руго лъутун араб БагIармеседил отряд. Нахъиял 400 чи лъелазул гъоркьчIел гьабун чIанила цебеккунго хIадур гьарурал чIвендазда ва гьез дандчIвай гьабунила кутакаб кьвагьиялдалъун.

Хал гьабизе ритIарал казаказул гIедегIиялъ ва хадубго пехотаялъул частазги тIамунила гъазизаби нахъе къазе ва цо колода щулалъи кквезе. (Гьеб кули буго Ивакилазул, Магъишток авал).

БитIа-бишун ккараб чанго гIарадаялъул гранатаялъ I0 гъазияв гьеб колодасаги лъутизе тIамуна.

ТIадчIараб хадурлъугьиналдаса хадуб нижер гIолохъабаца - казаказ ва куринцаз гьел рихха-хочизаруна ва гъазизаби чIахIиял гамчIазда нахъа ва нохъабазда щулалъиги ккун кутакаб дандечIей гьабун жалго цIунизе лъугьана, кин бугониги нижер гIолохъабаца кодор швезаруна, гьенибги байбихьана гIасияб рагь. Гъазизабазул камуна 100 чи чIвана гьезда гьоркьовго наибги, бахъана гIемераб ярагъ, чуял ва 2 значокги.

Нижер рахъалъе: чIвана цо казак, лъукъана кIиго офицер Щеталов ва Сидоров, кIиявго бигьаго, лъабго гьоркьегIанаб чиналъул куринцал ва кIиго казакги, контужить гьавуна цо казак. ТIубараб баян лъазе кIвечIо, шайгурелъул кьвагьи гьоркьоб кьотIичIо бецIлъун хадуб гурони".

Генерал лейтенант Берхман.

ГIурусазул 2500 рагъухъан рагъулаб хIадурлъигун музыка-къалигун цадахъ генерал Смекаловгун I4 абилеб октябралъ радал рештIуна Зоноре. Байбихьуда гIахьвалазул гIи-боцIуда ругелгун гъалмагъир, гьелдасан байбихьула гIурусаз ЦIвакил колода, Квенкъеро, ТIадмагъилъ гIарада базе. Байбихьуда рагь-кьал ккечIого иш роцIинабизе лъугьуна гIахьвалал. Гьеб мурадалде щоларо.Хадуб байбихьула рагь.

Рагъ гIахьвалазул ракьалъул гIорхъодаса "Мигъиштохъан" байбихьула гьенисан "Хахиге" абураб магьилъе щола, гьеб букIуна гIурусаз абухъе цебеккунго тIабигIаталъ тушманасде дандечIей гьабизе рагъуе хIадурараб щулалъи гIадаб бакI, гIемераб чIахIияб гамачI, гьочо, рахъкIкIал, гохIал-гвендал ругеб дандиязда хIал лъалареб бакI, телеграммаялда генерал Берхманица абухъе цебего Аллагьас капурзабазда данде рагъулел бусурбабазе сабабалъе къачIараб гIадаб бакI буго. Ва гьениб ккола гIасияб рагь. ГIурусаз жидер ками бахчаниги гъурула кIинусиялдасаги цIикIкIарав солдат ва офицер ва гьел рукъула Смекаловас «Мигъиштохъ» магъилъ къаси халатаб гъваридго бахъараб хандакъалъур ва рукъараб бакI лъачIого букIине тIад чуяз мерхьун гьеб хандакъалъул сипатги хвезабула, заманаялъе гьеб цIунун тарал рукIуна гьенир 500 гIанасев солдатги.

23.9.1877 аб. соналъул рогьалилъ подполковник Тихоновасул аскар лъугьуна Болъихъан хъалаялдаса цадахъ кIаралазул, тIехIнуцал участкабазул пачаясул рахъ ккурал наибзаби-чиновниказ данде гьарурал мухьдахъ ккурал бакIалъулго милициялъул отрядалгун ГIачIабалде, Инхело, Мундерил рахъаздехун ругел гъазаваталде рахъаралгун рагъизе. Гьеб рагъулъ ТIинди- чIамалазул наиблъун вукIарав Гъодобериса Идрисил хIетIе лъукъула. КIаратIа наиблъун вукIарав Гъазигъумекиса прапорщик Халилов МухIамад чIвала – гьев ккола цевеккун Шамилил вукIарав наибги – гьесул вас Халилов МикагIил МухIамадович вукIана Деникиница 1919 абилеб соналъ диктаторлъун тIамурав чи, ахир Турциялде лъутун арав ва гьенив къадаралде щун, Стамбулалда вукъарав. КIаратIа участковиял наиблъун вукIарав Халилов МухIамад чIвай сабаблъун рачIарал рукIуна гIурусазул аскарал гIахьвалаздасан рецIел босизелъун. Гьеб рагъулъ гIахьвалазда цадахъ Инхело-Муни гъазаваталъул рагъулъ гIахьаллъи гьабун букIана ТIелекьа ХIамзат-

ХIажиясги Жаватханицаги. ГIурусазул генерал Халилов МикагIилица цоцалъ рала Дагъистаналъул халкъал гъев сабавлъун нус-нус чи тIагIула магIарулазул, ахир живго тIурана Турциялъе.Халилов МухIамад чIван хадув КIаратIа наиблъун ГIамула КIаратIаса Тавуш МухIама, къадилъун вукIана Аргъваниса Шамхвал Дибир МуртазегIалиогъли. Восстания ккезе цебеккун букIаралдасаги захIматаб хIал лъугьуна гIахьвалазул обществоялъул ва жодод санагIалъи бугеб заман данде ккезегIан пачаясул администрациялъул кверщаликь гIумру тIамула.

Пачаясул администрациялъул гIадлу-низамалде разилъичIого чанго данде чIчIеялъул къватIир рахъинал ккола; магъало – налог, сверухъ ругел къавмазулгун мегIер-гIалахалъул гIорхъаби, жидер росабалъ къватIиса чагIи бегавулаллъун тIамиялъ, гIурус генерал теялъул гIиллаби сабаблъунги.

**Имамзаби ва гъазаватал 1828-1877 абилел сонал**

XVI абилеб къарнуялдасаго пачаясул Россиялъ къасд гьабула Кавказалъул ракьазда ихтияр гьабизе ва гьенир ругел гIисинал миллатазда тIад ханлъи гьабизе.

1722 абилеб соналъ Россиялъул пача Петр-I щола Дербенталде "Востокалъул поход" абун цIар лъураб чабхьенгун.

1816 абилеб соналъ Дагъисталанде рещтIуна А. П. Ермолов цадахъ Апшероналъул, Куриналъул, Нижегородалъул ва цойгидалги полкалгун. Шамхал Тарковскиясул ихтиyaралда букIуна, Каспи ралъадалъул рагIалдаса бакъ тIерхьул рахъалдехун Гендерил щобилъе щвезегIан ракь ва гьеб ракьалде цIакъ разиго рещтIине риччала гьес гIурусазул аскарал.

Аваразул Султан-АхIмад-ханасги, Мехтулиялъул ХIасан-ханасеги ва цойгидал вилаяталъул бетIергьабазеги жидеда тIад кверщел гьабизе вачIарав Ермолов къабуллъуларо. Гьебги лъан Ермоловас хехго Чачаналда рукIарал жиндирго аскарал рачун Гъоркьиябги ТIассиябги Жунгуталда ва Мехтулиялъул ханлъиялъул ракьалда лъола. Пачаясул аскарал Дагъистаналъул ракьалда лъей ккола магIарулазул багъа-бачариялъе аслияб гIиллалъунги. Гьебго заманаялъ Дагъистаналъул югалда ва Кайтагалда вукIуна цойги гIурусазул генерал - Пестель ва гьес ганчIида лъун гамачI толаро Башли ва цогидалги росабазул. Гьединабго къисмат ккола 1819 соналда даргиязул - ГIахъуша, Леваши, Аллу-зия росаби рахъдаде руссинарула Ермоловас. Рес рекъарабгIан хехго магIаруллъиялде къазе гIамал гьабуна ва цIиял нухал рахъула. Рала хъаравуллъиялъе рукъзал, сиял-щулалъаби-хъулби, гьедин рана: Таркиялда, Тимир-Хан-Шура, Ахтиялда, Гали-Гечувеялда ва цойгидалги бакIазда, дагъистаниялги хIалтIизарун. Аскаралъе хIажатабщинаб чIезабизе тIамула базаргаби, даранчагIи, казакал ва цогидалги. Пачаясул щулалъиялда аскIор гIун рачIуна- гIурусазул росаби - Чирюрталда, Ишкарти, Хасавюрталда ва цогидалги бакIазда. Гьенир рештIарал гIурусазе - солдатазе, офицерзабазе, генералазе, дворяназе рикьула чачаназул ва дагъистаниязул ракьал.

Граф Воронцов-Дашковасе 3314, генерал Лазаревасе -765, помещик Кожевниковасе -5472, дворянин Пильцовасе 2175 десятин рагъулаб хъулухъ гьабизе рачIаразе гуребги Россиялдаса гочинарун рачIарал гIурусазеги.

Пачаясул генералаз мугIрузул халкъалда тIад лъуна бецIун бажарулеб магъало. Генерал Фезеца Гъойсубулалъул обществоялъулаздаса лъагIалие цIаракиялдаса бакIарулаан 1 гъурущ гIарцулги цо-цо куйги, салатавиялъулаздаса 4 куй, Гъази-Гъумекалъул ханлъиялъ кьезе кколаан 3000 тумен, ГIахъущдерица 2000 тумен ва 2000 гIиялъажоги, рутулалъулаз 500 гъурущ гIарац.

Генерал Фезеца барон Розенида амру гьабуна магъало кьезе инкар гьабураздехун ярагъ хIалтIизабеян.

1819 абилеб соналъ Ермоловас буюрухъ кьола ЦIоралдехунгун Гуржиялъе дарамалъе унеб нух къазе, гьединго лъарагI авлахъалде хасел тIамизе магIарулазул гIи-боцIиги гъукъизе. Гьединго гъукъула Дагъистаналъул халкъ Гуржи-Цiоралдехун ва цойгидалъубги хьвадизе. Базарал къала. МагIарулазул аслияб бетIербахъи букIуна, жидерго гIи-боцIул продукция хисун Чачаналъан хIалухъен бичун боси, гьеб тIубанго гъукъула. Пачаясе мутIигIлъарал ханзабазгун Шамхалазги дагьабги тIадецуй гьабула магIарул рекьарухъабазда.

ТIамула жидее цIикIкIараб магъало, налог, гIакIа кьезеги. Гьезде цере кканиги гьабулаан судалъ кьварараб тамихIги, жанир тIамуразе туснахъ-гвендалги гьезие гIассиял рукIунаан. ЧIобого жидееего хур бекьизе, хер гьабизе, цIатари хIадуризе ва нахъиябги ккарабщинаб хIалтIи ч\обого гьабизеги тIамулаан.

ТIадчагIаздасан кигIан кIудияб такъсирлъи лъугьаниги гьев тамихIалде цIалароан ва гIадатияв магIаруласул гIарзаялде гIин тIамулев тIадчиги ватулароан. Гьеб киналго бакIлъарал магIарулазул намусгун яхI лъугIула. ТIубанго лъагълъиялде гъоркье рачунел рукIин бичIчIараб халкъалъул хIукму ккола, пачаясдеги ханзабигун бегзабаздеги яргъидалъун данде рахъине "Я эркенлъи, я хвел" абураб ахIиялдеги цолъун.

Дагъистаналъул ракьалда квершел гьелъул бетIергьабаз гьабизе ккола- ян абуна Ярагъиса шайих МухIамадица. 7-го соналъ Дагъистаналда тIад рилълъен гьабизе ккани Ермолов щив чи кколеван тIадеги жубана.

"Дагъистаниязул чучлъун буго шаргIалъул гIадлу. ХIадурлъизе ккела гъазаваталде. Ислам-динги щула гьабизе шаргIалъул нухги кквезе. Нилъги нилъер ракьги теларилан рачIарал Капурлъигунги зулмучагIигунги" - къеркьезе ахIана Ярагъиса шайих МухIамадица дагъистаниял. Дагъистаниязе къваригIана Ярагъиса МухIамад шайихасул бихьизаби тIубалев муридзабазе цевехъан - имам тIаса вищизе. Гьединавлъун ватана Генуса Гъази-МухIамад.

## Дагъистаналъул имам ва гIахьвалал

1826 аб. соналда гьев лъазавула Дагъистаналъул тIоцевесев имамлъун. Имам ГъазимухIамадица байбихьула магIарулазул жамагIатал ахIизе капурзабазул ва жанисел ханзабигун бегзабазул зулмуялде данде къеркьезе.

Щибаб вилаяталдаса данде гьарула муридзабазул къокъаби, тIамула гьел отрядазе церехъаби, гIуцIула щулияб рагъулаб гIадлу низам ва рахъуна гъазаваталде.

ГъазимухIамадил имамалъиялъул заманаялъ ГIахьвалазул къавмалъги гIахьаллъи гьабула гъазаваталда.

Байбихьуда имама ГъазимухIамадица жиндаго аскIоре цIала цадахъ цIалулел рукIарал, жинда лъикIго лъалел гIалимзаби, халкъалъ жидеде божилъи гьабулел мажгитазул дибирзаби, бегавулал ва рагIи билълъарал бахIарчилъи бугел гIадамалги. Гьединаздасан цоявлъун кколаан ГIахьвахъа ГIали-ХIажи, ГъазимухIамадгун ГьаракIуниса СагIитида, Гъази-Гъумекиса Жамалудинида, Ярагъиса МухIамадида ва цойгидалги Дагъистаналъул цIар рагIарал гIалимзабазда цере цIалулел рукIиналъ ккараб гьудуллъиялдалъун. Имам ГъазимухIамадица ГIали-ХIажида тIад къала бодуе къадилъи гьабизе. ГIали-ХIажица ГIахьвалазул гIолохъабазул-муридзабазул 72 чиясдасан гъазаваталъе хIадураб отряд гIуцIула ва гьеб отряд киналго имамасул чабхъеназулъги гIахьаллъула. ГIахьвалазул муридзабазул къокъа 1830 абилеб соналъул хаслихъе щола, ГьоцIалъа ХIамзатгун цадахъ ЦIоралде ва гьенир цолъана Ахахдараялда чIарал гIолохъабигун.

ЦIоралда чIарал магIарулалгунги цолъун чабхъен гьабула чамго гIурусазул щулалъабазде. Гьеб чабхъадулазул цевехъан ГьоцIалъа ХIамзат асирлъуде ккола ва гьениб ккараб рагъулъ гIахьвалазул ГIакIилясул АхIмадги, Къараласул Гъазиявги шагьидлъула. 14/X-1830 абилеб соналда гIурусазул аскаралъ Закаталаялъул щулалъи бахъула, сверухъ ругел аваразул росабиги гьезухъе ккола. Гьенисан тIад руссун хадуб 1831 абилеб соналъги Таргъуялъул щулалъи бахъулаго гIахьаллъарал гIахьвалазул гIолохъабазул 14 -яв хола, гьениб гIурусазул щулаллъиялда букIараб тункIил хер жаниб рукъ кьвагьун ГIали-хIажи Къади беццлъула.

Гьединалго чабхъеназде гIахьаллъи гьабула Гъизляралде, Агъачаулалде, Чачаналде 1832 аб. соналъул октябралъ Генуб ккараб рагъулъ гIахьвалазул муридзабазул къокъа ГьоцIалъа ХIамзатил бодулъ ккун букIуна. - (ХIамзат тIадвуссун вукIуна асирлъуде ккаралъуса - (Тифлисалдаса) ва 17 /X-1882 аб. соналъ Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамад гьеб рагъулъ шагьидлъула.

Имам ГъазимухIамад шагьидъун хадуб гIахьвалазул муридзаби нахъе ахIула ГьоцIалъа ХIамзатил бодулъан ГIали-хIажияс ва хадурккун гIахьвалал ХIамзат имамлъун вищун хадур цониги чабхъаде хIадурлъуларо. ХIамзат имамас ГIалихIажихъе чапар витIула гIахьвалазе ккараб багьана цIехон. ГIали-хIажияс жаваб кьола цин имамлъи гьабизеги шаргIияб нух кквезе ругьунлъе -ян. ГIахьвалал бокьараб минуталъ хIадурал ругин гъазаваталде рахъинеян. ГIахьвалал ГьоцIалъа ХIамзатида разилъунгутIиялъе гIилла букIуна, Генуб кIкIалахъ ккараб гъазаваталдаса ХIамзатица нахъе къай гьаби, ЦIоралде гьабураб чабхъеналъ гьесул цебехъанлъи гьабизе махщел г\ечIолъи, гIахьвалазулги цойгидал магIарулазулги чамго чи ками ва живгоги асирлъуде ин, хунздерил ханлъиялъул рукъалъулазулгун ракълидалъун тIубазесеб иш, кIудияб ахIи-хIурги гьабун цIикIкIарал биялги тIун гурони нухда тIамизе кIвечIолъи ва гIалимзаби-гIакълу чагIазул пикру гIадахъ босунгутIи, гъазаваталде рахъарал муридзабаздехун гьесул гьечIеб тIалаб-агъазалъги муридзабазул ракIбуссинаби.

ГIемер мехго инчIого имам ХIамзат 7/IX- 1834 аб. соналъ Хунзахъ мажгиталда рузман-къоялъ къадаралде щола чияр кверaлдаса. 19/IX -1834 абилеб соналъ ГIашилтIа мажгиталъув имамлъун вищула Генуса Шамил ва гьес Россиялъулгун гъазаваталъул рагъал гьарула 26/VIII-1959 аб соналде щвезегIан ай, 24 сонги 11 моцIгун 7 къоялъ.

Имамлъун Шамил вищулеб мажлисалдеги вищун хадув гьесул муридзабазул бодулъеги ГIахьвалал гIахьаллъун рукIуна. Шамил имамлъун вищизегIанго гьесда церехун рукIарал имамзабазул заманаялъги магIарулазул къавмал цолъун имамазабазул рахъ ккун букIунаро киназго. Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамадил бодулъе гIадаб гIахьаллъи ГIахьвалазул къавмалъ имам ХIамзатил бодулъе гьабун гьечIо. Хадубккун имам Шамилил бодулъеги ТIарада Инхело рагъ ккезегIан гIахьвалал гIахьаллъун гьечIо. ГIахьвалацаго гIадин хундерица, гьидерица, къородисез, гIандалаз ва цойгидазги гIахьаллъи гьабун гьечIо имам Шамилил бодулъ ва гьев хутIула 3-4 соналъ магIарулазул бусурбабигун вагъулев ва гьел мутIигI гьабулев. 1837 аб. соналда ТIелекьа Къебед-МухIамадие кумекалъе унев имам Шамил цадахъ 60 гIан муридгун КIаратIасан ГIахьвахъе ине лъугьуна, гIурусазул генерал Фезел аскараздe данде къеркьезе. ГIахьвалаздасан тIалаб гьабула гъазаваталде къватIир рахъине 50 рекIаравги бодуе тIадруссинегIан квен-тIехги кьезе кколилан. ГIахьвалаз имамасул тIалабалъе инкар гьабула ва жидер ракьалдаса гъалмагъирчагIазе нух гьечIиланги лъазабула.Гьеб бук\уна 1837 абилеб соналъул июлалъул байбихьи.

Шамилил муридзабазулги гIахьвалазул жамагIаталъулги иш кьал багъариялде ккола. Шамилил муридзаби рещтIун рукIуна кIаралазул нохъабазда ва гьениб кIиго сордо-къо бала гIахьвалаз нух кьоларого К\арат\аса. ГъалбацIдибирцаги маслигIатги гьабун гIахьвалазул жамагIаталъ кIкIалахъан эхеде риччан тола ТIелекье инзе.

ГIасаре щведалги гьезие нух къала Гьидерил кьоде,гьенисан рачIунаго гьидерицаги кьо бахине толаро ва тIадруссун К\аралазул нохъабаздего рещт\уна. Гьидерица нухги къан т\адруссун рачIунаго гIахьвалазулг\и-боц\ул кули-мархьуялда рук\арал руччабаз, данделъугьун жидер ракьалде рач\унел имамасул муридзаби квен-т\ехалдаса ва кодоб-цебе бугелдасаги рацIц\ад гьарула. 1837 аб. соналъул июлалъул байбихьуда ва т\адруссун к\аралазул нохъабаздаго рещтIуна ва гьел нохъабазда ракъун-къечон, 10-15 сордо-къоги бан сардилъ к\иабизеги г\ахьвалазул к\к\алахъан кинисанги имамасул муридаз Т\елекье нух бахъула.

Цебеккун тарихчаг\аз хъварал баяназда рехсохъе Т\елекье Къебед-Мух\амае кумекалъе унелъул имамасда абураб жо х\акъикъияб гьеч\олъиялъул х\акъалъулъ г\ахьвалазул харабазул цебеса-цебе щвараб баяналъ мекъаб бук\ин ч\езабулеб буго гьеб сапаралда имамасда цадахъ 55-60 г\ан мурид гурони вук\инч\олъи ч\езабун буго.

Цереккун соназ Шамилил цебехъанлъиялда гъоркь гьарурал чабхъеназул ккарал рагъулал х\асилазги рак\буссинабурал маг\арулазул г\емерисел къавмазул, имамасул аскаразе бергьенлъи щвеялда рак\ч\ей бук\анаро. Гьелдалъун г\ахьвалазги

къаралазги гьидерицаги нахъиял къавмазеги рагъ-гъалмагъиралдаса рорч\изе г\амал гьабула. Жидеего бокьун Шамилил бодулъе г\ахьаллъиги, гьесул рахъ ккун гьесие кумек-квербакъи гьабиги гьеб заманаялъ чучаб бук\уна халкъалъул.

Шамил Чачаналъе вач\уна ва ц\идасан гъазаваталъе х\адурлъула. Чачаназ имам Шамилил цебехъанлъиялда гъоркь г\урусазде данде къеркьезе байбихьула.

Хадубккун дагь-дагьккун Шамилил бо чучлъула, г\адлу-низам щулалъула, гъазаваталъул бергьенлъаби загьирлъула халкъалъ жагьадалъул рахъ ккола.

1840 аб. соналъул хаслихъе Ч\арбиялъан Ансалт\еги щун гьенисан аскаргун цадахъ Шамил щола Г\ахьвахъе ва имамасе чадир лъола Мигъиштохъ гох\илъ Т\адмагъилъа Ражиханил Г\адаласул гьоц\иб.

Гъаб нухалъ Имамасда цадахъ вук\уна 300-350 г\ан мурид.

Шамилида рак\алда бук\уна г\ахьвалаз жиндие Т\елекье унаго 1837 аб. соналъул июль-августалда гьабураб квалквалги, г\ахьвалазул руччабаз жиндир муридзаби х\акъир гьарураб куцги, гьединго Т\окит\аса Нуричоца Гьоц\алъ Клюки-фон Клюгенауца гьабураб гьедиялъулги. Пачаясул генераласухъан сайгъаталъе лъабго голландиялъул червонецги босун хадубккун г\урусазул х\укуматалъул амру т\убазабизе ва шамилидеги Къебед-Мух\амадидеги данде къеркьезе къот\и ккеялъулги.

Имамас г\ахьвалазда цебе суал лъола бодулъе 110 рагъухъанги кьезе. Цо росдал гьоркьоб теч\ого вакъувафалъул ва закаталъул мажгитазул ихтияралда щвараб буголъиги жигьадалъул -Шураялде буссинабизе. Г\ахьвалаз гьелдаса инкар гьабула.

Имамас к\к\алахъ бищун раг\и билълъарав доб 1837 аб. соналъ Т\елекье унелъул жиндие квалквал гьабурав г\ахьвалазул цевехъан, г\алим ва бищун ц\ик\к\ун жиндир маг\ишат-рес бугев Ражиханил Г\адалоде г\айиб г\унт\изабула гьес как-к\алалъе тохав вугилан, хъалиян-тамахьо ц\алеб бугилан, закат-сах\, вакъуп т\убалеб гьеч\илан, гьесие х\укму къот\ула маххул таг\за гьабизе, ай ч\вазе. Батирхан абулев чиясда амруги гьабун Г\адало ч\вала. Школалдасан Т\адмагъилъе унеб нухда Бадрудинил рукъалда цеве ва гьениб гьев рак\алде щвеялъе лъураб к\удияб хъах\аб гамач\ бук\ана гьеб гьениб гьеч\о.

Г\адало вукъун вуго Т\адмагъилъ росдал гъоркьиял хабалалъ бищун т\арада г\адин, 1840 аб. соналъ. (Нуг\лъи заниялъ гьабула).

Гьеб лъугьа-бахъин раг\игун г\ахьвалазул росабалъан жамаг\атал цолъун Имамасе чадир ч\вараб гьоц\ире рач\уна г\ахьвалазул бодул цевехъан К\удиябросулъа Саламух\амадил къокъа.

Суланмух\амадица Имамасда ц\ехола щай г\адамазул боц\и-малги тла гьабулеб г\адамалги ч\валел ва лъил изнуялдалъун мун Г\ахьвахъеги вегьарав дуца гьабулеб пишаялъул г\орхъи-г\уж гьеч\ишилан?

Имамас Г\адалол кинабго боц\иги-рокъоб бук\арабщинабги нахъе бахъула ва кинида бугеб лъимерги къват\ибе бачун киниги ц\адабе рехун бух\ула, гьесул авал-минаги бух\ула.

Суланмух\амадил суалалъе жаваб къокъаб кьола Имамас- гъабурабщинаб х\алт\и шарг\алда рекъараб бугилан.

Гъабги дуе шарг\илан Суланмух\амадица бахъун хвалчен хьваг\ула Имамасда, гьев х\ужраялъув ворч\ула.

Суланмух\амадил хвалченалъ чадиралъул цо мокъ лъукъула.

Гьоркьор лъугьун гьенир аск\ор рук\араз маслах\ат гьабула ва Имамасда лъазабула т\ок\ав гьаб к\к\алахъе вач\ани ц\илиц\ кодобе босизе г\урай 5-го сон барай яги дуде данде йик\изе йигилан.

Шамил Г\адалоги ч\ван гьебго къоялъ Т\окит\е вахула ва гьезул хур-хералда ц\а лъола росо бух\ула, халкъ къварид гьабула дов Т\окит\аса нуричоца гьабураб къокт\и-къай сабаблъун ва гьенисан Лъег\илухъехун валагьун уна. Гьале доб бат\и-бат\ияб х\алалъ щивав Шамилил х\акъалъулъ къисаби хъвалез чанго падежалде сверзабун хъвараб г\ахьвалазулги Шамилилги мух\канаб лъугьа-бахъин.

Гьелдаса хадуб г\ахьвалаз Шамилил къеркьеязухъ чанго г\ахьаллъи гьабуна.

Чанц\ул т\урарал Шамилгун, чанц\ул рекъарал. Тарихчаг\и къосун кколел руго Т\елекье Шамил унев заманаялдаги Ч\арбиялъан сверун Имам Г\ахьвахъеги щун Т\окит\асан Лъаг\илухъехун иналъул тарихалда ва Шамилил амруялдалъун Г\адало ч\ваялъул лъугьа-бахъиналъулъги.

Цо-цо тарихчаг\азда лъалеб гьеч\о Занат\аги Зонобги киб бугебали ва чан росо гьезда гьоркьоб дандч\валебалиги.

Цойгидаз бихьизабулеб буго "Ыиша" абураб росу Г\ашилт\а аск\об бугеблъун, бицен багвалазулги г\ахьвалазулги х\акъалъулъ унеб бугониги.

Гьединанго багвалазулги г\ахьвалазулги бицунаго "Г\ахьвалал" абураб бак\алда "Агахаль" абун гъалат\ги биччан Дагъистаналда гьеч\еб росдал ц\ар загьирлъун буго.

"Ыиша" абураб бак\-росо я вилаят Дагъистсналда кибго гьеч\о, гьеб буго "Ашва" яги "Аша" абураб г\ахьвалазда жидерго мац\алъ "Г\ахьвалал" яги "Г\асасел" абураб ц\ар.

Имам Шамил 1837 аб. соналъ Т\елекье унаго "Ашва" ва "Ашадо" росабаз квалквал гьабиялъул ва Имам Шамилица рец\ел босиялъул мурадалда 1840 аб. соналъ г\ахьвалазулгунги т\окадерилгунги къацанди. "Ынша" - "Ашва" -хъала къадилъун вук\арав Шамилгун кьал лъурав чиги Г\али -ал Гузави кколаро Г\али-Х\ажи Х\усейн ккола г\ахьвахъев г\алимчи.

Ракъун-къечон, свакварал имамасул муридзабазе квен-тIехалъе сабаб балагьизе ккола. Имамасул хIукму ккола гIахьвалазул Мигьиштохъ колоде кванида хадур рахъине. Гьеб кули-мархьуялъул бетIергьанчи вукIуна лъикIго ресалда вугев чи - Ражиханил ГIадало ва гьесда гIайиб гIунтIизабула гьес как-дин гьабулеб гьечIилан, хъалиян цIалеб бугилан, закат, сахI кьолеб рагIуларилан. Имамас гьесие хIукму къотIула маххул тагIза гьабеян - ай чIвайилан ва гьев чIвала. Гьесул бугебщинаб магIишатги тала гьабула, лъимер жаниб бухьараб кинигицин къватIиб лъимерги рехун цIадабе бегьула.

Гьеб ракIарал сверухъ ругел росу-кулиялъул гIахьвалал рачIуна ва имам гьединал шаргIалдаса рахъарал ишал гьаризе лъил изнуялдалъун ГIахьвахъе вегьаравали цIехола. ГIахьваласе имамас жаваб кьола гьеб гьабураб иш шаргIалъул нухалдалъун бугилан.

ГIахьвалазул цевехъанас - КIудиябросулъа Сулан-МухIамадица гьединасе гьабги шаргI бугилан бахъун хвалчен хьвагIула чадиралда цевеги чIун вугев имамасдехун. Шамил хехго хIужраялъув ворчIула, хьвагIараб хвалченалъ чадиралъул мокъ къотIула, амма имам хвалдаса хвасарлъула. Сверухъ рукIарал тIад речIчIун хехго ццидаха

рал ратIа гьарула. Чадиралдаса къватIив вахъарав имамас гьабги "Аллагьасул хIукму бугилан" абула. ГIахьвалаз имамасда лъазабула тIокIав гьаб кIкIалахъ-гIахьвалазу ракьалда хIетIе чIани цIилицI кодоб ккезе гIурай ясалде гIунтIун дандечIей гьабизе букIин.

Имамги муридзабиги тIадруссун кIаралазул нохъабаздего уна ва гьебго сордоялъ кватIараб сардилъ Тахо магIардаса Ракьуреги ун гьенисан сверун уна ТIелекье. Къебед-МухIамад Фезел аскаралдаса хвасар гьавизе. Ракьусезги къабул гьабулел рукIунаро имамасул отряд, цо-цо жамагIаталъул церехъабаз ? хехго нухда регIизе рекъараб бугилан Къеллеса сверун Авар гIор ? лъун ТIелекье нухда лъола АваргIор ккун ГIашилтIе тIадвуссун уна имам, хадубккун гIурусазулгун ракъ-кьалалде лъугьине гьечIолъиялъул къотIигун.

ГIахьвалазул кIкIалахъе имам Шамил щуго нухалъ щола богун. Гьесда цере рукIарал имамзаби ГъазимухIамад яги ХIамзат ГIахьвахъе щун рукIинчIо.

=====

1) 1837 абилеб соналъ ТIелекье Къебед-МухIамае кумекалъе инесев.

2)1838 аб. соналъул июлалъул ахиралда ТIарада Инхело букIараб рагъулъ унаго.

3) 1840 абилеб соналъ Ч\арбиялъан Лъаг\елухъе унелъул. унагун.

4)1852 абилеб соналъ Гуржиялъе чабхъад унагоги.

5) 1859 абилеб соналъул августалъул байбихьуда гъазаваталъул ахирияб хIухьел цIазе Гъуниб бмагIарде вахунагоги. (1276 аб. соналъул сафар моцIалъул тIоцебесеб анкьалъул хамиз къоялъ).

АхIулгохIалда щулалъи ккезе имамас хIадурлъи гьабулеб 1838 абилеб соналда гIурусазул аскарал хунздерил тIалъиялде рахуна ва Хунзахъ -ГIарани чIахIиял хъулби рала, Хьаргаби, Балахьуни, Генуб рагъул щулалъаби рала.

Генерал Фезел аскар сверухълъиялъул хал гьабизе ингердахъезул магIарде щола. ГIурус аскаралдаса хIинкъарал сверухълъиялъул росабаз имамасдеги росабазул жамагIаталдеги ахIи бала. Гьеб ахIиялда рекъон имамасул аскар Зонобе рещтIуна ва гьев щвезегIанго гIахьвалазул, багвалазул, КIаралазул обществабазул отрядал гIурус аскаралде данде рагъизе къватIир рахъун Зоноре данделъун рукIуна.

Ингердахъезул магIардаса гъоркье гIурусазул аскар ТIарада Инхелоре жанибе лъугьунеб бихьарал муридазги жидерго отрядал ТIарада Инхело росулъе цIала. Гьеб

ахIиялъулъ гIахьвалазул муридзабазул 120 гIан рекIаразул къокъаялъги гIхьаллъи гьабула гIурусазул аскаргун рагъизе ва ТIарада Инхело росу капурзабаздаса цIунула.

Т\арада Инхело ккараб рагъулъ чIван вуго КIудиябросулъа Магьдиласул Дибир ва гьев имамасда цадахъ бачIараб къокъагун хурхенго гьабичIила сверухъ ругел къавамазул муридзабазул отрядалъ, гьезул жиде-жидер отрядалъул цевехъан вукIанила ва жидее кин лъикI бихьун батаниги гьединго рагъги гьабунила. Муридзабазе квен-лъим, хIажатабщинаб чIезабулел ва лъукъаразул ругънал рухьунел гьел хIинкъи гьечIеб бакIалде хъамулел рукIанила: ТIарада ИНхело, КIаратIа, ГIарчо, Маштада, Анчихъ, Рачабулдасезул руччаби-лъималги. Гьел киналго кумекалъе рахъун кутакаб бахIарчилъи бихьизабунилан бицадулъ хутIун буго гьанжеги.

Хадубккун гIадатлъун лъугьуна росабазе гIурусаздаса хIинкъи ккарабго щибаб къавмалде, росуялде ахIи бан къватIир рахъунеб.

1839 абилеб соналда Аргъванисезул жамагIаталъул ахIи щола ГIахьвахъеги, гьеб ахIиялда рекъон гIахьвалазул 60-го рекIарав къватIив вахъуна МахIмудил бетIерлъиялда гъоркь ва Аргъвани росдада нахъ ва росулъ жанибги кутакаб рагъ ккола муридзабазулги, гIурусазул солдатазулги рикIкIун лъугIуларел жаназабаз къватIалги нухалги цIун рукIуна. ГIахьвалазе гьеб рагъулъ камун вуго 2 чи, гьелги Аргъванисезул хабалалъго рукъанилан бицен буго. К\удиябросулъев Хантол Мух\амадги, изаносев Къамачил Нурмух\амах\ажиги.

АхIулгохIалда кьалда гIахьаллъарал 12 гIахьваласул къисматалъул хIакъалъулъ мухIканаб баян гьечIо. Умумузул биценалда рекъон Кавханил Мусаги Кутазул ГIабдулаги , гьев кIиявго АхIулгохIалда шагьидлъанин аби гурони. Кавказалъул рагъул иналъул заманаялда чанго нухалъ, циниса пачаясул генералзабаз, - Клюгенауца, Граббеца, Фезица циниса имам Шамилица, Къебед-МухIамаца, имам ХIамзатица тIалаб гьабун чанго нухалъ дандчIвай ккола ракълие къотIиялъе ахIун. Кинисанги рекъел лъугьунаро, Цо-цоязе макру-хIиллаялъе нухал ургъи тун батIияб.

Ахиралда кверде рачIиналъул къотIиялъе Гъуниб магIарда ккараб гара-чIвариялда имамасул вас ГъазимухIамадица абула Лазаревасда:

"Нуж хиянатал чагIи руго, чан нухалъ нужгун ракълил къотIуде лъугьарал, нуж гьабураб къотIиялъул я бицараб рагIул бетIергьаби гьечIо".... ян.

КIаратIаса ГъалбацIдибирас абуна - "Нижер умумуца абулаан - хIакъикъаталда нуж хабаралъулъ хIалимал, гIарцудалъун бечедал, байбихьуда хIеренал, нахъе къаралгIан согIал - захIматал гIадамал ругила, гьелдалъун бокьун гьечIо нужгун рекъелги кинал ругониги къотIабиги" - ян.

Ахирги ГъазимухIамадица мукIур гьавула лъиего мукIур гьавизе кIвечIев эмен Барятинскиясулгун рекъел гьабизе, хадубккун гьудулъиги биххуларо ахиралде щвезегIан. 21 /VIII-1839 аб. соналъ пачаясул генерал Граббел Кабардинялъул полкалъ АхIулгохI бахъула.

АхIулгохIалъул гъазаваталда Шамилил аскаралде гIахьаллъула 5400 гIан чи.

ГIурусазул генерал Граббел 6-го нухалъ цIикIкIараб букIуна муридзабазулалдаса аскаралъулги, рагъулаб сурсаталъулги къуват. АхIулгохIил гъазаваталъулъ Имамасул аскаралъул 760 чиясдасаги цIикIкIун мурид шагьидлъула ва 900 гIан херал чагIи, руччаби лъималги асирлъуде ккола.

ГIурусазул аскаралъул чIваралгун лъукъаразул къадар лъабазарго рагъухъанасде бахуна. Имам Шамил цадахъ 7 муридгун лъабго сордо-къоялъ АхIулгохIил ахалъуда бугеб нохъоялда рахчунги рукIун 25 аб. августалда гьенисан лъутун Чачаназул Шубутире щола ва чачаназ цIакъ лъикъго къабулги гьарула.

ГIенеккун букIараб Чачанлъи Шамилица Россиялъулгун кьалде ахIула ва аскарал хIадурула.

АхIулгохI рехун тун щуго моцIалдаса чачаназул муридзабазул богун Имам Шамил Аваристаналде рещтIуна ва 8 росу мутIигI гьабула.

Чачаналъе щвараб заманаялъ Шамилица амру гьабула магIарулазул хIама, чу ва гьел бетIергьанаб буголъи нахъе бахъеян ай, магIарулал чачаназда раралльун рукIин бичIчIизабеян.

Гьелъул магIна букIана ракъиялъул хIинкъи кьун магIарулал чачаналгун цадахъ гъазаваталъул рагъде цIай.

Гьедин магIарулазул чанги хъизан ракъун язихълъиялдеги ккола, гьединал ишал хIалтIизаричIониги магIарулаз имамазабазул хасго Шамилил ахIиялъе инкарги гьабун букIунаро.22/VIII- 1839 соналъ АхIулгохI Шамилица тола. Гьанже Имам Шамилица магIаруллъиялде ваккизе къасд гьабула ва хIинкъи кьун, жиндехун рокьи базабулеб къагIида хIалтIизабула.

Къойидаса къойиде Имамасул къуват цIикIкIуна ва 1845 аб. соналде щвезегIан гIурусазул аскаразда тIад бергьенлъи босула. Чачаназгун магIарулаз гIурусаз АхIулгохI бахъизегIан букIаралдаса цIакъго цIикIкIараб гIахьаллъи гьабула гъазаваталъулъ.

Пачаясул хIукуматалъул т\агIуна бащдаб гIасруялъ данде гьабураб рагъулаб къуват Кавказалъул рагъулъ 1840 аб. с. 1842 аб. соналде щвезегIан, Имамасухъа щварабги жидецаго хIадур гьабурабги. Камуна 92 генерал ва офицер, гьединго 2528 солдатги пленалъе восунниги чIванниги.

1847 аб. соналъ Имамас ГIанди бусурабазул съезд ахIула ва гьеб мажлисалда ГIахьвахъа ХIусендибир ХIажиги Имамасул Шураялда гьоркьов къадилъун вищула.

1845 аб. соналдаса Имамасул аскаралъул церехъабазулги, наибзабазулги гIадлуялъулъ хиси ккола, гьел лъугьуна жидерго магIишат понцIозабизе, рищватал росун жидее мутIигIал рекьарухъаби къварид гьарун, хIинкъизарун, цIикIкIараб магъало лъун, кколарел гIакIаби рахъун, гьечIел гIайибал гIунтIизарун гьезул боцIи-мал бахъун, бодулъ гIахьаллъи гьабизе инкар гьабунилан махул тагIза гьабун - чIван, щибго шаргIалъул гIадлу-низамалде гIенеккичIого жидеего бокьухъе хьвадизе байбихьула. Живго имам Шамилил хIукмуялдалъун Къуръан-хIадисалда рихьизарурал 13-го шаргIалъул пункт хисизабула.

ГӀайибго гьечӀел наибзаби, дибирзаби, рагъул церехъаби хъулухъалдаса рехула яги туснахъ гьарула цо-цояз мацӀал гьарун. Гьел тӀекъал-мекъал ишазул хӀакъалъулъ Имаматалъул Шураялда суал борхидал къанагӀатги чи ватуларо ритӀухълъи ва шаригӀаталъул нух ккурав.

Гьелда тӀасан ХӀусендибирхӀажилги Имам Шамилилги кӀалъай ккола, Шураялда къадилъи гьабизе 1850 аб. соналда инкар гьабула ва гӀахьвалазул 92 муридги вачун ХӀусендибир ХӀажи ГӀахьвахъе тӀад вуссуна.

Гьебго 1850 аб. соналда ккараб жо лъачӀого кӀаралазул наиб, унго-унгояв гӀалимчи ва бахӀарчи Турачги хола ва гьесул бакӀалда Имамас жиндирго вас ГъазимухӀамадги наиблъунги тӀамула 18 сон тӀубачӀев чи КӀаратӀаги ГӀахьвахъгигӀан гӀемерал гӀалимзаби ва гъазаваталъулъ бахӀарчилъи бихьизабурал муридалги цойги бакӀалда рукӀун ратиларилан хъвалеб буго КӀаратӀаса ГъалбацӀдибирас ГъазимухӀамадиде ирга щвезе кканиян.

ХӀусендибир ХӀажица къадилъи тун хадуб ГъазимухӀамадил дагӀба къотӀуларо гӀахьвалазулгун имамасде мацӀал гьарун. Мадугьалихъ ругел росаби мегӀер-гӀалахалъул гӀорхъабазда тӀад цоцазде гьусун, дагӀба-рагӀиялде рехун жидеего ришватал щвезелъун гьединго гӀакӀаби лъун, щиб-щибги багьанаби ратун.

Ахиралда Имам Шамилилгун ХӀусендибир ХӀажи дандчӀвала 1871 аб. соналда Мадинаялда хӀеж тӀубазе аралъур.

Гьикъа-бакъи гьабун хадуб Шамилица абула гьанже ХӀусендибир ХӀажи нилъ ккара-таралдасаги, лъугьа-бахъаралдасаги цоцаздаса тӀаса лъугьине ккелилан.

ХӀусендибир ХӀажияс абула Аллагь тӀаса лъугьун ватагиха дудаса Шамил, амма дунни Аллагьасул рахъалда вугевха- абун.

Шамилие ХӀусендибирасул жавабалъ асар гьабун буго ва жиндир рукъалъул агьлуялде васият гьабун буго - руччабазде, гьел гурони я ГъазимухӀамад, я МухӀамад Шапи цадахъ рукӀун гьечӀо, жиндаса багьана бихьун букӀине шаклъи ккаразул 71 чиясул сияхӀги гьабун гьезие сайгъат гьабун щивасе цо-цо Къуръан битӀизе, гьеб Аллагьасул калам гьоркьоб ккун жинда тӀаса лъугьайилан гьаригун. Гьединан гьесул вас МухӀамад Камилица 1905 аб. соналда инсул васият т\убан Дагъистаналъулги Чачаналъулги 71 чиясе сайгъаталъе Къуръанал рит\ула, гьездаго гьоркьоб ХӀусендибир ХӀажие битӀун бачӀараб Стамбулалъул басмаханаялда бахъараб гьесул цӀаралда ГӀахьвахъеги щола, амма гьев къадаралде щун вукӀуна, Къуръан гьесул вас Шамсудинихъе кьола. ГьабсагӀаталда гьеб Къуръан гьаб каламалъул авторасухъ буго. Лъабавго имамасул къисмат гьединан лъугӀула. Аллагьас кӀодо гьареги жал, жидер баракаткиригиги щвайги нилъееги. Амин!

1851 аб. соналда Терекалъул казаказул 20 гӀадаб цӀараки бачӀуна Шамилихъе Веденоре жал гьенир гӀумру гьабун чӀезе изну гьарун, гӀурусазул администрациялдаса лъутарал, гьезда гьоркьор рукӀуна руччабиги лъималги ва кӀиго гӀурусазул динияв чиги. Шамилица гьел ритӀула Датуналда бугеб христинаназул гьатӀаналде, гьенив вугев росдал дибирасде аманатги гьарун, жидерго Христианазул гьатӀаналда гьабизе санагӀалъи букӀин хӀисабалдеги босун. Датуналде ритӀаразул цо бутӀа чӀвала, цойгиял гьениса лъутун рорчӀула. Датуналдаса тӀурун унел казаказул

чангоял КIудиябросулъа ГIакъил-хIажица жиндирго тIалабалде рачуна ва тархъан гьарун тола.

11886 аб. соналда Дагъистаналъул администрациялъ гьабураб переписалъул сияхIалда буго гьеб заманаялъ КIудиябросулъ гIумру гьабун рукIаразул цIаралги: КъурбангIали ГIурус огъли, ЯрагIали Иван огъли, Барбара къиз ? Сердилов ГIалигъалбацI огъли. Гьезул гьабсагIат ГIахьвахъ хутIарав чи гьечIо. Ахирияв АрагIалил МухIамадил вас Пайзулаги гьесул яцги 1946 соналда ЦIоралдехун гочун ана ва гьезул хабар гьениб къотIана.

ГIакъил-хIажияс, казаказул кьурукьмухъалъулаз къварид гьарурал аспирал тархъан гьарула ва хадубккун гIумру гьабизе мина-милкги кьуна, цIаралги хисула бусурбанги гьарун жиндаго мадугьалихъ паракъат гьарун рукIана.

======

## Имам Шамил

Бусурбанаб Дагъистан шаргIалъулъ чучлъун,
Муридаз хвалчен-ханжар чархида бегIерула
Пачаясул гIассилъи капурзабазул зулму
ЗахIмалъарал къавмаца Яргъида кверал лъола,
Имамзаби рищула аскарал хIадурула,
МугIрузул улкаялда гъазават багъарула.
ГъазимухIамад Генув имамлъун тIаса вищун,
ГIадаталгун зулмаби зуризе заман щола,
Сардарасул амраби ханзабазул т\алабал,
ШаргIалде мугъ баралгун къеркьезе байбихьула.
МагIарулазде данде гIурусаз боял лъола,
ГIарадагун ганчIил рагъ кIкIалабахъ хIалуцуна.
Карбалаалъул кьалда ХIусенил къисмат кинги
Имам ГъазимухIамад гендерил кIкIалахъ хола.
ХIукму саббит бергьуна ХIамзат имамлъун тола,
ХIамзатилги хIакъикъат ГIусман ГIаффанил ккола.
Вехь гьечIеб гIи гIадинан магIарулал хутIидал,
ГIашилтIа мажгиталъув Шамил имам вищула.
Иманалъул бакъул чIор, Ислам умматалъул нур,
ШаригIаталъул байрахъ, эркенлъиялъул хвалчен.
Чачан-Дагъистаналъул давлаталъул раисун,
Гъайсуялдаса къирар -мархIаба Имам Шамил.
Инсудасан байбихьун шаргIалъул гIадлу лъурав,
ГьитIинаб гъалатIалъе хIадалде эбел цIарав
ГIадатал малакь рарав купру шушазабурав,
ГIадлуялъулъги гIадлу мархIаба Имам Шамил.
Ярагъиса МухIамад устарлъун жинца ккурав,
Карамалъи камилав макъамалде вахарав,
Шайихазулги шайих мархIаба имам Шамил.
Бусурбанлъи цIунизе жигьадалъе вахъарав
Муридзабазул боял гъазаваталде цIарав,
Къаидазулги къаид мархIаба Имам Шамил,
ГIурусазул боязе балагьлъун жив рехарав,
Воронцов, Клюгенил, Граббел бо чIарарав.
Веселиц, Галафейил каранда цIа боркьарав,
БатIалазулги батIал мархIаба имам Шамил.
Кавказалъул кьалул нух лъеберилъ лъугIаниги,
ГIалимзабазул рагъал къарнуялъ халалъарал,
Эмен лъугьун веццарав, вас лъугьун гIужий гъурав,
Муруватулъ Мураат мархIаба Имам Шамил!

КIиго вацасда гьоркьоб кьал ккеялде иш ккедал,
Хидматгун гугаризе гIелмудул ният ккола.
ХIакимас гIодов лъурав гIалимас хвасарлъарав,
ГIадилазулги гIадил МархIаба имам Шамил.
Къоло к\иябго ругьун гуладул цох\о гуреб
Гьебг\аги г\елародай г\акълу бугесе х\ужа.
Байбихьи Генуб ккарав рагъ лъуг\и Гъуниб тарав
Запирасулги запир марх\аба Имам Шамил.

АхIулгохIил шобилъан ГIандигIурулъ кIанцIарай,
Гьасул яц Зайнаб бикал къисаго рагIичIеб кин
Завжат Жавгьаратилгун СагIитил рухI тIад тараб,
АхIулгохIил бетIергьан мархIаба имам Шамил.

Асирлъиги къун ккейги къуваталда бараб иш,
Кьо хIехьон къеркьезе кIвей гьеб гуриш бахIарчилъи.
ЦохIо АхIулгохI гIела гIадан хIайранлъиялъе,
Сабруялъулги сабру мархIаба имам Шамил.

Кваркьи бекидал цIумалъ кьурулъ нохъо бищула
ХIал чучлъидал имамас щулалъи Гъуниб ккураб.
Къоазарго солдатгун нусго гIечIев муридгун,
Шагьидлъи бищун чIарав мархIаба имам Шамил.

Хилифлъарал цIикIкIиналъ цIорон ккараб черхалда
Бугьтаназул ругьнаца хучдузул кIочон тарав
Гьарагун игьталалъе тамихI къотIулев вугев,
Къадиязулги къади мархIаба имам Шамил.

Дунялалда машгьурав имам Шамилил къиса,
Къойил хисун хъвараца боцIи-цIор бакIарараб.
Гьороде хадур араз мукIурлъун наку чIварав,
КъалгIатазулги къалгIат мархIаба имам Шамил.

Ислам-эркенлъи цIунун Кавказалда вахъарав,
ВатIан хвасар гьабизе капурлъигун къеркьарав,
Жеги Шамилил хвалчен лъалиниб бегьун гьечIо,
Имамзабазул имам мархIаба Имам Шамил.
Тушманасул квершаликь асирлъун ккарав къирар,
Дунялалъул рагъазулъ тархъен гьавун раг\ич\о.
Тамаша Шамил Имам пачаяс к\одо гьави,
Т\адег\анасул гурх\ел марх\аба Имам Шамил!

Калугалда хъала кьун,хъизан-лъимал аскIор тун,
Хъулухъалъе чагIи тун хIеж бухьине харжал кьун,
Ханлъиялда хьихьарав мун гурони рагIичIо,
РахIманасул тавакал мархIаба имам Шамил.

СагIудазул ракьалде АхIмадил байтуялде,
Масжидул хIарамалде хIажарул Асвадалде,
ХIетIе жиндир щвелилан щванадай Гъуниб гьасда,
Аллагьасул хIалкIолъи мархIаба имам шамил.

Мадинаялда накълу лъун, БакъигIалда къабру кьей,
Бичасе дур хиралъи халкъалъе загьирлъана
Расул асул мадугьал анссариязул гьобол,
Шарийфазулги Шарийф мархIаба имам Шамил.

Алжаналъул кIулазул бетIергьанлъун гьавеяв,
Къабул гьабе зиярат саламгун рачIаразул
Дур шугьадазул биялъ   жужахI свине гьабеяв,
Щваги нижей шафагIат мархIаба имам Шамил.

Цо къо гьоркьоб къотIичIеб къоло щуго сонил рагъ,
ХатIа-гъалатI ккечIого борчIи щакаб ишлъидал,
РачIа тIаса лъугьаян гьаризин Аллагьасда,
Денга МухIамадил вас шамил рази гьавеян.

Исламияб диналъухъ умумузул ракьалъухъ,
РухI кьурал Шуадазул щвайги нилъей шафагIат,
АхIулгохIде зиярат хIежалде данде рикIкIун,
Макка-Мадинаялде щвараллъун гьаре Аллагь.

Нижер эбел-инсулги гIагарал, божаразул,
Мунагьал чуриялъе сабаблъун  гьабе Аллагь.
Гендерилгун гIешдерил мулкалда шагьидлъарал,
Щвайги  нужер баракат зиярат бухьаразе.
Хасго АхIулгохIалде хIетIе хъварав муъминчи
Тавбугун вачIарасе СиратI гIатIид гьабеги.
Амин!.

1851 соналъ Терекалъул казаказул 20 цIараки  бачIуна Шамилихъе  Веденоре жал гьенир гIумру гьабун чIезе изну гьарун, гIурусазул  аадминистрациялдаса лъутарал, гьезда гьоркьор рукIуна     руччаби ва лъималги, гIурусазул килисаялъул динияв хIалтIухъанги.

Шамилица гьел ритIула Датуналда бугеб  христианазул гьатIаналде гьенив вугев росдал дибирасде аманатги гьарун, жидерго христианазул гьатIаналда дин гьабизе  санагIалъи букIин хIисабалдеги босун. Датуналде ритIаразул цо бутIа чIвала, цойгидал гьениса лъутун рорчIула.  Датуналдаса тIурун унел казаказул чангоял КIудиябросулъа ГIакъил ХIажица жиндирго тIалабалде рачуна ва тархъан гьарун тола. 1886 аб. соналда Дагъистаналъул администрациялъ гьабураб переписалъул сияхIалда  буго гьеб заманаялъ КIудиябросулъ гIумру гьабун рукIаразул цIаралги: КъурбангIали ГIурус огъли, ЯрагIали Иван огъли, Барбара Иван къиз ????? , Сердилов ГIалигъалбацI огъли. Гьезул гьабсагIат хутIарав чи гьечIо ГIахьвахъ. Ахирияв ЯрагIали МухIамадил вас Пазулаги гьесул яцги 1946 аб. соналда ЦIоралдехун гочун ана ва гьезул хабар гьаниб къотIана.

ГIакъил ХIажияс, Кьурукьмухъалъулаз къварид гьарурал казаказул асирал тархъан гьарула ва хадубккун гIумру гьабизе гьезие мина -милкги кьун, гьезда цIаралги хисун бусурбанги гьарун жиндаго мадугьалихъ паракъат гьарун рукIуна.

Имам Шамил асирлъун ккелалде шаргIалъул нухалдаса кьурарал цо-цо наибзабаз дагь-дагьккун мугъ рехизе лъугьула Шамилидехун. Гьезда бичIчIулеб букIуна Имаматалъул хIал чучлъулеб  букIин ва гьез гIамал гьабула бечелъиялде хадур лъугьине. Рес  рекъарабгIан пачаясул хъулухъ гьабулел ругел  бакIалъулго офицералгун чиновникалгунги  балъгого гъоркьан хурхен гьабизе лъугьуна Шамилил наибзаби. Шамилил къуват рагIалде кколеб бихьарал наибзабаз гIамал гьабула Шамилил Шураялдехун (хIукуматалдехун)  гIайиабал рехизе.

Шамилида кинабго бичIчIулеб ва лъалеб букIуна гьел жиндие хилиплъизе рукIинги.

Шамилие тIаде рагъулал къуватал ракIаризе яги кумек щвезе бакI хутIун букIунаро. Шамил ахир-къадги асирлъуде ине ккола. Асирлъуде ингун Шамилил рукIарал наибзабаз нух бахъизе ва гIагарлъизе гIамал гьабула пачаясул рагъулал

генералалгун чиновникалгун. Шамилил рукIарал наибзабаз лъазабуна жал пачаясе хъулухъ гьабизе хIадурал рукIин. Пачаясул рагъулаб командованиялъ лъазабун букIуна Шамилие хъулухъ гьабулел рукIаразул гIамал-хасият, гьезул бажари халкъалда гьоркьоб бугеб къимат-къадру. Гьебги хIисабалде босун жидее бищунго хIинкъи гьечIел, мутIигIаздасан хъулухъалде росула.

Цо-цоялин абуни хIалбихьиялъе заманаялъе тIамула.

Гьединан жидерго чухъа тIадехун свериззабун ретIула Шамилил рукIарал наибзабаз ва гьез хъулухъ гьабула пачаясе.

Дагъистаналъулгун Чачаналъул имамзабазул цебехъанлъиялда гъоркь гьарурал гъазаваталъул рагъазе халкъалъ кьолеб къимат ва гьелдехун бугеб балагьи бат\ияб бук\ана.

Г\емерисеб халкъалъ гьеб рик\к\унеб бук\ана динги ват\анги ц\унун капурлъиялде данде эркенлъиялъе г\оло гьабулеб рагълъун.

Шамилил наибзабазги рагъул церехъабазеги жиндирго Шамилил сверухълъиялъеги бечелъи бак\ариялъе гьабулеб хъамалчилъиялъул чабхъеназул рагълъун. Лъабабилеб тайпаялъ гьеб рик\к\унеб бук\ана бергьенлъи щвеялъе кьуч\ч\ гьеч\еб, чанго нухалъ ц\ик\к\араб къуваталде данде, лъалаго ч\алг\аде, халкъ гъуризе гьабулеб, шарг\алъ къабул гьабулареб нухалдасан унеб х\ажат гьеч\еб рагълъун.

Имам Шамил асирлъун ккун ва гьев Калугаялда паракъалъараб заманаялдаса хадубги гьеб рагъуе ва живго Шамилие кьолеб къиматги халкъалъул цого бук\унаро.

Яхсиялдаса к\удияв г\алимчи Юсуфх\ажица назмуялдалъун Шамилида бадибч\вай гьабун ва гьес гьабураб гъазаваталъул рагъ шарг\алъул нух кквеч\еб гьачагълъиялъулгун хъамалчилъиялъуллъун рик\к\ун буго.

Шамилил бах\арчилъи мух\ур лъугьун т\аг\ана,
Т\олазго Иманилан эсда ц\ар ч\вананиги.

Рогьалилъ гьес квер бана пайда гьеч\еб ишалде,
Къасиялде гьеб х\алалъ х\арамаб рикъзи кьуна.

Х\арамаб гьукъич\елъул гьесие жаза гьабун,
Гьев сардилъ вачун ана асирлъуде г\урусаз.

Аллагь гуккулел чаг\и Аллагьас т\инде рала,
Т\ок\аб гьесда сахаб къо г\умруялъ бихьиларо.

. ... . . . . . .. . . . . . .. . .. . . . .

... . . ... . . . . . . .. .. . . . . . . . . . . ..

Гьединан Къарахъа Мух\амад Т\агьирица назмуялдалъун жаваб кьун буго Яхсиялдаса Юсуфх\ажие Шамилил иш бит\араб бук\ин ч\езабун.

Гьебго х\алалъ халкъалъул фольклоралдаги дандч\валел руго цо-цо доб заманаялъ назмуялдалъун абурал раг\аби:

Имамас рачел к\ъач\о жигьадалъул нух кквеч\о,
Рукъалъул агьлуялъул маг\удахъ г\енеккана.
Бах\арчиго хваразул хивал рик\к\алъун ана,
Умумал ч\ван хут\арал ятимал рехун тана,
Анц\-анц\ ц\а гъун рух\арал росаби к\очон тана,
"Г\айибазул" жаназал рукъич\ого т\ад тана,
Анц\азарилъе ккараб шугьадазул зиярат,
Россал ч\ван къоролъарал лъудбузул маг\ил къулг\а,
Дагъистангун Чачанлъи рахъде сверун тун,
Г\айибго бук\инч\одай ч\аго асирлъун ине.
Купруялъул агьлуги Килисалде бак\арун,
Цеве лъугьун какги бан кин Дагъистан бичараб?
Дуца Гъуниб маг\арда чалма бичананиги,
Чалма къан Имам тезе Дагъистан ч\аголъидал.
Россиялъул бечелъи пачаясул къуватал,
Бицун бич\ч\ич\ч\ев дуда бихьидал мук\урлъарав,
Аза-азар рух\ал кьун ц\унараб гьаб Дагъистан,
Дуе ц\акъал лъугьиндал тук кьабун кверищ кьураб?

Гьединан халкъалъул бат\и-бат\иял пикраби рук\уна нилъер имамзабазе къимат кьурал.

Гьеб к\удияб назму рик\к\унаан жиндир мунагьал чураяв к\удиябросулъев Абулмуслимица (Атеца).

Гьезул цояс рикIкIун руго гьел рагIаби:
Имам Шамил арав шаригIат хвараб
Шамил имамасул расму лъугIараб
Зарийбат дагьлъараб зулму чучлъараб
ГурхIел борхун ккараб хвел дагьлъун араб.
Туфлис сардарасул закон хьвадараб
ГIурус пачаясул харжал цIикIкIарал
Офицерлъи щвелал наиблъун тела.
Тахиде ккарасе хъулухъ гьабила - ян.

27стр.

В походах для измерения  возмущения в Закаталськом округе, в составе отряда собранного под начальством командующего  военкома Дагестанской области генерал-адъютант князя Меликова при сборе отярда в Гунибе с 11/VI- 1863 г и командовал Чавчавадзе.

С 12  по 18/VI-1863 г.  в движении отряда  через снеговой горы Дюле-Даг и Гельмиш-Даг в укрепл. Закатали, с 20/- по 26/ VII-1863 г. по наказанию жителей в

поисках зачинщиков возмущения Хаджи Муртазаали и в обратном выступлении в дагестане - роспуск отряда - 27/VII- 1863 г.

(Из автобиограф. Н.З. Чавчавадзе).

28 стр.

Восстаниялъе бетIерлъи гъабулев вукIарав Курагул МухIамаги гъесул вакьадги ва гъезда цадахъ рукIаралги кверде уна.

Гъел кверде унеб заман букIуна цIакъго цIорораб, нахъиял рукъо-рукъоре риччала.

Гъедин лъугIула 1971 аб. соналъул Ункъракьалда багъараб восстания.

28а

Н.З. Чавчавадзе в свом автобиографии пишет, что командовал Ункратлинским отрядом, собранным для подавлеия возмущени в Ункратлинском наибстве, при движении частей войск и милиции от селения Ботлиха в Ункратли и обратно с 20/VII- 1871 г.Во время действия сего отряда были следующих делом перестрелка.

Дело с мятежниками у Акваринского ущелья прессследованияе их 23-го и 24-го октября, перестрелка вблизи селения Сильди, Нижнее и Верхнее Хварши и Митрада 29/10, преследование мятежников и перестрелки с ними, близ деревни Ага-юрт. 31/10 - перестрелка с мятежниками при селении Хушет 14го/11 и преследование с 14го по 26.11-1871г.

(М.Г.А. РД, ф2, оп1, а127.

1877 абилеб соналда восстания ккеялъе гIилла

1.Аслияб гIиллалъун букIана Чачаналдагун Дагъистаналда 1877 аб. соналъ востаниеялъе халкъ къватIибе бахъиналъе - турказ Россиялъулгун рагъ байбихьи ва Турциялъул магIарулазул аскаралъул командир Шамилил вас ГъазимухIамад Пашал Кагъат - 1877 аб. соналъул 10 аб. сентябралъ Гъази-Гъумекисезул базаралде бачIараб халкъалъе цIалараб.

Гъеб кагъаталда букIуна хъван Турказул аскараз гIурусазда тIад босунеб бугеб бергьенлъиялъул хIакъалъулъ ва дагъистаниязе Турказул аскаралъ гъабизесеб кумек-квербакъиги гъединго жив аскаргун къватIиве вахъине хIадурлъун вукIинги баян гъабун.

2. Россиялъул зулму-хъал чIалгIарал дагъистаниял хIадурал рукIана бокьараб къоялъ пачаясул хIукуматалде дандерахъине хIакъикъияб эркенлъиялъе ва шаргIияб гIадлу-низамалъе гIоло жидер бутIрул кьезеги.

Ахириял соназ хIежалде арал ддагъистанияз къотIи гъабун букIуна Туркалгун цадахъ рекъон гIурусазде данде восстаниялъе рахъине.

Гъеб малъарав пачаясул Дагъисталанда вугев губернатор Чавчавадзеца хIукму гъабуна хадурккун Дагъистаналдаса 50 соналдаса тIадехун ригь арал Бусурбабаби хIежалде риччачIого тезе.

3. Халкъ къватIиб бахъине хIадурлъулеб букIин лъарав Гъази-Гъумек округалъул начальник Чемберица балъгого амру гъабуна восстаниялъе рахъунезул сияхIал гьаризе ва пачалихъалъе заралалъе къеркьезе щаклъи бугелщиназулги ва халкъалда гьоркьоб жидер къимат-къадру билълъанхъаралщиналги хIисабалде росизе.

Халкъ восстаниялде ахIизе щаклъи бугезул ва къватIире рахъиналъе данделъаби гьарурал гIалимзабазул ва церехъабазул цо бутIа Сибиралде-Архангельскиялде ритIунги рукIуна Чачаналъулги Дагъистаналъул халкъазда гьоркьоса.

4. Цо бутIа ханзабазул хъизаназдаса гIурус пачаясе хъулухъ гьабулел рукIараздасан наибзаби, офицерал восстания гьабулезул рахъалдехун рачIуна жидеца хадубккун жидерго вилатаязда ханлъи боси мурадалда наиблъи чиналги рехун тун.

5. Гьединан Чачаналъулги Дагъистаналъулги халкъ цолъула "ХIурияталъе" гIоло.

6. ГIурусазул хIукуматалъ бусурбабазе гьукъула шаригIаталъул кьучIаIалда жидер къисмат тIубазе, магIарулазул сабру лъугIизабун букIуна намусалъулъги гIумру гьабиялъулъги.

7. Дагъистаниязул язихъаб бетIербахъиялъги, гIурусазул щибаб кьойидаса-кьойиде къвакIизабулеб бугеб законалъги ва пачаясул хIукуматалъ халкъалдаса бахъулеб бугеб налогазги мухь кьечIого гьабуизе тIамулеб бугеб захIматаб хIалтIиялъги, исламалдехун гьезул бугеб квешаб балагьиялъги чара гьечIеллъун ккола магIарулал пачаясул хIукуматалде данде яргъидалъун гIуцIараб къватIир рахъин гьабизе. Халкъ къватIибе бахъуна.

"Заман щвана нилъее рорчIизе: "Бергьенлъи яги хвел". Цебеккунго Чемберица балъгого хIадур гьарун рукIуна 600 рекIарав, восстаниялде рахъунезулгун жиндирго помощникал Муса Каъдиевасул, ГIабдулмажид Сурхай Ханасулги кумекалдалъун.

Ахирги Гъази-Гъумекиб округалъул начальник Чембер чIвала ва дагъистаниял гъазаваталде рахъуна.

38 стр.

Восстание 11847 с.

1877 аб. соналъул сентябрь, октябралде щвеалдего (гьижраялъул 1294 аб. соналъул ражаб) моцIалдаго восстаниялда цебесеб кIкIуцйдул махI чIвараб пачаясул ГIанди округалда рукIарал чиновниказул рахIатхвей лъугьун букIуна.

Болъихъ хъаладухъан гIахьвалазе хIинкъи кьурал кагътал рачIине лъугьуна ва гьединал кагътазе жавабалъун гIахьвалазул къавамалъул къади-цевехъан Къурбаница ГIанди округалъул къади Аргъваниса Шамхал-дибирасул ? хъвараб цо кагъат.

Гьеб кагъаталда хъвалеб буго: "Цебеккун Шамхалдбирасде салам-каламги хъвн, нужехъе Болъихъе витIун вукIарав нижер вакил ТIадмагъилъа ГIалиханица бицараб жо нужеда гIакса бичIчIун буго. Нижер жамагIатазул мурадги бицун

Гъарагъазиясги дицаги витIарав гьес дуца бицухъе батани тIаса лъугьа, нижедаса гьес бицараб жо нужеда битIун бичIчIун гьечIо.

Болъихъе тIадмагъилъев ГIалихан витIиялъул магIна букIараб гъазаваталъе гIахьвалал хIадурлъулел ругилан ва КIаратIа вукIарав наиб Гъази-Гъумекиса Халидил МухIамадие мутIигIлъулелги гьечIин, магъало-налогалъеги инкар гьабун чIун ругилан цо-цо жидее наиблъи-хIакимлъи къваригIараз гьарурал мацIал сабаблъун.

Стр.44

Имам Шамил асирлъуде ккезегIан КIаратIа наиблъун вукIарав имамасул вас ГъазимухIамадил наиблъиялъул участкаялда гIурусаз наиблъун тIамуна цевеккун Гъазигъумекив Шамилил наиблъун вукIарав Халилов МухIамад - (Деникиница Дагъистаналда заманаялъул хIукуматалъе граждан рагъул заманаялъ правительлъун тIамурав Халилов Микаилил эмен).

Халилов МухIамадил ва ГIанди округалъул къади Аргъваниса Шамхалдибирилги бетIерлъиялда восстание гIодобе къазабизе къватIире гъоркь къватIире рахъуна гьезул мутIигIлъиялде ккολел росабалъа мухьдахъ ккурал къукъаби.

23/IX-1877 аб. соналда Инхелоги Мунибги гьоркьоб кIкIалахъ гъазизабаздаги капурзабаздаги гьоркьоб рагъ ккола.

Гьеб къоялъ ккараб рагъулъ гIурусазулги гьезул рахъ ккун мухьдахъ ккурал магIарулазулги 100-100 биял тIола ва гьеб рагъулъ гIурусазул КIаратIа-ТIехнуцалазул наиб Халилов МухIамадги чIвала.

(Ц.Г.А.РД. Ф. -8п, Оп.1, 2.6, Л.7)

стр.67

1. ГьаракIуниса ГIосманХIажиясул ва СалтIаса БацIмухIамадил рахъалдасан иргьадерил жамагIаталде - МухIамад Къадиде ва Муса ХIажиясде кагъат"

"Турциялдаса ГъазимухIамадихъан (Шамилил вас) вачIарав гьоцIалъев ГьитIиновас-Къадица бачIараб рохалилаб хабаралъ бохизабуна тIалабго халкъ, гьелъ гъази-гъумекиселги даргиялги рахъана восстаниялде.

Гъази-гъумекдерица жидедаго тIад кIудиявлъун Жафарги тана, даргияз - жидерго гIолохъанав къад ГIахъушиса Чарак тана. Байбихьана гIурусазде данде рагъизе.

Жафарица щущазабуна Гъази-Гъумекиб букIараб гIурусазул щулалъи ва чIвана киналго гIурусалги, гьезул руччаби асир гьаруна. ГъазимухIама аскаргун вачIун вуго Гуржиялъе, ва рещтIун вуго Кура гIорул рагIалда, Гьеб буго битIараб цIияб хабар ва нужецаги байбихье къеркьезе. Рамазаналъул 19 къо".

Гьагъабщинаб гъалмагъиралде гъорлъе Дагъистан тIамизе квербакъула турказ тIамурал цо-цо рагIи билълъарал хасал гIадамаз, гьезул гьерсазухъ гIенеккун цIа гъола Дагъистаналда.

2.ЦIадахIари жамагIаталъул рахъалдаса Сугъралъа
имам ГIалил МухIамадиде кагъат.

"Нижер буго дуда чанго гьари:

а) Нижеца нужехъе кьурав 6 чи, Левашир жанир тIамун ругел, гIурус аскар нилъедаса бергьун хадуб гурони нахъе риччаге.

б) Левашдерил отряд щулалъулеб буго, гьелдалъун нижер аскар нужералде цолъизегIан цере къазе ккола гъоре, имамасдасан тIалаб гьабе цойги аскар, Кутишире данде чIвазе. ГIурусазул аскар гъобаго хутIани хасел щвелалде нижее захIмат убкIине буго боцIуца хасел тIамизе ва гьеб хьихьизе. Амру гьабуе гьенир ругел гIадамазул бетIерлъилъиялда бугеб жоялде квер хъвагеян.Шавалалъул 18 къо".

Гьеб кагъаталдаса бихьулеб буго киналго дагъистаниязул цолъи щулалъун гьечIолъи, цояз гIурусазул рахъ ккун, цояз гъазаваталъул нух ккун халкъалда гьоркьоб риххи букIин.

2. ГьоцIалъев АхIмад ХIажиясул рахъалдасан имамасде кагъат

Доб рахъалдасан дун араб къоялъ щвана Къорода, гьениб гIадамазул ахIвал-хIалалде балагьана.

Гьениве щвана лъутун вукIарав Гуржи ГIали (дин гьабуларев бусурбанчи) Къородисезул щулалъиялда. Гьенисан дун ана МагIливе, гьанир ругел гIадамал цебесеб хIалалда ратичIи. Гьезие дица гьениб сордо бахъизе разилъичIо ва гьенисан дун ана КIикIуниве гьенир ругезул хIал дида батичIо цебегогIадин батана.

Гьелги гьезул рокъор ратарал 100 мугьажирги цIакъ рохана дун вачIиналдаса, гьезул кванил сурсат дагьлъун батана мугьажирал кванилъ лъикI ратичIо, гьелдалъун гьарула изну кьеян Захарил гIиял гьезие рикьизе шаригIаталъул нухалдалъун.

Игьалиса наиб Сагидил МухIамама, Инхоса щунусиясул командир Алим ХIажи, Къудукьа ГIумар, балахьунисезулги харачIисезулги жамагIаталги руго хIадурлъиялда. Сагидил МухIама аскаргун щвана ГIашилтIе ва цойгидалг росбалъеги. Дихъе КIикIунив витIе ХIажи ГIали наиб 2000 гIан ракIчIараздасан гIуцIараб аскаргун, Шурабеги битIун гьел жидерго бакIалде лъутизаризе".

Гьеб кагъатальги нугIлъи гьабулеб буго щибаб росдал батIи-батIияб балагьи букIин восстаниялдехун ва цо-цо росабазул жамагIатал цебеккун жидеца кьураб рагIиялъе хисун ратиги.

3. ГьоцIалъа АхIмадхIажияясул рахъалдасан имамасде кагъат

"Дун КIикIуни гьечIолъиялъ гъоба данде рагIи ккунгутIи лъугьун буго гIадамазул, гьелдалъун унев ввуго ГьцIалъе дирго хъизан бачине ва гьенисан КIикIуниве тIадвуссине.

Дун хIадурав вго дур бищунго захIматал таждкъаял тIуразаризе"

Гьаб кагъаталъ бихьизабулеб буго дагьал церегIанги гъазаваталде рахъине гьираялда рукIарал кIикIунисезул жамагIаталъулъ ккун бугеб рагIидандеккунгутIи.

4. Хьаргабисев щунусгоясул командир МуртазагIалил рахъалдасан кагъат

"Князь Меликов вачIунев вуго аскаргун нижехъе. ЧIохъа Закария вуго Аймакалда. Ниж хIинкъун руго. Ургъе нижеца щиб гьабизе ккезе бугебали".

Гьаб кагъаталда рехсолев ЧIохъа Закария ккола гIурусазул рахъ ккун гъазаваталде рахъарал магIарулалгун вагъулев вугев гIурус офицер, гьасул буго доб КIикIунир рукIарал мугъажиразе бикьизе имамасдаса АхIмадхIажияс изну гьарулеб букIараб гIиги.

5.КIаратIаса МухIамал Малачи огълил рахъалдаса Сугъралъа ГIабдурахIма ХIажиясде кагъат.

"Заман гьечIолъиялъ дида кIолеб гьечIо мунгун хасаб дандчIвай гьабизе, гьалдалъун гьарула дудасан дунги кIочон тогеян дуца гьабулеб дугIаялда гIоркьов рехсезе, ракIчей буго данделъилин даимаб дунялалда - Алжаналда".

Малачил МухIамадил кагъаталдаса бихьула Сугъралъа АбдурахIман ХIажиясул тIадегIанлъи ва гьесул гъазаваталъул нух гIалимзабаз къабул гьабулеб букIин ва гьесдехун халкъалъул рокьи букIин.

6. ГIедерил бегавуласул рахъалдасан цIулдисев ГIабдуладе кагъат

ГIахьвалазул ункъо чиги вачIун дихъе, гьез бицана Гумбеталдаса 130 милиционер гIахьвалазул гIорхъода рештIун ругила, гьезда хадубго бачIунеб бугила гIурусазул лъелаб аскарги, нижер ният буго гьезда гьужум гьабизе ва гьезухъан чуялги рахъизе, гьелдалъун нужедаги гьарула рагъулаб къокъагун нижехъе рачIаян гьеб ишалдаса пайда босизелъун.

Къагъаталда гъоркь къо-моцI гьечIо, гьел къоял рукIине ккола 12-13 абилеб октябралъул къоял цебесеб стилалда рекъон, жал тIаде щвелалде гIахьвалазул данде рахъиналъе бугеб хIадурлъи, ва географияб бакIалъул хал лъазабиялъул мурадалда гIурусаз цересел къояз гьенире ритIарал Гумбеталъул милиционерал. ГIахьвалазулгун рагъ ккун буго 14.Х-1877 соналда цIулдисев ГIабдулал аскар багва-чIамалазул кIкIалахъе уна ГIахьвахъ рештIен гьабуларо ва гIесдерил бегавуласул гьариги къабул гьабуларо.

6. БагIар Меседица имамасде хъвараб кагъат

Ниж ана Къарахъа ГIабдулайида хадур (ЦIулдиса ГIабдула). Доб дуе баянаб букIахъе иш нижеца заманаялъе нахъе тIамун тана, , хадубккун щвезесеб лъикI ккеялъул хIасилалда мурадалда. КIаралазул обществоялъ инкар гьабуна кIиябго нухалъ нужер обществоялде гьабураб тIалаб, гьел разилъичIо нижгун цолъизе.

Къагъат хъвараб къо-моцI гьечIо.

БагIар Месед витIун вукIуна 300 рекIаравгун Сугъралъа иамас гIахьвалазе кумекалъе, гьениб гIурус аскар бачIунеб букIинги лъан,. ГIурус аскаралъул къуват бихьидал жиндирго отрядгун цадахъ Авар гIурухъан лъутула. Гьеб жидерготелеграммаялда гIурусазул генерал Смекаловасги бихьизабун буго 300 рекIарав гIахьвалазул отрядалдаса ратIа цойгидаб кIкIалахъе лъутун анилан, кIаралаз восстаниялда гIахьаллъи гьабизе инкар гьабиялъул хIакъалъулъги гьесул каагъаталдасан баянлъулеб буго, имамас КIаратIа участкаялда тарав наиб- рекъав ХIажиясда хадур кIаралал лъутулел ва гьесги жинцаго гIахьаллъи гьабун буго гъазаваталда. КIаратIа наиблъун вукIарав Шамилил вас ГъазимухIамад асирлъуде ккун хадусала КIаратIа наиблъун тIамула гIурусаз КIаратIаса Шамхал ва гьев чIвала Инхело- Муни ккараб рагъулъ ??????

7. ТIолабго ТIиндадерил обществоялъул наибасул рахъалдаса имамасде кагъат

"Нижехъе щвана цо чигун Дур вакил цIулдисев ГIабдула, гьелдасан ниж цIакъ рохана. Нижер мадугьалзабазе ккана кIудияб балагь гIурусазул кIудияб къуваталдаса.Гьанже гьел къуваталда гьечIо нижее кумек гьабизе. Гьелда цебе нижехъе хабар бачIун букIана гIурусазул аскар нижехъеги бачIунеб бугилан, гьелдалъун витIулев вго духъе жакъа гьавги, гьасда цадахъ нужее кумекалъе рачIаян ва хер босизеги кумек гьабеян.

Нагагьлъун дуца инкар гьабуни нижее кумек гьабизе, ниж гьадингоги Аллагьасул кумекалде ракI чIун цохIо ниж рагъизе руго.

1294 сон шавалалъул 11 къо".

3.Х -ялъ Гъодобери росдада гъоркь ккараб рагъулъ цIунтIадерил багвалал, чIамалазул 80 чи шагьидлъун вукIуна. ЦIулдисев ГIабдула ва БагIар Месед гьеб рагъулъ гIахьаллъун рукIунаро, имамас гьезие кумекалъе ритIаниги рагъ-кьалго гьечIел росабалъ рукIуна, гьедин щварав вуго гьев шавалалъул 11-14 абилел къояз ТIинди обществоялдаги. ГIабдула отрядгун.

8. ТIиндадерил наиб КъурамухIамахIажиясул рахъалдасан имамасде кагъат.

"Лъанила нуж восстаниялъе рахъун рукIин ва нижеца гъазават лъазабиги. Дица нужер отряд бачIинегIанго борхана ярагъ ва кьунила ишараби (значки). Нужер отряд бачIиндалги рагъана гьезда цадахъ гIурусалгун ва дагьабго камиги ккана. Кин бугониги рагъизе руго хадурккунги, ахирияб минуталде щвезегIан, гьелдалъун гьарула ниж кумек гьечIого тогеян".

ГIачIабалда, МигIарсо ккараб рагъулъ хIакъалъулъ унеб буго ТIиндиса КъурамухIамадхIажиясул кагъаталда хабар.

9. ХIамзат наибасул рахъалдасан имамасде кагъат

"ГIурус аскаралъул 2000 чиги ГIахьвахъе вачIун кьаби щвезабуна гIахьвалазда, гIемерал руго чIварал, лъукъарал ва асирлъуде ккаралги, гьездаго гьоркьов чIван вуго гIахьвалазул наиб Куърбанги, гьединго бухIун буго гIахьвалазул кIиго росуги.

Гьеб иш ккун хадуб гIесдерилги бакълъухъезулги халкъалъе хIинкъи ккана.

Нижер рахъалдехун хутIун руго гIицIго дир наиблъиялде кколел гIадамал.

Кинаб бугониги рахъалдаса гIурусал рачIунел ругони нижеда кIвезе гьечIо нижго цIунизе, гьелдалъун гьарула нижее кумек кьеян".

Къо-моцI гьечIо.

Имамасул ХIамзат наибас хъвараб кагъат буго 1877 аб. соналъул 16 октябаралда хъвараб.

ГIахьвахъ ккараб балагь тIолабго Дагъистаналъулго халкъалъе захIмалъун тIибитIана.

Щибаб иамамасул наиблъиялдаса рагIун руго гьелъул зигара гьабун кагътал ва гьеб къо рикIкIунеб буго Дагъистаналда гъазаваталъул къуват бекараб кьолъунги, гьедин хъвалеб буго доб заманаялъул гIалимазабаз Азербайжаналде, Ираналде, турциялде жидерго гIагарал-божа-бокьаразул ритIарала кагътаздаги.

10. Закариял рахъалдасан хьергебдерилги кIикIунисезулги жамагIаталде кагъат.

Шурасан кIудияб къуват багъарун буго гIурусазул нужехъе, гьезул хиял буго нуж гьенир кверде росизе рагъул къуваталдалъун. Гьелдалъун дица цIакъ гьарана князасда ГIаймакив дун виччайилан гьеб пашманаб хабар нужеде бицине.

Нужеда гьеб лъазабулеб нилъер вацлъиялъе ва хиралъиялъе гIоло, нужее хIажат буго ракълие вакилзаби ритIизе, нижеца цIунизе ругелъул нуж гIурусазул нужедехун бугеб ццидадаса. Жаваб кье нужер бугеб пикруялъул гьабго кагъаталда".

Къо-моцI гьечIо.

Гьеб къагъат буго гIурусазе хъулухъ гьабулев вугев ЧIохъа Закарияс хъвараб, цIакъ жиндир ракI бухIулеб бугев гIадин хьергебдерилги кIикIунисезулги жамагIатазда.

Гьедин рукIана жидер лъай-махщел-гьунар бугевщинав чи гIурусаз мухьдахъ вичун восун.

ГIурусазул мурад цIунун мухьдахъ ва хъулухъалъухъ магIарулазда гьоркьоб кIигьурмечилъи гьабулел.

11. ГIесдерил бакълъадерил жамагIатазул рахъалдасан имамасде кагъат.

"Хамиз къоялъ гIурусазул аскар ана Гъунибе жал къалъудаса маркIачIул мех щвезегIан гIахьвалалгун рагъулел рукIарал.

ГIахьвалал рагъана гурхIел-рахIму тун, данде ран, нахъиял рахъ-рахъалде лъутун ана.

ГIурусаз бухIана гIахьвалазул 2 росу, Кванкъероги ТIадмагъилъги ва киналго кулалги.

Гьанже гIурусазул къасд буго нижехъе рачIине. ЦIулдисев ГIабдула отрядгун гIурусазда нахъа доб цояб рахъалда хутIун вукIиналдалъун, нижее кумек щолеб гьечIо гьелдалъун нижее дурго аскараздасан гьарула кумек гьабеян".

Къо-моцI гьечIо

ГIахьвалазул гъазизабазул къокъагун багъулеб букIараб гIурус аскаралъул цоял багвал-чIамалазул кIкIалахъехун заманаялъе цоял ГIахьвахъ жаниргоги тун рикь-рикьун руго гьедин рикьаразул чанго колонна Гъунибехунги ун буго.

12. ЦIунтIадерил наиб МухIамад Гъарагъази огълил рахъалдасан имамасде кагъат

"Шавалалъул 2 абилеб къоялъ нижер чIвана 80 чи, лъукъарал рикIкIинчIого, дандиял тушманасул гьездасаги цIикIкIун, нижерал рагъана гъираялда, бахIарчилъиялда щибго хIинкъичIого - хIал лъазе биччачIого, жеги гьал хIадурал руго ахириябги бидул къатIра лъугIизегIанги рагъизе.

Гьаб кагъаталъ нугIлъи гьабулеб буго 25-26.9- 1877соналда МигIарсо-ГIачIабалда ккараб гъазаваталъе.

ГIурусазул хъвай-хъвагIайялдаги гьелде данде данде кколеб буго, гьеб рагъулъ жидее ккараб камиги гIурусаз бихьизабун гьечIо. ГIурусаз жидее ккараб ками цониги битIараб къагIидаялъ бихьизабун гьечIо. Доб заманаялъул нилъераз хъвараб-

таралде балагьидал гIурусазул аскаралъеги гIезегIегIан къаби щвезабун бихьулеб буго.

13 ГIахьвалазул наибасул рахъалдаса (Къурбанил) имамасде кагъат.

"Жаватхан наибасда цадахъ богун Мундерил кьоде КIаратIаса дун гьенив щвелалде нижеда ватана гьенив ХIамзат гъазавата гьабизе хIадурго чIун. Жаватхание цо данде ккунгутIиялдаса хадуб гIурусазулгун ниж тIад руссине ккана ва ХIамзатги вачIана нижгун мугьажиралгун.

Гьесул гъазаваталде ракI-ракIалъ бугеб гьира бихьидал дир ракIалъ гьев къабул гьавуна".

Къо-моцI гьечIо

Гьаб кагъат буго Муниб-Инхело гъазават ккун тIассиял къояз хъвараб 23.19-Муни-Инхело рагъ ккана, кагъат хъван букIине ккола 24-25.9 - 1877 с.

14. ХIамзат наибасул рахъалдаса Имамасде кагъат."Гьав дица вицулев Хунзахъав ГIали вукIана цIакъ динияв чи восстание ккезегIанги, гьанже гьав вачIун вуго нижехъе мугьажирлъун. Дуда гьеб лъазабиялъул мурад буго гьесдехун дуца кIвар кьеялъе гIоло".

14. ГIахьвахъе мугьажирлъун арав КIаратIаса Рекъа ХIажиясул рахъалдаса Сугъралъа имам ХIажимухIамадиде кагъат. "Гьаб кагъат кьурал гьагъалъел Дибирасулавги ва гьесул вац ХIалакъавги ккола ХIажиясул лъимал живги капурзабазул гавуразде данде вагъулаго хварав, гьел гIадамал рукIана ритIухъал, гьаб ракьалда ислам бокьулел. ГьечIила цойги чи гьездасан ислам бокьулел. Гьелъул хIакъалъулъ бокьун букIана дуда баян гьабизе"

Къо-моцI гьечIо.

Гьаб кагъаталъги баян гьабулеб буго тIубарал обществаби журачIониги гъазаваталъул рагъулъ камун рукIинчIо гъазават гьабизе бокьаралги. Гъазаваталде гIахьаллъи гьабизе бокьаразеги гIурусаз тарал наибзабаз гьукъун букIана магIарулаз гъазаваталъул -эркенлъиялъул рагъулъ гIахьаллъизе.

15. ХIамзат имамасул рахъалдасан имамасде кагъат.

16. "Авар округалъул начальник аскаргун Шара магIарда вуго. ГIесдерилги Бакълъухъезулги гIадамазул балъгояб хурхен буго гьесулгун. Цойгидал гIурусазул аскарал КIаратIаса ГIахьвахъе рачIарал гьанжеги ГIахьвахъго руго. ГIахьвалаздасан гьез тIалаб гьабулеб буго щибаб къоялъе 40 оцги 40 гьоко харилги. Гьезие кумекалъе цIулдисев ГIабдулаги лъугьунев гьечIо гьениве. Дунги хIинкъун вуго дирго наиблъиялда".

Къо-моцI гьечIо

18. Гьаб кагъат хъван букIине ккола Имамасухъе гIахьвалазулгун рагъ лъугIун тIассиял къояз. Гьениргго тун букIараб рагъулаб колоннаялъе тIалаб гьабулеб букIун буго магъалоги ва жидее ккараб заралалъул рецIелги. ГIахьвалазул гIолохъабаз гьел тохлъараб заман балагьун гьужумал гьарун солдатал гъуризе лъугьиндал 1-015 къоялдаса нахъе ун руго ГIахьвахъан.

ГІахьвахъ ккараб гъазаватальъул хІакъальъулъ гьеб заманаялдаго хъвараб назмуялъги тІубан сифат -сурат цебе чІезабулеб буго кканщинальъул

Тахо-Годи ГІалибегица данде ракІарарал 38 кагъаталдасан дица гьаб 16 хъван толеб буго цого мурадалда хъварал хъварал рукІинаро бан.

Чачаналъ ГІалибег ХІажияс гІурус пачаясул хІукмуталдн данде гъазаваталъе халкъ ахІараб заманаялъго магІарухъе гьелъул цІадул мицІир баккиялда щакълъарал цо-цо пачаясул гІарац-меседалъ гуккарал гьесие хъулухъ гьабулез байбихьула гІахьвалалги гъазаваталъе хІадурлъулел ргин абун Чавчавадзиде ва ГІанди округалъул начальник Поляковасде мацІал гьаризе.

Гьелдалъун байбихьула КІаратІа-ТІехнуцал участкаялъул наиб Аргъваниса Шамхалица гІахьвалазда тІад хъаравуллъи гьабизе ва гьездасан цІикІкІарал магъалаби, налогал росизе. Дагъистаналда гъазават багъаризегІанго жидеде данде наибас хІалтІизарулел хІалихьатал ишазул махІ чІварал гІахьвалаз наибасе мутІигІлъунгут лъазабула ва Чавчавадзихъе цереккунги вакилзаби ритІун рукІуна. Гьале гъазават байбихьизе моцІалъ цебе гІахьвалазул наиб Къурбаница Шамхал наибасде 1877 соналъул 28 августалъ яги(1294 аб с. 22 ражабалъ) хъвраб кагъат. Гьениб бихьизабулеб буго жидер (гІахьвалазул) гъалатІ ккун батани тІаса лъугьайила, батичІони жидергун бугеб хІал хвей гьоркьоб къотІизе тейилан.

Шамхал наибас КІаратІа наиблъиялда ун буго 1859 абилеб соналъул декабралдаса 23.9 -1877 абилеб соназда гьоркьоб заман, гьеб 18 соналъул гІумруялда жаниб гьес гІахьвалазулгун дагІба-къец лъугІизе тун гьечІо мацІихъабазухъги гІенеккун. ЧІавчІавузихъе гІахьвалазул хІакъальъулъ гьес хвъарал кагътаз бихьизабулеб буго ахирги гІахьвалал гъазаваталде рахъине тІамун рукІин.

ЧІавчІавадзеца Шамхал Наибасде хъвараб кагъат хъвахъухъе лъолеб буго. ГІахьвалазул наиб Къурбан шагьидлъула, ГІахьвахъ жаниб ккараб гъазаваталда 28.10-1877 с.

Гьенивго шагьидлъула гъазаватальъул цевехъан Гъарагъазиги.

Имам Шамил асирлъуде ккун хадусаги магІарулазул къватІире рахъинал ккана. Гьенир ккарал гъазаватазде ва халкъалъл гІурус пачаясул зулму-хІалалде данде чІараб къеркьеял мерхьине ва пачаясул рахъ ккун цере рахъана цо тайпа, цебеккун жидеца имам Шамилие хъулухъ гьабулел рукІарал Наибзаби, нусил, азарил бутІрулги. Гьел лъугьуна халкъ къварид гьабизе, магІарулазе зулму-хІал гьабизе.Гьединазул цІакъго машгьуралги рикІкІун абурал гьал рагІаби ратана халкъалда гьоркьор кочІое ахІулел.

Купруялъе кумекчи Аргъванив Шамхал дибир
Шамилица квербакъун керен гІелмудал цІурав,
КІодо гьавун имамас наиблъиялда тарав
Сверун ун сардарасе хъулухъ гьабун хІалтІарав.
ТІинди-чІамалалъ наиб, ТІиндиса ГІараш герей
Гъазизаби гъуризе гІурус гІарада барав
МигІасдерил лъарахъе ункъого мурид чІварав
Гъодобариса Идрис гьениб хІетІе лъукъарав.

Тинаузил хъулухъчи КІаратІа Тавушилав
Шамил тезе кІвечІого Калугаялде вахъарав
Хадуб гІурус аскаргун ГІахьвахъе жанив вегьун
Гъазизаби гъуризе квербакъи жиндир ккарав.

ИсмагІил ГІинкъав-ЧІохъав,Болъихъа?
Парзула гІурус Даци, ГІахъушалиса ШагІбан,
Урахьиса муртаза, ЦІадахІариса Чарак
ГІурус патишагьасул чинал рекъараб къокъа

Купруялъул рахъги ккун гъазаватал мерхьарал
МухІамад Доногъонол, Геничукьа ИкІвачи,
Нуричо -ГІашилтІаса, Шамилил Хан нулГьазда

гьоркьов чангояв имамасда къвалбарав

Исламалъе къеркьарал гьанже шаригIат чIвалел
Бусурбабазде тIаде гумпар-къумбалат балел
ГIалимзаби кварид ран капурлъигун рекъарал.

1861 аб. соналъ ункъракьалда ккараб восстания.

Имам Шамил асирлъуде ккун хадубги Дагъистаналъул халкъалъул багъа-бачари гIодоб буссинчIо. Россиялъул пачаясул рагъулабгун гражданлъиялъул администрациялъ дагьабги тIадцуй гьабула магIарулазде.

Пачаясе хъулухъ гьабулел рукIарал Дагъистаналъул халкъалда гьоркьоса тарал чиновниказ шулаго ккола пачаясул политика, тIубанго магIарулал рагIиятлъиялъул низамалда чIезарула. Гьеб хIехьезе кIвечIел магIарулаз 1860 абилеб соналъ ГIанди округалъул Ункъракьалъул наиблъиялъул участкаялда Каракул - МухIамадил бетIерлъиялда гъоркь гьужум гьабула ТIинди участкаялъул рохьосан Приображинский шулалъи гьабиялъе цIул хIадур гьабулел рукIарал Куриналъул полкалъул лъабго ротаялъул лагералде ва чIвала кIиго офицерги 11 солдатги, гьединго лъукъула цо офицерги 5 солдатги. Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб генерал Лазаревас наиблъун Ункъракьалъул участкаялде витIула имам Шамилил хазиначилъун Калугаялда вукIарав КIара-тIаса Гъазиясуя ХIажияв, цадахъ I0 нукаргун.

Наибас генераласул рихьизариял кьуричIого тIуразарула ва кьварараб гIадлу лъола.

Жидер чIваразухъ рецIел босизе Лазарев гIедегIуларо ва наиблъиялла бугеб ахIвал-хIал мухIканго лъазабула. 14 июлалъ 1861 аб. соналъ Лазаревас жиндир бугеб къуват лъола Ункъракьалда Каракул -МухIамадил дагьалго гъазаваталде рахъараздe данде. Дагъистаналъул пехотный полкалъул 3 батальон гуребги иррегулярный рекIаразул дивизион, 400 чи Дагъистаналъуд милициялъул, 1600 чи гьоркьохъеб Дагъистаналъул росабалъа рекIаразулги.

Гьеб къуваталда кIвана ункъракьалъул къватIирерахъин лъугIизабизе 1861 аб. соналъул июль-август моцIаз. Ункъракьалъул халкъгун рагъизе арал рукIана гIемерисел бусурбаби.

1861 аб. с. («Кавказ» газеталъул № 66 номералда батухъе)

Из Дагестанской области: Горец Ункратлинского общества, Каракул-Магомед Хваршины собрав шайку злоумышленников в числе 5О человек 26 -го числа прошлого мая т.е 1860 года напал на лагер трех рот Кюринского пехотного Е.Н.В.В.К.А. полка, заготовляющих в Тиндинском обществе строевой лес для укрепления Преобреженского. Нападение это было сделано в то время, когда роты ушли на работу и в лагере остались только три офицера и около 30 нижних чинов. Воспользовавшись оплошностью людей, оставивхся в лагере и считавших себя в полной безопасности, хищники убили двух офицеров: поручик Вельяминов и под поручик Мирный и 11 нижных чинов и ранили одного офицера: в штабе капитан Чернышев и пять рядовых.

Происшествие это случилось в те самое время, когда Ункратли с другими обществами, лежающими по левому берегу Андийской койсу, отделялся от Терской области и поступал в состав Андийского округа, области Дагестанской. Генерал лейтенант князь Меликов, поручая устройства Андийского округа генерал - майору Лазареву предложил ему обратить особое внимание на Ункратлиискiй участок между жителями которого обнаружилась явное сочувствие к Каракул -Магоме, мечтавшее уже из разбойника сделаться главою возмутившегося народа. Ункратлинцы уже стали присягать на верность мятежнику, и он готовился вторгнуться в Аргунский округ, что бы соединится с находящимся там двумя разбойничьими шайками Умы и Атабая.

Занятый устройствам дел в Анди, Гумбете и Технуцале, генерал Лазарев отправил в Ункратль для занятия должности наиба Каратинского жителя Хаджияв (бывшего казначея Шамиля) Прибыв в Ункратль с десятью милиционерами. Хаджи - успел найти себе человек до 300 приверженцев между жителями, с этими небольшими силами старался противодействовать замыслам мятежников, число которых постояно возрастало.

Получив обстоятельные донесения о положении Ункратля генерал-майор Лазарев убавился в необходимости принять энергичные меры для подавления мятежа, а в случае нужды прибегнуть и к силе оружия. Кроме трех батальонов Дагестанского пехотного полка, дивизионо-иррегулярного полка и 4 сотен постоянной Дагестанской милиции, он собрал 18 сотен ополчения, составленного из значительнейщих жителей всех частей среднего Дагестана и в сопровождении всех наибов, ему подчиненных, двинулся в Ункратли. Единственная удобная для верховой езды тропа, ведущая в Ункратль по берегу Койсу, уже была занята, шайкою Каракуль -Магомеда. Другая же тропинка, проходяшая по вершинам Андийского хребта, до того неудобна для движения, что даже из туземцев одни только смельчаки рисковали по ней пускаться в путь, да и то не иначе как пешие. Генерал Лазарев решился двинуться по ней. Этим движением, главная необходимости пробиваться силою сквозь недоступные и занятые не приятелем теснины, он достигал еше и другой цели - отделял Ункратль от Чеберлоевских трушоб, в которых гнездится партия Умы.

Движение начать было 14 июля 1861 г. В главе колонны шли милиция на нее дивизион Дагестанского конно- иррегулярного полка и потом уже 3 батальона Дагестанского пехотного полка, с 4-я горными орудиями.

Затруднения, встреченны отрядом при трехдневном движении, были огромны и понятии без списания всякому Кавказцу, которому случалось ходить по пешим тропинкам Верхнего Дагестана. (Окажем только те, что колонна во время движения занимала в глубину около 20-ти верст; а горные орудие люди тащили все время на руках, хотя самые трудные места и были предварительно несколько исправлены Ункратлинским наибом Хаджи и его приверженцами. Партия Умы пыталось было воспрепятствовать движению и завязала престрелку в которой мы потеряли 7 человек раненных солдат: по попытка эти, как запаздалая, не имела успеха: Андийский хребет был занят и соединение мятежных шаек сделалось невозможным.

17.7.18 61 г. отряд расположился лагерем около озера Чабырь в нескольких верстах от аула Хварши, главного притона шайки возмутителя, Каракул-Магоми.

Появление русского генерала в войсками в таком месте где жители никогда не видивали даже ополчений Шамиля поразило диких ункратлинцев и чамалалцев: а присутствие в отряде всех почетных людей Дагестана явно показало им все ничтожество возмутителя их Каракуль-Магомы. По требованию генерал Лазарева, старшины волновавшихся обшеств немедленно явились в лагерь с просьбою о пощаде и таким образом, с первого же шага, шайка Каракуль- Магомы была разъединена с жителями, на которых она расчитивала. Несмотря на это, Каракуль-Магома со 150 человек решился однако защишатся в сильных завалах устроенных в нескольких верстах от лагеря. Генерал Лазарев объявил старшинам, что они не могут ждать от него никакой пошади; что вне их жилища и имущества будет уничтожены они сами не приведут к нему всех мятежников. Это угроза имела последствием то, что к течении 2-х дней все сподвижники Каракуль-Магомы были один за другим представлены в лагерь, кроме его самого, зятя его Магомы и еше 7 человек, решившихся не сдаваться, чтобы захватить и этих последних, генерал Лазарев послал за ними Ункратлинского наиба Хаджио-Карати Газияв огли, Телетлинского наиба пропоршика Муртазаали - Магомед огли и письмоводитель Гунибского окружного суда Магомед- Доногоно-огли присоединив к ним человек тридцать милиционеров. Послание проникли в самые завалы и там захватили начальника мятежа с его семью сообщниками.Так им образом и содействию благомыслящих жителей Дагестана волнение в Ункратле, начинавшее принимать довольно опасные и обширные размеры, усмирено почти без пролития кров.

Верно: (С. Эсадзе) Ц.Г.А Р/Д ф. п8, оп.1, Д 17, л. 1-2-3-4).

1863 аб. соналъ Закаталаялда ккараб восстания

Северияб Азербайджаналда чIарал магIарулазул ва падаразуя цо тайпа халкъалъул Гуржиязулгун гIурусазул ва Армениялъул тIадчагIазда кIола гIарац-меседалъ ва хъулухъалъ, гьединго хIинкъи кьун, гуккун христиан дин босизабизе. ГIемерал бусурбабаз исламалдаса инкар гьабизе байбихьула ва христианаллъун лъугьуна.

Гьелъул хIасилалда Закатала округалъул Белокани, Къабахчули, Закаталаялда сверухъ ругел магIарулазул багъа-бачари ккола ва восстания байбихьула христиазде данде.

Гьеб восстаниялъе бетIерлъи гьабула ЦIоралда жаниб цIар рагIарав бахIарчи, гIалимчи ва хIажичи МуртазагIали ХIажияс Закаталаялъул гъазизабигун 1863 абилеб соналъул май-июнь моцIаз чанго чабхъен гьабула пачаясул щулалъабазде. Христиан дин ва гуржи- армяназул мацI къабул гьабурал капурзабазулгун нахъаса къотIи гьечIеб къеркьей гьабула. КIиябго рахъалъе цIикIкIарал камиял ккола. МуртазагIали ХIажиясул гъазаваталда гьоркьор рукIуна гIахьвалазул Ахахдараялъул ва цойгидал бакIаздаса рачIаралги гIолохъаби капурлъигун рагъулел. Гьеб восстания чIинтIизабизе пачаяс буюрухъ кьола Дагьистаналъул губернаторасе. Ахтиялдаса

сверун аскар ва рагъулаб къуват битIизе Закаталаялде. Пачаясул гIемераб аскар шола гIаздал мугIрулги гирун 12 къоги нухда бан Закаталаялде.

Закатала округалъул бусурбабазул къватIир рахъин гIодоб буссинабизе Дагъистан областалда вугев командующий, генерал-адъютант князь Меликовасул буюрухъалда рекъон магIарулаздасанго данде гьабула Гъуниб хъалаялда 11.6.1863 аб. соналъ рагъулаб отряд. 12-даса 18.6.1863 с. багъарула кутакал гIаздал Дюльти-Даг, Гелмиш-Даг мугIруздасан Закаталаялъул щулалъиялде щвезегIан 20.6-даса 26.7-1863 с. щвезегIан заман бахъана гьеб отрядалъ ХIажи МуртазагIалил восстаниялде данде рагъулаго, гьеб отрядалъе командирлъи гьабула ЧIавчIавадзеца ва 27.7. 1863 аб соналъ тIад руссуна Дагъистаналде ва отрядги биххизе биччала.

Гьеб къуваталде дандечIей гьабизе бусурбабазул хIал гIоларо ва МуртазагIали ХIажиясул бо биххула живго мугIрузул рахъалдехунлъутун ворчIула. Бицен батIи-батIияб буго: цояз абула гьесие вахчизе бакI швечIого капурзабазул квершаликье ккун Сибиралде витIанилан цойгияз кодов шун гIурусаз кварида ван гъанкъанилан.

Восстания къун хадуб гIахьвалазул лъабгояв Сибирь къотIун ритIун руго.

Восстаниялъе нухмалъи гьабулев вукIарав анкьгояв кварида ван гьанкъун вуго, гьезда гьоркьов кIиго гIахьвалавги ккун вуго. Загъаласул ГIалиги Камалил МухIамадги. (Архивалда батухъего)

**Муртузаали Гаджи**

Восстание в Закаталах возглавляет Муртузаали Гаджи I963 г.

Муртузаали-Гаджи считался в Закаталском округе известным отважным героем. В его время некоторая часть мусульманского населения приняла христианство и опираясь на русскую власть и гордясь своей новой религией, нанося тем самым обиды Мутузаали-Гаджи и закаталинцам, чем между ними была вызвана вражда друг к другу.

Поэтому Муртузаали-Гаджи, посоветовавшись с передовыми закатальцами, решил воевать с русским царем, на которого опирались его противники. Большинство закатальцев также согласились с этим решением. Для ведения дел выбран главой Муртузаали-Гаджи.

Принявшие христианство закатальцы перебрались в русскую крепость. Муртузаалы-Гаджи сделал набег на крепость, завязался бой, в котором обе стороны потеряли много людей, но взять крепость не удалось и мюриды вернулись обратно. Муртузаали затеял бой с руссокими и в других местах. Спустя два месяца на мюридов двинулась с Ахтынской стороны большая сила русских войск и через снеговые горы конные дагестанцы и милиция из Темирхан-Шуры» под командой какого-то генерала, под натиском коих Муртузаевцы вынуждены были укрепиться в своих аулах, осажденных русским». Муртузаевцы чувствовавщие свою слабость и неспособность удержаться перед силой русских, разбежались по домам, а Муртузаали-Гаджи бежал в горы и скрывался около месяца.

Дальнейшая судьба его осталась темной: одни рассказывают, что не найдя нигде убежища, он вынужден был сдаться русским и был выслан в Сибирь, а другие

- что он был повешен русскими. Многие, участвовавшие в бунте закатальцы были задержаны и семеро из них, как главарей восстания, были повешены. В походах для усмерения возмущения в Закатальском округе, в составе отряда собранного под начальсвом командующего войсками Даг. области генерал-адъютант, князя Меликова, при сборе отряда в Гунибе с 11/VI -1863 г. и командовал Н.З. Чавчадзе.

С 12 по 18/VI -26/VII-1863 г. движении отряда через снеговые горы Дюле-Даг и Гельяши-Даг в укрепленном Закатали, с 20/VI- по 26/ VII-1863 г. движение отряда по наказанию жителей в поисках зачинщиков возмущения Хаджи Муртазаали и в обратном выступили в Дагестан - роспуск отряда - 27/VII - 1863 г.
(из автобиографии Н.З.Чавчадзе).

## Ункъракьалда 1871 абилеб соналъул восстания.

Пачаясул хIукуматалъ къойидаса-къойиде къварид гьариялъ халкъалъул ццин бахъи цIикIкIуна пачаясул наибзабазда чиновниказда цойгидалги пачаясе хъулухъ гьабулелщиназда.

Ункъракьалъул язихъаб халкъалъул хIал гIоларого лъугьуна пачаясул администрациялъ тIад лъураб налог бецIизе, налог кьечIони рачIун наибасул нукарзабаз рокъоса чара гьечIеб партал-цIарагIги яги бокьоса боцIи бахъулаан.

Унткъракьалде 1860 абилеб соналъ наиблъун витIарав кIаратIисев наиб Гъазиясул ХIажияс областалъул губернаторасул амру тIубалаго Ункъракьалъул халкъалда лъазабула щибаб цIаракиялъ цо-цо гьурущ пачалихъалье налог кьезе кколилан, халкъалъ инкар гьабула наибасуя амру тIубазе ва гьенир Ункъракьалъул росабалъа рачIарал жамагIаталъул вакилзабазулги ХIажиясулги дагIба ккола ва гьев чIвала 1870 абилеб соналъ ТIаса Хъварши росулъ, гьев рештIараб минаялда цIаги лъун.

Гьеб лъугьа-бахъин хехго рагIула Дагъистаналъул рагъулгун гражданлъиялъул управлениялъул начальникасда ва ГIанди округалъул начальникасдаги.

1871 абилеб соналъул июлалъул 8 абилеб къоялъ ГIанди округалъул начальникасул жигаралдалъун Дагъистаналдасаго данде бакIарула рагъулаб къуват щибав наибасул бетIерлъиялда гъоркь, гIицIго ГIанди округалъул начальник гурони христиан диналъул чиги вукIунаро нахъиял тIолго Дагъистаналъул бусурбабаздаса данде бакIарараб гьеб къуваталъ Ункъракьалъул росаби 20 сордо-къоялъ жанир сверизарула ва гьезие гьабизе инжитлъи хIакъирлъи толаро, хиянатаб къотIи-къайги гьабун ХIоцоса Доногъолил МухIамица цIунтIал гуккула ва ракълидеги ахIун цIуяб, бихьинаб, лъимер батIа гьабичIого гъурула, гьелда лъугIула I67I аб. соналъул восстания. Гьеб иш гьабурал гIадамал рукIуна киналго Дагъистаналъул бусурбаби абулел пачаясе хъулухъ гьабулел чагIи.

Восстаниялъе бетIерлъи гьабулев вукIарав Курагул-МухIамаги вакьадги ва гьезда цадахъ рукIаралги кверде уна. Гьел кверде унел заман букIуна цIакъго цIорораб. Курагул-МухIамаги гьесул дурцги Сибиралде ритIула нахъиял рокъо-

рокъоре риччала. Гьедин лъугIула 1971 аб. соналъул Ункъракьалда багъарараб восстания.

(МухIканлъиялъе Урмаса ИсхIакъил тIехьалдаса цо бутIа)

Восстание ункратлинцев – 1871г.

Царскими властями было приказано Ункратлинскому наибу

Гаджияву из Карата собрат с каждого двора по 1 рублю налога, при чем рубль тогда составлял для бедного хозяйство значительный капитал и платить его не было в силах, почему ункратлинцев не привыкщих платить налога,возникло недовольство власти и скрытый ропот. У них возникло мысль не подчинятся царю, не платить ему налога, нарушить с ним мир и воссстановить у себя шариат, но это мысль они держали до поры до времени в тайне. Однако нашлись подлецы, которые обо всем этом передали наибу Гаджияву. С целью рассеять антиправительственное брожение в Ункратлях, задержать оттуда передовых людей и напугать народ, наиб Гаджияв отправился к ним и остановился в одном селе и что бы узнать цель его прибытия несколько аулчан пошли к нему. Гаджияв относься с ними настолько грубо, что делегатам было тяжело слушать его выражения и народ не вытерпел его хамского обращения к себе они вздумали убить его. Почувствовав намерение дел делегации, Гаджияв встал и оставив делегацию, переехал в другую комнату. Не успел он войти в комнату, как один из делегатов произвел на него выстрел, легко ранив Гаджиява в палец. Не успев обратить внимание на рану, Гаджияв стал крычать: "Что вы делаете, хотите меня убить и думаете, что обойдетесь без наказания убийством меня вы ничего не выиграете и все ваши действия по отношению ко мне даром не пройдут, это поведет вас на большую беду. Я же вам давал наставление для того,что бы вам не пришлось отвечать за ваши грехи и что бы вы не шли на саморазорение . "

Гаджияв всячески старался успокоить делегатов и избежать каковых последствий, но безуспешно, ибо ункратлинцы не послущали его и подожгли дом, где ютился Гаджияв, который вынужден был выйти наружу, и в этот момент он был зверски убит делегатами народа. Узнав о случившемся начальник округа приказал наибам без отлагательно выставить всех мужчин конных и пеших,мобилизовав всех их начальник округа отправился в Ункратль и окружил все аулы, при чем среди всех один сам начальник являлся христианином, остальные все были мусульмане. Осада аулов продолжалась 20 суток. Начальник округа видел,что в виду плохих дорог взять аулы силою невозможно, поэтому он отправил к восставшим наиба Карагул-Магомеда с некоторыми представителями, с заданием призвать их к порядку и успокоить,обешав выполнить все их требования. Между делегациями обеих сторон происходило совешание,на котором Доногул-Магомед призывал восставщих успокоится, обешав им все уступки правительства, поклявщись им, что никакого вреда русские им не сделают и ни в чем не обманут и обешав лично поддержать свой слова.

Глупые восставшие поверили клятвам и словам Доногул-Магомеда и решили повиноваться. Тем временем начальник округа, имея сведения о результатах между

частью восставших, направил на них свой отряд, разгромлявший аулы, грабивший имущество, снимавший с женщин и детей золотые и серебрянные украшения и всячески насильствовавший народ, без помощным населением. Насилия отряда начальника над несчастным Ункратлинским населением были настолько жестки, что даже враги их сожалели бы их: женщины бросились в реку,обвязав глаза своими платками и захватив с собой своих детей, девушки, расставались с родителями, кончали с собой, дети в поисках погибщих родителей рассеялись всюду и умерли, находясь без помощи, не мало беременных женщин выкинуло со страху своих зародыщей и т.д.

Инициаторами всех этих насилий и бедств были так называемые мусульмане Дагестана.

Н.З. Чавчадзе в своей автобиографии пишет, что командовал Ункратлилинским отрядом, собранным для подавления возмущения в Ункротлинском наибстве, при движении частей войск и милиции от селения Ботлиха в Ункратли и обратно с 20/XII-1871 г. Во время действия сего отряда были следущее дело и перестрелка.

Дело с мятежниками у Акваринского ущельяи преследование их 29-го и 24-го октября, перестрелка близ селения Сильди, Нижние и Верхние Хъварищи и Митрада 29/X, преследование мятежников и перестрелке с ними, близ деревни Ага-юрт. 31/X – перестрелка с мятежниками при селении Хушет 14/XI и преследование с 14-по по 26/XII- 1871 г.(Ц.Г.А., РД. Ф.2, оп. 1, А127.)

## 1877 абилеб восстание къеялъе гIиллаби

I. Аслияб гIиллалъун букIана Чачаналъгун Дагъистаналда 1877 абилеб соналъ восстаниялъе халкъ къватIиб бахъиналъе – турказ Россиялъулгун рагъ байбихьи ва Турциялъул магIарулазул аскаралъул командир Шамилил вас Гъази-МухIамад Пашал кагъат – 1877 аб. соналъул 10 аб. сентябралъ гъази-гъумекисезул базаралде бачIараю халкъалъе цIалараб. Гьеб кагъталда букIуна хъван турказуз аскараз гIурусазда тIад босун бугеб бергьенлъиялъул хIакъалъулъ ва дагъистаниязул турказул аскаралъ гьабизесеб кумек-квербакъиги гьединго жив аскаргун къватIив вахъине хIадурлъун вукIинги баян гьабун.

2. Россиялъул зулму-хIал чIалгIарал дагъистаниял хIадурал рукIана бокьараб къоялъ пачаясул хIукуматалде данде рахъине хIакъикъияб эркенлъиялъе ва шаргIияб гIадлу-низамалъе гIоло жидер бутIрул кьезеги. Ахириял соназ хIежалде арал дагъистанияз къотIи гьабун букIуна турказгун цадахъ рекъон гIурусазде данже восстаниялъе рахъине. Гьеб лъарав пачаясул Дагъистаналда вугев губернатор ЧIавчIвадзеца хIукму гьабула хадурккун Дагъистаналдаса 50 соналдаса тIадехун ригь арал бусурбабаи хIежалде риччачIого тезе.

3. Халкъ къватIибе бахъине хIадурлъулеб букIин лъарав Гъази-Гъумек округалъул начальник Чемберица балъгого амру гьабуна восстаниялъе рахъунезул сияхIал гьаризе ва пачалихъалъе заралалъе къеркьезе щаклъи бугелщиназулги ва халкъалда гьоркьоб жидер къадру-къимат билълъанхъаралщиналги хIисабалде росизе. Халкъ восстаниялде ахIизе щаклъи бугезул ва къватIире рахъиналъе

данделъаби гъарурал гІалимзабазул, церехъабазул цо бутІа Сибиралде – Архангельскиялде ритІунги рукІуна чачаназулги Дагъистаналъулги халкъазда гьоркьоса.

4. Цо бутІа ханзабазул хъизамаздаса гІурус пачаясе хъулухъ гъабулел рукІараздасан наибзаби, офицерал восстания гъабулезул рахъалде рачІуна жидеца хадубккун жидерго вилаятазда ханлъи боси мурадалда наиблъи-чиналги рехун тун.

5. Гъединан Чачаналъулги Дагъистаналъулги халкъ цолъула «ХІуриятаалъе» гІоло.

6. ГІурусазул хІукуматалъ бусурбабазе гъукъула шаригІаталъул кьучІалда жидер къисмат тІубазе, магІарулазул сабру лъугІизабун букІуна намусалъульги гІумру гъабиялъульги.

7. Дагъистаниязул язихъаб бетІербахъиялъги, гІурусазул щибаб къойидаса-къойиде къвакІизабулеб бугеб законалъги ва пачаясул хІукуматалъ халкъалдаса рахъулел налогазги мухь кьечІого гъабизе тІамулеб бугеб захІматаб хІалтІиялъги, исламалдехун гъезул бугеб квешаб балагьиялъги чара гьечІолъун ккола магІарулал пачаясул хІукуматалде данде яргъидалъун гІуцІараб къватІир рахъин гъабизе.

Халкъ къватІибе бахъуна. «Заман щвана нилъее рорчІизе: бергъенлъи яги хвел». Чемберица цебеккунго балъго хІадур гъарун рукІуна 600 рекІарав восстаниялде рахъунелгун рагъизе жиндирго помощник Муса Къадиевасул ва ГІабдулмажид Сурхай Хановасулги кумекалдалъун. Ахирги Гъази-Гъумекиб округалъул начальник Чембер чІвала ва дагъистаниял гъазваталде рахъуна.

**ХІажи –Гіалил лъималазул тухумазул**
**хІакъалъул кодор щварал баяназул хІакъикъат:**

Дагъистаналде Шамалдаса Сайид-ГІалихан- ШапигІиясул лъимал гьижраялъ рачІиналъул ва ХІажи- ГІали гьесул наслу цІехон Дагъистаналде вачІиналъулги хІакъалъулъ Аргъваниса ГІабдулхІалимил вас ГІали Хіажияс гьимруялъул 1289 соналда хъвараб тарихалдаса гІарабалдаса буссине гъабураб. Сайидд-Гіалихан - ШафигІияв вукІуна Шамалъул – (Сирия) Дамаскъаялъул хан, жиндаги мутІигІлъарав тІолалго Шамалъул ханзабиги рагІи билълъаралщиал гІадамалги, гІалимзабиги. Сайид-ГІалица ханлъи гъабун букІуна жиндир гІумруялъго ва гьев хун вуго 100 соналде гІумру бахарав чи.

Сайид-ГІали-хан – I хун хадув Шамалде ханлъун ккун вукІуна Шамалдаса ХІасанил вас ГІумар. Сайид-ГІалил лъимал: Абуханги, Рашидханги, ХІамзатханги ва нахъиял гІисинал лъимал руччабиги гочуна Къагъизман абураб бакІалде, цІи ккарав ханасул тІад цвеялъул хІалалъ, ай къварид гьаризе лъугьиналъ. Гьенив хола гьезул бищун гьитІинав вац ХІамзатханги. Гьев хун хадур гьел гочуна Аризман абулеб бакІалде, гьениб цо-кІиго сонги бан гьенисанги гочуна ХІалабур абураб бакІалде, гьенив гьезие Басхан абурав васги гьавула. Гьеб жалго рещтІун рукІараб бакІалда Абуханги хола 90 сон барав чи.

Цинги Басхъаналдаса рахъун уна Нахшу абулеб бакIалде ва гьенив Шамханил Сайид-ГIали-II-се Аргъун цIар лъурав васги гьавула ва гьесул цIарги лъуна гьеб гIоралдаги росдадеги. Шамхан живго Нахшу абураб бакIалда чIана.

Абуханил васасул вас Шамханил васас ХIамзат II -лес бицухъе, Сайид-ГIали-II – абилесул вас Аргъун тун вуго МухIибтIогь абураб бакIалда ва гьеса цадахъ Абуханил вас Пахрудинги, гьез гьениб 10 соналъ гIумру гьабула. Гьенисан гьел рахъуна свера-тиризе Аят абураб магIарде, гьениб лъикIаб ракьги батун хIукму кколо гьев кIиясулго рукъзалги ран гьенирго чIезе. Аргъун гьенив тана минаги бан, Пахрудин тIад вуссун Нахшуялде ХIамзат- II -лесде аскIове рещтIуна.

Доб заманаялъ кIиго гурони букIунаро гьеб бакIалда росуги: Фуруллагьги Аргъунги, гьенир чIаралги рукIуна КъибтIий абураб Хайбаралъул агьлу.

Гьеб заманаялъ загьирлъула Суракъатги гьесул вац Къагьирилги Аваристаналда ханлъи гьаби, гьез ханлъи гьабуна 112 соналъ (гьаниб къокъго хъвана).

Гьеб лъугьа-бахъинги хъвана жинцаго Аргъуница. Аргъун абураб цIарги гьелдаса бачIараб бугилан хъван буго. Гьеб заман щвезегIанго ислам тIибитIизабиялъе гIоло гIемерал рагъал ккана.

Аргъвани росу жидеца гIуцIарал Шамалъул хан Сайид-ГIалил агьлуялдаса ккола ХIасан-1-сев.

Аргъунидаса ХIасан-1-сесде щвезегIан гьоркьор рукIарал умумул лъазе кIвечIо, гьезул хIакъалъулъ хабар къокълъун буго, Аргъунида ва гьесул насибалъул хадусеб гIелалъул къисматалъулги бицунеб буго ХIажи-ГIали Шамхаласдасан байбихьун.

ХIажи-ГIалил эмен вукIуна ХIасан-1-сев, гьесул вас ХIажи ГIалил гурони нахъияб гьесул агьлуялъул бицараб бакIалде тIаде ккечIо.

ХIажи-ГIали 1-сев гьавун вуго Шамалда гIага-шагарго 1420 абилел соназ ва хун вуго 1510 аб. соназ. Гьев кколев вуго Сайид-ГIалил ханасул 17 абилеб рижилъун. ХIажи-ГIалица хIежгун гIумра тIубан хадубги Маккаялда бан буго 2 сон. Гьенисан тIад вуссун Шамалде щола ва гьенибги цо сон бала.

ХIажи -ГIалица цIех-рех гьабула Шамалдасан гьижра гьабун ватIан тун къватIирехун ккеялъул къисмат кин ккарабали жиндир агьлуялъул кIудиясул – Сайид-ГIали-ханил лъималазул.

ХIажи-ГIалида хIакъго баянлъула Абуханги, Рашидханги, ХIамзатханги 100 соналде гIагарун Шамалъул ханлъун вукIарав Сайид-ГIалил лъимал Тахшуваналдаса къватIире рахъараллъи, жодер эмен хун хадуб Аллагьасе гIоло гьижра гьабун капурзабазул ханзабазе мутIигIлъиялдасаги хIинкъун гьес хIаракат бахъула гьезул лъалкIалда хадув речIизе. Гьаб кагътиде босун буго гьижраялъул 1075 аб. с. христ. 1660 аб. соназ.

ХIажи-ГIали Шамхвалил рукIанин хъвалеб буго 5 вас: Гъайтулав, (Гъамбулат), ХIасан, ХIусейн, Гъарагъазияв, ва Мусаги. Лъимал балугълъилалдего ХIажи-ГIали-Шамхваллъун къабул гьавула багвалазул, чIамалазул, ва гIахьвалазул къавмаз ва гьесул кIудияб къадру-къиматги гьабула. Церехун ислам дин тIибитазабизе щварал Мерванил, Тимурил, Абумуслимил ва цогидалги ислам-шаргI билълъанхъизабизе

рачIаразул къагIидаялдасан тIубанго батIияб букIуна ХIажи-ГIалил исламалде гIадамал цIаялъул нухги.

ХIажи-ГIалица щибаб росулъ вакил чIезавула халкъалъе ислам-шаргIалъул хIакъикъат малъизе ва бичIчIизабизе, гьес чIахIиял росабалъ жамагIат данделъизе мажгитал, диналъе рукъзал рала ва иман-исламалъул кьучIал малъула ва гьел тIураялъе шаргIияб гIадлу лъола.

Исламияб дин ва шаргI билълъанхъизаби гуребги ХIажи-ГIалица рагIиятаздасан ва жодоего бокьун дин къабул гьабураздасан хасаб къокъа гIуцIула.

Гьеб аскаралъул мурад букIуна жиндир мутIигIлъиялда ругел къавмалъул ракьул гIорхъи цIуни, рулелгун къеркьей, тушбабаздасан жинца ханлъи гьабулел къавмал цIуни, сверухъ ругел къвамазул ханзабаз зулмуялъ, хIинкъи кьун тIалаб гьарулел магъало-налог кьун гуребги ХIажи-ГIадил ритIухълъиялъулаб гIадлуялъе ва гьесул халкъалдехун бугеб рокьиялъги гьел къавмаз гьесул амру буйрухъ тIад калам гьечIого тIубазабулаанила.

1460 аб. соназдаса байбихьун хундерил ханзабазе кьолеб магъало-налог гьоркьоб къотIула XVIаб. векалъул авалалде щвезегIан ва хундерил нуцал Булачилгун гьел къавмазул гьоркьоблъи хола.

Хундерил нуцал Булачил мутIигIлъиялде кколеб букIараб гьидерил анлъабго росдаца Булачие кьолеб букIараб магъало ХIажи-ГIали-Шамхвалас босула, XVI аб.векалъул авалалде щвезегIан, гьединго Авар гIурухъан даран-базаралъе Гуржи-ЦIоралдехун хьвадулезухъанги нухлул хIакъ ХIажи-ГIалил Шамхваллъиялъе кьолеб букIуна.

Гьеб гIадлу къабуллъичIел хундерил нуцал Булачицаги Гьидерил цевехъан Мучиласги кIиябго къавмалда гьоркьоб балъгояб къотIи гьабула цадахъ рекъон хIиладухъ ХIажи ГIалил милкалде – яги Хвачадуласул щулалъи бахъизе гьев гьев тохлъараб заманги балагьун.

Цебеккунго хвачадуласул щулалъиялда ругел рагIиятазул цоясулгун къотIи ккун букIуна гьидерил къавмалъул церехъабазулгун ХIажи-ГIали тохлъараб заманаялъ ишара гьабизе халатаб гIералда тIад чIегIераб ретIел хезе ХIажи-ГIалил бищун борхатаб сиялда.

Севериял гIахьвалазул росабалъ ХIажи-ГIалиги гьесул бодулалги ХIапури габурлъухъе щвелалде гIадин гьидерилги хундерилги цадахъ рекъараб боялъ чабхъен гьабула Хвалчадуласул щулалъиялде – «Хвачаде» – «Хучаде». ТIад руссун щварал гIахьвалазулги гьидерилги хундерилги боязда гьоркьоб кутакаб рагъ ккола ва гIемерал биялги тIола, кIиябго рахъалъул.

Цебеккунги чанго нухалъ гьидерилгунги хунздерилгунги

Кьалал ккун рукIуна гIахьвалазул ва гIемерчи чи хун вукIана цо-цазул.

Ракълие гьоркьор лъугьарал сверухъ ругел къавмазул жамагIатаз, хIукму гьабула, гьидерил къавмалъе чанго нухалъ гIахьвалазул чабхъеназ чIахIиял заралал ва гIахьвалаздасан гIемер чиги накълулъун вукIинаги хIисабалде босун ХIажи-ГIали маликаб «РакIвакь» ва «Хвалчадуласул щулалъиги» АваргIорухъе щвезегIан бугеб ракьги гьидерие диятальe тезе Гiесдерил, Лъанусезул, цIекIосезул ракьусезул ракьаздасан цо хIетIе тIад чIараб бакIги кьечIого тезе. Гьеб ракь ХIажи-ГIали

Шамхвалие щун букIана Ислам тIибитIун хадуб гIахьвалазул къавмалъул ракъал рикъулаго. Гьеб иш ккола 1490 аб соназ.

ХIажи-ГIалил бищун кIудияв вас (Гъайтулав) Гъамбулат паракъат гьавун вукIуна ТIинди росулъ, хадусев ХIусен, чIамалазул Гьигьалъ росулъ, лъабабилев бищунго гьитIинав Муса багвалазул Хуштатада росулъ, ункъабилев ХIасан гIахьвалазул Кванкъеро авалалде, щуабилев Гъарагъази абулев КIудиябросулъ. Щивасе жал чIарал бакIалдаса ригьинги гьабун ракьалги кьун, щивасе 3-4 тIалаялъул минаби-сиялги ран рукIана ва гьезул мина-рукъалда аскIорго мажгиталги рала.

ХIажи-ГIали Шамхваласда кIвана 2-3 –го соналда жаниб гIахьвалазул, багвалазул, чIамалазул халкъ исламалде цIазе ва даималъего христианазул динги гьел къвамазда гьоркьоса лъугIизабизе.

Гьел къавмазул халкъ букIуна исламияб диналъулъ нахъе караб ва тIубанго исламияб дин къабул гьбичIого хутIарабги ХIажи-ГIали гьел къавмазде рештIинегIан.

Исламияб дин малъиялъул ва халкъ иманалде цIаялъулъ ва зулму-хIал гьабичIого бичIчIи кьеялъул нухалдалъун гьабураб хIалтIиялъул хIасиллъун ккола, къокъабго заманаялда жаниб христианазул диналъулъ релъарал мугIрузул кIкIалабахъ гIалхуда чIарал чанго батIияб мацIалъ кIалъалел къавмал исламияб диналде цIазе кIвей. ХIажи-ГIалил васалги лъугьуна щибаб къавмалъе исламалъул церехъабилъун. Дагъистаналда Совет власть бергьинегIанги, гьезул наслабаздасан рукIуна гIалимзаби Гьигьалъа ХIусенил МухIамад ТIинди, Денга ХIажиясул, Хуштатадаса ПирмухIамадил ХIусейн, ГIали-ХIажил, КъурамухIамад, ГIалил МухIамад, ГIахьвахъа ХIасанил ГIали-ХIажияв, гьесул вас ХIусен Дибир-ХIажи, КIудиябросулъа Гъарагъази гьесулги лъимал Муса-ХIажи, ХIасахан-ХIажи, гьел гурелги гIемерал руго гьезда цереселги. Ратизе руго гьабсагIатги ТIиндиги цогидал росабалъги Шамалъул Сайид-ГIали-ханасул насабалдаса раккарал динул исламалъул байрахъ борхарал гIалимзабиги хIажизабиги. Жив Аллагьас кIодо гьавеяв ва нилъее жиндир баракатги щваяв ХIажи-ГIалида гIахьвалаз абулеб тIокIцIар букIун буго «КъвечIала» – вилан. Авар мацIалда гьелъул магIна ккола «Хвалчадулав» абураб.

Гьеб тIокIцIар ахIиялъеги гIилла букIун буго, цIакъго исламалде ва шаргIалде мутIигIлъуларого лъугьаразе гьес хIинкъи кьолеб букIун буго хвалчадул гIоркьалде хехго квер бегьун. ЦIакъго гIассилъаразде хвалченги хIалтIизабулеб букIун буго.

«Хучада» абураб цIарги гьеб хвалчен гьоркьоб ккун лъураб цIар букIун буго хвалчадуласул щулалъи бахъун хадуб гьениб гьидерил 6-го росулъан дияталъул ракьалъул бутIа щвараз росуги бан буго.

ХIажи-ГIали Шамхваласул васалаздаса хадубккунги диналъул ва къавмалъул церехъабилъун хутIана:

1) ТIинди-Гъайтулазул – гьезул наслуялъул хадурккун нилъела лъалел-рагIараздасан ккола Денгал-ХIажияв жинцаги цебехъанлъи гьабурав тIиндадерилгун Ункъракьалъул халкъалъе ва Гуржиязул пача Иракли II абилевгицин жиндир цIобалда ккарав кутакав бахIарчи ва гIалимчи.

Гуржиялъе гъарурал Ункъракъалъулгун Дидоялъул чабхъадулазулги ихтияр жиндир бугев. Ираклий II - ес къотIи гъабула Денгал -ХIажиясулгун чабхъадулал Кахетиялде гъукъиялъул хIакъалъулъ ва гъесие лъагIалие кьезесеб харжалъул къадарги чIезабула.

МагIарулаз гъоркьоса къотIи гьечIел чабхъенал гьарун гуржиязул ясал-лъимал, гIи-боцIи- рукъалъул къайи – буголъи хъамун къварид гьарулел рукIуна, 17-18 ва 19 абилеб векалдаги. Бищунго цIар рагIарал чабхъадулал рукIун руго: КIаратIаса Къурбан, ГIахьвахъа Гожо ва Мусал ГIадалав, Дидоялдаса Жабо, Къарахъа ГIусман Къади ва цойгидалги. Гьел чабхъадулаздаса гуржиял хвасар гьаризе къотIи букIуна Денгал-ХIажилгун гуржиязул княз Ираклий II – лесул.

2) ЧIамалазул – Гьигьалъ рещтIуна ХIажи-ГIалил ХIусейн абурав бищун кIудияв вас ва гьесул наслуялъул хадурккунги Дагъистаналда цIар рагIарал гIалимзаби лъугьуна ва гьез гIицIго чIамалалъ гуребги ТIехIнуцалалъ, ЧIарбиялъ ва цойгидал росабалъги ислам-шаргI щула гьабула, мажгит-къулгIа бала ва халкъ исламалъулъ щула гьабула.

ХIусенил МухIамадица хъвараб ккола кIудияб мавлид, «МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) хвалчадул паркъи» ва «МаватIинул инсан» абурал тIахьалги.

3) Багвалазул –Хуштада паракъалъула ХIажи-ГIалил бищун гьитIинав вас Муса. Гьесул наслуялдаса ккола кIудияв гIалимчи ПирмухIама-ХIажи ва гьесул вас гIалимчи тIарикъаталъул устаз Шайих-ХIусейнги. ПирмухIама-ХIажияс къимат кьураб ккола. Гьигьалъес хъвараб кIудияб мавлидги. Гьезул наслуялъул динияб силсил жеги лъугIун батиларо.

4)ГIахьвалазул –Кванкъеро росулъ паракъат гьавула ХIасан абурав лъабабилеб вас ХIажи-ГIалица. Гьесул наслуялдаса ккolaан ГIали-ХIажи – I сев. Дагъистаналъул имам ГъазимухIамадида цадахъ Гъазигъумекив Жамалудин устазасухъ цIалулев вукIарав  хадувккун имамасул къадилъунги вукIарав, Таргъуялда харил рукъ кьвагьун беццлъун хутIарав.

Гьевго ГIали-ХIажил вас ккола Кавказалъул динияб идараялда муфтилъун Тифлисалда вукIарав 6-го нухалъ жинца хIежги борхарав 1849 аб. соналъ ГIанди данделъараб бусурбабазул мажлисалъ Шамилил Шураялде къадилъиялъул хIалтIудеги вищун вукIарав ХIусейн –дибир-хIажи. Тифлисалда муфтилъун вугев мехалъ мартиросянцил типографиялда лъабабилеб нухалъ печаталда биччалеб буго гьаб бетIералда гъоркъ гьесул статья.

Хадурккун гьесул кIиявго васги гIалимзаби рукIарал.

5) ГIахьвалазул –КIудиябросулъ паракъат гьавун вуго –Гъара-гъази.

Гьесул лъималазул лъималаздаса ккола 1813 аб. соналъ ТIаса Чирюрталъул ракьалда  капурзабазде данде вагъулаго шагьидлъарав шайх ХIажи-Муса, гьединго 1877 аб. соналъул 28 октябралъ. Зоно ккараб гъазаваталда шагьидлъарав Гъара-Гъазиги.

Гьеб 1877 аб. соналъ букIараб гъазаваталъе багвалазул, чIамалазул, гIахьвалазул боязе бетIерлъи Гъарагъазица гьабуна ва КIаратIа наиблъун вукIарав Гъази Гъумекисев Халилов МухIамадги ва гьесул командаялда гъоркь рукIарал

капурзабиги гъураравги гьев ккола Гъара-гъазил рукIуна лъабго вас ГIумар-хIажи, Муса-ХIажи, ХIасан-хан-ХIажи, лъабавго хIежги борхарал лъикIал гIалимзаби.

ХIажи-ГIалил лъималазул наслуялъ кIудияб кьучI тIамуна гIахьвалазул, чIамалазул ва багвалазул къавмал исламалде цIазе гуребги гьезие хъвай-цIали лъазабизе Бакъбаккулгун ГIагараб Азиялъул культура-гIелму тIибитIизабизеги.

Гьезул кумек-баракаталдалъун рахъана гьел къавмазул халкъалдаса гIамал-тIадбир лъай бугел рикIкIен гIемерал гIалимзабиги, устарзалги, шайихзабиги.

Гьаб баяналда къокълъун кколаро ХIажи-ГIали-Шамиясул насибалъул калам, Дагъистаналъул мугIрузул къилбаялъулгун бакъIерхъун рахъалда гIумру гьабулеб чамго къвм исламалда щула гьабурав кIудияв гIалимчи ва МухIамад (с.т.гI.в.) аварагасул инсул вац Гіабасил ХIажи-ГIалил наслуялъул къисматалъул хIакъалъулъ хасаб каламалъе бакI тела лъикIалан цIех-рехги гьабун тIубараб къисса хъвазе хадур гIун рачIулез.

Босунги кьибилалъул исан Аллагьас сабаблъун нилъее ислам шайхасул тарих. Иманалда нилъер умумал цIаравкIудияв

Цебеккун дин билълъанхъизе гьабизе рачIарал Мерванил, Тимурил, Абулмуслимил къокъабаз зулму-хIал гьабун мегIер-гIалахалде тIурарал гIахьвалаз хIинкъи гьечIеб бакI тIаса бищун кулабазда ран гIумру гьабизе байбихьула. ГIахьвалазул тIолалго росабиги рухIун халкъ гъурула, магIишаталдаса тIубанго ратIалъула. Росаби кулабазде сверула.

Гьединан цереккун росабиго рукIинчIел гIахьвалазул югалда Ригьалазул (Ракьуб), ЦIегоб, Лъануб, Лологъонилъ росаби гIола, Севериял гIахьвалазул ракьалдаги, Кванкъеро, ЧIанди, Кьурукь 30-40 цIараки бугел авалал лъугьуна жиде-жидер наслабазул. Цереккун росаби рукIарал Зоноб, Гъаштода, Ассехъ ракьал чIобоголъула ва гьенир рукIаралги Самикь, Дечига, Жулилъача ва цойгидалги жиде-жидер наслуялъул авалал гIуцIула.

1460-70 абилел соназ гьел кулабазул халкъ росабаздего данде ракIариялъул хIалтIи тIаде ккола ХIажи-ГIалида ва гьесул васаладдаги. ХIажи-ГIали тархъула байбихьуда Кванкъеро росулъ ва росдал байбихьул ахада, ай росулъе лъугьунеб нухлул кIалтIа жиндиего 4 тIалаялъул си хIисабалда мина бала ва гьенив ХIасан абурав васги паракъат гьавула.

КIиабилев вас Гъарагъази абулесеги КIудиябросулъ лъугьунеб кавудахъго 4 тIалаялъул Кванкъеро барабго гIадаб си хIисабалъул мина бала, бищун гъоркьияб тIалаялда халваталъе рукъги бан, асгобго Мажгитги бала.

Гьединанго Хуштатада, Гьигьалъ, ТIинди паракъат гьарурал васалазеги минаби рала мажгитазда аскIорго. Щуявго васасе мина букIуна тIоцебе ислам дин малъизе рарал рукъзабазда аскIорго. КIудиябросолъ, Кванкъеро гьаб СагIаталъги гьезул варисаз гIумру тIамулеб буго минабахъ

ХIажи-ГIалил заман ккола къавмазда гьоркьоб гъалмагьир-кьал ва чабхъенал гьалаглъараб заман, гьединаб гIадлу бихха-хоччараб заман бугониги ХIажи-ГIалица гIахьвалазул, багвалазул, чIамалазул кулабазде щущараб халкъ данде бакIарун росаби гIуцIула.

Гьеб кколаро магIаруллъиялда гьес гIуцIизегIан росабиго рукIинчIин абураб жо. МагIарулал мугIрузул кIкIалабахъ 7-6 азар соназ нилъер эраялдаса церего рештIун рукIуна, рагъ-кьалалъ ва политикияб хиса-басиялъул хIасилалда ккарал лъугьа-бахъиназ магIарулазул цо бакIалда чIараб гIумру чанго нухалъ биххула. ХIажи-ГIали ккола гIахьвалазул, чIамалазул, багвалазул росаби цIи гьарун къачIаялъе кьучIчI лъурав чи ва гьел къавмал исламалде цIарав чиги.

Мунагьал чураги ХIажи-ГIалилги гьесул иманалда гьесул иманалда хваралщинал наслу зуриятаалъулазулги ва нилъелги ЖамагIатщвейги гьезул баркат лъикIлъиялъулги. Амин.

## История – маргьо гуро
## УМУМУЗУЛ ЛЪАЛК1АЗДА ХАДУВ

Ирсалъе нилъей тараб тарихалъул х1икаят,
Х1ал к1вараб гъорлъан бищун, кьокъаб къиссаят хъвазин.
Т1огьиллъарал т1амчазул нуг1лъиги х1алае ккун,
Х1ур бетараб мах1фузат цебе бахъун к1алъазин.
К1век1ун лъуг1араб кагъат ц1орол бералда ц1алун,
Умумуца нахътараб тарихалъул бицизин.
Аза-азар соназул сафаралъул халалъи,
Араца гьаниб тараб дафтаразде раккизин.
Г1араб – г1урус хъвай-хъваг1и хъиртщун босизин баян,
Г1ажам-латин теч1ого бак1аризин к1очараб.
Къалмиде гъоркье ккеч1еб г1асрабазул балъголъи,
Ганч1ил заназда ц1ехон зияратал гьаризин.
Зодир рахарал сиял сверухъ риххарал ч1вендал,
Заманалъул хут1елал харабазда ц1ехезин.
Рехун тарал росаби т1ат1ала ккарал кулал,
Маликасул кверзукьан кин арали гьикъизин.
Ват1ангун Ислам ц1унун, эркенлъиялъе г1оло,
Умумуца би т1урал ракьал ц1ехон рахъизин.
Зулму х1алалъ росолъан сибир къот1арал рик1к1ун,
Росо берцин гьабурал х1ажизабазул бицун,
Г1елму-г1амал бит1арал г1алимзабазухъ раккун,
Г1адлу-тадбир мух1канав раисасе рецц гьабун,
Ват1аналъе рух1 кьурал рак1алде щвезе гьарун,
Х1ажат гьеч1ел кьалаца кьурал зарарал рик1к1ун,
Инсанасул г1умрудулъ ккарал сверелал рехсон,
Цояз лъалин бицараб, цебеса-цебе щвараб,
Цойгияб г1алимзабаз къарнабаз цебе хъвараб,
Лъабабилеб х1ужабаз загьир гьабун бицунеб.
Цо къавмалъул х1акъикъат къалмикье босун тезин.
Кагътида хъвач1еб тарих зани ч1вач1еб хобилан,
Г1арабазул кицабалъ бицада хут1ун бугин.
Г1ун бач1унеб г1елалъе умумузул лъалк1 лъазе
Лъураб дир т1еренаб нух хадусез камил гьабе.

## Г1АХЬВАЛАЛ

Авар халкъалъул г1аркьел,
Г1анди мац1азул цо т1ел,
Цоцада би жубарал,
Цо наслудул тухумал.
Анц1ила цо росдал халкъ,
Къоазарилъ щвеч1еб рух1,
Муг1рул к1к1алахъ щущараб,
Исламияб цо къавму.
Бакъуе керенги кьун,
«Ч1ета» кьурда мугъги ч1ван,
Цо-цазухъ квералги кьун,
Кьердарарал росаби.
Лъараг1-ц1оралде г1унт1ун,
Т1ибит1араб дир милат.
Аслу-насиб лъалареб,
Решт1араб тарих гьеч1еб.
Нохъо-сирт1ир т1абиг1ат,
Т1аса бищун решт1арал,
Г1ахьвалазул жамг1ият,
Жаниб г1ураб г1урччин к1к1ал.
Г1аздаца гъоял рацун,
Щобал чундуца ккураб.
Г1идраялъ муг1рул т1епан,
Сагаби т1огьолъ къараб,
Кьуру борлъун бурулел
Ц1ророрал иццазул ракь.
Аваргун Г1анди г1орулъ,
Г1асрабаз чвахараб лъим.
Т1амхил рохьаз хьухьараб
Хьиндаллъидул мах1 ч1вараб,
Г1и-боц1уца хьихьарал,
Рохьдохъабазул ват1ан.
Пуруц рукьил бет1ергьан,
Т1омг1анаб хурил малик,
Кьанабаца т1екъараб,
Ганч1ил х1ужрадул ссах1иб.
Колабазде биххараб,
Дагъистаналъул бут1а,
Адабият мукъсанаб,
Маданият хаслъараб,
Хасаб жидер мац1 бугеб,
Хъвай-ц1али гьеч1еб лугъат.
Шамалдехун къедги ч1ван,
Къилбаялде муг1рул кьун,

Загьабияб ссахратул,
Сверухъан сангар къараб.
«Ч1ета» кьуру борлъараб,
Лъабго лъарал жаниблъи.
Тахогун Туручилас ирсалъе тараб арзу
Къурбанилгун Шамхвалил хвалчаца ц1унараб ракь,
Къо ккаралъур квер кьезе цолъи щулияб агьлу.

Зах1маталъе х1адурал, бах1арзазул дуниял,
Думалъего тархъарал дир умумузул улка.
Г1ахьвал, ч1амал, багвалал исламалде ах1арав,
Имам Шафиг1ил мазгьаб халкъалъе бикьун кьурав,
Къурайшил кьибилалъул, Г1абасил г1аркьелалъул
Шамалъул Х1ажи-Г1алил баракат бегьараб ракь.

## Г\ахьвалазул общества административиял г\уц\алабазулъ

1. Г\ахьвалазул общества административиял г\уц\алабазулъ

Аваристаналъул ракьал рикь-рикьун къавмазухъе ккезег\анго Г\ахьвалал Тахоца т\ад кверщел гьабураб ракьалъул бет\ергьабилъун , жидеда т\ад ханлъи гьеч\еб эркенаб жалго жидедаго ч\араб къавмлъун ккола.

VIII г\асруялъул байбихьудаса Аваристаналъул къавмалго г\адин г\ахьвалалги кколаан Ссах\иб ас Серирил мут\иг\лъиялде, VII абилеб векалъул байбихьудаго Бину Саратиница кьуч\ лъураб Аваразул княжествоялде гьорлъе.

735-744 абилел соназ Аваразда т\ад чабхъен гьабула Г\арабазул аскаралъул цевехъан Мерваница, гьесул зулмуялъукь ккола г\ахьвалалги ва гьес т\олгоязде г\агарун халкъ лъуг\изабула гьелдалъун цо бут\а  г\ахтвалазул руссен биххун, росабит рух\ула хадуб, ч\аго хут\арал нохъабазда, колабазда кьерула. 750 абилеб соналъ Халифаталъул ихтияр Г\абасидазул агьлуялъухъе ккола. Авариялдаса Мерван Шамалде уна, хадусала Серир пачалихъалъул нуцаллъун Суракъат ккезег\анго цо ккураб ханлъи яги пачалихъалъул щулияб г\уц\и бук\унаро г\ахьвалазул къавм жодорго росабазул жамаг\атаз т\аса ришарал бодул церехъабазул нухмалъиялда рук\уна.

Араб эралъул бакъулъ Кавказалъул Албания пачалихъ г\уц\ун бугониги Г\ахьваласе гьелъул асар бук\унаро, гьесда гьеб пачалихъалъул г\уц\иги лъаларо.

Дагъистаналда т\оцересел политикиял г\уц\алаби раккула IV-VII – г\асрабаз, гьеб заманаялъго Г\ахьвалазул къавмалъул цолъи-г\уц\иги  щулалъун бук\уна жодорго къавмалъул бодул церехъабиги тун.

VII аб. Къарнуялъ нахъиял къавмаздаго цадахъ Г\ахьвалал Аварагул Бину Саратинил нуцаллъиялде гьоркьоре ккола.

Г\езег\анго къарнуял нахъа тола Г\ахьвалаз лъилго ханлъиялъе мут\иг\лъи гьеч\ого.

Суракъат нуцаласул заманаялъги г\ахьвалазда т\ад магъало лъей бук\ун гьеч\о.

Рагъазулъ чабхъеназулъ г\ахьаллъулел рук\ун руго давла щвей мурадалда.

Рекъав Тимурица Г\ахьвалъе чабхъе гьабизег\анги Г\ахьвалазул жалго жодорго ч\араб эркенаб къавм бук\уна. Суракъат Нуцалие заманаялдасаго Г\агьвалазул къавмалъ    Аваристаналъул ханлъун к\удияв Г\умахан ккезег\ан цониги къирарасе мут\иг\лъун гьеч\о,

1396 аб, соналъ Тимуриялгун рекъел ккун  хадуб Г\ахьвалазе рес щола жододасаго гьоркьоса къавмалъе бодул церехъаби т\аса рищизе ва сверухъ ругел

къавмазда т\ад налог – магъало лъезеги Тимурилгун ккараб къот\и- къаялда рукъон гъазаватал гьариялъул нухалдалъун хi-аб, къадруялъулбайбихьудасаго Г\агьвалаз Шамхаллъи кьола Ашаханихъе хадубго Кавханихъе,Кьурдуханихъе гьединан xv-аб. Къарнуялъул бащалъиялда Г\агьвалаз жодор къавмалъул цевехъанлъун къабул гьавун вуго Гъазигъумекиб ханасул – Султан – Ах\мад-ханил г\агарав чи Шамалдаса Шафиг\ияв Саид-Г\али-ханасул тухумалъул Г\абасилазул кьибилалъул Х\асанил вас Х\ажи – Г\али . Гьесул тухумалъ т\алъи гьабула г\агьвалазул, багвалазул, ч\амалазул къавмазе xix-аб. къадруялъул байбихьи щвезег\ан.

1859-аб. соналъул 25-аб. июлалдаса хадуб Имаматалъулги лъуг\ула ва Дагъистаналъул кверщел Россиялъул пачаясухъе ккола. 1859-аб. соналъул 30-аб. июлалъ к\к\арат\а Наиблъиялда кколел рук\арал Г\агьвалазул наиб Шамилил вас Гъазимух\амад инсуда цадахъ Гъуниб маг\арда т\урула ва 22 къоялдасан 1859-аб. соналъул 25-аб. августалъ г\урусазул аскаралъухъе асирлъун уна.

Имам Шамилил эопха гьеб бак\алда лъуг\ула.

1813аб. соналъул 24аб. октябралъ Россиялъул ихтиаралде Дагъистан иналъул х\акъалъулъ «Гулистаналъул»къоиялдаса хадуб Аваричтаналъул ханлъиги г\урусазул ихтиаралда ккола. Дагъистан кканиги гьенир церегуялдаса нахъе г\уц\ун рук\арал ханлъиялъул, Шамхалазул, Уцимязул г\уц\алаби руахъе тана, цоял ирсилазда хадур унел цоял жодор бак\алъцул г\адаталдаго х\алт\изе.

Россиялъул пачаясул мурад ц\унизелъун ва гьесие рит\ухъал рук\инелъун гьа кьуна киналго вилаятазул Ханзабаз, Шамхалаз, уцмияз ва нахъиялги чиновниказги пачаясул наместникасе.

Росабаздасан ва байбихьуда гьел росабазе бегавулзаби рищула, хадуб участкаялъе нухмалъулел т\амула байбихьуда, ай 1918 соналъ Парах\ажиев Г\умардибир, къадилъун Г\амиров Къурамух\ама ревкомалъул председатель, Аюб х\ажи Бакъо – член, К\к\оро Х\ажимух\ама – заместитель, Г\абдулмажид Мух\ама – г\урус хъвай-хъваг\аялъе – секретарь, Жамалудин Г\али г\араб хъвай-хъвайисе секретарь, Загьалов Шамсдин – х\укму т\убалеб чи. Гьезул контора бук\уна Мигъиштохъ – Къурамух\амалие Мух\амадил минаялъуб. Яргъил, кванил, рат\лил склад бук\уна гьебго авалалъул Г\адаласул минаялъуб. К\алц\и – хералъул ва чуязе къвариг\араб т\икъва-маг\, квен-т\ех, рет\ел ва нахъиябги х\ажалъи ц\унулеб склад бук\уна Х\ассаг\олохо колода Исрапилил минаялъуб.

Ц\идасан Дагъистаналда Совет власть щулалъиядал 21/V-1921 абилеб соналъги рищиял ц\и гьарула. Г\ахьвахъ участкаялда кколел росабазул жамаг\аталгун данд бан щибаб росулъ г\адлу низам щулалъи мурадалда, рищиял т\орит\ула рук\уна 1918 абилеб соналдасанго. Росабалъ ревкомал г\уц\ун хадуб байбихьула участкабазул ва округазул рищиял гьаризе, гьенире делегатал рищизеги.

Г\анди округалъул участкабазда ва росабалъ Советал рищи байбихьана 1921 соналъул октябрь моц\алдаса. Г\анди округалъул Исполком бищула 1/XI-1921

соналъ ва гьелъул председательлъун вищула Г\ахьвахъа Шамхал,секретарьлъун Т\ок\ит\аса Х\ажиясул Мух\амад. Исполкомалъул Совет бищула 15 членасдасан балъгояб гьаркьидалъун округалъулги участкаялъул Совет бищиялъул протоколал ва х\асилал баяналъе цадахъ лъун руго.

Г\анди округалъул исполкомалъул Совет бищиялъул протокол N 1/XI-1921 аб. соналъ гьарурал рищиялъул х\асилазул баянгун.

Шамил асирлъуда ун хадуб Дагъистаналда административиял г\уц\алаби

Северияб Кавказалда рагъ лъуг\игун пачаясул намустник князь А.И.Барятинскияс 1860 абилеб соналъул 5 абилеб апрелалъ, хадубхун Дагъистаналъул халкъ г\урус пачалихъалъул мут\иг\лъиялда ч\езабиялъе гьабураб Проекталъул Положения къабул гьабула ва Россиялъул императорас 1860 абилеб соналъул 18 абилеб июналъ гьеб положениялда рекъон ихтияр кьола рагъулабгун граждниялъул ишал т\уразе наместник А.И.Барятинскиясе,

Дагъистаналъул югалда ва севералда церегоялдасан рук\арал ханлъиялъул, уцмиялъул Шамхаллъиялъул ракьазул г\орхъабиги ц\унун Кавказалъул крайгун Прикаспийскиялъул край цолъизабула, Кубинский уезд Бакуялъул губерниялде т\адеги жубан. Цебеккун Терскаялъул областалде гьоркьоре унел рук\арал, Г\анди г\оралъ квег\аб рахъалде т\езарурал маг\арулазул къавмалги заманаялъе гьенирго тезе бихьизабун бук\уна наместникасул указалда.

Дагъистаналда цогояб административияб г\уц\и гьабиялъ рес кьола пачаясул самодержавиялъе гьелъул г\уц\и жодор т\алъиялъул цо кверзукь бачине.

Дагъистан област х\алт\изабиялъул къаг\ида бикьана рагъулабгун «гражданлъиялъул» управлениябазде ва ункъо рагъулаб бут\аялдеги: Северальул, Югалъул, Гьоркьохъеб ва т\асияб – муг\рузулаб Дагъистаналъул.

Гьединаб административияб бикьи ц\ияб г\уц\илъун кколароан Дагъистаналъе.

XIX аб. г\асруялъул 40 абилел соназдасаго ханлъиялде ва княжествабазде бикьараб бук\ун Прикаспийскиялъул крайги.

1860 абилеб соналъ Дагъистан областалда г\уц\ун бук\уна 6го округ Т\аркиялъул шамхаллъи, мезтулиялъул, Аваразул ханлъи, Даргиназул, Кайтаг-Табасараналъул округ Бежт\а округалъул начальникал т\амун рук\унаро гьел округал х\алт\изарулел рук\уна рагъулал частазул начальниказ.

1863 абилеб соналде щвезег\ан Бежт\адерил рагъулабгун гражданлъиялъул администрация мут\иг\аб бук\ана Закатала округалъе ва гьев рагъулав начальникасул ихтиярги бащад гьабулаан губернаторасулалде.

1863 абилеб соналдаса Закаталаялъул округ жибго жиндаго ч\араб округлъун гьабуна.

1863 абилеб соналдаса байбихьун тана наибзаби г\иц\го Кайтаго-Табасараналъулги Даргиназулги округазда хут\изег\ан.

Даргиназул округалда цебегоялдаса билъанхъарабго г\адаталда, ирсалъул къаг\идаялъ, къадизабаз х\алт\изабула щибаб община, наибасулго ихтияралда бащадго.

Даргиназул округ бук\ана 1845 абилеб соналъго г\уц\араб ва гьеб унаан Дербенталъул губерниялде гьоркьобе 1860 аб. соналде щвезег\ан.

1856 аб. соналъ Даргиназул округалде т\аде жубана Сюргиялъул обществаги. Округ бикьун бук\ана 6го обществоялде.

Таркиялъул Шамхаллъиялъул ирсилал бет\ерлъуда 1836 аб. соналдасаго г\урусаз тун вук\уна Абу-Муселим гьесдеги божилъи гучаб бук\иналъ 1851 абилеб соналдаса гьесул помощник х\исабалда г\урус офицер т\амун вук\уна.

Мехтулиялъул ханлъиялде гьоркьоре унаан 13го росо. 1859 аб. соналъул

Октябралда Императорас мехтулиялъул ханлъун т\амула Рашидхан гьенив вук\арав гьесул к\удияв вац Ибрагьимханги Авар округалде ханлъун т\амун.

1860 абилеб соналъул 5 абилеб апрелалъул Положениялда рекъон Сулахъалда сверухъ ругел росабазе.Ахакь, Ишкарты, Хъарани, Гъоркьияб ва Т\асияб Эрпели, Султан-янгъи-юрт, Чир-юрт, Ч\ик\аб ва Чанта-аулалъе рагьана Присулахъалъул наиблъи. Гьел росаби цониги округалде гьоркьореги унароан.

Югалъулаб Дагъистан бикьун бук\уна 3го управлениялде% Кайтаго-Табасараналъул округ, Самуралъул округ ва Кюриналъул ханлъиялдеги. 1860 абилеб соналде щвезег\анго Кайтаго-Табасаран унаан Дербенталъул уездалде гьоркьобе.

1843 абилеб соналдасаго Кайтагалъул приставлъун вук\уна полковник Джамавбег, гьесул помощниклъунги т\амун вук\уна г\урус чиновник, хадувхун правителлъун тастикъ гьавула уцмиязул тухумалдаса Ах\мад-хан. 18/XII-1860 аб. соналъ г\уц\ана Кайтаг-Табасараналъул округ Ерси росо центергун.

Кюриналъул ханлъи ц\унун бук\ана жибго жиндаго ч\араб вилаятлъун генерал майор Юсуп-бег хангун.

1859 абилеб соналъул октябралъ цереккун ханлъиялъул г\адлуялда х\алт\улел рук\арал вилаятазе императорас ихтияр кьун бук\уна заманаялъе гьебго х\алалъ х\алт\изе. Хадубхун Кюриналъул ханлъи хвезабуна гьенибги управления г\уц\ана.

Самуралъул округ бук\ана 1839 аб. соналдасаго г\уц\араб ва гьелдаса нахъего х\алт\изабулаан округалъул администр.управлениялъ.

Округалде гьоркьоре унаан 4 общество: Ахты-пара, Алты-пара, Докуз-пара ва Рутулалъулги, ва гьезул щибалъе диванбег-къадиги вук\уна.

1844 аб. соналъ Рутулалъул общество элисуялъул вилаяталде гьоркьобе цолъизабуна.

Самур округалде т\адего журала, цебеккун гьеб округалъул бук\араб г\орхъиги ц\унун, 1860 аб. соналдаса Самур г\ор ккун маг\ардехун ругел, цереккун Закатала округалъул Джаробелеканалъул участкаялде кколел рук\арал росабиги.

Самуралъул округ бикьана лъабиде: Рутулалъул, Докуз-параялъул ва Ахтиялъулги наиблъиялде. Гьоркьохъеб Дагъистаналъул рагъулаб часталде гьоркьобе кколаан 1860 аб. соналъул 5 аб. апрелалъул положениялда рекъон Гъуниб, Гъазигъумек округалги Аваристаналъул ханлъиги гьелде гьоркьоре кколел эркенал обществабиги. 1859 аб. соналъул августалдасан. Гъуниб округалде гъорлъе унаан Г\андалазул, Сугъелдерил, Т\елкьадерил, Къаралазул, квенсерухъазул, Ракь-Г\ахьвалазул, Къорода к\к\удисезул Селдерил ва Гъайсубулалъул обществаби, ва

гьелги унаан Прикаспийский краялде гьоркьобе лазаревасул мут\иг\лъиялде 5/IV-1860 абилеб соналъул Положениялда рекъон Гъуниб округалда г\уц\ана 8 наиблъи: Ч\ахъадерил, Квенсерухъазул, Т\елкьадерил, Гьидерил , Сугъелдерил, К\к\уядасезул, Унсоколосезул ва Гъарак\унисезулги.

Гъазигъумек округ г\уц\ана 5/IV-1860 аб. соналъул Положениялда рекъен цебеккунго, ай 1843 абилеб соналъго гьеб округалда хадуб щула гьабун бук\араб ракьул г\орхъиялдаго, гьелде щвезег\анго 1847 аб. щвезег\ан Гъазигъумекив ханлъун вук\арав Агъалар-бегица х\алт\изабун бук\ана 1858 аб. соналъул ихдаллъизег\ан ай гьев хвезег\ан, гьелдаса хадуб гьеб округалъул управления х\алт\изабизе кьуна генерал-майор Тархан-Мауравовасухъею

Гъазигъумекиб г\уц\ана 3го наиблъи: Мукаралъул , Дусрахъалъул, Аштикулиналъулги, 5/IV-1860 абилеб соналъул Положениялда рекъон.

Аваристаналъул ханлъи ц\идасан г\уц\ана 5/IV-1860 аб. соналъул Положениялда рекъон 1843 аб. соналдаго гьеб ханлъиялде кколел рук\арал обществоги гьоркьоб бачун. Аваристаналъул ханлъи рук\алиде ккезабун г\уц\иялъул х\аракатчи вук\ана живго Барятинский . 1859 аб. соналъул августалда императорас тастикъ гьавуна Аваристаналъул ханлъун Ибрагьимхан Мехтулинский ва гьеб унаан Прикаспийск краялде гьоркьобе. 5/IV-1860 абилеб соналда Аваристаналъул ханлъи лъабго наиблъиялде бикьана: Хундерио, Ц\ат\анихъазул ва К\к\аралазул, Багвалазул, Г\ахьвалазул, Бакълъулазул обществабиги Аваристаналъул ханлъиялде гьоркьоре ана 5/IV-1860 аб. соналъул Положениялда рекъон.

1860 абилеб соналъ Т\асияб Дагъистаналда г\уц\ун бук\ана г\иц\го цох\о Бежт\адерил округ жибги Закаталаялъул округалъе мут\иг\аб ва гьеб округалъе тун вук\ана начальникас к\иго помощникги, цояв хасалил моц\аз Г\алазаналъул жаниблъиялде г\и-боц\игун гочаразул г\адлуялъе, цоявги маг\арухъго бугеб халкъалъул тадбиралъе . Бежт\а округалде гъорлъе цолъизарун рук\ана: Джурмут, Г\онода, Богьнода, Лъебелал, Угьнада, Таш, Кель-Анц\росо, Ансухъ, К\особ, Т\омурал, Дидоял, Иланхвеял, Хъварщи ва Т\индадерил обществаги. Бежт\а округалде кколел гьел обществабаздасан г\уц\ана 7го наиблъи: Капучиялъул, Джурмутазул, Ухнадаялъул, Анцухазул, Дидоязул,Хъварщдерил ва Т\индадерилги.

5/IV-1860 аб. соналъул Положениялда рекъон Дагъистан областалъул начальниклъун т\амула Л.И. Меликов ва гьев х\алт\ана гьеб х\алт\уда 20 соналъ. 1860 абилеб соналъул маялда Северияб Дагъистаналъулрагъулав начальниклъун т\амула генерал-майор князь Лазарев. Гьоркьохъеб Дагъистаналъул округалде князь-генерал-майор Тархан-Мауравов.

Южный Дагъистаналде генерал-майор Ларис Меликов.

Т\асияб Дагъистаналде генерал-майор Шаликов .

Киналго т\адег\анал постазда х\акимзаби-начальникал, командирал ва наибзаби г\урус милаталдасан т\амула, г\иц\го шарг\иял судал х\алт\изарула Дагъистаналъул бусурбабаз.

1861 абилеб соналъул т\оцебесеб бащалъиялда суал борхула Кавказалъул наместникас Дагъистаналъул халкъалъулжанисеб ах\вал-х\алалдаги балагьун цо-цо округазда г\уц\иялъулал хиса-басиял гьаризе.

1861 абилеб соналъул 24 аб. июналъ Кавказалъул армиялъул командующий Г.Д.Орбелианица приказ кьола цебеккун Терский обласcategory гъорлъе унел рук\арал Г\анди г\оралъул квег\аб рахъалъа т\езарурал: Ункъракьалъул, ч\амалазул, т\ехнуцалазул, Г\андадерил, Гумбеталъул къавмал Дагъистаналде цолъизаризе ва Г\анди округ рагьизе, гьелъул х\аракат чилъунги вук\уна А.И.Барятинский. Байбихьуда Г\анди округалда г\уц\ана 6го наиблъи. Гумбеталъул, Г\андадерил, Т\ехнуцалазул, Ч\амалазулгун-ункъракьалъул, Т\индадерил, Хъварщисезулги.

1861 аб. соналъул 20 абилеб июлалъ гьел административиял хиса-басиял къабул гьаруна императорас ва Дагъистаналъулги Терекалъулги областазул ракьул г\орхъиги Г\анди.хребеталъ т\езабуна.

1865 абилеб соналъул марталдаго Дагъистан областалъул начальник Меликовас предложения кьун бук\уна, Кавказалъул наместникасухъе, Бежт\а округ бихун гьенир кколел рук\арал наиблъиялъул участкаби Г\анди округалде кьезе хут\арал: ухналалъулгун журмуталъул наиблъаби цолъинеги гьарун Бугьнада наиблъиги г\уц\изе ва гьебги Гъуниб округалде цолъизабизе, гьединго Дидоялъул наиблъиги Г\анди округалде цолъинабула.Гъуниб округалде кколел Ч\ахъадерилги Сугъелдерилги наиблъаби цолъизарун Г\андалазул наиблъи г\уц\ула.ы

Унсоколосезулги Гьарак\унисезулги наиблъи дандч\ван Гъайсубулалъул наиблъи г\уц\ула ва Авар округалъухъе кьола. Хундерил наиблъи к\ийиде бикьун хундерилги Бакълъулазулги бат\а-бат\а наиблъиялъул участкаби г\уц\ула.

Авар округалде гьоркьобе кколеб бук\араб к\к\аразул наиблъи Г\анди округалде гъорлъе кьола. Гьебго аваристаналда ханлъи хвезабун хадуб 25/VII-1865 абилеб соналъ. Г\индадерилги хъваршинисезулги наиблъаби цолъизабун Т\инди наиблъи г\уц\ула. Гьебго 25/VII-1865 абилеб соналдаса нахъе Севериял г\ахьвалазул Т\адмагъилъ, к\удияб росдал, Изандерил бегавуллъиял к\к\арат\а наиблъиялда гьоркьохъеб рук\арал Г\анди округалде гьоркьоре уна Дагъистаналда октябралъул революция бергьинег\анги бергьун хадубги чамго нухалъ циниса данде ран, циниса рат\агьарун Дагъистаналъул миллатазда т\ад гьабулеб колониалияб вах\шилъи гьоркьоса кьот\ич\ого пачаясул самодержавиялъ ва Г\ахьвалазул общество к\ийиде бикьана югалъул г\ахьвалал Гъуниб севериял Г\ахьвалал Г\анди округалде. Ахиралда 1900 абилеб соналъ Г\анди округалде цолъизаруна Ц\олода, Ингердахъ, Местерухъ, Т\окит\а росаби Авар округалдаса рат\аги рахъун

1867 аб. соналъул 13 аб. марталда Дагъистаналда ахириябги ханлъиялъул виллаятал къала ва инч\ого округ г\уц\ула рагъулабгун гражданлъиялъул управлениялъ х\алт\изарулел.

1868 аб. соналъул 26 апрелалъул Положениялда рекъон х\алт\изе виччана росдал къади, шариг\аталъул кьуч\алда х\укму кьезе росолъ ккараб бит\араб-т\екъабги шарг\алъул законалда борцизе.

Гьебго росдал г\адлуялъе вищула яги т\амулаан бегавулги. Бегавул вук\ана росолъ ккарабщинаб лъик\абги-квешалъулги жаваб кьолев ва къадиясулги наибасулги х\укму т\убазабулев чиги. Бегавулги, дибир-къадиги наибасул яги округалъул администрациялъул изну гьеч\ого толароан.

12/VI-1883 аб.соналъ россиялъул пачалихъалъул советалъ «Рагъулабгун Халкъияб» администрациялъул г\уц\иги хисун «Рагъулав Губернаторасул квершеликье кьола Дагъистаналда закаталаялъул округги бат\а гьабула. Гьединан т\оцебе Гъунибгун Г\анди округалдасан байбихьана рагъулаб управлениялъул начальниказ т\алъи гьабизе. Т\оцевесев рагъулав губернаторлъун т\амула Дагъистаналда 27/VI-1883 аб.соналъ Н.З.Чавчавадзе, гьелда щвезег\ан 1880 аб. соналъул январалдасанго Дагъистан областалъул начальниклъун вук\арав. 1877 аб. соналъул восстаниялдаса хадуб пачаясул администрациялъ бак\алъулго милатаздасан тарал наибзаби ва чиновникал хисун г\урус офицераздасан г\уц\изе г\амал гьабула халкъалда т\ад колониалияб зулмучилъи х\алт\изабиялъул къаг\ида ва ва 1899 абилеб соналде щвелелде наиблъиялъул вилаяталги участкабазде рикьун г\урус офицераздасан округалъул начальникасул помощникал тола. Гьелдаса нахъе наибасул ц\ар т\аг\ула. Гьединан администрациялъул управленияби россиялъего г\ахьалаб законазда х\алт\изаби Дагъистаналъул бусурбабазул психологиялъе данде кколаро, XX г\асруялъул байбихьудасаго Дагъистан областалъул территория хут\ана россиялъул колониалияб зулмуялъул т\адщвеялдаса гъоркь.

26/II-1905 соналъ Николай II лес наместникасул администрациялъул къаг\ида ц\и гьабула ва наместниклъун И.И.Воронцов-Дашков т\амула ва гьес Кавказ х\алт\изабиялъе чамго реформаги гьабула: администрациялъул, ракьул, судалъул х\алт\абазульги. 1915 аб. соналъул марталда ген. –лейтенан Волский т\амула Кавказалъул рагъулаб округалъул начальниклъун . Гьебго заманаялдаса 1917 аб. соналъул январалде щвезег\ан «Исправ.должности военного губернатора» т\амула Д.Т.Дедешкелиани.

1917 аб.соналъул январалда Дагъистаналъул губернаторлъун т\амула ген.майор Ермалов. Гьеб х\алалъ хисардула Дагъистаналъул халкъ к\век\изе т\амурал рагъулал начальникалги чиновникалги россиялъул императорас.

1900 абилеб соналде щвезег\ан Аварокругалда рук\арал – Т\ок\ал, Местерухъел, Ингердахъел, Ц\олодиселги Г\анди округалде жанире рачана ва 5-го гурони бук\инч\еб Г\анди округалъул наиблъи 7-гоялде бикьана.

К\арат\а-Т\ехнуцал наиблъиялъул участкаялъул начальниклъун кидалгоялъего г\анди хрестяназдасан т\амулаан, гьезул помощникаллъун Кавказалъул рагъул заманаялъго пачаясе хъулухъ гьабулел рук\араздасан яги имам Шамилие хъулухъ гьабулел рук\араздасан яги имам Шамилие хъулухъ гьабулел рук\арazда гъорлъан рищун толаан. К\арат\а участкаялда гьорлъекколел росабазе наибзабилъун рук\уна пачаясул заманаялъ Гъазул гъумекиса Х\алилов Мух\ама, Х\адис Хажиев, Жафар х\ажи Жафар огъли, Малачихан Нурмух\ама огъли, Ансалт\аса Х\асбула, Гьаквариса Халит Закаряев, ахиралда К\арат\аса Х\ажиев Герей вук\уна Дагъистаналъул заманаялъул х\укуматалъ наиблъун т\амун, комиссариатал т\амулагоги комиссарлъун тарав 1/IX-1917 абилеб соналдаса 28/XII-1920 соналде щвезег\ан, Севериял г\ахьвалалги гьесул мут\иг\лъиялда рук\уна 2/V-1918 соналде щвезег\ан. Гьел ккола пачаясул администрациялъе хъулухъ гьабулел рук\арал чиновникал.

Совет власталъул заман.

2/V-1918 абилеб соналъ г\ахьвалазул общество К\арат\а-Т\ехнуцалазул наиблъиялъул мут\иг\лъиялдаса нахъе уна ва жидерго революционный Совет Г\уц\ула Дагъистаналда Совет власть бергьиналда бан. К\к\арат\а участкаялъе Совет власть бергьингун наиблъун т\амула Г\умархалидов. Г\ахьвалазул революционный советалде цолъула; Т\адмагъилъ, К\удиябросо, Изано, Лъибищо, Г\асаб, Лъануб, Ц\егоб, Ракьуб ва Т\окит\а росабазул жамаг\атал. Революционный Советалъе нухмалъиялъе вищула Г\ахьвахъа Шамхал Салих\овги.

1918 соналъул июлалда Ревкомитетал хисун революционный совет г\уц\ула ва гьебги 1918 соналъул сентябралде щвезег\ан х\алт\ула. Дагъистаналда заманаялъе, Совет власть бихиялда бан. 1918 соналъул сентябралдаса 1920 соналъул марталде щвезег\ан совет власталъул нухмалъиялъул органалъул х\алт\и гьоркьоб къот\ула. Дагъистаналда к\иабизеги Совет власть бергьуна ва 2/IV-1920 соналъ ц\идасан Ревкомал г\уц\ула. Дагъистаналда заманаялъе Совет власть биханимги Г\ахьвахъ Революционныяб Совет хисун бук\унаро ва пачаясул г\адлу законги х\алт\уларо.

Г\ахьвалазул обществоялъ Х\ажи-Г\али Шамхваласул заманаялдасаго бук\араб цолъи ц\унула ва жидер общество бихизеги толаро.

Дагъистаналда Контреволюциялъул багъа-башари г\одоб буссингун революционныяб Комитет г\уц\ула 2/IV-1920 соналъ. Г\анди округалда ревком бищизег\ан уполномоченаллъун рихьизарула Дагъревкомалъ – Мурадис Шамалов, Жамал (Рик\к\ванисев) Къодокьа Исмаг\ил ва Г\алибулат Х\асанов.

Заманаялъе Г\анди округ Контреволюционеразул ихтияралде ккеялъ (Г\ахьвахъ участка хут\ун) округалъул ревкомалъул заманаялъе тараб къокъа бихула.

Г\анди округалъул

2. Аваристаналъул ракьал рикь-рикьун къавмазухъе ккезег\анго Г\ахьвалал Тахоца т\ад кверщел гьабураб ракьалъул бет\ергьабилъун , жидеда т\ад ханлъи гьеч\еб эркенаб жалго жидедаго ч\араб къавмлъун ккола.

VIII г\асруялъул байбихьудаса Аваристаналъул къавмалго г\адин г\ахьвалалги кколаан Ссах\иб ас Серирил мут\иг\лъиялде, VII абилеб векалъул байбихьудаго Бину Саратиница кьуч\ лъураб Аваразул княжествоялде гъорлъе.

735-744 абилел соназ Аваразда т\ад чабхъен гьабула Г\арабазул аскаралъул цевехъан Мерваница, гьесул зулмуялъукь ккола г\ахьвалалги ва гьес т\олгоязде г\агарун халкъ лъуг\изабула гьелдалъун цо бут\а г\ахтвалазул руссен биххун, росабит рух\ула хадуб, ч\аго хут\арал нохъабазда, колабазда кьерула. 750 абилеб соналъ Халифаталъул ихтияр Г\абасидазул агьлуялъухъе ккола. Авариялдаса Мерван Шамалде уна, хадусала Серир пачалихъалъул нуцаллъун Суракъат ккезег\анго цо ккураб ханлъи яги пачалихъалъул щулияб г\уц\и бук\унаро г\ахьвалазул къавм жодорго росабазул жамаг\атаз т\аса ришарал бодул церехъабазул нухмалъиялда рук\уна.

Араб эралъул бакъулъ Кавказалъул Албания пачалихъ г\уц\ун бугониги Г\ахьваласе гьелъул асар бук\унаро, гьесда гьеб пачалихъалъул г\уц\иги лъаларо.

Дагъистаналда т\оцересел политикиял г\уц\алаби раккула IV-VII – г\асрабаз, гьеб заманаялъго Г\ахьвалазул къавмалъул цолъи-г\уц\иги щулалъун бук\уна жодорго къавмалъул бодул церехъабиги тун.

VII аб. Къарнуялъ нахъиял къавмаздаго цадахъ Г\ахьвалал Аварагул Бину Саратинил нуцаллъиялде гьоркьоре ккола.

Г\езег\анго къарнуял нахъа тола Г\ахьвалаз лъилго ханлъиялъе мут\иг\лъи гьеч\ого.

Суракъат нуцаласул заманаялъги г\ахьвалазда т\ад магъало лъей бук\ун гьеч\о.

Рагъазулъ чабхъеназулъ г\ахьаллъулел рук\ун руго давла щвей мурадалда.

Рекъав Тимурица Г\ахьвалъе чабхъе гьабизег\анги Г\ахьвалазул жалго жодорго ч\араб эркенаб къавм бук\уна. Суракъат Нуцалие заманаялдасаго Г\агьвалазул къавмалъ Аваристаналъул ханлъун к\удияв Г\умахан ккезег\ан цониги къирарасе мут\иг\лъун гьеч\о,

1396 аб, соналъ Тимуриялгун рекъел ккун хадуб Г\ахьвалазе рес щола жододасаго гьоркьоса къавмалъе бодул церехъаби т\аса рищизе ва сверухъ ругел къавмазда т\ад налог – магъало лъезеги Тимурилгун ккараб къот\и- къаялда рукъон гъазаватал гьариялъул нухалдалъун xi-аб, къадруялъулбайбихьудасаго Г\агьвалаз Шамхаллъи кьола Ашаханихъе хадубго Кавханихъе,Кьурдуханихъе гьединан xv-аб. Къарнуялъул бащалъиялда Г\агьвалаз жодор къавмалъул цевехъанлъун къабул гьавун вуго Гъазигъумекиб ханасул – Султан – Ах\мад-ханил г\агарав чи Шамалдаса Шафиг\ияв Саид-Г\али-ханасул тухумалъул Г\абасилазул кьибилалъул Х\асанил вас Х\ажи – Г\али . Гьесул тухумалъ т\алъи гьабула г\агьвалазул, багвалазул, ч\амалазул къавмазе xix-аб. къадруялъул байбихьи щвезег\ан.

1859-аб. соналъул 25-аб. июлалдаса хадуб Имаматалъулги лъуг\ула ва Дагъистаналъул кверщел Россиялъул пачаясухъе ккола. 1859-аб. соналъул 30-аб. июлалъ к\к\арат\а Наиблъиялда кколел рук\арал Г\агьвалазул наиб Шамилил вас Гъазимух\амад инсуда цадахъ Гъуниб маг\арда т\урула ва 22 къоялдасан 1859-аб. соналъул 25-аб. августалъ г\урусазул аскаралъухъе асирлъун уна.

Имам Шамилил эопха гьеб бак\алда лъуг\ула.

1813аб. соналъул 24аб. октябралъ Россиялъул ихтиялалде Дагъистан иналъул х\акъалъулъ «Гулистаналъул»къоиялдаса хадуб Аваричтаналъул ханлъиги г\урусазул ихтиялалда ккола. Дагъистан кканиги гьенир церегуялдаса нахъе г\уц\ун рук\арал ханлъиялъул, Шамхалазул, Уцимязул г\уц\алаби руахъе тана, цоял ирсилазда хадур унел цоял жодор бак\алъцул г\адаталдаго х\алт\изе.

Россиялъул пачаясул мурад ц\унизелъун ва гьесие рит\ухъал рук\инелъун гьа кьуна киналго вилаятазул Ханзабаз, Шамхалаз, уцмияз ва нахъиялги чиновниказги пачаясул наместникасе.

Росабаздасан ва байбихьуда гьел росабазе бегавулзаби рищула, хадуб участкаялъе нухмалъулел т\амула байбихьуда, ай 1918 соналъ Парах\ажиев Г\умардибир, къадилъун Г\амиров Къурамух\ама ревкомалъул председатель, Аюб х\ажи Бакъо – член, К\к\оро Х\ажимух\ама – заместитель, Г\абдулмажид Мух\ама – г\урус хъвай-хъваг\аялъе – секретарь, Жамалудин Г\али г\араб хъвай-хъвайисе секретарь, Загьалов Шамсдин – х\укму т\убалеб чи. Гьезул контора бук\уна Мигъиштохъ – Къурамух\амалие Мух\амадил минаялъуб. Яргъил, кванил, рат\лил склад бук\уна гьебго авалалъул Г\адаласул минаялъуб. К\алц\и – хералъул ва чуязе къвариг\араб т\икъва-маг\, квен-т\ех, рет\ел ва нахъиябги х\ажалъи ц\унулеб склад бук\уна Х\ассаг\олохо колода Исрапилил минаялъуб.

Ц\идасан Дагъистаналда Совет власть щулалъиядал 21/V-1921 абилеб соналъги рищиял ц\и гьарула. Г\ахьвахъ участкаялда кколел росабазул жамаг\аталгун данд бан щибаб росулъ г\адлу низам щулалъи мурадалда, рищиял т\орит\ула рук\уна 1918 абилеб соналдасанго. Росабалъ ревкомал г\уц\ун хадуб байбихьула участкабазул ва округазул рищиял гьаризе, гьенире делегатал рищизеги.

Г\анди округалъул участкабазда ва росабалъ Советал рищи байбихьана 1921 соналъул октябрь моц\алдаса. Г\анди округалъул Исполком бищула 1/XI-1921 соналъ ва гьелъул председательлъун вищула Г\ахьвахъа Шамхал,секретарьлъун Т\ок\ит\аса Х\ажиясул Мух\амад. Исполкомалъул Совет бищула 15 членасдасан балъгояб гьаркьидалъун округалъулги участкаялъул Совет бищиялъул протоколал ва х\асилал баяналъе цадахъ лъун руго.

Г\анди округалъул исполкомалъул Совет бищиялъул протокол N 1/XI-1921 аб. соналъ гьарурал рищиялъул х\асилазул баянгун.

Шамил асирлъуда ун хадуб Дагъистаналда административиял г\уц\алаби

Северияб Кавказалда рагъ лъуг\игун пачаясул намустник князь А.И.Барятинскияс 1860 абилеб соналъул 5 абилеб апрелалъ, хадубхун Дагъистаналъул халкъ г\урус пачалихъалъул мут\иг\лъиялда ч\езабиялъе гьабураб Проекталъул Положения къабул гьабула ва Россиялъул императорас 1860 абилеб соналъул 18 абилеб июналъ гьеб положениялда рекъон ихтияр кьола рагъулабгун граждaниялъул ишал т\уразе наместник А.И.Барятинскиясе,

Дагъистаналъул югалда ва севералда церегоялдасан рук\арал ханлъиялъул, уцмиялъул Шамхаллъиялъул ракьазул г\орхъабиги ц\унун Кавказалъул крайгун Прикаспийскиялъул край цолъизабула, Кубинский уезд Бакуялъул губерниялде т\адеги жубан. Цебеккун Терскаялъул областалде гьоркьоре унел рук\арал, Г\анди г\оралъ квег\аб рахъалде т\езарурал маг\арулазул къавмалги заманаялъе гьенирго тезе бихьизабун бук\уна наместникасул указалда.

Дагъистаналда цогояб административияб г\уц\и гьабиялъ рес кьола пачаясул самодержавиялъе гьелъул г\уц\и жодор т\алъиялъул цо кверзукь бачине.

Дагъистан област х\алт\изабиялъул къаг\ида бикьана рагъулабгун «гражданлъиялъул» управлениябазде ва ункъо рагъулаб бут\аялдеги: Севералъул, Югалъул, Гъоркьохъеб ва т\асияб – муг\рузулаб Дагъистаналъул.

Гъединаб административияб бикьи ц\ияб г\уц\илъун кколароан Дагъистаналъе.

XIX аб. г\асруялъул 40 абилел соназдасаго ханлъиялде ва княжествабазде бикьараб бук\ун Прикаспийскиялъул крайги.

1860 абилеб соналъ Дагъистан областалда г\уц\ун бук\уна 6го округ Т\аркиялъул шамхаллъи, мезтулиялъул, Аваразул ханлъи, Даргиназул, Кайтаг-Табасараналъул округ Бежт\а округалъул начальникал т\амун рук\унаро гьел округал х\алт\изарулел рук\уна рагъулал частазул начальниказ.

1863 абилеб соналде щвезег\ан Бежт\адерил рагъулабгун гражданлъиялъул администрация мут\иг\аб бук\ана Закатала округалъе ва гьев рагъулав начальникасул ихтиярги бащад гьабулаан губернаторасулалде.

1863 абилеб соналдаса Закаталаялъул округ жибго жиндаго ч\араб округлъун гьабуна.

1863 абилеб соналдаса байбихьун тана наибзаби г\иц\го Кайтаго-Табасараналъулги Даргиназулги округазда хут\изег\ан.

Даргиназул округалда цебегоялдаса билъанхъарабго г\адаталда, ирсалъул къаг\идаялъ, къадизабаз х\алт\изабула щибаб община, наибасулго ихтияралда бащадго.

Даргиназул округ бук\ана 1845 абилеб соналъго г\уц\араб ва гьеб унаан Дербенталъул губерниялде гъоркьобе 1860 аб. соналде щвезег\ан.

1856 аб. соналъ Даргиназул округалде т\аде жубана Сюргиялъул обществаги. Округ бикьун бук\ана 6го обществоялде.

Таркиялъул Шамхаллъиялъул ирсилал бет\ерлъуда 1836 аб. соналдасаго г\урусаз тун вук\уна Абу-Муселим гьесдеги божилъи гучаб бук\иналъ 1851 абилеб соналдаса гьесул помощник х\исабалда г\урус офицер т\амун вук\уна.

Мехтулиялъул ханлъиялде гъоркьоре унаан 13го росо. 1859 аб. соналъул

Октябралда Императорас мехтулиялъул ханлъун т\амула Рашидхан гьенив вук\арав гьесул к\удияв вац Ибрагьимханги Авар округалде ханлъун т\амун.

1860 абилеб соналъул 5 абилеб апрелалъул Положениялда рекъон Сулахъалда сверухъ ругел росабазе.Ахакь, Ишкарты, Хъарани, Гъоркьияб ва Т\асияб Эрпели, Султан-янгъи-юрт, Чир-юрт, Ч\ик\аб ва Чанта-аулалъе рагьана Присулахъалъул наиблъи. Гьел росаби цониги округалде гъоркьореги унароан.

Югалъулаб Дагъистан бикьун бук\уна 3го управлениялде% Кайтаго-Табасараналъул округ, Самуралъул округ ва Кюриналъул ханлъиялдеги. 1860 абилеб соналде щвезег\анго Кайтаго-Табасаран унаан Дербенталъул уездалде гъоркьобе.

1843 абилеб соналдасаго Кайтагалъул приставлъун вук\уна полковник Джамавбег, гьесул помощниклъунги т\амун вук\уна г\урус чиновник, хадувхун правителлъун тастикъ гьавула уцмиязул тухумалдаса Ах\мад-хан. 18/XII-1860 аб. соналъ г\уц\ана Кайтаг-Табасараналъул округ Ерси росо центергун.

Кюриналъул ханлъи ц\унун бук\ана жибго жиндаго ч\араб вилаятлъун генерал майор Юсуп-бег хангун.

1859 абилеб соналъул октябралъ цереккун ханлъиялъул г\адлуялда х\алт\улел рук\арал вилаятазе императорас ихтияр кьун бук\уна заманаялъе гьебго х\алалъ х\алт\изе. Хадубхун Кюриналъул ханлъи хвезабуна гьенибги управления г\уц\ана.

Самуралъул округ бук\ана 1839 аб. соналдасаго г\уц\араб ва гьелдаса нахъего х\алт\изабулаан округалъул администр.управлениялъ.

Округалде гьоркьоре унаан 4 общество: Ахты-пара, Алты-пара, Докуз-пара ва Рутулалъулги, ва гьезул щибалъе диванбег-къадиги вук\уна.

1844 аб. соналъ Рутулалъул общество элисуялъул вилаяталде гьоркьобе цолъизабуна.

Самур округалде т\адего журала, цебеккун гьеб округалъул бук\араб г\орхъиги ц\унун, 1860 аб. соналдаса Самур г\ор ккун маг\ардехун ругел, цереккун Закатала округалъул Джаробелеканалъул участкаялде кколел рук\арал росабиги.

Самуралъул округ бикьана лъабиде: Рутулалъул, Докуз-параялъул ва Ахтиялъулги наиблъиялде. Гьоркьохъеб Дагъистаналъул рагъулаб часталде гьоркьобе кколаан 1860 аб. соналъул 5 аб. апрелалъул положениялда рекъон Гъуниб, Гъазигъумек округалги Аваристаналъул ханлъиги гьелде гьоркьоре кколел эркенал обществабиги. 1859 аб. соналъул августалдасан. Гъуниб округалде гъорлъе унаан Г\андалазул, Сугъелдерил, Т\елкьадерил, Къаралазул, квенсерухъазул, Ракь-Г\ахьвалазул, Къорода к\к\удисезул Селдерил ва Гъайсубулалъул обществаби, ва гьелги унаан Прикаспийский краялде гьоркьобе лазаревасул мут\иг\лъиялде 5/IV-1860 абилеб соналъул Положениялда рекъон Гъуниб округалда г\уц\ана 8 наиблъи: Ч\ахъадерил, Квенсерухъазул, Т\елкьадерил, Гьидерил , Сугъелдерил, К\к\уядасезул, Унсоколосезул ва Гъарак\унисезулги.

Гъазигъумек округ г\уц\ана 5/IV-1860 аб. соналъул Положениялда рекъен цебеккунго, ай 1843 абилеб соналъго гьеб округалда хадуб щула гьабун бук\араб ракьул г\орхъиялдаго, гьелде щвезег\анго 1847 аб. щвезег\ан Гъазигъумекив ханлъун вук\арав Агъалар-бегица х\алт\изабун бук\ана 1858 аб. соналъул ихдаллъизег\ан ай гьев хвезег\ан, гьелдаса хадуб гьеб округалъул управления х\алт\изабизе кьуна генерал-майор Тархан-Мауравовасухъею

Гъазигъумекиб г\уц\ана 3го наиблъи: Мукаралъул, Дусрахъалъул, Аштикулиналъулги, 5/IV-1860 абилеб соналъул Положениялда рекъон.

Аваристаналъул ханлъи ц\идасан г\уц\ана 5/IV-1860 аб. соналъул Положениялда рекъон 1843 аб. соналдаго гьеб ханлъиялде кколел рук\арал обществоги гьоркьоб бачун. Аваристаналъул

## Г1АХЬВАЛАЗУЛ К1К1АЛАХЪ ИНСАН.

Жеги Дагъистаналъул ракьалде т1оцевесев инсан решт1иялъул мух1канаб баян гьеч1ониги археологиялъул ц1ех-рехалъе кодор щварал маг1ишатиял алатаздасан х1исаб гьабун инсан нилъер Эралдаса 300 азарго соналъ цеве,ай, полиолиталъул заманаялдаго решт1ун вук1ин ч1езабун буго г1алимзабаз Северияб Кавказалъул ракьалда.

Гьединго ч1езабулеб буго ракьул гьумерги жакъа нилъеда бихьулеб х1алалъ гуреб г1одоб биччараб къилбаялъулгун бакът1ерхьул рахъалдаса борхалъи рехараб, Севералдехун гьет1и ккараб бук1анилан.

Гьеб т1абиг1аталъул хисиялда цадахъго доб заманаялъ бук1араб гъвет1-херги, рух1ч1аголъиги нилъер Эралде щвезег1анго к1удияб хиса-баси ккун бук1инги.

Доб заманаялъ  г1адамас х1алт1изарулел рук1арал ганч1ил алатал ратун руго, Кайтагалда, Дербенталда, Усиша, Г1андадерил х1оразда сверухъ, Урма ва гь. б. Инсанасул г1умруялъулъго г1адин т1абиг1аталъул гьумералъулъги ц1акъго ч1ах1иял хиса-басиял ккун руго, г1азу-ц1адалъул, ц1ералъул, гьури-квачалъул, ракь багъариялдалъун, вулканал раккиялдалъун, лъар-лъималъул къуваталдалъунги. Балагьизин нилъедаго цебе бихьулеб т1абиг1аталъул гьумералъул хиса-басиялда:

Т!ок1ит1а т1ад унаго нилъеда бихьула Тахо мег1ералъул борхалъи ва гьенисан чвахулеб лъаралъ г1ахьвалазул жаниблъиялда гъун бач1ун бугеб гамач1-гъегъги. Гьеб Тахо маг1ардаса лъараца бач1араб гамач1-гъегъ бахун буго лъарал гьумералдаса 700-800-го метраялъ т1адег1ан, гьелъ нуг1лъи гьабулеб буго цо чанго азарго соналъ цебе Тахо лъарал чвахи гьаб бак1алдасан бук1араблъи ва дагь-дагьккун лъаралъ ракь чурун к1к1ал бахъун лъарал гьумерги г1одобе ккун бук1ин.

Гьединго тамашалъи гьабизе бач1уна Т1адмагъилъ росдада нахъа решт1араб «Ачиц1ц1а» абураб к1удияб 30-35 куб. метра бугеб гамач1 кин гьениб решт1арабалиги. Гьеб гамач1алъги нуг1лъи гьабулеб буго кидаялиго цебего ц1вакилазул к1к1ал бук1инч1олъи ва гьеб гамач1ги ч1ч1етал кьурулъан ракь багъаридал т1ун бач1ун гьениб ч1ун бук1инги.

Нилъеда умумуз бицунеб батана г1ахьвалазул муг1рулгун к1к1алал ч1ах1иял нак1к1ил рохьаз ккурал рук1ун ругилан. Гьеб бит1ахъ гьабиялъе г1адин «Ч1анди» кьо балелъул ракьулъан къват1иб баккун бач1ана 60-70 см жиндир рохтиялда бугеб нак1к1ил ч1алу, т1адго г1аркьелалгун. Гьединанго нак1к1ил ч1алу-рахи батана «Мук1уди рахъе» - абураб к1к1ал ччук1ун бач1индалги.

Бицунаан умумуз г1ахьвалазул к1к1алал цияз, гъалбац1аз, ц1иркъаз, чундуз, бац1аз ккураб бук1анилан. Гьабсаг1атги цо-цо бак1азда ц1арал хут1ун руго гьез ханлъи гьабулел рук1арал бак1азда: «Гъалац1илъиг1а», «Чанак1ведамугъу», «Бач1олъикъе», «Шилъели» ва цойгидалги бак1азда.

Гьанже нилъеда данч1валаро циги, гъалбац1ги, ц1иркъги. Гьел хисун цойги х1ут1-хъумур, х1инч1-гъеду решт1ун буго т1абиг1аталда рекъараб. Гьединанго нилъер берда цебе ракьул гьумерги хисулеб буго.

1946 соналъул 3 аб. июлалъ мег1ер ччук1ун бач1араб лъаралъ Тахо лъарахъан эхеде 70 гектаралда бук1араб ч1ах1ияб заз-хъарахъ, гъвет1-хер щибго теч1ого лъаралъ ана ва гъогъол гох1алда гьебги сверизабуна. Щибго заз-хъарахъго бук1инч1еб Зоноб к1к1алал ахалъи заз-хъарахъалъги ккуна.

Г1умруялъго кього х1ажалъулареб, г1адан  т1асан гали бегьун хьвадулеб бук1араб Кванлъеросезул лъар, лъун кьогицин толаребг1ан к1одолъана, рохьал дагьлъиялъ, лъимал бак1-бак1аздасан къват1ире к1анц1иялъ. Гьединго нилъер умумуз бекьун пайда босулел рук1арал хурзал х1орго теялъ харил санда сверана. Инсанас г1умру гьабун рук1арал кули-мархьо, авал ч1вендалде сверана.

1883 соналъул июлалъул бай-бихьуда ц1вакил колодаса эхеде бук1араб мегъ хвезабун гъогъоде сверизабун буго «Агичалъи» рахъ ччук1ун щвеялъ.

Гъел т1абиг1аталъулъ ккарал хиса-свериялдасан лъугьарал нохъо-т1окъоялдаса, г1ерекъ-гьодорлъиялдаса живго вахчизе пайдаги босун т1оцеве Г1ахьвалазул к1к1алахъ решт1арав инсанасги гьениб г1умру гьабизе лъалхъен гьабун буго. Мух1канго Г!ахьвалазул к1к1алахъ инсан решт1араб заман лъаларо.

**ТАХОЛ ВАТ1АН.**

Дагъистаналъул къилбаялъулгун бакът1ерхьул муг1рузул бакьулълъиялда, Аваргун Г1анди г1оразда гьоркьоб, Севералда «Ч1ч1ета» кьуруялъ къилбаялъул рахъалдехун г1орхъи ч1ван т1абиг1аталъго бат1а гьабун буго т1оцеве Тахоца решт1ин гьабураб вилаят. Бакъбаккудаса, Авар г1орул квег1аб раг1алалдаса, г1есдерилгун бакълъухъезда гьоркьоса эхеде «Ч1ч1ета» кьуруялде данде Хундерил т1алъиялде унеб нухлул к1алт1уялдаса байбихьун «Лъиси» моц1ролъе щвезег1ан, ургъунго т1абиг1аталъ Севералъул квач-гьуриялдасанги къавмазул чабхъеназдасанги инсан ц1унизе ч1вараб сангар г1адин, 70-ялдаса 1260 метрялде борхатго араб кьуруялъ, къилбаялъул рахъалде жаниб сверизабун буго Севериял г1ахьвалазул лъабго к1к1ал.

Лъабабго к1к1ал цолъула Тахол муг1рузул Зонол жаниблъиялде. Гьеб лъабабго к1к1алахъе цолъула Тахол муг1руздаса беролел иццазул лъимал, гьел иццал цолъун, бакъбаккудаса чвахула Изавндерил лъар, къилбаялдаса «Тахо» лъар, бакъ т1ерхьудаса «Ачмикь» лъар ва гьеб лъабабго лъарги цолъун «Зонол» лъар г1ола, гьебги жубала Г1анди г1урулъе. Югалъул г1ахьвалазул лъаралги данделъула Тахол муг1рузул т1огьисаго беролел иццаздасан, щибаб росдада аск1осан бат1а-бат1а ун цолъула Авар г1оралде.

Севералъул г1ахьвалазул к1к1алахъе Зонол к1алт1ухъан раккаралго рихьула Тахол мег1ералъул къилбаялда, муг1рул бисаз ханлъи гьабураб лъабго гох1, лъаг1елалъго жиндер т1огьиб г1азу-ц1ер биунарел, ургъунго г1орхъи ц1унун ч1арал хъаравулал г1адин, ралъдал гьумералдаса 3570 метроялъул борхалъуда. Т1олабго г1ахьвалазул ракьалда буго 370-г1ан ицц, щуго х1ор: «Чудказул х1ор» - алъул лъим халкъалъ даруялъе х1алт1изабизе унеб бук1ана.

«Руччабазул х!ор» - инир чанклъарал руччаби реххулел рук1анилан бицен буго.

«Х1урдузухъ х1ор» - инир халкъ бахъуна ц1ад гьарун, унти-балагьалдаса ц1уни гьарун гьениб гьари-дуг1а гьабизеги.

«Г1ухьбузул х1ор» ва «Жагьуда Игьораги». Гьеб щуябго х1ор буго ралъдал гьумералдаса 2410-2450 метраялъ Тахол муг1рузул т1алъиялда.

Г1ахьвалазул муг1рул руго т1ац1ц1аб г1идраялъ ккурал, к1к1алал руго ччох1ал нус-нус бат1ияб хер-т1егьалъ ва т1амхилгун нак1к1ил рохьаз берцин гьарурал, чамго бат1ияб г1алхул пихъаздалъун бечедабги. Гьединго руго Лъендерил, Т1унсикьдерил ва «Ч1ч1ет1а» кьурулъан лъинал чвахиялги.

Дагъистаналъул Топонимияб реестралда росаралги росич1ого гьоркьор таралги. Г1емер руго т1убараб лъаг1елалъго ц1ер биунарел муг1рузул щобалги.

Жеги мух1канаб ц1ех-рех гьабун бихьуларо географаз Тахол геоморфологиялъулгун . 100 дасаги ц1ик1к1арал нохъабазул рехсейго гьеч1о. Г1ахьвалазул муг1рузда ва к1к1алабахъ дандч1вала ганч1ил т1орччол т1ереналго гъаталги, кьер бугел ва ч1ег1ер металалги.

Масала: Тахо маг1арда к1иго бак1алда бихьизабун буго геологаз маххул маг1дан, «Мук1уди» рахъиниб пахьгун резидул маг1дан. Г1ак1иласул Ах1мадханил колода гъоркь лъарахъ кьуруялда гьоркуьоб ганч1ил т1орччол гъатги ва гьел гурелги. Немцазул лигвинист – Р. Эркертица абун буго, - Киналго маргьабазульги, назму, къиссаялъульги рехсарабщинаб г1адан х1айранлъараб т1абиг1аталъул г1уц1и жинда г1ахьвалазул ракьалда дандч1ванилан, хадубго т1адеги жубан буго – т1убанго Грециялъул т1абиг1атги, гьава бакъги жинда Г!ахьвахъ батанилан.

Щивав инсанасе жив вижарав-г1урав ракь берцин бихьула – Ункъ ракьалъулас абурабила. – Гьай баркаман Хъвено бак1илан.

Кванхидалъас абунила, - Гьай дир ракьалъул гьарзалъи- йилан.

Г1ахьваласеги жиндиралдаса берцинаб ват1ан т1ок1аб батиларилан кколеб батила. Гьел муг1рузул к1к1алабахъ г1умру гьабизе инсанасе кидал байбихьун батаниги г1ахьвалавги кват1ун вихьуларо цо бак1 ккун тархъизе.

Цебеса-цебе бицун щваралда г1амал гьабуни, т1оцебе г1ахьвалазе кьуч1 лъуравлъун рик1к1уна Тахо, гьес байбихьун буго г1ахьвалазул к1к1алахъ тархъине. Живги вук1аравила кинаб бугониги дин гьеч1ев, бищунго къосарав гуржияв.

Гьелъие нуг1лъиялъего г1адин хут1ун буго г1ахьвалазул къавмалъ г1умру гьабулеб Тахолмег1ер ва гьесул ирсилазул: Туручи, Тураали, Кьедаханил, Белъанал, Бакъурил, Ч1амотол, Хабирол, Рор кулал, Гожол ц1аразда мег1ер-г1алахалда ц1аралги.

Археологиялъул х1ужабаз ч1езабухъе Дагъистаналъул муг1рузул ракьанлъабазда ва к1к1алабахъ байбихьуда г1и-боц1и хьихьиун хадубго хур хьан бет1ербахъи гьабизе Y-IY азар соназ нилъер эрулдаса цебего байбихьун батани г1ахьвалавги кват1ун вук1ине кколаро сверухъ ругел къавмаздаса г1и-боц1и хьихьун, хур хьан маг1ишат гьабизе.

Урартуялъул пачалихъ къавмазде бикьарабго щивав къавмалъул цевехъанас байбихьула жиндир къавмалъул ракьул г1орхъи ч1езабизе. Г1ахьвалазе Тахоцаго г1адин щибаб къавмалъ г1орхъи лъолеб буго т1абиг1аталъго лъурал хаслъабаздаса: лъел, лъарал, г1орул,кьурул, щобазул, гох1азул нохъо-к1к1алалъул кьуч1дуздалъун. Гьединабго х1ал буго сверухъ ругел къавмазулги. Т1оцебе Г1анди къавмалъ ихтияр гьабун бук1уна т1олабгоялде г1агарун Гумбет районалъул къилбаялъулгун бакът1ерхьуде кколел росабазул ракьалда. К1к1аралазул къавмалъухъ бук1уна т1окадерил, местерухъазул, ингердахъазул, ц1аладерил, хелкьадерил, г1алхъадирил росабазул бугеб ракьги. Ч1амалазул къавмалъухъ бук1уна чачаназул г1орхъода ругел росабаз ккурал ракьал гурелги Къиди ва цойгидалги авар мац1 бицунел росабазухъ бугеб ракьги.

Т1оцебе къавмазухъ бук1араб ракьул г1орхъи хисараб заманлъун кколеб буго Х11-Х1У-ХУ къарнуял. Гьеб заманаялъ маг1аруллъиялда ккараб политикияб асаралъ Дагъистаналъул муг1рузул халкъ г1емер гочаризе т1амун буго.

Щибаб къавмалъул росабазул ва ракьалъул х1исабалъухъ балагьараб мехалъ Х1У-ХУ – къарнабаз щибаб къавмалъул бук1ун буго 5-6 росо. Гьеб щибаб къавмалъул халкъги бук1ун буго 2500-3000 г1адан. Щибаб къавмалъул ихтияралда кколеб бук1ун буго гьоркьохъеб х1исабалда 10-15 азарго га г1анасеб ракьги.

Росо лъун, рукъ-мина бан г1адамазул цолъаби лъуг1изег1ан инсанас маг1ишат гьабулеб бук1ун буго нохъабазда, т1абиг1иял т1окъабакь, рохьазда, ай, гьури-квачалдаса жалго ц1унизе санаг1алъаби ругел бак1азда.

Инсанасе бай-бихьул г1умру гьабизе г1ахьвалазул к1к1ал г1езег1анго санаг1алъаби ругеблъун бук1ун буго; чох1ал рохьал, гъвет1-хер, иццал-лъарал ругеб, гьури-квачалдаса хьвараб, хасалил бакълъаби ругеб, г1алхул чан, х1ут1-хъумур г1емераб бак1 бук1иналъ, г1иц1го Тахол ракьалда гуребги, маг1аруллъиго, т1оцевесев инсанасе г1умру т1амизе т1абиг1аталъ ресал рекъезабураб, гьава-бакъ рекъараб бак1лъун бук1уна.

Х1исаб гьабураб мехалъ лъараг1лъиялъул т1абиг1аталъ доб заманаялъ инсанасе маг1арухъ г1адинал ресал рук1ун гьеч1о, гьелдалъун батила муг1рузул к1к1алабахъ росаби, кули-мархьо бан г1емер чияс ват1ан т1амурабги, дагьаб ракьалда т1ад г1умру т1амурабги. Г1ахьвалазул к1к1алахъ инсанас г1умру т1амулеб бук1ун батани нохъабахъ т1окъабазда, гьочо-гамач1алъукь, дагь-дагьккун инсан ругьунлъун вуго жив гъоркь вахчизе т1абиг1аталъул буголъи х1алт1изабун, гьеб цоцада бан т1окъо-рукъ т1екъезе ва жинца жаниб г1умру т1амураб, жакъаги к1к1вийдул ва къент1аридул мах1 т1аг1инч1ел нохъо, гамач1 рехун тезеги. Гьеб заман буго маг1арулас т1абиг1аталъго рарал рукъзабахъ г1умру т1амулеб бук1араб – нохъабазул заман.

Байбихьула жиде-жидер хъизамал цадахъ лъугьун санаг1алъи бугеб бак1 т1аса бищун мина-рукъ бан цо бак1алда ч1араб маг1ишат гьабизе, гьеб тухумалъул заман халалъула 1У - аб. къарнуялде щвезег1анго. Х1алт1ула г1адамазул къокъаби лъугьун цо-цадаса ц1унараб къавмазул замана. Цинт1аго нохъо къуру рехун толаро г1ахьвалас, байбихьула гьелдаго аск1об г1ат1илъи ц1ехезе ва маг1ишаталъе санаг1атал ралагьизе. Гьединал бак1ал, т1абиг1аталъго х1адурараб нохъо-т1окъо нуг1заллъун жеги руго:

«Къурукь» аваланда нохъода гъоркьго гунащилаз цо чанго ц1а-ракиялъе рукъзал ран руго, рукъалъул нахъияб къедалъе къуруги тун, гьенир ч1алу-рахи базе къурулъ карт1алги рахъун. Гьединабго х1алалъ цебе нохъодуй х1алт1изабулеб бук1араб Лологъонилъ чанго мина бан буго, т1оцере гьенир тархъен гьабурал шитарилаз г1умру т1амун бук1араб нохъоялъуб. Гьендинабго тархъен гьабун буго Т1унсикье унаго къурул нохъо рукъалде буссинабун Г1умаханилаз. Гьебго х1алалъ бан буго Ч1анди Нартасул нохъодаги, т1оцеве решт1ен гьабурав Беч1ароцаги; Ч1ахало нохъода ч1арав Жухицаги-Ч1ахицаги; Кидаялиго дунял багьариялъ «Ч1ч1ета» къурулъан бортун бач1араб к1иго гьочо цоцалъ бан лъугьараб т1окъоялъукь. «Гьиц1ц1алъи», Ганч1икьасги. Гьединан г1адамаз г1умру т1амурал нохъал 100-ялдасаги ц1ик1к1ун руго. Гьел нохъаби руго къурул парсал ккун унел, цебе г1ат1илъи гьеч1еб, г1умру т1амизе х1инкъи бугел, къаг1ида гьеч1ел бак1азде

ккарал нохъаби церего рехун тун  руго. Гьеб бук1уна г1ахьвалас нохъабазда ч1ун г1умру гьабулеб заман.

Нохъабахъан къват1ир рахъун хадуб дагь-дагькун байбихьула хур хьан, боц1и хьихьун колабазул г1умру гьабизе. Феодалияб обществоялъул цебет1еялда цадахъ щибаб хъизамалъул агьлуялъ байбихьула жиде-жидер рукъалъе маг1ишат бат1а гьабизе бак1ал т1аса рищизе ва даималъего къайич1ван цо ккураб бак1алда г1умру т1амизе. Гьеб бук1уна г1ахьваласул кули- мархьуялде вуссараб заман. Феодалияб общество цебе т1унаг1ан гьезул г1умруялъульги ц1ик1к1арал хиса-басиял лъугьине байбихьула. Рес бугелльун лъугьараз язихъазул зах1мат жидеего пайдаялъе х1алт1изабизе лъугьуна, гьединан байбихьула къавмалъул цебет1ей ва хъамаллъиялъулалд къеркьеял рагъаризеги.

Къавмазул чабхъеназдаса ц1унизе щулалъаби рала ва кулаби цолъун къуватал росабазде сверула. Г1ахьвалазул к1удиясул – Тахол лъималазулги лъималаз сверухъ ругел къавмаздаса ц1унизелъун нохъабаздасаги, кулабаздасаги г1адамал данде рак1арун росаби лъезе байбихьула. Гьеб ккола колаби, тухумал цолъун росаби г1уц1араб къавмалъул заман.

Феодалияб обществоялъул цебет1ей ккарабг1ан г1адан хъант1аравлъун лъугьизе  байбихьула. Цоцазда кодоса боц1и-панз, ракь, кули-росо бахъун, лагъзал х1алт1изарун, раг1иятал ккун, къуват бугез заг1ипазда магъало лъун ва гьезул буголъи жидеего бахъун, вергьарас къурав къварид гьавулеб политикияб къавмалъул заман баккула.

Щибаб тухумалъ, къавмалъ г1амал гьабула жалго ц1униялъе щулалъаби гьаризе. Тахол къавмалъги байбихьула жидеего щулалъи х1адур гьабизе, сверухъ ругел къавмаздаса жалго ц1унизелъун.

Тахол яги Туручиласул, гьесулги вас Тураг1алил яги Кьедаханил заманаялъ г1ахьвалазул к1к1алахъ цо бак1алда данделъараб росо бук1ун гьеч1о, кулабазда, нохъабахъ, гамач1-кьуруялда гъоркь г1умру т1амун рук1ун руго.

Тураг1алил вук1ун вуго к1иго вас, цояв Ашва абун, цойгидав Аша-йилан. Гьевго Тураг1алил вац Кьедаханилги вук1ун вуго к1иго вас: цояв Занойилан, цойгидав Изанойилан. Тураг1алил вас Ашваца росо лъезе т1аса бищун буго Гъаштиласул милкалъул бакълъуда, борхатаб «Ч1ч1етал» кьурул бакъуде гьумер кьураб, кидаялиго дунял багъарун к1обок1иялъ кьурулъан чвахарал хъах1аб гачил гьочо-гъегъалъ ккураб лабаллъиялда, бак1-бак1алъан ракьул т1индаса раккун рач1арал г1адин к1к1убаб миччиралъул гох1азгун чабхица ханлъи гьабураб ракьалда.

Росо лъураб заман кколеб буго г1ага-шагарго нилъер заманаялъул т1оцебесеб къарнуялда. Росдада ц1ар хут1ун буго росо данде бак1арарав Ашвал ц1ар. «Ашвадо» абураб г1ахьваласул ц1аралдаса бач1араб ккола «Г1ахьвалал» абураб ц1ар. Гьабсаг1аталъги жиделъго г1ахьвалаз гьеб т1оцебе бук1араб росдада  «Ашвадо» йилан абула, г1ахьвалазул росабазда гьоркьоб бищун к1удияб бук1иналъ «Ик!агьани» - янги абула, гьелъул маг1на ккола маг1арул мац1алъ «К1удияб росо» - абураб.

Т1оцебе гьеб росо лъураб бак1алда чанго нухалъ хиса-баси ккун буго. Байбихьуда Мерванил заманалъ, хадуб Гъумекдерилгун, Хундерил нуцалилгун; хадубго Тимурил аскаралъ халкъ гъурияслдалъунги, т1абиг1аталъул къуватаздалъунги, дунял багъариялъ, гьури-ц1адалъ, ихаз, лъараз ва цойгидалги балагьаз гьарурал зарарал сабаблъунги. Росо ц1унизе санаг1атаб бак1алде бакъ баккудехун ц1ан буго росо.

К!иабилев вас Аша Тураг1алица паракъат гьавун вуго Авар г1оралъул квег1аб, Тахол муг1рузул бакъ баккул рахъалъул ахалъуда. Гьев Ашацаги цереккун кьурул нохъаби-т1окъабакьанги, кулабаздасанги халкъ цо бак1алде бак1арун буго ва гьев Ашал ц1аралда росоги г1ун буго. Г1ахьвалаз Г1есдерил росдада «Ашадо» йин абула сверухълъиялъ «Г1аса» росо абухъе. Гьев Аша вук1ун вуго Авар г1урул квег1аб рахъалда ч1араб халкъалъул хан, гьелдалъун гьесде абулеб бук1ун буго Ашаханиланги.

Ашал – Г1асаб росо г1уц1араб заманги гьебго Ашва-К1удияб росо лъураб заманги цого заман ккола. (Г1есдерил тарих ц1акъ бечедаб, гъваридаб буго, гьелдалъун дица раг1и гьезул цо г1алимасе кьун толеб буго). Г1ес кидалго г1ахьвалазул обществоялда гъорлъ рук1ана ва гьезул гьоркьоблъи, гьуинлъиги цоцалъ щулияб бук1ана ва г1ахьвалаз гьел жидерго г1агарлъилъунги рик1к1уна. Гьел маг1арулазда гьоркьор ккеялъ мац1 свераниги рук1а-рахъиналъул, г1адатазул, рет1а-къаялъул, маг1ишаталъул киналниги къаг1идаби цого руго.

Гьебго нилъер эралъул т1оцебесеб къарнуялдаго раккула Тахол васасул васасулги васалазул ц1аралда, ай Занолги Изанолги росаби. Гьел Къхедаханил лъималаз данде рак1арула. Цояс – Изаница г1ахьвалазул к1к1алалъул бакъбаккуда, гьенир сверухълъиялда рук1арал нохъо-кулабаздаса халкъ, жиндирго къайи ч1вараб бак1алда росоги бала, амма росо т1оцебе лъураб бак1алдаго хут1уларо. Циниса кьурул ракьандехун , циниса лъарахъ гъоркьег1ан гочардула. Чанго нухалъ ккараб рагъ-кьалалъ к1удияб асар гьабун буго т1оцебе росо лъовухъе ц1унизеги. Цо-цо бак1алда хут1ун руго байбихьуда росо бук1араб бак1алъул ч1унтелазул кьуч1ал, бак1-бак1алъан ракьулъанги раккун. Кин бугониги Изанол росдал цебе бук1араб гьумер хисаниги г1ага-шагарго росо Изанол милкалда хут1ун буго.

Изанолго вац Заноеги инсуца бихьизабун буго г1ахьвалазул к1алалъул бакъ т1ерхьуда Тахо лъарал кваранаб рахъалда нохъо-кулабаздаса халкъ данде бак1арун росо лъезе бак1.

Гьеб бак1алда Заноцаги росо лъун буго чанго кули-нохъода ч1араб халкъги данде бак1арун, гьеб росо лъугьун буго бищунго к1удияб бечедаб, къуватабги. Росо бан буго Ашвал росдал лъарал кваранаб рахъалда, гьабсаг1ат Мигъиштохъ – ц1вакил кули авал бугеб бак1алда. Занол росдал бук1ун буго 300 ялдасаги ц1ик1караб ц1араки. Занол росо чанго нухалъ бихун-бух1ун лъуг1изабун буго. Ислам дин т1ибит1изабиялъе т1оцересел рагъал гьарула Г1арабиязул бодул цевехъан Мерваница.

Тахол агьлу кинниги мут1иг1лъун гьеч1о Мервание, жидер рагъде вахъизе важарулевщинав чи лъуг1ун гурони. Мерванилгун гьабулеб рагъги гьоркьоб къот1изе тун гьеч1о. Мерванида Тахолазда ислам босизабизеги к1ун гьеч1о. «Гьаб

г1алхул халкъ т1убан лъуг1изабун тани гурони нилъеде мут1иг1лъулел чи гьеч1илан» т1ад вуссун ун вуго.

Гьелда хадубго нусиялдаги хадуб соналъ гьоркьоб къот1ич1еб Татаро-монголазул ханлъиялъул заманалдаги чанго нухалъ г1ахьвалазул община кьалде ккола, гьезул зулму х1ал х1ехьезе к1веч1ого, кинав къирар т1алъуде кканиги г1ахьвалазе магъало кьей рогьолъун бук1ун буго. Цадахъго «Ц1унт1а г1ахьвалаздаса» абун гурони г1ахьвалазул анлъго росдал ц1ар рехсараб бак1 батуларо, доб заманаялъул архиваздa яги кинаб бугониги историялъул баяназда, гьел росабаздаса магъало бихьизабураб бак1ги гьеч1о, ХУШ-абилеб г1асруялда Аваразул ханасе хут1ун. Татаро-Монголазул ханлъи т1аса ун хадуб ваккула дагъавги Мерванидасаги, Тахтамишидасаги г1асияв Гьоркьохъеб Азиялдаса Тимур. «Золотая орда» к1иабизеги бахъун ч1езабизелъун лъугьарав Тахтамиш Тимурил вас – Мираншахас 1387 аб. соналъ Самур г1оралда аск1ов къезавула, хадубккунги Тахтамишица Терекалъул г1одоблъиялда къеркьей гьабула Тимурил аскаралде данде 15/1У-1393 аб. соналъ «Золотая ордаялъул» иш лъуг1ула.

«Золотая ордаялъулгун рагъ лъуг1ун хадуб Тимурица байбихьула Севериияб Дагъистаналъул бакът1ерхьул къилбаялъул рахъалде чабхъенал гьаризе, нухда бата-батараб росабазул халкъги гъурулаго гьев лъугьуна Г1анди вилаяталде, Ислам билъанхъизабиялъул мурадги цебелъун ва г1андадерил вилаяталъул бет1ерлъуда вук1уна Юлук-князь-христианин. Юлук вук1уна Г1анди т1алъиялда християн дин т1ибит1изабулев бищунго капуразул цояв. Тимурица суал лъола г1андадерил халкъалда цебе цояс теч1ого христиан диналдаса инкар гьаби ва Исламияб динги босизе ккей.

Тимурица борхараб суалалъе данде ч1аравщинав чи лъуг1изавула. Гъагъалъ ккараб рагъулъ г1анди вилаяталъул кашиш Юлук ва гьесул агьлу ч1вала. Юлукил рахъ ккун къеркьарал ва Ислам къабул гьабизе инкар ккуралги гъурула ва гьезул боц1и-малги тала гьабула. Хадуб игра щола Г1ахьвалазда, гьеб бук1уна гьебго Г1анди Тимур вач1арав 1395 аб. соналъул июнь, июль моц1ал.

Г1андадерил къавмалъе гьабуреб Г1ахьвахъги гьабула, гьелги христианазул диналда рук1уна. Байбихьуда Тимурица г1ахьвалазул халкъги данде бак1арун, щибаб росдал халкъалда цебе суал лъола г1андадеридаго г1адаб, г1ахьвалаз Тимурие инкар гьабула, жидеца цебеккун гьабулеб дин рехун тезе ва исламияб дин босизеги. Тимурица байбихьуда щибаб росдал г1адлучиясул рукъ-мина бух1ула ва гьезие махул таг1за гьабула, г1ахьвалазул Тимургун рагъизе х1укму ккола. Къаси чабхъен гьабун Тимурил аскаралъул чуял хьола, гьесул рагъухъабазухъа ярагъ бахъун цойгидалги квалквалал гьарула, амма Тимурица жинда кодов щун г1ахьвалазул цо чи ворч1изе толаро ва гьезул росабиги рух1ула, ахиралда Изанол росоги тала гьабун т1алакъури маг1ардаса Хунзахъехун жиндирго аскаргун уна.

1395 абилеб сон ккола Г1ахьвалазул Занол росо Тимурица кьуч1дасанго лъуг1изабураб сонлъун. Тимурил заманаялъ Кванкъерол росо бук1ун буго лъарал г1одоблъиялда, гьеб 1465 абилеб соналъ мег1ер ччук1ун кутакаб лъар щун буго, гьебсоналъул июналъул ахирал къояз ва гьениб лъар ккун эхеде бук1араб к1удияб мегъги хвезабун буго лъараца ун.

Кванкъеро росо абураб ц1ар щун буго гьеб росо лъураб бак1алда – колода т1оцеве г1умру гьабун ч1ун вук1арав канлъукъав чиясул ц1аралдаса. «Кванкъеро» абураб раг1и биххун балагьани г1ахьвалазул мац1алда «Квакъеда» канлъукъав абураб раг1и буго, гьелда т1аде «ро» абураб суффиксги жубан буго.

Кванкъеро кули бук1ун буго гьанже Садрудинов Камилил мина бугелъуб. Бицен буго Кванкъеро росадада лъун бук1анин Хундерил Нуцалас к1иго нухалъ ц1ик1караб магъалойилан. Гьеб росолъ г1умру т1амулей г1аданалъе рес бук1ун буго г1алахалда боц1иги къот1ун, гьабихъе хинейги рехун, х1амида заз-ц1улги къан, лъел г1ерет1ги ц1ун т1адюссине.

Гьеб росдал васас ячуней йик1ун цойги росолъе унароанила росасе яс, амма гьанже гьеб Ч1алда росо лъураб бак1алда релъуна. Т1оцебе лъураб росо биххун къват1ир рахъизе ккарал кванкъерусезул цере ккараз хъит1ил т1адехунисеб бак1 бищун буго к1иабизеги лъар хъит1ихъ бахиналдаса х1инкъун. К1иабизе гьединабго кутакаб лъар щун буго Тахо маг1ардасан 1889 аб. соналъул июналъул 29 аб. къоялъ, гьелъги лъарахъ къач1ан бук1араб мегъгиросдада цебе бук1араб бегавуласул рукъ-даиратги, кинабго лъарал г1одоблъиялда бук1араб рохь-гъвет1, заз-хъарахъги бац1ун лъаралъ ун буго, т1олабго лъарал жаниблъиги т1ох1оде ккезабун буго.

1946 аб. соналъул 3 абилеб июлалъги гьебго Тахо лъаралъ к1к1алго ц1ун, мег1ер чук1к1ун бач1араб лъаралъ кутакал заралал гьарула росдае. Лъарал ракьанда ран рук1арал школалъул, колхозалъул, советалъул, парторганизациялъул минабиги, колхозалъул складалда бук1араб кинабго буголъиги, т1асиябго рахъалда рук1арал к1ит1алаял ч1ег1ербоц1ул фермабиги 12 метра борхалъи бугеб Ч1анди кьоги лъараца уна.

Гьеб сабаблъун кисалго росдал идараби цебеккун районалъул центр бук1араб Штабалде гочуна т1асиялго къояз. Гьеб 1946 аб. соналъул июлалъул авалалдаса нахъе Т1адмагъилъ росдал центрлъун лъугьана Штаб. Гьелде щвезег1ан Кванкъеро данде балагьараб Тахо лъарал кваранаб рахъалда Гъадари гъоркь бук1араб.

## Феодалияб общество
## цебет1еялъул заманалда г1ахьвалал.

Дагъистаналъул къилбаялъулгун бакът1ерхьул, Аваргун, Г!анди г1оразда гьоркьоб решт1араб цо къавмалда ц1ар батула «г1ахьвалалилан. Албаниялъул пачалихъалъул бакки ц1ехолаго г1елмиял тарихчаг1азул щаклъи ккола Албаниялъул ц1аралъе кьуч1лъун г1ахьвалазул общество гьеч1одаян. Нилъер эралдаса ункъго г1асруялъ цебе г1ахьвалазул къавм бук1ун буго сверухъ ругел къавмаздаса къуватаб, халкъалъулги маг1ишаталъулги рахъалъан ва сверухъ ругел къавмалги жиндие мут1иг1ал, жибго ц1унизеги мадугьалъиялъе кумекалъе бахъинеги рес бугеблъун. Х1акъикъаталда Албания абураб ц1ар «г1ахьвалал» абурал ц1аралдаса щвараб кколаро, щайгурелъул Ашваги Ашаги нилъер эралъул байбихьуда раккарал рук1индал.

Албания абураб раг1ул маг1на бугилан хъвалеб буго Дагъистаналъулго г1адаб - муг1рузул улка абураб.

Щибаб милаталъ жиде-жидер мац1алда Дагъистан абизе: Гуржияз – «Лек1и», арменияз – «Чаго», сириялъ – «Бет-даду» абухъего г1ахьвалаз жидерго «Ашвадо», г1есдериде «Ашадо», хундериде «Илълъали», гьидериде «Гьаболи» - ян абула. Гьединан щибаб милаталъе хаслъун кьурал ц1арал рук1уна, жидер цевехъанасда яги гьеб милаталъ, къавмалъ г1умру т1амулеб бак1алъул т1абиг1аталдаса яги цойгидасдаса жидер къуват бергьараб росдал яги кьибил – наслуялдаса, яги цо лъугьа-бахъиналдаса босун.

Инсанас цо бак1алда ч1ун маг1ишат гьабизе байбихьарабго, гьев ч1араб бак1алде ц1ар ах1ула, кулиядла, авалада, росдада, гьебго х1алалъ ц1ар ах1ула мегъалда, мег1ер-г1алахалда, кьуру-нохъоялда, лъаразда, иццалдагицин, гьеб цойгидаздасан бат1а бахъизе лъазелъун.

Хасго бак1азе гьел ц1арал щвана феодалазул цебет1еялда цадахъ. Гьебго заманаялъ раккизе лъугьуна халкъалъул бат1и-бат1иял г1уц1алабиги. У1 аб. къарнуялдаса Дагъистаналда политикиял цолъалаби раккула, феодалияб обществоялъул цебет1еялъул кьуч1алда, хасаб жидер территория бугел общество классазде бикьараб г1уц1иялъул. Гьелда абизе бегьуларо «Тухумалъул цолъабийилан». Тухумалъул цолъаби ккола классал раккизе церехунисел къавмал 1У-У11 г1асруялъ байбихьула Дагъистаналда т1оцересел политикиял г1уц1алаби; Г1анди – цезазул къавмал раккизе бакът1ерхьул Дагъистаналда: Г1ахьвалал, Г1андал, Багвалал, К1к1аралал ва гь. ц. У11 векалъул авалалда 630 аб. соналъ Хазаразул Каганаталъул къирар Джебу хола ва хазаралги Закавказиялде нахъе уна. Албаниялъул пачалихъги к1иабизеги ц1илъизе байбихьула Вараз-Григорил кверщаликьеги ккун.

642 соналъ гьесул ирсилав Джеванширица ва г1арабаз Албания пачалихъалъул цо бут1аялда кверщел гьабула, гьедин бугониги Албаниялъул пачалъун Джеваншир хут1ула.

655 аб. соналъ г1арабалги хазаралги нахъе ине ккола. 670 соналъ Джеваншир ч1вала, жидедаго гьоркьоб раг1и дандеккунгут1иялъ. Гьедин азар сонилаб Албаниялъул пачалихъ к1иабизеги биххула ва цоцалъ къацандулел г1арабазул халифатги хазаразул муг1рузул союзги хут1ула Бакът1ерхьул Кавказалда. Гьел политикиял рикьалабазул асаралъул г1ахьваласе щибго бук1унаро – ва жив лъил ханлъиялде гъорлъе кколевалиги лъаларо.

Кавказалда т1оцебе исламалъе кьуч1 лъезелъун г1арабал рач1араб заманлъун ккола 640 абилел сонал. К1иабилеб чабхъен г1арабаз гьабула 721 аб. соналъ, гьелъул бит1 кколаро. 722 соналъги чабхъен гьабула г1арабаз Кайтагалдагун Табасараналда ва гьезда кьабиги щвезабула. 2 азарго чи асир гьавула, 10 азарго бет1ер г1и-боц1улги, цойгидаб къайи-къоноги тала гьабула. Гьединго рагъал ккола Таркиялда, Анжиялда Кяхулаялда. Г1емерав чи ч1вала ва гьезул маг1ишат тала гьабула.

Г1арабиязул бусурбабазул цевехъан Масламица 732 аб. соналъ бахъула Дербент шагьар ва гьеб лъугьуна худабккун Дагъистаналда Ислам т1ибит1изабиялъул центрлъунги. Хазарал щущазарун хадуб Масламил цо бодул цевехъанлъун вук1арав Мерваница байбихьула муг1рузулаб Дагъистаналда Ислам

т1ибит1изабимялъе г1оло рагъал гъаризе. УШ аб. векалъ, ай 739 аб. соналъ Г1ахьвахъе щола.

Дагъистаналъул муг1рузул халкъалъ дандч1ей гьабула г1арабиязул боязде. Гьеб заманаялъ маг1арулазул бук1уна к1иго княжество: цояб «Лакз», цоябги «Сериралъул». Цевеккун Мерван лъугьуна Сериралъул пачалихъалъул ракьалде. Цо чанго щулалъиги бахъун щола Хунзахъе ва «Сах1иб ас Серир» г1арабазе мук1урлъула. Мерван гьедин вагъула лъаг1алидасаги ц1ик1к1араб заманаялъ маг1арулалгун.Мерваница чабхъен гьабула Г1ахьвахъеги ва Мервание мут1иг1лъуларого лъугьуна. Мерванил аскаралъ г1ахьвалал гъурула, гьезул г1и-боц1и, маг1ишат тала гьабула, росаби кулаби рух1ула, г1ахьвалазул аслияб Зано, Асса, Изано, Ашва росаби т1убанго рух1ула. Г1ахьвалазул община кутакалда заг1иплъула, г1иц1го кули-мархьуялде лъутун ворч1арав чи гурони нахъе г1адан хут1уларо. Мерванги жиндирго аскаргун хьиндаллъиялдехун валагьун Г1анди г1ор ккун уна ва 740 аб. соналъ Баб-дал Абвабалде (Дербенталде) т1ад вуссуна. Гьебмехалъги Исламияб дин босизабизе к1ун бук1унаро г1ахьвалазда. Хадубккун Мерваница г1ахьвалазда т1ад магъало лъола; ракьалдасан «Харажд», Ислам босун гьеч1они щибаб рух1 рик1к1ун «Жизьяги». Г1езег1анго заман уна дин билъанхъизабиялъул къеркьеял гьарич1ого, Х-аб. векалде щвезег1ан чучго бук1уна. Бищун исламалъе маг1арухъ къеркьей гьабулеб заманалда – Дидоялда 744 аб. соналъ Мерванида хабар щола гьесул г1агарав чи – Халиф Дамаскаялда ч1ванилан, живго Мерванги г1емераб заманго инч1ого къадаралде щола. Мерван вук1уна Омеядазул династиялдасан.

750 аб. соналъ Г1абасидазул династиялъухъе ккола халифатги. Цереккун Дагъистаналда г1арабиязул халифаталъул ихтияралде ккарал ракьал тун ц1иял ракьал рахъиялъул политика х1алт1изабун гьеч1о. Г1абасидаз Дагъистаналдаго ч1арав г1арабиязул наслуялъул чи Дербенталдаса язид тола хадубккун Дагъистаналъул халкъ Исламалде ц1азелъун ва жидехъ ккарал ракьазул милат гьабизелъунги.

ХШ векалъул к1иабилеб бащалъиялда Хундерил Нуцаласул кверщаликь ругел росабазул халкъ Исламалъул нухде ах1изе вач1уна гъазизабазул къуватаб аскаргун Абул-Муслим-Шайх, гьес кьуч1 лъола Исламалъе хундерил т1алъиялдаги ва сверухъ ругел росабазул халкъалъеги. Нуцал ч1вала ва гьесул Бояр лъутун ворч1ула Тушетиялде.

Абул-Муслим-Шайих хун хадуб 30 соналдаса Боярил васас бак1арула маг1арулаздасан к1удияб аскар ва жиндирго балъгоял капурзабазулгун хурхенги гьабун, Исламалде руссарал ва гьелъул рахъ ккурал гъазизаби ч1вала ва т1алъиялдаса нахъе гъола, к1иабизеги Исламияб диналдаса маг1арулаз инкар гьабула.

Ислам щулалъарал Хайдакъалъулгун Гъумекдерил гъазизабаз жанир сверизарула Аваразул ракьал ва экономикияб т1адцуй гьабиялъул х1асилалда 24 соналдаса хадуб чара гьеч1еллъун ккола маг1арулал Исламияб дин босич1ого. Гьелдаса хадубги г1ахьвалазул къавмалъ дин босизег1ан уна Х абилеб векалъул к1иабилеб бащалъиялъул байбихьуде щвезег1ан заман, гьебго х1ал бук1уна сверухъ

ругел гьидерил, к1к1аралазул, багвалазул, г1андадерил къавмаздаги. Гьел къавмазда дин кват1ун гурони т1ибит1унгут1иялъе г1иллалъун кколеб буго, байбихьудасанго гьел къавмал къварид гьари, компания х1исабалъ гуреб, г1одоб биччараб х1алалъул нух х1алт1изабунгут1и, Исламалъул кьуч1 лъолел ва гьеб малъулел церехъаби дагъал рук1ин, гьелде щвезег1ан халкъалда гьоркьоб г1арабиязул хъвай-ц1али ц1ияб жолъун бук1ин, хъвай-ц1али лъангут1и ва гьелъие х1ажалъулеб литература гьеч1олъи, гьединго ц1акъго къанаг1ат гурони данделъун дин гьабулел бак1ал – мажгитал рук1инч1олъи, дин босилалдего эбел-инсул, г1агаразул хваразул хабал хурзазде свериzари ва ц1иял Исламалда хваразул хабал г1уц1и ва жал гъорлъ ругъунлъич1еб Шарг1 х1алт1изабизе бокьунгут1и г1адал цойгидалги г1илабазе г1оло зах1малъулеб бук1уна Ислам билъанхъизабизе. Цойги рахъалъан Християназул диналдаса инкар гьабич1ел г1адамал рук1инги.

Бакъбаккул Дагъистаналда чанго росу бук1уна цебеккун чабхъеналъ рач1арал г1арабиязул халкъалъ рарал. Гьездасан ккола: Камах, Химейди, Дарвак ва гь. ц. гьенир решт1арал г1арабиязулги кумек щола исламалде халкъ ц1азе.

Язидида хадувги чангояв хисула Ислам билъанхъизе рач1арал г1арабиязул бодул церехъабазул. 757-787 аб. соназ Дербенталда къот1араб г1арацалъ нуг1лъи гьабулеб буго Халифаталъул къуватаб пачалихъ бук1иналъе, Сириялъул 100 азарго чи вук1ин ва гьел хьихьизеги бак1алъул халкъ т1амулеб бук1инги. Ислам т1ибит1изабизе Дагъистаналде жанир лъугьунеб заман ккана Дагъистаналда феодалияб х1алуциналъул заманалда.

Авариялда Сериралъул нуцаллъи щулалъараб заманалдаги маг1аруллъиялде Ислам щун бук1унаро, гьениб бук1уна христианазул ва цойгидалги къосарал халкъалъул динал. Гьелъие нуг1лъи гьабулел г1емерал г1аламатал ратулел руго гьабсаг1аталъги: Хъанчал, Датуналъул гьат1ан, г1адамазда ва кули-ракьалда, росабазда, мег1ер-г1алахалда доб заманаялъго абулел рук1арал ц1аралги.

Х1-аб. векалдаса Серир пачалихъалъул ц1ар т1аг1ула ва гьеб хасал ракьазул бет1ергьабазухъе бикь-бикьун ккола. Сериралъул пачалихъ бихизег1анги жалго жидедаго ч1арал эркенал къавмал рук1уна, хасал жидерго церехъабигун, гьезда гьоркьобе г1ахьвалазул къавмги ккола. Х-аб. векалда баккула Авар абураб ц1ар, амма Х1Х векалъул к1иабилеб бащалъиялда гурони Аварал – милат х1исабалда цере рач1унаро. Амма г1ахьвалазул, к1к1аралазул, г1андадерил, багвалазул, ч1амалазул авар мац1алдаса жидер наречия хисарал милатазул ц1арал т1оцебесеб векалъул байбихьудасаго жалго жидедаго ч1арал къавмаллъун рук1уна, жидер мац1алъул, культураялъул, г1умру гьабиялъул, ракь х1алт1изабиялъул, г1и-боц1и хьихьиялъул, гьелдаса бахъулеб продукция къач1аялъул ва рет1ел-хьиталъул формаялъул, жидеего хаслъарал цо-цо шарт1алгун.

Дагь-дагькккун Дагъистаналда байбихьула халкъалда гьоркьоса г1алимзаби раккизе, хъвай-ц1али цебет1езе, г1арабиязул ва цогидалги цебеккунго Ислам босарал милаталъул г1алимзабаздаса Исламалъул кьуч1ал лъазаризе, ай г1агараб, ва гьоркьохъеб азиялъул Исламалъул рух1ияб культура цебе т1езе, гьелдаса мисал босун Дагъистаниязулги г1елму цебет1езе ва г1араб мац1 ва хъвай-ц1али малъулел т1оцересел мадрасал раккула. Ислам т1ибит1изабиялъул къеркьеялда цадахъ

Дагъистаналда кутакал рагъал ккола «Золотая ордаялъулгун», гьез т1алъи гьабула 140 г1ан соналъ, гъурула Дагъистаналъул халкъ, ч1унтизарула ва рух1ула росаби Х1У-аб. векалъ гурони Татаро-Монголазул ордаялъул х1ал чучлъуларо.

Х1У-векалъул к1иабилеб бащалъиялда ваккула, гьоркьохъеб Азиялдаса Исламияб диналде Дагъистаналъул халкъ ц1азе ва халкъалда т1ад ханлъи гьабизе Тимур, гьесул «Золотая ордаялъул» хан Тахтамишилгун къуватал рагъал ккола ва 15 аб. апрелалъ 1395 аб. соналъ Тахтамиш т1уван щущахъ вихизавула. Тимурил нухмалъиялда гъоркь гьесул аскаралъ Дагъистаналъул чанго росо бух1ула, биххула ва г1емерал г1адамал ч1вала, гьезул боц1и-мал тала гьабула, гьебго х1алалъ Тимурил аскар г1ахьвалазул к1к1алахъеги лъугьуна ва Мерваница гьабураб к1очараб гьабула, абизе бегьула киналго росаби цо теч1ого рух1анилан ва рихханилан жанир ругел г1адамазде т1аде. Т1убанго гьениб бук1араб халкъ, гьавин абизе чи теч1ого гъуранила, хут1аралги г1адамал т1урун муг1руздехун, рохьабахъе, нохъабахъе ун рук1уна, гьесул г1асилъиялъул х1акъалъулъ фольклоралда г1емераб бицен – къисса хут1ун буго.

Гьеб иш ккун буго г1ахьвалазул ракьалда 1395 аб. соналъул май, июль моц1аз, гьеб заманаялъги Г1ахьвалазда ва сверухъ ругел къавмазда дин босизабизе к1ун гьеч1о Тимурида. Х1У векалъул ахиралдаги маг1арухъ т1убан Ислам щулалъун бук1унаро, гьениб христианазул гуребги щиб-щиб гуреб жоялъе дин гьаби халкъалда гьоркьоб хут1ун бук1уна. Зулму-х1ал гьабун дин босизабиялъул къаг1ида пайда-мурад кьолареблъун хут1ула.

Хадубккун жидецаго т1аса бищизе лъугьуна халкъалъ Исламияб дин ва хехго цебет1езеги байбихьула. Дин т1ибит1изабиялъе щибаб къавмалъе, жамаг1атазе гьезул т1алабаздалъунги яги х1ажалъиялде балагьунги, дин цебе т1ураб бак1алдаса г1алимзаби, диналъул церехъаби халкъалде гьоркьоре рит1ула. Дин билъанхъизабиялъул централлъун лъугьуна: Гъумекиб, Хунзахъ, Дербент, Кайтаг вилаятал.

**Г1ахьвалазул наслу-тухум.**

Кавказалъул къавмал лъугьиналъул х1акъалъулъ «Картлиназул пачалихъалъул г1умру» - абураб историялъул хроникаялда гуржиязул историк Леонти Мровелица рик1к1ухъе Кавказалъул халкъал раккиялъул байбихьи армяназул Кавкасионаздаса лъугьун бук1иналъул х1акъалъулъ бицун буго.

Л. Мровелица бихьизабулеб буго киналго Кавказалъул халкъалги цо инсудасан лъугьарал рук1ин ва гьес рик1к1ухъе гьезул к1удиясул ц1арги бук1ун буго Таргомас. Гьев Таргомасги вук1анила Таршисол, Иафетал васасул вас Наевал.

Таргомасил вук1анила микьго вас: Гаос, Картелос, Бардос, Мовакан, Лек, Эрос, Эгрос, Кавкас абун. Гьезул тухумаздасан Кавказалъул къавмалги раккун рук1ин бицун буго. Маг1арулазде гуржияз лек1алилан абухъего, дандч1валел руго г1ахьвалазул наслу-тухумалда ва мег1ер-г1алахалда гуржиязда гьабсаг1атги ругел ц1аралги.

Наслабазда ва г1адамазда ц1арал руго: Картелал, Гугачи, Гоги, Беч1аро, Чангури, Чило, Чохили Сарикан, Бач1ихо, Горгия, Т1окъоши, Къват1аши, Ч1ахи, Жухи ва г1емерал гьездаго релъаралги. Гьединалго ц1арал руго гьез х1алт1изарулел

рук1арал мег1ер-г1алахалдаги: Тахо, Туручи, Тог1а, Ч1ч1охали, Ч1ч1ванди, Ч1анди ва гьел гурелги бак1аздаги.

Гьел рехсарал ц1арал хасияталлъун кколел руго Армениязулгун Гуржиязул ц1аразда. Т1оцебе г1ахьвалазул наслу-тухумалъе кьуч1лъуравлъун рик1к1унев Тахол ва гьезул лъималазул ц1аралги гьезулалдаго релъараллъун кколел руго.

Ислам баккизег1анго г1адамазда, наслабазда, тухумазда абулел ц1арал хут1ун руго гьабсаг1атги: Хьвац1ц1о, Чарако, Беч1аро, Ч1ахо, Куто, Яримано, Ассо ва г1емерал цогидалги.

Гьел ц1аразги нуг1лъи гьабулеб буго Армениязулгун Гуржиязул наслабаздаса раккарал рук1ин муг1рузул къавмал, гьезда гьоркьорго г1ахьвалалги.

Гьеб Тахол наслуялъул тухумаздаса данделъун руго жиде-жидер кули-авал, гьел росо ккун паракъалъунги руго:

1) Т1адмагъилъ росдал жамаг1аталда гьоркьор унел; Ч1акъдари, Шаг1аге, Ч1ахололъи, Ч1анди, Къоролалъикъе, Ассехъе, Ц1ц1ваколо, Мигъиштодо, Гьамиштадо, Щущукъаридо, Кьедокьидо, Хунзо, Квакъарадо – кулаби-авалал.

2) К1удияб росдал (Ашвадо) жамаг1аталда гьоркьор унел: Гъаштодо, Ц1аракъанидо, Иц1ц1алъидо, Секьидо, Дечидо, Жулилъадо, Лъаходо – абулел кули-авалал.

3) Лологъонилъдерил жамаг1аталда гьоркьор унел: Хвадаколо, Г1алолокъе, Г1ак1иласукъе, Мазекьудо, Чохилъали, Хъачоли - абулел.

4) Изандерил росдал жамаг1аталде гьоркьоре уна: Решвидо, Г1анакъариде – абулел авалал.

5) Т1унсикьдерил жамаг1аталъул 8-го наслуялъул бат1а-бат1а т1урал авалал рук1ана, 1944 абилеб соналъ Чачаналъе гочинег1ан гьелги кисан щиб къавмалдасан рач1ун ч1аралали лъаларел, гьезул цоники ц1араки т1адбуссунги бач1инч1о, гьезул 8-абго наслу цоцалъ жубан лъугьараб росдаца, росуги Хасавюрт районалъул «Гъарасу» хъутаназда бан буго ва гьенир решт1ун руго; Куто, Ачодо, Яримано, Анц1ц1илъарадо, Эчоли, Мукьугъадаридо, Ассо, Ахоколодолазулги тухумал.

6) «Ахвахдара» - абураб росо г1ун буго Азербайджаналъул Закатала шагьаралда аск1об, г1ахьвалазул 1730 аб. соназ Чулак Сурхай ханас рагъулъ рачун арал г1олохъабазул 29-ялдасан 8-яв ракьги кьун паракъат гьавун вук1ун вуго Данача-абулеб бак1алда, гьениб гьава-бакъ рекъеч1ого Закаталаялъул муг1рул ракьанда паракъалъун руго, гьелги бат1и-бат1иял тухумаздасан данделъарал ккола.

7) Г1ахьвалазул росаби г1ун руго авлахъалъул ракьаздаги.

1957 абилеб соналъ Чачанал т1адруссун хадуб Хасавюрт районалъул Къамиш хъутада г1ун бач1ана 1950 абилел соназдасанго дагь-дагь ккун г1ахьвалазул К1удияб росдал, Изандерил ва Лологъонилъдерил росабазул тухумаздаса цолъараб «Ц1ияб г1ахьвахъ» абураб росоги.

8) Бабаюрт районалъул Гъази-юрт гъутаналда г1ун бач1ана Т1адмагъилъдерил цо чанго тухумалдасан данделъараб Гъази-юрт росоги 1957 соналъ, Уцмуу-юрт хъутанги Т1аносезе росо лъезе тун, чачанал т1адруссун хадуб, ай 1957 аб. соналъ.

9) Югалъул г1ахьвалазул; Лъануб, Ц1егоб, Рокьуб росабазул х1акъикъат щибаб росдал бат1а-бат1а баян гьабун буго.

Росабазда, авалазда, кулабазда ц1арал лъун руго гьеб бак1алда байбихьуда решт1аразул яги гьеб бак1алъул географияб т1абиг1аталда рекъон. Мисал: Т1адмагъилъ – т1асияб магъилъ бук1иналъ, Т1унсикь – Харикь – абураб раг1ул маг1наялда, г1ахьвалазул мац1алда «т1унсикь» - хер  абураб раг1и ккола.

К1удияб росо – г1ахьвалазул росабазда гьоркьоб гьеб бищун к1удияб бук1иналъ, жидецаго г1ахьвалаз гьеб росдада абула «Ашвадо» - т1олалго г1ахьвалаздаго сверухълъиялъ «Ашвадо»- йиланги абула.

Ц1вакил Кули, Изано, Кванкъеро, Ч1анди, Шаг1а, Ц1егоб, Рокьоб, Лъоноб – гьел г1адамазул ц1аралда хут1ун руго, росо-авал г1уц1изе цебеккун гьеб бак1алъул бет1ергьабилъун рук1аразул яги хадубккун гьенир ккаразул ц1арал лъун.

Масала: Ц1вакил Кули – гьесул кули бук1араб бак1алда гьесул тухумалъул росо г1ун. Кванкъеро – гьев канлъукъав чиясул кули бук1араб бак1алда чанго тухумалъ росо лъун. Г1алолокъе – Г1али абурав чиясул колода гьесул тухумалъул авал г1ун. Лъаноб, Ц!егоб, Ракьобги г1адамазул ц1арал ккола, гьелъие нуг1лъун буго 1886 абилеб соналъ Дагъистаналъул администрациялъ гьабураб переписалдаги гьединал г1адамазул ц1арал цереса-цере лъун рач1ун рук1иналъги.

Цебеккун гьеб ракьалда г1умру гьабун яги гьеб ракьалъул бет1ергьабилъун рук1аразул, яги хадубккун гьеб кули-мархьуялъул бет1ергьаби хисун цойгидазухъе ккаразул ц1арал лъунги:

Масала: Ч1акъдар, ярагъололъи, Шаг1ва-ге, Къоролалъи къе, Ч1анди, Гъашто, Ц1ваки, Кванкъеро,  Г1али (Г1алолокъе), Мази (мазекьухъ), Ч!ахи (Ч1ахололъи), Ц1его (Ц1его росо), Лъена (Лъануб росо), Ракьо (Ракьоб росо) – гьеб ц1ар щвезег1ан Ракьоб росдада абулаан «Ригьидо»-йилан – «ригьа» абураб раг1иялъул маг1на ккола бечӏч1улеб г1иял рехъенилан абураб, г1ахьвалазул мац1алъ). Ч1анди абурав чиясул ц1аралда ва гь. ц. Гьел росабазда, авалазда лъурал ц1арал ккола т1оцеве гьеб бак1алда решт1арасул  яги гьесул милклъун бук1араб бак1алда абулеб ц1ар..

Руго авалал, кулаби къват1исан рач1ун ч1аразулги: Хунзо – Хунзахъан, Гьамишдо – Гьамишт1асан, Ачодо – Г1арчусан, Эчедо – Эчедисан,  Гьоц1алъан, Ток1ит1асан, Гьемерсосан, Хъвенедо – Хъвенисан рач1ун ч1аразул.

Гьебго къаг1идаялъ бак1алъул хаслъиялде, бет1ергьабазул ц1аразда, гьеб кули, мархьо, нохъо, ицц, къулг1а, лъар, мегъалъул щибаб бак1алда, мег1ер-г1алахалда хасал ц1араздалъун хьухьун буго т1олго г1ахьвалазул ракь, мекъи ккеларо цо квадратияб километраялда гьоркьохъеб х1исабалъ 80 - 90 ц1ар бугин абуни. Г1ахьвалазул къавмалъул щибаб росдал х1акъикъат-къисмат бат1и-бат1ияб буго.

Тахо мег1ералъул Югалда г1ахьвалазул ракьул г1орхъиялъе хъаравуллъиги, ва риидал общинаялъул чуязулгун оцазул милатги гьабизе 1640 абилел соназ цо лъарат1исезул тухумалъе г1ахьвалазул общинаялъ изно кьола ракьалда росо базе ва жидер ракьалдаса пайдаги босизе. Гьеб тухумалъул росдае ц1арги кьола «Ракь г1ахьвахъ» абун, гьеб росдада г1ахьвалаз абулаан «Лъа ашвадо» йилан, ай «т1асиял г1ахьвалалилан». «Ракь г1ахьвалазул» жамаг1аталъулгун ригьин-ц1аялъулги хурхен

бук1унаан ва гьабсаг1аталъги цоцалъ г1агарлъи-божилъиги буго, мац1 г1ахьвалазул гьеч1ониги.

1460 абилел соназ г1ахьвалазул, багвалазул, ч1амалазул халкъалда Исламияб дин билъанхъизабизе вач1арав Х1ажи-Г1алида цадахъ вач1ун вук1уна 6- г1анав чи, гьел рук1уна Г1агараб Азиялъул вилаятаздаса г1адамал.

Гьел церехун рехсарал, къавмазе Исламияб динги малъизе, малъараб босуларев г1адлуялдеги ц1азе цадахъ рачарал рук1уна. Гьезул цо бут1а Хундерилгунги Гьидерилгунги Хучаде ккараб рагъулъ накълунлъула, нахъе хут1арал Х1ажи-Г1алица жиндир бикьун щвараб ракьул бут1аги кьун «Хьвара» абураб бак1алда тархъен гьарула. Тархъен риччараз гьениб росуги бала. Гьез росу лъун бук1араб бак1алда гьанжеги «Лагъело гъве» - ян ц1арги хут1ун буго, гьезул росо бук1араб бак1алдаги ч1вендал руго.

Хъизамалги г1емерлъидал, дагьаб ракьалда г1умру гьабизеги зах1малъидал гьезул х1укму ккун буго жодое санаг1атаб г1ат1иракь балагьизе.

Гьел гьирида уцнел рук1ун руго Г1авхъалъ ва гьезул къот1иги ккун буго чачаназул Зандакъи росдал жамаг1аталъулгун гьенире гочине. Жидер ихтияр кодосев Х1ажи-Г1алил васасулги васасул вас Мусадасаги Кванкъеро росдал жамаг1аталдасаги балъго цо пуланаб сордоялъ Занол къварилъи тезе ва Зандакъи решт1ине. Гьединан гьабунги буго, гьеб ккола 1620 абилел сонал. Гьелги ккола т1оцере Г1ахьвахъе къват1исан Х1ажи-Г1алица рачун рач1араздасан. Гьезул цо-к1иго ц1а-раки Мусал къавудаго хут1ула, гьездаса ккола Ашаколоца росо тезе ккедал гьес цадахъ рачарал «Къек1оло» наслуги Гъагъалъ решт1арал. Живго Ашакола ккола Х1ажи-Г1алил тухумалдаса.

Гьел Х1ажи-Г1алица тархъан гьарун рук1аразул к1удияв вук1ун вуго Хъват1а, гьесул хобги Сулейманх1ажил минаялда цебе, колода бугин бицен буго.

Гьелдаса хадур Г1ахьвахъ решт1араллъун ккола Т1унсикь авалал лъун рук1арал жал кида ва кисан решт1арали лъаларезул 8-го тухум.

Хадуб байбихьула чабхъеназул заман. Г1ахьвалазе чабхъенал гьаризе рес ккола 1730 абилел соназ Чулахъ Сурхайил бодулъ арал г1ахьвалазул г1олохъабаздасан 8-9 чи Закаталаялда г1агарда г1умру гьабизе паракъалъун хадуб, ай Ахахдара росо г1ун хадуб. ХУШ аб. къарнуялъул ахиралда Х1Х аб. къарнуялъул авалалда ц1акъго г1адатлъун билъанхъула чабхъада ун Гуржиялъан, Терекалдаса г1адамал хъами ва гьезул боц1и-панз гъачагълъиялъул къаг1идаялъ тала гьаби.

Чабхъада ун Християнал хъамиялъул к1иго мурад рик1к1унаан. Цо рахъалъан хъамун рач1арал Исламияб диналде руссинаризе щвей рик1к1уна к1удияб кири бугеб ишлъун, цойги рахъалъан Чабхъадулазе гьел ричун щолеб хайирги. Гьединан Чабхъадулазул къокъаби г1ахьвалазулги рук1унел рук1ун руго ва гьезие цебехъанлъи гьабулеб бук1ун буго Гожоца, Къурбаница, Х1ат1улас, Г1абдулкъагьирица, Ибрагьимицаги.

«Кавказалъул этнология. Маг1арул мац1» абураб ц1аралда гъоркь хъвараб г1елмияб х1алт1иялъ баян кьолеб буго маг1арул мац1алъул г1уц1и, гьелъул щибаб къавмалъул бугеб хаслъи, авар мац1 бициялъул ва гьеб мац1алъ цолъизарурал къавмазул х1акъикъатги.

Маг1арулазде «аварал» аби жалго маг1арулазе бокьулареб ц1арлъун рик1к1унеб буго П. Устларица. Маг1арулазде «аварал» абураб ц1ар мадугьалилхъ ругел лъараг1аца кьураблъун рик1к1ун буго. Турказул мац1алъул «авар» абураб раг1иялдаса бач1араблъун- цо х1алалда ч1оларел, ах1и-х1уралда рук1унел, - жал щоларел, ай ккураб бак1 бук1унарел, лазат бахъарал, сог1аб, гванзаб г1амал-хасияталъул сураталдаса босун кьураб ц1арлъун.

Аваразда гьокьорги Г1ахьвалал рик1к1ун руго бищунго жагьилал культура, хъвай-ц1али, заг1ипал, даран-базар гьеч1ел, г1иц1го чабхъенал гьарун Гуржиялъан ва Терекалдасан хъамурал лагъзал ричун хъамалчилъи гьабулел г1и-боц1ухъабилъун.

Северияб Кавказалъул мац1азул ц1ех-рех гъабулаго г1урусазул генерал А. В. Камаровас маг1арулазул авар мац1 бицунел росабазул ва гьезул халкъалъул къадар ч1езабун буго 1867-1868 абилел соназул х1исабалдасаДагъистан областалъул щибаб округалда киг1ан кколел ругелали:

| № № | Округалъул ц1ар | Авар мац1 мац1 бицунел росабазул къадар | Гьенир кколел ц1аракаби | Гьениб бугеб бугеб халкъалъул къадар | Баян |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Темир-хан Шура | 13 | 2385 | 10129 | |
| 2. | Даргиязул | 4 | 749 | 3289 | |
| 3. | Аваразул | 84 | 7818 | 28215 | |
| 4. | Г1анди | 28 | 3093 | 10693 | |
| 5. | Гъуниб | 208 | 11493 | 41761 | |
| 6. | Гъази-Гъумек | 8 | 379 | 2047 | |
| 7. | Самур | 1 | 60 | 286 | |
| | | 346 | 25977 | 96420 | |

Гьаб х1исабалдеги гьоркьоре унаро авар мац1алдаса сверараб жидер хасаб наречия яги бат1ияб мац1алъул росаби. Масала: г1андал, г1ахьвалал, к1к1аралал, балъхъал, багвалал, ч1амалал, гъодоберисел, т1окал ва гь. ц.

Дагъистаналда авараз Чирюрталдаса бахъараб Закаталалде щвезег1ан 160 версталъул халалъиялде ва 70 версталъул г1еблъиялда бакът1ерхьул рахъ ккола. Гьениб буго 346 росо 25977 ц1араки, 96420 г1аданчи маг1арулазул. 1868 абилеб соналъул генерал Комаровасул баяналда рекъон (Ц.Г.А. ДАССР Ф-21 оп. 6). Жал церегоялдаса милк ккун ч1арал Дагъистаналъул халкъалъ 36 мац1алъ яги наречиялъ к1алъай гьабула. Г1анди округалде кколел 203 росабазул кули-авалалда гьоркьосан 175 ялъул 13 бат1ияб мац1алъ к1алъалел къавмал руго, г1иц1го 28 росдал гурони авар мац1 гьеч1о. Гьеб 13  мац1алдасан цояб ккола г1ахьвалазул мац1ги. 1886 абилеб соналъ Дагъистан областалда гьабураб переписалъ бихьизабухъе г1ахьвалазул мац1алъ к1алъалел росабазул ва халкъалъул къадар:

| № № | Бегавуллъиялде Кколел росаби | Бихьинал | Руччаби | Киналго | Баян |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Т1адмагъилъ | 373 | 366 | 739 | Азербайджаналда |
| 2. | К1удияб-росо | 358 | 351 | 709 | бугеб Ахахдара |
| 3. | Изано | 190 | 224 | 414 | росо гьоркьоб |
| 4. | Лъануб | 237 | 227 | 464 | бачун гьеч1о |
| 5. | Ц1егоб | 218 | 266 | 484 | |
| 6. | Ракьуб | 373 | 354 | 727 | |
| | | 1749 | 1788 | 3537 | |

Кавказалъул халат бахъараб рагъ лъуг1ун хадуса хасго т1ад ч1ч1ун ц1ех-рех гъабизе лъугьана пачаясул администрация, Северияб Кавказалъул мац1азул, халкъалъул, г1умруялъул, т1абиг1аталъул, г1адатазул, диналъул, шарг1алъул законазул, маг1ишаталъул рук1а-рахъиналъулги. Гьел киналниги баянал щвей мурадалда Дагъистаналдаги пачаясул администрациялъ экспедицияби г1уц1ана.

Миллатазул ва халкъалъул къадаралъул баян лъазе т1алаб гьабулаан округалъул начальниказухъан, гьезги щибаб наиблъиялдаса, гьезги щибаб росдал бегавуласухъан. Гьеб баяналда бихьизабизе кколаан: аслияб милат, мац1, щиб диналда вугевали, гьесул г1и-боц1ул къадар, ракьул баян, мажгиталъул ихтиyaралда бугеб вакъфуялъул баян, бихьиназул-руччабазул къадар, хъвазе ц1ализе лъалезул баян, гьобо-къулг1аялде г1унт1ун маг1арулазул бугеб экономикияб х1ал. Гьеб гуребги росолъ ккараб т1екъаб-мекъалъул баян: лъукъаразул, ч1варазул, рекъел ккей ккунгут1иялъул баянги.

Гьелдасан х1асил гьабулаан маг1арулазул рук1а-рахъиналъул, экономикаялъул, культураялъул цебет1еялъулги ва гьезул къуваталъулги.

Хасго т1адч1ун хал гьабиялде босана исламалъул кьуч1 ва, шариг1аталъул законалъул х1акъалъулъ бугеб г1елмуялъул баян лъазабизе 1820 абилел соназдасаго байбихьун Европаялъул ва хадубго Россиялъул г1алимзабазги. 1825 абилеб соналъ Германиялъул профессор Гансол, Макнатенал, Франциялъул г1алимчи Вормсаца, 1845 абилеб соналъ Франциялда печаталда рахъана Дюлол, Фараонал, Д,ОССонил сочинениябИ 1830 абилел соназ. Н. Тарнауннал «Изложение» начало мусульманского законодательства» - абураб т1ехь къват1ибе биччана 1850 соналъ Петербургалда - шариг1аталъул законал лъазариялъул мурад бук1ана исламияб халкъалъул г1умру гьабиялъул ва культураялъул х1акъикъат лъай ва гьелде данде къеркьеялъе нух балагьи ва шариг1ат кьуч1 гьеч1еб жо бук1ин бихьизаби.

1900 абилеб соналъул баяналдаса г1ахьвалазул ва цо-цо мадугьалихъ ругел росабазул халкъалъулги баян.

| №<br>№ | Росабазул ц1арал | Ц1араки | Бихьинал | Руччаби | Киналго | Баян |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | К1удияб-росо | 194 | 436 | 398 | 834 | Т1унсикьалгун цадахъ Лологъонилъелгун цадахъ ц1оралда ругел г1ахьвалазул, Лъануб, Ц1егоб, Ракьуб росаби жанир рачинч1ого |
| 2. | Т1адмагъилъ | 121 | 336 | 316 | 652 | |
| 3. | Кванкъеро | 53 | 126 | 143 | 269 | |
| 4. | Изано | 113 | 229 | 230 | 459 | |
| | Киналго сев. Г1ахьвалал | 481 | 1127 | 1087 | 2214 | |
| 1. | К1к1арат1а | 336 | 542 | 553 | 1095 | |
| 2. | Рачабулда | 21 | 53 | 40 | 93 | |
| 3. | Лъибищо | 79 | 158 | 149 | 307 | |
| 4. | Лъиси | 26 | 37 | 40 | 77 | |
| 5. | Т1окит1а | 142 | 295 | 400 | 695 | |

01.01.1904 абилеб соналъул баяналда рекъон щибаб авалалъул бат1а-бат1а х1исаб гъабураб баяналдаса:

| №№ | Росабазул ц1арал | Ц1араки | Бихьинал | Руччаби | Киналго | Баян |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Т1адмагъилъ | 38 | 77 | 80 | 157 | |
| 2. | Кванкъеро | 53 | 140 | 146 | 286 | |
| 3. | Ч1анди | 32 | 90 | 78 | 168 | |
| 4. | Лологъонилъ | 33 | 104 | 97 | 201 | |
| 5. | Мазекъухъ | 6 | 23 | 19 | 42 | |
| 6. | Гъамиштахъ | 18 | 51 | 45 | 96 | |
| | Киналго | 180 | 485 | 465 | 950 | |

| №№ | Росабазул ва авалазул ц1арал | Ц1араки | Бихьинал | Руччаби | Киналго |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | К1удияб росо | 82 | 206 | 187 | 393 |
| 2. | Т1унсикь | 32 | 66 | 62 | 128 |
| 3. | Самикь | 14 | 29 | 32 | 61 |
| 4. | Дечиге | 23 | 35 | 44 | 79 |
| 5. | Шаг1а Кьедокьи | 8 | 17 | 12 | 29 |
| 6. | Гъаштоге | 12 | 23 | 22 | 45 |
| 7. | Хвада кололъи | 9 | 21 | 21 | 42 |
| 8. | Шушукъари | 14 | 34 | 33 | 67 |
| | Киналго | 194 | 431 | 413 | 844 |
| 1. | Изано | 96 | 196 | 193 | 385 |
| 2. | Решвиге | 15 | 39 | 31 | 70 |
| 3. | Ч1ч1охалилъи | 2 | 4 | 7 | 11 |
| | Киналго | 113 | 233 | 231 | 464 |
| | Киналго г1ахьвалал севералда ругел | 487 | 1149 | 1109 | 2258 |

(ЦГА. ДАССР, Ф-21, оп 3, д 31).

1924 абилеб соналъ Г1анди округалда совет власталъул заманаялъ гъабураб х1исабалъул баяналда рекъон:

| №№ | Росабазул ва авалазул ц1арал | Ц1аракаби | Бихьинал | Руччаби | Киналго |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Т1адмагъилъ | 105 | 237 | 245 | 482 |
| 2. | Кванкъеро | 59 | 90 | 100 | 190 |
| 3. | Ч1анди | 22 | 60 | 63 | 123 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 4. | Лологъониль | 30 | 70 | 81 | 151 |
| 5. | Мазекъухъ | 8 | 16 | 21 | 37 |
| 6. | Гъамишт1а | 10 | 25 | 30 | 55 |
| | Киналго | 232 | 498 | 540 | 1038 |
| 1. | К1дияб-росо | 153 | 312 | 349 | 661 |
| 2. | Гъаштода | 10 | 35 | 30 | 65 |
| 3. | Т1унсикь | 12 | 36 | 35 | 71 |
| 4. | Самикь | 12 | 36 | 35 | 71 |
| 5. | Кьурукь | 20 | 55 | 60 | 115 |
| | Киналго | 225 | 498 | 540 | 1038 |
| 1. | Изано | 71 | 110 | 190 | 300 |
| 2. | Лъануб | 108 | 171 | 189 | 360 |
| 3. | Ц1егоб | 107 | 110 | 190 | 300 |
| 4. | Ракьуб | 180 | 380 | 412 | 792 |
| | Киналго | 401 | 831 | 992 | 1825 |
| | Киналго г1ахьвалал | 858 | 1827 | 2074 | 3901 |
| 1. | Г1асаб | 257 | 451 | 499 | 950 |
| 2. | Т1ок1ит1а | 120 | 267 | 340 | 607 |

10 марталда 1925 абилеб соналъ Г1анди округалда т1орит1улел бак1алъул советазул рищиязде гьабулеб х1адурлъиялъе гьабураб халкъалъул х1исабалдаса баян:

| **№ №** | **Росабазул ц1арал** | **Киналго Рух1ал** | **Гьездасан 18 сонал даса т1аде арал** | **Бихьинал** | **Руччаби** | **Рищиялда са мах1 рум гьа рурал** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | К1дияб-росо | 1081 | 753 | 373 | 380 | 8 |
| 2. | Изано | 639 | 443 | 218 | 225 | 2 |
| 3. | Т1адмагъилъ | 1048 | 849 | 406 | 443 | 12 |
| 4. | Лъаноб | 748 | 575 | 305 | 270 | 5 |
| 5. | Ц1егоб | 746 | 457 | 216 | 241 | 2 |
| 6. | Г1асаб | 975 | 659 | 329 | 320 | 2 |
| 7. | Т1окит1а | 608 | 575 | 279 | 296 | 5 |

Г1анди диалектазул чанго мац1азул дандекквей:

Дагъистаналда бищунго гьит1инал районаздаса цояблъун ккола Г1ахьвахъ район, территориялъул рахъалъги, росабазул ва халкъалъул къадаралъул рахъалъги. 13 росдадасан данделъараб районалда 5 бат1ияб мац1алъ к1алъалеб халкъ буго:

1. Г1ахьвалазул мац1алъ к1алъала 4 росдал халкъ: Лологъонилъел, Т1адмагъилъел, К1диябросдал ва Изануселги

2. Багвалазул мац1алъ к1алъала 2 росдал халкъ: Лъибищо, Лъиси.

3. Т1окадерил мац1алъ цох1о т1окал.

4. К1к1аралазул мац1алъ 7 росдал халкъ: Г1арчал, К1каралал, Т1арадаинхелосел, Г1анчихъал, Рачабулдасел, Маштадисел, Рацилъги.

5. Авар мац1алъ к1алъала 3 росдал халкъ: Местерухъел, Ингердахъел, Ц1олодиселги.

Хадуб г1анди-дидоязул мац1азул дандекквей.

| **Авар мац1алда** | **Севериял Г1ахьвалазул мац1алда** | **Г1андадерил мац1алда** | **К1к1аралазул Мац1алда** | **Ч1амалазул мац1алда** |
|---|---|---|---|---|
| Цо | Чебе | Себ | цеб | себ |
| К1иго | К1еда | Ч1егу | К1еда | Эч1ида |
| Лъабго | Лъвада | Лъобгу | Лъабда | Лъалъада |
| Ункъго | Бок1ода | | Боода | |
| Щуго | Иштуда | | Иштуда | |
| Анлъго | Илъида | | Илълъида | |
| Анкьго | Акьуда | Гьокьугу | Акъуда | |
| Микьго | Бикьида | | Бикъида | |
| Ич1го | Апада | Гьоч1огу | Апада | Ач1ада |
| Анц1го | Ач1ада | Гьоц1огу | Гьач1вада | Адада |
| Къого | Къендода | Ч1ец1олгуц | К1еац1ада | Эч1адада |
| Лъеберго | Лъамолода | | Лъаац1ада | |
| К1икъого | К1екъедода | | Боац1ада | |
| К1икъоялда анц1го | К1екъедо ач1ада | | Иштваац1а | |
| Лъабкъого | Лъакъедода | | Илълъацша | |
| Нусго | Бешанода | Бешенугу | Бешан | |
| Азарго | Азарода | Озиругу | Азар | |
| Рак | Кила | Чил | | |
| Къед | Къеда | | Къи | |
| Рукъ | Ч1или | Гьакъу | Миса | Гьакъу |
| Хъабарча | Хъача | Бишо (хъапача) | Хъабача | |
| Т1ажу | Бата | | Щарбал | |
| Г1арац | Ачи | Орси | Г1арце | |
| Месед | Мишиди | | Месед | |
| Вач1а | Вокъкъа | | Вохъу | |
| Мун | Мене | | Мен | Ми |
| Дун | Дене | | Ден | Де |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Гъов | Гъугуве | | Гъов | |
| Маг1 | Микъкъи | | Гьанк1ва | |
| Къоно | Къуни | Къуну | Къуй | |
| Вац | Вацци | Воцци | Вацци | |
| Вас | Ваша | Вошо | Ваша | |
| Яс | Яше | Еши | Яше | |
| Эбел | Ила | | | |
| Эмен | Има | | | |

Дунялалъул ракьул гьумералда т1ад кибниги гьеч1ин ккола Г1анди округалдаг1ан г1емерал мац1аз ккураб улка, гьелда гьоркьобги Г1ахьвахъ районалдаг1ан г1емерал мац1-наречия бугелги.

Маг1арулазул мац1алъул баяналъул х1акъалъулъ хъвараб академик Шифнерил ва Кавказ лъазабиялъул отделалъул г1алимзабаз гьоркьоб биччан гьеч1о г1ахьвалазул мац1ги, амма цонигиясда раг1а-ракьанде щвараб х1алт1и гьабизе к1унги гьеч1о, мац1алъул зах1малъиялъги ва гьелъие таржам чаг1и гьеч1олъиялъги, гьединго к1вар кьун гьеч1о гьит1инабго общинаялъул мац1 х1исабалдаги.

Г1анди-дидоязул мац1азул г1елмияб ц1ех-рех гьабизе лъугьана дивизиялъул начальник немцав Р. Эркерт, гьес 1895 аб. соналъ «Г1анди-дидоялъул мац1ал» абураб т1ехь хъвана  амма дагьал тиражазда гурони риччач1олъиялъ Дрезденалдасаги Венаялдасаги Россиялде ц1акъ дагьал гурони щвеч1о.

1909 аб. соналъ Тифлисалда биччана «Северияб Кавказалъул мац1ал» абураб т1ехь, рагъулав чиновник А. Диррица 1928 аб. соналъ Лейпцигалда къват1ибе биччана цойги г1елмияб х1алт1и, Северияб Кавказалъул мац1аздасан данде гьабураб, гьенибги буго г1ахьвалазул мац1алъул ц1ех-рех ва цойгидалги мац1азде данде ккун фонетикаялъулгун синтаксиялъулъ бугеб бат1алъи бихьизабун.

Хадусеб Г1ахьвалазул мац1алъул ц1ех-рех гьабулаго ва г1елмияб х1алт1иялда т1ад х1алт1улаго Мух1амадбекова Загьидатица 1948 аб. соналда кандидатлъиялъул диссертацияги ц1унана.

Мух1амадбеговалъ севериялги югалъулги г1ахьвалазул мац1алда гьоркьоб бугеб бат1алъиялъул дандекквей гьабуна ва 1948 аб. соналдаса 1959 аб. соналде щвезег1ан щибаб росолъ щун г1елмиял х1алт1аби хъвана, гьелъул т1адч1ун гьабураб х1алт1иялъ г1ахьвалазул мац1алъул грамматикаялъе кьуч1 лъуна. Гьей к1вах1 ва х1алхьи гьеч1ей г1алимч1ужу – маг1арулалъул ц1ар даимго хвел гьеч1еб буго. Т1адмагъилъ гьелъул кумекчаг1илъун рук1ана гьоркьохъеб школалъул директор, авар мац1алъул учитель Сиражудинов Зубайир, учительзаби Гьудиев Берук, Г1исаев Шамсудин, Къурамух1амадов Идрис, Х1усенов Х1адис, Муртузов Ах1мад, Бадрудинова Аймисей, Х1ажиев Наби, Ракьусев Муса Мух1амадов, Лъанусел Зугьра Г1алиева, Хуру Мух1амадова, Ц1егосев Шамсудин Х1ажиев ва гь. ц.

Рехсарал щиназул маргьаби, хабарал, куч1дул ва бицен-кицаби гьелъ 1967 аб. соналъ къват1иб биччараб т1ехьалде росунги руго. 1967 аб. соналъ «Г1ахьвалазул

мац1» абураб т1ехь къват1иб биччана Тифлис шагьаралда Грузия ССРалъул г1елмияб академиялда цебе бугеб мац1ал лъазариялъул институталъ 1000 тиражгун.

Гьединго Мух1амадбеговалъ хъвана 1955 соналъ «Г1ахьвалазул мац1алъул фонетикиял суалал» ва 1958 аб. соналъ «Г1ахьвалазул мац1алъул г1емерлъул рик1к1еназул лъугьин» абураб г1елмияб х1алт1иги.

Цониги г1алимчияс ц1ех-рехалдалъун рагьун гьеч1о авар мац1алъул ва гьелъул г1аркьелаллъун кколел г1анди диалекталъул мац1азул фонетикияб ва фонографиялъул къаг1идаги.

Дагьабго лъай-хъвай гьабун тун буго г1ахьвалазул мац1алъул авар мац1алда гьеч1еб 6 х1арпалъулги. Мух1амадбеговалъ хъвараб «Ахвахский язык» абураб т1ехь ц1ализе захI1малъулеб буго, кинаб бугониги цо ккураб алфавит кьоч1ое босун хъвараб гьеч1олъиялъ. Г1урус яги авар алфавиталда т1аде анлъабго х1арп жубани г1ахьвалазул мац1алъе грамматика г1уц1изе к1ола. Г1ахьвалазул мац1алъулъ чара гьеч1ого х1ажалъулел анлъго х1арп авар мац1алъул алфавиталде т1аде жубани г1ахьвалазул мац1алъе ц1ияб алфавит лъугьуна.

Тъ – Тъегъилълъи – Т1адмагъилъ, тъоге – т1охда.

Къ1 – Къ1веч1а – хвалчен, къ1елье – къандалъо, къ1ото – г1орто.

Ль – льее – бече, льубе – х1енкъуге, львада – лъабго.

Ть – къ1оштьа – баку, уштьу – стол,

П1 – ап1ада – инч1го.

Хьь – хььану – хоно, хьье – цинги, хььанкьа – к1ерт.

Авар мац1алдаса Г1анди диалекталъул чанго бат1ияб свери лъугьин ккараб заманлъун ккола маг1аруллъиялда халкъ къавмазде бикьун хадусеб мех ва бищунго феодалалъул г1умруялъулъ политикияб хиса-баси ккараб заманги.

Г1ахьвалазул мац1алъул зах1матаб г1уц1иялъ гьелъул синтагма ва синтаксисалъул г1уц1иялъул ц1ех-рех гьаби бича-бихъан тун буго, къвариг1ун буго мух1канаб грамматика г1уц1изе, гьелъ рес кьезе буго мац1 басралъич1ого бечед гьабизе ва севериялги югалъулги г1ахьвалазул мац1алда гьоркьоб кколеб свериги лъуг1ун т1оцебего бук1ахъе цогояб г1ахьалаб хъвай-ц1али бугеб бац1адаб литературияб мац1лъунги лъугьине 16000 г1ахьвалазе.

Югалъул г1ахьвалазе церехун рихьизарурал х1арпазул гьедиг1ан х1ажалъи кколаро, щайгурелъул г1ахьвалазул мац1 авар мац1алде ц1ан бугелъул гьезул.

Эбел яги эмен гьел х1арпал гьоркьор ккolареб мац1алда к1алъалел ругони гьез г1ахьвалазул мац1 бицизе ругьунлъулаго к1алдиса абизе зах1матаб х1арп хисула жиндие бигьаябх1арпалъ, гьездаса лъималги ругьунлъула зах1матаб х1арпалъул бак1алда гьеб хисун цойги х1арп х1алт1изабизе. Гьедин хисараб буго лъендерил, ц1егдерил ва ракьусезул мац1ги.

Дандекквезин г1ахьвалазул мац1алъул свери:

| Авар мац1алда | Севериял г1ахьвалазул | Лъанусезул | Ц1егосезул | Ракьусезул |
|---|---|---|---|---|
| Хур | хььури | Хур | хури | |
| Г1ала | Ичва | Ичо | Ичо | Ичо |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Корт1а | Кот1а | Кварт1а | Кварт1а | |
| Ц1ибил | Ахи | Ахи | Ахи | |
| Гъуд | Гъвама | | Гъомо | Гъвама |
| Гьобо | Хваба | | Хобо | Хваба |
| Оц | Уча | Г1унча | | |
| Г1ет1 | Атъа | | Г1ан | |
| Гъуни | Гъоба | | Гъуба | Гъваба |
| Лъабго | Лълъвада | | Лъабда | |

Цойгидал мац1азулъго г1адин г1ахьвалазул мац1алъулъги бат1иял мац1аздасан рач1арал раг1аби г1емер руго ва г1ахьвалазул мац1алда хадур сверун цо-цо х1арп гьоркьоса камула яги т1аде жубала масала: картошка – катушик1а, сапун – сагьу, хайир – хе, г1адлу – г1адило ва гь. ц.

Культура, лъай, дин, маг1ишат цебет1еялда балагьун г1арабазул, лъараг1азул, аваразул, г1урусазул, ингилисазул ва гь. ц. Мац1азул раг1абаз 15-20% дасаги ц1ик1к1ун раг1аби руго г1ахьвалазул мац1алда гьоркьор ккарал.

Церехун рехсарал х1арпал х1алт1изарич1ого г1ахьвалазул мац1алъул фонетика ва гьелъул транскрипцияги ц1унизе к1оларо. Мисал: хоно – хьану, Т1адмагъилъ – Тъегъилъи, бече- лъе, къандалъо – къ1елъе, ич1го – ап1адае, бак1у – къ1оштъа.

Севериял г1ахьвалазул раг1аби цоцалъ журан цо жубараб раг1иялде руссуна.

Масала: 1) Дун вач1ана – дене во къ1адо – денокъ1адо. Т1оцебесеб раг1иялъул к1иабилеб «е» ги к1иабилеб раг1иялъул т1оцебесеб «в» х1арпги гьоркьосан ун щибго маг1на хисич1еб цо жубараб раг1уде сверана.

2) Мун кив вук1арав – мене гьагилълъи вук1ада – Менагилълъук1а. Т1оцебесеб раг1иялъул ахиралда бугеб «е»-ги к1иабилеб раг1иялъул авалалда бугеб «гь», гьебго к1иабилеб раг1иялъул ахиралда бук1араб «и», лъабабилеб раг1иялъул т1оцебесеб «в» х1арпги гьоркьоса уна ва ахирияб раг1ул «да» ги т1аг1уна, амма гьеб жумлаялъул маг1на хисич1ого хут1ула.

Г1ахьвалазул мац1алъе данде кколеб алфавиталда т1ад щивниги х1алт1ун гьеч1о. Жидер мац1алда рекъараб гьаракьалъул г1аламатал гьеч1ого хъвай-ц1али лъугьине рес гьеч1о, я г1ажам я латин яги г1урус алфавиталде гъорлъе яги хасаб алфавит ургъун гурони хъвай ц1алиялде рач1унаро ва мац1алъул цебет1ейги кколаро.

Авараз абула щай г1исинал къавмазе хъвай-ц1алийилан. Киг1ан гьит1инаб тухумалъул, милаталъул батаниги жидеего хаслъи бугеб мац1 гьеб ккола гьезул рахьдал мац1лъун, хадусел мац1ал чияраллъун. Жидеда гьоркьоб х1алт1улеб мац1алъул хъвай-ц1алиялъе рес бугебщинаб гьабуни ва жидерго мац1алда байбихьул лъайги кьуни хадурккун бокьараб мац1алде рач1ине бигьалъула.

1934 абилеб соналъ партдокументал хисулелъул Г1ахьвахъ РК ВКП (б) ялъул пленумалъул членал рищулаго миллатал рихьизабураб графаялда щивав вищулесул – к1к1аралав, г1ахьвалав, багвалав, аварав абун хъван буго, гьелъул маг1на буго гьезул мац1 хассаб бук1ин щибаб общинаялъул мац1алъул х1урмат ц1уни.

Гьелдалъун жиндир рахьдал мац1 к1очене бегьуларо, гьеб буго нилъеда т1оцее эбел к1алъараб мац1. Г1ахьваласе, к1к1араласе, г1андисесе ва цойгидалги жидер хассаб мац1 бугел халкъалъе гьеб мац1 рахьдал мац1лъун ккола, гьеб гьоркьоб тунги г1урус, г1араб, лъараг1 мац1азул бокьараб т1аса бищула жив гьоркьов ккарав миллаталъул ва жинда сверухъ бугеб общественнияб х1алалъухъ балагьун.

Северияб Кавказалда г1урусаз т1алъи гьабизе байбихьарабго школал рагьун маг1арулазе г1урус мац1алъ хъвай-ц1али малъизе лъугьана. Щибго жидеда бич1ч1улареб мац1алъ малъулеб жо гьезие зах1малъизе лъугьана, гьелдалъун г1урус алфавитги къач1ан авар мац1алъ ц1ализаризе байбихьана. Х1Х аб. векалъул бащалъудаго ялъуни 15.10.1848 соналъ Кутиши ккараб рагъулъ Шамилил мурид Хандил Мух1амад асирлъуде ккола, данде чи хисизег1ан гьенив хут1арав Мух1амадица г1амал гьабула г1урус мац1 хъвазе ва ц1ализе лъазабизе, гьенив жиндирго мурадалдеги щун исламияб г1елмуялда цадахъ к1вар кьола къват1исел мац1ал лъазаризеги жинда лъараб г1урус мац1алдаса пайдаги босун гьес маг1арулазеги дарсал кьола Ново Черкессиялъул школалда, гьединго Ч1ик1аса Айдемирги вук1уна махщел бугев таржамчилъун. Ц1ализе хъвазе лъаниги ц1ализе жо гьеч1илан абулаан ц1алдохъабаз. Ч1ик1асев Айдемирица т1ехь биччана Темир-хан-шура авар мац1алда маг1арулазул ва г1урусазул маргьаби, хабарал, куч1дул данде рак1арараб, гьеб бук1ана маг1арулазул т1оцебесеб г1урус алфавиталда Темир-хан-Шура басмаялда биччараб т1ехь 1867-68 соназ. Школа лъуг1арал маг1арулал наиблъиялде ва округазде писаралльун рит1улаан ва гьезда г1урус-авар мац1алъулги хъвай-ц1алиги  лъалаан. Цебеккун рахьдал мац1алъ ц1ализариялъ г1урус хъвай-ц1али ва мац1 лъазе бигьалъана.

Дагъистаналъул къилбаялъулгун бакът1ерхьул бут1аялда халкъалъул этногенез ва этнографикияб г1уц1алаби гьединго лингвинистикияб мац1азул бакиялъул х1акъалъулъ жеги г1елмияб ц1ех-рехалъул кьуч1алда мух1канго кьураб баян гьеч1о.

Маг1арулазул топонимиялъул хал гьабураб мехалъ бихьулеб буго авар мац1 цебеккун бач1ун бук1ин ва гьел авараздасан рач1арал къавмаз цадахъ босун щибаб к1к1алахъеги т1ибит1ун бук1ин ва заманаялдасан чанго наречиялдеги сверун бук1ин. Хадубккунги жеги ц1ик1к1арал хиса-свериял ккезе бегьула г1ахьвалазул мац1алъулъ, щайгурелъул гьезул росаби ккун ругелъул бат1и-бат1иял миллатзде гьоркьоре. Масала: Азербайджаналда бугеб Ахвахдара росдада сверухъ руго падоразул, къажаразул ва гуржиязул миллатал. Хасавюрталда ругел Советское, Къамиш-кутан, Бабаюрталда бугеб Гъазиюрт,Комсомолецалда ругел ракьусезулги росаби руго ларагъ1азул, чачаназул, маг1арулазул миллатаз сверун ккун, гьезул мац1азулъ асар ккеч1ого бук1ине рес гьеч1о.

Къавмалъул ва расмуялъул заманаялъ халкъалъул къокъабазе мац1ги ярагълъун бук1ине ккола цоцаздаса балъголъи ц1унизе ва жидерго къавмалъул халкъ бат1а бахъизе лъазе, к1иабизе мац1алъул свери ккун бук1ине ккола цоцалъ жубай гьеч1ого жалго жиделъго ч1ун г1умру гьабиялъги.

Маг1арулазул г1аммаб мац1лъун босараб авар мац1алъулги гьеч1о цо ч1араб раг1ул г1уц1и ва гьаракь. Щибаб аваразул обществоялъул мац1алъулъ к1алъалаго

лъала хундерил, гьидерил, бакълъулазул, салатавиязул чи щиб обществоялдаса вугевали.Гьединабго свери буго г1андадерил диалекталда к1алъалел: г1андадерил, балъхъадерил, гъодоберисезул, к1к1аралазул, багвалазул, ч1амалазул, г1ахьвалазул мац1азда гьоркьобги. Гьелъ бихьизабула гьел миллатал цого заманаялъ решт1арал гьеч1олъиги, цоцаздаса раккарал рук1инги. Байбихьудаго авар мац1алдаса г1андадерил мац1 сверун бук1ине ккола, хадуб г1андадерил мац1алдаса ккарал сверелал рук1ине ккола нахъиял Балъхъадерил, Багвалазул, К1к1аралазул, Г1ахьвалазул мац1азульги. Г1ахьвалазул мац1 к1к1аралазул мац1алдаса сверун бач1араб бук1иналъе нуг1лъилъун ккола г1ахьвалазул цо-цо бак1алда ц1арал гьезул мац1алдаса рук1иналъ. Масала: Ригьа рец1ца, анчакьи, анчиц1ц1а, ч1ч1ета кьедо, х1урдузухъе,

Севералъулги югалъулги г1ахьвалазул мац1алда гьоркьорб дагьаб свери буго. Гьелъие аслияб г1ила буго югалъул г1ахьвалазда сверухъ  авар мац1алъул халкъ бук1ин,  гьезулгун ригьин, жубай, хурхен ц1ик1к1ун ккей ва севералъул г1ахьвалаздасан дагьал рик1к1адги рук1ин, гьединго администраативияб г1уц1иги г1емерисел аваразде гьоркьоб ккей.

Дагъистаналъул муг1рузулаб халкъалда т1ад г1урусаз ханлъи гьабизег1ан югалъул г1ахьвалалги хундерил ханлъиялде унаан.Цогояб г1ахьвалазул мац1алъулъ хиси ккеялъе г1илалъун  кколаг1ахьвалазул общество администратиял бут1абазде бикь-бикьи, гьеб общество жидерго мац1алде, г1адаталде, ракьул г1уц1иялде, психологиялде, культураялда рекъон жидерго обществоялда жанир теч1ого, циниса Авар, циниса Г1анди, циниса Гъуниб округалде рикь-рикьи ва гьезул эркенаб обществоялъул г1уц1и биххизаби.

Г1ахьвалазул общество чуч гьабич1ого  гьезда т1ад бергьенлъи босизе ва гьезул ракьазул бет1ергьабилъун сверухъ ругел обществабазе ракьал щвезеги рес бук1инч1о. Суракъат Нуцаласдаса байбихьун г1ахьвалаз цониги ханасе магъало кьолеб бук1ун гьеч1о, гьелдалъун ханзабазулги сверухъ ругел къавмазулги гьоркьоса къот1ич1еб рагъ-кьалги бук1ун буго.

Киналго г1ахьвалазул эркенаб обществоялде кколел росабазул халкъалъул 1886  ва 1897 абилел соназ гьабураб Дагъистан областалъул переписаздасан босараб сиях1алъ гьезул бук1араб г1умру бихьизабун буго. Щибаб росдал бук1араб бецулеб, бекьулеб ва цо-цо росабазул, ай обществоялда гъорлъан рат1а гьарун рук1арал Лъаноб, Ц1егоб, Ракьуб росабазул мег1ер г1алахалъулги, гьединго щибаб росдал бук1араб г1и-боц1и, х1ама-хьваниялъулги къадар буго. Гьеб перепись гьабулелъул жамаг1аталъул вакилзабаз бит1ухъги гьабун. Ц1ализе бажарич1ого цо-цо ц1арал мекъи ккун рук1инеги бегьула перепись гьабулелъул г1урус мац1алда хъварал ц1аразулъ. Росолъ ц1ехедал лъазе бегьула росдал раг1алалдаса байбихьун гьабун бугелъул перепись, гьезул авал-мина бугеб бак1алъул х1исаб гьабун, гьел минабазул бет1ергьаби щал рук1аралали. Переписалъул баян босун буго:

Ц. Г. А. ДАССР. Ф-21, оп 25, Д108 лс 218 по 260; Ц.Г.А. Ф-21, ОП.5 Д 397.

Гьаб переписалдаса лъазе к1везе буго нилъер наслуялъул анлъабилев, цоцоязул анкьабилев к1удияв эменги. Гьаниб бац1адаб кагъат толеб буго нужер

наслу-тухумалъул гъветlалъе. Нилъеда тlадаб буго анкь умумул ва гьел щиб наслу тухумалъул ругелалиги лъазе. Гlагарлъи рикlкlалъун батаниги инсул тухумалъул цlар хисуларо ва эбелалъул наслуялда гъорлъеги кколаро гlагарлъи жубан бугониги.

Жиндир наслуялъул цlар ва хlурмат цlунарасул жиндиргоги цlар билуларо. Анкь умумуз борхалъуда цlунун духъе кьураб цlар гьитlинабьго хlалихьалъи-тохлъиялъ учуз гьабизе биччазе бегьиларо, хадур гlун рачlулезухъги гьебго духъе кьураб къиматалда кьезе ккела.

Минуталъул сабру, сагlаталъул яхl,
Хlалимаб дур калам, рагьараб гьумер.
Хlажатасе кумек, квер кьураб салам
Гьеб кьунин босараб кьолбое ханлъи.

## Кlкlалахъ гlумруялъул хисарди

Гlадан кlкlалахъ рештlараб заман жинца бицунел
Пайда хайир мукъсанал арзу магlрузалъул кlкlал,
Жаниб пуруц рукь босун, бекьун бажаруляреб
Хlалтlил лъалкlал лъугьараб гъогъоца ккурал хурзал.
Цояб соналъ сагlу щун, цойгидалъ кьагlу рекlун,
Гlемериселъ ракъдаллъун, ракъул балагьакь кколеб,
Рес бугес чачан баччун, чилъи гьечlес росу тун,
Чан ракъараб къо щвараб къваридаб шигlбуналда.
Цоцалъ мунтажат хисун хlеж кlалалде аралъув,
Чанги пакъир къанщарав, гlазу-гьури гьалаглъун,

Гьирида гlумру арав, гlарщгун тlенкил бетlергьан,
Вуссарав Чачаналъан гьачагъацаги ччукlун.
Сапаралъул хlал бергьун, гьиразул бакlлъи цlикlкун,
Гlемер хlама-чутараб хlари габурлъиялда.

Хlал бакlлъараб халкъалъул багъа-бачариги ккун
Пачаясул хlукумат тlалъиялдаса индал,
Карпаталъул рагъулъан тlад руссарал гlахьвалаз
Эркенлъигун кlкlал цlунун цолъизе къотlи ккраб.
Махlачица кумек кьун, квер кьурал цадахъ рачун,
Икълабалъул рахъ ккуна гlадлуроцlцlинабизе.
Цlияб хlурияталъул хlукумат щулалъидал,
Хlал хисана магlарухъ гlумру гьабиялъулги.
Гlанди округ тlубанго тlаса росо инчlого
Къаидат идаратал хlурияталъ гlуцlана,
Тlолабго округалъул ихтиярги кодоб кьун
Микьавго наиб тlамун участкаби рагьана,
Анцlила щуго соналъ жидер милкахъ хlалтlана.

Лъимал, кьоял къачlана, гьечlелъур нухал лъуна,
Школал цlиял рана, избачь-клуб хlалтlана.
Дагьал гlумру цlикlкарал ликбезазда цlалана,
Бецlлъи жагьиллъиялде рагъ базе байбихьана
«Багlар партизанасул» цlар лъун газет биччана,
Телефон, радиоял гьоболлъухъе раккана…
Баккудаса хlурият хlалимго щулалъана
Къо анагlан Советаз согlлъизе байбихьана.
Наиблъаби рихxана, Советал гlуцlун ккана
Гlанди округ бикь-бикьун районазде сверана.
Гьелъул цо гlаркьелалда Гlахьвахъ район рагьана,
Тахшагьарлъун Штаб тун щуго соналъ хlетlана.

Басриялда малги бан цlиялъе кьучl тlамурал,
Гlахьвалазул партизан бугелъуб инагьлъана.
Къадру къимат цlикlкlарал жанисан рищун ана,
Игьтиракъ-бугьтанаца жалго хьихьараз чlвана.
«Гъугъу гъадигалъери гъадеалахолъери»……
Хlама-чодул бетlергьан «Кулакилан» цlарги чlван
Маликабщинаб бахьун хъирис базе гьабуна,
Хlал гьабун бетlергьанаб магlишатги данде бан
Цереккун «Гьалмагълъилан» хадур «камуналилан»
Колхозал росулъ гlуцlи гьелдаса байбихьана.
Гlаммаб магlишаталде гьоркьоре инкар ккурал
Зараибал хlалай ккун хlукуматалъ кlвекlана.
Цоял росу тун ана, цоял туснахъ гьаруна,
Зулмуялъ хlалтlизарун хlинкъи кьун гlадлу малъун,
Кlикъоялда анцlго сон рагlияталда ана.
Цоясдаса-цо тlекъав тlалъиялде раккана,
Колабахъа нахъе гъун росолъе ракlарана.
Росабиго данде ккун гочаризе гьаруна.
Гьаб кlочараб тlад рештlун чара хвана халкъалъул,
Хиянатав Гитлерил фашистаз рагъ ахlидал,
Жанир тlамун тlагlинчlел ритlана фронталде.
Чlваралгун лъукъаразул сияхlал халалъана,
Сах-саламат руссараз газа-бел кодоб ккуна.
Мушавагьул хlарбияз хlалхьи тlалаб гьабичlо
Хlал кlваралде гьорлъ журан гlамал сагьлу гьабуна,
Колхозал сагълъун ккана хайирал цlикlкlун щвана
Гlумруялъул байбихьи цебетlезе лъугьана.
Авлахъ-гьутаби рекьун магlишатал цlи гьарун
Гlи-боцlиялъул къадар къо анагlан цlикlкана.
Росабалъ нухал рахъун машинаби хьвадана.
Гlахьвалазул кlкlалахъе токалъул канлъи щвана,
Хъвай-цlализе лъалареб лъимер гьоркьоб хутlичlо
Махщел-лъаялда рекъон хlалтlизе рес рекъана.
Зулму-хlал бигьун ана, эркенлъи щулалъана,
Щибасул рокъоб щолеб шагьи-пара цlикlкана,
Исламгун дагlбадулев гlадан нахъе хутlичlо
Мажгитал риххулезул хlос-газа биххун ккана…

Роцlун араб дуниял гьаргъазе байбихьана,
Хварал чlаго гьаруураб, чlагоял гъурун ралеб,
Цlарго лъезе лъалареб мужтамагlат гlуцlана
«Туроцкистал-кулакал» киналго рацlун тана.
Культалъул агьлуялда Никитаца цlа гъуна

Бальгоял архивазул кипал цере рехана.
Большевик партиялъул «хазинаби» рагьана
«Ревизоразул» даг1ба цойиде кколарого
К1икъоябгог сон ана х1укму хъвазе к1веч1ого
Мац1ихъабаца ч1варал анкьго миллионилан
Борисица подпись лъун калам лъуг1изабуна.
Г1емер мехго инч1ого лъабгояв данделъана
Лъоронисаги бахъун цо-цо шишаги рехун
Баниялда чвердана, черхалда пар гьабуна,
Жеги цоцоги рехун макруялъе ургъана.
Горбачимдаса тохав тахиде ккеларилан
Гьелдаса мустах1икъаб къо бач1ин щакабилан,
Ц1ар араб гучаб улка раис гьеч1огоги тун,
Лъабкъоялда анц1го сон гьороде рехун ана.
Гьоркьоб СССР бикьун кьалде Ват1ан рехана
Щаг1ил хъаба кинигин кусказдe щущан ана,
Щибаб милаталда гъорлъ харбиял гьалаглъана,
Гьабунщинаб маг1ишат гьоркь ц1аги лъун бух1ана.
Дунялго парпадараб коммунист партиялъул
Контораби рахазе цох1о сордо-къо г1уна.
Ч1ег1ер къое ц1унараб макълат1исалъ бикъана,
Хисун ккана дуниял, дагьлъун ккана маг1ишат,
Рикьуде цеве ккарав хъамалчи бечелъана,
Хъат базе бажарич1ев гьардухъанлъун хут1ана,
Ельцинил ваучераз гуккун тана мискин халкъ,
Пачалихъ бикьулезе бут1а кьарияб щвана.
Рихxун ана колхозал кодор щвараца хъамун.
Фабрик-заводал къана, къват1ал халкъазул ц1уна,
Бакъа-базар бичулел базаргаби ц1ик1к1ана,
Щивасул макъфуталахъ тукениланги хъван,
Гаргадизе лъалеца гьунар гьеч1ел гуккана….
Лъаг1алил ункъо заман иргаялда хисула
Хасият гьебго буго инсанасул г1умрудулъ,
Роччун роц1ун Дуниял цо х1алалда ч1оларо,
Нак1к1улгун бакъул буго къаг1ида г1адамасул.
Дунялалъул боц1улги ч1арав бет1ергьан гьеч1о,
Кьурас нахъе босулеб насибаб нилъей толеб,
Къварилъиялда хадуб хиси лъик1аб кколилан
Къиссабазда гьоркьобги катибаз рехсон бу.го

## ШАМАЛДАСА –Х1АЖИ-Г1АЛИ – ШАФИГ1ИЯВ ВА ГЬЕСУЛ ЗАМАНАЯЛДА Г1АХЬВАЛАЛ.

1460 абилел соназ Г1ахьвалазул къавмалъе Исламияб дин т1ибит1изабиялъул мурадалда Г1абасидазул насибалъул г1арабав, байбихьуда Гъумекив решт1ун вук1арав, Исмаг1илил вас Х1ажи-Г1али вач1уна Г1ахьвахъе цадахъ гъазизабазул богун, исламияб дин - шарг1 билъанхъизабиялъул мурадалда. Гьев вук1уна Гъумекдерил хан Султ1ан-Ах1мадил цебесеб г1агарлъиялъул чи. Г1ахьвалаз Х1ажи-Г1али лъик1аб дандч1вайгун, к1удияб х1урматалда къабул гьавула. Х1ажи-Г1алица г1одов вичан г1ахьвалазда гьоркьоб гьабураб х1алт1иялъ г1иц1го г1ахьвалал гурелги, сверухъ ругел къавмазул ва росабазул жамаг1атазеги асар гьабула. Нус-нус соназ халалъараб Ислам–шарг1 т1ибит1изабиялъул рагъ къокъабго 2-3-соналда жаниб г1ахьвалазул къавмалда даималъего щулалъула.

Х1ажи-Г1али байбихьуда ч1амалазул Гьигьалъ решт1уна ва гьениб Ислоам-дин билъанхъизабиялъул тадбирал гьарула. Гьединан Х1ажи-Г1алил гъазизабазул къокъа Багьалъе хадуб Г1ахьвахъеги решт1уна.

Цереккун Исламияб дин билъанхъизабизе рач1араз г1адин кутакал рагъ кьалал гьарич1ого Х1ажи-Г1алида к1ола гьеб лъабабго къавмалъул халкъ Исламалде ц1азе, г1одоб биччараб тадбиралъул нухалдалъун.

Х1ажи-Г1али паракъалъула г1ахьвалазул Кванкъеро авалалда ва аллагьсул къадаралдеги гьенив щола.

Х1ажи-Г1алилги ва гьесул тухумалъулги къадаралде щварал рукъараб хасаб хабал рук1ун руго. Гьанже гьениб 3-4 хоб гурони хут1ун гьеч1о лъаралъ чук1ун ун. Гьениб гьесие зияратги бук1анан абураб бицен хут1ун бук1ин гурони хабал рук1араб бак1 гъогъол майданалде сверун буго.

Гьесул анлъго вас вук1анин бицен хут1ун буго, щугоясул гурони мух1канлъи лъазе к1веч1о. Бищун к1удияв вас Х1усейн абулев Гьигьалъ, хадусев Х1асан Кванкъеро, Муса абулев Хъуштада, Гьарагъази – К1удияб росолъ, Гьайту - Т1инди паракъат гьарун рук1анин бицен буго. Х1ажи-Г1алил наслуялъул тухумал ккун руго

гьев хун хадубги Исламияб дин щула гьабизе. Гьесул лъималаз ран руго т1оцересел мажгитал ва гьел тухумазда гьоркьоса рахъун руго г1алимзаби, устарзаби, шайихзаби. Гьезул наслуялдаса ккола Гьигьалъа Х1усенил Мух1амад, Хъуштадаса Пирмух1ама, Т1индиса Х1ажиясул Денга, Кванкъероса Г1алих1ажияв, Х1усендибир Х1ажи, К1удияб росолъа – Гъарагъази, К1удияв Х1ажияв, Мусах1ажи ва цойгидалги. Гьел рехсаралщиназул минаби-сиял руго мажгитазда аск1орго. Бищун гъоркь хабаталъе гьарурал бец1ал рукъзалгун. Гьел тухумазул тарих жеги ц1ех-рехалъе х1ажатаб буго, щайгурелъул Бакъбаккулгун г1агараб Азиялъул культуралъай ва Исламияб дин т1ибит1изабиялъул х1аракатчаг1илъун гьел колелъул. Гьез хъварал г1емерал т1ахьал ва литература дандч1валеб бугелъул гьанжего гьанже.

1470 абилел сонал рик1к1уна г1ахьвалаз Ислам къабул гьабураб заманлъун, гьелде щвезег1ан чанц1улго зулмуялъ ислам-дин босизабун буго, чанц1улго христианазул диналде т1адго руссунги руго.

Г1ахьвалаздаса цебе ай, 1440 абилел соназго жидеего бокьун дин босарал Анцух-лъебелазул росабазул халкъалъе Гъумеки Шамхвалалъул бут1руз Султ1ан-Ах1мадица ва Г1алибегица раг1и кьолеб буго Исламалъе инкар ккурал къавмазул ракьаздаса бут1а кьезе. Х1У абилеб векалъул ахиралда Тимурица гъурун лъуг1изабураб г1ахьвалазул Занол росдал ракь кьола Лъарат1исезе, гьединго Щулагьаниб росдал ракьалдеги решт1инарула бат1и-бат1иял къавмазул тухумал: Кутал, Ачолал, Яриманолал, Анц1ц1илъаро, Эчоло, Ахоло, Мукьугъадаро ва гь. ц. «Щулагьаниб росдал гъурун хут1арал 20-25 ц1араки паракъат гьабула Сугъелдерил жамаг1аталъ жидерго ракьалда, сверухъ ругел росабаздаса жидер ракь ц1униялъе къот1игун ва гьенир арал г1ахьвалазул мац1, г1адат, культура, маг1ишат гьабиялъул, рук1а-рахъиналъул къаг1ида сугъулдерилалде сверула, гьениб Щуланиб росоги г1ола.

Гьабсаг1атги гьелъие нуг1лъи гьабизе г1адинанго хут1ун руго росдал минабазул кьуч1ал, щулалъиялъе бараб сиялъул ч1вендалъул къадал, щулагьанисезул т1урун унелъул минабахъ ва сиязда хут1араб рукъалъул т1аг1елал гьанжеги гьенир ратулел руго. Щулагьанисел нахъе ун хадур гьенир решт1араз росу бакъде балагьараб магъилъ т1адехун лъун буго, щибаб тухумалъул авал «бат1а-бат1а бан, ц1ияб росдада ц1арги «Т1унсикь» абун лъун буго, гьеб хер ччух1аб бак1 бук1иналъ г1ахьвалаз «т1унсикь» абула харикьабизе, гьез росо лъезег1анго мегъалда бук1араб ц1ар бук1иналъ.

Г1ахьвалазул «Занол» росо бух1ун хадуб гьенир решт1арал лъарат1исез росо цебе Занол бук1арабго бак1алда лъеч1ого, росдал магъил т1арада лъун буго. Г1ахьвалазулгун къот1и бук1ун буго лъарат1исезул гьеб ракьалдаса щвараб х1алухъадул 1/3 бут1а кьезе, харил бак1алдаса ва мег1ер г1алахалдаса пайда босулеб щибаб ц1аракиялъ хасалихъе бищараб чахъу-кьег1ерги рехизе.

Хадубккун къот1и т1убазе инкар гьабун буго лъарат1исез ва щибаб соналъул хасалихъе даг1ба-кьал кколеб бук1ун буго. Цоцазда гьоркьоб ккараб гъалмагъиралъ, г1емерал биял т1езе кколел рук1ун руго, гьедин ккараб цо к1удияб гъалмагъиралдаса хадуб лъарат1исезул жамаг1аталъул къот1и ккун буго г1ахьвалазул ракьалдаса нахъе ине.

Лъарат1исезул къот1и-къай ккун буго бакълъулазулгун, гьезул ракьалде решт1ине, гьезул жамаг1аталъул хасал мурадалги т1уразелъун. Гьеб ХУ абилеб векалъул ахиралда, ай 1480 абилел соназул, заман ккола Х1ажи-Г1алица г1ахьвалазе цебехъанлъи гьабулеб заман. Лъарат1исел нахъе уна г1ахьвахъан, щибаб соналъ гьоркьоб къот1ич1еб рагъ – гъалмагъирги ч1алг1ун ва гьез ват1ан рехула мелъелт1исезул лъарал раг1алда гьанжесеб Лъарат1а росу бугеб бак1алда.

Цебеккун г1ахьвалазул Занол магъил т1арада лъарат1исез росолъун бук1араб бак1 бих-бихараб мина-къаялъул кьуч1азул хут1елал гьабсаг1аталъги руго. Лъарат1исезул хабал агьлу кванкъероссезулалда цадахъго бук1ун буго, гьебго росу лъун бук1араб бак1алдаса г1емер рик1к1адго гьеч1ого «Милъадилъи щвела» абулел хабалалъ. Г1ага-шагарго лъарат1исез г1ахьвахъ бан буго50 г1анасеб сон. Хадубккун Занол росдал бук1араб ракь г1ахьвалазухъго ккола 1822 абилел соназде щвезег1ан. Умумузул биценалда рекъон гьеб соналъ хун вук1ун вуго хундерил Султ1ан-Ах1мадхан. Гьеб сон рик1к1уна умумуз бицанихъе к1к1аралазухъ Занол ракь ккараб заманлъун. Гьеб заманаялде щвелалдего сверухъ ругел къавмаз цо-цазулгун балъгоял къот1аби хъвала К1к1аралаз Т1индадерилгун, Гьидерица Хундерилгун. Кинаб къавмалъ щиб суал борханиги, гьелъул рахъ ккун цоцазе кумек гьабизелъун. Гьеб бук1уна Дагъистаналда эркенал обществабазул цебет1ей лъугьараб, ай бищунго феодализм цебе т1ураб заман.

К1к1аралаца даг1ба бала Занол росдал бук1араб ракь жидер бугилан, гьезие х1алае лъугьуна, Багвалалгун Т1индадерил обществаги, цебеккун гьабураб къот1иялда рекъон, ахиралдаги шарг1алъул нухалда гьедиялдалъун даг1ба т1езабиялде ц1ала гьоркьор лъугьарал обществоялъул вакилзабаз.

К1к1аралазул жамаг1аталъ ургъула гьедиялъе х1ила. Гьедизе вач1арав 50-авго чияс жиде-жидер ракьалдаса ракь бала жидер хьитазухъ ва гьел гьедула жидер х1ат1икь бугеб ракь жал бет1ергьанаб бугилан.

Х1илла-гьеди бич1ч1арал г1ахьвалаз к1к1аралазулгун чанго нухалъ даг1ба бала жидер ракь сабаблъун. Сверухъ ругел общинабазулгун бугеб жидер къот1иялда рак1ч1ейги гьабун к1к1аралаз жидер ихтиялда ккола, амма гьез я бекьун яги бецун гьелдасан пайда босулароан, г1ахьвалазулги к1к1аралазулги г1и-боц1уца кванан бук1унаан. Гьеб ракьалъул х1алаллъи-х1арамлъи бат1а бахъулел г1адамаз гьениб г1и-боц1игицин биччалароан. Совет власть бергьун хадуб 20-30 абилел соназги гьелъул даг1ба цойиде ккеч1ого судазда рук1уна.

Ахирги Занол росдал бук1араб ракь росдал жамаг1аталъул ихтиялдаго хут1ула цо хасав чиясул бет1ергьанлъиялде кьеч1ого. Г1иц1го К1арат1аса лъабго наибас г1ияе бокьал ран рук1уна гьеб ракьалъул бет1ергьабилъун жал гьарун х1акимлъиги х1алае ккун. Х-ХП-абилел веказдасаго маг1аруллъиялда цо бак1алда паракъалъи гьабиялъул кьуч1 кколаро. Жал ч1араб бак1алдаса бет1ербахъи лъугьунеб гьеч1они гьеб къавмалъ байбихьулаан цойгидаб къавмгун рагъ-кьал гьабун яги кинаб х1ила ургъунги чияр ракьалъул бет1ернгьабилъун лъугьине яги ч1араб бак1 хисизе. Цогидал къавмазул раг1иятлъиялде ун яги инч1огоги.

ХП-ХУ къарнуялде щвезег1анги г1ахьвалазулгун кьал ах1ула Хундерил, Гьидерил, К1к1аралазул, Багвалазулги къавмаз. Тимурил ва цогидалги рагъулал

къуватаз чуч гьабураб г1ахьвалазул къавм жидей мут1иг1 гьабизе ва гьез цадахъ рекъон къот1аби гьарула г1ахьвалазул ракьал кквезе рагъул къуваталдалъун. Хундерил нуцал Булачие къвариг1ун бук1уна Г1ахьвалаздаса ц1ик1к1араб магъало щвезе ва жиндир мут1иг1лъиялда рук1ине. Гьидерийин абуни къвариг1ун бук1уна г1ахьвалазул югалдехун, ай жидер г1орхъодехун ругел ракьазул бет1ергьабилъун лъугьине. Гьеб мурадалда цереккунго балъгоял къот1аби гьарун х1адурго рук1уна хунзги гьидги цо санаг1атаб къо щвезег1ан.

УШ-абилеб къарнуялдасаго Дагъистаналъул бакъ баккуде Исламияб диналъул бакъул ч1орал щун рук1аниги, маг1аруллъиялъул бакъ т1ерхьуда Ислам щулалъизе жеги анкьгоялде г1агарун къарну уна.

Ислам т1ибит1изабизелъун рач1арал Г1агараб бакъбаккулгун Гьоркьохъеб Азиялъул чабхъадулаз: Мерваница, Тахтамишица, Тимурица, Абумуслим Шайихас зулму-х1алалъул тадбираздалъун ислам т1ибит1изабиялъе к1удияб х1асилго ккеч1о.

Компания х1исабалъ, заманаялдаса цо-цо кьабиги маг1арулазда щвезабун, халкъги гъурун гьезул маг1ишатги тала гьабун т1адруссун унаан.

Х1У-ХУ абилел къарнабаз маг1аруллъиялда ислам т1ибит1изабизе к1веялъе аслияб г1илалъун ккола, Дагъистаниязда гьоркьосаго Исламалъул церехъаби ракки ва тарбия-бич1ч1и кьеялъул нухалда г1одорричан гьабураб тадбиралъул бергьенлъилъун. Исламияб дин лъик1го щулалъарал Табасараналъул, Гъази-гъумекалъул, Кюриналъул халкъалда гьоркьоса раккула исламияб диналъул г1алимзаби, гьединго г1арабазул улкабаздасан рач1ун, Дагъистаналда паракъалъарал г1алимзабазул баракат лъик1лъи щола. Ислам т1ибит1изе ва щулалъизе байбихьула маг1аруллъиялда, гьелда цадахъго цебет1езе лъугьуна г1араб маданиятги адабиятги. 1460-1470 абилел соназ ислам дин т1ибит1изабизелъун ч1амалалъ, багвалалъ, г1ахьвахъ къавмазда решт1уна Шамав-Х1ажи-Г1али-Шафиг1ияв.

Х1ажи-Г1алие г1ахьвалал кутакалда мут1иг1лъула ва гьес даималъего бусурбанаб къавмлъунги гьабула. Цересел Христианазул ва цойгидалги г1адатазда хварал рукъи, ригьин гьаби гьукъула, шарг1алъул кьуч1алда х1алт1изе ругьун гьарула.

Гьебго заманаялда жаниб г1ахьвалазул община щулалъула ва къуватаблъун лъугьуна, Тимурица лъурал ругънал сагълъула.

Г1ахьвалазул общество къуватаблъун лъугьин бокьуларо хундерил Нуцаласе ва сверухъ ругел къавмазе. Х1ажи-Г1алица инкар гьабула хундерил Нуцаласе г1ахьвалазул росабалъан магъало кьезе, гьесие мут1иг1ал Гьидерил росабалъанцин магъало Х1ажи-Г1алица босулаан, гьезул 6-го росулъан, щибаб лъаг1елалъ; 15-го х1амида х1алухъен, 6 оц, щибаб г1акаялдаса цо-цо гел нахул ва щибаб ц1аракиялдаса цо-цо къали т1орччолги (Балагье «История Дагестан», гьум. 111-112, автор Р. Мух1амадов). Гьединан гьеб магъало босула 1460 соназдасаго 1514 аб. соналде щвезег1ан, ай 55 соналъ.

Гьебго х1алалъ Авар г1урухъан эхеде г1ахьвалазул ихтияралда бугеб нухлул налогги Х1ажи-Г1алие кьолаан. Гьеб бак1лъарав хундерил Нуцаласулги Гьидерил жамаг1аталъулги къот1и ккола цадахъ лъугьун г1ахьвалазулгун рагъ базе ва санаг1алъи ккараб къоялъ «Хвачадуласул» щулалъиялде гьужум гьабизе.

Х1ажи-Г1алида т1ок1ц1ар бук1уна «Хвачадулав»-илан. Гьес диналде мут1иг1лъуларого лъугьарасде хехго хвалчада квер лъун х1инкхи кьолеб бук1ун буго.Байбихьуда г1ахьвалаз «Къвеч1алав» абун т1ок1ц1ар лъун буго, авар мац1алда гьеб ккола «Хвалчадулав» абураб раг1и. Гьеб ракьалъул маликлъун г1ахьвалаз гьев гьавун вук1иналдалъун, гьеб ракьалдаги, хвалчадуласул Кули-мархьойин абулеб бук1ун буго. Гьев Г1ахьвахъ решт1унелъул гьесда цадахъ 60 г1ан рагъухъанги вук1ун вуго.

Х1ажи-Г1али вук1ун вуго ц1акъ рак1бац1адго Исламалъул нух ккурав, шарг1алда рекъон х1алт1улев, гьит1инасдаги к1удиясдаги х1ал рекъезабизе лъалев, г1одов виччарав, г1адлу бит1арав, г1адамасде г1енеккулев, вук1а-вахъин тадбир бугев чи. Х1ажи-Галица байбихьудаго г1ахьвалазул ракьул г1орхъи сверухъ ругел къавмаздаса ц1унизе ва гьелдаса пайда босун х1алт1изабизе байбихьула.

Гьес щибаб г1орхъода хъаравуллъи лъола. Цебего гьабураб къот1иялда рекъон Лъисадерилгун Лъибшадерил жамаг1аталъ г1ахьвалазул бакът1ерхьул г1орхъи багвалаздаса ц1унизе кколеб бук1уна, гьел росабаз къот1и кин т1убазабулеб бугебали халкквезе щибаб къоялъ иргадал к1и-к1и рагъухъан вит1улев вук1ун вуго халкквезе.

К1иабилеб хъаравуллъи «Занол» к1к1алахъ кьода аск1ор ругел нохъабаздаги, нохъабазда т1ад бугеб борхатаб гох1алдаги лъолел рук1уна; анкь- анкь рагъухъанасул хъаравуллъи. Лъабабилеб хъаравуллъи лъолеб бук1ун буго 40-45 рагъухъанасдасан г1ахьвалаз жиндие кьураб мулкалда «Хвалчадуласул щулалъиялда» гьанжесеб Хучада.

Гьединаб х1адурлъиялда вук1адго цо пуланаб къоялъ Изандерил росдал дибир къадаралде щун, цо-к1иго лагъги хъаравуллъуда тун, зигараялъе ун рук1уна. Гьебго заманаялъ гьидерил хъаравуллъуда вугев Х1ажи-Г1алил лагъасулгун балъгояб къот1и бук1уна, Х1ажи-Г1али тохлъараб заманаялъул ишара гьабизе. Лагъасги Х1ажи-Г1али гьанжениги Лъебади габурлъухъе щун ватилин абун ккараб мехалъ ишара кьола цебеккун гьабураб къот1иялда рекъон. Хундерилгун Гьидерил аскаралъ Х1ажи-Г1алил щулалъиялде гьужум гьабула ва хвалчадуласул щулалъи ккола. Т1ад вуссун щварав Х1ажи-Г1алилги, хундерилгун гьидерил бода гьоркьоб кутакаб рагъ ккола.

Цереккун рук1арал рагъазульги гьидерил ц1ик1карал биял туун рук1инги х1исабалде босун Хвачадуласул бук1араб «Рак1вак1и» абулеб бак1ги, Авар г1урул квег1аб раг1аллъиги гьидерил рагъулъ камуразул хъизамазе дияталъул тезе ва хадубккун рагъ-кьалги къот1изе тезе, рекъел ккола. Рагъал гьоркьор къот1уларо ва хадурги чанго нухалъ цоцалъ реч1ч1ула ва к1иябго рахъалъе г1адамазул камиялги маг1ишаталъе зараралги ккола.

Хадубккунги г1ахьвалазул общинаялъул къуват чуч гьабизелъун х1аракат бахъула сверухъ ругел къавмаз цоцазулгун къот1абиги гьарун. Аваразул ханлъиялъул заманаялдасаго наиблъиялъул участкаби г1уц1улелъул югалдехун ругел г1ахьвалазул росаби циниса Гьидерил, циниса Хьиндахъ, циниса Кьурул мухъалъул участкабазде рат1а гьарула ва г1умруялъго росабазда гьоркьоб г1орхъи

бук1инч1еб г1ахьвалазул ракьул бут1аби гьарула, гьел жиделъго жах1да-х1усудалде рехула, цолъи-щулалъи чучлъула.

Цо-цо заман кколаан г1ахьвалазул анлъго росо лъабиде бикьун бат1и-бат1иял наиблъиялде, округазде ккаралги. Гьединан заг1иплъараб обществоялъулгун зама-заманаялъ лъола даг1ба ва байбихьула цоцазул ракьал кквезе. Гьединан Гьидерица ккун бук1уна лъанусезул, ц1егосезул, ракьусезул муг1рул. Гьел ракьазул бет1ергьаби югалъул г1ахьвалал рук1ин ч1езабурал чанго х1ужа буго 1886 абилеб соналъ, 1897 аб. соналъ, 1917 аб. соналъ пачаясул администирациялъ гьарурал переписазул баяназдаги. Совет власталъул заманалдаги Гъуниб бук1араб земельный судалъ т1ад буссинабун буго Гьидерихъан бахъун Югалъул г1ахьвалазул росабазул муг1рул. Гьединаб даг1ба-раг1и г1емер кколеб бук1ун буго Дагъистаналда цо-цазулгун ва росабазулги, общинабазулги ракьал сабаблъун.

Гьидерил рекъел ккун хадуб «Хвалчадуласул» - ай, Х1ажи-Г1алил бук1араб кули-мулкалда росо бан буго дияталъул ракьул бут1а щвараз данделъун. Росдада ц1арги гьеб мулкалъул бет1ергьанлъун кколев вук1арав Шамалдаса Х1ажи-Г1алида абулеб бук1араб т1ок1ц1ар «Хвачада» абун хут1ун буго..

Хучада росо лъураб заман г1ага-шагарго 1520 абилел сонал кколел руго. Г!иц1го Хвачадуласул бук1араб ракь гурони сверухъ ругел г1ахьвалазул, лъанусезул, ц1егосезул, ракьусезул ракьалдаса щибго ракьул бут1а Гьидерихъе дияталъул ккун бук1унаро.

Х!ажи-Г1алил заманаялдаса хадубги Гьидерилги Г1ахьвалазулги даг1ба-раг1и къот1араб заманго ккун гьеч1о. «Кьедахани» абураб маг1арда к1удияб ганч1ида бик1ун хъван буго цо нухалъ Гьидерилгун ккараб рагъул тарих.

Цоцазул г1и-боц1и хъамиги, ч1вай-хъвей кквейги Октябралъул революция бергьинег1ан гьоркьоб къот1ун гьеч1о, г1иц1го ракьал сабаблъун.

1909 абилеб соналъ ракьул г1орхъабазда т1асан шарг1иялгун светский судаз 396 даг1баялъул делоялде хал гьабун буго. Жамаг1атаз жидецаго гьарурал маслих1атал рик1к1инч1ого г1иц1го маг1аруллъиялда. Гьелъ бихьизабула маг1арулазул пайда босулел ракьал дагьал рук1ин, гьениб г1умру гьабулеб халкъалъул ракьалдехун х1ажалъиги ц1ик1к1араб бук1ин.

Г1ахьвалазул къавмалъулги мег1ер-г1алах ц1ик1караб бугониги, бекьулеб ракь дагьаб буго ва бач1инги мукъсанаб бук1уна. Гьелдалъунин г1ахьвалазул г1емерисеб халкъ г1ат1иракьалдехунги гочарал, цоял ц1оралдехун, цойгидал чачаналъе, лъараг1лъиялде.

Г1емерисеб ч1вай-хъвей, тушманлъи ракьул г1орхъалабазда т1асан ккун буго. Цох1о рахъ чияр г1орхъоде ккани чи ч1валев вук1ун вуго. Гьединал х1ужаби г1емерал руго.

Ислам т1ибит1изег1ан г1ахьвалазул хасав цо чибет1ергьанал рук1ун гьеч1о ракьал, г1адамазул х1ажалъиялде балагьун бикьулеб бук1ун буго ва гьелдаса пайда босулесе я бичизе яги живго лъик1ав лъугьун цойгидасухъе кьезе изну бук1ун гьеч1о.

Г1ахьвалазул къавмалъ Исламги къабул гьабун, шарг1ияб г1адлуги билъанхъун хадуб 1470 абилел соназ Ислам дин т1ибит1изабизе вач1арав Х1ажи-

Г1алица даималъего Маликавлъун гъавун вуго г1ахьвалав жиндие кьураб ракьул бут1аялъул, гьелдаса хадуб ихтияр щун буго ракь бича-хисизе ва ирсилазе кьезеги. Щибаб тухумалъе бикьараб ракьалъул г1орхъи гьанжеги бат1а бахъизе лъаледухъ буго гьоркьор цере руччабазе кьурал гьединго цо х1ажалъи ккун рича-хисарал бак1ал гурони гьоркьоса инч1ого.

Х1исаб гьабураб мехалъ живго Х1ажи-Г1алил бук1араб ракь гьесул тухумалъухъ, ай Х1усендибир Х1ажиясухъ, Ишвидасухъ ва Х1асанил агьлуялъухзъ буго 250-300 гектаргIан бак1. гьебго х1ал буго Чаракилазулгун, Хьвац1олазул, Кьурукь-Гунащилазул, Ч1анди – Беч1аролазул, Т1адмагъилъ – Ражиханилазул, К1удияб росолъ – Г1акъилилазул, Магьдилазул, Г1елолазул, Ракьоб – Щук1арилазул, Г1айтилазул, Бач1ихолазул, Лъаноб – Нахьва Г1алилазул, Эзерилазул, Ц1егоб – Картулилазул, Саракилазул, Гъамакилазул ва гь. ц.

Ракьал рикьун хадур т1аде рач1аразул ракь дагьаб бугог яги гьезего гьеч1о.

ХУ къарнуялдаса хадуб г1ахьвалаз ракь ц1и гьабун бикьун гьеч1о, Совет власть бергьун хадуб пачалихъалъ ракьул маликлъиялдасан векьарухъан мах1рум гьавизег1ан ва гьел ракьал даималъего щивав чи бет1ергьаналлъунги хут1ун руго.

### Бак1азда ва г1адамазда ц1арал ракки

Кинал ругониги халкъалда гьоркьор динал раккизег1ан ва жодор цо бак1алда ч1ч1ун маг1ишат гьабун тархъизег1ан Г1ахьвалазул къавмалъул г1адамазде ах1улел ц1аразул х1исаб гьабураб мехалъ бихьулеб буго лъимер гьабигун гьеб лъимералда хасаб ц1ар лъолеб бук1инч1олъи, гьединан харабазги бицунаан.

Гьеб лъималъул хадубккун загьирлъараб г1амал-хасияталда яги куц-мухъалда, яги х1ут1-хъумуралда, х1инч1-гъедоялда, гъвет1-хералда ругел ц1арал лъолел рук1ун руго.

Мисалалъе: Халатав, Къокъав, Гьит1инав, Ч1ег1ерав, Баг1рав, Бах1арчи, Багьадур, Лебалав, Рекъав, Беццав, Квач1икъ, Ццидалав, Хъарччигъан, Хьергъун, Бугъа, Гъвала, Гъалбац1, Дег1ен, Ракьа, Лълъар, Лъен, Чан, Г1орто, Сах1, Лачин, Берцинай, Ч1ух1арай, Микки, Мокъокъ, Чагъана, Чалухъай ва гь. ц.

Обществоялъулъ политикияб экономикияб хиса-баси ккеялда цадахъ г1адамазда лъолел ц1аразульги ч1ах1иял хиса-басиял ккун руго.

Масала: Маг1аруллъиялда христян дин х1алт1улеб заманаялъ гуржиязулгун-эрмениязул ц1арал лъезе лъугьун руго: Гоги, Гугач, Жули, Кута, Дечи, Чохили, Чило, Чангури, Ч1анди, Беч1аро, Моссе, Марьям, Илит1а, Тамара, Барбара ва гь. ц.

Исламияб диналъ християн дин хисигун раккула ц1иял ц1арал; Мух1амад, Ах1мад, Абубакар, Г1усман, Г1али, Г1умар, Муса, Г1абас, Г1абдулмут1алиб, Гьашим, Къурайш. Цебегоялдаса г1арабиязул улкаялдаги лъолел рук1ун руго моц1-ц1ваялда, бакъалда ва цойгидалги х1айван, х1ут1-хъумуралда ругел ц1аралги: Бадрудин, Нажмудин, Шамсудин, Шарапудин, Садрудин, Асвад, Каг1ба, Макка, Асад ва гь. ц.

Дагъистаналда Совет власть щулалъун хадуб ва Большевиказ марксистияб тарбиялда халкъ куцаялъ г1ахьвалазул обществоялъеги Исламияб диналъулъ чучлъи ккола ва г1урусазулгун христианазул ц1арал лъезе байбихьула: Пушкин, Киров,

Чкалов, Сергей абун. Гьанже гьел ц1арал лъеялда рак1 бух1арал эбел-инсуца, цоцояз жидер лъималазда лъун рук1арал ц1арал – Сергейида-Сиражудин, Кирода – Киса, Чкаловасда – Чанахъан абун хисула.

Г1ахьвалазул обществоялде гьоркьоре кколел росабазул г1адамазде гьанжеги щибаб эпохаялда гьоркьор загьирлдъарал ц1арал г1емер дандч1вала цереса-цере лъун.

Гьединалго ц1арал дандч1вала цебегоялдаса кули-мархьуялда гьелъул бет1ергьабазда лъурал ц1аразульги. Г1емерисеб кули-мархьуялда гьелъул бет1ергьабазул ц1арал руго. Цо-цо бак1азда гьеб бак1алъул географияб хаслъиялде балагьун кьун руго ц1аралги.

Г1иц1го Т1адмагъилъ жамаг1аталъул ракьалда иццгун къулг1аялда 37, мег1ерг1алахалда 98, рохьазда 26 г1адамазул ц1арал руго.

Гьединан руго нахъиял росабазул жамаг1аталъул ракьаздаги.

**К1аралазул жамаг1аталде**
**рагьараб кагъат!**

Х1урматияб жамаг1ат!

Ниж Дагъистаналъул шагьаразда ва росабалъ г1умру гьабун ругел г1алхъадерил жамаг1атал нужехъа Будун абун ц1ар бугев чияс ц1акъ к1удияб ургъаликье ккезаруна.

Нек1о заманаялъ росдал тухумазда гьоркьоб ккараб зах1матаб къисматалъул лъагьа-бахъин бицунаго, квешезего г1адин, гьев Будуница бидулал лъалк1азде раккизе, квешлъи рек1елъе бач1ине жакъасел нижер г1адамалги т1амулел руго, т1аг1араб тушманлъи ц1и гьабизе гьусулел руго.

Щибаб рукъалъулго г1адин, росабазулги жидерго унтабиги, балъголъабиги рук1унеблъи лъидаго лъалеб жо буго. Гьединго балъголъи гьеч1о, умумузул заманаялда кьог1аб къисматалъул къварилъаби квалич1ел росаби Дагъистаналда гьеч1еллъиги. Амма ях1-намус ц1унулез чияр к1очене тарал балъголъаби къват1ир ч1вазаруларо, гьезул ццин хисун бач1араб гьуинлъи ц1унула. Чияр рукъалъул унтаби гьорохъе кьабулезда г1адамаз балеб рогьоги, гьикъулеб к1алги, лъазабулеб тушманлъиги нужедаги лъалеб батила.

Нужер гьев росуцояв г1алхъадерица вакил гьавун вук1инч1о анкьумумузул заманаялда росдал тухумазда гьоркьоб ккун бук1араб рагъ-кьалалъул кьог1аб къвач1а рагьизе. Гьес гьабураб иш данде кколаро г1аданлъиялъулги, божилъиялъулги рахъалъ халкъалда гьоркьоб бук1ине кколеб вацлъиялъулги гьудуллъиялъулги гьоркьорлъабазде. Х1акъикъаталда гьев чияс ургъич1ого гьабураб пишаялъ росдал тухумал т1амулел руго тушбаби ц1ехезе, жидер-чияр чи ват1а гьавизе, тухум кьибилазде.

Г1алхъадерил жамаг1аталда лъик1 лъала К1арат1а росдал бечедаб тарих. Гьелдаго цадахъ лъала къисматалъул цо-цо кьог1ал х1ужжабиги ва гьезул намусал х1асилалги. Амма суверинитет хвезе гьабуларел г1алхъал нужер жанисел ишазда

гьоркьоре кидалниги лъугьинч1о. Гьелъул г1аксалда г1асрабаз ц1унана нужер жамаг1аталде рокьиги, хинлъиги, гьудуллъиги ва гьуинлъиги. Къанаг1атги нижер росулъ чи лъеберабилел соназда Г1алахъ школалда завучлъун вук1арав К1арат1аса Х1адис наибасул вас, унго-унгояв инсан Гъазиявдибир лъаларев. Жакъаги к1удияб адаб-х1урматалда рехсола нижеца гьев бихьинчиясул ц1ар, цебеги биччач1о г1алхъадерица гьесда х1ур хъвазе.

Г1алхъадерил г1акъилаб жамаг1аталда бажарун бук1ана нусгог1ан соналъ цебе умумуз, тарих борхич1ого теян, гьабун бук1араб васият ц1унизе. Т1олалго санаца жамаг1аталъ бахъараб х1аракаталъ, цоцаде данде тункун рук1арал тухумазда гьоркьор ригьинц1аги гьабун, г1адамазда жаниб вацлъиялъулал гьоркьорлъабиги рук1инарун, т1убанго руц1ц1инарун рук1ана гьеб жанисеб рагъалъ лъурал ругъналги.

Жиндир гуреб ишалде, къвариг1ел гьеч1еб бак1алдеги ваккун, жиндирго ц1ар раг1изабулев чиясда маг1арулаз х1амабагьадурилан абула. Берцинаб г1умруялда ниж рук1аго х1амабагьадур Будуница ц1идасан ригъизаруна нижер ругънал.

Ле, лъим х1ехьолареб пахьул ц1араг1и,
Ц1акъав вахъинейищ мун хъвадарулев,
Ц1одорлъи жагъалаб гъадил гвангвара,
Гъара гьабизейищ гьаб мажмуг1 хъвараб.

Гъоб дуниялалде нух къокълъун бугин,
Къо бук1аго ричч1е ч1ег1ераб гъамас,
Ч1агоял ишални духъа ккеларин,
Квешлъиялъе рехе ахираб къуват.

Умумузда гьоркьор ккун рук1арал бидулал х1ужжабиги рорхизарун тухумал цоцаде данде ралел, гьезул рак1ал лъукъулел, гьезда гьоркьоб жах1далъи ккезе бегьулел пишабазде гъорлъе лъугьарав Т1агьиров Будун судалде кьезе бегьулаан, г1алхъадерил тухумазе моралияб зарал бец1изе г1оло, амма гьесул г1умруялъул к1одолъиги х1исабалде босунцин тела.

Амма муг1рузул г1адатги хвезабун, чияр рукъалъул къварилъи къват1иб ч1вазабуралъухъ, мадугьалзабигун ругел вацлъиялъулаб гьоркьорлъаби хвезаризе бегьулел пишаби гьаруралъухъ Т1агьиров Будун толев вуго г1алхъадерил рахъалдасан наг1анаги раг1изабун.

Нужер ях1алда рекъараб тамих1 нужецаги гьабе Будуние.

Дагъсиатаналъул шагьаразда ва росабалъ г1умру гьабулел жамг1иял цолъабазул вакилзаби:

Гъутаналда ч1ей гьабуразул –

Бабаюрталда ч1ей гьабуразул –

Хасавюрталда ч1ей гьабуразул –

Муцалаулалда ч1ей гьабуразул –

Гъизилюрталда ч1ей гьабуразул –

Шамхаладда ч1ей гьабуразул –
Мах1ачхъалаялда ч1ей гьабуразул – «_____» ____________2002 г.

**ГОЧАРИ (переселенцы).**

Инсанас цо бакІалда тархъун гІумру гьабизе байбихьаралдаса гьеб гьесул ватІанлъун ккола. Гьесда лъикІго лъала жив кинаб обществоялда гьоркьов вугевали ва жив гьоркьов ккараб обществоялда жаниб г І умру гьабизеги. Гьев ругьунлъун вукІуна гьениб бугеб тІабигІаталдаса пайда босун магІишат гьабизеги.

Жив жанив гІурав обществаги, ватІанги, тІабигІатги тун гочарулев вукІине бокьуларо инсанасе, я гІумруялъе яги бетІербахъиялъе хІинкъи, - къварилъи гьечІого, я зулму-хІал бергугьун нахъе къотІун гурони гІадамас жиндир ватІан толаро. УП абилеб къарнуялде щвезегІан магІарулаз гІумру гьабулеб букІун батани жедее санагІалъи ккараб бакІалда магІишатги гьабун щибго цоцалъ гъалмагъир гьечІеб ракълилаб гІумруялда, VIII абилеб къарнуялъул лъеберабилел сонал гьезул гІумруялъе хІинкъи кьуралллъун лъугьуна. ГІарабиялдаса Ислам тІибитІизабизе вачІарав Мерваница гурхІел-цІоб гьечІого магІарулазул къавмал ва гьезул росаби, магІишат тІубанго гъурун, тала гьабун лъугІизабула, чІаго хутІаразул цо бутІа кІиабизеги нохъабахъе, кули-мархьуялде, мегІер-гІалахалде тІурун уна. Гьебго ккола Абумуслим шайихасул ва Тимурил заманаялъги, тІубан росабиго рухІун бакІ-бакІалде щущан, мина-рукъги магІишатги рехун тезе ккола.

Гьел чабхъеназ гІахьвалазул къавмалъул тІубангоялде гІунтІун росаби рукІараб бакІ лъаларедухъ ккезарула. Тахолго ракьалда тІад хІинкъи гьечІел бакІазда лъугьун кулимархьо бан магІишат г І умру гьабула. Гьеб заман ккола магІаруллъиялда зулмуялъ Ислам тІибитІизабулаго гьарурал гъазаваталъул рагъаз гІумруялъул рукъ рехун тун гочаризе ккеялъул заман.

Гьел кьалазул хІасилалда кули-мархьуялда гІумру гьабизе ккарал гІахьвалазул къадар бахуна 460 гІан цІаракиялде. Гьел кули-мархьуялдаса ва нохъабахъа нахъойги росабалъего цолъула. Югалъул гІахьвалазул лъабго росо лъугьуна гьенир рукІарал кулаби цолъун; Лъануб, ЦІегоб, Ракьуб. Севериял гІахьвалазул ракьалда гІоло Тувунсикь, Дамич. Самикь, Лологъонилъ росо-авалги. Гьел колаби жидеего бокьун цоииде ракІ арарал к жодо жодор тухумаздасан цолъарал ккола.

І460 абилел соназдаса байбихьула гІахьвалазул къавмалда гьоркьоб Ислам щулалъизе. ЧІамалал, багвалал, гІахьвалал Исламияб диналде ахІарав ва цереккун щущазарун рукІарал росабазул халкъ данде бакІарорав ав чи ккола гІарабиязул (Шамалдаса) ХІасанил вас ХІажи-ГІали ва гьесул васалги - жал тІадегІанав Аллагьас кІодо гьареял, жидер шапагІат баракатги нилъееги щвеял.

Умумузулбиценалда рекъон

Руго Тимумурил заманаялъ гІахьвалазул кІкІал тун росогоцадахъ тІурун аралги, гьел ккола Сугъулдерил жамагІаталъ паракъат-тархъен риччарал Шулагьанисел. Гьезул росо бук І араб бак І алъул ч І венд ал хут І ун руго.

Гьебго заманаялъ гІахьвалазул ракьалде гочинарун рукІуна лъаратІиселги, гьезги 50 гІан сон ун буго Занол магъил тІарада росоги бан-ахирги гьел гьениса

гочун МелъелтIерил жамагIаталъ паракъат гьарун руго гьабсагIат лъаратIа росо бугеб бакIалда. ВатIан тун къватIир ун магIишат гьабизе байбихьана гIахьвалазул общинаялъул халкъалъ I730 абилел соназдасаго. ВатIан тун иналъе гIилалъун ккана жидер бугеб ракьалда тIад бетIербахъи лъугьун гуртIи, гIахьвалазул обществоялъухъ рукIарал ракьал бакъ баккудаса Гьидерихъе, бакътIерхьудаса Багвалазухъе, Севералдаса КIаралазул обществобаз, цоязе дияталъул къун цойгидаз гьереси гьеди гьабун жал маликаб ракьалдаса махIрум лъияли.

I730 абилел соназ Чулахъ Сурхай ханас рагьулъ ахIун арал гIолохъабазул 29-ялдаса 8-яв паракъалъула Азербайджаналъул Закаталаялъул ракьалда ва дагь-дагькkун байбихьула гьездаго хадур ине чанго язихъал хъизамазги. Гениб гIола гIахьвалазул «Ахахдара» абураб росо. Гьеб гIорхъодаса ун тIабигIат берцинаб ва бечедаб ракьалда магIишат гьабун даималъего гIахьвалаз милк ккола. I990 абилел соназул баяналда рекъон гьенир руго 2000 ялдасаги цIикIкIун гIадан гIахьвалазул. ГIицIго гьеб росо буго Азербайджаналда жодор хасаб гIахьвалазул мацI бугеб. Гьездего гъорлъе журана магIарул росабалъан гьенир рештIарал цо-цо хъизамалги, гьезги гIахьвалазмI мацI босула. Гьездего гъорлъе журана I920-30 абилел соназ гочун арал гIахьвалазул 50 гIанго хъизамалги. Азербайджаналъул ракьалда ругониги гIагарлъи къотIизе тун гьечIо. Ригьин-цIа гьабиги цоцалъ хурхенги букIуна.

БетIербахъи захIмалъарал хъизаназ жодор букIараб дагьа-макъабго хур-санги бичун гIамал гьабула лъарагIлъиялде-чачаналъе ине. Гьединан чанго цIараки букIуна хIурият ккелелдего росу тун арал. Гьездасан ккола Чачаназул Гурчали росолъе гочун арал ТIадмагъилъав Багьадурил Гъазиясул васал; Мусал, ГIисал, ГъалбацIил хъизамал. ГьабсагIатги гьезул наслу Чачаназулгун жубан гьениб буго I00 гIан цIараки гIун хъарчи гъанилазул Гьебго заманаялъ гочун ун чIаразул ккола Яхсаялда гIумру тIамун ругел ГIумарил, Гъазиявдибирасул, КIатул тухумалги.

РукIана зама-заманаялдасан цоцоккун Хасавюрталде гочаралги; Гьединаздасан ккolaан, ЧIандиса ГIалихан, Изаниса Забит, Лологъонилъа Къачагъа ГъазимухIама, Лабазанил ХIадис ва цойгидалги.

Гьединго язихълъиялъ чед, ретIел балагьун росо тун хIалтIи балагьун МахIачхъалаялде рештIана ЦIегосан, Лъанусан I0-I0 хъизаналги. Гьезул аслияб хIалтIи букIуна Мясокомбинатазда гIи-боцIул гьан къачIай ва тукабазда гьан бичи. ГьабсагIат гьел югалъул гIахьвалазул росо тун къватIирехун 6500-го гIан чи вуго.

МагIарулазул язихъаб захIматаб гIумруги хIисабалде босун 2I/X-I927 соналъ РСФСРалъул СНКалъ Дагъистаналъул ракьул реформа гьабиялъул план гьабула ва гьеб планалда рекъон мугIрузул районаздаса жидеего бокьун лъарагIлъиялде гочунезе минакъай базеги, гIи-боцIи босизеги пачалихъалъ кредиталги риччала. Хасаб гочинариялъул отделги гIуцIун. Нарком земалда цебе гьелъул руководительлъун тола Пахьвахъа Памиров Турач.

Гьадинаб хIалалъ букIуна магIарулал лъарагIлъиялде гочинариялъул иш;

I) ТIоцебесеб гIи-боцIухъанлъиялъул, "Тавлин" абураб гьалмагълъи гIуцIана МахIмуд-Мектебалда I929 соналъул октябралда 20 цIаракиялдасан.

2) Гъалмагълъиялъул цолъи гІуцІула «I августалъул» цІаралда Кокрекалда I929 соналъул августалда, I7 цІаракиялдаса.
3) Гъебго Кокрекалда "9 аваразул союз" ва «МагІарулал» абураб цІаралда гъоркь гІуцІана I5 цІаракиялдаса, I929 соналъул августалда.
4) Гавриловскиялда гІуцІула гъалмагълъиялъул союз III Интернационал» абураб цІаралда гъоркь 7 цІаракиялдаса,I929 соналъул сентябралда. Чанго хъизанал данделъун магІарулаз гІумру гъабизе байбихьула гІатІи ракьалда. ГІездаго гъоркьор руго гІезегІанго гІахьвалалги.
2I/I X-I927 абилеб соналъ РСФСРалъул СНКялъул хІукмуялда рекъон Дагъистаналъул мугІрузул районаздаса жидеего бокьун лъарагІлъиялде гочинезул сияхI. ГІахьвалазул обществоялдаса;
2/УII-I927 соналъ щибаб росдал Советаздаса гочине бокьун гъабураб сияхІалъул хъвай-хъвагІаялдаса:
I. ТІадмагъилъ росдал советалдаса;
1. Халилов Жамал - 25 сон Лъади - Шагърузат - 20 сон Яс - ХІабибат - I сон.
2. ГІабдурахІман ГІадали - 50 сон. Лъади - Миседо - 60 сон Яс - ХІеро - I2 сон.
3. ХІажиявДеэнчо-35 сон Лъади - Салтанат - 25 сон Вас - МухІамад Наби - 6 сон Яс - ГI айшат - 4 сон Яс - Ханика - - 3 сон Яс - Шахсанат - I сон Яц - Запура - 20 сон.
4. ГІалахъа МухІамад ХІамзат - 50 сон Вас - ГІалидибир - I5 сон Яс - Халум - 9 сон
5. Писултан Хамирза - 30 сон Лъади - Зулейхат - 30 сон Вас - ГІабдулмажид - 6 сон Вас ГІабдулатІип - I0 сон
6. ГІумар ГІадала - 50 сон Вас - ГІабдулмажид - I0 сон Яс - Гъажар бика - 7 сон
7. Шарип ГІащикъмухІама- 25 сон Лъади - Написат - 30 сон Вас - Мух I ама - 4 сон Яс - Марзигат - 7 сон
8. ГІабдугъапур Тушав - 35 сон Лъади - ПутІимат - 30 сон Яс - ХІалимат - 3 сон
9. МуртазагІали ГІалихан - 50 сон Лъади - Сабигат - 40 сон Вас - Хъайтмаз - 4 сон Вас - Анварбег - 8 сон Яс - Булбул - I0 сон Яс - Узлифат - 6 сон
I0. Къаралах I ажи Ибрагъим - 70 сон Лъади - Х I еро - 40 сон Яс - Зубайжат - 20 сон Яс — ХІалимат - I7 сон Яс - Узлипат - II сон Яс - ПатІина-I0 сон Лъади - Алжана - 45 сон Ясалъул вас - СагІит бег - I сон
II. Чанахъан РачитІо - 40 сон Лъади - Миседо - 30 сон Вас - Г I абдурашид - 9 сон Вас - ГI абдулмажид - 6 сон Яс - БахІара - 7 сон Яс - ХІабибат - 3 сон
I2. МутагІо Загъалав-50 сон Лъади - Парида - 40 сон Вас - Ризван - I0 сон Яс - Зубейжат - I3 сон
I3. Абубакар Мух I ама - 30 сон Лъади - ХІабизат - 25 сон Вас - Мух I ама - 5 сон Вас - ХІатула - 3 сон Вас -ГІумар - I сон

II. КІудияб росдал Советалдасан -
I. МухІамаДенга
2. Таймасхан МасгІуд
3. ГІумар Исрапил
4. ЖахІбарДибир
5. Аслархан НурмухІама

6. Идрис Имахо
7. МухIамад Шарип Къурбан ГIали
8. ГI алидабир ЯхIя-КIату
9. МагIаз Шарип

III Изано росдал советалдасан
1. ГIамирхан Тлурухан
2. МалахIусенов Малачи
3. Бежаев ГIабдулмажид

Гочун унезул къадар бахуна, ГIанди округалдаса I77 цIаракиялде. Гьезие гочунелъул кьолеб буго рукъзабахъ 70 гъурущ, гIисинаб боцIуухъ - I хIайван - I0 гъурущ, гIакдахъ - 40 гъурущ, 7 гIиялъажоялъухъ - 60 гъурущ, цо чуялъухъ -I20 гъурущ. I927-29 соназ жидеего бокьун гочунезул гIадлуялъе Болъихъ вачIуна ГIамиров Турач ва гьениб гочиялъул компаниялъул иналъул хал гьабула. РИКалда цебе гIуцIараб комиссиялда суал лъола щибаб росолъ вакилзаби ритIизе; КIаратIа участкаялде Халидов Асбизун, Пахьвахъ участкаялдеги, Панди участкаялдеги живго Турач уна, ТIехнуцал участкаялде Таймасхан Шамхалов витIула.

Гочине бокьун пачалихъалъул кредит босаразулги гIемерисел гочунаро. ЦинтIаго гочунеб хъизаналъе кьун букIуна 255 гъ. 94 коп. (Ц.Г.А. Р/Д Ф. I27- р, ОП. I8, Д. 96). Гьал церехун рехсарал руго жидеего бокьун магIарухъ бетIербахъи гьабизе захIмалъиялъ ватIан тарал. Хадусеб гочари буго зулму-хIалалъ гочине гьаруразул хIакъалъулъ. Даималъе гIумру гьабун кулабазда чIей лъугIизабиялъул хIакъалъулъ 27/У-I939 соналъ СССРалъул СНК-ялъ ва ВКП/бялъул Цкялъги Постановление биччала. Гьел Постановлениялда рекъон Дагъистаналъул хIукуматальги хIукму гьабула кулабазда г I умру гьабун ругел магIарулазул халкъ росабалъе данде ракIаризе. Гьеб хIукмуялда рекъон гIахьвалазул жамагIатазул 3I авалазда ва колабазда рукIарал гIадамаз анкь умумуз г I умру гьабун бук I араб мина-къай рехун тезе тIамула ва бицун чи божулареб къварилъи язихълъиялде гьоркье ккезарула,

Гьединан мина-рукъ тун къватIир гъуна:

а) Лологъонилъ советалъул;
I) Мазекьухъ авалалдасан,
2) Жамали колодасан
3) Хвадакололъан
4) ГIалолоколодаса
5) Къурбанил колодасан
6) АхIматIханил колодаса
7) Закариясул колодаса
8) ЧIохалолъанги 42 цIараки, I86 *рухI.*

б) ТIадмагъилъ Советалъул ;
I) ЧIакъдарисан
2) Кьурукь авалалдасан
3) Ярагъололъан
4) ШамагI авалалдасан
5) ЧIахололъан
6) Г Iайшал колодасан
7) ЧIандисан
8) Ассехъан
9) Шушукъарисан
I0) Хунзололъан
II) ГъамиштIахъан
I2) Хизрил колодасан
I3) ГIумашил колодасан
I4) МухIагIалоло колодасан Кинабниги
I58 цIараки 686 чи

В)КIудияб росдал Сельсоветалдасан;
I) Гъаштодасан
2) ИцIцIалъу
3) Щаракъаниса
4) Самикьан
5) Гъайирбегил колодасан
6) Дечи колабаздасан
7) Лъьахохъе
8) Къвакъилъу
Кинабго 76 ц I араки 3I2 гIадан

Г) Изано Сельсоветалдасан
I) Решвиге –авалалдаса
2) Гьанакъари авалалдаса
Кинабниги I8 цIараки 86 чи.
Киналго Севериял гIахьвалазул 4-го росдал советалдаса гочинаруна;-
Лологъонилъан 8 кули-авалалдаса 42 ц I араки I86 чи
ТIадмагъилъан I4 кули-авалалдаса I58 цIараки 686 чи
КIудияб росолъан 7 кули-авалалдасан 76 цIараки3I2 чи
Изани 2 кули-авалалдаса I8 цIараки 86 гIадан

Кинабниги 3I кули-авал 294 цIараки I270 рухI Жодорго мина авалаздаса къватIирги гъун жанир чIезе бакIги гьечIого, росолъ гIагарал божараз, гьудул-гьалмагъзабаз бихьизабураб тIокъо гьород, кIиго рукъ бугес цояб рйкъоре риччан гъедо-хIинчIги,цин гурхIуледухъ бетIербахъи гьабизе ккола гочун росулъе рачIараз. Кинаб бугониги пачалихъалъул рахъалдасан кумекги гьабичIого рехун тана бокьаралъур айилан I270 рухI гIахьвалазул.

Кули-минаялдаса къватIир кьотIияе гуребги букIинчIо хъизамалъул бетIер бахъиялъе кванил ва ратIлил къагIидаги. I937 соналъ жодер бетIергьанлъиялда букIараб хур-санги гьединго гIи-боцIиги колхозалде нахъе ун букIана. Жалго бетIергьанаб магIишаталдасаги ратIалъараб, колхозалдасан щвезе жоги гьечIеб балагьаб язихълъиялда гъоркье ккана I-937-40 абилел соназ халкъ.

Хадубго гъун гьеб ракъи-язихълъи кIоченабураб бачIана балагь тIаде - ВатIанияб рагъ. Гьорабахъ, бокьабахъ хъизамалги тун ана росдал гIолохъаби фронталде. Гьеб рагъул заманаялъ цо-цоял тIадруссун жидерго кулабазде ун рукIуна, амма щибаб кьойилго гIадин халкъалъе бугеб къварилъи-балагьалде балагьичIого гьенисан къватIир гъезе рачIунаан районалъул органазул вакилзаби, кьолаан гIакъуба, риххулаан тIаде тIокъарабщинаб бакIги.

ВатIанияб рагъулъон щокълъун, унтун, рекълъун тIад руссун рачIунел рагъухъабазе жидер хъизамал кодор щоларого сутIулаан, цо чIараб бакI гьечIолъиялъ. Колабахъан гIадамал нахъе къотIиялдалъун доедал магIишаталъе ккана кIудияб зарал. Колабазда гIадамал ругеб мехалъ гьезух букIараб мегъ анго рехун тана ва минабиги тIатIала ккана. Колабаздаса гIадамал гочизариялда цадахъ гьел кулабазда сверухъ букIараб хур-ахги хIорлъана ва 530 гIан га бекьулеб ракьалъул дагьлъана. Кулабаздаса нахъе гъурал гIадамазул цо къадарги росаби тун-цоял Азербайджаналде цойгиял лъарагIлъиялде, шагьаразде бакI-бакIалде щущан ана. (ЦГА Р/Д Ф. I68, ОП. 39, Д 50 л. 93). Рагъул заманаялъ жиде-жидер кули-авалалда тIад русун рукIарал цо-цо цIаракаби I9/IX-I946 соналъ бахъараб ССРалъулги ЦК ВКП (б) ялъулги хIукмуялда рекъон рагъ лъугIун хадуб цо гIадан течIого кули-авалаздаса нахъе къотIана ва чIобого лъана сверухълъиго. Берцинго инсанас гIумру гьабураб кули-мархьу чIунтелазде сверана ва даималъего гIалхулаблъун лъугьана.

Жидер рукъзабахъа къватIир рахъизе инкар гьабуразде тIаде риххана минаби, гьезул гIи-боцIи бачун колхозалде ана, гьарулаан гьезул гIи-боцIиялъ лъималаз колхозалъул магIишаталъе зарарал гьарунилан актаби. Гьел актабиги кьочIоех ккун бахъулаан гьезул буголъи.. Гьединаб букIана гьеб заманаялъул гIадлу. СогIаб рагъул гIасилъабаз гуребги, мурад гьечIел ахIмакъал цо-цо ургъичIого рахъарал пачалихъалъул хIукмабазги гIемераб къварилъи-язихълъиялде ва балагьалде цIана халкъ. 23/II-I944 абилеб соналъ СССРалъул СНК-ялъ ва ВКП (б)-ялъул ЦК-ялъ хIукму гьабула Севералъул Кавказалъул халкъ гочинабизе Казахстаналде-400 азарго Киргизиялде 90 азарго цI араки гьединго Сибиралдеги. Гочинариялъе гIилалъун батана ВатIанияб рагъул заманаялъ рагъулъ БукIине кколеб гIахьаллъи гьабунгутIи, гьединго гьел халкъазул гъачагълъи цIикIкIин, колхозал, совхозал риххизари ва гьезул магIишат хъамихъул гьаби, ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъи къадараб букIин. Гьебги хIисабалде босун 24/III-I944 соналъ бацIун ЧИАССР ва цойгидалги Северияб Кавказалъул халкъал цо сордо-къоялда жанир Северияб Кавказалдаса къватIиб баччана ва гьезул ракьалдеги цоигидал республимкаялдаса халкъ рештIинаруна. ЧИАССРалъул цо-цо районазде гочинаруна Дагъистаналъул 38 районалда гьоркьоса 22 мугIрузул районалдаса тIубарал росабигун цадахъ.язихълъиялъ жидеего бокьун арал цо-цо гочизе рихьизаричIел росабазулги гIадамал. Дагъистаналъул мугIрузул районазул халкъ гочинабиялъе гIилалъун бихьизабулеб буго Дагъистаналъул СНКялъ МагIарухъ бекьулеб ракь дагьаб гурони гьечIолъи.. МагIарухъги лъарагIлъиялдаги данде ккун бетIербахъи язихъаб букIин.

1944 соналъул II /Iянваралъул баяналдасан.

| **БакIалъул хIисаб гьабун** | **Кинабго территория %** | **Бекьулеб ракь %** | **Бецулеб ракь %** | **ГIалах %** | **Росдал халкъ %** |
|---|---|---|---|---|---|
| ЛарагIлъи-ялда | 39,8 | 75,8 | 4I,2 | 36,7 | 4I,2 |
| МагIарухъ | 60,2 | 24,2 | 58,8 | 63,3 | 58,8 |
| Кинабго | I00% | I00% | I00% | I00% | I00% |

МагIарухъ ракьул къадаралъул хал гьабуни; Кинабго ракь - I5I5, азарго га I00%. Гьелдаса : Бекьулеб ракь - I28,9 азарго га = 6,7%. Риидалил мучIдул -I,0I7; азарго га = 53, 3% Реци - I27,4 азарго га = 6,6 % Ахал — 6,7 азарго га = 0,3% Нахъиял ракьал - 635 азарго га = 33,I%

МагIаруллъиялда цо рухIалъе 0,29 га бекьулеб ракьалъул кколеб батани, лъарагIлъиялда кколеб буго I,32 га.

1942 соналъ МагIарухъ цо рухIалъе I2 ялдаса 88 кг. ХIалухъадул кколеб букIун батани, 1939 соналъ 90 кг.щун букIун батани, лъарагIлъиялда 386 кг. щун буго. I944 аб.с. (I0/I - алъ СССРалъул СНКялъ ЧИАССРалъул букIараб 6-го район Дагъистаналде цолъизабиялъул хIакъалъулъ гьабураб хIукму кIудияб тарихияб кIвар бугеб, Дагъисталалъул халкъалъ разиго къабул гьабураблъун рикIкIун буго докладалда. I6-I7/ПI-I944 соналъ Обкомалъул Пленумалъ хал гьабула Дагъисталалъул мугIрузул халкъ Чачаналъе гочинариялъул суалалъухъ ва хIукму гьабула Республикаялъул нухмалъулездасан гочинаризисел районазде Обкомалъул ва СНКялъул вакилзаби ритIизе

5-7 къойил болжалгун. Гьеб болжалазда гочине кколезул отчетги кьола 25/III-I944 соналда.

Пленумалъ хIисабалде босун букIуна I5/III-I944 соналда гочинаризе мугIрузул ва мугIрузда цересел 20 районалдаса 6800 цIараки. ГIахьвахъ районалдаса гочине бихьизабула 4 колхоз ва сверухъ ругел 7 росолъан жидеего бокьун унелги цадахъго 693 цIараки, 24I0 рухI.

Байбихьуда гьел гочинаризе бихьизабун букIуна Нажавюрт районалде, хадуб гьеб план хисула, хIукму ккола Ведено районалъул Даргъи росолъе гочине. МугIрузул районазул халкъ Чачаналъе гочине ккolaан планалда рекъон I944 аб.соналъул I/IУ- ялдаса I5/IУ-щвезегIан, 20ябго районалдаса 9I60 цIараки ва гьел 6-го Чачаназул районаздеги рикьун рукIуна. ГIахьвахъ районалъул 3-го колхоз Ведено районалъул Даргъи. «Шамилхъала» росулъе гочуна. Гьебго Ведено районалде гочана ЛъаратIа районалъул 3-го колхозги, гьездаго гьоркьор журана 5-го росолъан гIадамалги 594 цIараки - 2I8I рухI. Болъихъ районалъул 5 росо, ай 5 колхоз ва сверухъ ругел 4 росулъан цо-цо цIаракабиги дандекъан 768 цIараки - 3049 чи, ЦIумада районалъул I5 росдал I5 колхозалъул I433 цIараки, 7452 рухI. ЦIунтIа районалдаса 45 росдал I5 колхозалъул I5I4 цIараки, 6385 рухI. Дагъистаналдасаго Чачаналъе I5/У-I944 соналде щвелалдеточун букIана I44 росдал I09 колхозалъул II4I4 цIараки, гьел гурелги II0 росулъан жидеего бокьун гочаралги 5I89 цIараки. Киналго гочаразул къадар 54,833 рухI.

Гьеб магIишатияб соналъ гочарал I6.74I цIаракиялда ккolaан 6I.000 рухI, гьеб ккола Дагъисталалъул магIарул районалда бугеб халкъалъул I7%. I944 соналъул риидалги хаслихъги Дагъисталалъулги данде журан ЧИАССРалъул районазде гочана Грузиялда рукIарал магIарулалгун цадахъ I6740 колхозниказул цIараки, гочине хIисабалде босун букIараб 6300 цIаракиялъул бакIалда. (ЦГА Р/Д Ф-р. 4II, оп. 6, Д. 2)

20/У-I944 соналъул баяналда рекъон Ведено районалде гочине кколаан 4908 цIараки, хIакъикъаталдайин абуни гочун рукIинчIо 43I6 цIараки гурони, чIобого хутIун букIана 592 мина.

**Гочун рукIана**

Ведено районалъул «Даргъи» - Шамилхъала росолъ гочун букIана ГIахьвахъ районалъул 3-го росдал халкъ;

| Росдал цIар | Росдал цIаракаби | ТIаде рачIаралгун цадахъ цIаракаби | Халкъалъул къадар | ХIалтIул гIумруялъул гIадамал | Баян |
|---|---|---|---|---|---|
| ТIокитIа<br>ЦIолода,<br>ТIунсикь | 197<br>161<br>90 | 230<br>205<br>133 | 84I(2)<br>756(2I)<br>501 (I9) | 177<br>170<br>222 | Цойгидал росаба лъан рачIаралги ра чун скобкаялда рачарал цифраби ккола отчет кьун хадуб тIаде рачIа разул къадар I/У1-I944 с. щвезегIан |
| Киналго | 448 | 568 | 2098 (42) | 569 | |

Гьеб лъабабго росдах кьун букIуна бекьулеб ракьалъул 843 га, ахазул -I6 га, бецIулеб бакIалъул - 404 га, гIалах - 74 га. Цо цIаракиялде тIаде кколаан - I,45 га бекьулеб ракьалъул, 0,69 га бецулелъул, 0,I3 га гIалахалъулги. Гочун Шамилхъалаялде бачIараб 550 цIаракиялъе ракь гьечIолъиялъ магIишат лъугьун гутIидал 840 га бекьулеб ракьалда тIад. Ведено РК ВКП (б) ялъ ва райиспокомалъги

7/ V - I945 аб. Дагъистаналъул хIукуматалда цебе суал борхула ГIандалал раионалъ хIалтIизабичIого тун бугеб ракь Шамилхъала росдае кьеян, гьеб цевелъей тIубала ва Дагъистаналъул хIукуматалъ ракьал-кьдда хъутабазул ракьаздасан.ГIахьвахъ районалъул гочун араб лъабабго колхозалъе. Гочулелъул букIараб хIалтIул къуват. ГIокIадерил букIана - 62 оц, 23 чу, 2 хIама, ЦIаладерил - 54 оц, I3 чу, I хIама, ТIунсикьдерил - I6 оц, I чу.

Гьеб хIалтIул къуваталдасан байбихьана чачаназул Даргъи росолъ гIахьвалаз магIишат гьабизе. ГочинегIан цебе, ай I944 соналъул маялде щвезегIан ГIахьвахъ районалда букIуна I5 росдал Совет. Гочун ана: ТIокIадерил, ЦIаладерил ва Рацидъазул росдал Советал ва ТIадмагъилъ росдал Советалде кколеб букIараб ТIунсикьдерил росоги, гьеб ункъабго росо тIаса индал ГIахьвахъ районалда хутIула I6 росо-авал жибги I2-го Советалъ жаниб бачараб.

ГочинегIан ГIахьвахъ районалда букIана I0090 чи, гочун ана 2I79 рухI, районалда хутIана 78II рухI яги 2929 цIаракиялъул 2236 цIаракиги.

ГочинегIан цебе Ведено районалда чачаназул букIун буго 6550 мина, 900 гIан кулиавалалда I/У-I944 соналъ гъениб г I умру гъабулеб буго гочун рачIарал 5500 магIарулазул цIаракиялъ. (ЦГА Р/Д. Ф-Р - 4II, оп.6, Д.2)

СВЕДЕНИЯ

Пахьвахъ районалдасан Ведено районалде гочарал колхозазулги колхозниказулги I/У-I944 соналъул баяналда рекъон:

Жалго колхозникал батIергъанаб гIи-боцIи. таб. 3.

ГIахьвахъ районалъул цо-цо расабалъан Чачаналъе гочун разул баян I/У - I944 соналъул баяналда рекъон. таб. 4

ГIахьвахъ РК ВКП (б) ялъул Секретарь ХIажиевГI. РИКалъул Председатель ПалиевМ. ЦСУ ялъул Инспектор Дибиров ГI.-М.
5/У-I944с.
таб 5.

Гочун Чачаналъе аразул ракь ва цадахъ босизе данде кколареб магIишат районалъул жанисел колхозазе бикьула РИКалъул заседаниялъул хIукмуялдалъун:

Киналго гочун арал колхозазухъ магIарухъ букIараб ракь церехун рехсарал колхозазде бикъун хутIараб пачалихъалъул фондалде хъван буго.

бикьун хутIараб пачалихъалъул фондалде хъван буго.

МухIканлъиялъе; Бекьулеб ракьалъул графаялда тIадги гьоркьи хъварал тарихаз бихьизабула; ТIасияб колхозалъ хьалеб букIараб гъоркьияб колхозниказе приусадебный участкабазе кьун букIараб абун.

Гочун унез жидер букIараб сельхозинвентарь, хьонал, гьабал, жидер магIишаталъул рукIарал мина-рукъ фермаби руссинаруна районалда хутIулел магIишатазухъ.

ТIунсикьдерил колхозалъул ва колхозниказул сельхолзинвентарь недвижимый- настройкаби, фермаби частный минаби, тIорщел - 732 кг., пурчIина 24I2 кг. ЧIегIер гьоло 645 кг., лъелъ 48 кг., гьох 30 кг., картошка 4500 кг., пуруц - 3, рукь -5, лулби – 3 къат бикьана Ворошиловазул, Кагановичазул ва Красный партизан колхозазе.

МагIарулал Чачаналде гочинарун тIубаялъул хIакъалъулъ Дагъхистаналъул СНКялъул председатель Данияловас. РСФСРалъул СНКялъул председатель т. Косыгинихъе ва СССРалъул СНКялъул заместитель т. Молотовасухъеги хъвараб отчеталда бихьизабулеб буго СССРалъул СНКялъул 9/III -I944 аб. соналъ №255-74 ее. Ва СССРалъул СНКялъул II/III - I944 аб. соналъ №5473-Рс кьураб Дагъистан АССРалдаса ЧИАССРалъул Ауховский районалде гочизе планалде росарал мугIрузул 20 районалдаса колхозал колхозал ва колхозникалги гочизарун тIубанилан.

Председатель СНК ДАССР Даниялов.

ГIахьвалазул обществоялдаса "Тунсикьдерил гуребги гочинабуна КъахIиб районалде кколеб Ракьуб ва Дагъбаш росабиги цойгидал гьеб районалъул росабазда цадахъго. Ракьоб росо ккана Нажавюрт районалъул Рагун-Кожа росулъ.

Росу Чачаналъе гочун къватIиб бахъана 4 апрелалъ I944 соналъ. Гочунелъул букIана 275 цIараки.

КъахIиб РИКалъул председателасги РК ВКП (б) ялъул секретарасги Дагъистаналъул ВКП (б) ялъул обкомалъул секретарь Манаповасде I0/У-I944 соналъ хъвараб кагъаталдасан:

«КъахIиб районалъул колхозал ва колхозникал Чачаналъе гочтаёвда бан гьезухъ букIараб ракь ва магIишаталда бук I араб гьезул буголъи районазул колхозалда гьоркьоб бикьиялъул ва гьелдасандаида босиялъул хIалалъул хIакъалъулъ отчеталдасан: I5/Ш-I944 соналъ гьабураб Дагъистаналъул СНКялъулги хIукмуялда рекъон КъахIиб районалъул колхозал ЧИАССРялъул Нажавюрт районалде гочизаруна, экономикаялъул рахъалъ загIипал рукIиналдалъун абураб гIилаги бачун.

I. Дагъбаш росдал Сталинил,

2. Ракьоб росдал Орджоникидзел,

3. Хучада росдал Куйтишевасул,

4. ГIуриб росдал  Андреевасул,

5. Урчах росдал Чапаевасул цIаралда ругел колхозал.

Гьел гочинарурал колхозазул магIарухъ хутIана хасалихъе ролъ бекьарал хурзал гуребги обществоялъулги гIамабги магIишаталъул фермаби, мина-рукъзал, накку, хер, боцIи росдал магIишаталъул алат, гьабал кулал ва гь. ц.

Дагъбаш росдал колхозалъул магIарухъго хутIараб 3 гьобо, кинабго сельхоз. инвентарь, могьолал хьонал, ихдалил рекьуде хIадурараб 4052 кг., картошка. 1003 гьеб  цадахъго буссинабуна ТIидиб росдал Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалде.

Ракьуб росдал Орджоникидзе колхозалъул 2 гьобо, кинабго сельхоз. инваентарь, ихдалил рекьуде хIадурарал могьолал хьонал, 8725 кг ва 5344 кг. картошкадулги бикьана Гьоор, Хьонохъ, Могьохъ, НитIаб, Къваниб, Гьандихъ, Гъоркьа Бакълъухъ, ТIаса Бакълъухъ, МачIада, ГьентIаб ва ЦIегоб росабазул магIишатазда гьоркьоб, гьез хIалтIизабизе босараб ракьалда рекъон ва хутIараб жанисел магIишатияб хIалтIабазеги тана тIорщалил 2I68 кг. картошкадул 2060 кг.

Хучада росдал Куйбышевасул цIаралда бугеб колхозалъул 2 гьобо росдал магIишаталъул алат, ихдалил рекьуе хIадурараб могьолал хьоназул 2276 кг. кьуна Пурада-Кировасул цIаралда бугеб колхозалъе ва XI ото да - Дмитриевасул цIаралда бугеб колхозалъеги. Урчах росдал 2 гьобо ва росдал магIишаталъул алат, могьолал хьоназул 4075 кг. ва I500 кг. картошкаги кьуна Ругьелда - коминтерна колхозалъе ва Сомода - М. Горькил цIаралда ругел колхозазеги.

ГIуриб росдал Андреевасул цIаралда бугеб колхозалъул бук I араб 3-го гьобо, росдал магIишаталъул алат, 2600 кг тIорщел, 4800 кг. картошкаги бикьана Колоб росдал - Красная Армия,  Датуна росдал - Попанинил, ГIуриб росдал - Хрушевасул ТIелекь ро - Ленинил цIаралда бугеб колхозалъеги.

Гочун унаго Чачаналъе цадахъ бачизе бажарулеб цадахъ ана, бажари бетIербахъинегIан магIарухъго тана.

I. Колхозазул.        таб.6

II. Колхозниказул. таб.7

КъахIиб районалъул Чачаналъе гочарал колхозазул ракьал рикьана районалъул 23-го росдал колхозазе. Бакьлуеб ракьалъул 544 га, гьелдаго гьоркьоб I56 га хасалил ролъ хьарабги.

Цо-цо пайда дагьал ракьал кьуна Госфондалде, гьединан Ракьоб росдал 25 га бекьулеб ракьалъул Госфонждалде уна. Чачаналде гочун лъагIел балалдего гьениб гьава-бакъ ркъечIого бакъул унти ккун, ццидал унти ккун ва цойгидалги унтабаца нус-нус чи унтула.

МагIарулазул махщел гIечIолъиялъ чачаназул ракьалдаса паида босизе, киса-кибего ракъиялъул балагьги рештIуна.

Дагъистаналъул госпланалъ 4/XI-I945 соналъ Дагъистаналъул СНКялде кьураб цIакъго балъгояб справкаялда рекъон Дагъистаналъул цIиял районазде гочарал магIарулазул I945 соналъул 9-го моцIалда жаниб тIаде гьарурал лъималазул хварал гIадамазулги хIисабалъ бихьизабухъе: тIаде гьарун руго 7I3 лъимер, хун тIаса ун руго 2249 рухI.

таб.8

Баян: I945 абилеб соналъул 9-го моцIрол баян кьолеб буго моцIрол 27 загса гъорлъе бачинчIого.

ГIандалал районалъул I2 моцIрол загсо(гьечIого

Ритлабалъул 9 моцIрол загсе гьечIого

Шурагаталъул 2 моцIрол загсо гьечIого

Ведено 5 моцIрол загссг гьечIого

Новолакалъул 2 моцIрол загсо гьечIого.

(ЦГА Р/Д Ф. 4II-р, оп. 7 с. 6 с. Д. I5-I4 сс.).

Дагъистаналда вугев СССРалъул СНКялъул госпланалъул уполномочияс I б/У-I945 абилеб соналъ №80/с. кьураб баяналдасан:

Дагъистаналъул СНКялъул председатель Данияловасухъе хъвараб справкаялда рекъон Дагъистаналда цолъизарурал ЧИАССРалъул ракьазде гочинарурал районазул I/IУ-I944 абилеб соналдаса I/IУ-I945 абилеб соналде щвезегIан хваразул къадар бихьизабун буго;

| | | |
|---|---|---|
| ГIандалал районалда: | I/IУ-3I/XII-I944 с-5I8; | I/I-I945-I/IУ-I945 - I30) |
| Ведено районалда: | -7I7 | -5I0; |
| Шурагат районалда; | -606 | -I35; |
| Ритлябский; | - 5I6 | - I46. |

Зам. Уполн. Госплана ДАССР Зильбербег

Чачаналъе гочун рачIаразул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ Дагъистаналъул ВКП (б)ялъул обкомалда ва СНК-ялде Дагъистаналъул НКВД Маркаряница хъвараб кагъатальги бихьизабулеб буго кинаб захIматаб ва язихъаб гIумруялда рукIаралали гочизарурал;

НКВД Даг. АССР отдел секретариата I9/XI-I945 г. №95I. г. Махачкала.

13/Х- I5/I4-70 от I9/XI-I945 г. Совершенно секретно: .

Секретарю Даг. Обкома ВКП(б) т. Алиеву

Председателю Сов. Наркома ДАССР т. Даниялову

По сообщению РО НКВД в большинстве селениях Андалалского района на почве недоедания имеется случаи истощения переселенцев.

В сел. Дагъбаш в настоящее время истощено 150 человек из них: 5 семей военнослужащих - Камидова Патимат с четырьмя детьми, Магомедова Салимат с пятью детьми, Магомедова Хадижат с тремя детьми, Ибрагимова Париза с двумя детьми, Абасханова Патимат с пятью детьми и демобилизованный из Красной Армии Гаджиев Израил, в сел. Дахадаева 10 человек; из них 8 человек члены семей военнослужащих.Уриб 8 человек,

Новая Мелъелта 20 человек из них II членов семей военнослужащих, Сталинаул 40 человек. Аналогичные положения и в других селениях. Кроме этого от недоеданий в течение I945 г. имелись смертные случаи.

В Сталинаул умерло 15 человек из них; 1 жена военнослужащего, у которой осталось четверо истощенных детей, в селение Сиух 3 человека, Дахадаева 4 чвеловека. Новая Мехельта 3 человека в селение Ахатли 1 человек в сел. Хиндах умер от истощения демобилизованный Красно армеец Демудов Гапур.

Причиной смертности отсутствие продукта питания.

НКВД ДАССР (Маркарян) 19/XI-I945 год.

Ракьоб росулъан гочун Чачаналъе аразул, тIубанго цIаракабиго къана, лъагIел иналде, ракъиялъ ччохIода ккун унтIун хун

I. ГьалугIил МухIамадил Ибрагьим (хъизан-лъимал)
2. Бургъал (хъизан-лъимал)
3. Сайгитил МухIамадил (хъизан лъимал)
4. Абакарил МухIамадил (хъизан-лъимал)
5. БачIирл ГIабдулал (хъизан-лъимал)
6. БачIихо МухIамадил ПатIиме
7. Абакарил Давудил МухIамадил (хъизан-лъимал)
8. Сулейманова ГIашура КъайитIо
9. БудунхIажиясул ГIашура
10. Давудова ПатIимат ТухIи
11. Давудова Загьра
12. Багъушова Хадижа
13. БачIихо МухIамадил (хъизан-лъимал)
14. Ражаб ГIалил ГIайшат
15. АкIатIи Мусал яц ХIалимат
16. Юсупова ГIашура Гъарачи
17. МухIамадова Зугьра.

ГIандалал районалъул Рагун-Кожа росолъе рештIарал ракьусезул лъагIел балелде бакъул унтиялъ ва язихълъиялъ квен-тIехалъул къварилъиялъ хвана I40 гIан чи. Хадусел соназги 30-40 чихвечIеб сон букIинчIо: Рагун-Кожа росулъ ракьусезул хобал I2-го соналъул гIумруялда жаниб магIарухъ 200-300 соналъ лъугьарал хабалаздасаги чIахIалъана. Гьениб рекъечIо гьава-бакъ, байбихьуда лъачIо Чачаназул ракь хIалтIизабун пайда босизе, гьелъ язихълъараб халкъ лапан гIодоб рехана.ЩвечIо букIине кколеб кумек-тIалаб пачалихъалъул рахъалдасанги.

Гочун рачIарал магIарулаз магIарухъего жидерго росабалъе тIадруссине гIамал гьабуна лъутунги тIурунги. Кинисаги нух бахъун жидерго росолъе тIадруссарал язихълъи-къварилъабаз кIвекIарал магIарулазе тIадруссун росолъе щваниги хIалхьи

течIо. Гьел тIадруссунго чачаналъе къотIизе, гьезда зулму хIал гьабизе жигар бахъана бакIалъул хIакимзабазги. БиччачIо гьениб хур хьазе, боцIи хьихьизе, жалго бетIергьанаб мина-рукъалде руссине, щибаб къойилго гIадин гьел нахъе къотIизе рахъинаруна милициялъул, прокуратураялъул, райком исполкомалъул вакилзаби. Щибаб къойил хIинкъиги, къварилъиги хIехьон тIадруссун Чачанал жидерго ракьалде рештIинегIан, ай 1957 соналде щвезегIан ккураб рукъги чIараб бакIги гьечIого хутIана Чачаналъе гочинарурал магIарулазул I0 азарго цIараки. Чачаналъан тIурун тIад руссарал ГIахьвахъ, Болъихъ, ЦIумада, Гумбет районазул гочинарун рукIаразул къадар лъагIел бачIого 700 чиясде бахана. Унтабазгун язихълъиялъ кIвекIарал магIарулаз гIамал гьабула чачаналъан тIадруссун жиде-жидер росабалъ гIумру гьабизе. Гьединан гочун тIадруссун аразда хадуб ахIи бахъуна чачаналъан партиялъулгун хIукуматалъул бутIрузул:

Ведено ВКП(Б) ялъул райкомалъ хъвалеб буго; «Председателю СНК ДАССР т. Даниялову, Секретарю Обкома ВКП(б) т. Алиеву

Доводить из Ведено пред. РИК Омаров А и Секретарь РК ВКП(б) Гамзатов А-А. О том, чтр Ботлихский, Ахвахский, Цумадинский, Тляратинский районы переселенцы убегают обратно и эти возможности дает местные органы для проживания, так с Ахвахского района переселенцы из Тукита, Цолода проживающий в Шамилкале Веденского района почти 50% населений уже вернулись в Ахвахский район и такое же положение у остальных районов... Поэтому просим вернуть их обратно куда были их переселены.

## ГIахьвалазул обществоялда гIаммал магIишатал (колхозал)

1927 аб. соналъул декабралда данделъараб РКП(б)ялъул XV аб. съездалъул программаялда рекъон байбихьул рекьарухъабазул цадахъ лъугьун гьабулеб магIишаталъе кьучI лъезе. Гьелда цебеккунго Дагъистаналда 1922 аб. соналъго гIуцIун букIуна лъарагIлъиялъул ракьалда 3-го колхоз, 1925 аб. соналъ -15, 1927 соналъин абуни 39 –ялде бахуна.

Гьел гIаммал магIишатазул цебетIей кколаро, щайин абуни:

а) колхозал гIуцIиялъул цо ккураб формула, ай устав –программа букIинчIолъиялъ;

б) гIаммал магIишатазул цебетIеялда хадуб хъаравуллъи кквей ва кумек – квер бакъи гьаби тIубанго пачалихъалъ жиндаго тIад босун букIинчIолъиялъ.квербакъи гьаби тIубанго пачалихъалъ жиндаго гьечIолъиялъул;

в) гIаммал магIишатазе нухмалъиялъе ва бетIергьанчилъи гьабиялъе гIуцIараб орган гьечIолъиялъги;

г) колхоз векьарухъанас гIумру гьабиялъул аслияб магIишатлъун рикIкIунгутIиялъ;

д) цо-цо колхозал кулаказулал магIишаталлъун лъугьиналъги.

1/IV- 1928 аб. соналде щвезегIан колхозал гIуцIиялъул иш гьабулаан Дагъистаналъул Кентбиргалъ. Гьеб подотделалъул гIуцIиялъул къуват гIолароан,

колхозазда хадуб хал кквезе гьезие кумек гьабизеги. Гьеб заманаялде щвелалде Дагъистаналда гӀуцӀун букӀана 93 колхозияб магӀишат, гьелги аслияб хӀалалъ лъарагӀлъиялда. Гъуниб, Хунзахъ чӀарада гӀадал магӀарул районаздаги байбихьула гӀаммал кооперативал, артелал, коммунаби, гьалмагълъиялъул магӀишатал, колхозал гӀуцӀизе.

16/XI.- 1929 аб. соналъ ДАССРалъул СНКялъ хӀукму гьабула тӀолабго республикаялъул росабалъ колхозал гӀуцӀизе ва гьел гӀуцӀиялъе сурсаталги цӀехезе, гьеб букӀуна цого заманаялъул компаниялъун. ТӀоритӀула колхозал гӀуцӀиялъулъ районазда гьоркьор соцкъецал, гьебго хӀукмуялдалъун колхозазе нухмалъизе гӀуцӀула «Колхозсоюзги».

Компания хӀисабалда колхозал гӀуцӀиялъулъ риччала законалдаса рахъарал гъалатӀал ва гьел колхозал хехго риххун уна. Хадусалаго зулму-хӀалалъ тӀамула рекьарухъаби колхозалде лъугьине Колозалде лъугьине инкар гьабурал рекьарухъаби. МахӀрум гьарула рищиялдаса, лъола 2-3 нухалъ цӀикӀкӀарал налогал, гьарула кулакал, гьединаб административиябгун зулмучилъиялъул къагӀидаялъ мискин-пакъирзабазулцин ракӀ буссинабула колхозалдасан.

Гьоркьохъел рекьарухъабазулгунги мискинал-язихъал магӀишаталъул гӀадамазулгун хурхен гьабичӀеб политикаялъ цере ккун гьаруралгицин гӀамал магӀишатал риххидал партиялъ цӀияб къагӀида ургъула колхозал гӀуцӀиялъе.

15./ I-1930 аб. соналъ Дагъистаналъул ВКП(б) ялъул обкомалъул бюроялъ хӀукму гьабула щибаб районалъул росабалъ гӀи-боцӀул мухӀканаб хӀисаб-суал гьабизе ва гьелдасан боцӀи бахчарал гӀадамал административиябгун судалъул жавабчилъиялде цӀазе ва кулакалгун рашад гьарун, рищияздасанги махӀрум гьарун ва колхозалде росизе инкарги гьабизе.

(Ц.Н.А. РД ф.IП, ОП.11, 2. 37, Л.12)

6/3- 1930 аб. соналда Дагъистаналъул ВКП (б) ялъул обкомалъул бюроялъ хӀукму гьабула класс хӀисабалда кулакал Дагъистан тун къватӀирехун ритӀизе ва колхозалде росизеги гьукъизе, гьединабго хӀукму гьабула 1935 аб. соналъул 20 февралалъги.

(Ц.Г.А. РД. Ф.I. п, оп.11, Д,38, л.84.)

ГӀахьвалазул обществоялъул росабалъ гӀаммал магӀишатал гӀуцӀула 1929 аб. соналъул декабралдаса байбихьун. ТӀоцебе росдал магӀишаталъул рекьарухъабазул «Товарищество» – «Гьалмагълъи» гӀуцӀула КӀудиябросулъ, гьелъул председательлъун вищула Гъазиев ХӀабиб.

1930 аб. соналъул январалда «Товарищество» гӀуцӀула ТӀадмагъилъ, председательлъун вищула МухӀамадов Аду.

Изано росдал «Товарищество гӀуцӀула 1930 аб. соналъул февралалда, председательлъун вищула ГӀабдусаламов МухӀама.

Лологъонилъ росулъги гьебго 1930 аб. соналъул февралалда гӀуцӀула «Товарищество», председательлъун вищула ГӀабдурашид ГъазимухӀамадов.

Гьел «Гьалмагълъиялъул» магӀишатал лъугьуна хадубккун колхозал гӀуцӀиялъе кьучӀлъунги. Дагъистаналда колхозал гӀуцӀиялъул заманаялъ сверухъ ругел республикабаздаса хӀалбихьи ва махщел бугел 20 азарго чи вачӀуна

республикаялде хIалтIизе витIун. МагIишаталъе хIалбихьи бугел, гьез нухмалъи гьабула колхозазе ва нахъиялги гIаммал магIишатазе нухмалъиялъе.

(Ц.Г.А. РД. Ф.I, оп 13, д .464,л.19)

1/3- 1930 аб. соналъ ДАССРалъул Наркомземалъ ракьул реформаялъул хIакъалъулъ отчеталда бихьизабулеб буго, республикаялдаго ракьул гIорхъабазул ва гьелдаса пайда босиялъул гIадлу-низам рукIалиде ккезабичIого чара гьечIолъиялдеги бан РСФСРалъул ВЦИКалъ ва СНКялъ 6/9- 1926 аб. соналъ гьабураб ракь хIалтIизабиялъул положениялда рекъон хIалтIи байбихьизе.

Ракь дагьал мугIрузул росабазе ракьал кьезе лъарагIлъиялъул ракьалдасан.

Ракь бикьизе мугIрузул районазул бугеб хIажалъиялде балагьун.

Ракь бикьиялъулъ ва гьеб колхозазда хадуб щула гьабиялъул харжал пачалихъалъул хазинаялдаса кьезе. «Ракьул реформа Дагъистаналда гьабиялъул план» хIадур гьабула РСФСРалъул СНКалъул заседаниялъ 21/9- 1927 аб. соналъ ва гьеб планалда рекъон магIарул районазул колхозазе лъарагIлъиялъул ракьалги рикьула даималъе. Гьелги щула гьарула колхозазда хадур.16/1- 1937 аб. соналъ. ДагъЦИКалъул заседаниялда хал гьабула колхозазда хадуб ракь щула гьабиялъул пачалихъалъул Актал цIезариялъул иналъул хIакъалъулъ. ДАССРалъул Наркомземалъул отчеталда рекъон 759 колхозалъе кьезе кколел рукIарал Актаби гIицIго 501 колхозалъе яги 66 % гурони кьун гьечIолъи гIей гьечIеблъун бихьизабула ва тIадаблъун гьабула щибаб районалъул РИКялда къокъаб заманаялда жаниб ракь щула гьабиялъул Актаби щибаб колхозалъухъе кьезе. ГIахьвалазул обществоялъе 1937 соналде щвелалде лъарагIлъиялъул ракьалдасан щвана 3720 га Хасавюрт районалъул авлахъаздасан. МагIарул районазда колхозал щула гьариялда цебе байбихьула халкъалъул бугеб боцIул хIисаб-суал мухIкан гьабизе ва гIи-боцIул бетIергьабаз УНХОялъулгун росдал Советазул хIисаб-суалалдаса гIи-боцIи бахчи гьукъизе.

15/1-1936 аб. соналъ гIи-боцIул перепись гьабиялъул баяналдаса:

Хъизамалъул бетIерас жиндир гIака-чахъуялъ бече-кьегIер гьабурабго къоялъ росдал Советалъул анцIил бетIерасда лъазабизе кколаан.

Нагагьлъун гьелъие тасамахIлъи гьабуна гьелъие гьарулел

«Переписалдаса гIи-боцIи бахчаразе щиб гьабураб?» - абураб районалъул «БагIараб партизан» газеталдасан (№3 (167), 15 /I – 1936 аб. сон.)

КIаратIа Советалъул - Баху Зубайровалъ бахчун буго 3 чIегIерхIайванги 1 хIамаги. Гьей судалде кьуна ва 200 гъурущ бахъана, Меседу ХIасановалъ бахчун буго 1 хIайван – 200 гъурущ бахъана, ХIажимисей Гъварзатиловалъ бахчун буго 2 гIиги, 1 хIамаги, гьелдаса бахъана 170 гъурущ. ГьалбацIов Муслимица бахчун батана 1 лемаг, гIакIа бахъана 200 гъурущ, Денгал вас КъурамухIамадица бахчун батана 1 лемаг, гIакIа бахъана 250 гъурущ (кулакасул эмен хIисабалда).

ТIокIитIа Советалъул ХIажи МуртазагIалица бахчун буго 1 гIака, бахъана 250 гъурущ, МухIама ХIусеница бахчун батана 7 гIиялъажоги 1 гIакаги бахъана 2025 гъурущ, ва 7-бго гIиялъажоги нахъе бахъана колхозалъе гьев кулакасул.

Гьебго хIал буго нахъиял росабазул халкъалъулгунги.

БоцIул бетIергъанчияс гIи-боцIи хъун яги бичун гьелдаса пайда босизеги гьукъун букIуна:

ТIадмагъилъал: Юсупов Хамирза, ГIалигъалбацIов ГIабдула, ГIалигъалбацIов МухIамад, МухIамадов Исрапил судалде кьола жидерго боцIи хъухъариялъе хъвеялъул гIайибги гIунтIизабун ва гьезул щивасдасан бахъула 325 гъурущ гIакIа.

ГIахьвалазул обществоялъул росабалъ колхозал гIуцIи цереккун гIуцIун рукIарал «Гьалмагълъиялъул» ва сельхоз артелазул магIишитазухъ букIараб буголъи-данд баялдалъун байбихьула. байбихьула.

1936 аб соналъул хIалтIул хIасилал ва гьел колхозазухъ букIараб ракьулгун хIалтIул къуват ва колхозалъул бечелъи, колхозниказ хIалтIулъ гьабураб гIахьаллъи баянго бихьизабун буго 1937 аб. соналъ гьабураб лъагIалил отчетазда. (Балагье таблицаялде)

1994 аб соналъул 1 аб. январалда севериял гIохъвалазул росабазух магIарухъ букараб ракь.

XV абилеб къарнуялда гIахьвалазул ихтияралда букIуна 31000 га ракьалъул, гьелдасан югалъул гIахьвалазул жамагIатазухъ 14. 700 га. Севералъул гIахьвалазухъ 16.300 га. Гьеб ракьалда гьоркобе уна Лъибшадирил жамагIаталъухъ бугеб 2500 га, КIаралазухъ бугеб 300 га ва Дагьбашазухъ бугеб 2080 га ракьалъулги.

ГIахьвахъ районалда гуребги Болъихъ районалдаги 1936 аб. соналъ гIуцIула сIхоз артелал гIи-боцIухъанлъиялъул хас гьарурал магIишаталги.

8/2-1936 аб. соналъ данделъараб ГIарчо росдал жамагIаталъ 63 цIаракиялдаса гIи-боцIул колхоз-артел гIуцIула гьеб магIишаталда «Магомедбеков Керимил» цIарги лъола. Ревизалъул комиссиялъул членаллъун ришула Гьарунов Расулбег, Исламов Бадрудин ва Шейхов ШапигIги.

9/1- 1936 аб. соналда гьебго ГIарчо сIсоветалде гъорлъе кколеб Рачабулда авалалъги жидерго хасаб с/хоз артел гIуцIула 40 цIаракиялдасан гьеб магIишаталда «М. Атаевасул» цIарги лъола.

Ревизиялъул комиссиялде МухIамадов, Гъазиев, СагIадуев ГIараш ва Хазимов ГIисаги рищула. Гьединан байбихьула колхозал гIуцIиялъул къагIида. Гьел магIишатазул уставалги къабул гьарула Болъихъ РИКалъ.

10/2-1936 аб соналъ гьел росаби Болихъ районалда гьоркьоре кколаан)

(Ц.Г.А. РД, ф-р – 133, оп,8, Д.2, л.222)

26/11-1936 аб. соналда ДагъЦИКалъул президиумалъ хIукму гьабула 1/1 – 1936 аб соналде щвелалде Крескомал къазе РИКаялъул хIукмуялда рекъон хадур рехсарал хIужабазда:

1) 68 процент халкъалъул гIаммаб магIишаталде гьоркьоре лъугьун ругони Крескомалъул буголъи гьеб магIишаталъухъе кьезе.

2)Коллективияб магIишат гIуцIичIеб бакIалда Кресткомалъул магIишат буссинабизе росдал Советалъухъе.

3) К/хозал гьечIеб росулъ «Гьалмагълъиги» гIуцIун гьезухъе кьезе Кресткомазул магIишат. (Ц.Г.А. РД. Ф-Р-37, оп.20, Д.258, л.155-157)

16/1-1937 аб. соналда ДагъЦИКалъ хал гьабула кIхозазда хадуб даималъего ракьал щула гьариялъул иналъул хIасилазухъ, ДАССРалъул Наркомземалъ даималъего кIхозазда хадуб ракь щула гьабиялъул актал кьеялъул ва ракь щула гьабиялъул 66 процент гурони тIубан батуларо, ай 759 кIхозалда хадуб ракь щула гьабизе кколеб букIун батани 501 кIхозалъе гурони актал хъван гьечIо. Гьелдалъун Наркомземалъ гьабураб хIалтIи гIей гьечIеблъун рикIкIуна ва тIадкъала щибаб РНКялда къокъаб заманаялда жаниб даималъего кIхозазда тIад ракь щула гьабиялъул Актал хъван лъугIизаризе.

1935-1937 абилел соназ гIуцIарал к/хозазегун сел/хоз артелазе байбихьулда магIишат щола цереккун гIуцIун рукIарал «Гьалмагълъиялъул», Коммунабазул, Кресткомазул, магIишатазул ихтияразда букIараб вакъфуялъул ва кулаказухъа бахъараб ракьгун гIи-боцIудасанги. К/хозал гIуцIизе байбихьарабго росдал активалда цебе партиялъ суал лъола к/хозал гьариялда рази ругез жидеего бокьун колхозалъе кьезе жидер магIишаталъул 1/3 бутIа ай 3-го гIака бугони –1, 30 гIи бугони 10, 3-го га ракьалъул бугони 1 га ракьул.

6/1-1937 аб. соналда байбихьула халкъалъул ТIолгосоюзалъул перепись, гьеб переписалъ гIицIго гIадамазул къадар гуребги щибаб цIаракиялъул магIишатги хIисабалде босула. Хасго векьарухъанасул бекьулеб ракь, гIи-боцIи, кули-мархьу, рохь, реци, хIарим-гIалахги, гьобо, техникаги. Гьеб букIуна векьарухъан магIишаталдаса ватIа гьавиялъе большевиказ гъураб тIоцебесеб къор.

1936 аб. соналъ гIицIго к/хозал рокьараз кьун букIун батани ракьги гIи-боцIиги кIхозалъе, 1937 аб. соналда рекьарухъанасул разилъиялде балагьичIого гьесда лъазабула тIубан жиндихъ бугеб бекьулебги бецулебги ракь, гьобо, кули-мархьу, рохь, хIалтIул оцал, щибго течIого кIхозалъул ихтияралде кьезе кколилан, жиндир букIараб ракьалда хьон хьазе, кинабго росдал магIишат хIалтIизабулеб алат-къайигун цадахъ. ГIи-боцIиялъулги чIезабураб къадаралдаса тIокI бугебги колхозалъул ихтияралде кьезе тIамула.

Хьалебги-бецулебги , мегIер-гIалахги к/хозалъул ихтияралде индал гIи-боцIи хьихьиялдаса векьарухъан махIрумлъула.

Жинда кодоса гIи-боцIи нахъе унеб букIин лъарав боцIухъанас хIажалъиялде балагьичIого хъун-хъун гIи-боцIиги пасат гьабула, гьеб лъарабго ДагъВКП(б)ялъул обкомалъул бюроялъ хIукму гьабула, гIи-боцIи хъун, бичун пасат гьабурал тамихIалде цIазе, кулакаллъун гьаризе, республика тун къватIир гъезе, цIикIкIарал налогал, заготовкаби лъезе.

1938 аб, соналъ киналго рекьарухъабазул ракьал бетIергьанчилъиялдаса уна ва кIхозазул ихтияралде ккола.

1939 аб. соналъул 1/1-ялъ ГIахьвалазул обществаялъул росабалъ 12-го цIараки кIхозалде восичIебги 1 кIхозалдаса рехарабги хутIун тIубан кIхозалде лъугьуна.

1/6-1939 соналда ГIахьвахъ районалда 17 к/хоз гIуцIун букIуна, колхозалде букIуна 2852 цIараки- 100 процент.

ГIахьвахъ районалъул к/хозникасе лъагIалие росизесел захIматкъоязул къадар 60 чIезабун букIуна. Гьел захIматкъоял гIезаричIел судалде кьолаан яги колхозалдаса рехула яги приусадебнияб участка баздасан махIрун гьарула.

(Ц.Г.А. РД. Ф-Р 168, оп.31, Д.31, л. 169-170)

ТIубанго росдал халкъ лагълъиялде гъоркьеги ккола. ХiалтIуладе вахъине рес букIин букIун гуртIияде, унти-шокълъиялда бокьи бокьун гуртIиялда зулму-х/алалъ х/алтIизавула.

Векьарухъан тIубанго жиндир магIишаталдаса гуревги хъизан-лъималазул ва жиндирго черхалъул ихтияр гьечIевлъун лъугьуна.

Нагагь унта-щокълъун яги рукъалъул кинаб бугониги къварилъиялъ к/хозалъул хIалтIуде вахъинчIони гьев правлениялдеги ахIун хIукму гьабула я захIмат къоял тIаса кквезе яги судалде кьезе яги республика тун Сибиралъул ракьалде витIизе.

1942-43 аб. соналда захIматкъоял гьечIел судалде кьун руго: Ворошилов к/хозалъ 22, Каганович к/хозалъ –38, Красн. партизан к/хозалъ 24 чи. Гьел к/хозникал хIалтIуде рахъинчIолъиялъ колхозалъе ккараб зарал бахъизе хIукмуги гьабун буго.

К/хозалъул уставалда рекъон к/хозниказе гьарулел тамихIал гIемерал рукIана.

1936 аб. соналдаса хадуб к/хозазул гIуцIиялда ва гьезул цебетIеялда хадуб партиялъ къойилаб хъаравуллъи чIезабула. К/хозалда лъикI хIалтIаразе рецц-бакъ гьабула: ударник, стахановец абурал цIарал кьун, гIарцудалъун, материалиял сайгъатаздалъун, Советазде рищиял гьарулаго депутаталъун рищун, медалал, орденал кьун районалъул, республикаялъул ва Союзалъул данделъабазде гIахьаллъизе ритIун.

ГIахьвалазул росабалъанги чангояв мустахIикълъана пачалихъалъул шапагIатазе:

ТIадмагъилъ Ворошилов кIхозалъул гIиял вехь Абакаров Ибрагьим Ленинил орденалъе. Гьебго росдал кIхозалхул преседатель ХIажиев Наби «Октябралъул революциялъул» орденалъе.

Тунсикь росдал к/хозалъул председатель Амачиев Амач Ленинил ва «Октябраская революция»орденазе ва гьебго росдал ГIадалова БахIаралъе , АбдухIалимов ГьитIинамухIамае, МухIамадов МухIамадие, МуртазагIалиева СурахIие «ЗахIматалъул БагIараб байрахъ» орден кьола. Гьединго нахъиял гIахьвалазул росабазул росдал магIишаталъул цебехъанлъи ва мисал бихьизабун хIалтIарал 10-10 кIхозникасе пачалихъалъул батIи-батIиял орденалгун медалал кьола.

10-10 соназ кIхозалъул председательллъун хIалтIаразда гьоркьоре ккола Амачиев Амачи, ХIажиев Наби, МухIамадов Ибрагьим, Шамхалов ГIисалмухIама, Хангерев ГIали, ва гIемерал цойгидалги. Лъица кигIан бецаниги магIарухъ к/хозазул заман бецщинегIан лъикIаб букIинчIо. ЛъикIаб букIарабани магIаруллъиялда цониги к/хоз биххизе биччалароан халкъалъ.

Колхозазе ракьал рикьиялъулги гьезие пачалихъалъул кумек гьабиялъулги иш бараб букIана республикаялъул хIукматалъул бетIерлъуде ккаразда. Гiумруялъ гIи-боцIухъабилъун рикIкIарал гIахьвалазе бишунго дагьал кьун рукIана.

Жидее лъарагIлъиялъул ракьаздасан цIикIкIун бутIаги щварал, республикаялъул хIукуматалъул кьерда жидер кквейги бугел ва гьенисан жидее

кумекги щварал Хунзахъ, ЧIарада, Гъуниб, Кули районазул цо-цо к/хозал цIаруего гIадин рихьизелъун цIунун рукIана, амма гьел кIхозазул гIи-боцIухъабиги, техника хIалтIизабулелги 60-70 процент язихъал к/хозазул к/хозниказдасан данде гьабураб, гьезул захIматалдалъун хIалтIизабураб букIана. Брежневасул заманаялъ рес щвана дагь-дагь ккун жиндир махщел-захIматалда рекъон магIишат гьабизе. КIхозалда зулму-хIалалъ хIалтIизабиялъул къагIида гIезегIанго чучлъана.

1950 абилел соназда магIарузул районазул росдал магIишат лъикIаланго цебе тIезе лъугьуна.

Гiахъвалазул обществоялъул к/хозазул гIи-боцIулгун хурухъанлъиялъул цебетIей гIзегIанго цебе тIуна. К/хозалъул магIишаталъулъ захIматалде рахъин цIикIуна ва магIишатал хайир бугеллъун лъугьуна.

Брежневасул заманаялда байбихьана магIаруласул росу цIилъизе. Рана шифер, махх ккурал, цIорол рагъаби ругел минаби, лъаледухъго хисана росдал гьумер ва гIадамасул гIумру.

Гарбичовасул заманаялдасан байбихьуна к/хозалгун совхозал язихълъизе Ельцинил заманалда байбихьана магIарул росабалъ к/хозал риххизе, ва жиде-жидее бокьухъе магIишат-гIумру гьабизеги халкъ биччантезеги.

К/хозал ругеб мехалда щивасе хIалтIи букIанилан абула, добго росдал хур-херги, кули-мархьуги авлахъалда кьурал ракьалги добго росдахъ бугелъул звеноводал, бригадирал, завфермаби гурони гьоркьоса арал чагIиги гьечIелъул, хIалтIиги хIалтIи тIад гьабулеб букIарабщинабги росдахъго хутIун бугелъул тамаша гьечIиш цебе букIараб хIалтIи гьанже гьечIолъи.

Шагьаралдани фабрик-завод къана, гьелде кIвар кьей чучлъиялъ, хIалтIи гьечIезул къадар цIикIкIана, амма росдал магIишаталъул хIалтIи гьечIин аби битIун букIинаро, авлахъалдаги магIарухъги ракьалдаса пайда босиялъул таса-махIлъи биччан ракьалдаса босулеб пайда рехун тана 50-70 %.Гьанже магIарухъ техника хIалтIулареб, кинабго хIалтIи гIадамасул кверде ккараб бакIалда к/хозазул цIилъи ккечIо. КIхоз букIана гьелъул нухмалъулезеги пачалихъалъеги векьарухъанас чIобого кьолеб захIмат.

К/хозал гьарилалде цебехун ГIахьвалазул обществоялде гьоркьоре унел росабазул гIалах-мегIералъул гIорхъи-дазу букIинчIо. К/хозал гьарулаго пачалихъалъ щибаб к/хозалъул ракьалъе цIидасан гIорхъи лъуна, гьелъ цо-цо росабазда гьоркьоб дагIба-къец цIикIкIана.

Республикаялда ракьул чIараб, мухIканаб закон гьечIолъиялъ росабазулги щивав чи маликаб ракь жеги кколелъубе биччангутIиялъ росабазда гьоркьоб гуребги жалго росдал халкъалда гьоркьобги, цоцазулгун ракI-хвел ккана ва ракьалдаса битIун пайдаяб хIалалъ мунпагIат босиялъе цIикIкIарал квалквалал ккана. Цебеккун бетIергьанчиясул ихтияралда букIараб кули-мархьуялдасаги хур-хералдасанги, я цевеккун вукIарав маликас пайда босизе течIо, я гьанже гьеб ккун чIезабурасги босулеб гьечIо, гьединан буго гIемерисеб ракь магIарул росабалъ, хIалаллъи-хIарамлъиялде халги кквечIого.

2000 абилеб соналъул  байбихьуда цере рукӀарал к/хозазул магӀишатазул магӀарул районазул 40 процент хутӀун гьечӀо, хутӀаралги жакъа-метер риххун ине гьаргьалел руго.

Жиндие учузаб гӀадамасул захӀмат хӀалтӀизабизе щварав кӀхозалъул бетӀерас киниги кӀхоз биххизе биччаларилан, гьеб халкъалъе пайда кьолеб магӀишат бугилан хабарги биччан  магӀарул цо-цо росабалъ цӀунун руго магӀишатал. Гьелъул пайда бичӀчӀа-бичӀчӀарас къо-мех лъикӀ гьабун  гьевги тун жиндиего  бетӀербахъи бигьаяб бакӀ балагьизе унев вуго росо тун магӀарулав.

Гьаб сагӀат гӀахьвалазул росалъ 10-10 минаби руго рехун тун. МагӀарухъ магӀишат гьабизе  гьукъиялъ.

Росдал магӀишатчигун ккараб гара-чӀвариялдасан: МагӀаруласул гӀумруялъул ва магӀишаталъул ахирги шибдай ккела?

Росулъ бугеб минаялда кӀулалги ран, жалго хӀалтӀи цӀехон, бетӀербахъи гьабизе шагьараздe яги гӀатӀи-ракьалде  къватӀир рахъун руго.

МагӀаруласул гӀумру циганасулалда релълъунеб буго, ихдал росу тола, хасалоде тӀад вуссуна росулъе. Гьеб киналъего асар гьабуна магӀаруласул гӀумруялъе Россиялъулги  бакӀалъулги хӀукуматалъул хисардулеб политикаялъ.

Хасго росдал магӀишаталдехун кӀвар кьечӀолъиялъ, гӀаммал магӀишатал цинтӀаго хъами-хъул гьаризе риччан  теялъ.

1970-1980 абилел соназ гӀахьвалазул гӀаммал магӀишатазул букӀун батани: гӀи-цӀани - 36000, чӀегӀербоцӀи-6500, чу-хӀама –730 ва гьеб гуребги гӀанкӀо-хӀелеко, найи цогидабги 2000абилеб соналде щвелалде гӀи-цӀани – 1200, чӀегӀербоцӀи 260  бетӀер, хӀама-чуйин абуни цониги хутӀун гьечӀо.

ГӀи-боцӀиялъе рарал фермаби цо течӀого чӀунтӀизе тана. Гъутабазда бекьулеб букӀараб гӀемерисеб ракь рехун тана, кинабго гьабунщинаб магӀишат  рехун тана, яги цо-цо хасал гӀадамаз жидеего пайдаялъе хӀалтӀизаруна. ГӀахьвалазул обществоялъул гӀаммаб магӀишаталда букӀараб гӀи-боцӀи, фермаби, техника ва нахъиябги   председателасда гъоркь букӀараб бакӀуги цебе лъолеб столги гӀодор чӀезе лъураб диван районалъул прокурорасул кабинеталда ккана.

МагӀарухъ рукӀарал  бищунго лъикӀал хурзабахъги минаби ран бекьулеб бакӀ лъугӀана, умумузулго кули-мархьуялда букӀараб хурги хӀорго, пайда босичӀого рехун тана, гьениб букӀараб кули-мархьуги чӀвадназде  сверана. КӀхозал гьарулелъул букӀараб бекьулеб ракьалъул 25 % гурони пайда босизе хутӀун гьечӀин абуниги мекъи ккеларо.

МагӀишат лъугӀаниги к/хозазул цӀарал додинго цӀунун руго, гьеб цӀаралдасаги пайда босизелъун гьелъул бетӀерлъуда рукӀараз ва ругезги.

МагӀарухъ ругел ракьалги приусадебниял участкабийилан, арендалилан росдал гӀадлу гьабулез жидедего руссинарун руго.

КӀхозал чӀаго ругеб мехалда    хӀалтӀи мискинзабазе, мухь хӀакимзабазе букӀана. Дунял бижаралдасаго букӀараб къагӀида гьанжеги хисиларо.

Ракьалдаса букӀине кколедухъ пайда босизе рес кьуни хурухъанасеги, ахихъанасеги боцӀухъанасеги, гӀадамасул яшавги лъикӀ букӀина

КIхозал гьарулелъул колхозалде ракьги рехарал, гIи-боцIиги кьурал гIадамаз жидер эбел-инсул ракь нахъе тIалаб гьабулеб бугони гьезда гьелъул гIорхъи-дазуги лъалеб батани бетIергьанчиясухъе нахъ буссинабизе ккела, гьесги ирсилазе бикьизелъун, я законалдаги яшаргIалдаги рукъон кколеб куцалъ – ян бицана жиндир гIумру к/хозалъул гIи-боцIуда арв херас.

ГIахьвалазул обществоялъул халкъалъул гIумру гьаби релъулебги буго.

Бихьила. Гіумруялъ бицина.

Протокол № 19 от 9/XI-1931 г.

Заседания Президиума ЦИК Советов ДАССР.

Присутствовали: члены Президиума ЦИК т.Сафаралиев, Михальченко, Мататов, Медведев, Садыков, Трофимов, Османов и приглашенные: и члены комиссии по организации Ахвахского района Ахмадилав, Идрисов.

Председатель Сафаралиев, секретарь Михальченко.

Постановления С.К. Крайкома от 27/X-1931 г. о помощи Ахвахскому району (Доклад тов.Сафаралиева) Д.С.Л. «165»

а) В пределах ассигнованных край исполкомам 50.00 руб. на благоустройство центра Ахвахского с дополнением средств предусмотренных бюджетом ДАССР на 1932 г., поручить НКХозу т.Глебову к 1/XII-1931 г. проработать и внести на утверждение СНК проект благоустройства центра Ахвахского района, выделив его из общего проекта строительства 1932 г.

б) Для выяснения на месте количество красных партизан, семьи погибших красных партизан наиболее отличавщихся бывших крас.партизан на предмет оказания помощи и награждения за счет средств, отпускаемых Сев.Кав.Крайисполкомам в Ахвахский район командировать т.Нахибашева Гасана.

Поручить тов.Нахибашеву работу по учету быв.красных партизан и их семей, определению наиболее нуждающихся семей погибших провести при участии районных, партийных, советских и общественных организации; Установить примерные формы и размер оказания помощи и наград; использовать решения вопроса о назначении пенсии; всю работу закончить к 15/XII-1931 г.

ГIахьвахъ районалъул росабазул тIоцебесеб съезд ахIула 28/XI-1931 соналъ «ГIахьвахъ штабалда». Съездалъ 15 райсоветалъул членги 5 кандидатги вищула. Съездалъ бищараб Советалъ ГIахьвахъ районалъе тIоцевесев РИКалъул председательлъун ГIалиев ГъазимухIама,секретарьлъун ХIажиев Муса Къурбан вищула.

Райсоветалъхадубккун районалда гьабулеб хIалтIуе планги тасдикъ гьабула.

1931 аб. соналъул 9 аб. ноябралдаса 1936 аб. соналъул 20 аб. ноябралде щвезегIан районалъул центр букIуна ГIахьвахъ штабалда.

22/V-1936 соналъ ГIахьвахъ РИКалъ хIукму гьабула ГIахьвахъ штабалдаса КIаратIа росолъ районалъул Центр бахъизе ва гьебго соналъул ноябралъ райцентр КIаратIа гочуна цо-цо организацияби ГIахьвахъгоги хутIун.

ТIоцевесев ГIахьвахъ РИК-алъул председатель ГIалиев ГъазимухIамад вукIуна щибго я гIажам, я гIурус хъвай-цIали гьечIев чи. Хъвай-цIали гьечIониги гьесул

хIалтIи гIуцIизе ва халкъалда гьоркьоб хIалтIи гьабизе бажари букIуна. ГIалиев ГъазимухIамад хисула 1936 соналъул 5/VI-алъ Дагъ обком ВКП(б)ялъ гьабураб хIукмуялда рекъон. 15/VI-1936 соналъ. Совет власть хичун бачIараб демократазул властальул заманаялъ, ГIахьвахъ районалъул администрациялъул бетIерлъун вищула тIоцебе ГIанди округалъул исполкомлъун вищун вукIарав Шамхувалил васасул ва КъурамухIама. ГIахьвахъ район рагьизе 13IXI-1931 соналадса байбихьун ГIахьвахъ районалда райсоветалъул райисполкомалъул председательлъун вищана: ГIалиев ГъазимухIама – ТIадмагъилъев – гьесда хадур цояс цояв хисун ккола;

МуртазагIалиев Сайгидула – ТIарада Инхелоса
ГIалиев Мажид – ТIарада Инхелоса
Жамбулаев Багьаудин – ТIадмагъилъав
Залбегов Пязаудин – ГIарчусев
МухIамадов АхIмаднаби – Местерухъев
МуртазагIалиев МухIамаднаби – КIаратIаса
Мисирханов МухIамад – ГIанчихъев
Пахрудинов ПирмухIама – КIаратIаса
ГIабдулбасиров МухIамадрасул – КIаратIаса
НурмухIамадов Таймасхан – Местерухъев
МухIамадрасулов МухIамад – ТIокитIисев
АхIмадова – ГIазизова Хадижат – КIаратIасай
Шамхвалов КъурамухIама – КIудияб росолъав

ДАССР В нарком труда копия Даг.ЦИК
Райисполком

На основание отношения нарком труда от 18/XI-31 за «119-а о заявке на потребное количество работников для Ахвахского района, сообщаем, что нам необходимо следующие работники в данное время по штату на 1931 года. Все виды расходов по переброске работников. Согласовать с Даг ЦИКом, а квартир, освещения и отношения выйдет за счет работника.

Председатель РИК Алиев Г.-М.
Секретарь Гаджиев Муса Курбан

Сводка населения Ахвахского района на 26/I-1932 г.
Кол-во х-во – 1962, мужск.-3376, женщин – 3694 – 7072
Статистик Гаджиев.

Ахвахский район направляет машинисткой РИК Чернишева А. Первая русская женщина, Приехавшая в Ахвах. По наряду нарком труда ДАССР 21 января 1932 г. в Штаб.

ГIахьвахъ район рагьидал байбихьуда гьенир гьоркьор рачIана: КIаратIа, ТI.Инхело, Местерухъ, Ингердахъ, ТIокитIа, ТIадмагъилъ, Лологъонилъ, Лъибищо, КIудияб росо, Изано, Гьемерсо росаби.

15/Х-1951 аб. Соналдаса Гьемерсо росдал советги ЦIумада районалде уна ва 19/IV-1960 соналъ Дагъ.Верховный Советалъул президиумалъул Указалдалъун КIвандерил Советалде данд бала: ГIарчо, Рацилъ, ЦIолода росабазул Советал Болъихъ районалдаса ГIахьвахъ районалде рачIула 20/VII-1937 соналъ

Дагъистаналъул ВС президиумалъул Указалда рекъон ГIанчихъ росдал Совет ГIахьвахъ районалде бачIуна 17/X-1940 соналдаса ва Рацилъдерил территория ГIанчих росдал советалъухъе кьола 8/II-1947 соналъ Дагъистаналъул ВС Президиумалъул Указалдалъун, гьел гочун ун рукIиналда бан.

ТIадмагъилъ росдал Советалде кколеб букIараб ТIунсикь росо 7/IV-1944 соналъ РСФСРалъул ВС президиумалъул указалдалъун гочун Чачаналъе иналдалъун ТIдамагъилъ Советалдаса батIалъула ва Ведено районалъул Даргъо росдал Советалде ккола. Даргъо росдалги цIар цо чанго нухалъ хисула.

ТIунсикьал Чачанал тIад руссун хадур Хасавюрт районалъул «Гъарасу» - Советский росолъе рештIуна 1957 соналъул 9/1 гьабураб РСФСРалъул ВС президиумалъул хIукмуялда рекъон.

ГIахьвахъ район рагьизегIан ТIунсикьал унаан КIудияб росдал советалде гьоркьоре Аваразул ханлъиялъул заманалдасаго, гьелдаса хадуб ТIунсикь росо ТIадмагъилъ Советалде ккола. ГIасаб, Лъануб, ЦIегоб росаби ГIахьвахъ участкаялде кколаан 2/V-1918 соналадсан 20/XI-1928 соналде щвезегIан.

19/VIII-1954 соналъ Дагъ.ВС Президиумалъул Указалдалъун Лъануб росо ЦIегоб росдал Советалде гьоркьобе ун букIуна.

Ракь ГIахьвахъ росдал цIар хисула 25/XI-1932 соналъ Дагъ ЦИКалъул хIукмуялдалъун «Дагъбащ»йилан ва гьеб росо унаан Ракьоб росдал Советалде гьоркьобе 9/XII-1928 соналде щвезегIан, гьелдаса хадуб «Дагъбаш» - РакьгIахьвахъ росо жибго жиндаго чIараб советлъун лъугьуна.

Ракьоб росо 20/I-1921 соналъул РСФСРалъул декреталдалъун унаан ТIелекь, Гьидалъ участкаялде гьоркьобе. Хучада росоги гьезул Советалде гъорлъе кколаан. 1926 соналъул апрелалдаса нахъе Хучада жибго жиндаго чIараб росдал Совет гIуцIула.

Ракьуб ва Хучада с/советал къала гочун Чачаналъе иналда бан Дагъ.ВС 10/III-1945 соналъ ва 8/II-1947 соналъ гьабураб ДАССРалъул ВС хIукмуялдалъун.

ТIад руссун Ракьуб, Хучада росаби рачIиндал кIиабизеги гьезул Советал цIи гьарула 7-18/XII-1957 соналъ Дагъ. ВС презедиумалъул хIукмуялдалъун.

Чачаназул Нажавюрт районалде (ГIандалал) гочараб мехалъ гьел рукIуна Бельти советалде. 7/VI-1944 соналъ росдада цIар Ракьуб абун тола.

19/VIII-1954 соналъ ДАССРалъул ВС президиумалъул хIукмуялдалъун цолъизабула Гъоркьа Сивухъазул с/советалде, цебе букIараб Бельты росо.

1937 соналде щвезегIан Дагъистаналъул тIадегIанаб органлъун букIуна щибаб округалдаса яги районалдаса рищун ритIарал делегатазул съезд.

1937 соналъ цIияб конституциялъул кьучIалда 4 сонил болжалалъе ВС депутатал рищула ва Дагъ ЦИКалъул бакIалда Верховный Совет гIуцIула.

ЦIияб конституциялъул кьучIалда гьарурал рищиязда гIахьвалазул обществоялдасаги рищула тIадегIанал Советазде депутатал:

ХIажимухIамадова ГIайшат

ГIалиев ГъазимухIама

МухIамадов ХIайдарбег

Дакамбулаев Багьаудин

5. Хангерев ГIали

Хасбулатова С. ва гьел гурелги.

Репрессиялда цересел соназ рукIарал рищиязда гIахьвалазул обществоялъул Дагъ ЦИКалъул членаллъун рукIана:

ГIахьвахъ районалдаса ГIалиев ГъазимухIама,

Болъихъ районалдасан ГIамиров Турач,

Цумада районалдасан МухIамаев ХIайдарбег

1936 аб. соналъ гьарурал рищияздаги церехун рехсарал рукIуна делегаталлъун: XI аб. ТIолго Дагъистаналъул советазул съездалде,

II Север.Кавказалъул Караялъул советалъул Съездалде

XII ТIолго Россиялъул Советазул съездалде делегатлъун

VIII – ТIолго Союзалъул съездалде делегатлъун вищула

ГIамиров Турач

Съездалдасан тIадвуссун вачIиндал гьес Болъихъ, ГIахьвахъ, Гумбеталъул ва ЦIумада районалъул избирателазе жив гIахьаллъарал съездасул хIасилазул хIакъалъулъ докладги гьабула Болъихъ хъалаялда 1936 аб. соналъул ноябралъ.

**Цо-цо баянал**

Дагъистаналда бусурбабаз жалго бетIергьанаб ракьалдаса вакъуфалъе хъвараб ракьул къадар 1920 аб. соналъул баяналда рекъон 20 азарго десятиналде бахунеб букIуна ва вакъуфалъулгун закаталъул къадар 1.500.000 гъурущалде гIунтIун букIин бихьизабун буго, ДАССРалъул VI аб. Советазул съездалъул отчеталда, гьебго заманаялъ Чачан Республикаялда 2 азарго десятин гурони вакъуфалъул ракь диниял идарабазухъ гьечIеб заманалъ.

(Журнал «Революция и горец» №7-8, 1929с.)

1902 аб. соналъ хIежалде аралъур вабаъ унтиялъ унтун Гъуниб округалъул хIажизабазул 23 чи хун вуго ГIарабустаналда. Гьенир накълулъарал хIажизабазул сияхI буго. Гьенирго хун гIахьвалазул хIажизабазул анлъго хIажичи.

(Г.Ц.А. Р/Д. Ф.2, Оп5, Д.17, л 35-36 аб.)

Протокол 7.4.-1932 аб. соналъ данделъараб ГIахьвахъ РНКялъул заседаниялде гIарза бачIуна местIерухъай Ражабова Сабиятил. Жиндир рос ХIусейн Бейгишиев Дидоялда 1930 аб. соналъ багъараб восстаниялъулъ багIарав партизан-милиционер чIван вукIиналдалъун гьесул гьитIинай ясалъе персоналияб пенсия кьеян.

ХIукму гьабула ДагъНарком Собесалдасан гьей гIумруялде яхинчIей ясалъе моцIрое 50 гъурущ кьезе.

ТIадмагъилъ Советалъул ЧIванди авалалдаса Мусалав Дибирасул вас МухIамадибир 1937 аб. соналъул 29 аб. июлалда репрессировать гьавун вуго ва гьебго соналъул 20 аб. ноябралда ДагъНКВДялъул тройкаялъул хIукмуялдалъун В.М.Н. кьун буго гьеб, тIубазабунги буго уголов. Дело 2/5009.

Хадубго уголов.делоялда жаниб лъун буго 15.2-1942 аб. соналъ унтун къадаралде щванилан гьересияб справка.

Гьединал справкаби щивав чIварасул уголов. Делоялда гьоркьор лъун ратулел руго.

Гьев гIахьаллъун вукIана КъахIиб ахIараб съездалдаги..

Дагъистаналъул Военкомиссариаталъул №106 аб. приказалда рекъон 16.7.1920 аб соналдаса киналго гIарцулал знакал: НикIалайил, Деникинил, Колчакил, Узун-ХIажил ва рагъулал къуватазул югалъул Россиялда, Ростов- Доналда бугеб биччан букIараб гIарцул кинаб къиматалда бугеб батаниги пачалихъалъул банказ хисизе гьечIо компенсацияги кьезе гьечIилан лъазабула Дагъ.Ревкомалъ.

Совет власталъ харжазе ва цойгидалги мухьазе гIоло халкъалъе кьураб гIарац гIадада хола.

29.7.1920 сональ Дагъ.Ревкомалъ №61 аб. приказ биччала 50% овощазул: 9 пуд картошкадул, 4 пуд цойгидал овощазул; нахъиябги: 1 буртина, 1 кусок 9 аршинихалалъи бугеб сугъурги бетIергьабазеги тун нахъияб пачалихъалъе продразверсткаялъе бахъизе.

(Ц.Г.А. Р/Д-Ф-8п,оп7, Ед.хр.-6)

БагIарармейцазул рукIа-рахъин лъикIлъизаби мурадалда къагIида хIисабалда багъанаги батун халкъалъухъан бахъулеб буго:

Тукенчиясдаса – 25.000 гъурущ, гIака бугесдаса 2000 гъурущ, живго бетIергьанаб пианино бугесдаса 1000 гъурущ, чайханалъул бетIергьенасдаса –25.000, тамахьо цIалелесдаса, жиндиего щолеб бугони моцIрое 5300 гъурущ, гьесдасан 250 гъуруш.

13.5.1921 аб. рагъулаб комиссия.

Обвинительный акт

по делу об Уллубии Буйнакского и других. Постановление №108 уголовн. Дела13.5.1919 г. в г. Темир-Хан-Шура командир Дагестанского Конного полка получил приказания от военного министра бывших республик Союза горцев Сев. Кавказа, задержать группу лиц причастных к большевикским органам, который собиравший в доме шуринского жителя Абдул Вагаба Гаджи Магома ао Апшеронской улице для выработки организации Красн. Армии перевести в Горскую Республику. Командир Дагестанкого Конного полка приказал 4 –му эскадрону оцепить дом Абдул Вагаба и арестовать там собравших лиц. И были арестованы: Ул. Буйнакский,Саид Абдулхалим, Совенков, Абдурахман Измаилов, Абдул Вагаб Гаджи Магома, Гасан нахибашев, Гоголев, Муртузали Османов, Савинков, Тимошев.

Гражданская война

Тот же 13.5-1919 г. был в своем доме задержан инженер Хизроев, почему-то его отпустили. Кроме их были арестованы Шамиль Раткуев, Абдула Абакаров, Джамалудин Дагибов, Абдурашид Меджидов – 18 мая руководившие наступление Темир-Хан-Шура. Допрошены были обвиняемых: 1)Абдурашид Меджидов, 2) Асадула Ибрагьим-огли, 3) Шихмирза Мамакай огли, 4) Ул. Буйнакского, 5) Абдул Вагаб Гаджи Магома, 6) Абдулмеджид Али огли, 7) Шамиль Раткуев, 8)Муртазали Осман огли, 9) Абдул Абакаров, 10) Саид Абдулхалимов, 11)Джамалутдин Дагиб огли, 12)Хадижат Мустафа къизы, 13) Абдурахман Измаилов.

13.7.1919 г. гор. Петровск-Порт. Главн. Военн-Шариатский суд в судебном заседании в составе: председат. Полк. Пиралов и членов суда: Кебек-хана Аварского,

Ибрагима-Кади Кадиева, полковника Донагуева и полк. Нахибашева выслушали дело о посудимых по угол. Нак.и 37.п.п. 1-1 2ст. 108 угол. Ул. Постановил подсудимых 1) Ул. Буйнакского, 2) Абдул Вагаб Гаджи Магома огли, 3) Абдурахман Изамаилов, 4) Саида Абдулхалимова, 5) Меджида Али огли признат виновными в преступлении предсмотрены 13 ст. уг. О накза. И 3 ч. п.п. и 2 ст. 108. 1г.1л и подвергнуть их по лишении всех прав состояния смертной казни через расстреляние.

Муртазали Османову и Абдурашиду Магомедову признат виновности предусмотрет. 1ч. 126 ст. уг. ул. и подвергнуть их по лишении всех прав состояния ссылке.

Подсудимых Шамиля Раткуева, Джамалутдин Тайгибова, Абдула Абакарова, Асадула Ибрагим огли, Шихмирза Мамакат огли и Хадижат Мустафа кизы считать оправданными.

Приговор в окончательной форме объявлен 14.7. –1919 г.

Газета «Молот» №8 от 18.7-1919г. ст.3

10.7- начало заседания суда 14.7-1919 г. огласил приговор суда.Судебный составе был пред.полк. Пиралов, членами: Гебек-хан Аварский, Ибрагим Къади Кадиев, полк. Донагуев и полк. Нахибашев.

Приговор

Именем Даг. Соц. Сов. Республики судебная коллегия уголов. Отдела Главного суда ДАССР в составе предс. Гаджиева и народ. Заседат. Гамзатова Али, Джанарсланова Абдулхалика при государс. обвинит. Байсунгурова при защитниках Шахназарова и Литирмана

2.3.-1937 г. г. Махачкала заслушав №2209 уголов. Дело по обвинению Зеленцева Е.А и Гурова П.И.

Нашла

Во время гражданской войны Дагестан 1919 году Зеленцев и Гуров принимали лично участие убийстве Ул. Буйнакского и других.

Приговорил

Вышеуказанных граждан Зеленцова и Гурова на основании ст. 58-2.УК подвергнуть к высшей мере, расстрелять с конфискацией имущества.

29.5.1921 аб. соналъ ГIахьвахъ участкаялъул ревкомалъул председатель ГIамиров КъурамухIамаца ГIанди округалъул ревкомалдаса тIалаб гьабула, ревкомалъе канцеляр базе гIарац ва 311. 1921аб. соналъ «ГIочIолъе» гочуна цIияб минаялъубе участкаялъул ревком, гьелдаса нахъе гьеб бакIалда цIарги тола «ГIахьвахъ-Штаб» абун. (Ф-Р-52, оп.1Д87)

Изано росдал дибир Къурбан Шамхвал огли хола 11.3-1909 аб. соналъ. Гьесул бакIалде гьебго росулъев ГIамирхан Голурухан огъли тIамула росдал дибирлъун 23.3.1909 аб. соналъ №3806аб. ГIанди округалъул начальникасул буюрухъалда рекъон. (Газета « Дагестанские ведомости» №10 1.4.1909 сон.)

283 аб. кьвагьдохъабазул поклалъул командир Положишниковасул ракIалде щвеяздасан:

21.5.1920 аб. соналъул сагӀат 11 бугеб мехалъ къад щола Гъуни хъалаялдаса Анцух-Капучиялъул нухде ва гьениб ккараб рагъулъ щущазарунила контрреволюционеразул къокъаби, ГӀумар Пираловасул ва хадув гьевги чӀванила.

Поручик ХӀасан Абакаров вукӀанила жанив свериזавун, Гьидерил кьодухъ, амма гьес асирлъуде иналдаса хвелго тӀаса бищанила ва щибго хӀинкъичӀого Авар гӀурулъ кӀанцӀанила. Округазул ценралдаса щибаб росулъе бугеб манзил ва гьенир хӀукуматалъул ишалъ аразе чӀезабураб гӀарцул къадарги:

Авар округалдасан: Хунзахъан –Ингердахъе –31 верстги- 1гъ. 60 коп; МестӀерухъе 29 верст – 1 гъуру.60 коп; ТӀукитӀе – 30 верст -2 гъур; ЦӀолоде – 33 верст- 2 гъур.

Гъуниб округалдаса – Гъуниб щулалъиялдаса – ГӀасабе 54 верст-2 гъур.70 коп.; РакьГӀахьвахъе –84 верст- 4 гъур.20 коп; Ракьубе- 66 верст –3 гъур.30 коп; Лъанубе –57 верст – 2 гъур. 85 коп. ЦӀекӀобе –57 верст –2 гъур.85 коп.;

(Ц.Г.А. Р/Д, Ф-2, Д12, л22-23 поданными 2 .8-1894 года)

1909 абилеб соналъул 23 июналъ ТӀадмагъилъ росдал бегавул КӀкӀоро ХӀажимухӀама огъли хисун Хамирза Юсуп огъли тӀамулев вуго.

ГӀанди округалъул начальникас (газета «Дагестанская ведомость» №6, 1909 сон.)

1913 аб. соналъул 6 декабралъ Дагъистаналда вугев пачаясул генерал-губернатор Воронцов-Дашковасде Россиялъул пача Николай 2 абилесул цӀаралдаса КӀаратӀаса всадник Денга багьадур огълие кӀодо гьавулев вуго? Каранда балеб « Золотая» медалалдалъун ва ГӀанди округалъул Гумбет участкаялъул начальникасул помощник Загъалав тавуш МухӀама огълил (гьевго Буралов) колежский регистраторасул чин кьолеб буго 1913 аб. соналъул 6 декабралъ.

1914 аб. соналъул 25 июлалъ Дагъистаналъул рагъулав губернаторасул буюрухъалдалъун Дидоялъулгун Ункъаракьалъул участкаялда вукӀарав письмоводитель Бадрудин МухӀама Халидов КӀаратӀа участкаялда хисун рачунел руго.

МагӀаруллъиялъул районазда гьоркьосел органалъун тӀамула 1914 аб. соналъул 1 июлалда Сергей Акимович Кужяев Хунзахъ хъалаялда чӀейгун, лъагӀалие 2220 гъурущ харжгун.

ТӀоцебе гьес чӀола гӀечул гъветӀ Хунзахъ тӀалъиялда.

(Газета «Дагестанские обл. ведомости» 1914г.)

Россиялъул къирарзаби Дагъистаналда

1.) Петр Первый – 1922 аб. соналъул 14 аб. августалъ Россиялъул пача рещтӀуна Анжи гохӀда, Дагъистан Россиялъе мутӀигӀ гьаби мурадгун ва лъарагӀазул бищунго къуватав князь Таркинскиялъул Адил-Герейица мутӀигӀлъи лъазабула. Хадувккун Адил-Герей рекӀекълъула пачаясе мутӀигӀлъиялдаса ва гьев туснахъ гьавун Колеялъул (Архангелськиялда) туснахъалда накълулъула.

2) Александр II- Дагъистаналде щола 1871 аб соналъ, Дагъистан Россиялъул ихтияралде ккун хадув.Дагъистснал областалда нухал-кьоял ва гьенир рарал щулалъабазде (крепостазде) балагьизе, гьединго бербалагьи ва ахӀвал-хӀал лъазаби

мурадалда. Александр II  щола Хунзахъ хъалаялде ва гьенисан Болъихъе хал гьа була ГІанди аслияб мурад букІуна Дагъистан жиндие мутІигІлъиялъул хІал лъай.? ва Инхело росдада аскІор ругел сияздеги.Гьесул

III .Николай II Дербент шагьаралде щола 1914 аб. соналъул 25 аб. ноябралъ ва гьесда дандчІвай гьабизе рахъуна Дагъистаналъул диниял церехъаби ва гьесул чиновникалги.

Гьезда гьоркьор рукІуна бусурбабазул – сунитаздаса дагъистаналъул халкъияб судияв-къади Чапалов, Шайих ГІабдула ХІажи Раджибалов ва ГІахъущалиса ГІали-ХІажи МухІама огъли ва шигІитазул Дербенталъул бетІерав судияв Къади Ага-Саид ХІамзаги, жугьутІазул Дербенталда вугев роввенги.

Николай II –сда данчІвай гьабулеб гьабулеб къокъаялъул цевенхъанлъун вукІуна Шамхвалазул цебегоялдаса гІурусазе хъулухъ гьабулел рукІарал наслуялдаса кІудияв Зайир-Бег Тарковский, Ахтыялдаса Ибрагьим-Бег, Гъази-АхІмад-Бег огъли ва Хунзахъа майор КъадимухІама ГьитІиновасовги. (гьесулго наслуялъул чи вукІинчІодай доб 1877 аб. соналъул восстаниялъе Турциялдаса бачІараб къокъаялда вукІарав ГьитІиновас абулев чиги?)

IV/ Сталин И,В, - Дагъистаналде щвана 1920 аб. соналъул 12 ноябралъ ва гьес 13 ноябралъ Дагъистаналъул ТІоцебесеб Чрезвыч. Съездалда Дагъистаналъе автономия лъазабула.

Баяналъе Дагъистаналъе автономия лъазабиялъул хІакъалъулъ хІакъикъиял съездалъул хІукмаби, протоколал, тезисал архивалда гьоркьор гьечІо, гІицІго гьенир гІахьаллъараз жидерго пикруялда рекъон хъвараб жо гурони, гьеб съездалъул материалазда гьоркьоса инабун буго.

V. Путин В.В. Дагъистаналде щвана Чачаназулгун Рссиялъул рагъул къисматалъ ахІун.

Киналго Россиялъул къирарзаби рагъ-кьалалъул мурадалда гурони Дагъистаналъул гІумру-яшавалъул ургъелалъ Дагъистаналде раккун гьечІо.

1908 аб. соналъ ГІанди округалъул начальникас Дагъистаналъул губернаторасухъе кьураб баяналдаса:

ГІанди округалъул ракьул гІатІилъи 3152, 45 кв. верст; дин исамияб; гьениб бугеб халкъалъул 10-го батІияб мацІ, гьелда гьоркьоб бицунеб гІахьалаб авар мацІ. Гьениб буго 87 бегавуллъи, гьенире гьоркьоре уна 123 росо; гьениб буго 14.980 цІараки яги 27771 рухІ бихьиназул, 27434 рухІ руччабазул, ай 55.502 гІадан.

Гьединго Болъихъ хъалаялда вуго Кубинск-пластупинский батальналъул 100 солдатги.

ГІанди округалъул ракьалда хьала 14.276 ½ четверть, ай 31622 къали богІол. Гьенисан бакІарула 48757 четверть, ай 107260 къали, ахал 220 десятиналда, мегІер-гІалах 20610 десятиналда, рохь –15000 десятиналда. Гьоркьохъеб хІисабалда 4 рухІ бугеб хъизамалъе лъагІалие кколеб буго 3 ½ четверт, ай 7 къали.

Гьеб соналъул баяналда рекъон ГІанди округалда букІун буго 1012 чу, 3881 хІама, 160 гІорцІен, 14154 гІака, оц, 100.447 гІи-цІаниги.

Цо-цо язихъал росабазе пачалихъалъул рахъалдасан кумекги букIун буго. Гъединан 1908 аб. соналъе ТIукитIа росдал жамагIаталъе квен-тIех босизе 350 гъ.24 коп., ретIел-хьит ва рукъалъе хIажатаб босизеги 700 гъурущ пачалихъалъул биччан буго.

Россиялъул пачалихъалъ Дагъистаналда кверщел гъабиялъул политикаялъул байбихьи ахир

VIII къарнуялдаса Дагъистаналда Исламияб дин тIибитIизабиялъе гIоло гIарабияз гьарурал къеркьеялъул кьучIалда Дербенталда, Табасараналда, Кураялда, Гъумекиб шаригIаталъул нухалда хIалтIулел вилаятал лъугьуна ва гьел вилаятазе нухмалъи гьабула Шамхалаз, Уцмияз, Майсумаз.

Дагь-дагькkун Дагъистаналда Ислам щулалъизе лъугьуна.

Хасго

XV- XVI абилеб къарнабаз тIолабго Дагъистаналъул милатаз Исламияб дин босула ва сверухъ ругел Ибериялъул ва цойгидалги милатаз Исламияб дин босизабиялъе къеркьеялги гьарула.

Дагъистаналъул мугIрузул къавмаз чабхъенал гьарула Гуржиязул вилаятазде, гьеб жидее гьабулеб лазатбахъи бакIлъарал гуржияз магIарулаздасан жал цIуниялъе кумек тIалаб гьабула Россиялдасан ва 1560 аб. соналъ магIарулазул чабхъеналдаса гуржиял цIунизе рагIи кьола. Гьеб тIоцебесеб походалда ва гьелдаса хадубккунги гIурусазул аскаралъ магIарулал гъуриялъул хIакъалъулъ бицун буго 1861 аб. соналъ хъвараб гIурусазулги гуржиязулги дипломатияб обзоралда.

ГIурусаз дагь-дагькkун гIамал гьабула Северияб Кавказалъул бетIергьабилъун лъугьине.

1722 аб. соналъ Петр I –яс чабхъен гьабула Дербенталде ва щущазабула Таркиги, хадувккун гIурусазе мутIигIлъиялдаса рекIекълъарав Таркиялъул Шамхал Адил-Герейги туснахъ гьавула ва Колеялъул туснахъалда хола.

Гьелдаса хадуб, ай 1734 аб. соналъ дагъистаниязулгун рагъде вачIарав Нади-Шагь нахъе къотIиялъе ва Дагъистан хвасар гьабиялъе Россиялъул пачаяс кигIан дагьабниги квербакъуларо, гIицIго магIарулазул къуваталдалъун кIвана накалде ккезавизе.

ГьитIинаб Дагъистаналда тIад кIудияб Россиялъул пачалихъалъ чанго кьал багъаризабула гьелъул гIисинал милатал лагълъиялде рачине ва гьезул ракьазда кверщел гьабизелъун. Амма Дагъистаналъул гIисинал милатал вацал гIадин цолъана гIурусазулги, персазулги, турказулги, татарал-монголазулги рикIкIен гIемерал аскаразде данде.

ГIурусаз жидер кверщаликье ккарал Северияб Кавказалъул ракьалда рала щулалъаби-крепостал, гьенир лъола рагъулал къуваталги, дагь-дагькkун пачаясул рагъулал къуватаз Дагъистан сверун ккола.

1566 соналъ- Терекалда тIоцебесеб крепость бала, хадуб

1604 соналъ -Таркиялда

1722 соналъ - Сулахъалда

1763 соналъ - Моздокалда ва Моздокалдаса Кизляралде рагъулаб нухдаги.

1819 соналъ “Внезапный”- генерал Ермоловас.

1821 соналъ “Бурная” - Таркиялда тIадехун.

1834 соналъ - Темир-Хан-Шура.

1837 соналъ - Хунзахъ.

1839 соналъ Ахтиялда.

1845 соналъ Петровский, Хасавюрталда, Чирюрталда, Гъумекиб? Ва цогидалги бакIазда.

1846 соналъ “Ярик-су” –генерал-майор Козловскияс.

1847 соналъ Хажал- Махи-Кадаралда – ганчIил, цо саржин къучIчIалъул гIеблъи, 32 саржин халалъи бугеб 2-го ганчIил кьералда сигун.

1850 соналъ – “Лучек” ТIасияб Самуралда.

1857 соналъ -“Буртунай” –350-400 чиясе штаб квартира бугеб.

1858 соналъ – ЧIикIаб (Укрепление Евгениевское) къучI лъуна ва гьенир хIалтIана: Апшероналъул 3-го батальон, Самуралъул рекIаразул 1 батальон, 400 Дагъистаналъул рекIаразул ?? полк ва данде бакIарараб милициялъул цо нусго чиги ва 2-го рота лъелаб артилериялъулги.

1859 соналъ бана “Таузель” щулалъи.

1859 соналъ къучIчI лъуна Гъуниб ва Дидоялда Мамади МирзакIол магIарда, ай Гуржиялъулги Дагъистаналъулги гIорхъода щулалъи базеги.

Гьединан гIурус солдат вахуна ахирги Дидоялъул мугIрул тIогьиве ва Дагъистан пачаясул кверщаликье ккола.

Гьелде щвезегIанго пачаяс Закавказьиялда рагъулабгун гуржиязул нух бахъизе байбихьула 1783 аб. соналъ ва нух рагъула 1799 аб. соналъ.

Дагъистаналъул магIаруллъиялда гьакил нухал ва кьоял рай

1858 аб. соналъул маялда Каспийский краялъ Темир-Хан-Шура гIуцIула Дагъистаналда гьакил нухал рахъиялъул управления. Гьел ? гьакил нухал рахъиялъул аслияб мурад букIана Дагъистаналда пачаясул рагъулаб къуваталъе кверщел гьабизе ва щулалъаби разе рес щвей. Бешоялдаса Илануевалъул кIкIалахъе щвезегIана нух гьабизе ва Мамади МирзакIол мугIрузул габурлъиялда Грузиялъулги Дагъистаналъулги гIорхъода си бай ва Кахетиялде гьакил нух цолъизаби.

Гьеб нух бахъулаго Дидоялъул халкъ гъурула ва магIишаталъе цIикIкIараб заралги гьабула, амма диялъулалги гьездаса къун чIоларо, генерал Вревский чIвала ва гьесул солдатги гъурула.

Генерал Вревскийясе 79 аб. Курилалъулги, 80 аб. Кабардиялъулги полкалъул МирзакIол магIарда памятник бан букIуна, амма дидоялъулаз чанго нухалъ цIигьабуниги къучIчIадасанго бихxула. 1894 аб. соналъул 2.4.-ялъ ГIанди округалъул начальникас памятник цIигьабизе буюрухъ кьола ва гIарацги биччала.

1860 аб. соналъул 10 аб. июлалъ Россиялъул пачалихъияб Советалъ хIукмуялда рекъон Дагъистаналъул округ гIуцIула Закаталаялъул округги цолъизабун (Закаталаялъул округ Дагъистаналде гьоркьобе унаан 1883 аб соналъул 12 аб июлалде щвезегIан.)

Пачаясул хIукуматалъе чара гьечIеблъун ккана Дагъистаналъул ракьалда кверщел щулалъизе ккани щибаб округалда рагъулал щулалъаби разе ва Азербайжаналъулгун Грузиялъул вилатаязде рагъуе кIвар бугел шагьранухал рахъизеги.

Кавказалъул рагъ лъугIун хадуб 1861 аб соналъул марталдаса байбихьун Авар-ГIанди, гьединго Ведено-Болъихъ шагьранух бахъизеги.

1964 аб. соналъул 15 аб. марталда байбихьула ГIанди гIоралда Кьохъ ва Инхело маххул кьоял разеги. Гьел кьоял раялда хIалтIула Самуралъул, Апшероналъул, Ереваналъул ва цойгидалги полкал.

Гьел кьоязе кьучIчIал рахъулаго щибаб сордоялъ хIалтIулев вукIуна 30 чиги ва щивасе кьола 15 копек бацIцIадаб гIарцулги.

1864-65 аб соназ бан лъугIула кIиябго кьо ва гьенир хIалтIарал гIадамазе харж гьабун буго 3566 гъурущги 50 копек, ганчIилгун ракьул хIалтIи гьабун Авар-Кахетиялъул шагьранух бахъизе байбихьула 1963 аб. соналъул марталда ва гьеб гьоркьоб чIезабуна 1870 аб соналъ.

Гьидерил кьодасан Арихали щвезегIан 104 верст гьенисанги Митлис-Мцелиялдаса Арицхели щвезегIанги 34 верст шагьранух лъугIула 1893 аб. соналъ.

Гьел нухаз ккурал ва кьуру-гамачI кьвагьун яги чабах-ракьалъ хвезарурал ракьазухъ пачалихъалъ зарар бецIун буго бетIергьабазе. Авар округалда зарал чIезабизе гIуцIун буго комиссия. Гьенир гIахьаллъун руго: Хунзахъа наиб, капитан ГIалихъилич Чопан огъли, Авар округалъул судияв-къади ХIажи МухIама огъли, жамагIаталъул вакилги. Гьез хал гьабун буго херехьдериеги кьахъадериеги нух бахъулаго гьабурал заралалъул. Зарал гьабун буго, нухалъ ккун 6810 кв. метр, гамачI-гъегъалъ хвезабун 11180 кв. метр.

Гьеб гьабураб заралалъул къимат чIезабун буго 1688 гъурущ бацIцIадаб гIарцул.

Хадубго Авар-Кахетиялде Авар гIор ккун эхеде нух бахъулаго хвезабун буго Ибрагьим Афач огълил, Нур МухIама огълил, Бегав Дубухъ огълил ва гьезие гьабураб зарал бецIун буго 21 гIурущ бацIцIадаб гIарцудалъун. Гьединанго нухалъ ккураб ва нух бахъулаго кьуру-гамачI кьвагьулаго хвезабураб ракьалъухъ зарал бецIун буго: МухIамад МухIамад огълие- 10 гъурущ, ГIабдулмажид ГIумар огълие - 18 гъурущ, ГIабдурахIман Абакар огълие- 9 гъурущ, ГIали ТIагьир огълие 9 гъурущ, Идрис ЧIегIер огълие – 6 гъурущ. Гьединго Гьолокь кьода аскIоб букIараб подполковник ГIалихъилич Чопановасул кули кьо балаго биххизе ккеялдалъун ккараб зарал чIезабун буго 400 гъурущ ва гьеб гIарац гьезие бецIизе ккеялъул амру гьабун буго Тифлисалдасан генерал-майор, князь Чавчавадзецаги 1877 аб. соналъул апрелалъ.

Гьединан пачалихъалъул харжаздасан гьарун руго бищунго гIассиял кьураби гIоралги кьвагьун пачаясул хIукуматалъ тIоцересел гьакил шагьранухал Дагъистаналда.

(Ц.Г.А. Р/Д. Ф-52, оп.3,4,8)

Нухал рахъулаго хвезарурал ракьазул багьа чIезабун буго доб заманаялъ халкъалда гьоркьоб букIараб ракьул базар багьаялда рекъон.

1909 аб соналъул 15 маялъ сагIат 12 ялда къад Авар округалъул управлениялъ аукциялъулаб дарамалъе лъолеб буго полковник ГIали-хъилихъ Чопан огълил букIарал гIодоб ракь, гъев хун хадуб, гьесул ирсилазухъ букIараб. Гьесдаса кколеб букIараб налъи бецIизелъун, тIаса Гъазданущиса ГIабдулхаликъ ХIажи ГIумар огълие. Авар округалъул судалъул исполнительный листалда рекъон: 1) Бакъда-кули – 200 гъ., гьелда сверухъ бекьулеб ракь 15 участкаялда, 80 къали богIол хьалеб- 1600 гъ. 2) гIалахгун рецигун цадахъ 1500-2000 десятин, берзул роценалдалъун – 8500 гъ. (Газета «Дагестанская областаная ведомость» №4, март 1909 сон.) Гьоркьохъеб хIисабалда 500 кв. метраялъул багьа 40 гъур. гьелъухъги щолеб букIун буго 40 гIоркIкIен яги 160 къали богIол), ай 1914 аб. соналъул байбихьуде щвелалде гIарцул къимат чанго нухалъ гIодобе ккун буго.

Мисалалъе: чадил цо гилавкаялъул багьа – 1 ½  копек, гьанал цо гилавка –11 коп; гIиял гьанал –13 коп; ролъул ханждал цо пуд – 1,20 гъурущ; пурчIинадул пуд- 0,80 гъ; бекьулеб ракь цо къали хьалеб –110 гъ; бецулеб цо къали хьазегIанасеб – 50 гъ.

1921 аб. соналъул  16.4. налъул РСФСРалъ къватIибе биччала цIияб гIарац 100, 500, 1000, 5000 ва 10000 гъурущалъул гьеб гIарац бащалъулаан 1914 аб. соналъул гIарцуде 0,50 коп-100 гъ.; 1-  200 гъ.; 5 гъ. –1000 гъ.

Пачалихъалъе кьезе кколел рукIарал налогал ва заготовкаби

МагIарулазда тIад хундерил нуцалзабазулгун ханзабазги хадубго Россиялъул пачаясул ихтияралде Дагъистан ккун хадуб гьезул администрациялъги гьоркьоб къотIизе течIо халкъалдаса бакIарулеб магъало.

Гьелъие нугIлъун кколеб гьаб князь Меликовас 11.12. 1875 аб. соналда хъвараб кагъаталъ бихьизабулеб буго жидерго бетIербахъиялъе Закаталаялда хIалтIун тIадруссун рачIунел гIахьвалаздаса: ГьитIинасдаса, МахIмутIидаса, КъурбангIалил ТIагьиридаса, ГIакIиласдаса, Журил Ражабидасаги налогал росеян ГIанди округалъул Къади Аргъваниса Шамхвал дибирасде князь Меликовас хъвараб кагъат.

1933 аб. соналъул 18 аб. декабралъ ГIахьвахъ РНКялъул хIукмуялдалъун 25 аб. декабралде щвелалде КIаратIа бугеб больница ГIахьвахъ-штабалде бахъула, гьениб цIияб больница бан тIубан букIиналдалъун. Гьеб хIукму тIубаялъул ишги зав. райздрав отдел Датченкода тIад къала. Гьебго РНКаялъул заседаниялдалъун Ингердахъ, МестIерухъ, ТIукитIа телефонал лъезе хIукму гьабула, 50 телефоналъул хIубиги биччала. 1934 аб. соналъул 26 аб. марталда лъабабго росулъе телефоналги кIалъала.

18.12.1933 аб. соналъ ГIахьвахъ РНКялъул заседаниялъ прот.№98 аб. хIукму гьабула райкресткомалъул хIалтIи гьоркьоб къотIизабизе ва гьелъул ихтияралда букIараб магIишатги ракьалги мискинзабазе рикьизе яги боцIухъабазул товариществабазухъе буссинабизе жиде-жидер росулъ. Гьеб хIалтIи тIубазе 5.11 – 1933 аб. соналъ бахъараб законалда рекъон 1.1.-1934 аб.сонаналде щвелалде.

20-22.11-1928 абилел соназ округал риххун районал рагьараб заманаялъ цIи рагьарал районазде рагъулал комиссариатал гIуцIун рукунаро. Рагъулабгун призывниказда гьоркьоб хIалтIи гьабизе инспекторал тун рукIуна. ГIахьвахъ районалда рагъулав инспекторлъун тIамун вукIуна ЧIахиев Расул.

16.10-1937 аб. соналъ гьоркь Расул хун хадув рагъулав инспекторлъун тIамула тIокитIасев Шамсудинов СагIаду, гьединан ГIахьвахъ районалда 1997 аб. соналде щвезегIан военкомат букIинчIо. ГIахьвахъ ва Болъихъ районалъул цадахъаб военкомат букIана.

ГIахьвахъ район кидаго тIубараб районалъул штаталгун букIунаро ва Болъихъ районалъул цо-цо отделазде мутIигIлъун букIуна.

Гьари-дугIа
Гьаб калам цIалулаго гIадада араб заман,
БетIергьанас нужее азарцIул цIикIкIун кьеги.
Иман рекIелъе тIейги, куфру рикIкIалъун ккейги,
ТIадегIанав разияб гIамал щун рехун тейги.
ГIийдгун аваданлъилъ даимлъаги нужер рукъ.
Рагъ-кьалал лъугIун ккайги рохелал даимлъаги,
МухIамадил (с.т.гI..в.) гьаб умат эркенлъиялда тайги.
Арал къварилъабазул бицен маргьабалъ хутIун,
Щибаб миллаталъулгун гьудуллъи щулалъаги.
Къуват кьейги Аллагьас нужей гIибадаталъе,
БацIцIадго Исламалда ИхIсаналда хьвадизе.
Гьав жагьиласул калам хIалазда сверичIого,
Камиллъизе гьабизе квер бахъе мекъи ккараб.
ХатIа-мунагь кколарев инсан вукIунарелъул,
Дир ккараб гьалатIалда тIаса лъугьа гьарула.
Берцинлъи сурияльe бицараб хабар гуро,
Рецгун накъидаялъе къисаби хурхун гьечIо.
Къокъабго калам буго цо къавмалъулги бицун.
Къварилъи рохелалда, нахъа тараб гIумрудул.
Дица цIарал рехсарал, нилъеда цереккарал,
Иманалда жал хварал алжан кьун рохун ккайги.
Жидер шафагIаталъул нилъейги бутIа щолеб
РахIманасул даража жидее насиблъаги.
Амин!.

**ОГЛАВЛЕНИЕ**


Шамхалил отрядил. 2
СПИСОК 2
Граждан рагъул бахIарзал: 2
ТУРАЧ АМИРОВ. 3
ШАМХАЛ САЛИХОВ. 8
Шамхалил ва гъесул умумузул куъисмат 20
Некоторые архивные данные по САЛИХОВУ 2
Некролог:Шамхал Ахвахский. 7
РЯДОВЫЕ ГЕРОИ ГРАЖДАНСКОЙ ВОЙНЫ 3
ГIахьвалазул 7-го граждан 12
рагъул багьадурасул къисмат. 12
Архивные материалы 20-х годов. 16
Список семей пострадавших партизан за время гражданской войны 20
в Дагестане во время контрреволюционного восстания. 20
/*КIудияб Октябралъул тарих 2
Дагъистаналда рагъулал рикьабазул церехъаби 9
ГIахьвалалУзун-ХIажил бодулъ 13
Чачаналъа тIадруссун хадур 16
Анцухъ-Капучиялде чабхъен 21
Хъварши кIкIалахъ 23
ЦIумада ва Ункракьалда ккарал рагъал 30
РЕПРЕССИИ УЧАСТНИКАМ ГРАЖДАНСКОЙ. 40
Г1АНДИ ОКРУГАЛДА БОЛЬШЕВИКАЗУЛ ПАРТИЯ 2
БАККИ ВА КОММУНИСТИЯЛ ЯЧЕЙКАБАЗУЛ БАЙБИХЬИ 2
1930 аб. соналъ Дагъистаналъул 25
цо-цо бакIалда халкъалъул багъа-башари. 25
Ват\анияб рагъулъ г\ахьвалал 28
Мобилизациялъул къадар 37
История Кавказской войны. 4
1877 абилеб соналъ Дагъистаналда ккараб восстания. 4
"ЗОНОБ" ККАРАБГЪАЗАВАТАЛЪУЛ КЪАССИДАТ 3
Набор телеграмм. 3
(Из истории Кавказской войны) 3
Имамзаби ва гъазаватал 1828-1877 абилел сонал 11
Дагъистаналъул имам ва гIахьвалал 12
Имам Шамил 21
Муртузаали Гаджи 4
Ункъракьалда 1871 абилеб 5
соналъул восстания. 5
1877 абилеб восстание къеялъе гIиллаби 7
ХIажи –Гiалил лъималазул тухумазул 8
хIакъалъул кодор щварал баяназул хIакъикъат: 8

Г1АХЬВАЛАЛ 14
Г\ахьвалазул общества 2
административиял г\уц\алабазулъ 2
Г1АХЬВАЛАЗУЛ К1К1АЛАХЪ ИНСАН. 12
ТАХОЛ ВАТ1АН. 14
Феодалияб общество 20
цебет1еялъул заманалда г1ахьвалал. 20
Г1ахьвалазул наслу-тухум. 24
ПЕРЕПИСЬ С 1886 г. 30
Т1адмагъилъ бегавуллъиялде кколезул 1886 аб. с. перепись. 30
К1УДИЯБРОСДАЛ БЕГАВУЛЛЪИЯЛДЕ ККОЛЕЗУЛ ПЕРЕПИСЬ 1886 СОН: 40
ИЗАНО БЕГАВУЛЛЪИЯЛДЕ ККОЛЕЗУЛ ПЕРЕПИСЬ 1886 с. 50
ПЕРЕПИСЬ ТЛЯНУБ – ГИДАТЛИНСКОЕ НАИБСТВО ГУНИБСКИЙ 55
ПЕРЕПИСЬ 1886 ГОДА ГУНИБСКИЙ РАЙОН ГИДАТЛИНСКОЕ НАИБСТВО
сел. РАТЛУБ: 62
Перепись 1886 года Гунибский округ Гидатлинское наибство сел. Цегоб 72
ПЕРЕПИСЬ 1886 сел. РАКЬ АХВАХ ГУНИБСКОГО ОКРУГА
ГИДАТЛИНСКОГО УЧАСТКА. 78
Дополнения к переписным данным 83
К1К1АЛАХЪ Г1АХЬВАЛАЗУЛ Г1УМРУ 88
Мац1 ва инсан 91
К1К1АЛАХЪ Г1УМРУЯЛЪУЛ ХИСАРДИ 102
ШАМАЛДАСА –Х1АЖИ-Г1АЛИ – ШАФИГ1ИЯВ 2
ВА ГЬЕСУЛ ЗАМАНАЯЛДА Г1АХЬВАЛАЛ. 2
Бак1азда ва г1адамазда ц1арал ракки 7
К1аралазул жамаг1аталде 8
рагьараб кагъат! 8
ГОЧАРИ (переселенцы). 10
Гочун рукIана 4
ГIахьвалазул обществоялда 2
гIаммал магIишатал (колхозал) 2
Цо-цо баянал 3